Мэщбэшlэ Исхьакъ

Тхылъ пшlыкlух хъурэ зэхэугъоегъэ тхыгъэхэр

# МЭЩБЭШIЭ Исхьакъ

ТХЫЛЪ ПШIЫКIУХ ХЪУРЭ
ЗЭХЭУГЪОЕГЪЭ ТХЫГЪЭХЭР

Мыекъуапэ
Адыгэ Республикэм
итхылъ тедзапI
2013

# МЭЩБЭШIЭ Исхьакъ

ТХЫЛЪ ПШIЫКIУХ ХЪУРЭ
ЗЭХЭУГЪОЕГЪЭ ТХЫГЪЭХЭР

ЯТIОНЭРЭ ТХЫЛЪ

Мыекъуапэ
Адыгэ Республикэм
итхылъ тедзапI
2013

УДК 821.352.3-1
ББК 84(2=602.2)6-5
М 53

**Машбаш И. Ш.**

М 53 Собрание сочинений в шестнадцати томах. Том второй. Стихотворения, четверостишия, поэмы.– Майкоп: Адыг. респ. кн. изд-во. 2013.– 704 с.– Адыг.

Адыгэ, Къэбэртэе-Бэлъкъар, Къэрэщэе-Щэрджэс республикэхэм ятхэкIо гъэшIуагъэу, СССР-м, Урысыем, Адыгэ республикэм я Къэралыгъо премиехэм, дунаим щыпсэурэ адыгэ пстэуми ялитературнэ премие ялауреатэу МэщбэшIэ Исхьакъ иусэхэр, поэмэхэр, романхэр, публицистикэр зэхэугъоягъэхэу зыдэт тхылъ пшIыкIух.

ISBN 978-5-7608-0732-8
ISBN 978-5-7608-0733-5

© Адыгэ Республикэм итхылъ тедзапI, 2013



# У С Э Х Э Р

## ОРЭД ТIOKI

Сыпсэ ижьыбгъэу бгъэр зэIызытхърэр,
Чэщрэ къепщажьэрэр сыды орэда?
Ощхыцэ цабэр цэрыцэу зыпхърэр
О уимэкъамэу жъгъыоу зэрыта?

Хьауми ошъогум игъэтхэ тыгъэ
Инэфыпс стыркIэ укъызжэхэта?
Хьауми гъожьыбзэу сигухэлъ жьыбгъэ
Губгъо къэгъагъмэ сафыхегъада?

Хьауми Iушъашъэу сижьыбгъэ шхъуантIэ
Чъыг тхьэпэ минкIэ зыкъысегъашIа?
Хьауми зыкъедзышъ, мыпшъэу сынатIэ
Лъапэр щычIисэу ислъамый къыщешIа?

Хьауми сашъхьагъы пцIэшхъо нэутхэу
Ущыхьарзэныр ренэу уихабза?
Хьауми орэдхэу жъонэкIо бзыухэу
Сэ къыплъыстIупщхэрэм уамыгъэраза?

Сиемылычхэу къушъхьэпсы чъэрхэр,
Хымэ зафэшъухьмэ – сэри сыздэшъухь,
СищыIэныгъэ зыхэлъ орэдхэр
Тенджыз тэлъкъуным пытэу IэкIашъулъхь.

Гупшысэ хьасэу хэт ыгуи ахэр
Пчэдыжь нэфылъэм къыхэрэтаджэх,
Щэмэдж джэгулэм ымэкъэ дахэ
КIэлъ орэдышъом дырарэгъаштэх.

Ар сэIо шъхьакIэ, ахэр сэ джыри
Гъогуонэ чыжьэ сфытетIупщхьащтхэп,
Кондэ бырабэм жъгъыбэ мыджырыр
КъыпысцунтхъыкIэу матэм сфилъхьащтэп.

Сиорэд мытхмэ анахьы дэгъухэр
Гъэтхэпэ пасэу ос чIэгъы машIох,
Сиорэд тIокIхэу сипкIыхьэ лъэгухэр
Тыгъэпс нэфыпскIэ гум щысэгъашIох.

Сэ сиорэдхэр сишIулъэгъу пагэ
Ынэбзыц шIуцIэ осэпсэу тесых,
СащыгушIукIэу згъашIозэ ахэр
Спхъу тIокI дэхабэу сынэгуи кIэтых.

Сэ сиорэдхэр чэщыбгы тIокIых,
Сичэщ мычъые тыщызэIокIэх.
СэркIэ ахэр чаныпэ лъыгъакIэх,
Бгъэ плъырым хэлъхэу къыздесэхьакIых.

1968



## ГЪОГУ ЗЭХЭКIИБЛ

Мыгъи дунаир гъэрекIо фэдэу
ЧIылъэ хэгъуашъхьэм щыкIэрэкIагъ,
Ащ нахь хъопсагъуи джыри къыпфэтэу
НысэкIэ теплъэу ухъэрэпкIар.

Гур къэмэкIагъэп, шъхьэр унэзагъэп,
Сыкъыосагъэу сышыу, сылъэс.
УанэIуи пкIыби къысфэбгъэзагъэп,
О зымкIэ, гъашIэр, сымыхэхэс.

Хысыдж къэуагъэм инэпкъ гохыкIи
Джы къызнэсыгъэм сынэгуи кIэт.
КIымэфэ кIуагъэм иосы щхыкIи
Къысхэгъощагъэу джыри къысхэт.

Къушъхьэтхы чыжьэм имылы щтыгъэ
КъыпыткIурэ гъуаткIор псыпэу сэлъэгъу,
ШIулъэгъуныгъэу гъэшIэрэ тыгъэр
Зыхэзгъотэщтым гукIэ сылъэхъу.

Зы лъэхъуи стелъэп, зы Iэхъуи стелъэп,
Сылъэпэрапэу Iаджри къыхэкIы.
ГухэкIи спылъэп, гукъауи схэлъэп,
ЕтIани сшIэрэп – сыкъызэплъэкIы.

СлъэкIапIи сысэу, сыцIыф гумахэу
Ащ фэдэр зыми къыздерэмышI.
Гъогу зэхэкIиблмэ сызэIэпахэу
Ахэсрэр лъагъош, сащэрэмыпшъ!

1968

## ОЩХЫР. КЪУШЪХЬЭР. МАФЭР

Джыри къушъхьэ лъэныкъом, джыри
Зэпыу имыӀэу ощхыр къыщещхы.
Зэщыщ ышӀыгъэу уашъори чӀыри
Уимыгъэплъэжьэу цӀынэм зэрещхы.

Ащ ылъэмакъэ фэшъхьаф зыгори
Дунэе псышъом тетыжьэу сшӀэрэп.
Псыхъом ичъэри, лъагъом икӀори,
Унашъхьи чэуи ощхыр ащыпшъэрэп.

Сыда ошъогум мыщ фэдэ дэдэу
ГухэкӀы нэпсыр зыфыригъэхрэр?
Хьауми нэмыкӀа, арэу щымытэу
ГушӀогъо ӀофкӀэ хэта зыфэщхрэр?

Чэфыгъо гори мы дунай цӀынэм
Итеплъэ зэщы хэлъэу къысщыхъурэп.
Ошъогуи чӀылъи – ощхыцэр зынэм! –
Ощхы нэмыкӀи непэ щыслъэгъурэп.

Бгъэжъмэ атамэ афэмыӀэтэу
Мыжъо дыигъэ хъугъэхэу щысых.
Шыжъы уцуагъэм чъыгыжъри фэдэу
Ынэпс къыкӀэчъэу щытэу мэсысы.

Ощхым уцу иӀэп, щэджагъор нэшъу,
Тыгъэр симафэ щышӀуцӀ щыкъар.
Уцхэр мэпӀыкӀэх. Мыжъохэр мэшъух,
ХьампӀрэшъо цӀыкӀумэ сыд якъэбар?

1968

## МЫ ОРЭДЫР КЪУШЪХЬЭХЪУМ КЪЫЩАӀО

Мэфэ Ӏофхэр ӀэхъолӀмэ заухрэм
Мы орэдыр къушъхьэхъум къыщаӀо.
Унэм ахэр, яшӀулъэгъумэ ахэр
АкӀэхъопсхэзэ, уахътэр агъакӀо.

Макъэр мыӀэтыгъэу, шъэбэ-шъабэу
Орэд тамэм пчыхьэм зыхещае.
Жъогъо стырмэ чӀылъэр къагъэфабэу
Сыдэу даха, даха мы дунаер!

Псэр зыфаеу гукӀэ зыкӀэхъопсрэр
Пшысэм инэфыпсэу чӀым шъхьэщэщы,
Чэщым щымэзагъоу жъуагъоу къепсрэр
Зы шӀулъэгъу гъощагъэу бгъэм къыдэщы.

Ӏэхъо бэщ-къамыщхэу абгъукӀэ щылъхэм
Ягухэлъ мышъэфмэ загъэпсэфы,
Уцы зэмышъогъухэм, шъогъу зэщымыщхэм
Ягугъэ къэти тыгъэр къыщэнэфы.

ЛӀыгур бэмэ, бэмэ акӀэхъопсрэп,
ЗыкӀэхъопсэу щыӀэр шӀулъэгъу закъу.
ШӀулъэгъу закъор лӀымкӀэ лэгъупкъопсэп,
КӀэлъежьэнти, зылъежьэщтыр блэнэ лъакъу.

1968

## САМБО

А. А. Харлампиевым ыцӀэкӀэ сэтхы

Бгырыпх шхъуантӀэр, бгырыпх плъыжьыр,
Лъэбгъу едзыныр, батыр Ӏабэр,
Зэндэ уджыр, пчэгу ипшыжьыр,
ТекӀоныгъэр! – джары самбэр.

НыбжьыкӀитӀоу пчэгум итыр,
ШъуитӀо язэу хэта сицур?
Насып текӀоу гугъэ Ӏэтыр
Хэта шъуитӀоу непэ зишӀур?

Жьыкореным фэдэу ахэм
ПкӀэнтӀэ нэгухэу зэ запхъуатэ.
Къыздырахрэр сшӀэрэп ахэм,
Мыух кӀуачӀэр зыхагъуатэ.

МыкӀэ щысхэр, мыкӀэ цӀыфхэр
Куо-хьаукӀэ къызбгырэух.
Ахэтынхэп мыщ гупсэфхэр,
ГушӀо нэфхэу Ӏэгум теох.

ТекӀоныгъэр, текӀоныгъэр
Джаущтэу сыдми къыуатыщтэп.
ЛӀыгъэр, лӀыгъэр, батыр лӀыгъэр
Мэхьанэнчъэу хэткӀи щытэп.



Щытхъу лъагъор хьылъэ, зандэ,
БатырыцӀэр лъапӀэ, ины.
Адэ лъагэшъ, дахэшъ адэ
УилъэгапӀэ утетыныр!

Бгырыпх шхъуантӀэр, бгырыпх плъыжьыр,
Лъэбгъу едзыныр, батыр Ӏабэр,
Зэндэ уджыр, пчэгу ипшыжьыр,
ТекӀоныгъэр! – джары самбэр.

НыбжьыкӀитӀоу пчэгум итыр,
ШъуитӀо язэу хэта сицур?
Насып текӀоу гугъэ Ӏэтыр
Хэта шъуитӀоу непэ зишӀур?

1968

## БЖЫХЬЭ ОШЪОГУМ ИШЫ-ШЫШ МАКЪ

Нэфшъэгъо кӀасэу нэплъэгъу къежьапӀэм
Бгъэми шӀулъэгъур дизэу зыщыхъурэм,
ГухэкӀ гукъанэр ӀэкӀыбы чапэм
Къытетынагъэу къызыщыслъэгъурэм,

ОшӀэ-дэмышӀэу пчэдыжь ошъогум
Ишы-шыш шхъуантӀэ нэкӀэ къысаджэ,
Джэгумэ чэрэзэу, сысызэ бгъэгум
Ишъэфы гугъэ къысфыдэтаджэ.

Джаущтэу сиуахътэ, сиохътэ тамэ
МэшӀокухэр быухэу, быухэу чӀэлъэтых.
СшӀэмэ сшӀоигъошъ, къысашъуӀолъ амэ,
Сыдыр яӀофэу ахэр гъогу тетых?

Бжыхьэ пкӀэшъабэр зэратэкъокӀэу,
КӀымэфэ фыжьыр ара япӀалъэр?
Хьауми ситыгъэ къызэрэкъокӀэу
Яорэд хадза бзыумэ япсалъэр?

ГуӀэм хэмытхэу модэ къэрэухэр
Огум хэсыкӀых, мачъэх мэшӀокухэр.
Сыфаеп апэ зыгорэ ахэм
Къафизгъэфэнэу. Мэбыбых дахэу.

Силъэгэрыплъэу сигугъэ къэтмэ
Зыдахьы чыжьэу сигухэлъыбэ.
Сэ сӀитӀуи ауж тэмитӀоу сӀэтмэ,
Дунай нэфылъэм сышъхьащэбыбэ.



Джаущтэу сиуахътэ, сиохътэ тамэ
МэшӀокухэр быухэу, быухэу чӀэлъэтых.
СшӀэмэ сшӀоигъошъ, къысашъуӀолъ амэ,
Сыдыр яӀофэу ахэр гъогу тетых?

Орэд гупсэфэу бжыхьэ къэрэухэр
Огум хэсыкӀых. Мачъэх мэшӀокухэр.
Сыфаеп ахэр, сыфаеп ахэр
Зэпызгъэунхэу. Агу илъыр дахэ.

1968

## ЗЫ, ТIУ, ЩЫ, ПЛIЫ

Щагум дэтыр
Пчыхьэшъхьап.
Сэ сызхэтыр
ПкIыхьэ пшъхьап.

Зы, тIу, щы, плIы,
Къэсэлъытэ.
Зы, тIу, щы, плIы,
Бгъэм дэлъэты.

Ошъогу жъуагъор
Пфэлъытэна?
Анахь шъуагъом
Ар естына?

Гури дахэм
Хэтэу лъэхъу,
Жъогъо лъагэм
Ар къелъэгъу.

Зы, тIу, щы, плIы,
Къэсэлъытэ.
Зы, тIу, щы, плIы,
Бгъэм дэлъэты.

Гъуни нэзи
Ом иIахэп,
Сиплъэ къэси
Дэхэ нап.



Жъуагъоу щыIэр
Сыд фэдиза?
Пшъашъэу щыIэр
Ащ фэдиза?

Зы, тIу, щы, плIы,
Къэсэлъытэ.
Зы, тIу, щы, плIы,
Бгъэм дэлъэты.

1968

## СИНЭШХЪЭИГЪЭ КЪЫХЬЫГЪЭ УСЭР

Тыгъэпс-нэфыпсэу гъэтхэ гушIопсым
ЧIылъи ошъогуи зэлъегъэнэфы.
Арэу щыт шъхьакIэ, зэщыгъо ткIопсым
Джыр фэдэ мафэм зегъэшыпэфы.

Пчэдыжьы дахэм иорэд лъагэ
Сыдежъыущтми, гур къысфыдэчърэп.
Чъэп къехыгъакIэу сигугъэ пагэ
ЗэкIегъэдыкъэшъ, зыми къытечърэп.

Мо жьыбгъэ макIэм гъусэ сыфэхъоу
Сыдэуи дэгъуа зыдэспхъотэныр,
Мо пщэм сыфэдэу сызекIо-лъыхъоу
ЧIыр зэпэсплъыхьэу огум ситыныр.

Тыгъэпс-дышъэпсмэ афэдэу ори
Дунаим хъярба, хъярба уетэныр,
Учэфзэпытэу, зы гухэлъ гори
ЩымыIэу дэгъуба ащ утетыныр.

Ар сэIо шъхьакIэ, мы пчэдыжь шIагъом
СшIэрэп нэшхъэир къысфэзыщагъэр,
Хъурэр сымышIэу сигугъэ лъагъо
Тыдэрэ къуапа сызтегъоощагъэр?

Адэ ныбджэгъухэр, адэ шъэогъухэр,
Шъори мы чIылъэм шъущычэфынчъа?
Хьауми шъутхъэжьэу шъуипчыхьэ дэгъухэр
Хьыор олъабэу шъунэпкъырычъа?



Шы чъэрым тесэу гъэтхэ гушIопсым
ЧIылъи ошъогуи зэлъегъэнэфы.
Сыкъегъэнэфми, зэщыгъо ткIопсым
Зыкъызгуидзагъэу зегъэшыпэфы.

Пчэдыжьы дахэм иорэд лъагэ
Сыдежъыущтми, гур къысфыдэчърэп.
Чъэп къехыгъакIэу сигугъэ пагэ
ЗэкIэдыкъагъэшъ, зыми къытечърэп.

1968

## ГЪОЗЭРЫПЛЪЫ ЩЫБЖЫХЬАП

Гъозэрыплъ пакIэм ищэджэгъуапэшъ,
Бжыхьэпэ шъабэм титIо тыхэт.
Тыныбжьи мыбэу, тшъхьаци мытхъуагъэу
Тхъагъом игъашIи тапэкIэ къэт.

Тыгъэр мытхъытхъми, хигъэкIрэр шIуабэу
Огум хэсыкIзэ, къытфызэплъэкIы,
МыдыкIэ псыхъор, псыхъор гушIуапэу
Имыжъо нэпкъы дэтэу речъэкIы.

ПкIэшъэ гъожьышэу плъыжьышэ шъабэр
Бжыхьэпэ мэзым итеплъэ дах,
Мыщ фэдэ чIыпIэм гухэлъы фабэр
ШIулъэгъу мэкъамэу орэды лъаг.

Псэлъэ лыягъи бгъэм дэлъ шIулъэгъум
Сыд пае непэ фисIотыкIын.
Сэ сишIулъэгъуи ренэу нэплъэгъум
КIэрэти, чIылъэм сыщытынчын.

1968

## МЫХЪУРIЭЛЪЫН

Гъэтхэ пчыхьэм идэхэгъум
Уадэжь сыкъыпфэсы,
Чэщ мэзагъом илъэгэгъум
Жъуагъоу укъыхэпсы.

Арэу пIомэ, сиIэлъынэу
Модэ мэзэ нэфыр
Мыхъур дахэу сIэ илъынэу
Къысфих ошъо пщэфым.

ОркIэ мазэр Iэуж хъуна,
Огум джау щэшIэты.
Тыжьын чъыIэм сылъыхъуна,
Тыгъэр къыосэты.

ГукIэ тызэу тызышэсрэм,
ТиIо зэдэтэштэ,
Ары шъхьакIэ, псыхъо чъэрым
Лъэмыдж телъэп, сэщтэ.

Псыр къиугъэу нэпкъым дизмэ,
Сэры уилъэмыджыр.
Пшъхьац къызнэсэу шыплIэм уисмэ,
Чыжьэп адрэ ныджыр.

Псэм нахь лъапIэу сиIэ закъор
Орышъ сыкъыбдежьэ.
Зэхэшъоха шылъэмакъэр,
КIасэм нысэу сещэ.

1968

## ШЪУГЪО БЗЭГУ

Хэта щытхъур зимыкӀасэу
Мы дунаим тетэу пшӀэрэр?
ПщимыкӀухьэу, пщымыкӀуасэу
Шъугъо бзэгур ары мыпшъэрэр.

Шъугъо бзэгур, шъугъо псалъэр
Гъонэ пстэуми адэлъэты,
Лъэтемытэу дыджы фалӀэр
Къызыпфэсрэм, плъэ кӀеуты.

1968



## УНЭГЪО ӀОФЫР ЗЭХЭФЫГЪУАЙ

ЛӀымрэ шъузымрэ – сэры зыӀуагъэр! –
Къэмэ бгъуитӀуцэшъ, укъямылын.
Ащ нахь шъыпкъаӀуи цӀыфмэ аӀуагъэп:
«Шъузымрэ лӀымрэ – шэйтан, зы джын!..»

Мы псалъэм шъыпкъи мышъыпкъи хэтэу
КъаӀуатэ зыхъурэм, зэхэфыгъуай.
Сэ сшӀэрэ закъор, къэб къулэм фэдэу
Унэгъо Ӏофыр зэхэтхъыгъуай.

1968

## ПСЫХЭМ ХЫР ЯПКIЫХЬАПI

Жьыкоренышхоу къикIи сашъхьагъ
Нэпкъым хыорыр зэрзэхикъутэу,
Къушъхьэжъыр пхъапхъэу зэрзэхиутэу
Сигугъэ гъашIо е къыхэхьагъ.

Тэпы нэгъыфэу илъэс дэхабэр
Джэныкъо яжьэм щыхэкIосэжьы,
Жьыбгъэу къилъыгъэм иIэбэ-лъабэ
Бгъэгупэ лъачIэр сшIузэIешIэжьы.

НэпкъитIоу псыри зыдэмытыжьым
Фэдэу гу цIыкIури зэхэгъукIагъ,
ЕтIэкъэй лъэгуми сигугъэ зэщы
IупшIэ гъопчагъэу зэхигъэчагъ.

Арэущтэу щытми, модыкIэ ощхыр,
Щхызэрэ ощхыр зыгорэм щещхы.
Уцы Iушъашъэр чIылъэм теIукIы,
Сэнэпсри санэм щыхэгушIукIы.

Сыдэущтэу хъуна о ущымыIэу?
СыщыIэшъуна о усимыIэу?
Ащыгъум сыда тыгъэм есшIэщтыр?
Огури сашъхьагъы сыд зыкIитыщтыр?

Мо осэпсыцэр нэпсыцы къабз,
Джащ фэдэу гукIэ о сыпфэкъабз.
Хэт псынэкIэчъыр къысфэзгъэчъагъэр?
Хэта шIулъэгъури зэкIэзгъэблагъэр?



Ар сэIо шъхьакIэ, жьы плъыр-стырыем
Яжьэр зэрихьэу сестыми ем,
Сапэр къушъхьэжъым лъачIэ фэхъужьы,
Зэ ичъэпIагъэм псыри екIужьы.

Сипцэжъыяшэу хыр зигугъапI,
Къошъо къутагъэм земыгъэгъап.
Сэ уихы къэуагъи зэхэсыугъоен,
Къушъхьэ къутафэри сымыгъэен.

Гъэтхэпэ мафэм инэф пчыхьапэ
Къошъо шэплъ псынкIэр пхъэм хэсшыкIын,
КъэIэт уигъурзи – чIыпIэм уисщын.
Псыхъобэ пстэуми хыр япкIыхьапI.

1968

## СИНЭФЫНЭ КЪЫСФЭКIУАГЪ

ТиурамкIэ,
ТиурамкIэ,
СишIулъэгъу сэ къырекIокIы,
Сыгу ихъыкIрэм гу лъимытэу
КъысэбгъукIошъ, ар къызблэкIы.

Чэщ мэзахэм,
Чэщ мэзагъом
Ылъэмакъэ къыхэIукIы,
Къыгъэзэжьмэ, тикъэлапчъэ
ЫмышIахэу къыIухьана?

Сэ сыгу цIыкIур,
Сэ сыгу тIэкIур
КъысшIоузэу сегупшысэ,
Тэ ежьагъа кIэлэ мыгъор,
Сэщ нэмыкIа ишIулъэгъур?

Хэт остыгъэр
Джы зитыгъэр?
ЗэпэшIэты, зэлъэнэфы,
Джэгумэ чылэр къагъэнэфы,
Нагъор ары сэ сиIофыр.

Жъогъо нэфхэр,
Жъогъо чэфхэр
Огум чыжьэу къелыдыкIых,
КIыр къэмысэу кIэлэ нэфыр
КъысфэкIощта, сIэкIэкIыщта?

1968



## СИГУГЪЭ УН

Сятэжъ иунэу силъэныкъо гупсэм
Сикъушъхьэ шыгухэр огум щылъагэх.
Мы сыздэщыIэу джы сызигъусэм
Пчэи чъыгыфхэр щылъэкъоф зандэх.

Сигугъэ бзыумэ яорэд макъэ
Мыщ щымэзагъоу уадэжькIэ къэкIо.
ШIу слъэгъоу сиIэр сишIулъэгъу закъоу
О закъор ары, ары къысеIо.

Мо пщэ нэгуфэу огур зыкIуахьэу
Сашъхьагъы итыр лъагэшъы лъагэ,
НитIум икIасэу, гуми игуахьэу
Слъэгъурэр зэкIэ сэрыкIэ дахэ.

Загъорэ зэщыр къызэрэстеоу,
СисабыитIуи мэзымкIэ сэщэх.
Къэгъагъмэ тячъэу, тыIорыжъорэу,
Тлъэгъурэр дгъэшIагъоу тэгушIо, тэщхы.

Бжыхьэ пкIэшъабэу чIым фетэкъохрэм
СапхырэплъыкIышъ, тадэжь сыкъаплъэ,
Сикъушъхьэ нэфэу гум къыспигъохрэм
Сизэщ гуIалэ нахьри щэIалэ.

«Сятэжъ иунэу слъэныкъо гупсэм,
ИлъэскIи чIыкIи непэ спэчыжьэм...»
СIони, сиусэ фэсыублэщта,
Хьауми сигугъэ ащ фэзгъэблэщта?

Гум къызэриIоу, сиIуи хэмыкIэу
Сиусэ ублэ джаущтэу хъужьына?
Хьауми сыфаешъ, сиIоф къимыкIэу
Сигугъэ унэ къэслъэгъужьына?!

Хьауми мо пщэфэу огур зыкIуахьэу
Нэплъэгъум кIэкIрэм гур сшIуекъудыя?
Хьауми джау сыдми сигумэкI Iахьэу
ТадэжькIэ быбрэр пщэ фыжь къодыя?

1968



## ТЫДЭ УЩЫIА, МЭЗАГЪОР, МЭЗАГЪОР, СЫГУМ УРЕХЬЫ

Гъэтхэпэ ужым гъэмафэр
Фэбэ гопэгъоу къылъэкIо.
Бжыхьагъор текIмэ, кIымафэм
Орэды фыжьыр къысфеIо.

СикIасэр,
СикIасэр, сикIэсэ нагъор,
Ос лъагъор жьыбгъэм зэрехьэ.
Тыдэ ущыIа, мэзагъор,
Мэзагъор, сыгум урехьы.

Сырихьыжьагъэшъ шIулъэгъум,
ШIулъэгъур садэжь къыпфекIы.
Хьэрзэ тэмэфэу нэплъэгъум
ШIулъэгъур сфыкIэбыбыкIы.

СикIасэр,
СикIасэр, сикIэсэ пагэр,
ШIулъэгъум гъатхэр зэрехьэ.
СанэIу уимытми, сидахэр,
Удахэшъ, сыгум урехьы.

Бжыхьэпэ шъабэр къызысрэм,
КIэлабэр тадэжь къыкъокIы,
МэзакIэр огум къызипсрэм,
Шэфлъагъор оркIэ зэгъокIы.

Сырихьыжьагъэшъ шIулъэгъум,
ШIулъэгъур садэжь къыпфекIы.
Хьэрзэ тэмэфэу нэплъэгъур
Сигъатхэ сфыхэбыбыкIы.

СикIасэр,
СикIасэр, сикIэсэ нагъор,
Бжыхьапэм пкIашъэр зэрехьэ.
Тыдэ ущыIа, мэзагъор
Мэзагъор, сыгум урехьы.

1968



## КЪУШЪХЬИШЪЭРЭ ЗЫРЭ

СищыIэныгъэ зыбгъэ сфычIэлъэу
Сихэгъэгу моущтэу иныIоу сшIагъэп.
Къушъхьишъэ лъагэу, гугъэ гухэлъэу
Дэхэгъэ фалIэм сыфигъэлIагъэп.

Джэныкъо набгъом дэтыр сиIанэу
Iанэм гъэбэжъур тиззу тесэлъхьэ.
Джы къызнэсыгъэм къушъхьэр сиуанэу
Бгырысы цIыфэу гукIэ къэсэхьы.

Сыдым фэсшIэна зэгорэм сэри
ЧIылъэ хъураер зэпэскIухьанэу?
Апэрэ лъагъоу слъэгъугъэ пстэури
Тичылэ гъунэ плъэгъу щысфэхъунэу?

Бзэджэгъу-лъэпцIэгъум ипсыхъо цIыкIоу
Зы псыхъо закъо нахьи сиIагъэп,
Джы сихэгъэгу сэ гукIэ зэлъыскIоу
Псыхъуишъэ пчъагъи сиIэнэу сшIагъэп.

Темыры чыжьэм иосы фыжьмэ
Яхъоты зехьи сэ сапхырэкIы,
ЛIэшIэгъу илъэсмэ ямэфэ шъищмэ
Шъхьэри уназэу сапхырэсыкIы.

Ощхышхуи огъуи тигугъэ лъагъо
Къыщытетаджэу загъори мэхъу.
Сыд фэдэу щытми, къини гушIуагъуи
Зэфэдэу тIуми зэдэтэлъэгъу.

Къомыхьэхэнэу ситыгъэ фабэ
ЗытежъыукIрэр сэ сихэгъэгу,
ГушIуагъуи шIугъи ядэхэ шъабэ
Дизэу зыдэлъыр непэ сыбгъэгу.

Сэ синасыпти, ным фэдэу дахэу
Дунай рыгъуазэу сапашъхьэ уит.
СыпкъогушхукIэу, сиуашъуи лъагэу
Бзыу псынкIэ мафэу сыгуи шъхьафит.

1969

## СЫБЫР

Зы сыхьатэп, сыхьатищэп,
ГъучIы бзыум сырэбыбы.
Гъуни нэзи слъэгъурэп, щыIэп,
Зышъхьагъ ситыр сэ Сыбыр.

Ащ фэдизым шъхьэм имыкIрэр
ГущыIэжъэу лIэшIэгъузехь,
Сщымыгъупшэу гум къыфэкIрэр –
«Тхьам Сыбыры уарегъэхь...»

Обь псыхъошхоу, псыхъо нашхъом
Къухьэр щесы, мафэр щэкIо.
Чэщ мэзагъоу зичэщ нагъом
Иорэди къыдэсэIо.

Ащ фэдизым шъхьэм имыкIрэр
ГущыIэжъэу лIэшIэгъузехь,
Сщымыгъупшэу гум къыфэкIрэр –
«Тхьам Сыбыры уарегъэхь...»

Ощхи, оси, чъыIи, бзыуи
Схэолъагъо ащ къысеIо.
Джы Сыбыры непэ зыми
Сэ симыхьэу сшъхьэкIэ сэкIо.

1969



2*

## МИКЛУХО-МАКЛАЙ

Мыдэ, мыдэ сызIукIагъэр!–
НыбжьыкIэгъум изы маф.
Сэ сиIагъэп, гум хэпкIагъэр,
Щысэ зещэу ощ фэшъхьаф.

Цlыф зэкъошмэ, къош зэдэIумэ
Я Миклухэу я Маклай,
Тэ зытшIагъэр мыемыкIумэ
Джырэп. Непэп. ПшIэн сыфай.

Уикъухьэшхоу пцIэкIэ щытым
Амур псыхъом сыщыфэзэ.
ШIур зэрихьэу джа уитхыдэм
ХэткIи нафэу чIылъэр есэ.

Гъожьы. ШIуцIэ. Плъыжьы. Фыжьы.
ТшIэрэп ныбжьи цIыф зэхэдз.
Ащ фэмыеу нэмыплъ зыжьым
Ыжь ыубытэу жэм дэрэз.

Джа зэрэпIоу мы дунаем
Тетыр зэкIэ джы щэрэI,
Iахьылыбэу щыIэн фаем
Лъэпсэ пытэу урерэI.

1969



## НЕНЦЭМЭ АДЭЖЬ

Сыдэу чъэрха шъыхьэхэр,
Тундрэм итхэу мачъэх ахэр!..
Ары шъхьакIэ, адыгэшхэр
Гум имыкIхэу нэгум кIэтых.

Осыр шхъуантIэ. Тыгъэр плъыжьы.
НасыпышIоу сызэплъыжьы.
Тэ шъыхьиплIмэ тащэ, тащэ,
Жьыбгъэ фыжьри къыддэхьапщэ.

Ненец лIыжъым псынкIэ, псынкIэ
ЕIошъ, бэщыр егъэдыд,
Салехарды тынэсынкIэ
Къэнэжьыгъэр мэкIэ дэд.

Гъуни нэзи зимыIахэу
Ос нэгуфмэ орэд къаIо,
Къыздизыгъэр сымышIахэу
Симэкъамэ сэри къакIо.

ЧIыгуи огуи зыщзэнэсрэм
Гупсэф фыжьыр щыкIэщхыкIы,
Шъофы фыжьэу тызщыбыбрэм
ЩтыргъукI чъыIэм зыщеутхыпкIы.

Ненцэ лъэпкъэу тызихьакIэм
Агу шIоу илъыр къыддрахьакIы,
Хъярыр изэу яунагъо
Цlыф нэгушIох, бысым шIагъох.

Осыр шхъуантӀэ. Тыгъэр плъыжьы.
НасыпышӀоу сызэплъыжьы.
Тэ шъыхьиплӀмэ тащэ, тащэ,
Жьыбгъэ фыжьри къыддэхьапщэ.

Сыдэу чъэрха шъыхьэхэр,
Тундрэ фыжьым щэчъэх ахэр!..
Ары шъхьакӀэ, адыгэшхэр
Мыщ сыщыӀэу гум къэкӀых.

1969



## ТЫГЪЭ ПЛЪЫЖЬЫШХОР ЗЫДЭЩЫІЭМ ЩЫСТХЫГЪЭ УСЭР

ЩтыргъукӀы чъыӀэр жьыбгъэм ищыбзэу
Щтэпхэ-гуиххэр тишъыхьэ псынкӀэх,
Ос сэпэ фыжьыр чӀылъэм шъхьэщизэу,
ГугъэпӀэ къэткӀэ ащ тыхэсыкӀы.

Чукчэ лъэпкъ тхакӀоу Рытхэу сыкӀыгъоу,
Нартмэ тарысэу хьакӀапӀэ тащэ.
Тыгъэр ос къуапэм къыкъосыкӀыгъэу,
Плъыжьышэ Ӏуплъэу огум щэгуащэ.

Зэ ащ лъыӀаби, лъхъэнчэбзэжъыешъ,
ИмэшӀо тэпи пӀапэ къыстын.
Гъунэнчъэ закӀэу зэкӀэ ежь иешъ,
Узфаер еӀуи, ащ къыуитын.

Темыры мылым ыкъопэ щтыгъэ
ЗыӀулъ Ямалым инэпкъ тытет.
Сикъыблэ фабэу сыгум итыгъэ
Мыр зичыжьагъэм сашъхьагъы дэд.

Дыдыд ригъаӀоу жьыбгъэу къыкӀэпщрэм
ЧъыӀамэу пихрэм ымэ къыскӀэо.
Шы шхъонтӀэ пэфэу ар къызыщыщрэм,
Осы мэстапэу ысэку къысхэо.

ЩтыргъукӀ зэикӀыр жьыбгъэм ищыбзэу
Щтэпхэ-гуиххэр тишъыхьэ псынкӀэх.
Ос сэпэ фыжьыр чӀылъэм шъхьэщизэу
ГугъэпӀэ къэткӀэ ащ тыхэсыкӀы.

1969

## СИРИЕМ ИКОММУНИСТХЭМ ТЫРЯХЬАКI

А чэщыр ныбжьи сэ сщыгъупшэщтэп,
Гупсэф уцуагъэр Шам къалэ щэчъые.
Уахътэр къэуцоу зыми ежэщтэп,
Пшъыгъаlоу щытми, чапэм дэпшые.

Мухьаджыр хьаблэу адыгэ хьаблэм
Мазэр шъхьэщытэу пщэмэ къахэпсы,
Сыпсэ зэстынэу адыгэ пlуаблэм
Ателъ лэжьакlомэ гукlэ санэсы.

Аlэдэкъачlэу лыжъыр зычlизыр
Iэбжымы пытэшъ, хьазырэу щылъ.
Унэгъо мафэу тэ тызэрысыр
Нычэпэчэщым хьакlэным пылъ.

Ащ агуи апси къытфызэрахышъ,
Iушъэшъэ шъэфи хэмылъэу къаты.
Тичlыгуи огуи гугъэр щыхахышъ,
Хъохъубжъэм хэлъэу шlугъэр тэlэты.

Дунаим щыхъоу, щышlэрэм зэкlэ
Тызынэмыси къэмынэу гукlэ
Тэ – коммунистхэр – бэмэ танэсы,
Тигухэлъ лъапlи тыгъэу къытфепсы.

Зэкъошыныгъэм ичэщы дахэу
Сыдэу а чэщыр чэщы шlэгъуагъ!
Цlыфыгъэ шъыпкъэм итыгъэ лъагэу
Дэхэгъэ пстэури къыщылъэгъуагъ.

Орэди, шхыни, тхыди, къэбари
Бгъэгум дизыбзэу мыщ щыхъоигъ,
ГухэкI-гукъауи тащыщ зыпари
Къыфэмытэджэу щынэхъоигъ.

Адыги, курди, ермэли, араби
Тызэфэшъхьафми, тыгу илъыр зы:
Орэдыр тыгоу, пытабзэу тlапи
Тlэ зэрыдзагъэу тызэгосыгъ.

Ти Ленинышхуи къытхэс-къытхэтэу
Сурэтым къиплъэу орэд къыддеlо,
Тэ тимэкъамэ нахьри зиlэтэу
Огум чlэбыбэ, чlылъэм щэзекlо.

Чlынэлъэ плъапlэм чъыеу щыхэтми,
Ипкlыхьэ мышlур фызэпегъэу.
Зышъхьащыхьагъэр хэт фэдэу хэтми,
Дэхагъэм фещэ, гугъэм регъэу.

Мухьаджыр хьаблэу адыгэ хьаблэм
Тымэкъэ лъэшы гугъапlэу текlы.
Тичlылъи тлъэгъоу зэкlехы lаблэр,
Хэти ипшъэхъуи ащ тфызэпечы.

1969

## ШАМ КЪАЛЭ ИБЭДЗЭРЫШХО

Мэгырзы бэдзэрыр, бэдзэрыр мэхьапщэ,
Узфаер зэкӀэ, зэкӀэ мыщ щащэ.

ЩэфакӀуи щакӀуи яахъщэ щапчъы,
Нахьыбэр ахъщэнчъэу мэӀэчъэ-лъачъэ.

Апельсинхэр Ӏатэу тыди щызэтелъых,
Тыгъэ стырыбзэр акӀоцӀи щэплъы.

Ахэр зырызхэу, тӀурытӀухэу дадзыех.
Урагъэхъуапсэ. Тыгъэпсри ябзэи.

УблэмыкӀ, щэфакӀор, ублэмыкӀ,
Плъэгъузэ, насыпри пӀэгу чӀэрэмыкӀ.

Мэгырзы бэдзэрыр, бэдзэрыр мэхьапщэ,
Узфаер зэкӀэ, зэкӀэ мыщ щащэ.

Уфаемэ, чӀы Ӏэбжыби бгъотыщт,
Ахъщэ закъо яти, ари къыуащэщт.

ПкӀэнтӀэпси хиз, гукъауи хэлъ, сыщыгъуаз.
Ей, щакӀор, чӀы Ӏэбжыбым тхьапш ыуас?

Шам ичӀы къуапэу чӀы мафэр, тхьэм урихьакӀ,
СыкъыпфэкӀуагъ сэ – непэ сыуихьакӀ.

СыхьэкӀэ закъоу, теплъэнчъэу сыд пай
Укъысэплъына, сыхьэкӀэ бай.

Шъуихэкужъ чыжьэ къыздэсхьыгъ чӀы бжыб,
Итыгъэпси бэдэд, хизри ощхбыб.

Ахъщэ лъыстыгъэп, зыми къысищагъэп,
Федэ къэкӀуапӀэкӀэ къыздесхьыжьагъэп.

Шам хасэм бэ тэ а пчыхьэм щытӀуагъэр,
Хымэ чӀыгур ары тынэпс зыхэткӀуагъэр.

Мэгырзы бэдзэрыр, бэдзэрыр мэхьапщэ,
Узфаер зэкӀэ, зэкӀэ мыщ щащэ.

Уфаемэ, чӀы Ӏэбжыби бгъотыщт,
Ахъщэ закъо яти, ари къыуащэщт.

ПкӀэнтӀэпси хиз, гукъауи хэлъ, сыщыгъуаз.
Араб щакӀор, чӀы Ӏэбжыбым тхьапш ыуас?

1969

## ТЫГЪЭПС ПЧЭДЫЖЬЫМ ЛИВАН ЩЫСТХЫГЪЭ УСЭР

Ливан хэгъэгум нахь тыгъэ дахэ
Зы чIыпIэ горэм щепсэуи сшIэрэп.
ТызчIэс хьакIэщыр ищыгъэу лъагэ,
Бысым нэгушIошъ, хьакIэнчъэ хъурэп.

Гурыты хышхом ипщэф тамэхэр
ЗытреIэтыкIышъ, Бейрут къыдэплъэ,
Зэпэлыдыжьхэу пчэдыжь урамхэр
Нэфылъэм дежьэх, чэфыгъом пэплъэх.

Апельсин гъожьэу джа апельсинкIэ
Тызаджэу тшIэрэр тыди къыщэкIы.
Хыжьы нэгуфым тIэкIу зегъэпсынкIэшъ,
Игуапэу ахэм IаплI арещэкIы.

Къушъхьэпсы чъэрхэм афэдэ дэдэу
Машинэ минхэр мыщ щызэрэхьых,
Зэуж-зэтечъым зэкIэри хэтэу
Яшъуи макъэ быбызэ мэщхы.

Сыдырэ мафи имэфэкI мафэу
Бейрут къэлэшхор ренэу къыпщэхъу,
КIэрэкIэ чэфыр игушIо мафэу
Дэхэбэ дэди мыщ щыолъэгъу.

Ар сэIо шъхьакIэ, сызыкIэхъопсэу
Псэр зыдэщыIэр сичIылъэ налъ.
УакIыбы сыхъумэ, гушIогъо гъусэу
Сигъусэ тыгъэр, сыбгъэ къыдаплъ.

Джыдэдэм, сэшIэ, Гъозэрыплъ тIуакIэ
Дышъэпс IэпэскIэ уззэрэщепсрэр.
Имэзгъэкъабзэ иIофышIакIэ
Имэкъэ чэфи сэ къызнэбгъэсрэр.

Шъхьэгощэ чъэрми ытэмэ фыжьхэр
Ошъогум ритхэу хыгум зыфехьы,
Къэгъагъ дэхабэу шъогъу зэщымыщхэр
Зытиз къушъхьэхъуми гукIэ сытехьэ.

Мэлы отэрыр хъурыхъу-хъурыхъоу
Пщэ фыжь зэхэтэу чапэм рехъокIы,
Пхъэ куахь ушъагъэр зи къащымыхъоу
Машинэ инхэр мэз Iапчъэм чIэкIых.

Мы мэфэ дахэм сыда джы адэ
Угуи къэбгъэкIрэр – хыр къысэгыи.
ЗыкъысIуешIыхьэ, зыкъысIуешIатэ,
Нэпкъэу сызтетым къысфыдэплъые.

Ливан хэгъэгоу хэгъэгу нэгуфым
Шъхьащытыр ренэу ошъо гушIуагъоп,
ДжыбачIэм чапыч имылъми, чэфы
КъышъуаIо шъхьакIэ, сыдыр ишIуагъ.

Мо цIыфы жъотхэу урамым тетхэм
Сэуцушъ сяплъы, анэгу сыкIаплъэ.
Ау сэ зэрэсIоу ахэри щытхэп,
Хышхо гумэкIхэу агухэр мэуалъэх.

Сэ синасыпти, сызыкIэхъопсэу
Псэ закъоу сиIэр сичIылъэ налъ,
УакIыбы сыхъумэ, гушIогъо гъусэу
Сигъусэ тыгъэу сыбгъэ удэлъ.

1969

## БААЛЬБЕК ИКЪУТАФЭХЭР

Къыблэ лъэныкъоу Ливан хэгъэгум
Тыгъэпсыр ренэу, ренэу щэгушIо…
Тлъэгъурэм тигъащтэу, щтагъэри нэгум
КIизэу зытплъыхьэу чIыпIэм теуцо.

Илъэс мин пчъагъэ зыныбжьы къалэр
Зэхэтэкъуагъэу бгъэкIэ зэхэлъышъ,
Уцур зымышIэу хыор гуIалэр
Непи нычэпи инэпкъы фелъы.

Имыжъосынхэр мэлъаIох пIонэу
АIэ щэигъэу ошъогум чIэтых.
Иурам зэжъухэр зэлъелъэкIонхэу
ХыIушъор агоу бгъукIэ зэготых.

Тарихъы шъэфыр, лIэшIэгъу сапэр
Къэлэ къутагъэм ыбгъэ фэщэчрэп,
ГухэкI-гукъаор зыкIизы напэр
Джы къызнэсыгъэм гумэкIым хэкIрэп.

Баальбекы къалэу ижъырэ къалэр,
Сыда уушъэфрэр, хэт тигъэшIэщт?
Уимыжъо жъобгъумэ, сыда амалыр,
ЧIагъэбылъхьагъэм таущтэу теджэщт?

Джы къызнэсыгъэм уимыжъосынхэр
Шъхьээзэкъо ибэу хыIушъом Iутых,
Хыр зыгурымырэм иорыпс инхэр
Нэпкъэу зыдэтым къыпфыдекIутых.

Сыды лъэхъан, сыды лIэшIэгъуа
Мыщ фэдэ дэдэу узыкъутагъэр?
Лажьэр къэзыхьи, пыи джэгъогъуа
Лыуз зымышIэу о къыптекIуагъэр?

Арэу щымытмэ, хэта зилажьэр?
Хэта гукIодыр къыпхэзыхьагъэр?
Хэт дэзыдзагъэр къалэм мэшIуащэр?
Хэта зитыгъэ мыщ щыкъохьагъэр?

ЧIыгум ыныбжьыр зыныбжьы къалэр
Зэхэтэкъуагъэу бгъэкIэ зэхэлъ.
Уцур зымышIэу, хыор гуIалэр,
Огырзы, ощхы – сыд уигухэлъ?

Ер зэкIэ сэры зышIагъэр пIонэу
СилIэшIэгъу тIокIы ыпашъхьэ сит,
А закъор арышъ сызэдэонэу
СиIэу сэ сшIэрэр, сыдым ар фит.

Зыми а лажьэр ыштэнэу фаеп,
Гунахьыр хэти, хэтыкIи Iае.
Мыжъом зеудэгу, хыми зеушъэфы,
Тыгъэри фаеп, иогу щэнэфы.

Сэ закъор ара адэ зилажьэр?!
Силажьэу щытми, сыушъэфрэп сшIагъэр.
Сэрэу щымытми, сэщ фэд мэшIуащэр
Зыгорэм ыхьи, ащ тезыдзагъэр.

ТичIылъэ дахэу жьым хэтэу быбрэм
Секуо, седжэ – сызэхежъугъэх! –
Iашэр зытамэу, зытамэу зыхьрэм
ШъукIахьи ешъуIу, сфытырежъугъэх.

ПцэшIощэ мыгъор чIыбгъэм еутэкIы,
Дунай къопабэм машIор щыкIанэ.
ЛIэшIэгъухэр блэкIых, лIэшIэгъухэр текIых,
Къэлэ къутафэхэр тэ къытфыщанэх.

1969

## ШЪОФ НЭКӀЫМ ИТ КЪАЛЭР

Зэндэ-дымыӀухэу, тыгъэхьажъу закӀэу
Мыжъоф-унэфхэр пшэхъуалъэм хэтых.
АӀон амышӀэу, яплъэгъу гум хапкӀэу
Къалэм ыпашъхьэ зекӀолӀхэр итых.

Мыщ иурамхэм – бэшӀагъэу! – зэгорэм
Атемыфэжьхэу цӀыфхэр тизыгъэх.
ЛӀэшӀэгъу зэужэу тарихъэу кӀорэм
Гъогогъу дэмыхъухэу чӀылъэм тезыгъэх.

Къэлэдэсыбэм ягугъэ шъэфхэр
ЗэшӀуаушъэфми, ТхьэмкӀэ нэфагъэх,
Тыдрэ лъэныкъуи къикӀырэ цӀыфхэр
ШӀукӀэ щыбайхэу мыщ щымэфагъэх.

Пшэхъолъэ шъофэу фабэ зэщизым
ЩыӀакӀэр щэкӀо. Насып щылъэхъух.
Тинепэ фэдэу шӀулъэгъу нэмысым
Игугъуи щашӀы. ЩэлӀэх. Къыщэхъух.

Мыщ акъылышӀохэу Хэсэ утыгум
ӀэутӀэ щашӀэу макӀэп итыгъэр,
Ащ яӀуи-яшӀи пымылъэу огум
Пчэдыжьы къэси къихьагъ мо тыгъэр.

Къалэу Пальмири, Тодмори зыцӀэм
Дэхьэрэ пстэур хэти ихьакӀэп,
А лӀэшӀэгъу чыжьэу тарихъы тхыцӀэм
Шэйтани, джыни, пщылӀи щымакӀэп.



Джащ щыублагъэу, хэта пылъыжьыр,
Уахътэм илъытэ чӀылъэр хэкӀуатэ.
Джы къызнэсыгъэм зэо жьы плъыжьыр
Пшэхъоцэ минкӀэ къалэм хэкӀуадэ.

Тыгъэхьажъу къогъум псыфалӀэ лӀагъэм
Сыд къуишӀыхьащтыр, зыми фимыт.
СанэӀу ит къалэу къэлэ къутагъэм
Фэдэ тичӀылъэ тфытерэмыт!

1969

## СИЧЫЛЭ ГУПСЭ ИЛIЫЖЪ ЖЭКIЭФМЭ ТХЬЭМ ИЧIЫ МАФЭ КЪАФИСТХЫКIЫГЪЭР

Щылычы бзыум игъогъо макъэ,
Сичылэ гупсэ илIыжъ жэкIэфхэр,
ТIэкIу сиудэгугъэу, сымышъхьэзакъоу
КъурIаны чIылъэу зилъэгъо шъэфхэр

Уашъом къыхэкIхи, тыгъэр яхъуапсэу
Зыщыщы хъугъэм слъапэ издзагъ,
Тхьэм иIумэтэу Мыхьамэт гъуазэр
ЗыдэщыIагъэм сыщеблэгъагъ.

Сыбзако фэдэу арабы цIыфхэм
Сахэтэу сэкIо. Мэщытхэм сяплъы.
НэIурыхъо шIуцIэр бзылъфыгъэ нэIухэм
АIулъэу слъэгъурэп. Бо нэкIушъхьаплъых.

Ленин итхылъи, Марксы иIуплъи,
Джащ фэдэкъабзэу Тхьэм и КъурIани,
Пшыси, къэбари щащэу плъэгъущт.
Тыдырэ къуапи плъэгъу щыпфэхъущт.

Тхьэ пашъхьэм ахэр зыщиуцощтхэм,
Бэдзэри ахъщи – бэмэ анэсых.
Мэзэ хъураеу гушIопс нэутхэм
Дэжьи быбыщтхэшъ, Iаджи рапэсы.

Ари имыкъоу мыгъэ гъэмафэм
Зэрэощхынчъэм ахэр егъапэх,
Бжыхьэу къихьащтым ящхыуи хафэ
Зэригъэхъущтым, сыд пшIэн, есагъэх.

ЛIагъэм – джэнэтыр, псаум – мамыр
Рагъэгъотынэу Тхьэми елъэIух,
Зи шIуамыушъэфэу зыфашIми Iэмыр,
ЛъаIорэм агухэр сыдигъуи цIыкIух.

Пшахъор ытэкъоу,тыгъэм ылыцIэу
Хьаджэм кIэгушIурэм Чабэр игъогу,
Сыдэуи зашIми, сыд фэдэр ыцIэу
Тхьэм къафишIагъэ джыркIэ щымыIэгу.

Джэнэт хэгъэгур зыфаIоу шъушIэрэм
Цыфхэр къыщэхъух, цыфхэр щэлIэжьых,
Итыр шъумышIэу КъурIанэу шъуджырэм
ИчIылъэ щэгъых, щэпыхьэх, щэщхых.

Мыщ щыслъэгъугъэу шъэожъыябэр
ТикIэлэцIыкIумэ сыдэу яхьыщырых!..
Ар сэIо шъхьакIэ, ибэм нахьыбэр
ЩырыкъулъэкIхэу урамым тесых.

Шъумылъэгъугъэу, шъушIогъэшIэгъонэу
Сыд мы лъэныкъом къышъуфистхыкIын?
Умыпсэлъабэу кIэкIэу къэпIонэу
Зыхъурэм, мыщ жъышъхьэр лъэшэу щыкъин.

Джары зыфэдэр сипсэлъэ зафэхэр,
Сичылэ гупсэ ижъышъхьэ мафэхэр.
Слъэгъурэр къэсэтхышъ – стелъэп сэ хьакъ,
Шумафэ ыкъоу шъушIэрэ Исхьакъ.

1969

## ТЫРКУЕ ШЪХЬАГЪЫМ САМОЛЕТЫМ ЩЫСТХЫГЪЭ УСЭР

Мы мэфэ лъагэм, дунай лӀэшӀэгъумэ
ТахэбыбыкӀы фэдэу къысщэхъу.
Пщэфхэр нахь пӀуакӀэ, нахь макӀэ хъумэ,
Тыркуе чӀыгур дэгъоу тэлъэгъу.

Къэлъагъо, муары, хымэ чӀыналъэр,
Псыхъокӏи макӀэ, мэзтӀэкӀуи щэкӀы.
Истамбул къалэм адэ хы тӀуалэр
Зэлъиубытыгъэу нэплъэгъум чӀэкӀы.

Чылэгъо цӀыкӀухэр гугъэ пымыкӀхэу
Ипхъахь-итэкъоу танэӀу блэлъэтых.
ЧӀым лъэпэпцӀыйкӀэ зыхаӀэтыкӀхэу
Азэнэджапӏэхэр зэшъхьапырэплъых.

Тапэ едгъэхъоу тыбыбы зыхъурэм,
Тижъогъо плъыжькӀэ хэти тыкъешӀэ.
Инми е цӀыкӀуми тыкъэзылъэгъурэм
ГукӀэ игуапэу ащ Ӏэ къытфешӀы.

ЖъонэкӀо пшъыгъэр къызэтеуцо,
ЫнатӀэ, сэшӀэ, пкӀантӀэр щечъэхы.
Ӏэгушъор натӀэм Ӏулъэу мэгушӀошъ,
Ыгу иджэ макъэ къызэхэтэхы.

Хым фэдэу огум ыгу шъыпкъэ титэу
Тыркуе чӀыгум тытебыбыкӀы...
Ау сыда, уахътэр, ащ фэдэ дэдэу
Гур зыкӀэузрэр, бгъэм къебэгыкӀы.

ЛӀэшӀэгъумэ таущтэу адыгэ лъэпкъым
Тщагъэгъупшэна еу къарахыгъэр!
Нэм къыкӀэтаджэ хы ШӀуцӀэ нэпкъым
ИцӀыкӀуи ини зэрэӀусыгъэр.

Ахэр Тыркуем хьазабы ӀофкӀэ
Сыдэуи бэрэ, бэрэ ежагъэх.
Тхьапша кӀодыгъэр акъылы хьафкӀэ,
Нахьыбэр хычӀэм нэпскӀэ чӀэфагъэх.

Адыгэ пшъашъэу типшъэшъэ цӀыкӀухэр
ЦӀэӀужь унабэмэ арыкӀодагъэх.
Тятэжъ жэкӀэфхэу КъурӀаны нэгухэр
Хъугъэр амышӀэу шъхьакӀом ылӀыгъэх.

Джары хы ШӀуцӀэр адыгэ нэпскӀэ
Джы къызнэсыгъэм зыкӀхэщэӀукӀрэр.
Бгъэгур зэритхъэу хыр зыгурымкӀэ,
Адыгэ макъи ащ къыхэӀукӀрэр.

Хым фэдэу огум ыгу шъыпкъэ титэу
Тыркуе чӀыгум тытебыбыкӀы.
ОсшӀагъэр сшӀэрэп, уахътэр, ащ фэдэу
Сыгуи бгъэузэу ухэщэтыкӀы.

ХымэчӀ нэпӀосыр скъошымэ мокӀэ
ПкӀэнтӀэпсы-нэпсыкӀэ зэлъагъэшъокӀы,
Тыкъэбыбыжьышъ, ахэр тадэжькӀэ,
ТадэжькӀэ ахэр къытлъэплъэх гукӀэ.

1969

## ЧЭЩНЫКЪО ГЪОГУМ СЫТЕХЬЭ

Тхьэегъэпсэу семыжагъэу
Телефонэу къытеуагъэр,
Ори ары, шъузы нагъоу
Тэ уежьагъа зымыIуагъэр.

Осэпсыцэу уцы тхьапэм
СыблэсыкIми, ар есэIо.
Къысэджагъэх. ТIопсэ къалэм
МэшIоку чъэркIэ непэ сэкIо.

Унэ мафэу зипчъэ хъуаоу
СфыIуахыгъэр – хъяр гухэлъ.
Ныбджэгъу дэгъукIэ мыпчъэкъуагъэу
ЩыIэ пстэуми яшIу схэрэлъ.

СшIэ-сымышIэу сызфэкIуагъэм
Нэгу ихыгъэр ипэгъокI,
Псэлъэ дахэу къысфаIуагъэм
Ыосэнэп сичэщ къокI.

Сигъогу чыжьэ сытешъущагъэшъ,
ШъурэукIыта, синыбджэгъухэр?
Шъукъысфаеу шъукъэджагъэшъ,
СырэгушIо, цIыфышIу дэгъухэр!

Арэу зыхъурэм, къэзгъэшIагъэр
ПкIэнчъэ гъашIэу хьаулыеп.
Дунай хьылъэу, дунай шIагъор
ГъэшIэгъонышъ, сыщылыеп.



Ижърэ пасэм паIор пщахмэ,
ПшIурахьыжьэу къаIотэжьы.
Къеблагъ аIошъ, аIошъ ахэм
ПаIор унэм къыщуатыжьы.

Тыунэнчъэу, тыхэтакIоу,
Тышъхьэзакъоу тыщымыт.
Ау джыдэдэм цIыфмэ къакIо
КъысарэIуи, зысIэтыщт.

Сыдэу дэгъуа гъогум, гъогум
ЦIыф къыпфаеу утехьаныр,
УрикIасэу бысым нэгум
ИпчъэIупэ уIухьаныр!

1969

## СИНЭФЫПСХЭР УАДЭЖЬ КЪЫПФЭРЭСЫХ

Жьыбгъэ шъабэм ичъэ зыримытэу
ПкIэшъэ шхъуантIэр нэкIэ зэIешIэжьы.
Хым жьы къыщэу, ощхи шъхьэщымытэу,
Лидия Петровна, къэсэшIэжьы.

ПсынэкIэчъхэр хымкIэ зэрэкъочъхэу
Синэфыпсхэр уадэжь къыпфэрэсых.
Сыдэу тхъагъуа, тхъагъуа узэкъошэу
ЧIылъэм утетыныр! Тыгъи къытферэпс.

Дунай нэфыр шIукIэ, шIукIэ, шIукIэ
Тфыщызгъэlэу сшIэрэм яз ущыщ,
ЩыIэныгъэр гъашIэм мэшIо нэшIукIэ
Щысфэбгъаблэу бэрэ сэ сфыщыI.

ХьакIуцу тхышъхьэм адэ икIэй тIуакIэ,
Лидия Петровна, ТIуапсэ дэтэкъуагъ.
Мыекъуапэ сэри сыдэс шъхьакIэ,
Лэгъупкъопсыр сшъхьэкIэ пхэслъэгъуагъ.

1969



## ПШЪЭШЪЭ ДАХ

Пшъэшъэ гуахьэу, пшъэшъэ дахэм
Непэ сыIукIагъ.
Тэ щишIэна пшъэшъэ пагэм,
Сыгум ар хэпкIагъ.

Адэ тыда – благъа, чыжьа
Уздежьагъэр къаIо, нынэ?
Къыщыунагъэр уипчэдыжьа,
Тхьэркъо гугъэ нэф?

Пщэф шъхьэзакъоу, сизэкъуабзэу
Пчэгум сыкъимын.
Жъогъо миныр ситыгъуасэу
Гугъэм сыхэмын.

Адэ сыдым, сыдым адэ
Сезэгъынэу пшIэра, нынэ?
Гъогу зэхэкIмэ узхагъада,
Гъэтхэ тыгъэ нэф?

Пшъэшъэ къуапцIэу, пшъэшъэ гуахьым
ИшIулъэгъу къысфэт,–
Тыгъэу Iуашъхьэм, тыгъэу Iуашъхьэм
Къыкъоплъыщтым фэд.

Адэ хэта, сэщ нахь дэгъуа
Угу рихьыгъэу щыIэр, нынэ?
ШIу уелъэгъуа, уемылъэгъуа,
Сыпсэ зэкъо нэф?

Нэплъэгъу стырыр къысхэптакъуи
Сыд пай узблэкIыгъ?
Ар имыкъоу гур бгъэтакъуи
Яжьэу кIэстыкIыгъ.

Пчыхьэшъхьапэу чэпэ шэплъым
КIэтэкъуагъэр яжьа, нынэ?
Сыкъыожэ, сыкъыппэплъэ,
Симэзэгъо нэф.

1969



**ФЕДЕРИКО ГАРСИЯ ЛОРКА**

Испание шъхьагъым нэфылъэр
Плъыжьыбзэ шэплъэу щыкIэсты.
Федерико Лоркэ гухэлъыр
Ащ нахь лъэгэжьэу щеIэты.

Орэды макъэр къысэIушъ,
Гум иIушъашъэ къыхэхьэ.
ЕтIанэ чIылъэр зэлъекIушъ,
Шъабэр къебэкIэу зеплъыхьэ.

О убзи зыми щысшIагъэп,
Уи Андалузии сихьагъэп.
Тикъушъхьэхэр ошъогу пхырыпсых,
Типсмэ ячъакIи гушIопсы.

Адыгэ пшъашъэхэм яхьщырхэу
Шъуипшъэшъэ гуахьхэр къысщэхъух,
Уиусэ нэфхэр сатырхэу
Джа птхыгъэ пстэури сэлъэгъу.

Орэд закъоп сызэрэщыIэр,
Бэмэ сяутэкIэу къыхэкIы.
Орышъ ныбджэгъоу сэ сиIэр
ГухэлъышIукIэ сыгу укъэкIы.

Бзыу цIыкIур быбын фимытэу
Зыщэтым огум о уитэу
Шъхьэфит кIэхъопсым итыгъэ
Оры мыщынэу зытыгъэр.

Ощ фэдэп лъэгагъэм зыжьы
Ыӏубытэу огум итыгъэр.
Орэп дунэепчэдыжьым
Бгъэкӏэ ракӏыгъэу хэлъыгъэр.

Жьыбгъэр зэ кӏэпкӏы, зэ къелъы,
Чъыг шъхьапи уци къыфепщэ.
Огум уиусэ ыгу илъэу
Ренэу тичӏылъэ къыфеджэ.

1969



## МЫ ОРЭДЫР ПОРТУГАЛЫМ КЪЫЩАӀО

«Грандула, Грандула, Грандула...» – мы орэдыр
Коммунистмэ Португалым къыщаӏо,
Паӏор шъхьэщымыфэу хьэсэбэкъум дэтыр
Ащ дежъыузэ, игухэлъ благъэ факӏо.

Къаӏо мы орэдыр мэкӏэ-макӏэу гъукӏи пхъашӏи,
Тыгъэм ишӏушӏагъи ащ къыхэщы.
Сигупшысэ щыщы шъыпкъэшъ, сэри ар зэзгъашӏи,
Хэти ыгъэшӏагъоу фыхэсэщы.

Къаӏо мы орэдыр шъэбэ-шъабэу чыли, къали,
Лъэси, шыуи, гъогуи, огуи къыпфаӏон.
Гъукӏэ лӏыжъым икӏыщ машӏо шӏукӏэ зэкӏэгъабли,
Гъучӏыр ыгъэплъыгъэшъ, ныбжьи мыплъыкъон!

«Грандула, Грандула, Грандула...» – мы орэдыр
Коммунистмэ Португалым къыщаӏо.
Паӏор шъхьэщымыфэу хьэсэбэкъум дэтыр
Ащ дежъыузэ, игухэлъ благъэ факӏо.

1969

## ОЩ ПАЙ

КъаӀуи, псалъэр жэм къыдэмызэу
Тыгъэр ошъогум къыпфесщэхын,
Сэ ощ пае мыл такъырым зэу
МэшӀочэ бзыир къыхезгъэхын.

Сэ ощ пае нэфылъэ шэплъмэ
Сэхътан маистэр пфахэздыкӀын.
Псыхъо нэпкъитӀум лъэмыдж темылъмэ,
Лъэмыдж зысшӀыни, уризгъэкӀын.

УизекӀо-шыкӀэ, джа уигъэпсыкӀэ
Зыхэслъэгъожьэу сэ зыдэсэшӀэ,
Тыгу тео макъи, жьэу тщэрэм нэскӀэ
ЯшӀэ зэхэлъышъ, зэдэӀорышӀэ.

Ау зыгорэкӀэ цыхьэмышӀыгъэр
КъызэрэбдасшӀэу ащ сямыплъын,
Сигопэ пахъэ шӀулъэгъуныгъэр
Бгъэгупэ зэжъум дитхьалэхьын!..

1969

## СЫДА ДУНАИР МЭЗАХЭ СФЭПШӀЭУ ЗЫКӀЭБГЪЭУШӀУНКӀРЭР!

Дэгъу дэдэу сэшӀэ, тхьэм пегъэмбархэр
Сэщ фэдэ цӀыфхэп зытришӀыкӀыгъэр!
Бгъэм дэӀэкӀагъэу уигукъэуабэхэр
Сэры – сыушъэфрэп! – ар озыгъэшӀыгъэр.

Сыда сыгубжэу бырсыры горэ
Унэм исшӀыхьэмэ, зызфэуушъэфрэр?
Сыда нэпсыцэм ытхьалэу гури
ГъэрыпӀэ шъхьакӀом ыдэжь зыкӀэпфрэр?

Сыда мы тыгъэу дунэе тхъагъор
Мэзахэ сфэпшӀэу зыкӀэбгъэушӀункӀрэр?
Ари имыкъоу чэщы мэзагъор
ПшӀэзэ сапашъхьэ зыкӀыщыпшъункӀрэр?

Арэущтэу титӀо къызытфыхэкӀрэм,
ПцашӀом ихьылъэ стамэ къытефэ.
ЗысфэмыщыӀэу унэм сызикӀрэм,
Уипщагъо тыгъэр, тыгъэр сшъхьэрефы.

Унэм, тадэжьы къызызгъэзэжьрэм –
Сэрышъы мысэр! – зымыушъэф.
Сишъэф-мышъэфи къызыпфэсхьыжьрэм,
УиӀуплъэ нэшӀуи къысфэрэнэф.

1969

## ДЖА ЗЫР СФЭШІЭЩТМЭ

Пшlошъы зэ гъэхъу. Губгъэни хэлъэп.
Ащ нахьри титlо тызэкlужьыщтэп.
lуагъи къэlожьи мы lофым пылъэп,
Гум игухэкlи сфэщэчыжьыщтэп.

Шыблэ гъогъошхом фэдэу тынахэ
Зэхэгъэхьагъэу гъашlэр итэхы.
Зыми фэтщэйрэп, фэтщэйрэп тlэхэр,
Типсэлъэ ошъуи чlылъэм зэхехы.

Чъыгитlоу шъофым зитыубытагъэу
Тижьыбгъэ къилъи бгъэкlэ тыхэт,
Зэцэ-зэлашхэм зедгъэуlагъэу
Мыхъужьыщт узым титlо тыфэд.

Къерэпщ уижьыбгъи, къерэх уиошъуи,
Ошъур слъэгу-лъапшъэу угуи сикlын.
Сэ мы дунаим ояли ошlуи
Сызыlэжэни къытемыкlын.

Сеуцолlэни, зэуи сщымыхъоу
Джэныкъо машlор згъэкlосэжьын,
Сионэш чъэри сыгуи емыгъоу
Сэр-сэрэу непэ сызтечъыжьын.

Ар сэlо шъхьакlэ, тыдэ сэрэкlуи,
Шым иныбжьыкъоу укъызготыщт.
Къушъхьэ сыхъунэу сэ есэрэкуи,
Ащ нахь лъэгэжьэу санэlу уитыщт.



Жьыбгъэу сыкъичъзэ зызгъэбылъыжьмэ,
Сапэкlэ чъыгэу укъитэджэщт.
Орэди зысшlэу сызэдэlужьмэ,
Сыуимэкъамэу къыздыхэбдзэщт.

Сыд гущэр адэ, гукlэ сфэпытэу
Сыды амалыр тыдэ къисхын?
Сижьы къэщэгъуи узэрэхэтэу,
Джа зыр сфэшlэщтмэ, бгъэм удэсчын.

1969

3 Заказ 042

## СИОРЭД

Сиорэд бзыу тамэм фэрэд,
Орэд дахэу дунаим терэт.
Тыгъэпс закӀэу зэхэлъ,
Бгъэм мэзагъоу дэрэлъ.
Зэхэохмэ, сижъыу
Къыдежъыу.

Гъэтхэ закӀэу дунаир терэӀ,
Ар нэфыпсэу егъашӀэм щэрэӀ.
КӀали пшъашъи къыхадз,
Орэд чэфым къыпадз.
Тиорэд зерэӀэт,
ЗерэӀэт.

Псыхъор мачъэшъ, ымакъи къысэӀу,
Чъыг бырабэм ишъэфи къерэӀу.
Сихэку кӀасэу псэм фэд,
Уиорэд – сиорэд.
Насып жъуагъоу
Ом уерэт.

Сиорэд дунай нэфым фэрэд,
Орэд дахэр сихэку иорэд.
Ощ нахь дахи щымыӀ,
Гугъэ лъагэу утиӀ.
Сиорэд, уиорэд,
Тиорэд.

1969





## СЫПАГ СЭ, СЫПАГ

«Сыдах сэ, сыдах… Сыпаг сэ, сыпаг…»
Дунаир бгъаплъэу чӀым ухэкӀукӀы.
«Сыпаг сэ, сыпаг… Сыдах сэ, сыдах…»
Лъэдэкъэ лъагэм къысфыхеӀукӀы.

Зыкъэспхъотэни, уауж жьым фэдэу
Сыкъилъэдэнти,укъызэплъэкӀрэп,
Мэзэгъо нэфэу синэф ухэтэу
Сыпшъхьащытынти, гусэм ухэкӀрэп.

Орэп мо кӀорэр, пчэдыжь нэфылъэм
Илъэпэлъагэ гуахьэу уфакӀо,
Орэп мо кӀорэр, дунэе чӀылъэм
Уиощхы фыжьмэ орэд къыфаӀо.

Зыкъэспхъотэни, уауж жьым фэдэу
Сыкъилъэдэнти, укъызэплъэкӀрэп.
Мэзэгъо нэфэу синэф ухэтэу
Сыкъыплъыплъэнти, гусэм ухэкӀрэп.

Мырэущтэу непэ сшӀагъэмэ хъунэу
Тигубж дэпкъышхоу зыпэӀуздзэни,
КъаӀуи джыдэдэм къэбгъэзэжьынэу
Лъэмыдж гъэчъыгъэ зыкъыпфэсшӀыни.

«Сыпаг сэ, сыпаг… Сыдах сэ, сыдах…»
Дунаир бгъаплъэу чӀым ухэкӀукӀы.
«Сыдах сэ, сыдах… Сыпаг сэ, сыпаг…»
Лъэдэкъэ лъагэм къысфыхеӀукӀы.

Чэщ шIункIы сфэхъоу уигубж мэзахэ
ТIэкIу тешIэ къэси санэIу учIэкIы,
Сымылъэгъужьхэу уиджани, пIэхэр
СишIулъэгъу къабзэ къызэонэкIы.

Сэ къэзгъэшIэщтым гум уимыкIынэу
Оры шIу дэдэ, шIу дэдэ слъэгъурэр,
Гу цIыкIоу сиIэр чIым хэзгукIэнэу
Джыдэдэм оры пыи къысфэхъурэр.

Псыкъочъы нэфым ичъэ-щхы макъэ
Фэдэу сэ гукIэ, гукIэ сыуаджэ.
О закъор арышъ сижъогъо закъор
Пчыхьэрэ огум укъысфетаджэ.

Мо жъогъо чыжьэм ори уфэдэу
Сыфай сигугъэ ухэмыкIыныр,
Лъэдэкъэ лъагэм ымакъэ схэтэу
Сыфай сигъашIэ ренэу къэсхьыныр.

1969



**ОРЭД ФЫЖЬ**

Зэпыу имыIэу, шъабэу Iушъашъэу
Гъозэрыплъ тIуакIэ осыр къыщесы,
Нэгуфы фыжьым ишъэф зэхасшIэу
Уичыжьэ щыIэ гукIэ сынэсы.

Уиорэд фыжьэу мэкъэмэ фыжьыр
Джы къызнэсыгъэм мыщ къыдэIукIы.
Къысшъхьарыуагъэшъ шъхьэзэкъо зэщыр
Уадэжь сиплъэгъоу пщэм сыхэкIукIы.

Непи нычэпи Iушъэшъэ шъабэу
Къытфехрэ осым сыд ихьисап?
Гупсэф фыжьыбзэм къушъхьэр рифапэу
Ащ идэхагъэр уидэхэ нап.

Мо чъыгы пстэуми гур ахэзгъадэу
Анахьы лъагэр сигугъэ шъхьап,
Осэу къытфесрэм пIалъэр фэзгъадэу
УкъызхэкIыщтыр сипчыхьэшъхьап.

Чъыгы шъхьэзакъом фэдэу уизакъоу
Таущтэу уигъашIэ, таущтэу ипхын.
Сигугъэ къаплъэ зэщызыгъакъоу
УикъэмытхакIэ сыдым фэсхьын.

Зэпыу зимыIэу Iушъэшъэ шъабэу
Осэу къытфесрэм сыд ихьисап?
Сиорэд фыжьы къушъхьэр ефапэ,
Ащ идэхагъи уидэхэ нап.

1969

## ПКIЭШЪЭЗЕХЬ

ПкIэшъэтэкъу уахътэу бжыхьэпэ гъожьым
Ижьыбгъэ къилъы гур зэIешIэжьы,
Чъыг тхьэпэ пызэу тыгъэпс пчэдыжьым
Ижь сыхелъасэшъ, сызэредзэжьы.

Бжьыгъэ нэгъыфэу пщэ фыжьы жъгъэймэ
КъахэлыдыкIрэр гъоплъэ бетакъ,
Уцы ныкъогъухэу уцы нэшхъэймэ
Ягъыбзэ шъэфи фыртынэ макъ.

Къушъхьэ шыгуфмэ акIыбы дэдэм,
Пчэир зыщыкIэу тикIэй фэмыдэм
Уизэкъо дэдэу ори ущыI,
ГугъапIэр мыщи сэри щысиI.

Зэуж-зэлъыкIоу, зэ зэпымыухэу
Непи нычэпи мэшIокухэр быухэу
ТадэжькIэ къечъхэшъ, уадэжькIэ къачъэх,
Ящэрэхъыби гъыбзэр зэлъапчъы.

Мы тидунаий, джа о зэрэпшIэу,
Боу къэшIэгъуаеу зэрэзэхэт.
Тыгъуаси непи зыгорэ мыпшъэу
Зыгорэм ежэ… Ари сэщ фэд.

Джа о зэрэпшIэу мы тидунаий
Iэнэ теIакIэу шIур щынэхъой,
Джащ фэдэкъабзэу ныбджэгъуи пыий
Мы чIылъэ хьылъэм сэ щысихъой.

Ос-хъоты шэплъым ичъыIэ мылхэр
Апчы тэкъуафэу къызжэхипхъагъ.
Сыд пай, сыд пай, стхъумбылы чъыгхэр,
УипкIашъэ жьыбгъэм зэребгъэпхъуагъ?

Хьарыф зэхэтхэу, сатыры кIыхьхэу
МэшIокухэр шъофым, фыртынэм хэчъых,
Атхы зэкIащмэ зырагъэукIыхьэу
Пщэ фыжьхэр огум щызэпэIапчъэх.

Ахэм тафэдэу тэри тизакъошъ,
Гъожьыбзэр бэрэ зилъэс лъэдакъэу,
Жьыбгъэу къилъыгъэр – сыда осшIагъэр? –
УипкIэшъэзехьи сызыхэбдзагъэр!..

1969

## СИОСЭПСЫЦЭ НЭПСЫЦЭ КЪАБЗ

Тэпы нэгъыфэу илъэс дэхабэр
Джэныкъо яжьэм щыхэкIосэжьы,
Жьыбгъэу къилъыгъэм иIэбэ-лъабэ
Бгъэгупэ лъачIэр сшIузэIешIэжьы.

НэпкъитIоу псыри зыдэмытыжьым
Фэдэу гу закъор зэхэгъукIагъ,
ЕтIэкъэй лъэгум фэдэу сизэщы
IупшIэ гъопцагъэр зэхигъэчагъ.

Арэущтэу щытми, модыкIэ ощхыр
Щхызэрэ ощхыр зыгорэм щещхы,
Уцыбэр чIылъэм къыхэзэрэхы,
ШIулъэгъу орэди щызэхэсэхы.

Сыдэущтэу хъуна о ущымыIэу?
СыщыIэшъуна о усимыIэу?
Ащыгъум сыда тыгъэм есшIэщтыр?
Огури сашъхьагъы сыд зыкIитыщтыр?

Ар сэIо шъхьакIэ, жьы плъыр-стырыем
Яжьэр зэрихьэу сестыми ем –
Сапэр къушъхьэжъым лъачIэ фэхъужьы,
Зэ ичIыпIагъэм псыри екIужьы.

Хыпсы кIутафэр зэхэсыугъоени,
Хыор олъагъэм хэстIупщхьажьын.
Къушъхьэу къэуагъэр пфызэкIэстхъони,
ШIулъэгъу гъэIагъэу пфэсIэтыжьын.

1969



## ОРЭП ЗЭСIОЩТЫР

Хым къушъхьэпсэу зыфэзыхьрэр,
Ошъогу къаргъоу сашъхьагъ итыр,
Бжыхьэ чъыгэу къысIуплъахьрэр,
Силыузы сыд есшIэщтыр?!

Тыгъи, оси, пщагъуи, жьыбгъи
Сыушъэфрэп, мыр ясэIо:
ГукIэгъунчъэу сыгуи, сыбгъи,
СкIышъо плъыри ар къырэкIо.

Щэр къыстефи, сиуIагъэп,
Аущтэу щытмэ, нахьышIугъ.
Ар зилажьэм зи есIуагъэп,
Матхъэ, мэщхы, щыI, ишIугъу.

СIорэм ситхьалэу стыкъынми,
Уадэжьэп сыкъыздэкIощтыр.
Сыдыр сихьылъэу сикъинми,
Орэп сэ мы зыр зэсIощтыр!

1969

## ЛЫУЗЫМ ГУХЭЛЬ КЪЫКIЭЛЪЭКIО

Сигухэлъ шъабэ гугъапIэ сфэхъоу
Сэри сизакъоу чIылъэм сытет,
Адрэхэр зэкIэ зэуи сщымыхъоу
Ощх чъыIи жьыбгъи ястыгъэм фэд.

Пщэ шIуцIэ хьылъэр, чэщы мэзахэр
ЗэрэIукIошъэу санэIу кIэкIошъых,
Уяплъмэ, жьым хэтхэу кIэзэзхэу ахэр
ПкIэшъэ пымызхэу сыбгъапэ щэпшъых.

Бжыхьэ гъожьышэу чIым тетэкъуагъэр
ТфэзыгъэшъокIэу сыд ощха къещхрэр?
Жъогъопс нэгъыфэу уипшысэу пIуагъэр
ЗыфэоIожьышъ, ара узфэщхрэр?

Лэнчъэ чъыгыжъэу шъуищагуи дэтыр
ЧъыIэм пхырыплъэу гъатхэм фычIэплъы,
Илъэс пчъэгъабэкIэ тигугъэу къэтыр
ЗэтриIэжэнэу жьыбгъэр къытфелъы.

ГъэрекIо фэдэу джа уилъэмыджхэр
Зэрэбгъэстыщтхэм джыри уяуса?
Хьауми тэ титIо тинэпкъы ныджхэр
ЗэрзэблэкIотрэм ул егъэуза?

1969



## НЭПКЪ СЭМЭГУМ СЭРЫ ТЕТЫР

Бэдэдэ шIагъэ сэ мы лъэныкъом
НыбжьыкIэ дачъэу сызыщыIагъэр,
Мы къуапэр ары сизкIэлъэныкъо
Къопэ къэгъанэу къызыдэнагъэр.

Гъэ кIуагъэм фэдэу чэфы гужъуакIэу
Псы нэшхъо щэнджыр нэпкъы дэгъаз,
Чылыс дышъашъхьэр ащ ыгужъуакIэу
Чылэгъо цIыкIури мэз Iупэ Iac.

МычъыIэ-фабэу пчэдыжьы тыгъэр
Жьы мэкIэ кIэпщым сэ дэсэлъэгъу,
ИкIэрыкI шъыпкъэу зэ блэсыкIыгъэр
Бгъэм къитэджэжьэу гуми къыщэхъу.

Уц къэшхъо шхъуантIэр джы зиошъогоу
СикIэлэгъу гъунджа санэIум итыр?
Зынэпкъ лъэныкъо сэркIэ сэмэгоу
Сызтетыр ара гукIэ сызыфитыр?

Сыдыр ишIуагъа чъыгы гъужьыгъэм,
Лъэпсэ дэчъэхми, пкIэ имыIэжь.
ЗэкIэрыожьзэ, шIулъэгъу хъужьыгъэм,
РаIори сэшIэ – ныкъоиIэжь.

Адэ дэу тшIына джа мыхъуныгъэр
ТэркIэ къежьагъэу тфэкIодыжьыгъэп.
ДжырыкIэ зыми шIулъэгъуныгъэр,
ХэтыкIи нафэ, джы фэдыжьыгъэп.

Зинэпкъ сытетым симыжъокIабэу
Бгъэм дэлъыр таущтэу гурызгъэIон?
Хъущтмэ, шIулъэгъум сыринэкIапэу
СишIулъэгъугъэм дэжьы сыкIон.

Ау шIулъэгъу машIом непэ сыхэтми,
Хэта джы, хэта мощ Iэ зыфишIрэр?
Ар къэшIэгъуаеп… Сэрмырми, хэтми,
Сэ силъэмыджи машIуаем ыстрэр.

1969



## ДЭХЭЦIЫКIУ

Пшъэшъэ нагъор гъэтхэ пшыс, гугъэ пшыс,
Чэщ мэзагъор сигупшыс, сигупшыс.
Уидэхагъэ сыкIэхъопс,
Услъэгъуныр силъэгъопс,
ШIу плъэгъуныр мыIэшIэх, дэхэцIыкIу.

Мэзэ закъор ом къерэплъ, ом къерэплъ,
Ар Iэлъынэу пIэ ерэлъ, пIэ ерэлъ.
ШIулъэгъу жъокур машIо стыр,
Узынэсрэм укъыстын,
ШIу плъэгъуныр мыIэшIэх, дэхэцIыкIу.

Жъогъо миныр машIо жъоку, тэпышэс,
Шы чъэр плъырмэ къярэшэс, къярэшэс.
Къысфахьыщтыр зы шIулъэгъу,
ШIулъэгъу закъор зэIуплъэгъу,
ШIу плъэгъуныр мыIэшIэх, дэхэцIыкIу.

Гъэтхэ чэщыр охътэ кIэкI, пшысэ кIэкI,
Сигупшысэ ар пхырэкI, ар пхырэкI.
УпхырыкIми, укъыхан,
Сызтехьагъэр уигъогу уан,
ШIу плъэгъуныр мыIэшIэх, дэхэцIыкIу.

Мэзэгъопсым инэфыпс, инэплъэгъу
ШIулъэгъу гъуаткIо къысфэрэхъу, къысфэрэхъу.
СигъэлIэщтми, къысIорэф,
ШIу плъэгъугъэр гъэшIэ нэф,
ШIу плъэгъуныр мыIэшIэх, дэхэцIыкIу.

Пшъэшъэ нагъор гъэтхэ пшыс, гугъэ пшыс,
Чэщ мэзагъор сигупшыс, сигупшыс.
ШIулъэгъу кIуачIэр мэшIо стыр,
Узынэсрэм укъыстын,
ШIу плъэгъуныр мыIэшIэх, дэхэцIыкIу.

1969



## СИЧIЫГУ

СымэкъумэщышI сэ. Бэдэдэ шIагъэ.
ЧIыгу жъогъэ бзыгъэу сынэкIу зэлъагъ.
Жъэрымэ пихэу ихьалыгъу жъагъэ
Зыпшагъэр сэры, скIуачIи хэслъхьагъ.

Коцышъхьэ мафэу лъэпсабэр щыздзи,
СыкъыхэкIыгъэу чIым сыщэшъхьалъэ.
Къэхъущт гушIуагъом щыщэу сшъо щизы
Зыхэзгъотэщтым сежэ, сыпаплъэ.

Сидунай чIылъэ щыслъэгъурэр зэкIэ
ГушIо-гуузэу гу лъынтфэм хечы.
Дэуай-еохэу сипсыдзэ псыпэ
Щэуалъэ, щехьы сэ синасыпы.

Гупшысэ лъапсэу бгъэм дэтIыргъуахьрэм
Коцыцэ пчъагъэм щыхэзгъэхъощт.
Щэ мыгъор къэсэу сызритэкъуахьрэм,
Сэ сщизы бэни ащ хэзгъотэщт.

СичIылъэ мафэ сыщырэхьатми,
Джары сизаор, джары сиогур.
Дахэу е гуаоу, сыд фэдэу щытми,
Сэ сипкIэнтIэпскIэ шъокIыгъэ чIыгур.

ИтхьамыкIагъуи, ащ игуIакIи
Джы къызнэсыгъэм сынэгуи кIэт.
Пахъэр шъхьащехы ичIыгу жъогъакIэ
Хьалыгъу жъэгъакIэм сыдэуи фэд!

Сэ сIэхъомбипшIы чIыгум хэмылъмэ,
СIэгушъо лыжъмэ къысфамыдэщт.
Силэжьыгъацэ цэрыцэу здзымэ,
Сиорэд гупсэ лъапсэ иIэщт.

Сымэкъумэщышl сэ. Бэдэдэ шIагъэ.
ЧIым сырилъапсэу сырибэнакIу.
СIэтыщт быракъэу сихьэсэ шIагъэ,
СыжъонакIу. СылэжьакIу. СыусакIу.

1970

## ЖЪОНАКIОР. ЕУТАКIОР. ХЫНАКIОР

Уиуни губгъуи, жъонакIор,
IофшIэным ренэу хэрэт.
Ныбжьи пкIэнтIэпсым лэжьакIор
КъыушъхьакIугъэп – орэд.

ГъэшIэ жъокIупIэу узхэтыр
ПлъакъокIэ шъабэ орэхъу,
Джа хьэсэбэкъоу уздэтыр
Гъэбэжъоу тэри тфэрэхъу.

Тхъу цIынэм фэдэу чIы бзыгъэр
Къызыгобгъэчърэм ураз,
УеIэмэ, пIапэу нэсыгъэр
КъыпшIуистэу хьалыгъу фэбабз.

ЗыIэти ори, еутакIор,
Мэщыцэ мафэр чIым хапхъ.
ШIукIэ гъэгушIо жъонакIор,
УпхъакIошъ, дахэр пфаIуапхъ.

Джа лэжьыгъацэу чIым ептрэм
Фэдишъэр зы шъхьэм фэшIущт,
Мэщ шъхьагъым тыгъэу шъхьэщытрэм
Фэдэу илъэсыр бэжъущт.

Хыныгъом игъошъ, хынакIор,
ШIушIэгъэ Iофыр ухыжь.
УмыгъэукIытэу еутакIор
Мэщы бэгъуагъэр Iухыжь.

Гъэбэжъу гушIуагъор егъашIэм
УищыIэныгъэ фэрэд.
ЦIыфмэ хьалыгъур агъажъэ,
Ащ ымэ дунай орэд.

Гъэм илэжьыгъэ, жъонакIор,
ЕутакIор, шъори шъуIорэф.
ХынакIор, лэжьакIор,
ЧIылъэм ынэшIуи шъущэрэф.

1970



## ТЫГЪЭ ТЫНЭУ ЛЭЖЬЫГЪАЦЭР ЧIЫМ ЕСТЫН

Шъхьаныгъупчъэр тыгъэм фыIусхыни,
ГушIопс нэфкIэ унэм къизгъэплъэн.
Чъыг къутамэр сынэIу сэ исхыни,
Къушъхьэ шыгумэ гукIэ зязгъэлъэн.

Дунай бгъуиплIыр зэкIэ зэлъигъашIоу
Уашъуи, псыхъуи, хъуати мыщ фэраз,
ЧIылъэм ишхъонтIагъэ имэIэшIоу
МэфэшIу гъогукIэ тыгъэм зерэгъаз.

Мыжъор зэгуигъэзэу, зи щымыхъоу
Уцыр лъэпэпцIыеу чIым къыхэкIы,
Тыгъэ фаблэшъ, цишъэ къызэлъыхъоу
Лэжьыгъацэр мэщкIэ къызэлъэкIы.

Непэ дэхэ IофкIэ гъэтхэ мафэр
Дунай нэфым лъагэу шъхьэщытыщт,
Сэри лэжьыгъацэу мы цэ зафэр
Тыгъэ тынэу джыри чIым естыщт.

1970

## МЭКЪУМЭЩЫШIЭМ ЛЭЖЬЫГЪАЦЭМ РИIУАЛIЭРЭР

КIыр орэд фыжькIэ бжыхьэм дежъыу,
Пхъэlэшэ цуабзэр тыгъэм пэжъыу.
Коцыцэр, оры сэркIэ гугъапIэр,
ЧIым ухэслъхьащтышъ, хъущтым сегъапэ.

УкъыхэкIыщтмэ сэIошъ, сыппаплъэ,
Бжыхьи, кIымафи, гъатхи сипIалъэ.
Тыгъи къыптерэпс, ощхи къыптерэщх,
Дахэу къысфакIуи, шIукIэ сыгъэщх.

Ощхыр шъхьэщыкIэу мафэхэр текIмэ,
ПIалъэм ехъулIэу укъыхэмыкIмэ,
ЦапэкIэ гури, гури сIыгъын,
Сыд къысэпшIагъэр сIони, сыгъын.

Зэ жьыбгъэ чъыIэм сапэр зэрехьэ,
Зэ жьыбгъэ стырыр къокIыпIэм къехьы.
СэлъаIо ахэр пшъхьэщызгъэкIынхэу,
СэлъаIо ахэр пфэзгъэмэкIэнхэу.

Мэщы шъхьэлъагъэу укъызытэджрэм,
«Хыныгъом игъу!» пIоу укъызыджэжьрэм
Джащ нахь гушIуагъо тыдэ къэкIын,
Гъэбэжъу орэдкIи сыппэгъокIын.

ГукIэ сызфаеу къыздэмыхъугъи,
Къинэу слъэгъугъи, сымылъэгъугъи
А мэфэ дэдэм сщыбгъэгъупшэн,
Тхьацу шъэбэ мафэу шъузми уипшэн.



ЧIым лэжьыгъацэу непэ хэфэщтыр,
Мэщ мафэу цIыфмэ афэмэфэщтыр,
Огум ит тыгъэм ренэу уфэдэшъ,
МэIэшIур пхэоу угъожь, удышъ.

Джаущтэу егъашIэм щытыгъэшъ, ашIэ:
Коцыцэр, оры зэкIэми апшъэр!
ГъашIэр щыбгъаIэу ухьалыгъущт,
ЧIылъэм ихьылъи псынкIэ тфэхъущт.

1970

## ХЫНЫГЪО УЖЫМ

Илъэс улэур бгъэгум дихыгъэу
Хыныгъо ужым чӀым зегъэпсэфы.
Хьалэл гупсэфым зыфырихыгъэу
Мэкъэнчъэ чэфкӀэ губгъом щэнэфы.

УчъыӀыжьыгъо джыри имыфэу
Іофшӏэны пахъэр хьамэм шъхьащехы,
ГушӀогъо паӀор шъхьэми щымыфэу
Тыгъэр лъхъэнчабзэу огум къеплъыхы.

Зымафэ фэдэу тыдырэ къуапи
Хьэсэ зэикӀхэр къыщылъэгъожьрэп,
Тыгъуасэ фэдэу зы цӀыфы макъи
Коцыпкъы шъофым непэ щыӀужьрэп.

Жьы мэкӀэ шъабэр ыбгъэгу фыкӀэпщэу
Хыныгъо ужым чӀым зегъэпсэфы,
Хъяры гушӀуагъор ынэгу къыкӀэщэу
Губгъом игугъэ огум дэчэфы.

Маза, мэзитӀуа, сыдигъуа чӀылъэм
Гъэтхэ хэлъхьагъур къызыфихьыщтыр?
Къохьэпӏэ чапэу мо чэпэ шэплъым
Фэда нычэпэ ар зэпкӀыхьащтыр?

Коцыцэ мафэр тӀэгушъо илъэу
Мыщ фэдэу гъэми тыкъыпфэкӀон,
Тигугъэ къэты гъэшӀэ гухэлъэу
Иорэд дахи тэ къыпфэтӀон.

1970



## ЩАГУ ХЪУРАЙ

Сичылэ чыжьэу жьыр зыщыкъабзэм
Сэ сиӀахьылхэр бынибэу дэсых.
Псыхъом пэблагъэу мэзышхо лъапсэм
Хэтэ зэголъкӀэ ахэр кӀэрысых.

Сшынахьыжъищэу зэшищ унагъом
Щагу хъоо-пщаор зэдыряӀан,
Сыплъэмэ слъэгъоу сигъэшӀэ лъагъом
Гур щигъэгушхоу ари сиӀэн.

Джа щагу хъураем пэӀут унищым
Нэхъой-Ӏэдэбыр алъэчӀэ лъапс,
Апсэ къыпӀуалъхьэу тщыщы-тщымыщым
Ахэр хэмытхэу хьакӀэр ялъапӀ.

ЕгъашӀэм хапӀэу сызыщапӀугъэр
БгъачӀэм дэзыгъэп, нэрызи хъугъэп,
МакӀэми бэми гъогоу къэскӀугъэр
Ащ еоӀэжьти, къины сфэхъугъэп.

Мы щагур ныбжьи сэ сщыгъупшагъэп,
МыжъуакӀэу дэлъым нэс синэӀуас.
Дэхабэу щыӀэм ар езгъэпшагъэп,
Ащ инэфынэ сфэрэмыкӀуас.

Сикъэлэ унэ сэ сызэрисэу
Мэлэщмэ ами – тхъагъо! – къызнэсы.
Сичылэ закъуи бгъэгупэм дизэу
Си Уарпи гукӀэ, гукӀэ сыщесы.

Хьэблэ урамхэр иджабгъу-сэмэгоу
ШхъонтIэ речъэкIхэу гъогунэпцэ уцых.
Тыгъэ плъырыгъом шкIакIэр дэджэгоу
Лlыжъхэр чэупакIэм щызэпэIусых.

Сыкъэлэдэсми, сымэкъумэщышIэшъ,
Мэщ хьэсэ шIагъэм ымэ къысэу.
Тым ипсэукIэ IэкIыбы мышIышъ,
Ным зэриIуагъэу сыщыI, сэпсэу.

Атэкъэ шъхьэплъыр, шъуипщыкъо къакIо
Iори нысищым макъэ сфягъэIу,
Ари имыкъоу Мэщбэшlэ лIакъом
Щэлэмэ стырым ымэ сфягъэу.

IэкIэ мышIыгъэу, ны гухэлъ дахэу
Сэри мы щагум сиунэ дэт,
Сятэ фэшъуашэр шэпхъэпIэ лъагэу
СымэкъумэщышIэу чIылъэм сытет.

1970

## СИЧЫЛЭ СЩЫГЪУПШЭУ КЪЫХЭКIРЭП

ЩыIакIэм ишIум ифэшIу сылъыхъоу
СыхъотIэ-бжъатIэу чылэр збгынагъэп.
СызыщапIугъэм пыи сыфэхъоу
Изы шъузаби къызлъызгъэбгагъэп.

Псыкъочъы цIыкIур нэмыкIы псыхъо
Ехьыжьэгъаеу инэпкъы псыгъо
Зэрэдэлъадэу сэри зы мафэ
Къалэм ыIаплIэ пытэу сычIафэ.

Мыины дэдэми, спшъэ илъ IэнатIэм
Сызэрэхэтэу чылэр гум къэкIы,
Хыныгъор жъоркъышъ, сшынахьыжъ ынатIэ
Фыгуцэ пкIантIэр тырелъэкIыкIы.

Зызгъэрэхьатэу сызкIэдэIукIрэм
ГъукIэм иуатэ къызэхэсэхы,
ЫIэгу фэдизэу цуабзэу пиупкIрэм
Гъэтхэпэ тыгъэр къырегъэпсыхы.

Тэмэшъхьэ лIыжъэу сэмэрэкъэушIылэм
Илулэ гъуапчи сэ сщыгъупшагъэп,
ГъэшIэрэ кIодэу кIымэфэ чылэм
Инысэ-джэгуи бгъэм дэкIодагъэп.

Пшъэшъэ зищэгъухэр, мо зэныбджэгъухэм
Сяплъышъы дахэу пчэгум къыращэх,
Яшъэфы нэфхэр зэкIэ псэлъыхъухэм
ЯтIурытIу къашъо къыдыращажьэ.

Тихьэблэ кӀалэу джа зикъэщэгъуми,
Адэ шъузынчъэр пэчӀынэтӀэна?
Зигъэлъэпӏэжьзэ, а пшъэшъэ дэгъуми
Хьаур нычхьапэ къыпиӀэтына?

Загъорэ джаущтэу гупшысэ самэр
Мэкъу Ӏатэм фэдэу сшӀузэхэхъухьэ,
ЕтӀанэ псынкӀэу къызгокӀэшъ тамэр,
Чылэр чэщ пкӀыхькӀэ къэсэбыбыхьэ.

Сянэ сэ пхъахьэ сигъэкӀогъагъэ
Е сабынщэфы сиӀофтэгъагъэ
Фэдэу сыгушӀоу къэсэгъэзэжьы,
Ным ибыдзыщэ сыкъегъэсыжьы.

1970



## СИГУГЪЭ ЖЪУАГЪУ

Бгъэгум дэлъыгоу гушӀор зыгощэу
Шӏулъэгъу къежьапӀэр сэра зижъуагъор?
Тамэр зэкӀэпщмэ, укъысфэкӀожьэу
Насып къэкӀуапӀэр хэта зилъагъор?

Мэфэпсы фабэм, бжыхьэпэ дахэм
Орэд рыфасӀоу оры ситыгъэр,
Сигугъэ гъатхэ къушъхьэтхы лъагэм
Оры фэзгъадэу сфэзыӀэтыгъэр.

Сыдэу дунаир непэ сфэмафэу
Фыртыни, хъоти щысымылъэгъух,
Таущтэу слъэгъуна, дахэм фэшъхьафэу
СишӀулъэгъу гъашӀо гъусэ щысфэхъу.

Къушъхьэпсы лъатэу уалъэу зиорхэр
Хым чъэрэм фэдэу уадэжь сыкъакӀо,
Шӏулъэгъур къабзэшъ, гугъэ орэдхэр
Тыгъэпс дышъэпсмэ чӀылъэм къыщаӀох.

Ахэм сахэтэу непи, тыгъуаси
Симэфэ нэфхэр гугъэ пхырыкӀых.
НитӀум къачӀэщэу сишӀуи, сихъуапси,
Гупшыси, пшыси чӀылъэм тесыкӀых.

ОшъочӀэ тыгъэу шӀугъэр зыгощэу
Псэпэ къежьапӀэр сэры зилъагъор.
Мэзэгъо нагъоу укъысфэкӀожьэу
Сыгум инэфэу оры сижъуагъор.

1970

## СИАПЭРЭ ПСАЛЪ

Зы мэфэ закъуи, тян, гум уимызэу
ГъашIэм илъагъо къинми, сырэкIо.
Гугъэм сыхэтэу, скуцIи сэ изэу
Бзэу къысIуплъхьагъэм шIуагъэр рысэIо.

ГъашIэм илъагъоу пщагъор зихъоим
Мафэр щыфабзэу бэрэ сыхэкIы,
Арэущтэу сIоми, шыр етIэгъоим
Ыгъэлъэпаоу, ошIэ, къыхэкIы.

Джащ фэдэ уахътэм сиорэд макъэ
Икъэбзэ быбы нахь лъхъанчэ мэхъу,
Ардэдэм шъабэу, дэхэ фэсакъэу
Укъызэрэплъэу унитIу сэлъэгъу.

Тихьэсэ шIагъэ, гъэбэжъу фэтыжьэу
ЗыкъызитыжькIэ уззэрэгушIоу,
Сигуао осэу зэрэкIодыжьэу
Сэри сэгушIо гугъэр синэшIоу.

Фыжьыбзэу сшъхьацы джы зэрэтхъуагъэр
Уинэрылъэгъоу убгъэгу къычIэщы.
Зэ къэошIэжьа къысэпIогъагъэр?
Къушъхьэм ышыгуи сыдигъуи фыжьы.

Зы мэфэ закъуи гум усфимызэу
Силъагъо къинми, дэеп, сырэкIо.
Гугъэм сыхэтэу, скуцIи сэ изэу
Бзэу къысIуплъхьагъэм шIугъэр рысэIо.



ГъашIэм илъагъоу пщагъор зихъоим
Мафэр щыфабзэу бэрэ сыхэкIы,
Арэущтэу сIоми, шыр етIэгъоим
Ыгъэлъэпаоу, ошIэ, къыхэкIы.

Симафэ нэфми, цIыфмэ ялыеу
СищыIэныгъэ гъэтхэ зэпытэп,
Ешъорыхьакъоу, джау хьаулыеу
СшIэни сымышIэу чIылъэм сытетэп.

1971

## НЫМ ИФАБЭ СЫЩЭIЭФЭ СХЭРЭМЫКI

Мы къужъ чъыгым, мы къужъ чъыгым
Къэсэшlэжьы ыпкъы псыгъо.
Гъунэгъу чылэм къызитэхым,
Нымрэ сэррэ дгъэтlысыгъэ.

Зы бжыхьакlэп, зы кlымафэп
Хъот-борэнкlэ шъхьарытыгъэр,
Зы гъэтхапэп, зы гъэмафэп
Тыгъэ стыркlэ пыщытыгъэр.

Гъатхэр къэсмэ, тфэнысакlэу
Дэнэф псынкlэр шъхьэрымыф.
Сэри непэ насып закlэу
Ащ сыфэдэу сышъхьацыф.

Сыцlыф инми, сыцlыф цlыкlуми,
Зянэ зиlэр сихъопсагъу.
Ом селъагъэу лъагэм секlуми,
Сыгъощагъэп, ныр мэзагъу.

Тыжьын лъагъор зэстэкъокlзэ,
Тыгъэр непэ къысфыкъокlы.
Сичэщ шlункlи ор ыхъокlзэ,
Къызэплъэкlы, къызэтхъокlы.

Зэ зэгорэм фэдэу сянэ
Джыри, джыри сищыкlагъ.
Ары шъхьакlэ, чlы гъогууанэр
Нынчъэ сфэхъоу къысщычагъ.



Ным иlэшlуи, ным ишlушlи
Таущтэу лъфыгъэм езгъэшlэн?
А зы закъор зыпэсшlыни
Зэзгъэпшэни щымыlэн!

Ным иlуплъэ, имэфабэ
Сыщэlэфэ схэрэмыкl,
Лlакъор зэкlэ ащ ифабэ
Гъэшlэ кlыхьэм щэрэмыкl.

1971

## ХЪОТ-БОРЭНЫМ ЩАIОГЪЭ ПСАЛЪЭР

Мафи чэщи хъот-борэным
Уцур иIэп, чIыр къепхъэнкIы.
СикIэлэгъуоу гугъэ реным
Изымакъэу мыр гум къэкIы.

КIыригъэщэу, шы щыщ макъэ
Зыригъэшlэу жьыбгъэр къепщэ.
Сяни шIугъэр, шIугъэ закъор
ЫIупшIакIэу машIом епщэ.

Гъогум тетмэ гъогур псынкIэ
Къафэхъунэу афэлъаIо.
Сятэжъ екIышъ, ар гумэкIэу
Тигъунэгъумэ адэжь макIо.

Чэщы шIункIри осы фыжьри
Щэпсым фэдэу зэхэкIуакIэ,
Уашъуи, чIыгуи, жьыбгъэ щыщри
Ащыгъуащэу гур къэмакIэ.

Сянэ фэдэу хъот-борэным
Хэтмэ гукIэ сапэгъокIы,
Сятэжъ фэдэу шIукIэ ренэу
Тигъунэгъумэ сафыкъокIы.

КIыр тфэчъыIэу къызщыхэкIрэм,
Шъабэ тфэрэхъу тиосхъот.
Хъот-борэным зызриутэкIрэм,
Чъыгмэ кIуачIи арэгъот.

Гъатхэ нэсы мэщы шIагъэм
Осы фыжьыр шъхьэщэрэлъ,
Тыгъэпс мафэу мэфэ шIагъом
ШIукIэ цIыфхэр тфыхэрэплъ.

Ау етIани, сыд ар сIокIэ,
Хъот-борэным щыпIыкIагъэм
IэпыIэгъур ищыкIагъэшъ,
Сэ ащ шIукIэ сыпэгъокIы.

1971


4 Заказ 042

## СЭРЫ МЫСЭР

Тхъур аожьми,
Пхъэр зэпахми,
Коц аIожьми,
Къуаер рахми

СшIэщтыгъ шъхьакIэ,
Адэ джыры?
Мысэр ащкIэ
Сэры, сэры.

Чэмыр ащми,
Цыри аджми,
Шъоур кIащми,
Фыр ахьаджми

СшIэщтыгъ шъхьакIэ,
Адэ джыры?
Мысэр ащкIэ
Сэры, сэры.

Бзыур джэми,
Бжьыныр кIыми,
Осыр джэфми,
Лъэтэн къекIми

СшIэщтыгъ шъхьакIэ,
Адэ джыры?
Мысэр ащкIэ
Сэры, сэры.



Пагор есми,
Хьажъур нэшъуми,
Сэхъыр къехми,
ЧIыгур IэшIуми

СшIэщтыгъ шъхьакIэ,
Адэ джыры?
Мысэр ащкIэ
Къалэр, сэры!

1971

## ТИЧIЫГУ ЗАКЪО ТИНАМЫС

Тыгъэ чIэгъми дунай плъэгъуми
Тэ щытиIэр зы чIыгу закъу,
Тыщытхъэжьми, къин щытлъэгъуми
Ар тигъашIэ щымэзагъу.

Ащ зы лъагъоп щыхэтщыгъэр,
Гур щыгушIоу, гур щыпагъ.
Зы лъэпкъ закъоп щехыжьыгъэр,
Жьыбгъи машIуи къыщепщагъ.

Гъэр щыпщагъоу, гъэр щынэфэу
КъыщыхэкIми, ар тигупс.
Псэр фэдгъашIоу, тыфэчэфэу
Ащ орэди фэтэус.

Тыщэпсэу тичIыгу закъо,
НэмыкI чIыгуми такIэхъопсы.
Тхъом тепсыхмэ, тыфэсакъэу
Щылычышыр тилъэгъопсы.

Гухэлъ пстэури тигугъапIэу,
Чыпэ упсэу тыщымыс,
Гур зынэсрэр тилъэгъуапэу
Гъогу тытетышъ, тызшъхьамыс.

Лъэси шыуи а зы чIылъэр
Зэдытиеу зэтетэхы,
Лыгъэ задзрэм а зы хьылъэр
Хьыны-хьылъэу зэдитэхы.



Ер тщыгъупшэу чIым тыщэжъо,
ЧIыр тэгъэшIу, чIым хэтэлъхьэ.
Бжыхьэ джэгуми такъыщэшъо,
ШIугъэу щыIэр тIэ итэлъхьэ.

ТэркIэ хьылъэп чIылъэ закъор,
ЧIылъэ закъор тинасып.
Тэ тыпшъхьасы, тыпфэсакъы,
О зызакъор тинамыс.

1972

## СИЧIЫЛЪЭ ОГОУ СИЧIЫЛЪЭ ДАХ

Космосым ныбжьи, скъо мыбыбыщтмэ,
Сихьагъэу щытэп, сихьанэу къэтэп.
ГукIэ зысIэтэу сынэмысыщтмэ,
Быбырэ пстэуми, сэшIэ, сафэдэп.

ТичIылъэ гупсэ бгъэр фызэрытхэу
Хэти зэхихэу орэд фэтэIо.
Тыщыжъоу, хатлъхьэу, лэжьыгъэр щытхэу
Гугъэм тыпаплъэу тигъашIэ щэкIо.

БгъэкIэ зытщэймэ, ем тыпэуцоу
Оры тынапэр, оры тилъапIэр.
Хъярыр къыддэхъумэ, тызэдэгушIоу
Оры тизафэр, оры тихапIэр.

ШхъонтIэ нэфынэу, фыжьыбзэ дахэу
Тэ утиIэнэу ренэу тыфай.
Тигугъи пагэу, тиуашъуи лъагэу
ТызыфыщыIэр оры, ощ пай.

1972



## СИХЭКУ КIАС

Псыхъо Iушъом ишъолъыры дахи,
Осы фыжьыр зишыгу къушъхьэ лъаги,
Пчэдыжь шъабэу непэ къысIуплъагъи
Гъэтхэ теплъэу сэ сихэку кIэракI.

Гъогу зэхэкIхэу
Чылэ дэхьэ-дэчъхи,
Псыпэ чъэрхэу
Къушъхьэм къячъэбзэхи,
Хыор теплъэу губгъо хъоо-пщауи,
Ахэр зэкIэ сэ сихэку итеплъ.

Тыгъэ фабэу огум къитэджагъи,
ШIулъэгъу дахэу бгъэгум къыщежьагъи,
Нагъор зыIуи апэ къысэджагъи
ЗыщысшIагъэр сэ сихэку гупс.

Мэзы кIырхэу
Модэ щызэхэтхи,
Тхышъхьэ уцхэу
Синэплъэгъу сфыкIэтхи,
Дышъэ пэпкIэ мэщри зыщалэжьри
КIасэр засIоу сэ сихэку дах.

ГъэшIэ нэфэу сянэ ишIулъэгъуи,
ШIугъэ зехьэу сятэ ишылъэхъуи,
СигушIогъо пстэуи, сигукIэгъуи
Оры зыфысиIэр, сихэку дышъ.

ЗэкIэм апшъэу
КIасэм икIэсэжьри,
Гугъэ хашIэу
Сиорэд сэ щыщри,
Мафи чэщи тыгъэр зышъхьэщытри
Сыгум щыщ чIыналъэу сихэку кIас.

1972



## СIЭМЭ ГЪЭТХАМЭР КЪАПЭУ

Сыдрэ лъэкъуацIи джау сыдми,
ЛъэкъоцIэ Iуагъэу аштагъэп.
ЛIэкъо тамыгъэр хэт ыгуми,
Фамыдэу зыми тефагъэп.

Слъэкъуацlэ шъыпкъагъэу хэлъыр
Неп ныIэп – о-уи! – зысшIагъэр.
ЕсхьылIи, чIыгум гухэлъыр
СIотагъэ симэщбэшIагъэ.

Сшъхьи сыгуи бэрэ зэбгъэжьэу
Джы нэс сымэщынчъагъэшъ,
Iэшъхьитlур гупсэф гъэстхъэжьэу
Хьаулыеу згъэчэфынчъагъэ.

СэIабэшъ, пахъэр къыхихэу
Сижъогъэ такъэ къэсэштэ,
Дунай къопиплIым зэхихэу
Мэкъумэщ орэдкIэ сэ сэтэ.

Тятэмэ ятэу, тятэжъхэр,
ШъушIэнэу шъуфая IэнатIэр?
Сэжъо, хэсэлъхьэ, нахьыжъхэр,
ЛIэныгъэ закъоп сынатIэр.

СIэгушъо бжьыбжьэу мэузми,
Гъэтхамэр къыпелъэсыкIы.
Сишъыпкъэу усэр сэусми,
СимэщышIагъэ чIым щэкIы.

1972

## КЪЕРЭПЩ НЭКЪУАЕР, ЕРЭСТ ШIУЛЪЭГЪУР

Загъорэ пчыкIэу
Гум укъелъадэ.
Ори сыпщыкIэу
Хъурэба адэ?

Дэймэ е дэгъумэ
Джыри о пшIэрэп.
Сыгу къыомыгъумэ,
ЕмыкIуи пфэсшIрэп.

СэшIэ кIымафэр
Зэрэмыгъатхэр,
ОшIэ сфэмафэр
Зэрэсфэмахэр.

Осыр сфэмылми,
Лъэм сырыкIон.
Бгъэм шIу дэмылъми,
Дэлъ сфэмыIон.

КъытфэкIо дэгъур
КъыдэкIо дэир.
Къерэпщ нэкъуаер,
Ерэст шIулъэгъур.

Тазфагу еу дэлъыр
Сэра зилажьэр?
Хэт пкIыхьэ шэплъыр
ЗишIулъэгъу лъащэр?

1972



## ЦIЫФЫГЪ. ЗЭФАГЪ. ШЪЫПКЪАГЪ

– ИIо дегъашт, пшъхьэ дэгъэсыс,
Зыгъэдел, зыушъэф.
– О цIыфыгъэу гугъэ нэф,
Мыжъо зысшIмэ, сыгъэмыс.

– Зыщыплъэгъурэм IугушIукIи,
Птхы фэууфэу къыщыгъэхъу.
– О зэфагъэр, нитIур шIункIы
ГъашIэм фэсшIмэ, нэшъу сэрэхъу.

– Ер къыпфихьми, дэу пшIын, щыIэ.
ЗыбгъэцIыкIуми, урикIынэп.
– Мы дунаим сигущыIэ
Тесхыжьыщтми, сезэгъынэп.

– ПфыкIелъыкIми чаны лъыгъэр,
Уихьадашъхьэ умыгъай.
– ГъучIы чъыIэр, гъучIы плъыгъэр,
СэшIэ, машIор щэчыгъуай.

– ПцIы тIэкIу пIокIэ, ащ пцIыусы
УехъулIэна, къысэдэIу.
– О шъыпкъагъэр, гум иусэ
Стхьалэжьыщтмэ, сынэшъу, сыдэгу!

1972

## СЭМЭРКЪЭУ ГУЩЫIЭХЭР

Уитхылъыкlэу къыдэкlыгъэр
Нэрэ-lэрэу зэрапхъуагъэ,
Зымыгъотэу къыхэкlыгъэр
Лъыхъоежьэу къэlэпхъуагъэ

Еlошъ, гушlоу тхылъ тедзапlэм
Иlофышlэ къэбар къехьы.
Тшlэрэп нахьы уагъэлъапlэ,
Титхылъеджэ ыгу урехьы.

Умытхыгъи, птхынэу щытри
Тэщ нэмыкlы о емыти,
Шъхьэм имылъи илъэу къэтри
Хэутыгъэу оркlэ лъытэ.

Хъурэр сшlэрэп, сшlэрэп хъурэр,
Шъушlэмэ къашъуlо, гъэшlэгъоны.
Сэ сиуса джы шъузлыхъурэр?
Зыфэшъушlыгъа кlэгъэкъоны?

Сишъэогъухэр, ныбджэгъу дэгъухэр,
Къэбар пстэури шъушlошъы мэхъуа?
Хьауми шъори, синыбджэгъухэр,
Стхыгъэ пстэуми джы шъуалъэхъуа?

1972



## БЖЫХЬЭПЭ МАЗ

Бжыхьэпэ жьыбгъ, сижьыбгъэ шъаб,
Чъыг шъхьапэр огъэкlэзэзы.
Сичъыг быраб, сичъыгы шъхьап,
Пкlэшъабэр зыпыодзыжьы.

Бжыхьэпэ маз, гупшысэ шъаб,
Уипкlашъэ къыстечэразэ.
Нысэщэ пlалъ – гугъэпlэ фаб,
Фыртынэм сызэрелъасэ.

Сищэджэгъуап, сызщымыгъуаз,
Бжыхьапэм гъатхэр къысфехьы.
Уитыгъэ плъыр – симэшlотхъуабз,
Шlулъэгъум сызэхестэхьы.

Псырыкlы мэз, зэрыджэ куаш,
Шыу стыри уакlыlу рычъагъэр.
Бжыхьэпэ дах – сигугъэ шъуаш,
Нысэщэ джани къэсштагъэр.

Пчыхьэшъхьэ шэплъ, сигугъэ огу,
Зы жъуагъо лъагэу къысфещы.
Бжыхьэпэ маф – фыртынэ гъогу,
А гъогум кlасэр къысфещэ.

Бжыхьэпэ маз, гупшысэ шъаб,
Уипкlашъэ къыстечэразэ.
Нысэщэ пlалъ – гугъэпlэ фаб,
Фыртынэм сызэрелъасэ.

1972

## АРЭУ ОIУА, АРЭУ ПЩЭХЪУА?

– Сыда уашъор зыкIытшъхьагъыр?
– Гур быбыным кIегъэхъопсы.

– Адэ тыгъэу ащ къихьагъэр?
– Дунай нэфыр къытфегъэсы.

– Оры гъатхэу гъэтхэ шъабэр?
– СышъуимыIэу сыд шъуигъатх.

– Сыд ащыгъум пчыхьэшъхьапэр?
– Сэ сыдигъуи сыцIыф гъатхъ.

– Оры, оры, шыблэ гъуагъор?
– Зи щышIынэп шъугу сыкъэкIмэ.

– Дэу уишIугъуа ежъы шхъуагъор?
– ШIур кIодынба чIым сытекIмэ?

– Чэщыр адэ, чэщыр, чэщыр?
– Симэзагъо шъущычъый.

– Бгъэр зыфызэу нэшхъэй зэщыр?
– Сэри сэшIэ, сымыхый.

– Сыд джы, ощхыр, уигухэлъыр?
– ЧIым сэ шIукIэ сеIупчъапчъэ.

– Оры, жьыбгъэр, сыд узпылъыр?
– Сишыгъачъи къэсэгъачъэ.

– Дунай нэфыр, дэу удэгъуа?
– Сэтхъэшъ, чIылъэм сыбдытет.

– Арэу оIуа, арэу пщэхъуа?
– Ащ Iо хэлъэп, ары дэд!

1972

## ТИТIО ТЫЗЫЖЬЭП

Сыд сиорэдми,
ТитIо тызыжьэп.
Пщыщ тIэкIуи схэтми,
Сыгу уфитыжьэп.

Гъатхэм ыужы
Гъэмафэр къехьэ,
Бжыхьэм иIушы
КIы чъыIэм ехьы.

Мафэхэр макIох,
ЧIыми зегъазэ.
Пщэфхэр мэдаIох,
Сыгуи мэIасэ.

Тичэщ мэзагъуи
Чапэм къохьажьы,
Тигугъэ лъагъуи
ЗэхэкIыхьажьы.

ДжырэкIэ мысэм
Тылъымыгъэхъу,
Охътэ гупшысэм
Гъунджэ щэрэхъу.

1972



## БОЛГАРИЕМ ЩЫСТХЫГЪЭ УСЭР

Нэм ылъэгъурэр шъхьэм ыуасэшъ,
Хэгъэгуби сарыхьагъ.
Ау етIани гур мэхъуапсэшъ,
Непи гъогумэ сатехьагъ.

ЦIыф уцуагъэм фэбгъэдэнэу
Зы хэгъэгоп сызIукIагъэр,
Ощх щымыIэр ычый тенэу
Зы бысымэп сызхьэкIагъэр.

НэмыкI къуапэу тыгъэпс нэфхэр
Зидышъэпсми сыщыIагъ.
Шъэбэ-шъабэу гъэтхэ пщэфхэр
Зышъхьэрытми жьы щысщагъ.

Арэу сIоми, бысым шIагъоу
Непэ сиIэр къэрал дахэшъ,
ИгушIуагъуи ом кIэшIагъэу
Тыгъэм фэдэу фэбэ лъагэшъ,

Слъэгъурэр зэкIэ гум шIогохьэу
Жъыу мэкъамэр бгъэм къыщежьэ,
Болгар чIыгум къыщыскIохьэу
Хэти хьакIэу ыдэжь сещэ.

ЩыIэкIакIэм иорэдхэр
КъысфаIу, бысым. КъыбдэсIощтых.
Гум идахэу сатыр къэтхэр
Уадэжь непэ сэ щыстхыщтых.

1972

## ТАДЭЖЬ ФЭДЭУ СЫЛИ ЩЫУЗЫГЪ

Шыблэ гъогъо ощхэу Белград шъхьарытыгъэр
Непэ фэдэу джыри, джыри сынэгу кIэт.
ЧIылъэр зэлъызыбгъэу ошъогум ит тыгъэр
ЗыупIыцIэгъэ ошъури сигупшысэ кIэн.

Пчыкlэ хъупскIэр джэгоу, ошъогур ыгъачэу
Щэджэгъопэ теоу мафэр зэгуегъэзы.
Егъэзыгъэ Iофкlэ шыблэ гъогъо чачэу
Ташъхьагъ щызэгочрэм бгъагъэм тырегъэзы.

КIэшъуикIмэ щыщэу, чIылъэм темыфэжьэу
Жьыбгъэм зыкъытфедзы, бгъэкlэ жьыбгъэр къэо.
Шъхьэчъэ-фэчъэ зечъэу зэкIэ ащ рифыжьэу
Зэщ зимыIэ ощхыр лъэпэпцIыеу къэшъо.

МэщышIагъэр екlэ, чъыгы тхьапэр екIэ
Къетэкъохрэ ошъум зэлъеуты зэкIэ.
ЗэкIэ, зэкIэ, зэкlэ, мэхэ пстэури зэкIэ
ТхыкIэ зэпеуты, зэндэщытэу рекIы.

Сыдэу гукIодыгъоу Белград къэлэ пчэгум
Гури ыгъэучъыIэу ошъур шъхьэрызыгъ.
Слъэгъурэр сшIоигъуаджэу химэ чыжьэ чIыгум
Тадэжь фэдэу непэ сыли щыузыгъ.

1972



## НЕПЭ САРАЕВО ЩЫТХЬАУМЭФЭ БЭДЗЭР

Непэ Сараево щытхьаумэфэ бэдзэр,
Слъэгъурэр зэкIэ сыдэу, сыдэу синэIуас:
Бэдзэр нэпкъым дизэу шъхьэщэкIуты псыдзэр,
Нэм ылъэгъурэр – шъыпкъэ! – шъхьэм ыуас.

Ермэлхьаблэу, Мыекъуапэу сыздэщыIэр
Югославием непэ къыщысшIошIы,
ГъэшIэгъоныр, талъэныкъо фэдэу мэщыр
Мыщи щагъэлъапIэ, уаси фашIы.

АмышIагъи сшIэрэп, амыIуагъи сIорэп,
СIорэ закъор мыры: бэдзэр бай.
Джыбэр нэкIэу – сытуристми – селъэкIонрэп,
СшъхьэкIэ сызыхэтри зы дунай.

Скъошмэ саIоплъыхьэшъ, шъэбэ-шъабэу ахэм
Тыгъэпс фабэр анэгу къыкIэпсыкIы.
Узыфаер зэкIэ Iэхэм, Iэхэм, Iэхэм
ШIэхэу къыпфащэчы, къыгуабзыкIы.

Мы бэдзэрым къыщыпкIуахьзэ, угъощэныр
Зэуи арэп – щымэзахэп, щынэфын.
ГукIэ сышъхьафитышъ, ныбжьи сыщынэныр
Сшъхьэ къимыхьэу, сшъхьэ къимыхьэу сыщэфэн.

Сызхэт цIыфмэ, сызхэт цIыфмэ сагъэблагъэу
Гъатхэр къыспагъохы – сагъэтхъэжьы.
Слъэгъурэр зэкIэ, слъэгъурэр зэкIэ гум пэблагъэшъ,
СыздэщыIэр – симычIыгуми! – сщэгъупшэжьы.

1972

## ЗАОР ВЬЕТНАМ ЗЫЩЭУЦУМ СТХЫГЪЭ УСЭР

Къэбар гушIуагъор хэтми къэзыхьрэм
Ратэу гушIуапкIэ сэшIэшъы хабзэ,
ГушIогъо бзабэу огум хэсыхьрэм
Фэрэхъу мы усэр насып дэгъазэ.

СишIуи, шIулъэгъуи, гухэкI-гукъани
Гум къитэджыкIэу шъосэты, цIыфхэр.
СэгушIо, скъошхэу, Вьетнам ицIыфхэр,
Хыри шъуфэмафэу шъуфэрэшIу шъуиIани.

ЧIыкIэ спэчыжьэу, гукIэ спэблагъэу
Лагъымэ тIыгъэу шъорэкIы напэр,
ШъуитекIоныгъэ быракъ гъэIагъэу
Егъэбыбатэ шъуижьыбгъэ шъабэ.

Топым ычIыпIэ шъуигъэтхэ шыблэ
Шъуиошъо блэбгъуи къырэчъэ, щэщхы.
Шъуигугъэ лъагъоу шъуилъэгъо шыплIэ,
Сыдэу гушIуагъуа, тыгъэпсыр щехы.

СэшIэ сэ дэгъоу, къысэмыIожьми,
НысэкIэ нэпсэу псыхъуабэу чъагъэр.
Ны тхьапша, шыпхъуа, къэмылъытэжьми,
ГуIэр зынэгоу шъуадэжь къэплъагъэр.

СишIуи, шIулъэгъуи, гухэкI-гукъани
Гум къитэджыкIэу шъосэты, цIыфхэр.
СэгушIо, скъошхэу, Вьетнам ицIыфхэр,
Хъярыр шъуфэмафэу шъуфэрэшIу шъуиIани.

Январым и 27-рэ, 1973-рэ илъэс



## УИЧIЫНАЛЪЭ ЛIЫГЪЭ НАП

УихэпIэжъы нахьы лъапIэ
ЛIыгъэ напэу сыд щыIэн?
Iэнэ шыгъэр пфэхъоу плъапIэ
УичIыналъи мычъыIэн.

Iэнтэгъупэм ецэкъэжьэу
Зыхъожьыгъэи ар слъэгъугъ,
Зым икъуапэ хымэ мэщэу
ИщыкIагъэр чъыгы гъугъ.

Гъатхи, бжыхьи, уигъэмафи,
УикIымафи сэ сигупс.
Нэпсы-Iупсэп, гугъэ зафэу
Ащ фэзлэжьрэр сигъэ Iус.

Сыд ыуаса сIоу пкIэнтIэпсыр
Сомэныкъоу згъэлэжьагъэп,
Псэм фэзгъадэу жъогъо нэзыр
Хьалыгъу бзыгъэу ныбжьи сщагъэп.

Пщагъуи, Iугъуи, огъуи, гъабли
ШIум нэмыкIэу ащ илъагъо
Телъэу сшIэми, сахэгъаплъи
Къахэсхыщтыр сичIы нагъу.

Iуагъи шIагъи сшIэрэп, сIорэп,
ГъэшIэ тIэкIуми синэплъэгъу
Хъожьы-щэжьэу зыми кIорэп,
СIорэ закъор – шIу сылъэгъу.

Гъусэ зафэу сыдрэ шъэфкIи
Уицахь пытэ къыстегъэлъ,
Лъэрыгъыпсри лIыгъэ IофкIэ
Сэгъэзубыти, шыр сфигъэлъ.

УичIыналъэ нахьы лъапIэ
ЛIыгъэ напэу сыд къэхъун?
Уигъэхъуни сфэхъоу плъапIэ
Уищыгъу-пIасти Iус сфэхъун.

1973



## ГЪЭРАЗ, СИШЪАУ, ГЪЭРАЗ

УигъашIэ анахь щылъапIэр
Хэгъэгоу узыщапIугъ.
Лъэбэкъу пэублэу сигуапэр
УиджэхэшъогукIэ къэпкIугъ.

Хэгъуашъхьэм хэгъэгу нэплъэгъур
Фэигъорыгъоу къыщежьэ,
Ащи дыкIыгъоу шIулъэгъур
ГъусэгъукIэ гъашIэм щыхещы.

Гъэраз, сишъау, гъэраз,
Хэгъэгур – нышъы, гъэраз.
Зыгъас, сишъау, зыгъас,
Дэхагъэм гури фэгъас.

Игъатхи, бжыхьи, кIымафи,
Гъэмафи шIукIэ пхэрэлъ.
Тетэп дунаим нахь зафэ,
Ным пфигъэшIуагъэр гухэлъ.

УигъашIэ анахь щылъапIэр
Хэгъэгоу узыщапIугъ.
Лъэбэкъу пэублэу сынапэр
Сэри а чIылъэм щыскIугъ.

1973

## ТОПГЪАОМ ИОРЭД

Сихэку кӀасэу зикъушъхьэ лъагэм,
Зимэзи кӀырэу, зишъофи дахэм,
Зипсыни къабзэу, зипсыби чъэрхэм,
Зитхышъхьэ хъупӀи Ӏэхъогъу отэрхэм,

Сэнэшъхьэ Ӏэшӏум зызыщиплъахьрэм,
Тыгъэм ифаби мафэм къызфихьрэм,
Зигубгъуи коцыр хьэсабэу щыкӀрэм,
Зипщэ фыжь куаши санэӀу чӀэсыкӀрэм

Непи нычэпи фэхьазыр дэдэу,
Ситопы зандэ уашъом фычӀэт,
Инэплъэгъу сакъы хэти къыубытэу,
Бгъэшхъуанэр зиӀэм ренэу ар фэд.

Шъори, хыорхэу сихьэсэ кӀырхэр,
ЧӀылъэр жъугъэгушӀоу шӀукӀэ шъушъхьалъ.
Нэгуф рэхьатхэу сикъушъхьэ шыгухэр,
Ошъогу чӀэгъым шъори шъучӀаплъ.

Мо пщэ фыжьыбзэу шъуашъхьагъ исыкӀрэм
Мэлы Ӏэхъогъухэр хэрэмыкӀуакӀэх,
Титыгъэ гъашӀэу тызщыгушӀукӀрэм
Игугъэ нэфи дэрэт титӀуакӀэ.

Мо цӀыфы купэу зигъогуи зыкӀурэм
Непэ ситопи афэсӀэтыщтэп.
Мо къухьэ лъагэу огум щыджэгурэм
Тезгъэпсыхьани, сыкӀэлъыощтэп.

Шъошӏэми сшӏэрэп, сыошъукъутэу
Гъэмэфэ шыблэм сешэшъ сыщыс.
Зы шыблэ гъуагъуи сашъхьагъ имытэу
СыӀофынчъаешъ, гушӀор бгъэм диз.

Дунаи нэфыр фыжьыбзэ дахэу
Тыдырэ къуапи щымамыр дэд.
Ошъуи щымыӀэу, сиуашъуи лъагэу
СичӀылъэ лъапӀэ ситопи тет.

1973

## ШЪЭФЫРЫТХЫМ ФЭСЭТХЫ

Уишъэфырытхэу къысфэбгъэхьыгъэр
Псалъи хэмызэу къысIэкIэхьагъ.
Ау зыбгъэлIэжьзэ узыпылъыгъэр
Плъэкъоцlэ-пцIэнчъэ екIодылIагъ.

Ар уитхылъыпIэ тесымыгъуатэу
Сэ зытIо-зыщэ сеплъы, сылъэхъу.
Хьарыфмэ къуащэу, щынэу запхъуатэу
Ечъэжьэжьыгъэх пIонэу къысщэхъух.

СшIогъэшIэгъоныр: пшъырэба пIашъхьэ?
Джа закъор ары сыгу зэрэогъурэр.
Упсэрыомэ, сыда сапашъхьэ,
Уищэ тIупщыгъэ зыфэбгъэохъурэр?

Уигубжы нэжгъы огъэIэбжымкIэ
Сэщ фэдэп, ошIа, бгъэщынэшъущтыр.
Унэм зипшIыхьэу укъыспытхэхькIэ
Сыда пхэнджыгъэу къыспыбгъотэщтыр?

Шъхьэр риуфэхынэу, сызгъэцIыкIунэу
Згъэшlэгъэ гъогум щыскъолъэу сшIэрэп.
Уикъэмэ пакIэ сырыуулыIунэу
Зи скъобгъотэнэп, пшIосыушъэфрэп.

Шъхьэзэкъо къуагоу мы тидунае
Утетышъ, шъэфрытх, сыдыр уигъашI.
Сыушъэфрэп, слъэкъуацIэ ощ пае
Мары, къыкIэсэтхэжьы: МэщбашI.

1973



## НЭПИТIУХЭР

ЦIыфы зырызхэм нэпитIу зэряIэр
Джыры ныIэп зысшIагъэр.
Щаштэшъ уапашъхьэ гущыIэр
КъыпфаIуатэ яшIушIагъэ.

Хьалыгъу бзыгъэм тхъу темылъми,
ЖэкIэ-IокIэ тырацIалэ.
Лэпс щыуаным лы хэмылъми,
Хэлъ къыуаIоу урагъалIэ.

ЯгущыIэ къызращажьэрэм,
Бгъэуцунхэ плъэкIрэп.
Урамым къызытехьажьхэрэм,
КъэIо-Iожьым хэкIхэрэп.

Яшъэф Iушъашъэ цIыфмэ
Ашъхьэ афызэпакIы,
ЕтIанэ Iофы зэхэфмэ
IофшIапIэр щызэтырачы.

КъыпIогушIох уазIукIэрэм,
ПIапи пытэу къаубыты.
Ущымытэу къызщыхэкIрэм
Уаубы ахэм, уаубы.

Iэнэ шыгъэм уаздыпэсрэм
ПIэгу къыралъхьэ агу,
Яшъэбэпси къызыбнэсрэм
Псэм къепIэскIурэр тIого-бзагу.

УакӀыбкӀэ хъоршэрыгъэр
Щызэрахьэ, бэджыхъ щашъы.
КӀэтӀаркъомэ сшӀэрэп аӀыгъыр,
Чэтыу хьаджи зыкъашӀы.

СлъэкӀыгъэмэ анэӀу ихъуагъэр
Къястхъыхыщтыгъ ахэм сӀэкӀэ.
Ары шъхьакӀэ, узлъытхъуагъэр
Пцэжъыяшъошъ, пӀэкӀэкӀы.

1973



## О ПШІЭРЭП ШЪХЬАКІЭ, СЫКІЭЛЭ НАГЪУ, НАГЪОР ХЭГЪЭКІИ, СЫКІЭЛЭ ШІАГЪУ

О пшӀэрэп шъхьакӀэ, сыкӀэлэ нагъу,
Нагъор хэгъэкӀи, сыкӀэлэ шӀагъу.
Жъуагъоу сэлыды, мазэу сыкъепсы.
СишӀулъэгъу машӀо сыкъыпфегъэсы.

Уфай-сыфаем тыхэмыгъахьэу
ШӀулъэгъуныгъэр Ӏахьымыгощ,
Угощэнысэу, сэ сыбэлахьэу
Чылэ кӀэлэжъмэ сафэгъэкӀожь.

Зы фыгу уби, зы бын яхати
ПӀэ нэзгъэсынэп, пшӀошъи ар гъэхъу.
Ащ укъезэгъмэ, тхьэр сэ къысати
СӀозэ, о закъом лӀы сыфэрэхъу.

О пшӀэрэп шъхьакӀэ, сыкӀэлэ нагъу,
Нагъор хэгъэкӀи, сыкӀэлэ шӀагъу.
Жъуагъоу сэлыды, мазэу сыкъепсы,
СишӀулъэгъу машӀо сыкъыпфегъэсы.

1973

## СЫДА ШЪУIУА НЕПЭ УКЪЫЗФЭКIУАГЪЭР?

Сыда шъуIуа непэ укъызфэкIуагъэр?
Жьы коренышхуи сызыхэпхьагъэр.
Къушъхьэпсым гъэзэжь зэримыIахэу
Къэбгъэзэжьын Iоу ныбжьи сшIэгъахэп.

Жъуагъохэр огум зэрэхэстахьрэм
Фэдэу сэ сыгоу укъезыхьакIрэм
ИмэшIо стыгъэ ежьэ гъопчагъэ
Ущыхъужьыгъэшъ, бгъэгури бгъэчагъэ.

Мо пщэ фыжьыбзэу сашъхьагъ щылъагэм
Сэ фэсэгъадэшъ уиджэнэ дахэ,
Ара шъуIуа гуми укъызыфэкIрэр?
Нэплъэгъуми ренэу узфычIэмыкIрэр?

КIымэфэ мафэм шыблэу гъогъуагъэм
УикъыкъокIыкIэ сыдэу ехьщыра?
Гупшысэ сапэу сшIузэхэхъуагъэм
Иутысэ таущтэу укъысфыхэщра?

1973

## ШIУЛЪЭГЪУ КIОСАГЪ

Къушъхьэтхы кIыбым щысIогъэ псалъи,
Щыслъэгъурэ пкIыхьри сыдэу гугъэнчъ!
Укъыслъымычъэу садэжькIэ къаплъи,
Сызтесэу плъэгъурэр оркIэ гугъэш.

Нэплъэгъу гузэгум ошIэ-дэмышIэу
УкъыхэджыкIкIэ сыдыр ишIуагъ?
Сапашъхьэ итыр орми сымышIэу
Сикъэплъэ кIыхьэ ущыгужъуагъ.

Сыда ишIуагъэр шIулъэгъу Iэсагъэм
ИмэшIо стафэ сыпэбгъэплъэжькIэ?
ЗэкIэблэжьынэп гопэгъу кIосагъэм
Иежьэ сапэ сыкIэбгъэпщэжькIэ.

1973

## ТЫРКУЕМ СЛЪАПЭ АПЭ ЗИСЭДЗЭМ

Тыркуем слъапэ апэ зисэдзэм,
Адыгэ цIыкIу гущэр, гум шъукъэкIыгъ.
ЛIэшIэгъу мэхъаджэм ихышхо псыдзэ
Къэуалъи, бгъэгум зыкъыдикIыгъ.

КIыигъи, гъыгъи, щэм риутыгъи,
ХычIэ хъужьыгъи шъузгъэмысагъэп.
Сэшхор зыIапшъэу машIом хэтыгъи,
КъытэхъулIагъэм джыри сесагъэп.

Псалъэм изафэ зетымыгъэпшъэу
Зы щэп, щэ макIэп тыбгъэ дэкIыгъэр.
Быслъымэн тIомэ гъэры зядгъэшIэу
ТимышIэныгъэ бэ дэтщэчыгъэр.

Ипхъахь-итэкъоу, тызэфэIапчъэу
Къогъу пэкIэ къосэу чIылъэм тытет.
Тызгъэунэхъугъэм гукIэ тыфапчъэу
Тарихъ тихъоеу хъишъэм тыфэд.

Сятэжъмэ ячIэу чIы мафэу сиIэм
СыкъогушхукIзэ сэIо псэлъапэр:
Лъэрыгъым ситэу шъхьафитым щыIэм
ФэсшIагъэр ары непэ сиплъапIэр.

НапIэр щысIэтмэ тыркуе чIыгум
СэркIэ хымэчIи шъэф ныкъопкIыжьхэр,
Сыдэу фэмыда хэкоу сэ сыгум
Мо слъэгъурэр зэкIэ, Стамбул икIыжьхэр.



Чэщыр щышIункIэу, мафэр щыпщагъоу
СIоми тэрэзэп, пцIы сыусыщтыр.
ЕтIани сшIэрэп ущыгъощагъэу
Зыгорэм ичIы узэрисыщтыр.

Тыркуем слъапэ апэ зисэдзэм,
Адыгэ цIыкIу гущэр, гум шъукъэкIыгъ.
ЛIэшIэгъу мэхъаджэм ихышхо псыдзэ
Къэуалъи, сыбгъэгу зыкъыдикIыгъ.

КIыигъи, гъыгъи, щэм риутыгъи,
ХычIэ хъужьыгъи, шъузгъэмысагъэп.
Сэшхор зыIапшъэу машIом хэтыгъи,
КъытэхъулIагъэм джыри сесагъэп.

1974

## ИСТАМБУЛ

Сыхьакӏэу сшӏэрэп, сыкӏасэу сӏорэп,
О Истамбул, уапашъхьэ сит.
Уиуахъти макӏо, уиуахъти кӏорэп,
Хытӏолэ нэпкъэу узӏутыр сыд?

Уимафи, чэщи, ечэнд-щэджагъуи,
Пчэдыжьи, пчыхьи уащыгъощагъ.
Уимэзэныкъоу узимыджагъом
Гъуазэ урыхъоу уашъхьагъ ищагъ.

Аущтэу ущытыми, уашъор уимарджэу
Улъэпэпцӏыеу мэщыткӏэ олъэ.
Ари пфимыкъоу уазэнаджэу
Узэндэрыплъэу Тхьэм дэжькӏэ оплъэ.

Уибэдзэрыдзэу бэдзэогъу бадзэм
Нахьи нахь ӏэлым сщыщаф къысеӏо,
Хэткӏи гугъапӏэу джа уипсыхадзэ
Иор тэмапэ сытетэу сэкӏо.

Сычӏегъэзыхьэ, сыкъыдедзые,
Сыкъызхидзынэу зэ шъхьакӏэ ежьэ.
Ежьашъор ышъоу зэ къыстесые,
Сырие пӏонэу етӏани сещэ.

Ахъщэр сымакъэу, моу зистэкъухьэу
Къыркъыркъ езгъаӏоу сыщхы сшӏоигъу.
Щэны-щэфыжьым мылъкур икъухьэу
Зимыӏэм иӏэп, зиӏэр фэигъу.



Игъуа-имыгъуа, псауа, ызныкъуа,
Узфаер яӏуи, къыпфагъэсыщт.
ДжыбачӀэм илъыр екъуа-емыкъуа,
Щай урагъашъоу ущагъэсыщт.

Сыхьакӏэу сшӏэрэп, сыкӏасэу сӏорэп,
О Истамбул, уапашъхьэ сит.
Уиуахъти макӏо, уиуахъти кӏорэп,
Хытӏолэ нэпкъэу узӏутыр сыд?

1974

## ЕМЫКӀУ КЪЫСФЭМЫШӀ

Емыкӏу къысфэмышӏ, Тыркуер,
Угуи хэзгъэкӏы сшӏоигъоп.
Осӏуагъэп, осӏонэп нэкӏуер,
Емкӏи псэлъапэр сщэигъэп.

Игъом – сыхьакӏэшъ! – уиӏанэ
Нэкӏмэзэ мафэу къэошы,
Сшхырэр пшӏомакӏэу етӏани
Слъэгъузэ уитхьацуи къэопшэ.

Шэны пфэхъугъэу уихабзэ
Бзабэр къебэкӏэу оӏуатэ,
Ӏонтӏагъэр занкӏэм фэбгъазэу
Ухъуапсэу тамэр оӏэты.

Уимэзэныкъо нахь дахэ
Чӏым тетэу пшӏэрэп, тетынэп.
Ау нитӏур пӏэпихэу илъагэ
Ащ узэреплъэрэр сэ сынэп.

Непэ уитыгъэу бзый фаби,
Уибзыуи, уци, псы гъуаткӏуи,
О къыбгурыӏоу нэфабэр
Къыуатэу непэ къысаӏуи,

Емыкӏу умышӏы, пшӏодэгъуми,
Мысэр зыдэжьыр уадэжьэп.
Зымакъэ бгъашӏоу а пстэуми
Къарыкӏрэр сыгуи пфидэщтэп.



Нэфыпс тэкъуафэу уитыгъи
Бетакъы чъыӏэу къысшӏошӏы,
Ӏубэпсэу уипсы хэсхыгъэм
Иӏэшӏуи дыджи сымышӏэ.

Емыкӏу къысфэмышӏ, Тыркуер,
Гур сыфэягъэп хэзгъэкӏы.
Осӏуагъэп, осӏонэп нэкӏуер,
Сипсалъи ар хэсэгъэкӏы.

1974

## ТЭТЫЕМ ЗЫКIИ ФЭМЫД

Тыркуем ощхыр къыщещхы,
Тэтыем зыкIи фэмыд.
Дунай лъэпачIэм зырещхы,
Зы щхыгъо Iофи хэмыт.

Мытхъэ-мылIэ-мыхъуапсэу
Сфэбзакоу тыгъэр къыщепсы.
Псыорми апэ псыгъуабзэу
Зэуж-зэлъычъэу псым щесы.

Орэда хьауми гукIая
ДэпкIэе лъатэм ытэкъурэр?
Къурэу зизакъоу мо кIэим
Дэтым нэпсыца фимыкъурэр?

Мыдэм хэмыкIэу чъыг шъхьапэр
Къутэмэрычъэу мэсысы,
Гусэр зисэшхом жьы пшъапIэр
Исэку утысэу мэшэсы.

Пшысаща хьауми гугъаща
Зыдигъэзагъэр ишыпэ?
Гупшысэ сапэр мэгъуащэшъ,
Зыщефэхыгъэм щэшыпэ.

Тыркуем сэхъи къыщехы,
Тэтыем ари фэмыд.
ТыжьынпскIэ уцмэ зарещхы,
Зы щхыгъо-плъэгъуи имыI.

1974



## АЗЭНАДЖЭМ ГУМ КЪЫГЪЭКIЫГЪЭР

ТхылъыпIэ тхьапэр синэмазлыкъэу
Къыблэр санэIоу такъэу сыщыса?
Сипсэлъэ Iупчъи сипчъэшъхьэ блыпкъэу
Садэжь къэкIощтыр гугъэпIэ пшыса?

ИтIури зэтелъэу, нитIури сыупIыцIэу
СызфэлъэIощтыр хьадрых джэнэта?
Нэтыр зытыгъэу, зищхыуи мыпцIэу
ЦIэцIэным хэтым непэ сыфэда?

Хэта зипсалъэр Iупчъэпчъэ псалъэр?
Лъэгонджэмышъхьэу чIылъэр ихьапс.
ЕсыкIэ зышIэу псыоры хаплъэр
ЗитхьалэпIэщтым фэд инэмаз.

Мазэр зиплъапIэу, къэр зигугъапIэм
Жьы къыщэу псауми ибэн тIыгъах,
Джэнэтым паплъэу тIысыжьыгъапэм
Идунай тети сыдэу мэзах.

Зандэу сэуцушъ, огур ситхьапэу
Дышъэпс нэбзыйкIэ тыгъэр сэгъатхэ,
Тхышъхьэм сытетми, модэ къохьапIэу
Iэр къысфэзышIрэм нэскIэ сигъатхэ.

Тхъагъо дунаир сэIошъ, сичIылъэ
Къызэпэзгъаджэу сыазэнадж.
Сиджэрпэджэжь итхьагъэпцI чIэгъ-чIэлъы
Зыблыригъэхэу хэгъэгу хэтадж.

Хьаджэр зыштагъи, зыштэнэу щыIи,
Джары сымакъэ шъуашъхьагъ зыкIитыр.
Тыгъэр зынапэу щыIи-щымыIи,
Шъощ пай мы чIылъэр зыфэшъхьафитыр.

Тыди сиусэ сатыр-сатырэу
Тыркуе кIыIум зыщерэIэт,
Тамэр Iэтыгъэу, илэпси стырэу
ЦIыфым игъашIэ шIагъоу щэрэт.

1974



## БЫСЛЪЫМЭН ЛЪЭПКЪЫМ НЕПЭ ЕНЭКIЫ

Къыблэ лъэныкъом ыIу фэгъэзагъэу
Бысльымэн лъэпкъым непэ енэкIы,
НэмыкIы Iофи щыхэмызагъэу
Имэзэ уахътэ къызэренэкIы.

НэмазышIыгъом игъо къызыскIэ
Зыщыуцугъэр ятхьалъэIупI,
IупшIэр хъублаблэу лъэгонджэ щыскIэ
Алахь зизакъор игухэлъ Iуп.

ЗэкIэ зэлъэIоу Ежь мылъэIожьрэм
Иджэнэтыпчъэ паплъэхэу Iутых,
Зи къадэмыхъоу къызагъэзэжьрэм
ЩымыIэ мыгъом ахэр реутых.

Къэмытэджыжьрэм псэ хэмытыжьэу
Бэным ибгъузи, сыд пшIэн, езэгъы.
Гъыныр щызгъэти, гъуанэр зыдыжьэу
Къызэхинагъэм игъаби сэхъы.

ЛIагъэм джэнэтыр, псаум насыпыр
Ыгъот шIоигъоу хэти кIэхъопсы,
Гъозыр шъхьарихэу шIоIофэу быныр
ЕтIани ащкIэ къиныгъор гъопсы.

Къыблэ лъэныкъом Iур фэгъэзагъэу
Быслъымэн лъэпкъым непэ енэкIы,
НэмыкIы Iофи щыхэмызагъэу
Имэзэ нэкIи щызэренэкIы.

1974

## МЫГУЗАЖЪОУ, ИГЪОРЫГЪОУ ТЫГЪЭР КЪЫКЪОКIЫ

Мыгузажъоу, игъорыгъоу
Тыгъэр Тыркум къыщыкъокIы.
СкокI изыбзэу, щычэрэгъоу
Лъэгъо минкIэ къыспэгъокIы.

ХъокIыгъакIэу бетакъ гъуаплъэр
Лъэс-лъэбыIоу ом къетаджэ,
Имыджагъоу дунай хаплъэр
Азэнаджэу чIылъэм хаджэ.

Джэнчы къули, уцы пакIи
АIущхыпцIэу ашъхьащэкIы,
Ахъщэр зиби, шIур зимакIи
МэкIэ-макIэу зарещэкIы.

Осэпсыцэр хымэ чIыгум
Цэ зырызэу тежъыукIы,
ЗэндэрыкIоу тхышъхьэ шыгум
Шы лъэмакъэр къытеIукIы.

ТхъокIэ тыгъэм седжэн сIонти,
Ар онэшы сфэмыхъун.
Хъунэп сIозэ сешэсынти,
Сытэмэнчъэу сыплъэгъун.

Мыгузажъоу, игъорыгъоу
Тыгъэр Тыркум къыщыкъокIы.
СкокI изыбзэу, щычэрэгъоу
Лъэгъо минкIэ къыспэгъокIы.

1974



## ПСЫР ДЫШЪЭ ПАПКI

Тыркуер жъоркъэп, къэпы огъуеп,
Мэз благъи гъуий гур ащэгъуащэ.
Гъуапчэ зишIыгъэу жьыбгъэм ихъые
Зы чIыпIэ итэу макIо пшэхъуащэ.

Зи «мащалахьыр» зычый темыкIрэм
ИчIылъэ лъапэ мэщыткIэ маплъэ.
Тэмапэр бзыоу къызэхьылъэкIрэм
Жэр зэкIикъыгъэу псыфалIэ малIэ.

МалIэх иуцхэр, мапэх ичъыгхэр,
Хыми илъае лъапэр къефызы.
Тыркуе хымэм инэпсы Iучъхэр
СэркIэ мычъэрхэу гугъэ Iэпызых.

Зытырэм шIуабэу, зыхьрэм шIомакIэу
Апчмэ арытыр псышъ, дышъэ папкI.
ПакIэр мыуцIынэу, нэкIу ныкъотхьакIэу
Ар къызчIэмыщрэр ипщэсы пакI.

Напщэ тырахэу, дыуахьи фатхэу
Плъэгъумэ пшIоигъуа? Псым зыфэгъалI.
Iубэр ихьафэу, фабэр игъатхэу
Хахмэ-хакIэжьэу джащкIэ щыгъабл.

Хьабли, къуладжи, джэнэтми нэсэу
Псыр щамыгъотэу, псыр щафимыкъу.
Къуаджи чылагъуи гъоткIо гонэсэу
ЯщыIэныгъэ псэм ызыныкъу.

Зи «мащалахьыр» зыжэ дэмыкӀрэм
Тыркуер хэтэу тхьалъэӀукӀэ маплъэ.
Тэмапэр бзыоу къызэхьылъэкӀрэм
Жэр зэкӀикъыгъэу псыфалӀэ малӀэ.

МалӀэх ицӀыфхэр, мапэх ичъыгхэр,
Хыми илъае лъапэр къефызы...
...Хэкоу гу закъом ипсыхъо мыпчъхэр
Сыдэу хьалэлхэу бгъэгум дизыбзэх!..

1974



## ОШЪОГУР ИШЫУ ӀЭДЭЖЬ

Бзыхьаф-бзыхьафэу, бзыхьаф дыжьыгъэу
БгъуиплӀкӀэ Тыркуер сапашъхьэ илъ,
Слъэгъурэр зэкӀэ бжыхьэ пкӀыжьыгъэу
Зы жьыбгъэ гъожьи бгъэкӀэ щимылъ.

Мылы дыкъыгъэр шъхьащыуӀубагъэ
ПӀонэу лӀэшӀэгъур мыщ щынэмыкӀ,
МэкӀ-мэкӀэжъыем зэлъикӀупагъэу
Шыуш Ӏэдэжьышъ, икӀуи хэмыкӀ.

МокӀэ дунаим шхомлакӀэу телъыр
АӀэкӀиутэу ичъэ хегъахъо.
ЧӀылъэ хъопсагъом сыд шъыу шъуфыхэлъыр,
Джэнэтыр ары шъоркӀэ хъопсагъор.

Жъугъотыгъэр зэкӀэ зы мэфэ Ӏусми,
Сыда ешъушӀэщтыр, шъуезэгъ араӀо.
Мэщэу аӀожьрэм пкӀэнтӀэпсыр хизми,
ЧӀыфэ тыжьыным нахьыбэр факӀо.

ПаӀор шъушъхьарысэу, сабыир жъугъотэу
Тамэ жъугомытми сыд къышъущышӀын,
Мыщ шъузехыжьрэм дышъэр ос хъотэу
Ахърэт щыӀакӀэр Тхьэм къышъуфишӀын.

ОшӀэ-дэмышӀэу жьыбгъэу къилъыгъэм
Шъофи къушъхьэтхи зашъхьарихыгъ.
Сызэхихыгъэу сшӀэрэп а жьыбгъэм,
Сигухэлъ-гупшысэ сапэм ритхыгъ.

Тыгъи, тарихъи сызибысымым
ИмыIэу cIорэп, cIонэу гум къэкIрэп.
МыкIэ ичIылъэ цIыфы намысым
Уасэ фимышIэу тхьалъэIум хэкIрэп.

ГухэкI-гукъаор Тыркуем пае,
СиIоф хэмылъми, бгъэгум къетаджэ.
Джаущтэу ошъогур игугъэпIаеу
Джы къызнэсыгъэм Тхьэм дэжькIэ маджэ.

1974



## ХЪОХЪУ СЭЛАМ

Гъишъэр зимафэу, зыIэпшъэ дышъэ
Усэр зыфатхэу, тхыдэр зыфаIоу,
ЗиIофышIагъэ пытэкъоу хъишъэр
Орэу, Тыркуем, ицIыф лэжьакIоу,

ЧIыплъы чIэхыжьи, бзыуцыф Iухыжьи,
Жьыбгъэр зишъофым пчэнахъоу итхи,
Мо пцэжъыяшэу хышхор зихыжьи,
Iуахыжьыгъахэу хьэсэ шъхьафитхи,

Зытхы уфагъэу чIы чIэгъым чIэтхи,
Ратрэр мэкIабзэу гъучIыр къэзышIи,
Шыгъэчъэ зехьэм шыухэу щычъэщтхи,
Хэтми лэжьакIоу зыцIэ сымышIи,

Зырыз-зырызэу сыгу шъуфэщэигъэу
КъыздесэхьакIышъ, сигопэ хэхи
Зэхэшъозгъэхы непэ сшIоигъоу,
СшIоигъо дэдэу сэлам шъосэхы.

Псыхэр урамхэм къащезыхьакIхи,
МашIом пэIутэу хьалыгъу зыгъажъи,
ШIугъэр зыгу илъэу шъуихэгъэгу хьакIи,
ЛIыжъы жэкIэфэу гъашIэр къэзгъашIи,

ШIэныгъэр зиIэу шъощ пае лажьи,
Шъуимэджэджапхъи хъупхъэу зыхьаджи,
Псауныгъэ зиIи, зимыIэу лъащи,
Щэмэджыр джэгоу губгъом щызгъаджи,

Сэхъыр зытехэу чэщ къэрэгъули,
Лыми кIэхъопсэ, зимафэ зыхьи,
ПкIэнтIэпс-нэтIэпскIэ щылыч зыпсахьи,
Хъярым ихъярыр къышъорэхъулIи,

Ар лIыгъэ напэу, шъуашъхьагъ щызафэу
Бзыу тэмэ псынкIэу шъуфэзгъэлъэтэн,
А зыр насыпэу – насыпы мафэу
СигъэшIэ IахькIэ зыфэслъытэн.

1974



## СКЪОШМЭ ЯОРЭД ИДЖЭУАП

«ЛIыблэнэ шыум ишы шIокIодмэ,
Къинми нахь дэгъур ыгъотыжьын,
Уихэгъэгу закъо пыдзы уфэхъумэ,
Ным иIэшIугъэ тэ къыпхыжьын!..»

Мы шъуиорэдэу бгъэгум къигъыкIрэр
ТхьамыкIэгъо IофкIэ шъоусы,
Джа шъуи Iодышъэу бгъэгум дэмыкIрэр
Мыщ икъежьапIэшъ, сыгуи мэузы.

Нысэщэ хъярми, ем икъэкIогъуми
Джа псэлъэ къиныр Iуагъэ щышъуфэхъу.
Ткъошы нахьыбэу хы кIыбы къогъумэ
Акъуатэкъуагъэм тыгухэр афэгъух.

Тадэжь шъукъаплъэу плъапIэр шъуитхъагъоу
Шъуигъэ гъуй-сыйхэр зэхэкI-зэхэтых,
Шъукъошмэ яхахъо шъоркIэ гухахъоу
Тынэгу инэфхэр шъугу иорэдых.

«Насып мыухыр хышхо фэуалъэу
Хэтырэ цIыфи ащ щылъэIэсы...»
ШъуIозэ шъоIэтышъ шъуигугъэ псалъэ,
Шъуипсэлъэ пакIэ хъуапсэр къыпэзы.

Дэхэгъэ пстэоу щыIэм идахэр
Тэщ пае шъуIоми, шъыпкъэм изаф.
Шъхьафит щыIакIэм огушхо лъагэр
Фэдгъадэу тэркIэ тыгъэр тфэмаф.

Бжыхьэм, гъэтхапэм тичIыгуи тэжъо,
Бэгъуагъэу чIылъэм тимэщ къытещрэр.
Тэпсэу. ТэпIо. Тэжъо. ТэгушIо.
Шъо закъор ары тэ къытщыкIэжьрэр.

1974



## КЪЭРЭКЪАМЫЛ

Къэрэкъамыл, Къэрэкъамыл,
Хэта зыIуагъэр учъыIэмыл?

Уиорэдышъо – уимэшIо бганэ
Къызэрэднэсэу тызэкIегъанэ.

Лъапэр тIэпихэу лъыр зэкIегъаплъэ,
Джэгум ихъяры хъярыр хегъаплъэ.

Пшъашъэм игугъэ къэогъэущы,
Зепщэзэ пчэгум дахэр къиощэ.

Гъэтхэ пщэ фыжьэу пщэм ибыбыкIэ
Ащ икъэшъуакIэ угуи къегъэкIы.

КIэлэгуми гуIэу зырегъэпхъуатэ,
ЫшIэрэр зэкIэ пщынэм къеIуатэ.

Орэды тамэм нахьри зеIэты,
Хьарзэ мэкъамэу огум шъхьэрэты.

Уиорэдышъо – уимэшIо бганэ
Къызэрэднэсэу тызэкIегъанэ.

Къэрэкъамыл, Къэрэкъамыл,
Делэ зыIуагъэр учъыIэмыл!

1974

## АДЫГЭ ДЖЭГУ

Ныбджэгъум къытфищагъэшъ,
Шъэогъухэр тызэлъычэфы.
Тичылэ щыгушIуагъошъ,
Бжыхьапэр, тыгъэу къэнэфы.

Типщынэу, адыгэ пщын,
ЗэфакIом темызэщын.
ПхъэкIычэр къытфэрэжъынч,
КъэшъуакIом къыкIерэмыч.

Ой-ра, ой-ра,
КIалэхэр тIурытIу ерыш.
Ой-ра, ой-ри-ра,
Пшъашъэхэр ащи зэлъежэх.

Тихъярышъ, адыгэ джэгу,
Чылагъор непэ гъэджэгу.
ДжэгуакIор утыгу чэрэгъу,
Тиныси мафэ тфэрэхъу.

Сыдигъуи угъусэ чэф,
Насыпыр уипчэгу щэнэф.
Тилъэпкъи уринэхъой,
ГушIуагъор ренэу уихъой.

Ой-ра, ой-ра,
Адыгэ джэгу, адыгэ джэгу.
Ой-ра, ой-ри-ра,
Дэхагъэр уигъэшIэ нэгу.

1974



## СИГУГЪАПIЭ СИШIУЛЪЭГЪУ

ЗэпэIут нэпкъитIур ныбжьи зэIумыкI,
Ащ тыфэдэу тIуми, тIуми тэрэмыхъу.
Псыхъом орэд къеIо – орэдым щымыкI,
Нэпкъ зэфэзэщхэр шIулъэгъу зэдэмыхъух.

Апэрэ шIулъэгъур сэркIэ гугъэ шъэф,
Ар шъхьэихы ныбжьи сымышIын.
ГъашIэр сфэзгъэнэфрэр жъогъо лъэгэ нэф,
Минрэ пцIэ къесIощтми, зыкIи сымыпшъын.

КIалэм игугъапIэр кIалэм ишIулъэгъу,
Хэты ригъэшIэна, хэты риIотэн?
Тыдэ щыIа, щыIа, кIасэр, уинэплъэгъу?
Гъэтхэ тыгъэ шъабэм сишIулъэгъу фэдэн.

1974

## ОСЭМЭРКЪЭУА, УИШЪЫПКЪА?

Тихьэблэ кIалэм сыIукIэ къэси,
Сидахэр еIошъ, щхызэ къызблэкIы.
КъикIрэр сымышIэу ащ сегупшысэ,
Мэсэмэркъэуа хьауми ишъыпкъа?

Къэбары Iофэп, Iофи зезгъэшIрэп,
Мы чылэ пшъашъэмэ санахь мыIай.
СыIаий сIорэп, сыдахи сIорэп.
УишIулъэгъу закъо къысэт, сыфай.

ОшIэ-дэмышIэу сыпIукIэ къэси,
Сидахэр пIозэ, сыд пай ублэкIра?
КъикIрэри сшIэрэп, сыогупшысэ,
Осэмэркъэуа хьауми уишъыпкъа?

О пшIэрэп нахьы шIу усэлъэгъу,
Гъунэгъу кIалэу сыгум хэпкIагъэр.
Псэлъыхъу зимыIэм сащыщэп шъхьакIэ,
Шъхьэих шIулъэгъуи къэсэбгъэIуагъэр.

1974



## КIЭЛЭ КЪУАПЦIЭМ СЫДЭКIОЩТ

СишIулъэгъур, сишIулъэгъур,
СишIулъэгъур тэ къикIыщт?
Гъунэгъу чылэм, чылэ дэгъум
КъысфикIынышъ, къысфэсыщт.

Ары шъхьакIэ, ары шъхьакIэ,
Уянэ ябгэр сигощэщт.
Сэ сиIахькIи, сэ сиIахькIи
СыIай сIорэп, сыдах сIорэп.

КIэлэ къуапцIэр, кIэлэ къуапцIэр
Гуащэм пае сыкъэщтэнэп,
Нысэ папцIэр, нысэ папцIэр
УиIахьылмэ язгъэIонэп.

Ары дэдэу, ары дэдэу
Гуащи пщыпхъуи орэмыщт.
Ащ сыфэдэу, ащ сыфэдэу
Хьашхъопацэу сыщымыт.

Шэфы лъагъом, ошъогу лъагъом
КIэлэ къуапцIэр къысфырэкIо.
Сэ синагъом, сэ синагъом
Чэщ мэзагъом орэд феIо.

ЗысIэтыни, шIулъэгъу дахэм,
КIэлэ къуапцIэм сыдэкIощт.
КIэлэ къуапцIэу зыгу мымахэм
КIасэр оры сэ есIощт.

1974

## А КIАЛЭМ ЗЫШIОМЫДЭЙ

Зы кIалэ горэ тикъуаджэ дэс,
ИпэIо медэ пэIошхо дэд.
ЗышIомыдэйми, мыпсэу-мылажь,
Мылъэщэ-Iащэу зыкIэмыIажь.

ЛэжьэкIо лъагъор пчъэIупэ Iущ,
Ежьыр нэфшъагъом икъыдэущ,
Ныкъокъэущэу ядэжь къыдэкI,
Тучан пчъэIупэр иапчы нэкI.

Хэлъхьагъур къэсмэ, фэмыIэджабгъу,
Хыныгъор къэсмэ, тыгъэр иджагъу.
Къуаджэм нысащэр дэтмэ ихъяр,
Пчэгур ыIыгъэу мыхъэр щегъахъ.

Мы кIэлэ дэим дэй къымыщэн,
Ежь фэдэм реIо: укъэмыщын.
Пшъашъэм нахь дахэм тепсэлъыхъон,
Анахьы дэгъури шъузы сфэхъун.

Ар оIо шъхьакIэ, пхъэчай гъукIагъ,
Пшъашъэм идэгъуми дэгъу ищыкIагъ.
УипэIо медэ тIэкIу хэупхъожь
КъыуаIошъ, шъуадэжь укъагъэкIожь.

1974

## ЖЪОГЪО НЭФХЭР, ЖЪОГЪО ЖЪГЪЫБХЭР СИОРЭДИ КЪЫДЕЖЪЫУХ

Чэщ мэзагъом, чэщ мэзагъом
Псыхъо нэпкъым сыкъытехьэ,
Уидэхагъэ псы чъэр нагъом
КъысиIуатэу сыгу урехьы.

Жъогъо тэпхэр, жъогъо тэпхэр
Зэпэлыдхэу къысфэжъыух.
Жъогъо нэфхэр, жъогъо жъгъыбхэр
ОрэдыкIэм къыдежъыух.

ШIулъэгъу закъом, шIулъэгъу закъом
Сыфэзэщы, гур фэузы.
СыкIэдэIузэ, орэд макъэм
Гум хэпкIагъэм сыфэусэ.

КIэсэ дахэр, кIэсэ дахэр,
Бгъэгум дэлъыр псыпэм къехьы.
Къыосэты зэкIэ ахэр,
Сыушъэфрэп: сыгу урехьы.

ТыжьыныпскIэ, тыжьыныпскIэ
Мазэм изэу огум къепсы.
СишIулъэгъуи лъэмыдж псынкIэшъ,
Жъогъо хэчъкIэ уадэжь къэсы.

1974

## СИКӀАСЭР ОРЫ, СИЖЪУАГЪУ, ГУМ УРИГУШӀУАГЪУ

Мазэр сигъуазэу пчыхьэм
Сишыпэ уадэжь сыкъехыы,
Сишылъэмакъэ къушъхьэм
Хэлъэтэу орэд зэхелъхьэ.

СикӀасэр оры, сижъуагъу,
Гум ренэу уригушӀуагъу.

Мо жъогъохэчъэу слъэгъурэм
Илъагъо сыкъытелъадэ,
Дэхагъэр бгъэм диз зыхъурэм
Мэзагъом уфэсэгъадэ.

СикӀасэр оры, сижъуагъу,
Гум ренэу уригушӀуагъу.

Сишы лъэкъофэу фарэм
Ысэкухэр жьым щыкӀэфэфых,
КӀасэм шӀулъэгъоу фэсхьрэм
Дунаир зэлъегъэнэфы.

СикӀасэр оры, сижъуагъу,
Гум ренэу уригушӀуагъу.

1974

## СЫГУ МЭУЗЫ, ХЭУЗЫКӀЫ

Псыхъожъыер мачъэ, мачъэ,
Ипсыорхэр мэӀупчъапчъэх.
Псыпэ дачъэу, учэрэзэу
Синэплъэгъуи укъыредзэ.

Сыдэу сшӀына, зэӀуплъэгъум
ШӀулъэгъу гугъэ сэбгъэшӀыгъ.
СыкӀэхъопсэу уинэплъэгъум
Псыхъо нэпкъым сыщыпшъыгъ.

Псыхъожъыер мэщхы, матхъэ,
Уищхы макъи фэсэгъадэ.
СишӀулъэгъуи сыкъыщенэ,
Дунай пчэгум сыкъыренэ.

Ом жъогъуабэ къысфепсыкӀы,
Ащ зы жъуагъуи ахэмытыр.
Сыгуи мапэ, хэузыкӀы,
ШӀулъэгъу къэти сэ къысфэтыр.

1974

## КIЭЛЭ НАГЪУ

Джэгур зызэхахьэкIэ, кIэлэ нагъу,
Пщынэр мэIупчъапчъэри, ей.
УкъысэIупчъапчъэзэ, шIулъэгъу дахэр
ЗыфэсэбгъэшIыгъэри, ей.

Уиныбджэгъу-шъэогъухэр, кIэлэ нагъу,
Пшъашъэхэм ахадэхи, ей.
Унэ хъопсэгъуитIури сэ къысэбгъэплъыным
СыфыкIэхъопсыри, ей.

Уджыр къызыхидзэкIэ, кIэлэ нагъу,
Пшъашъэхэр тыращэхи, ей.
Тигъунэгъу пшъашъэри пчэгум къызиощэм,
Сигъэнэшхъэигъэри, ей.

Огум жъуагъоу итми, кIэлэ нагъу,
ГукIэ сылъэIэсыри, ей.
УкъыслъыIэсыными сыфызэкIэблагъэу
Уджыр аухыгъэри, ей.

Бжыхьэ мэзэ дахэми, кIэлэ нагъу,
Пчыхьэ джэгухэр къашIыхи, ей.
Сэ нысэ дахэкIэ шъуадэжьы сыпщэным
СыпфыкIэгуIэри, ей.

Пчыхьэшъхьапэу тадэжьы, кIэлэ нагъу,
КIалэхэр къыIохьэхи, ей.
Нысэ кIасэу шъуадэжьы сащэщт къызысаIом,
СыкъыкIигъэщтагъэри, ей.

1974



## ХЭТ А ШЫУР?

Модэ шъуплъэлъ, хэт а шыур?
ЫцIэ къешъуIу, сэгумэкIы.
Хэт а шыур? Хэт а шыур?
Лъэхъум хэтэу къысфеплъэкIы.

Шыгъо нагъоу сызлъыплъагъэр
Зытет лъагъом машIор хехы.
Ащ тес кIалэм идэхагъэ
Сыни сыпси сэ сIэпехы.

Сыда сэIо къысишIагъэр?
Ащ ишыгъо джы сылъэхъу.
Сыды машIуа сызхидзагъэр?
Урам рыплъэр узы сфэхъу.

КIэлэ шIагъоу шыгъом тесыр
Сыгу хэуIи, къызблэкIыгъ.
Ау бжыхьапэр къызытфэсым,
Ар къыслъыхъоу къычIэкIыгъ.

1974

## КЪЕПСЫ, МЭЩХЫ СИТЫГЪЭПС, СИГУПШЫСИ АЩ ХЭРЭЛЪ

Сишlулъэгъур пшъэшъэ нагъу,
Чэщи мафи сыфэзэщы.
Изыlуплъэ сигушlуагъу,
Итыгъэпси ащ къысхэщы.

Сишlулъэгъоу сидунай,
Уинэплъэгъуи зэ къысэт.
Сишlулъэгъуи о зым пай,
Ау гугъэнчъэм сэ сыфэд.

Гъэтхэ нурэм инэфыпс
Къэгъагъ пасэр къегъэшэплъ.
Къепсы, мэщхы ситыгъэпс,
Сигупшыси ащ хэрэлъ.

Сишlулъэгъур пшъэшъэ нагъу,
Гугъэ закъом ар ижъуагъу.
Шlу слъэгъугъэм сыфэусэ,
Сызэхеха псэм игупсэ?

1974



## ТИНЫСЭ ДЫШЪЭ НЕПЭ КЪИТЭЩЫ

Тинысэ дышъэ непэ къитэщы,
Лъэпэ мэфэнэу тыфэлъэlон.
Пщынаом пщынэр къытфызэкlещы,
ДжэгуакIом дахэр тэ къытиlон.

Унагъуи лlакъуи урякlэсэн,
Iахьыли благъи къыпфэрэзэн.
Ныбджэгъу-шъэогъухэм уагъэлъэпlэн,
Тинэжъы-Iужъхэм уагъэдэхэн.

Дахэкlэ бынмэ уакъыхэхьан,
Насып къэкlуапlэ ащ уафэхъун.
Уиlушъэбагъи о ахэплъхьан,
Гъунэгъухэм шlукlи зябгъэлъэгъун.

Тинысэ дышъэ непэ къитэщы,
Лъэпэ мэфэнэу тыфэлъэlон.
Пщынаом пщынэр къытфызэкlещы,
ДжэгуакIом дахэр тэ къытиlон.

1974

## УДЖ ХЪУРАЙ

Сикlасэ джэгум сыдыхэт,
Сыдыхэт.
Удж хъураер машlом фэд,
Машlом фэд.
Мо къытэплърэр адэ хэт?
Адэ хэт?
Тишхъуахь шъэфэу ар къытфэт,
Ар къытфэт.

Умыщын, сишlулъэгъу,
Умыщын.
Ащ иплъэгъу синэплъэгъу
Щымыщын.
Удж хъурай, удж хъурай,
Зыгъэлъат.
Кlэлэгур lэжэгъуай,
Ар мэшlуай.

Сэ сикlасэ сэгъэуджы,
Удж хъурай.
Тlуми тлъапэ тэгъэужьы,
Тыпсынкlай.
Пчэгу хъураер машlом фэд,
Машlом фэд.
Мо тызылlрэр адэ хэт?
Адэ хэт?



Умыщын, сишlулъэгъу,
Умыщын.
Ащ иплъэгъу синэплъэгъу
Щымыщын.
Удж хъурай, удж хъурай,
Зыгъэлъат.
Кlэлэгур lэжэгъуай,
Ар мэшlуай.

1974

6 Заказ 042

## НЫСЭ ДАХЭУ ТЯНЭ УФЭСЩЭН

Къэгъагъ дахэм гъэтхэ ощхыр ымыгъотмэ,
Шъхьэр къеуфэ, лъапсэр мэгъушъ, екIодыкI.
ТиурамкIэ, тиурамкIэ укъыблэкIмэ,
ГукIи псэкIи зэхэсшIэжьрэп ощ нэмыкI.

СэшIэ, сэшIэ, синасыпыр о зыр ары,
УизыIуплъэ сыкIэхъопсэу сэ сыхэт.
Сидунае къэзгъэнэфрэр о зыр ары,
Уинэплъэгъуи сигъэразэу зэ къысэт.

СыбдэгуIэу, сыпфэзэщэу мафэр екIы,
Пчыхьэ хъумэ сигумэкIи сшIомэзах,
ШъуиурамкIэ, шъуиурамкIэ сыкъыблэкIы,
Сыд щышIына укъыдэкIмэ, а сидах?

Чэщы шIункIым уиостыгъэ инэбзыйхэр
Гугъэтакъоу уишъхьангъупчъэ къизэрэх,
Сизэкъуабзэу, сышъхьэзакъоу сыхэтына,
СыолъэIу, сиджэмакъэ къызэхэх.

Сэ сигъашIэ о зызакъом къэбгъэдахэу
ШъхьэгъусэгъукIэ сакъыхэпхмэ сигопэн.
Усигупсэу, узгъэлъапIэу нысэ дахэу
Пчыхьэшъхьапэм тянэ дэжьы сэ усщэн.

1974





## ПШЪАШЪЭХЭР-ЖЪУАГЪОХЭР

Пшъашъэхэр, пшъашъэхэр,
Типшъэшъэ дахэхэр,
Гъэтхэпэ чэщыр гупшыс.
Жъуагъохэр, гъашIэхэр,
Тижъогъо лъагэхэр,
Гухэлъ зэхэткIэ шъупшыс.
Пшъашъэхэр-жъуагъохэр,
Типшъэшъэ нагъохэр,
Гъэтхэпэ чэщыр гупшыс.

Пшъашъэхэр, пшъашъэхэр,
Типчыхьэ шъабэхэр,
Шъофы къэгъагъэм шъуфэд.
Пшъашъэхэр, кIасэхэр,
Тигугъэ Iасэхэр,
ШIулъэгъу нэфыр къышъуфэт.
Пшъашъэхэр, пшъашъэхэр
Тижъогъо шъабэхэр,
Шъофы къэгъагъэм шъуфэд.

Жъуагъохэр, жъуагъохэр,
Тижъогъо нагъохэр,
Ташъхьагъы ренэу шъуерэт.
Шъофыхэр, шъофыхэр,
Типшъэшъэ нэфыхэр,
ЕгъашIэм шъутиорэд,
Жъуагъохэр, жъуагъохэр.
Тижъогъо нагъохэр,
Ташъхьагъы ренэу шъуерэт.

1974

## СИШIУЛЪЭГЪУ

Дахэ сишIулъэгъу,
Ренэу ащ сылъэхъу,
Зы жъогъо закъоу къысшъхьарыт,
КIасэу сигугъапI,
Гуахьэу сигъэтхап,
Дунай нэфым пфэдэ темыт.

СишIулъэгъу, сишIулъэгъу,
ГукIэ ренэу о сыплъэхъу.
Синасыпыр орышъ,
Сигупшысэр орышъ,
О зызакъом сыкъыплъэхъу.

Огум жъуагъор из,
Ащ зы жъуагъуи ис,
Исы пстэуми уанахь нэф.
Уинэф къыстегъапс,
УанэIу къысфэгъаз,
ШIулъэгъу закъоу сигугъэ шъэф.

Тыгъэ фабэр зы,
Сидунайри зы,
Укъемыпсмэ, ар мыдунай,
О зым сэ сылъэхъу,
О зыр шIу сэлъэгъу,
Зы тыхъунэу титIо сыфай.

1974

## ГУМ ИОРЭД

Сигушхоныгъэ зыхэлъ хэгъэгоу
Сигугъэ пытэ зичъыгы лъапс,
Сипчэдыжь пашъхьэ гушIогъо нэгоу
Иты зэпытэу ренэу зихабз,

Мы сиорэдэу гум зэхилъхьагъэр
Бгъэгум дэмыфэу сэ къыпфэсэIо,
Уиошъогу къаргъоу непэ уашъхьагъыр
ЗэлъызгъэдаIоу сигъогу сырэкIо.

О усимыIэу сиорэд мафэу
Орэды мафэр тыдэ къисхын?
О усимыIэу сигугъэ зафэу
Гухэлъы зафэр хэт къыситын?

Умэкъэ къабзэ, уипсыхъо чъэрмэ,
Уишъыпкъэныгъэ, уихьэсэ ормэ,
Гур сфэзгъэгушIоу сигъэшIэ хахъо
Ихъохъу сыхэтэу пфыхэсэлъагъо.

Хэтырэ пыий гужъ игухэлъэу
Лъэбгъу къысерэдзи, сыфиутыщтэп.
Сыд фэшIэшъуна о пкIуачIэ схэлъэу,
Уилъэгъо гъуазэ сыфыдэхыщтэп.

Нэфылъы чапэу джа шэплъы дахэу
ЧIылъэм къыфэпхьрэм орэд фэсэIо.
Синасып гъогоу сигугъэ пагэу
Сызытепщагъэм гушхоу сырэкIо.

1975

## ГУГЪЭ-ГУХЭЛЪКIЭ СЫКЪЫПФЭКIОН

О пшъашъэр, сыдэу удэхэ дэд,
УиIуплъэ дахэ нэри сIэпехы.
Гъэтхапэм фэдэу сынэгу укIэт,
Умэкъэ шъаби къызэхэсэхы.

Удэхэ дэд о, удэхэ дэд,
Псы нэшхъо къаргъом сыдэу уфэд.
ШIулъэгъу хыорым о сыхэбдзагъ,
Рэхьатыныгъэр сщыбгъэгъупшагъ.

Удэхэ дэд о, удэхэ дэд,
Уинэплъэгъу гуахьи сыфай, къысэт.
Гугъэ-гухэлъкIэ сыкъыпфэкIон,
ШIу узкIэслъэгъури сэ къыосIон.

1975



## ЧЪЫГ ШЪХЬЭЗАКЪУ

СшIэрэп мо чъыгэу зизакъоу щытым
Орэд къыфасIо зыкIысшIоигъор.
Къутамэ пэпчъы бырабэу пытым
Итхыдэ шхъуантIа къысфищэигъэр?

Гъэрэ фэмыдэу идунай хаплъэ
Лъэпэ ищыгъэу плъэгъур пIэпехы,
Хыми фэзгъадэу гъэхъунэ уалъэу
Иуц лъэлъагъэ сIорэр зэхехы.

Ащи изакъоп. КъокIыпIэ тхышъхьэм
Тыгъэу шъхьэщытри къыкIэдэIукIы,
МэукIытэ пIонэу жьы макIэу слъашъхьэм
Ишъэф Iушъашъи къысфыхеIукIы.

IукIыр зымышIэу гъэшIэрэ къушъхьэу
Хэгъошъхьэ кIыбри ос шыгукIэ къаджэ,
Къанджы тэмапэу огур зыIушъхьэу
Пщэф шъхьэмыгъази ышъхьагъ къетаджэ.

Джахэр нэм кIэтхэу, гупшысэ факIоу
Сэлъэгъушъ арщтын аущтэу зыкIэхъурэр?
Армырмэ сыда орэди фасIоу
Чъыгы шъхьэзакъор шIу зыкIэслъэгъурэр?

1975

## ТЫГЪЭМ ЫНАПЭ СЫДИГЪУИ ФАБЭ

Непэ чэфыгъошъ, непэ гушIуагъошъ,
Ныбджэгъухэр, тызэIукIагъ.
Пщынэр, пщынэр, пщынэр гухахъошъ,
Пщынаор пчэгум къитщагъ.

Гъатхэм къэгъагъэкIэ ренэу зефапэ,
ГушIуагъор цIыфмэ анап.
Тыгъэм ынапи сыдигъуи фабэ,
Хъярыгъор чIылъэм щылъапI.

Къегъаlу, пщынаор, зэфэкIо псынкIэр,
ДжэгуакIор пчэгум ерэт.
Джары тэ непэ тизэхэтыкIэр,
Тихъяри лъагэу зеIэт.

1975

## ЩЫIАКIЭМ ГЪАШIЭР ЩЫДАХ

Тыгъэ пщэгъопсыр зыщесрэ губгъом
Пчэдыжь Iофшlэгъум сыкъехьэ.
Мэфэ нэгуфыр зэрыт огубгъэм
Орэд гушIуагъор къысфехьы.

Непэ дунаир сыдэу сфэдаха,
Дэхагъэр гъатхэм ынап.
Огоу сфэкъабзэм изэндэ лъагэ
Лъэгабзэу сичIыгу гъунапкъ.

Нэпкъым дэджэгоу, джэгуным фалIэу
Къушъхьэпсыр тыжьыны макъ,
ЗэритэкъокIэу, мыжъомэ ялъэу
Ар псынэкIэчъкIэ мызакъу.

ЧылэмкIэ сэплъэшъ, мэлы Iэхъогъур
Хъурыхъоу чапэм рекIокIы,
Пшъэшъэгъу зэхэткIэ сэ сишIулъэгъур
Тхышъхьэм къыдэкIэу сыIокIэ.

ШIу ущалъэгъоу, ори плъэгъужьэу
ЩыIакIэм гъашIэр щыдах,
Чэщ ужым тыгъэм улъымыхъужьэу
Ом ар фэбэпскIэ щылъаг.

1975

## ДУНАЙ НЭФЫР ЗЭДЫТИЙ

ШIу уалъэгъоу, ори плъэгъоу,
ШIулъэгъу дахэ хэт фэмый,
Зы шIулъэгъукIэ тызэдэхъоу
Дунай нэфыр зэдытий.

ШIу сэлъэгъу, сыушъэфрэп,
Ежь селъэгъу, ар ситыгъ.
Гум итыгъи сыушъхьэфрэп,
Тхьэм а закъор къыситыгъ.

ШIу уалъэгъоу, ори плъэгъоу,
Сыдэу тхъагъуа тидунай.
ТитIо псэкIэ тызэдэхъоу
ШIулъэгъу тхъагъор тиунай.

1975



## СИЩЫIЭНЫГЪЭ ИПКIЫХЬЭ ЗАКЪУ

Себгъэзыгъэми, сыгу узкIырихьрэр
Джы къызнэсыгъэм сшIэрэп сэ, сшIэрэп.
Уанахьы дахэу къызыкIысщыхъурэр
Сыдым фэсшIэна, сшIэнэу гум къэкIрэп.

Гъогунэпцэ уцым осэпсы набзэр,
О сыоупчIы, имыкIэсэна?
Нэфылъэ дахэм иIуплъэ къабзэ
ЕпэгэкIыныр чIым ылъэкIына?

Уишъэогъу купмэ уахэты хъумэ,
Iэлъыны мышкIоу уахэлыдыкIы.
Тихьэблэхэсмэ о уашIодэгъумэ,
Тыгъэпсы нэфэу укъысфыкъокIы.

УизекIо-шыкIи, джа уищхы макъи
Зыфэзгъэдэни тетэп дунаим,
СищыIэныгъэ ипкIыхьэ закъор,
О закъор ары, оры си Маир.

1975

## ДУНАИМ ДЖЫРИ ЩЫМАМЫРЭП

ДунаитӀур зэпыщытэу
Пщэгъо нэгукӀэ зэфычӀэплъы.
ЗэфычӀэплъы зыр зым щыщтэу,
Хэт нахь лъэшыр? Агу зэфэплъы.

Псэлъэ плъыгъэр чэрэгъу къэсми,
ЧӀылъэм Ӏашэр хьылъэ фэхъу.
Тыгу зыфэгъурэм тыдэлъэсми,
Ӏашэр мысэу фэтэлъэгъу.

Зы шӀулъэгъуи, чӀылъэ мафэр,
Уисабыймэ пфыряӀэжьба?
Зы гукӀэгъуи, тыгъэ зафэр,
Ащ ашъхьагъи щыуиӀэжьба?

Жьыбгъэ дачъэу чӀым щэджагъоу
Шъхьащыт уахътэр ылъэмакъ,
УижъонакӀуи фэӀэджабгъоу
ПхъэӀэшакӀэр ыӀэдакъ.

Гухэлъ закъоу джа жъонакӀом
ИӀэр ошӀэ: мамыр псалъ!
Ары шъхьакӀэ, зэо шъхьакӀом
ЧӀылъэр есты, къымыгъаплъ.

Зэ икъунба ер зиӀэшӀоу
Ер зишъэфмэ зыкъашӀэжьмэ,
Сыд фэӀуагъэр зэо машӀоу
ТпэкӀэкӀыгъэр агу къэкӀыжьмэ!

1975



## ЛЪЭМЫДЖ БГЪУЗЭР ӀЭРЫМЫШІ

Гур къыдэчъэрэп, лъэр хэчъыкӀрэп,
Сызыхэтыр мыкӀо-мычъ.
Зы мэз цуни сыхэпшыкӀрэп,
Пшысэ гъогуми сыщымыпшъ.

Пшъэшъэ Ӏаджми дунай шӀагъор
Къагъэнэфми, сыгужъуагъ.
Жъуагъор зыцӀэу сымышӀагъэр
ЗэзгъэшӀэжькӀэ сыд ишӀуагъ.

Ом ит жъуагъор гум пэблагъэу
Ӏэгъо-благъом сфегъэнэф,
Нэфынабзэу зэкӀэблагъэу
Бгъэм дэстыкӀрэр бгъэм ишъэф.

Тыгъэ нэфыр хьэрзэ фыжьмэ,
Хьэрзэ шӀуцӀэу ар къысщэхъу.
Тыгъэм щэхъуи ом къимыщмэ,
ГукӀи псэкӀи ащ сыкӀыгъу.

Псы икӀыгъом сызынэсрэм
Чъэры сэӀошъ, сыхэмыхь.
Хьыны-хьылъэу скӀыб щысырэм
ЫцӀэр нафэ: къэхь-къэмыхь.

Сыгу къыдэчъэрэп непэ сӀонти,
КъысщышӀыгъэр цӀыф ымышӀ.
МышӀэгъуаем сырыкӀонти,
Лъэмыдж бгъузэр ӀэрымышӀ.

1975

## ГУШIОГЪУИПЛI

КIымафэр, гъатхэр, гъэмафэр, бжыхьэр
Илъэсым зырызэу къыфехьэ.
Дунаими щыхалъхьэ, къыщэкIы фышъхьэр,
Къушъхьэтхы шыгуми ос щызэрехьэ.

Къинми, шIузехьэу щыIакIэр лъэкIуатэ,
ЦIыф гъашIэр дгъэшIагъоу зэблэкIы.
ТызхэкIрэ уахътэр тарихъкIэ тэIуатэ,
ТIэтыгъэ тхъагъуи ом къытфепсыкIы.

Тихьылъи типсынкIи гухэлъым едгъапшэу
Сыдэу тигъашIэ мы чIылъэм щылъапI.
Неущыр тшIоIофэу мафэм едгъажэу
ТигушIогъуиплIи гукIэ типлъапI.

1975



## ШЪХЬАЦНЭЛЪЭ ЛЪАГЪОМ ОРЭД ФЭТIОН

Къаштэ пIапэ къаIуи, лъагъор,
ЛъэсыкIо-зекIо сыкъыбдежьэн.
СшIэрэп, сшIэщтэп гупсэф тхъагъор,
Пепщ Iуи, уижьыбгъэ сэ сыпепщэн.

Шъофым тичъэу псынэпкъ зандэм
Тэ тытерэхьи, сылъэмыджыщт.
Ныджыр джэгоу псыор Iатэм
Тытесысахьми, тызэдикIыщт.

Тыгъэр пщэмэ къакъощыжь Iуи,
Тамэ згомытми, чIым зиспхъотын.
Сыкъыфеплъыхмэ, уичъи, уикIуи,
Уинэплъэгъу плъакIи зыдэзгъотын.

Хьынэп-хьылъэп нэм ылъэгъурэр,
УинэплъэгъушIуи сыдым ыуас.
Тхъагъуи къини гъогогъоу тфэхъурэр
Симафи чэщи щэрэмыкIуас.

Сигъуазэ хъопсэгъо гъусэу
Псапэр цIыф фашIэу кьерэхь,
Iахьыбэр бэгъэшIэ тхъупсэу
Зытизы гъогуми терэхь.

Чэщыбг мэзахэм мыдэ псынкIэу
ЗыщыгъэмашIу Iуи, жъоку зыщысшIын.
Сызэхафэу шъхьэр пызынкIи,
ПIуагъэр сиIуагъэшъ, сыкъэмыпшъын.

Къушъхьэр кӀуапӀэ зэрэтфэхъоу
Зы щтэгъэ нэгуи къысэмыпэс.
Ули узэу, угуи къысэгъоу
Гугъэр ӀэшӀэхэу къысфэмыгъэс.

Тикъушъхьабэмэ тахэгъуащэу
ТанэӀукӀэ мылми, тапэ тыкӀон.
Гухэлъ къэтым тылъымытхъуащэу
Шъхьацнэлъэ лъагъом орэд фэтӀон.

1975



## ШӀУЛЪЭГЪУ ГУПСЭФЫМ ФЭДЭ ЩЫМЫӀ

Жъогъуабэр огум
ЩызэпэшӀэты,
Сишыгъуи гъогум
Техьагъэу тетышъ,

Мэзэгъо чэщым
Гур къегъэчэфы,
Шъофы хьамэщым
Щызэпэнэфы.

СишӀулъэгъу нэфы
Фэдэ щымыӀ,
Дунай гупсэфым
А зыр щысиӀ.

1975

## КОСМОНАВТ СКЪОШМЭ ЯКЪЭБАР ГОМЫIУ КЪЫЗЫСЭIУМ СТХЫГЪЭ УСЭР

Шъыпкъэр шъушIэщтмэ, нахьыпэм фэдэу
Мызгъэгум зыкIи сышъуфэщынагъэп,
Джа шъо зэрэшъушIэу, чIылъэм сытетэу
Сышъуажэ сIозэ, шъхьэм зи къихьагъэп.

Ошъогу къатиблым шъузхэт мэфабэм
Гум шъущыгъупшэу загъорэ хъугъэ.
Сыдэущтэу хъуми, чIылъэм ифабэ
Зэ закъуи шъуищэ Iэкlыб шъуишIыгъэп.

Иощх хьалэли, иуцы шхъуантIи
Шъуакъыфэзэщэу мафэхэр кIуагъэх.
ГушIор тынэгуми, джа шъуиIэнатIэ
Къиныгъоу хэлъхэр къыдгурыIуагъэх.

Пчэдыжьы къэси нэфылъэ дахэм
Тыкъыдэтэджмэ, зандэу ташъхьагъ
ГумэкI-гупшысэр ошъогоу лъагэм
Фыдэдгъэчъаеу тышъуфыпэплъагъ.

ГушIом зэрихьэу хэтыгъэ чIылъэр
Гъэмэфэ нэфкIэ гъусэу шъуиIагъ.
«Шъукъытфэкlожь къызыскIэ пIалъэр!»
ТIомэ тышъупаплъэу тышъуфыщыIагъ.

1975



## БЖЫХЬЭРИ ЕКIЫ, КIЫРИ КЪЫТФЭСЫ

Сыда джы пшIэрэр гум игушIуагъу,
Мэзэгъо чэщым щыжъыурэ жъуагъу.

Тызэпэчыжьэми, благъэу къысщэхъу,
СанэIу уимытми, гукIэ сыпкIэгъу.

ТипсынэкIэчъи мэгуIэ, мачъэ
КъысэIушъашъэ, къысэIупчъапчъэ.

Уинэплъэгъу шъабэ сэ сыкIэхъопсы,
Бжыхьэри екIы, кIыри къытфэсы.

1975

## СИКЪЭЩЭН

Пшъэшъэ гуахьыр сикъэщэн,
НэмыкI пшъашъи сыфэмый.
Ощ фэшъхьафи сыримый
КъызэрэпIоу, укъэсщэн.

Жъуагъор огум из зэрэхъоу,
КIэлэ купкIэ тызэдэхъоу
ТыкъэкIони, сикъэщэн,
Нысэ мафэу укъэтщэн.

Сыдэу тхъагъуа тидунай,
А зыр титIо тиунай.
Тыгъи мази къыщерэпс,
Осы шъаби къыщерэс.

Ом ит жъуагъоу сишIулъэгъу,
Сыдэплъыешъ, щысэлъэгъу.
Ипшъэшъэгъумэ – сымыплъэхъу! –
Къахэжъыурэр сишIулъэгъу.

1975



## СИДАХ

Сыдэу адэ, сидах,
Унахэ зэхэхьагъ?
Сыоплъышъ, умэзах,
МэзакIэр къытфихьагъ.

Еу Iори, удж хъурай,
Хъяр утыгум къытфилъад.
Чэфыгъор тидунай,
Нахь псынкIэу зыгъэлъат.

КIэлабэр мэшIотхъуабз,
Пшъэшъабэр гугъэтакъу.
Шъхьэзакъор тIурытIухъуапс,
Хъопсагъор насып закъу.

Жъогъуабэм ухэмыд,
Плъэдакъи имыгъан.
Пэгагъэм ухэмыт,
УимашIуи къысхэгъан.

Дунаир кIэлэ закI
ЗыIуагъэм уемыдэIу,
Мо тыгъэр синысакI
ЗыIощтми, удэмыкIу.

1975

## СИПШЫСАБЭ ГУМ ИПКІЫХЬ

Осы зехьэр жьы сэпалъэу
Хъот-борэнэу щылэ пчыхь.
Зэ къэсыгъот сІоу сыпаплъэу
Сипшысаби гум ипкІыхь.

Хьэблэ шъузхэу цыпхы шъузхэр
Джыри тадэжь щызэхэсых.
Псэм инэфхэу орэдусхэр
Сабыигъом къысфыхэпсых.

ЧІылъэ жьыбгъэм имэкъамэ
Зэ зыдашІы, зэ шъхьащэкІых.
Ти Лъэпшъ гъукІэ зэ икъамэ,
Зэ ичатэ шІум пащэчы.

Чыжьэ фежьэу, декІу-рекІокІэу
Пшысэ цыпэр цэу къыхащы,
МэкІэ-макІэу, Іо-феІокІэу
НэгъучІыцэм ышъхьац фажьы.

Ащи текІхэшъ, къысфеплъэкІхэу
ШІулъэгъу гугъэм игугъу ашІы,
«Чъыежь кІори!» – къысІущхэкІхэу
КъысаІокІы фэдэу зашІы.

Таущтэу, таущтэу сэ нычэпэ
Сычъыена, нэнэ дахэх,
Сешэсыгъэшъ сэ сичыпэ,
Сызфэчъэщтыр къушъхьэ лъагэ.



Щтэпхэ-махэр гъусэгъу дэишъ,
Сэ ар зыкІи сищыкІагъэп.
Зэхэсхыгъэр зэкІэ сыешъ,
ШъуиІушъашъи шъэф зэкІагъэп.

Сычъыежьми, сиІэп шъхьакІо,
Хъот-борэнми зегъэпхъашэ.
МокІэ чынэу чынэ шъхьакор
Сиос чІэгъы къыщысажэ.

1975

## ТЫГУ ЗЭБГЪАГЪЭП

Тыгъэпсым ыуж утыныр,
Утыным ыуж тыгъэпс.
Сэ зымкӀэ джары уитыныр,
Дунэе гъашӀэу шъоупс.

Мысагъэм ренэу себэнышъ,
Къысэбэныжьри нахьыб.
Шхъо панэм уекӀумэ къыппэнэшъ,
УдырекӀокӀмэ нахьышӀу

Къыоушъыйзэ зыӀони,
СэшӀэ сэ, Ӏаджи щыӀэн.
Ау щытми занкӀэу сыкӀони,
Шхъо панэм лъагъор хэсщын.

Щынэр уищынэу дунаим
Утетмэ, щын къыптекӀэн,
УкъэрэбгъэлӀмэ уаимыр
Плъэдакъи ренэу къипкӀэн.

Тыгъэпсым ыуж утыныр,
Утыным ыуж тыгъэпс.
Сэ зымкӀэ джары уитыныр,
Дунэе гъашӀэу шъоупс.

Шъоупсми, сэркӀэ удыджэу
ЗыӀуагъэм зыкӀи фэмыд.
Сэщ фэдэм уриутыжьэу
Зыщыхъурэм, шӀукӀэ уемыт.

1976



## ОХЪТЭ ЩЭРЭХЪЫМ ЗЭПЫУ ИМЫӀ

Дунайри ренэу гъэтхэпэ закӀэп,
Ощхи, огъуи, хъотзехьи шъхьэщыт.
Ащ фэдизэу сигъашӀи кӀэракӀэп,
Сыхьылъэзехь, сыцӀыф, сыщыд.

Дыджыр зымышӀэу ӀэшӀур зышӀэнэу
Фежьагъэр Ӏушэп, чыжьэу мыкӀон.
ШӀункӀым ыужы мафэр нэфынэу
КъэкӀошъ, мэзахэр къыттемыкӀон.

Тыгъэу сфэлъагэм сыделъэкӀонзэ,
Пчыхьэпэ шэплъым сэлам есэхы.
Чэщыр сфэшӀункӀмэ, мэзагъор сӀозэ,
СинэфылъакӀи сыкъызэхехы.

Къинри, шӀулъэгъури, насыпри, ери
ЧӀылъэ псышъхьалым къыздырещэкӀы.
Джа пстэури схэлъэу, схизыбзэу сэри
ГъэшӀэ нэшӀошӀым ӀаплӀ есэщэкӀы.

Сыдыр сишӀугъоу, сыдыр сикъинэу
СыщыӀэу шъушӀэми, ныбджэгъу серэӀ.
Тыгъэр чӀылъэнчъэу огум къинэнэу
Ныбжьи мыхъунэу шӀугъэр щэрэӀ.

Тичыли, хьабли, сятэ ихапӀи
Мамыр нэфылъэм ренэу хэрэт.
Хэтрэ цӀыфлъэпкъэу гухэлъ гугъапӀэм
КӀэхъопсэу псэурэм фэсӀощт орэд.

1976

## СЫД ИШIУАГЪ

Сыбыбынти,
Тамэ зготэп,
Сыкъэчъэнти,
СыцIыф одэп.

Оды пстэуми
АкуцI изэп,
ЦIыфы псаури
Унэм исэп.

Сэри бгъагъэм
Сисрэп, сикIрэп.
Гухэлъ стхъагъэм
Гур зэпикIрэп.

КIыр имыкIэу
Гъатхэр къэсрэп,
Ор мыпIыкIэу
Оси къесрэп.

Псыпэ оркIэ
Псыхъор мачъэ,
Сэри оркIэ
СэIупчъапчъэ.

Тамэр бготкIэ
Сыд ишIуагъ,
Непэ оркIэ
Сыгужъуагъ.

1976



## АДЫГАБЗЭР СИМЭКЪАБ

ГъэшIэ тынэу ным ижабзэ
СыщэIэфэ сфыщыIэщт.
ЧIылъэр схъожьми, псы чъэгъуабзэу
Слъэпкъ мэкъабэу ар иIэщт.

1976

## СЫЦIЫФЫШЪ, СЭГУШIО, СЭГЪЫ, СЭЩХЫ, СЭПЫХЬЭ

ЦIыфыр зыщытхъэу, цIыфыр зыщылIэу
Е сидунай хьафэу дунаижъ мыгъу,
КIымафэр жъоркъэу, гъэмафэр щылэу
Уилэлэ тыгъи къабыл сфэмыхъу.

Уихьылъэ стелъзэ, хъугъэр сымышIэу
Лъэбгъур къызадзкIэ, сегъэлъэпао.
Сыримыутышъуми, ошIэ-дэмышIэу
Джэгъогъур джыри сакIыбкIэ къао.

Ныбджэгъу-джэгъогъур зимыIэ цIыфым
ИщыIэныгъэ, сэшIэ, зэщыгъу.
ЦIыфыр щэIэфэ, тыгъэм инэфы
Хэт зэпытыщтмэ, дыджи щыхъун.

Ощхри къыстещхэ, огъури къыстегъэ,
Гъэ зэфэмыдэм иоси къесы.
Сыд фэдэу щытми, сихьалыгъу бзыгъэ
Зыдэзгъотыжьэу сыкъыбдэшэсы.

Онэгум сисэу сыкъыбдэушъми,
Сыгуи пауты, сынэпси къэкIо.
Уикъины-тхъагъуи сигъэшIэ узми,
СыцIыфышъ сэкIо, сыпщыщ, сыплъэкIо.

Гъогъогъэ шыблэм къерэщ уиощхи,
Уилъэгъо пстэуи сэркIэ сыд фэд?
Сэгъы, сэпыхьэ, сэгушIо, сэщхы,
Ащ нэмыкIи гъашIэм къыщысфэт.

1976



## ТЫЖЬЫН ОЩХ

Ори-да-дэри ори-да,
Сыдэу мы сичIылъэ дунай дах.
Сыгуи сыпси пфэсэтIатэ,
Сызфэразэу сэркIэ гугъэ лъаг.

Зилъэгагъэ сыкIэхъопсрэм
Уемызэщэу лъагъор сфыхэощ,
Ащ сыфапщэу сызнэбгъэсрэм,
Сэ къыстещхэ ренэу тыжьын ощх.

Ори-да-дэри ори-да,
Нэфылъ тамэр мафэу къысэот.
Ом къысфеда, къысфемыда,
Медэ лъагъом сшIэзэ сытекIот.

КъыосIощтыр бгъэм сфыдизми,
Изы псалъи нафэ къэшIыгъуай.
Чэщ мэзагъор жъогъо минми,
Изы жъуагъо згъашIоу сидунай.

Ори-да-дэри ори-да,
Гупшысабэр пшысэу сфызэхалъхь.
Гугъэ хьаплъым ыуж сита
СэмыгъаIоу шIугъэм сыпэгъаплъ.

Сызпэплъагъэм семыгъажэу
Уиш лъэкъофмэ, ари къызнэгъэс.
Гъэтхэ тхыдэм пемыгъапшэу
Уитыгъэпси фабэу къысфегъэпс.

1976

## СЫДЭУ ТХЪАГЪУА ТИДУНАЙ

ЧIыр сиплъапIэу, гур сибзыоу
Сыдэу тхъагъуа тидунай!
Слъэгъурэр зэкIэ тыгъэбзыеу
Бгъэм дизыбзэу сиунай.

ЗысэIэтышъ, чъыгы шъхьапэм
ЛъэпцIэрышъо сыкъыщешIэ,
Зэ етIанэ пчыхьэшъхьапэм
Ишэплъ къуапэ зыкIэсэшIэ.

Сыд щыIэна щылэ осым
ИкIыгъ-сыгъы нахьы къабзэ,
Бзабэр Iулъэу гъэтхэ уцым
Шъофи сэри тычIегъабзэ.

Бжыхьэр къэсмэ, мысысыхэу
Хышхо гъуапчэу мэзыр къэплъэ,
Силъэмакъи ом щыхэсхэу
Сызщыгугъэрэм сэ сыпэплъэ.

ЛъэпэрыкIор неп-неущэу
Ситыгъуаси дэи сIорэп,
Iом хэмытэу Iоф дэущэу
Сионэши шы мыкIорэп.

Къаштэ шыбли, къаштэ ощхи,
Огъуи гъуий сыряцIыф.
Фэм ипытэу уигъи, уищхи,
Дэгъуи, гугъи сырялъынтф.

Тфым тфы хэлъмэ, сIэ кIэсысэу
ЩэкIы хъункIэ сыкIэнэцIрэп,
Псы икIыгъом сынэмысэу
ПсынкIэ фэшIэу зысыулъэпцIрэп.

ПIэ зэтелъэу мытхъэныгъэр
Гъэры пфэхъумэ, щэIэгъуай.
Тхъагъо, шIагъо щыIэныгъэр,
Тыгъэ закIэп тидунай.

1977

## ІОФХЭР МЭХЪУХА? СЫД УИМАКІЭР?

Іофхэр мэхъуха? Сыд уимакІэр?
УасІо зыхъукІэ, синыбджэгъу,
СшІэ сшІоигъошъ, уищыІакІэ
АщкІэ зыкІи сымыуджэгъу.

Джэгъогъу Іаджи мы дунаим
ШІугъэ печъэу пчъэм къыдэплъы,
Анэ плъыжьэу, абзи бзаеу
Іаджми, Іаджми агу къытфэплъы.

Лъытэныгъэ къытфызиІэм
Ахэр Іазэу фычІэпІэскІух,
Шъугъон гъожьыр жьыбгъэу зыІэм
ФэІэмырхэу бзэгукІэ фекІух.

ЦІыкІур инэу, иныр цІыкІоу
Іом иІожьыр къырагъажьэ,
Джэрпэджэжьым жьыр зэлъикІоу
Къэбарыби джэм хагъащэ.

Ары шъхьакІэ, амышІапхъэу
Сыд лыягъэу тызыпылъыр?
Хабзэ тхэлъэу, тэркІэ шапхъэу
Къэтэштэжьы чІыгум щылъыр.

Щылэ осым икъесыкІэ
Усэ псалъэм фыхэтэлъхьэ,
Хьылъэ мыхъоу ощхы псынкІэм
ИкъещхыкІэ пщэм тетэлъхьэ.

Бжыхьэ фаби, гъэтхэ мафи
Афэшъуашэр афэтэІо,
Шъум иІофи, цІыфы зафи
ЯорэдкІэ чІым тырэкІо.

Сыдэу тшІына, джа зыр ары
Джэгъогъу пстэури къызыхэкІрэр.
БгъэшІэгъонэу ащ зыпари
Хэлъэп сэІо! — сыгуи хэкІрэп.

1977



7 Заказ 042

## ШЪЭОГЪУМРЭ ДЖЭГЪОГЪУМРЭ

Нэмыкӏыцӏи раӏоу сшӏэрэп:
Джэгъогъу зыцӏэр джэгъогъу.
Дэгъур дэгъукӏэ ныбжьи пшъырэп:
Шъэогъу зыцӏэр шъэогъу.

Огъуи, уайй, нэфи, фаби
Джэгъогъунэр нэшъу.
Къыпфищэеу игугъаби
Шъэогъунэр нэшӏу.

Гухьэ-гужъкӏэ къыпфычӏэплъэу
Джэгъогъу щхыпцӏыр цӏынэ.
Псынэ куоу, пчэдыжь шэплъэу
Шъэогъу бгъэгур псынэ.

Нэфыр шӏункӏы оркӏэ хъунэу
Къыбдерэшӏи уиджэгъогъу,
Гъусэгъу сэшхо ем дэхъунышъ,
Узыхьыщтыр изэогъу.

Ахэр зэкӏэ, зэкӏэ сшъхьэкӏэ
Зэхэсшӏагъэшъ, сэӏо.
Шӏугъэм дэжьы ар сэ ӏахькӏэ
Къыздесхьакӏзэ, сэкӏо.

1977

## ОРЫ КЪЭГЪАЗЭ СЭРКӀЭ ЗИМЫӀЭР

Чэщыбгы чапэм къосыхьэ мазэр,
Неущрэ пчыхьэм къыдэкӏожьын.
Нысэкӏэ ӏапэм зэрещэ мастэр,
Ари зэгорэм ащ езэщын.

Имэшӏо бэщы уашъом зэпикӏми,
Шыблэм игъуагъо щимыгъэтын.
Гъогупэ чъэрыр псыхъом зэпичми,
Ызныкъо къежэу адкӏэ ӏутын.

Жьыбгъэм дунаир зэредзэ бгъэкӏэ,
Зэгорэм ари рэхьат хъужьын.
Огъу-кӏыгъушхом шӏугъэр зезэгъкӏэ,
Етӏэкъэй чагъэу чӏылъэр гъужьын.

Псыорыр лъатэу нэпкъым еутэкӏми,
Иорыпс сапи псыбгъэм чӏэфэжьы.
Осэпсым ышъо зэтехь-зэтекӏми,
Итыжьыныпси уцым къыхэщы.

Бгъэгум дэлъэтми шӏулъэгъу орэдыр,
Джыри нахь дахэу къыдэхъожьын.
Шхъонтӏэ гупсэфми мэзы зэхэтыр,
Бжыхьэ гъопчалэм зыдихъожьын.

Мафэр тшъхьэщыкӏми, къэкӏощтым тежэ,
Оры къэгъазэ сэркӏэ зимыӏэр.
О закъор ары сигугъэ течъыр,
Къыстемычъышъоу гъашӏэм щысиӏэр.

1977

## ШЫ УЦУАГЪЭР ГЪОГУНАПЦЭМ ЩЭГЪЫ

Ечэнд ужэу пчыхьэшъхьапэм
Тыгъэ шэплъым зыритыгъ.
Пшъыгъэу, пагъэу ошъо чапэм
Игъогунапцэ зыш Iутыгъ.

Мафэр икIми, непэ фэдэу
Тинеущи къылъыкIощт,
Шы уцуагъэу, пшъыгъэ дэдэу
Щытым дахэр къыриIощт.

Ары шъхьакIэ, изэкъуабзэу
Ащ шхомлакIи уани телъэп.
Гугъэузэу ар шъогъуабзэу
Пшъэр уфагъэу зыми пылъэп.

Хьыны-хьылъэу зэрихьагъэр
ГухэкI нэпсэу начIэм щыгъопцагъ.
Къыспымылъэу сызIухьагъэр
Къысфэмыеу сыхэплъагъ.

Сыд ишIуагъа пшъэ уфагъэм
Сэ Iэ щысфэу сыкIэрыткIэ?
СеIушъашъэ шыжъ уцуагъэм,
Сыд фэсшIэщта сеушъыйкIэ?

Сэ бэшIагъэу джа шъхьэфитэу
Птесхыгъагъэм сырымыса?
Сэр ихыгъэу жьыр сфиуутэу
Сэри непэ сыптемыса?

Ушъхьэзакъоу, уизэкъуабзэу
Зы шхомлакIи уани птелъэп.
Гугъэузэу, ушъогъуабзэу
Пшъэ уфагъэу укъыспылъэп.

СэшIэ, сэшIэ къыпщышIыгъэр,
Жъыгъо нэпсыр имыкIут...
Сщыгъупшэжьрэп, хьэйуан пшъыгъэр
Ошъо чапэм джыри Iут.

1977

## ЗЫПЫМЫТ ЧЪЫГЫР АГЪЭСЫСРЭП

Жъогъо лъагэм узнигъэсрэп,
Зыпымыт чъыгри агъэсысрэп.
Сыжъугъэсыс, кӏалэхэр,
Сыжъугъэсыс, лалэхэр.

Къыспэтэкъушъ, къэшъуугъой,
Жъогъо нэфыр шъо шъуихъой,
Нэхъой закӏэшъ сиорэд,
Шъуипчъэӏупи шъуфыӏорэт.

Ӏордэгъазэм зи къыпызрэп,
Къутэмэнчъэр агъэсысрэп.
Шъумыгуӏэу, кӏалэхэр,
Мызэу-мытӏоу, лалэхэр,

Сичъыг шъхьапи сфэжъугъэмыс,
Слъэпсэ пыти сфэжъугъэсыс.
Синамыси шъуфэрэлъаг,
Шъунэмысми, шъуфэрэдах.

Дэхэ пстэури мафэ хъурэп,
Огъэсысми, чъыгыр гъурэп.
Сыжъугъэсысми, кӏалэхэр,
Сышъуутми, лалэхэр,

Лъэпсэ дэчъэу сэ шъусиӏ,
Симэкъабэкӏи шъущыӏ.
СищыӀэныгъи зы макъэп,
Ащ ылъапси орэд закъоп.

1978



## СИПЫЙХЭР

СшӀэрэп моущтэу сызкӀыщытыр,
Тхьаусхалэр слъэгъу хъурэп.
Сыд ныбджэгъукӀэ ащ епшӀэщтыр,
Гупшысэгъуи тызэфэхъурэп.

Жьыбгъэр къилъмэ, жьыфы фэдэу
КъадечъэкӀрэм нэжгъкӀэ сеплъы,
Тхыр ыуфэу, шъхьащэм хэтэу
ЗызгъэцӀыкӀурэм сыгуи фэплъы.

Теубытагъэ зыхэмылъым
Дышъэр хэлъми сыд епшӀэщт?
Къыоплъыщтэп, пцӀыр зипцӀылъэм
Упалъэщтми, уигъэпцӀэщт.

Щытхъум ишӀур зиӀупшӀакӀэр,
ЗыгужъуакӀэ мыжъо закӀэр
Таущтэу къашъуӀо шӀу плъэгъуна,
Ащ ныбджэгъуи уфэхъуна?

УринэӀумэ дахэр зыӀоу,
УрикӀыбмэ, узыулыӀоу
ЩыӀэ пстэуми сафэмый,
Ахэр зэкӀэ сэ сипый.

Зэ мэлышъор, зэ бэджашъор
Зи армырэу зытралъашъо,
Ау нахьыбэм тыгъужъышъор
Джахэр арых, арых зышъор.

1978

## ХЪОХЪУ

Ныбджэгъугъэм ихьатыркIэ
Хъохъубжъэм зы къесIолIэн:
Хэлъи щыIэп сIощтым шъоркIэ,
Къытхэтынэп лIэу мылIын.

Шъуиорэди шъуишъыпкъагъи
Гугъэ IофкIэ зарэпхъуат,
Хьалэлыгъи къаигъагъи
КъышъоутэкIрэм шъухерэгъуат.

Шытхым уанэр, шхор зэрекIоу
ЗэдэIуныр шъуфэрэдах,
Сыдрэ жьыбгъи бгъэгур пекIоу
Шъуипытагъи орэлъаг.

Чъыгри лъапсэм щегъаIэ,
Мафэм нэфылъэр иплъапI.
Тезгъэты сшIоигъу шъунаIэ:
Къошыгъэр къошмэ ялъапI.

Бэ хъохъубжъэм етIолIагъэр,
Бэ нычхьапи тыздэкIуагъэр.
Тызнэмысэу тщыгъупшагъэр
Пыйхэр арэу хэт зыIуагъэр?!

Адэ армэ, къябжьыбжьынэу
Хъохъур сфэхъоу афэсэIо:
Шым зырадзэу дэкIмэ зекIо
Лъэс-лъэбыIоу къэкIожьынхэу.

Уанэр атхэу, шъхьэр шIозыгъэу
УаIукIэнкIэ тхъагъо ахэм.
ПшIапшIэу, дыджэу, амызыгъэу
Къорэт шъуатэр япчъэкъуахэ.

ЛIыгъэм, цIыфыгъэм, шъыпкъагъэм
Ядахэ, ныбджэгъухэр, къэшъуIуат.
Мы бжъэр гукъабзэм, зэфагъэм,
ГугъапIэм пае къэшъуIат.

1978

## УФАБ, УШЪАБ, ЧӀЫЛЪЭМ УРИНАП

Сыдэу бзылъфыгъэр, адэ бзылъфыгъэр,
СэркӀэ ужъалым, удах, упаг.
ПаӀор зыщыгъэу щыӀэ хъулъфыгъэр
Къызщыбгъэгугъэу утыгъэ лъаг.

Гугъэр уадэжьэу сыкъыбдежьагъэшъ,
Уинэфынагъэ лъэгъо шъхьэфыб,
Сызыхэпщагъэу, сызхэгъощагъэу
Непэ сызхэтыр гухэлъ шъэфыб.

Уфэбэ-шъабэу, утхьэркъо пшъэфми,
Бзылъфыгъэр, сэркӀэ, сэркӀэ умыс.
Сэри мысагъэр пшӀосыушъэфми,
Сыхыеу оркӀэ, оркӀэ щымыт.

Арэущтэу щытми, оры, бзылъфыгъэр,
ГъашӀэм ылъапсэр, шӀугъэм ышъхьапэр,
ПаӀор зыщыгъэу щыӀэ хъулъфыгъэр
КъытфэзылъфыгъэуӀ чӀылъэм ынапэр.

1979



## ШЪХЬАЩЭ СЭ, БЗЫЛЪФЫГЪЭР, КЪЫПФЭСЭШӀЫ

ШӀу услъэгъоу, сыбгъэгушхоу, узгъэшӀагъоу
Шъхьащэ сэ, бзылъфыгъэр, къыпфэсэшӀы.
Усишыпхъоу, усишъузэу, шӀур сфэпшӀагъэу
Сэ сигъашӀэ о щыбгъаӀэу къыбдэсэшӀэ.

Унэфылъэу, улъэпкъ гъашӀоу чӀылъэ шъхьагъым
Тыгъэ фабэу ушъхьэщытэу укъысфепсы,
ПсынэкӀэчъэу, учъэгъуабзэу, ушӀушӀагъэу
Мэфэ жъоркъым игопэгъум укъысфэсы.

СанэӀу уитми, уӀукӀотми, усымлъэгъуми,
Хъулъфыгъэгур гугъэ шъэфым хэогъэты.
УишӀэ хэлъэу е хэмылъэу сыкъыплъыхъуми,
Сызыфаер о зыр арышъ, къэсэгъоты.

Гъогу сытетми сытемытми, сишӀулъэгъур
Зы шӀулъэгъоу сигъогууанэ хэсэгъэкӀы,
Гур хэбгъэкӀэу, нэр бгъэушӀункӀэу, синэплъэгъуи
Бгъэчэрэзэу мызэу-мытӀоу къыхэкӀыгъ.

Ау етӀани пщэ зэхэкӀмэ акъогъу пакӀэ
СигукӀае сщыбгъэгъупшэу уакъосыкӀы.
Жъогъо нэфым уезгъэпшэнэу сыфай шъхьакӀэ,
Ащ нахь нэфэу уинэф огум къысфепсыкӀы.

ШӀу услъэгъоу, сыбгъэгушхоу, узгъэшӀагъоу
Шъхьащэ сэ, бзылъфыгъэр, къыпфэсэшӀы.
Усишыпхъоу, усишъузэу, шӀур сфэпшӀагъэу
Сэ сигъашӀэ о щыбгъаӀэу къыбдэсэшӀэ.

Уцӏыф шъабэу, уцӏыф гуахьэу, уцӏыф дахэу
Упкъы псыгъуи синэфшъагъо хэдыкӏыгъ,
Дунай нэфыр зэлъыплъэгъоу, лъэпэлъагэу
Чӏы етӏагъом чъыг лъэпсабэу ущыкӏыгъ.

Ащ нэмыкӏэу ныцӏэр уиӏэу сыкъэплъфыгъэшъ,
Дунай дахэу, дунай нэфри къысэптыгъ.
Уиорэди кушъэ натӏэм щынэфыгъэшъ,
Сэ сигъашӏэ уишӏушӏагъэ щысӏэтыгъ!

1979



## ТЫГЪЭМ ФЭДЭУ УХЬАЛЭЛМЭ АӀОУ БЭРЭ ЗЭХЭСЭХЫ

Тыгъэм фэдэу ухьалэлмэ аӏоу бэрэ зэхэсэхы,
Дэгъур дэгъумэ, шӏугъэу щыӏэм ари апшъэу къахэсэхы.

Ау етӏани чӏылъэм тетыр хьалэл напэу чӏылъэм щесы,
Иӏэр зэкӏэ зышӏомакӏэу нэцӏэфафэр тыгъэм къесты.

Стыгъэр стыгъэ. Мэшӏо стырым пэмытыгъэу къымыстыгъэр
Ары непэ гупшысэнэу мы сатырхэр зыфэстхыгъэр!

1979

## ГУХЭР ТФЭРЭШIУХ

Ошъо гъунапкъэу шхъонтIэбзэ нэзым
СыфыдекIокIзэ, орэд къэсэIо.
ПIупшIакIэ осэу модэ мо тесым
Фэдэу сыкъесы. Ощхэу сыкъэкIо.

Силъэгъо мафэ лъэмакъэу текIрэм
Мамыр гухэлъыр хэти лъегъэсы,
Сидунай нэфэу нэплъэгъум чIэкIрэм
Дэхагъэу щыIэр гум сфырепэсы.

ЧIылъэм лъэбэкъур, лъэбэкъу щыздзыфэ,
Уидэхэ Iуагъэ бгъэгум дэлъыщт.
Гухэлъэу сшIыгъэм сынэбгъэсыфэ,
Уитыгъэ фабэ къысфебгъэпсыщт.

СэшIэ дунаим, сэшIэ сэ щыхъурэр,
Ащ фэдэ дэдэу гупсэфэу щытэп.
Гуфаплъэ сфэхъоу нитIумкIэ слъэгъурэр
Джау щхыпцIы Iофэу къызшIозгъэшIыщтэп.

Икъун уилIыбэу уичIылъэ лъэсхэр
Уапашъхьэ бгъэкIэ къызэрифагъэр,
Икъун дунаим шъузэбэ нэпсхэр
ГухэкI-гукъаоу зэрэхэткIуагъэр.

Оры тинэфыр, оры тидахэр,
Зауи гукъауи тэ тищыкIагъэп.
ТэкIо, тыфэкIо тигугъэ лъагэ,
Ау бэмэ бзэджагъэр джыри ханагъэп.



Неущ къэхъущтым уемыгупшысэу
Арэущтэу таущтэу ущыIэшъун,
ЧIылъэм щыжьаоу, чIылъэм щыпшысэу
Дгъэпсыным фэшIы тыгуи дгъэшIун.

1979

## ТЫГЪЭР КЪЕПСЫЖЬЫЩТ

Бгышъхьэм сыдэкIуае,
Сызыхэтыр уае.
Уаер къыздэуае,
Сигъогууани кIуае.

КIуаеу тхышъхьэр щытми,
Силъэмыджи стыгъэ.
Уаер къысшъхьэщытми,
Къепсыжьыщтыр тыгъэ!

1979



## ТИГЪУНЭГЪУМЭ ЯПЧЪЭIУПЭ ШЪЭОЖЪЫЕР ЩЫПIЭТЫГЪ

ТигъунэгъумэяпчъэIупэ
Шъэожъыер щыпIэтыгъ.
Тыгъэпс фабэр пIупэ, пIупэ
Темыфэжьэу ущытыгъ.

Сыкъыоплъышъ, мэфэ дахэр
Уигухэлъы къыхэпсыкIы,
ПсынэкIэчъэу гъэтхэ лъагэр
Уищхы макъэ къыхэсыкIы.

ПсырыкI чъыгмэ, ом ипщэфмэ
Орэд шъэфкIэ зыкъыпхашIэ,
ЧIылъэ мэщмэ, къушъхьэ джэфмэ
Уалъэгъугъэшъ, Iэ къыпфашIы.

ГъэшIэгъоныр, сигукъауи
Арыдэдэм сщыгъупшагъ.
ШIулъэгъу псалъэр сэ къысаIуи,
СызиIэтрэм ор сишапхъ.

Шэпхъэ закъоу арэп гъашIэр,
ГъэшIэгъонэу ар зэхэт.
Мы дунаим шIугъэ фашIэр
ЩимышIэнэу пшIэрэр хэт?

ЗиIэтыгъэшъ, мэфэ лъагэр
Уигухэлъмэ къахэпсыкIы,
ПсынэкIэчъэу гъэтхэ дахэр
Уищхы макъэ къыхэсыкIы.

1979

## УСЭ ЛЪЭГУКIЭ ЧIЫМ СЫРЭКIО

Зы шъхьац фыжьи пшъхьэ хэхъуагъэп
АIошъ бэмэ агъэшIагъо.
ШIагъуа, мары сыгуи тхъуагъэп,
Бгъэм дэсэхышъ сэгъэлъагъо.

Iэгъо-благъом осыр щесышъ,
Зыгъэтхъощтыр ара сэIо!
Iом сыхэкIмэ шIэм сыщесэу
Усэ лъэгукIэ чIым сырэкIо.

Мор къыздэхъурэп, мощ сыдэхъурэп
СIоу шъугъоным зезгъэстыгъэп,
Жьыбгъэ макIэр гъусэ сфэхъурэп
СIоу икъепщи щезгъэтыгъэп.

Бжыхьэр къэсмэ чъэп къехыгъэр
Дунай напэу чIымкIэ дахэ,
Къушъхьэ чыжьэу сэ хэсхыгъэр
Джыри сэркIэ лъагэ, пагэ.

Тыгъэр сиIэу, мафэр сиеу
Зыхъурэм олIа хьауми отхъа?
Ом лъэойри еуусэеу
Ипщэф тхъуагъэ сфыIуотхъуа?

Зы шъхьац фыжьи пшъхьэ хэхъуагъэп
АIошъ бэмэ агъэшIагъо.
ШIагъуа, мары сыгуи тхъуагъэп,
Бгъэм дэсэхышъ сэгъэлъагъо.

1979



## УРАМЫБГЪУР НЭФЫНАБЗ

Урамыбгъум зы бзылъфыгъэ рэкIо, рэкIо.
Сыдэу даха, дэу шIыкIашIуа сыгу къысеIо.

Гур лъыбанэу, гур лъыгуIэу ар зблэкIыгъ,
Къемыплъэкыэу блэсыкIыгъэшъ, сыгу хэкIыгъ.

Урамыбгъум зы бзылъфыгъэ рэкIо, рэкIо,
Сыдэу даха, сыдэу пага сыгу къысеIо.

1979

## ИЛЪЭСЫКIЭМ ШЫЦIЭ МАФЭР ТЫРАIУАГЪ

Хъот-борэнкIэ, жьыбгъэ щыщкIэ кIыригъэщэу
Илъэсыкlэу тфэмэфэщтыр къытфэкIуагъ,
ЧIылъи уашъуи Iумыл фыжькIэ зэлъызгъэщтэу
КъытфэкIуагъэм шыцIэ мафэр тыраIуагъ.

ШыцIэ мафэр тыраIуагъэу аущтэу щытмэ,
Джара илъэс псаум сызтесыщтыр?
Сэщ нэмыкIыр шыу зэпэшэу къыстечъыщтмэ,
Сыд лъэрыгъым слъапэ зыфитыщтыр!

ЩтыргъукI чэщэу хъот-борэным ишы чъэрхэр
Зэпэщытхэу, зэпэщыщхэу къысещалIэх,
Жьыбгъэ тамэм зэлъипхъуатэу асэку фыжьхэр
Сыдэу ахэр, сыдэу ахэр къэчъэн фалIэх.

Сэ хъохъубжъэр илъэсыкIэм фэсIэтынышъ,
Сиилъэсы ионэши сешэсын.
Пшысэ мафэм, пшысэ лъагъом джы зестынышъ,
Мамыр тыгъэр чIылъэ шIагъом фезгъэпсын.

Жьыбгъэр къилъмэ кIэшъуикIэу, кIэщыщыкIэу
Сионэши а зы чIыпIэм щимыгъэт.
Синасыпы игъогу хьылъэ сытемыкIэу
СызфыщыIэр сигъэтхапэу гъэтхэ къэт.

ИлъэсыкIэу, насыпыкIэу къытфихьагъэм
Ишы фыжьы шIукIэ, шIукIэ сытегъэс,
ЩыIэныгъэм игугъапIэу сызхэхьагъэм
Гухэлъ дахэ къысфыриIэшъ, сынэгъэс.

1979

## ТЫГЪЭТIЫСИ, ОРЭД ТЭГЪЭУС

ТыгъэтIыси, Джанхъот, зэхэзыхрэм
Ыгу рихьынэу орэд тэгъэус,
Гъэтхэ уцым фэдэу зызырихрэм
Тыгъэпс фабэу хэти ерэгъус.

Ори ошIэ, сэри сыщыгъуазэшъ,
Адыгагъэм орэд фэтэгъаIу.
ШIугъэу щыIэм титIо тыфэхъуапсэ,
ЗыдэщыIэр тэшIэшъ, тылъыгъакIу.

ТкIуачIэ хэлъэу гъашIэм илъэгагъэ
Хъырахъишъэу хэлъыр къыхэтхын,
Щыф псэупIэу чIылъэм идэхагъэ
Пае орэдыби зэдэттхын.

СэшIэ: шIугъэ закъоу, тыгъэ закIэу
Мы дунайри тэркIэ зэхэмылъ,
ГъашIэм гур щылъэшми, жьыр щымакIэу
КъызщыхэкIрэм зыкIи тыпымылъ.

Мылъэ-мыпкIэу гъашIэр зы чIыпIалъэм
Итэп, Джанхъот. Орэд тыусын.
Псыпэр чъэзэ, чъэзэ хымкIэ маплъэ,
Игухэлъи дахэшъ, ащ нэсын!

1980

## ИСЛЪАМЫЙ

Мэшlо тэпым нахьы плъырэу
Къашъом ыцlэр Ислъамый,
Шъэфи нафи зыфэплъырэу
Къэшъо пстэуми ар ялый.

Лlэшlэгъу пчъагъэм тигъэгъуазэу
Къин тызхэтми, тхэмызыгъ.
Зы гъэп, гъитlоп лъэпкъ мыкlуасэу
Мэшlо нэфэу ар тхэлъыгъ.

Джэныкъуачlэм тэпышэсэу
Дэшэсыкlрэм ар ехьщыр.
Къэдгъэшlагъэм тхыдэу, пшысэу
Къэдгъэшlэщтми тшъхьэрыщын.

Пщынэм уилъми, ащ уимылъми,
Ислъамыер, слъы ухэлъ.
Шlугъэу пхэлъыр сэ схэмылъми,
Схэлъэу сшlэрэр уигухэлъ.

Плъэ утетэу, жьыбгъэ шыкlэу
Къашъо, уджы пшъхьэ уфит.
Уощх нэфэу, ямышlыкlэу
Тыгъэ фабэу ташъхьагъ ит!

1980

## ПЩЫНАУ

Пщынэ lапэхэр зырызхэу къэущхи,
Нэфылъ шэплъым иорэд къыхидзагъ.
Кlэлэгъу чыжьэм ипчъэ сэ фыlусхи,
Сызыплъэщтым тыгъэр къыстепсагъ.

Орэд шъабэр пщынэм мэкlэ-макlэу
Псынэкlэчъым фэдэу къешкошкукlы.
Ошъо чэпэ нэфыр тимэфакlэу
Зэлъалъэгъоу ари къыхэкlукlы.

Пчэдыжьыпэ тыгъэм сыпхырэплъышъ,
Сицlыкlугъор гъиблэу къысхэпсыкlы:
Онэ псынкlэм ишlын сятэжъ пылъышъ,
Шъом шъодэныр сэри хэсэбзыкlы.

Шlугъэр зэкlэ сянэшъ зигонэсыр
Игушlопси титlо къытхегъуатэ.
Мыгъэ нахьи нахьы лъэшэу осыр
Зэ къесыгъэу пщынэм къысфеlуатэ.

Тичылапшъи пшъыгъэр зыдамышlэу
Кlали пшъашъи джэгум къыщэуджых.
Сиыбджэгъухэр, чъыlи, зэхамышlэу
Чынэешlэу тичэукъуапэ щызэхэтых.

Джыри, Ким, джыри гур тфэбгъатхъэу
Уиорэди пщынэм къытфегъаlу.
Тыозэщрэп, зэщым уимылъахъэу
Тыодэlузэ, хъярым тыфэгъакlу.

1980

## УДЖ

Iэпэзэрытэу лъэпэгъэуджыр
Уджыхъурайме, тхъагъо тиджэгу
ДжэгуакIом ыIоу, фэчэфэу уджыр
Къытфырещажьэшъ, шъукъихь типчэгу.

КIэсэ Iэнтэгъум пIэнтэгъуи нэсэу
Укъыдэшъоныр сыдым ыуас,
ЗэфэшIу-зэфаер нэбгыритIу гонэсэу
ШIулъэгъур ныбжьи орэмыкIуас.

Жъуагъор тIурытIоу, тэрышъы тытIоу
Сыдэу мы пчыхьэр пчыхьэпэ дах,
НэбгыритIу яшъэфи мазэм гурыIоу
ГурыIогъошIур тиошъо лъаг.

Пкъыр лъакъом диштэу укъашъо зыхъурэм,
Бгъэгум дэлъыгури быбыщтым фэд.
Уджым уикIасэ къызэрщыбдэхъурэм
Фэдэу уихъяри о къыпфэрэт.

1980



## ЗЭФАКIУ

ЗэфакIу раIуагъэр мы къэшъо шъабэм,
Тикъэшъо пстэуми дахэу къахэщы.
Пщэфым инэфым, машIом ифабэм
Фэдэу шIулъэгъур чIылъэм шъхьэрэщы.

Лъэбэкъу зытIущыр титIо тазфагоу
Зыгъа е гъишъа тапэкIэ къэтыр?
Къашъом тыхэтэу гугъэ зэфакIоу
ШIулъэгъу зыфакIуа тэ тиорэдыр?

Мэкъамэр пщынэм къызэрэхидзэу
ТичIылъи уашъуи абгъэ ар дизэу
«ШъунасыпышIox!» тIуми къытаIо,
ЗэфэкIо гупсэм тызэфегъакIо.

1980

## ЗЫГЪЭЛЪАТ

ШӀулъэгъу шъхьэихыр мы къашъом раӀошъ,
Тызэреджагъэр ащ Зыгъэлъат.
Лъапэр тфычӀапсэу ухьатыякӀошъ,
ДжэгуакӀор, пчэгум къытфытелъад.

УишӀэ хэмылъми, сшӀэрэр сигуапэу
Лъапэр пфычӀассэу сыкъытехьащт.
ГукӀэ сфэкӀасэм ишарыф къуапи
Пщэф пӀокӀэ псынкӀэу жьым зэрихьащт.

Угу шӀу имылъэу, шӀу умылъэгъоу
Мы къэшъо псынкӀэм къыдэшъогъуай.
ШӀудэдэ плъэгъурэм ынапэ плъэгъоу
Укъыдэшъоныр шӀулъэгъу дунай.

1980



## ОРЭДЫIОМ ФЭГЪЭХЬЫГЪЭ БАЛЛАД

ХымэчӀ чыжьэм къыщыхъугъ нахь мышӀэми,
Виктор Харэ усэр сэ фэстхыгъ.
АдыгэчӀыр ешӀэми емышӀэми,
ГухэкӀ псалъэр тадэжь къынэсыгъ.

Сыд къэбара непэ зэхэтхыгъэр?!
Осы шӀуцӀэр къушъхьэм жэхэфагъ,
Тыгъэу ошъо чапэм щытхытхыгъэр
Огум щыкӀосагъэу ар мэфагъ.

Зафэм изэфагъэр ибыракъэу
Орэдыбэр Виктор имэкъам,
Чили щышъхьафитэу, чӀым щыбакъоу
ПыйкӀэ орэд макъэр ащ икъам.

Къали чыли мыпшъэу орэд дахэр
Цӏыф лэжьакӀом пае къащиӀуагъ,
Гур ыгъаплъэу, лъэр кӀиутэу кӀэлэ пагэр
Бай ураммэ бэрэ арыкӀуагъ.

«ЩыӀэкӀакӀэм, скъошхэр, шъхьэр фэшъуӀэти,
Тышъхьэфитышъ, тыгъэр зэдытый.
Тыгъэр орэдыкӀэу тшъхьэщэрэти,
Ащ фэшъхьаф тэ зыми тыфэмый!»

Сыд къэбара непэ къытэӀугъэр?!
Тыгъэр Чили, тыгъэр щыкӀосагъ,
Шъхьэфит псалъэу пыймэ щаулъэгугъэр
Мыгугъэнэу хьапсым щыдадзагъ.

Орэдыlор пщынэм емыонэу
Іэхъомбипшlыр ощкlэ паупкlыгъ,
Орэдыlом орэд къымыlонэу
Нитlур ракlи, ыпшъи зэпакlыгъ.

Сыда орэдыlом ыпсэ хэпхкlэ,
Имэкъамэ тыдэ, тыдэ пхьыщт?!
Виктор орэд къыlоу зызэхэсхкlэ
Сыдежъыушъ, Чили шъхьэфитыщт!

1980



## НЕУЩРЭ МАФЭР ТИГЪЭШІЭ ЩЫІ

Непи неущи зыгорэм сежэу
Сищыlэныгъэ гугъэм хэмыкl.
Непи сфэдэеп, неущ нахь lушэу
Къэкlощт къысшlошlрэр гухэлъ нэмыкl.

Дунай къопиплlым изы лъэныкъоу
Ар къыздикlыщтым сыщымыгъуаз,
Сэ сшlэрэ закъор а зыр сфэныкъоу
Къепсыщты жъуагъоу гукlэ сфэгъуаз.

Мары, джыдэдэм тадэжькlэ къикlи
Чылэ къэбархэр сэ къысlукlагъэх:
Гъатхэм дежъыоу тимэщи къэкlы,
Натрыфри чlыплъри къабзэу апкlагъэх.

Илъэсы псаум зэфэхь-зэфэсхэу
Бгы лъэпэ кlыщым lофыр щэкlуатэ.
Чэу пакlэ пэпчъы пхъэтэкъэжъ тесхэу
Тичылэ лlыжъмэ къэбар щаlуатэ.

Уичылэ пкъэоу о къыпкlэтынри,
Ежь укlэтынри сыд ымыуас.
Сичылэ гупсэ тыгъэу шъхьащытри
Егъэшlэ лъапсэм орэмыкlуас.

Непэрэ мафэр зэрэмэфэшlур
Шlугъэкlэ хэти, хэти еslон.
Ар сэlо шъхьакlэ, неущым фэшlоу
Джыри нахьышlур къыкlэлъыкlон.

Ау зыгорэкIэ мафэр тфэпщагъоу
Огъур къебэкIмэ, хэткIи дэищт.
Сыд фэдэу щытми, сызытепщагъэу
ЛъэгъуакIэу сиIэм гур фэсщэищт.

Неущрэ мафэр тигъэшIэ щыIэшъ,
Титыгъэ шъаби огум ерэт.
Непэ нэмыкIэу неущри тиIэшъ,
Насыпы джанэр шIукIэ тферэд.

1981



## ЗЫ НЭФЫН, ЗЫ ГУКIЭГЪУ

ЩыIэныгъ зыфаIорэр
СыщэIэфэ сигощэгъу.
ЦIыфыгъэр зыфакIорэр
Зы нэфын, зы гукIэгъу.

Зы нэфынэу, дунай гъашIэу
СфыщэрэI сиорэд.
Тыгъэм фэдэу – ар бэгъашIэу! –
СигукIэгъуи къысхэрэт.

1981

## ГУГЪЭ КЪЭТ

Илъэсипшlэп, илъэс тlокlэп,
Дэхэкlаий къэзгъэшlагъ.
Сышъхьэзакъоп, сызэгъокlэп,
Амышlагъи сымышlагъ.

Умэщышlэу уцlыф зыхъукlэ,
Бэ дунайми теплъэгъощт.
Дышъэ бзыум узылъыхъукlэ,
Тыжьын бзыукlи уплъэхъущт.

Зым илыеу тами зготэп,
Гухэлъ гугъэм сырыщыl,
Щыlэныгъэр нылэлъф гъотэп,
Ар пкlэнтlэпскlэ къыспэщылъ.

Щылъэу, щытэу – уеlэбэхмэ! –
Къэбгъотынэу ар щымыт.
Агужъуакlи дэлъэу бэмэ
Къызыпфахьрэм аlымых.

Сылъэсрыкlу сэ, шым сытесэп,
Шым тес пстэури мытыгъэпс.
Сышыупащэп, сымэзпэсэп,
Шэсы пlоуи семыгъэз.

Хъупхъэ пстэури лlыгъэзехьэп,
Лlишъэу сшlэрэм зы ахэт.
Хэтрэ цlыфи иlэр зы тхьэп,
Тхьэу сэ сиlэр гугъэ къэт.

1981



## ЖЬЫБГЪЭР КЪИЛЪЫГЪ

Сыдэу щэджагъор мэзым щыдэгъу,
Тыгъэнэстырым иуахът, итэгъу.

Мылъэгъу lушъашъэр пкlашъэм ишъэф,
Шъэфыр зыунэфрэр лъэс лъэгъо пшъэф.

Пшъыгъэр ымышlэу мэщхы, мэлъатэ,
Плъэдакъи къипкlэу уауж къелъадэ.

Мэз цунэ лъапсэм сыд пай, щэджагъу,
Учlэкlошъагъэу укъысэджагъ?

1981

## СИМЭФЭНЫКЪО ЩЫСIОГЪЭ ПСАЛЪЭР

Сыдэу нэгуфа сищэджэгъуапэ!
Ащ игугъапIэ сIупшIакIэ телъ.
Сытетэу сэкIошъ, джа силъэгъуапэ
Пчыхьэшъхьэ шэплъыр изы гухэлъ.

Симэфэныкъо фэдиз лъэгапIэм
СызщыблэкIыщтым шъукъысэмыдж,
Джыдэдэм тхышъхьэу осыр зылъапэм
Щыслъэгъурэр зэкIэ гугъэ лъэмыдж.

Мыджырэу сIорэп, тIыргъуагъэу слъэгъурэп,
Ситхъагъуи гугъуи къызэсэнэкIы.
Мэфэгум секIми, хьылъэ къысфэхъурэп,
Джауштэу сигъогуи къызэпысэчы.

СымышIэу щытэп, сызэрэкIуатэу
Егъэзыхыгъор псынкIэ сфэхъущт.
Слъэгъуштыр зэкIэ гухэлъ мыIуатэу
Къыздэмыхъугъэм сыгуи фэгъущт.

Арэущтэу зыхъурэм, къечэрэгъокIэу
СичIыгу хъураий ом хэрэсыкI.
Непэр неущкIэ шIукIэ зэшъухъокIэу,
Сауж къэкIыщтхэр, лъэр шъуфэрэпсынкI.

1981





## СИЩЭДЖЭГЪУАПЭ ИПЧЫХЬЭ ШЭПЛЪ

Сищэджэгъуапэ хэт къылъыджагъ?
Симэфэ ныкъо сэ къыслъежьагъ.

Ощхбыбым фэдэу укъыскIэхьагъэшъ,
УпчIэ-мыупчIэу укъыстехьагъэшъ,

Ашъыу, нэщх-гущхэу укъыстерэщх,
ГъашIэу спэщылъми ренэу дэрэщх.

Ормэ къэджагъэр – сыомыжагъ,
Щэджэгъо уахътэм укъысэшагъ.

Пшэхъо стырыгъом укъэсыгъахэшъ,
ГъашIэм ызныкъо къысэптыгъахэшъ,

Адрэ къэнагъэр зыгорэу хъун,
Угъусэ дэгъумэ, къыздэплъэгъун.

Щэджэгъо уахътэр мэфэ кIэухэп,
Ащ имызакъоу IункIыбзэ Iухэп.

СыкъызэплъэкIмэ, къэскIугъэр макIэп,
СапэкIэ щылъри гъогу шъэбэ закIэп.

Джыдэдэ ныIэп гум къыгъэшIагъэр
ГъашIэм ызныкъоу сэ зыщысшIагъэр.

Гъогум ызныкъо къызыщыскIугъэм
Джыри сыхэкIрэп, сыхэкIрэп гугъэм.

Гъэм илъэгапIэ щэджагъор ехы,
Ечэнды благъэм сэлами рехы.

Сэри пчыхьапэм ичэпэ шэплъы
ЛъапэкIэ зисщэу тхышъхьэм сыдэплъы.

1981



## ГЪЭШIЭ ГУХЭЛЪКIЭ РЕНЭУ СЫБАЙ

ГъэшIэ лIэшIэгъур цIыфыгъэ шапхъэу
Уахътэм пхырысхэ, чIылъэм сырэкIо.
СытекIодэщтэп, мы зыр сфэшIапхъэшъ,
Шъэфи хэмылъэу хэти есэIо:

Сэ мы дунаим сыщытхьамыкIэп,
СызыфыщыIэр сигугъэ пай.
Джа закъор ары, ары – нэмыкIэп,
ГъэшIэ гухэлъкIэ ренэу сыбай.

1981

## СИНЭФЫНЭ КЪЫСФЭРЭСИ, СЫДЭКIОН СЭ

Бжыхьапэр къызэрэсэу
СыдэкIон сэ.
СикIасэр сигонэсэу
КъысфэкIон сэ.
КъэрэкIуи пчыхьэшъхьапэу
Къерэlуи ыгу сырихьэу,
Бжыхьапэр къысфэмысми,
СыдэкIон сэ,
СыдэкIон сэ,
СыдэкIон сэ,
Синэфынэ къысфэрэси,
СыдэкIон сэ.

ТикIалэу кIэлэ дэгъуми
Къызэлъащэ.
Сахэтэу сипшъэшъэгъуми
Джэгум сащэ.
Къыращэшъ кIэлэ шIагъор,
Къагъашъо сыпсэ закъор.
НэплъэгъукIэ сэ синагъом
Сыкъыдашъо,
Сыкъыдашъо,
Сыкъыдашъо,
НэплъэгъукIэ кIэлэ нагъом
Сыкъыдашъо.

Пщынаом удж хъураер
КъырегъаIо.



ГушIопсэу сидунаир
Сэ къысфакIо.
КъэIабэшъ сипшъэшъэгъумэ
Сахещы сишIулъэгъум,
Синэфым сыдэкIонэу
Сэ къысеIо.
СыдэкIон сэ,
СыдэкIон сэ,
Хъопсагъоу тыщыIэнэу
СыдэкIон сэ.

1981

## ШІУГЪЭУ ЩЫІЭР ЦІЫФ ХЭГУАЩЭУ КЪЕСЭХЬАКІЫ

Ошъо чапэм тыгъэ фабэр къытфыкъокІы,
Хъурэябзэу гушІогъопсыр ретэкъокІы.

Псыхъо нэпкъхэр зэфэгушІох, зэпэІутых,
Орыпс чэфхэр тыжьын сапэу псым рекІутых.

Лэгъупкъопсыр къушъхьэ къуапэм къытфыкъощы,
Бланэр малъфэшъ, иощх фаби дэсэгощы.

Чэрэз чъыгми игушІуагъо къызгурэІо,
Гъэтхэ шъабэр шъхьэщытынэу ащ тесэІо.

Лэгъупкъопсри чэрэз чъыгри чІым шъхьарэщы,
Тыгъэм фэдэу сигушІуагъуи бгъэм къыдэщы.

ШІугъэу щыІэм, шІугъэу щыІэм сепкІыхьакІы,
СепкІыхьакІми, цІыф хэгуащэу къесэхьакІы.

1982

## ШЭФЛЪАГЪОР КЪИНМИ, СЫКЪЫПФЭСЫН

Жъогъуабэр огум
Щызэпэжъыу,
Жъыу нэфкІэ гъогум
Мазэр дежъыу.

Жъыупс тэкъуафэр
ЗэретэкъокІы,
Мышъэфэу, нафэр
Чэпэм рекІокІы.

СкокІы изыбзэр
Чэщныкъо пшыс,
Пшысабэм ыбзэр
Нэфылъ гупшыс.

Пшысэ тэмэфми
Сыкъешэсын,
Шэфлъагъор къинми,
Сыкъыпфэсын.

1982

## СИШIУЛЪЭГЪУР СЫПСЭМ ФЭД

Сишlулъэгъур сыпсэм фэд,
Гуахьы, кlэлэ нагъу.
Гугъэ дахэу ар къысфэт,
А зыр сыгу ижъуагъу.

Сыгу имыкlрэр кlэлэ нагъу,
Нагъор засlоу симэзагъу.
Жъогъо закъор ом сферэт,
Нагъор, нагъор сиорэд.

Жъогъо пстэуми янэфыпс
Сэркlэ зэфэмыд,
Уигупсагъи бгъэм сфыдиз,
Ощ нэмыкl ымыд.

Чэщ мэзагъом ощ фэшъхьаф
Жъогъо нэф имыт.
Сыд фэlуагъэр, кlэлэ маф,
Ори гу къыслъыт.

1982



## ГУГЪЭШIУ ШЪОГЪОТ

Сипчэдыжьыпэ шlугъэр къебэкlэу
Санэlу къетаджэшъ, сэлам есэхы.
Сичэщ текlыгъи къызэмыплъэкlэу
Сынэlу икlотзэ, сыкъызэхехы.

Уцмэ яхахъуи, жьыбгъэм ишъаби,
Ощхмэ ящхыкlи шlукlэ терэlэх.
Къушъхьэм илъаги, чъыгым ышъхьапи
Тинэплъэгъу кlэтхэу бэрэ щэрэlэх.

Псынэкlэчъ цlыкlур ренэу чъэбзэнэу,
Ипс зыlуфагъэр гукlэ къэбзэнэу,
Лъысlомэ-сеплъзэ, гукlэ сыдатхъэ,
Ежьми ыгу фитэу ичъэ хегъахъо.

Пхъэ мэшlо фабэу сэщ пае блэрэм
Тхьэуегъэпсэукlэ ыпашъхьэ сис,
Тэмитlу зэгохкlэ оми хэсыхьрэм
Ибзыу псынкlагъэ сыбгъэгуи диз.

Сичlыгуи сыгуи яжьы къэщэгъукlэ
Сиджэрпэджэжьи адырегъаштэ.
Тиlо зэхэлъэу арэущтэу зыхъукlэ,
Тызэмэкъэгъумэ, о пlапи къаштэ!

Ори осэlо, шъори шъосэlо:
Шъугу пэш охъуфэ, гугъэшlу шъогъот.
Зэкlахьи силэп – сиlуагъи зэlo,
Сэри сызфаер къыжъудэсэгъот.

1982

## ЯРЭБИ, СИУСЭХЭР БЭГЪЭШIЭЩТХА?

Ярэби, бэгъашIэ
Сиусэхэр хъущтха?
Хьауми сигъашIэ
ШIэхэу хэзыщтха?

Тыгъэу къепсрэм дэжьы
Чыжьэ-благъэшъ, сэкIо.
Пщэфыми сыфэджэ,
ЧIыми хъяр есэIо.

Гум пхырычъмэ уахътэр
Гъогури мызэгъокIы,
КъыздаIыгъэу нахътэр
Iаджи къыспэгъокIы.

КIом сыхэтэу тамэм
Къамзыипи хэзы,
Щыбзэ нэхъукIэ бзамэм
Шъуатэри къысфезы.

Лъаги, пыти, махи,
Шъэфэп, сахэкощы.
ЩыIэныгъэм дахи
Iаий къыздегощы.

Гощэнэфэу чIылъэр
СэркIэ лъэрычъаб,
Сипчэдыжь нэфылъи
Гугъэм изыпчъабл.



Ярэби, бэгъашIэ
Сиусэхэр хъущтха?
Хьауми сигъашIэ
ШIэхэу хэзыщтха?

Сыдым ар фэсшIэна,
СшIагъэр синасып.
Псапэу зэхэсшIэна,
УпчIэр симэзып.

1982

## ОРЭД, КЪАЙСЫН, СЭ КЪЫБДЭСIОЩТ

Къайсын Кулиевым ыцIэкIэ сэтхы

Сэшlэ сэ, сэшlэ: сылъэсми шыуми
Сиджабгъу лъэныкъо ренэу щытыщтыр.
Сэшlэ сэ непэ сыгъэтхэ бзыуми
Сипсалъэ уасэ къыфэзышlыщтыр.

Анахь шы чъэрыр къыосщэлIэнышъ,
Сылъэрыгъ Iыгъэу узгъэшэсын.
Гъусэу къыбготмэ уахэзгъэплъэнышъ,
Шъыпкъагъэу схэлъыр остын,Къайсын.

Адыгэ хабзэм къызэрэсиIоу,
Уисэмэгубгъур сэ сиуцупI,
Уцупэзещэу чIылъэм урыкIоу
УусэкIошхошъ, шIум уришIуп.

ШIугъэр бгъэлъагэу огум узитрэм,
КъыпкъогушхукIрэр сэры, нахьыжъ.
Ежъым уезаоу тыгъэм зебгъэстрэм,
УинэгушIуагъи сэ къысфахьыжь.

Уашъоу тшъхьащытым, чIылъэу тызтетым,
УсэкIо инхэр щыдэгъу, щыIуш.
Iушыгъэ хапчъэу сызыхэхьащтым
Узэрахэтри сщэрэмыгъупш.

УисэмэгубгъукIэ шыу гъусэ готэу
Сыкъыбдэушъзэ, шIум тыфэкIощт.
Мэкъэмэ шъхьафри зэтемыкIотэу
Орэдри, Къайсын, сэ къыбдэсIощт.

1982



## МЭЗЭГЪО ШЫУ

Чэщ мэзагъом изы жъуагъо
Сыд фэIуагъэр укъешэсмэ,
Умыпшысэу, угушIуагъоу
Тхьэр къысати, укъысфэсмэ.

Мэзы Iапчъэм уфэIапчъэ
Умыхъунэу тхъор фэгъас,
КъыпфыIуихми идэхагъэ,
Iэчъэлъачъэу зымыгъаз.

Къэбзэ-лъабзэу зипсы орхэр
Шысэку куашэу зэзтэкъокIрэм,
Мо къокIыпIэу зилъэ кIорхэр
Хэзгъэблахьрэм уакъызблэкIрэм,

СыблэкIыгъа пIоу гумэкIым
Ухэмыхьэу къысфепсых,
Сигупшысэ ухэмыкIэу
СкIэхэкIыгъэр ом сфебзых.

Ар пшIочыжьэу нахь гъогу благъэ
Къэбгъотыгъэу уиIэу щытмэ,
Сыдэу сшIына, сызпэплъагъэр
О зыр арышъ, сфыдэх хъущтмэ.

МэшIо тхъуабзэр зыпыустхъукIэу
Шэф лъэмыджхэм уапымылъ,
ШIулъэгъу машIом бэ пыхъыкIэу
Бгъэр къыщэймэ, удэмыплъ.

Чэщ мэзагъом мыгужъуагъэу
Изы жъуагъо укъешэсмэ,
Умыпшысэу, угушIуагъоу
Гугъэ гъашIоу укъысфэсмэ,

Псэм иIэшIур шIум идахэу,
Дахэу сиIэр къыостын.
Ар имыкъоу тыгъэ лъагэу,
Лъэгэ нэфэу ом уитын.

1983



**ДУНАЙ ГЪУКIАГЪЭР ПСЭНЧЪЭ**

Гъэмэфэ тыгъэр
Къепсы,
МэшIочэ лыгъэр
Къедзы.

Шыудзэ псыдзэр
Чъэжьрэп,
Ощхы лъэсыдзэр
Пчъэжьрэп.

Пхъэчай гъукIагъэр
Псынчъэ,
Дунай хъункIагъэр
Псэнчъэ.

1983

## ЗЭГОРЭМ УГУ СЫКЪЭКIМЭ

Зэгорэм угуи сыкъэкIмэ,
Зэгорэм угуи симыкIмэ,
Зэгорэм сэ сымылъэгъумэ
Мыхъунэу оркIэ къыпщыхъумэ,

Гъэтхапэу ситыгъэ мафэ
Уигъогуи сыдытехьан,
ЗэгъашIэ, о зым фэшъхьафэу
НэмыкIи гум къимыхьан.

Зэгорэм гуапэр кIосэжьмэ,
Зэгорэм укъысфэзэщмэ,
Зэгорэм сыкъыпхэнэжьмэ
ПшIоигъоу джыри ухъужьмэ,

ШIулъэгъум тамэр гозгъакIэу
Гухэлъыр лъагэу сIэтын,
Орэдыр дахэу, гум хапкIэу
Дунаим сыпфытетын.

Зэгорэм гъатхэр къэсыщтмэ,
Зэгорэм гугъэр уиIэщтмэ,
Зэгорэм гуитIур тфэзыщтмэ,
ШIулъэгъури машIоу тхэлъыщтмэ,

Сикъушъхьи, псыхъуи, сишъофи
Уилъагъуи къапхырысщын.
КъысаIуи оркIэ пшIоIофэу
Уимэстэ гъуани зисщын.

Зэгорэм гуаор кIосэжьмэ,
Зэгорэм укъысфэзэщмэ,
Зэгорэм сыкъыпхэнэжьмэ
ПшIоигъоу джыри ухъужьмэ,

Гъэтхэпэ тыгъэу симафэ
Уигъогуи сыдытехьан,
ЗэгъашIэ, о зым фэшъхьафэу
НэмыкIи гум къимыхьан.

1983

## ШIУЛЪЭГЪУ ГУЖЪУАГЪ

Гъэтхэпэ чэщым
Ом зырещэи,
ШIулъэгъу мызэщым
Зыфэсэщэи.

Зы пщэ гъощагъи
КъыскIэлъымыплъ,
Зы жьы къепщагъи
Сэ къыспымылъ.

Сыдыр ишIуагъа,
Жъуагъом сыкъесты.
ШIулъэгъу гужъуагъэм
Иор сыщесы.

1983

## СЫПЛЪЫХЪУ ЗЭХЪУМ, ТЭ УЩЫIАГЪ?

Сшъхьац чъэп техагъэу гъэтхэ гушIуагъом
Ыуж сыпIокIэкIэ сыдыр ишIуагъ?
Дунаир зэкIэ зэпэзгъэIагъэу
О сызыплъэхъум, тэ ущыIагъ?

1983

## БЗЫЛЪФЫГЪЭМ ФЭГЪЭХЬЫГЪЭУ ДЖЫРИ ЗЫ УС

Гъэтхэпэ нэфэу бзылъфыгъэу зблэкIрэр
КъысфычIэплърэп, къызэплъэкIрэп.
СызыкIэлъыплъэу нэплъэгъум чIэкIрэр
Гухэлъ тыгъэшъ, сыгу фыхэкIрэп.

Мэфэ пэублэу ар къысфыкъокIышъ,
ЧIылъэм шIукIэ фабэр реты.
Сэри нэгушIоу шIум сыпэгъокIышъ,
БзылъфыгъацIэм ишIу сэIэты.

ШIулъэгъуныгъэу бгъэгум дизыбзэр
СэрыкIэ тыгъэшъ, сыдым ыуас!
ГъэшIэрэ машIоу, машIоу сызпэсыр
Сигугъэ фабэшъ, сшIомыгъэкIуас.

Сызэхистыхьэу яжьэ сыхъужьми,
Жьыбгъэ тэмапэ оркIэ сыхъун.
Сызэрилъасэу, сымылъэгъужьми,
ЧIылъэр щэIэфэ шIу услъэгъун.

1984



## АЗЭМЭТ

Сирэхьати чIэсынагъ,
Сыпфэзэщэу сэ сыхэт.
Уинэплъэгъуи сыкъесагъ,
СишIулъэгъоу Азэмэт.

Гум шIулъэгъури шIомакI,
Азэмэтэу сидунай.
Пшъашъэу щыIэр дэхэзакI,
Сахэпхынэу сэ сыфай.

Азэмэт, Азэмэт,
Тиурами зэ къырыкIу.
Азэмэт, Азэмэт,
Уилъэмакъи сэ къысэIу.

Чэщ мэзагъом сыкъыхаплъ,
Жъогъо закъоу укъыхэпс.
ТиIэгушхо зэ къыдаплъ,
Дэплъэгъощтыр уитыгъэпс.

Тэ уежьагъа, синэфыпс,
Пшъэшъэ унэм сэ симыкI.
УизыIуплъэ сыкIэхъопс,
Уинасыпи ублэмыкI.

Азэмэт, Азэмэт,
Тиурами зэ къырыкIу.
Азэмэт, Азэмэт,
Уилъэмакъи сэ къысэIу.

1984

## СЫЗЩЫЩ ЛЪЭПКЪЫР ХЭТ? СЫЗДАКIОРЭР ТЫД? СЫД КЪЫЩЫСШIЭЩТ?

Сиупчlищмэ яджэуап хэт есlон, сигъэшIэщт?
СищыIэныгъэ есэпхы, сегъапэ.
Уджэуапынчъэу дунайри зэхэмышIэщт,
Сыдэущтэу джэуап естын сигугъапIэ?

Цlыфыр дунаим зыфытетыр ымышIэмэ,
КъыздикIрэр, зыдакIорэр къин къыфэхъущт.
Зыщыщы лIакъом, илъэпкъы гугъэ дэмыпшъмэ,
Анахь бгы лъхъанчэри хьылъэ щыхъущт.

Къызэрэхъу имэщэу, щыIакIэм дэмыхъу-дэмылIэу
Цlыфыбэ щыIэшъ, жьыуаем реуты.
ИмыIэм фалIэу, иIэми нэкIэ телIылIэу
Цlыф Iаджи гъогууанэм щызэгоуты.

ШъхьакIончъэх, насыпынчъэх, гъощагъэх,
Анэгъужъ закъо фыщыIэх, фэгъуашхэх.
Гушхуагъи, шIугъи, лIыгъэ зехьагъи, къончагъи
АмышIэу гъэшIэ-шъхьэзакъом дэтхъуагъэх.

Сиупчlищмэ яджэуап хэт есlон, сигъэшIэщт?
СищыIэныгъэ есэпхы, сегъапэ.
Уджэуапынчъэу дунайри зэхэмышIэщт,
Сыдэущтэу джэуап естын сигугъапIэ?

Ашъхьи Iэтыгъэу, абгъэгуи гугъэм фихыгъэу
НэмыкI цIыфхэри дунаим щэпсэух.
Лъапсэм щегъаIэх. Ялъэгъо-гъогуи хэхыгъэу,
Гъэчъыгъэу щымытми, гугъэм фэпсэух.



Мафэри плъыры, чэщри мэзахэ амыIоу
Ягъашlэ щэпIох, яуIагъи щепщэх.
ЛIэшIэгъу зэхэкIмэ яззо-банэ емыкIоу
Рихрэм акIышъуи тыркъо тырещэ.

Дунай лIэшIэгъумэ бэшIагъэу адыгэ лъэпкъыр
АхэкIы. ЧIэнагъэ ешIми, лъэкIуатэ.
УпчIищри силъэпсэ пытэу сызэкIурэ нэпкъыр
Сигугъэшъ, сиджэуапищкIэ сэIуатэ.

1985

## СЫДЭУЩТЭУ ТАРИХЪЫМ КЪЫТФИГЪЭГЪУЩТА?

НыбжьыкIэ нэгум тещэгъэ тыркъор
Джы къызнэсыгъэм синэплъэгъу кIэкIрэп.
ТIэкIу хэлъэщыкIмэ, лъэкъо лъэныкъор
Къыздихьзэ къэкIошъ, ымакъи схэкIрэп.

«Уиусэ тхылъы нэпэеплъ сфэхъунэу
Утезгъэтхэнэу сэ къыпфэсхьыгъ.
Тыдырэ чIыпIи къыщызгъэгъунэу
Мыр Афган заом къыщесхьакIыгъ…»

Тхылъ кIышъо кIоцIым зэуж-зэлъыкIоу
«Кабул. Кандагар. Герат» тетхагъ.
Джа тхьапэ дэдэм зэхаго-зэзхымыгоу
ДзэкIолI пчъагъэми аIэ кIэдзагъ.

Ахэм аужи сымышIэ горэм
Опсэу, отхъэжьыр сэ къысепэсы.
Ау зэо мыгъом пае джы сIорэм
УкIытэжь Iаджи къыслъегъэIэсы.

Афган мэшIуаем гууз къытхилъхьи,
ТшъхьэщыкIотыгъэшъ, сыд лъытIожьын?
Тызхэт лIэшIэгъум итарихъ хьылъи
ТаплIэIу илъ пэтми, хэт етхъожьын?

ЦIыф уумысыныр, цIыф уухыиныр
Ныбжьи зэфэдэ чIылъэм щыхъунэп!
Ау емрэ шIумрэ зэзгъэзэгъыныр
Джыри къэхъугъэп, къэхъунэу щытэп.

НыбжьыкIэ нэгум тещэгъэ тыркъор
Джы къызнэсыгъэм нэплъэгъум кIэкIрэп,
ТIэкIу хэлъэщыкIмэ, лъэкъо лъэныкъор
Къыздихьзэ къэкIошъ, ымакъи схэкIрэп.

Сиусэ тхылъы хэта зышIагъэр
Мырэущтэу заом къырахыжьыныр,
Ау хэта, хэта мыр зиIэшIагъэр –
Абхъазри, Щэщэнри агу еIэжьыныр?!.

1991

## ГУХЭЛЪ МЫКIОМ ИУЗ СЕПЩЭ, СФЕIЭЗЭЩТРИ ХЭТ?

Сэ сыцIыфми, цум сыфэд,
Сыуцуагъ, сезэщыгъ.
Сизы упчIи сыд къыфэт,
Сэтхъэ, сэлIэ, паIуи сщыгъ.

Чэщым ыуж мафэ,
Фаби чъыIи сыкIэшIагъ.
ГъашIэр IэшIуми, хафэ,
Идыджыгъи зэхэсшIагъ.

Гугъэр схизэу, сымыушъэфми,
Сигъогууанэ хэкI-хэмыкI.
СиуIагъэ телъ бзыуцыфми
ИшIогъэшхуи къысэмыкI.

СэкIо, сэчъэ, бгым сыдэпшы,
Сехы зыхъукIи, зисэгъанэ.
Спшъэ илыжъи бжьым къыдэпшы,
СIупсы фыжьи сигукъанэ.

КIыр къэмысзэ, гъатхэм сежэ,
Бжыхьэ гъожьми ижь къысхэт.
Гухэлъ мыкIом иуз сепщэ,
СфеIэзэщтри сшIэрэп, хэт?

1992



## АДЫГЭ РЕСПУБЛИКЭМ И ГИМН

Тихэгъэгу кIасэу тигупсэр
Адыгэ чIыгушъ, терэI.
Зы бын-унагъоу лъэпкъыбэр
ЩызэгурыIоу щэрэI.

ШIум факIу, лъыкIуат,
Республикэу тиунэ дах.
Егъэхъу, зыIат,
Республикэу тигугъэ лъаг,
Уилъэпкъи хъишъэр фэIуат.

Дунаим ичIыпIэ шIагъор
Нахьыжъмэ тэ къытфыхах,
Ахэмэ ялIыгъэ-шIагъэ
ЛIэшIэгъумэ къызэIэпах.

ШIум факIу, лъыкIуат,
Республикэу тиунэ дах.
Егъэхъу, зыIат,
Республикэу тигугъэ лъаг,
Уилъэпкъи хъишъэр фэIуат.

Хьазабмэ уахэмытыжьэу
Уитыгъэ нэфи пшъхьащыт.
Россием зыкIэ ущыщэу
Ащ гукIи ущышъхьафит.

ШIум факIу, лъыкIуат,
Республикэу тиунэ дах.

Егъэхъу, зыIат,
Республикэу тигугъэ лъаг,
Уилъэпкъи хъишъэр фэIуат.

Тэ тыщэIэфэ – егъашIэм! –
ТичIыгоу тыгур щыIэщт,
Тиуашъуи тыгъи бэгъашIэ
Тэ ренэу, ренэу тиIэщт.

ШIум факIу, лъыкIуат,
Республикэу тиунэ дах.
Егъэхъу, зыIат
Республикэу тигугъэ лъаг,
Уилъэпкъи хъишъэр фэIуат.

1992



## ХЪАН-ДЖЭРЫЕ ФЭГЪЭХЬЫГЪЭ ТХЫЛЪЫР ЗЫСЭУХЫМ СТХЫГЪЭ УСЭР

Къысфэгъэгъу, Хъан-Джэрый, симыхъуншIагъэ,
Зэ горэм оркIэ сыхэукъуагъ.
ШIугъэмрэ емрэ зыкIызэхэшIагъэр
СымышIэу бэрэ сылъэпэуагъ.

«Ар тэ тицIыфэп, игугъу шъумышIы»
ЗыIогъэ купмэ сырягъусагъ.
Узфэдэ цIыфри, уишIушIи сымышIэу
ЖэртIупщ дежъыукIэ узгъэмысагъ.

Шъыпкъэри пцIыри лIэшIэгъу илъэсхэм
ЩызэтраIукIхэу къыбдекIокIыгъэх.
Джа узхэтыгъэм илъэгъо-лъэсхэм
Сигууз лъэпсхэри щызэпычыгъэх.

КIэлэгъу-делагъэм иIоржъорыгъэ
Iэнтэгъу нэмыскIэ сырыкIэгъожьы.
Лъэхъан блэкIыгъэм изыплъырыгъэ
Джы къызнэсыгъэм къысэгоожьы.

БлэкIыгъэр, Хъан-Джэрый, блэкIыгъэ шъхьакIэ,
ПцIым уигъэшIагъэр шъыпкъэм рекIыжьы.
Къысфэгъэгъу, фэгъэгъу кIэлэгъуми пшъхьакIэ,
Шъыпкъагъэм напэр рысэщэфыжьы.

Адыгэ лъэпкъым илIэшIэгъу хьылъэ
Зафэри хьыери къыщышIэгъуай.
Ау мары сэ непэ ощ пае тхылъы
Стхыгъахэшъ, ащкIэ сызэшIэгъуай.

Емыкӏум сишхэу, сыгуи сшъхьи забгъэу
Илъэс пшӏы пчъагъи зэсынэкӏыгъ.
Пшӏагъэр тэрэзэп, тэрэзэп заслоу
Шъхьэкӏошх чӏыпӏаби къысфыхэкӏыгъ.

Сикӏэлэгъу мыӏушы уищыӏэныгъэ
Рихыгъэ шъхьакӏор сигукъэкӏыжь.
Къысфэгъэгъу, Хъан-Джэрый. Симышӏэныгъэ
О къэбгъэшӏагъэм фэдитӏу ыныбжь.

1997



## МЭГАС – ТЫГЪЭМ ИКЪАЛ

Аушэ Руслан ыцӏэкӏэ сэтхы

Джащ фэдэ цӏэ дахэкӏэ еджагъэхэу
Ти Кавказ гупсэ къалэ къыщыхъугъ.
Ингуш-ткъошхэр зэрэтимыджагъохэу
Тэри а хъугъэ-шӏагъэр къытщыхъугъ.

Мэгас къэлакӏэм тыгъэм инэбзыйхэр
Гухэлъыштукӏэ ренэу къытерэпсэх,
Зэо-банэм хэмытыжьэу Урысыер
Ингуш лъэпкъри ичӏыгу рерэгъэс.

Сыздэт къалэм имэфэкӏ сынэгу кӏэтми,
Зэман блэкӏыгъэр бгъэм къыдэтаджэ.
Гукъэкӏыжь хьылъэмэ непэ сахэтми,
Мы тыгъэпс мафэм ихъяр къысаджэ.

Ахэр тыгу имыкӏхэми, Іорэкӏотых,
Къэгъэзэжь зимыӏэр охътэ блэкӏыгъ.
Чӏыгу къатри загъорэ зэшъхьэщэкӏоты,
Гукъэкӏыжьынчъэр цӏыфы икӏыгъ.

Ау блэкӏыгъэр джыри къысэхьылъэкӏми,
Уапэкӏэ лъыкӏуат, лъыкӏуат зэсэӏо.
Тарихъыр дыижьзэ, къызэмыплъэкӏми,
Сигухэлъ къэткӏэ ащи сылъэкӏо.

Шъорышӏи нэшӏошӏи бгъэгум дэмылъэу
Сыпфэгушӏо, сыпфэхъохъу, къэлакӏ.
Сипсэлъэшӏумэ анахьышӏур сыгу пфилъэу
Нэшӏукӏэ сыоплъышъ, удах, укӏэракӏ.

Къош зэдэпсэум илъагъо мафэкIэ
Пфыхэзыхыгъэр шъуигенерал.
Iэшэ зэхаокIэ, чылэ шIыхьафкIэ
Къышъуамытыгъэр джа шъуикъэрал.

КъурIаны дышъэм къызэрэтиIоу
(Сыбгъэ дэлъ псалъэри гуми шIомакI!),
Мэгас къэлакIэми ыгуи сэ сыгоу
Мырэущтэу сэIо: «Тхьэм шъурихьакI».

1999



## ДУНЭЕ НЭФЫМ МЫЛЪКУ ХЭСХЫГЪЭП

Хэт илыягъэу дунэе нэфым
Сэ хэзгъотагъи, хэсхыгъи щыIэп.
СищыIэныгъэ ныбжьи щэн-щэфым
Езгъэпшэ-шапхъэу гъашIэр исхыгъэп.

Тыгъэпэзэзым жьаукIэ сыхъуапсэу
Цобзэ чIэгъабзэкIэ Iаджри сыжъуагъ,
Симэщ шъхьэлъагъи гъожьышэ къабзэу
КъысIурыбзабзэзэ, сигъэгушIуагъ.

НэмыкIмэ яIэр сэри сиIэнэу
Сыфай сэ шъхьакIэ, къэсылэжьыгъэп.
Къабыл пфэхъуна, уимые Iанэу
УзэнэцIыгъэм уищыгъу нэсыгъэп.

ТхылъыпIэ тхьапэр фыжьыбзэ осышъ,
Ащ утетхэнри IэшIэх-тегушху.
Псэлъэ гупшысэр къэмыкIо-къэсышъ,
Къэсэу къызиукIэ ари орышху.

Ащ урехьыжьэшъ, псы гъоткIо-ткIопскIэ
УзыIуфагъэм шIукIэ уеIазэ.
Iэзэгъу уфэхъузэ, апэрэ оскIэ
Узыфесыгъэм ыгу огъэIасэ.

Джарышъ симылъкур дунэе нэфым
Хэт илыягъэу хэсхыгъи щыIэп.
СищыIэныгъэ ныбжьи щэн-щэфым
Езгъэпшэ-шапхъэу гъашIэр исхыгъэп.

2000

## ГУШIУАГЪОМ НАХЬИ КЪИН МЫГЪУАЕР СИГЪАШIЭ ЩЫНАХЬЫБ

ГушIуагъом нахьи къины мыгъуаер
Сигъэшlэ гъогуи щынахьыбагъ.
Ар зыдэсшlэжьти, симыжъо къуае
Сщымыхъоу шIугъэр сигугъэпIагъ.

2000



## СИКЪУШЪХЬЭ ФЫЖЬ

Къушъхьэ фыжьэу сызипашъхьэм къэзгъэшIагъэр
илъэгагъэшъ,
Шыгуф зандэу сызытетым сидунае сырыхаплъэ.
Мэфэ нэфэу IукIотыгъэм игупшысэ сызхищагъэшъ,
Инеущэу къысфихьащтым гугъэ минкIэ сызпегъаплъэ.

Пщэгъо шхъуантIи шыблэ гъуагъуи сигъогупэ
щызэблэсхъузэ,
Къушъхьэ фыжьэу силъэгапIэм сиорэди къыздиIуагъ.
Къин къыфэхъуми симыгъашlэу, синыбжьыкъуи
къыздэлъэхъузэ,
ЩэIумэ-щхымэ кIэкIорыкIзэ, джа гъогууанэм
къыздэкIуагъ.

Къушъхьэ фыжьым пэзгъохыгъэ гъэ тIокIищрэ пшIырэр
Адэ ныбжьэу спэкIэкIыгъэм ар къысфеда, иуцогъуа?
Хьауми гъашIэу лъэпшъэрыхькIэ къыздесхьакIэу
шъушIэрэр
Джы сикъушъхьэу сызытетым имышъогъоу ар
къышъущэхъуа?

ГъэшIэ къушъхьэу сиIэрышIым илъэгагъи нахь лъэгэжьэу
Мо нэплъэгъум кIэт къушъхьэшхор сыдэу, сыдэу джы
фыжьыбз!..
Таущтэу сшIэна къыздэхъущтмэ, сигухэлъи
къысфыхэщэу
Джа лъэгапIэм джы сехъуапсэ. Гугъэ фыжьри сэ схизыбз.

2001

## ДЖЭУАПЫНЧЪЭУ ГЪУЧІ ПШЪЫГЪЭР СЭУІУЧІЫ

Тыгъэр къепсы, мафэр фабэ,
Гур къыдэчърэп.
Уцы шхъуантІэм чІыр ефапэ,
Сиши чъэрэп.

Сигупшыси мэлъэпао,
Къызщэпшыжьы.
Жьыбгъэ стырыр нэпэфао,
Іур Іуелыбжьы.

Пщэ фыжьитІур огум щесы,
ЗэпэІапчъэх.
Сигукъауи ом ешэсышъ,
МэІупчъапчъэ.

Сыда сэІо къысщышІыгъэр?
СызэупчІы.
Джэуапынчъэу гъучІы пшъыгъэр
СэуІучІы.

2001

## АДЫГЭ ЛІЫЖЪХЭР

Адыгэ лІыжъхэр лІыжъы Іумафэх,
Іушыр къябэкІэу тибжыхьэ мафэх.
ЗекІокІэ зафэр къытагъэлъэгъу,
Дэхэгъэ пстэури ащ янэплъэгъу.

ЛІыжъыхэр заІокІэ такъыфэтэджы,
Тэтэжъы гупсэкІэ ахэмэ тяджэ.
Сыдигъуи жъыгъор шъхьацы къэраб,
Нахьыжъыр гъашІэм щытэгъэлъапІ.

Непи нахьыжъхэр лэжьэкІо чаных,
Шъхьахи амышІэу Іофым щыбланэх.
Адыгэ лІыжъхэр, орэд шъуфэтэІу,
Зэрэдунаеу ащ къерэдэІу.

Адыгэ лІыжъхэр тижъышъхьэ мафэх,
Ахэр тихабзэ ибзыпхъэ зафэх.
Бэрэ тэ ахэр къытшъхьэщэрэтых,
Тигъозэ нэфхэу тапи ерэтых.

2001

## ТИГЪЭГЪЫЩТА, ТИГЪЭЩХЫЩТА?

Сыдэу тхьамыкӀагъуа мы тызхэтыр,
Зэо-банэ нэмыкӀ тазфагу дэлъэп.
Хэта санэӀу итыр, сакӀыб дэтыр
СӀозэ къин сэлъэгъуми, зи къыспылъэп.

Мафэр тыгъэпс закӀэу Ӏугушӏукӏми,
Нэшхъэй нэгукӀэ бэрэ сызхегъаплъэ.
Шыблэ хъупскӀэм уашъор пхыристхъукӀми,
Фэмыухрэр исэу къысхэлъадэ.

ГукъэкӀыжьи щыӀэп, щымыӀахэр
Ӏахьмыгощ шӀулъэгъоу псэм идах.
Джаущтэу ахэр, пщыгъупшэжьзэ ахэр
Упсэущтмэ, дунай нэфыр чэщ мэзах.

Къэмэ цитӀур зэрэчаным фэдэу
ГъэшӀэ зэпэӀулъыр зэдитхыщта?
Хьауми ар зэгорэм гум ымыдэу
ТитӀо тигъэгъыщта, тигъэщхыщта?

2001

## УЗФЫЩЫСЫР СЫД КЪЫСАЮ

Бзыу шъхьэзакъор чӀым пэӀапчъэу
Зэщ-мызэщэу ом щэхьарзэ.
Сэ сыгу закъуи ащ пезгъапшэу
Бгъэм щэлъатэ, бгъэм щэӀасэ.

Мафэр блэкӀы, чэщри текӀы,
Гъатхэр пкӀэнчъэ, бжыхьэр екӀы.
ГъашӀэр макӀо, макӀо, макӀо,
Узфыщысыр сыд къысаӀо.

КӀэлэ купхэр жъогъо закӀэх,
Бжыхьэ чэщри къагъэнэфы.
Ахэм язэу чылэ пакӀэм
Щепсрэр ары сыгу инэфыр.

Ары шъхьакӀэ, гум икӀасэм
Сэ сыгу филъыр тэ щишӀэна?
Бжыхьэ пасэм е нахь кӀасэм
УкъыкъокӀмэ, сыд щышӀына!

2001

## КIАСЭР ОРЫ АЩ ЕСIОН

Изэкъуабзэу ошъогу лъагъом
Мэзэ кIасэр щыхэсыкIы,
Тыжьын нэгоу кIэлэ нагъом
Ар фэзгъадэу ом къепсыкIы.

Мо шыу закъоу мыгужъуагъэм
Синасыпи къегъэнэфы,
Синэфынэу сигушIуагъом
Ишэфлъагъо сыгу дэчэфы.

Тхышъхьэ чапэр зэзнэкIыгъэм
Изы Iуплъэ сыфэзэщы,
МэзыIапчъэм къычIэкIыгъэм
Инэфыпсы сыкъыхэщы.

Ар зэгорэм къысфэрэси,
КIасэр оры ащ есIон.
Тыгъэм фэдэу къысферэпси,
Синасыпэу сыдэкIон.

2001

## ШIУЛЪЭГЪУ ЗАКЪОМ СЕГУПШЫСЭ, КЪЭШЭС ЕIО, СЫФЭШЭСЫ

Чэщ мэзагъу, чэщ хэкIотагъ,
Тыжьыныпсыр чIылъэм текIутагъ.

Шъхьаныгъупчъэм жъуагъор къеплъэ,
Къушъхьэ чыжьэм гукIэ селъэ.

ШIулъэгъу закъом сегупшысэ,
Къэшэс еIошъ, сыфэшэсы.

Сызтет лъагъом сыгу хигъэкIрэп,
Сэчъэ шъхьакIэ, сигъогу хэкIрэп.

Слъэ кIэмыкIмэ, зысэпхъуатэ,
Ом зы жъуагъуи хэсэгъуатэ.

СедэхашIэ, къысIогушIо,
Сшъхьэ тесэлъхьэ ыбгъэгушъо.

Сыгужъуагъэп, сыгужъуагъэп!
Джа зыр ары сигушIуагъор.

2002

## ГУГЪЭ ХЪОКIЫГЪЭР ШЫУ ЛЪАЩ

Непэ дунаир тыгъэпсми,
СэркIэ ар пщагъо.
Сигугъэ паплъэ къэбгъэсми,
ПIалъэр щэджагъо.

Джэгъогъуи ныбджэгъу-шъэогъуи
Тетэп, зэгъокIы.
Ащ синэфэгъуи шъэфэгъуи
Къыщызэтхъокlы.

Гугъэ хъокIыгъэр шыу лъащэу
Ом къысфыращэ,
СишIулъэгъуи гухэлъ нащэу
Ащ щагъэлъащэ.

2002



## СИГУГЪЭ ТЫГЪЭ СЕЖЭ, СЫПАПЛЪЭ

Дунэе пщагъоу къысшъхьэрыуагъэм
Сыхэтэу сэкIо, гугъэм сыфакIо.
Тыд уздежьагъэр къысэзыIуагъэм
Сыдыр есIона, зэсIощтыр бзако.

СыдкIэ сыпылъа, къисымыдзахэу
Имэзи къушъхьи нэшIукIэ сэгъалэ.
СакIыби, сапи, сабгъукIи мэзахэу
Сигугъэ тыгъэ сежэ, сыпаплъэ.

2003

## СЫГУ ИЛЪИ ИМЫЛЪИ СЭIУАТЭ

Зы мафэп, мэфитIоп, мэфищэп,
Хыуаем емынэу зепхъуатэ.
Ащ огури фэгуитIоп, фэгуищэп,
Ау щытми, зыфаер хегъуатэ.

Шыблэр мэгъуагъо, зешхыжьы,
Ижьыбгъи хычIэм чIегъэбы.
Сыбгъэгуи щыгъупсыр къебжьыбжьы,
Сипчэдыжь IупшIи къеукъэпы.

Къеукъэпми, непэ пхъэ уатэр
Спхъотагъэу гъашIэм сеубзэ.
Сыгу илъи имылъи сэIуатэшъ,
ЩымыIэ мыгъом сеусэ.

2004



## ЩЭБЗЭПС ПКЪЫЕМ ИЩЭБЗАЩЭ КЪЫТЭЦАКЪЭ

КъызэмыплъэкIэу, лъэри кIиутэу
Дунай хъураир къечэрэгъокIы.
ТызыпэгъокIрэм илъагъуи тетэу
Утын къытехы, къытфызэтхъокIы.

КъытфызэтхъокIми, къечэрэгъокIрэм
Темыдэожьэу ижь зыIутэщэ,
Чэщы мычъыер къызытфыкъокIрэм
КъокIыпIэ чапэм гугъэр тетэщэ.

Щынэгъо закъоп чIылъэ къопиплIым
ЩытиIэр тIозэ тэкIо, тэсакъы.
Щэбзэпсы пкъыем щэбзащэу илъым
Тыпылъэп шъхьае, къэплъэ, къэцакъэ.

2004

## ШЪЫПКЪИ ЗЭТЭIО, ПЦIИ ЗЭТЭУПЦIЫ

Джыри мафэ, джыри чэщы,
Тхьамафи гугъи къыкIэлъыкIощт.
КъэIогъэ-Iожьхэм сязэщы,
АхэмкIэ хэти сыдэгощэщт.

Сыда ишIуагъэр гушIуагъом
Сежэу, сыпаплъэу сыщыскIэ?
СыпэгъокIынышъ, гужъуагъэм
Игухэлъ пакIэ сызнэскIэ,

Тыгъэр фэбабзэу ошъогум
Сэщ пайй, шъощ пайй къисщэщт,
Емызэщынэу лъэс гъогум
СырынэкIэ ащ сыфепщэщт.

ЩыIакIэр къинми – гушIуагъо,
Игъэшlэ хьылъи лъэсэу тэщэчы.
Ар сэркIи непэ гужъуагъэп,
Ащ ищэчалъэ ренэу тещэчы.

Чыри тыупсырэп – тэупэпцIы,
ЦIынэр мэуфэ, гъугъэр зэпэкIы.
Шъыпкъи зэтэIо, пцIи зэтэупцIы,
ТыцIыфышъ ахэр тыгуи пхырэкIых.

2005



## СЭР СЭГЪЭЛЪЫ, СIИ КЪЕУIЭ

Тыгъэр къепсы,
Мафэр шхъуантIэ.
Осыр къедзы,
Бзэм зеIуантIэ.

НатIэр мэплъы,
Слъакъуи чъыIэ.
Сэр сэгъэлъы,
СIи къеуIэ.

2005

## СИПХЪЭ МАШIО ИТЭПШЭС

Сыда сэIо зызгъэежьэу
Непэ къысщышIыгъэр?
СиблэкIыгъэ симыежьэу
ГукIэ сызфэпшъыгъэр?

Сипхъэ машIоу шIукIэ блэрэм
Итэпшэси орэлъаг,
Бжьыныф блэри щыбжьый блэри
Сикон натIэ пэрэлъагъ.

Лъэгэ пстэури цIыф гугъапIэшъ,
ЧIылъэр шхъуантIэ, огур лъагэ.
Сызытетри силъэгъуапэшъ,
Къыспыщылъри сэркIэ дахэ.

2005



## СЭКIО, СЭЧЪЭ

Бэщым сетхъо,
Шхъор къыспэпкIэ.
ПкIэнчъэм сехъо,
Тхъор сфыкIэпкIы.

СэкIо, сэчъэ,
Лъэр мэулэу.
Сэгъы, сэпчъэ,
Пчъэр мэпцIэу.

2006

## ЗЫР КЪЫСIОЩХЭ, ЗЫМ СЕГЪАЕ

Зэ мэфае,
Зэ тыгъай.
Зэ фэбае,
Зэ жьыбгъай.

Зыр къысIощхэ,
Зым сегъае.
Модрэр ощхы,
Мыдрэр пхъае.

СипхъэIаплIэ
Мэсты, маблэ.
Ащ имашIо
Сыгу къыдашъо.

Пшъхьапэ, пшъхьапэ
ЩыIэныгъэр,
Сичъыг шъхьапэ
Шъхьэщыт тыгъэр.

Сигъэфабэу
Къепсы, мэщхы.
Тыгъэпс шъабэу
Иощх къещхы.

2006



## СИЛЪАГЪОШЪ МЭЗЫМ ПХЫРЫСЩРЭР, СЫДИГЪУИ АР СИДЭОГЪУ

Мафэ горэм КIэрэщэ Тембот къысиIуагъ:
«Сиощыжъ къыосэтыжьы».
Ощыжъыр стамэ теслъхьи, мэзым сыкIуагъ,
КъокIыпIэр кIыфы, джыри жьы.

Зы лъэгъо закъоп мэзыкум пхырыкIрэр,
Дунайри фабэ, гопэгъу.
Ащ сиунаеу зы лъагъошъ пхырысщрэр,
Сыдигъуи ар сидэогъу.

Огъуи, гъэбэжъуи, кIымафи, гъэмафи,
Бжыхьи сымыIоу сэпхъашIэ.
Чъыгаий, кIаий, пхъэ мыгъуи, пхъэ мафи,
Фэшъхьафэу щыкIрэр сэгъашIо.

Зым изэндагъэ, адрэм ибырэбагъэ
ШIукIэ сяхъуапсэ, сяшъугъурэп.
Силъэгъуапэ къыпыщыт чъыгмэ ябагъэ
Пэрыохъугъэ къысфэхъурэп.

Къутэмэ-нэпауи къысфэзымыдзрэр
Ахэм ахэтэп сэ сIорэп.
Ау гухьэ-гужъкIэ шъугъоным ыстрэр
ШымыкIом тесышъ, къэчъэшъурэп.

Зы лъэгъо закъоп, Тембот, мэзым пхырыкIрэр,
Дунайри фабэ, гопэгъу.
Ащ сиунаеу зы лъагъошъ пхырысщрэр,
Сыдигъуи ар уикупэгъу.

2006

## ШЪУЕБЛАГЪ

Сыощхы фабэшъ, орыкIэ ренэу
Сыкъыпфещхынэу
Сыфай сэ, сыфай.
Уигопэгъу мафэ сыжьы псынкIэнэу,
Сыщычэфынэу
СызкIэхъурэр ощ пай.

Сэ сигупшысэ, сишэсы лъагъо
Уахэзгъэтынэу
СызыфэлъaIо.
Сижъогъо закъо бгъэм щызгъэблагъэшъ,
Ар къыостынэу
Уадэжь сыкъакIо.

Мэзэгъо нагъор, чэщы мэзагъор
Сэ къысэхъуапсэу
Сашъхьагъ итыщт.
Укъызезэгъкlэ, мо чIылъэ пщагъор
Сэ ситыгъуасэу
Сыгуи остыщт.

Нысэри дахэ, нэчыхьри мафэ,
Джэгу машIор чылэм
Ей, щызэкIэблагъ!
Джэгур, джэгур – ар тэркIэ шIыхьафэп,
Тиджэгуи чIылъэм
Ихъярышъ, шъуеблагъ.

2007



## БЗЫЛЪФЫГЪЭР ШIУ УМЫЛЪЭГЪУ, УИГЪЭПЦIЭЩТ

Бзылъфыгъэр шIу умылъэгъу,
уигъэпцIэщт.

Бзылъфыгъэр шIу умылъэгъунэуи?
Ар гущыIэ нэпцI, гущыIэ дыдж.
Ащ хъулъфыгъэр щымыгугъунэуи?
Ащыгъум уипаIо зыщыхи, дыжь.

Ар зыIуагъэр хэтми, хьаулыеу
Дунаим тетыгъэ хъулъфыгъ.
Ащ паIо щыгъ-щымыгъми, ар лыеу
АушъхьакIугъэ бзылъфыгъэм къылъфыгъ.

2007

## СЫПФЭРАЗ

УиӀоф дэгъумэ,
ШӀу къыбдэхъумэ
СэгушӀо, хэгъэгур,
Бгъэгум щэчэфы гур.

Ӏэгу сыпфытео,
Пщынэ сыпфео.
УшӀу-умышӀуми, усый,
КъыпфэгуитӀури сипый.

Егъэхъу, лъыкӀуат,
Ем фычӀэкӀуат.
Ным уфэсэгъадэ,
УишӀушӀи сегъатэ.

2007



## СЭЗЭЩЫ, СЭПЭ

Тыжьын Ӏэлъынри
СӀапэ къыпэщы,
ПэӀо щылъэнри
Сэ къысэзэщы.

Сыд сэӀо непэ
КъысэхъулӀагъэр?
Сэплъызы, сэпэ,
Сэра лъэхъагъэр?

Чыжьэуи сэплъэ,
Благъэуи сэлъэ.
Сигугъи макӀэ,
Сигъунджи мачэ.

СиӀэгъо-благъо
Ухэсэлъагъо.
Сынэгу укӀэкӀы,
Сыгу уӀэпэкӀы.

2007

## УИIАХЬЫЛ МАКIЭ ЗЕМЫГЪЭГЪАП

Ушъхьэзакъо-уIахьылынчъэмэ,
Чъэп зытемыхэгъэ къэбым уфэд.
Пчъэ зимыIэ унэм урипчъэмэ,
Уинеущыгъэ сыдыр къыфэт.

Сыдэу удела, узэхъуапсэрэр
Бжыхьэ хэтэшхом икъэб пчъэгъаб.
Зэуи арыхэп узыгъэгъуазэрэр,
УиIахьыл мэкIагъи земыгъэгъап.

2007

## ТЫАДЫГ

ТыкIэмгуеп, тыбжъэдыгъоп,
Бэслъыныеп – тыадыг.
Тыабдзахэп, тышапсыгъэп,
Къэбэртаеп – тызычъыг.

Тызылъэпкъэу тыпшIыкIутIуми,
Адыгабзэр тIулъ, тымакъ.
Лъэпкъ зэхэдзыр тIупэ Iулъми,
ЗэдэтIыгъыр зы быракъ.

2008

## ЩЫМИ КЪЫТЭДЖАГЪЭР ТИШIУЛЪЭГЪУ

Сызтет лъагъом сыгу телъэти,
Ошъогу къаргъом ибыбагъ.
Спсэ ардэдэм сIэпылъэти,
Лъэтемытэу зипхъотагъ.

Сыда тищи къытщышIыгъэр,
Щыми псэкIэ тызэлэгъу.
ТэкIо, тэчъэ – тшIэрэп пшъыгъэр,
Къытэджагъэр тишIулъэгъу.

2008

## БЛАНЭР МАЛЪФЭ

Лэгъупкъопсэу зэмышъогъуиблыр
Гъэтхэ чапэм къытфытещы.
Бланэр малъфэшъ, ащ тыгу филъыр
Къыдэхъунэу тиощх фещхы.

Бланэр малъфэ, бланэр малъфэ,
Гъэбэжъу лъапсэ ар тфэрэхъу.
Лэгъупкъопсыр тэркIэ мафэшъ,
УхэмыкI о тинэплъэгъу.

2008

## УЗТЕМЫГЪЭЖЬ

Тызфэсакъыжьми, тиадыгагъэ
ЗэрэтIэкIэзрэм тегъапэ,
ТпэкIэкIыгъэ лIэшIэгъумэ япхъапэ
Тыбгъэ къыхао, къытхагъэ.

ЛIыгъэр, шъхьэфитыр дгъэбыракъзэ,
«УлIын-улIэныр» дгъэджэмакъзэ,
Къэмэ къипхъотмэ зядгъэделагъ,
ТишъорышIыгъи теунэхъулIагъ.

Тарихъыр дгъэмысэкIэ, дгъаекIэ,
Тынахи ащ фэдгъэIаекIэ,
Хъущтыр хъугъахэу, сыд ишIогъэжь?
Плъэпкъ щыбгъэIэщтмэ, узтемыгъэжь!

2008

## СИТАРИХЪ ЛЪАГЪО СЫТЕГЪОЩЫХЬЭ

Сылъэпаомэ-сыкъэтэджыжьзэ,
Сызыдежьагъэм сыд къыщыспыщылъ?
ГуIэм сиухзэ, сицуакъи здыжьзэ,
Сызхэт дунаир кIымэфэ щыл.

Осхъот утысэм ишысэку фыжьы
Жьыбгъэм зэрехьэ, сызэIуегъахьэ.
Сионэш Iэли мачъэ, мэщыщы,
Сшъхьэ мэуназэ, сыгу зэIуегъахьэ.

Iахьылы-благъи сиIэгъо-благъо
ЩысимыIэжьэу сыкъэгъэзэнчъ.
Сытегъощагъэу ситарихъ лъагъо
КъысэхьылъэкIми, сэркIэ ар псэнчъ.

2008

## КИТАЙ ДЭПКЪЫШХОМ СЫКIЭРЫТ, СЫТЕТ

Китай дэпкъышхом ылъапсэ сыкIэрыт,
Ышъхьагъ дэди зандэу сытет.
УпчIи джэуапи есымыт, къысимыт,
Тэ щишIэна ащ сызытет.

Дунаир сэ синэплъэгъу щызэхэкIы,
Пхъати ащ сызпихьрэп, мэщхы.
СпэкIэкIыгъэр зэкIэ сыгу щызэпэчы,
Щхызэ иощхи къыстещхэ.

2008



## ХЭТ АЩ ЫГУИ КЪЫФЭГЪУН

Ори-да-дэ-ри ори-да,
Мы дунаир дэу джэгушху.
Жъогъо нэфри ом итэда,
Чылэм дэтри нысэщэшху.

Шхо темылъэу онэш шыгъор
Чылэгъунэм къыщэщыщ.
Сыдым фита кIэлэ мыгъор,
Чэщ мэзагъом къыхэмыщ.

Пщынэм, джэгум, хьатыякIом
Шъхьакlо зиIэр сыд щыхъун!
КIэлэ мыгъор ехьы шъхьакIом,
Хэт ащ ыгуи къыфэгъун.

2009

10 Заказ 042

## СИУЗ УПЧӀЭ ДЖЭУАПЫНЧЪА?

Тызэфелъы, тызэцакъэ,
Хьэзэрэшхым дэу тыфэд.
КъытэбэкӀы тихьакъу макъэ,
Тинеущи сыд къыфэт?

Тызылъэпкъми, тылъэпкъыбэу
Пэрытыгъэр зэтетэхы,
Тызынэпкъми, тынэпкъыбэу
Лъэпкъ зэхэдзым зетэгъэшхы.

АдыгацӀэр тиӀэу тэхьми,
Охьэхьаим тыхэмыкӀ.
А зы псыдзэм тызэдехьми,
Оры-сэрыр жэм дэмыкӀ.

Адыгагъэм тытелӀыхьэ,
Ар тӀэкӀэзми, тимыгъап.
ЛъэпэпцӀыеу зэтэплъыхьэ,
Тынэчанми – тымыхъат.

Зэ зэгорэм зэпкъы-зэлэу
Лъэпкъ пшӀыкӀутӀур слъэгъужьына?
ГушӀо-нэшӀукӀэ тэ тызэплъэу
Лъэпкъ зэикӀы тыхъужьына?

2009

## СИУӀАГЪЭ СЕПЩЭЖЬЫ

ОшӀэ-дэмышӀэу сыгу укъызыкӀрэм
СишӀулъэгъу уӀагъэ сепщэжьы.
Сынэпс щыугъэ узыхэсыкӀрэм
Уижьыбгъэ стафи къепщэжьы.

Къерэпщ, серэхь тэмэнчъэ жьыбгъэм,
Сихьынэу зешӀкӀи, сыщымыщын.
ШӀулъэгъу кӀосагъэм имэшӀо бжьыгъэ
Стелъэу къыпщэхъуми, симыстыжьын.

2009

## ШIУЛЪЭГЪУР IЭШIЭХЭП, ПСЫНКIАГЪОП

«Уимафэ шIу!» – сэ къысэпIуагъ,
«ШIоу щыIэр уе» – къыосIожьыгъ.
ПсэлъыхъуакIуи тызэдэкIуагъ,
ТыджэуапынчъэукIожьыгъ.

Ащ фэди мэхъу… ШIулъэгъур
IэшIэхэп, псынкIагъоп, синыбджэгъу.
Ар шъхьакIо пфэхъоу нэплъэгъур
Ебдзыхэу зыми емыгъэлъэгъу.

2010

## ЩЫIЭНЫГЪЭР ХЪОХЪУ НЭШIОШI

Хьыны хьылъэу тызгъэстхъагъэр
Тфэзылъэгъурэм тфегъэшIагъо.
Типшъэхъу лъэхъоу тызлъэхъагъэр
Псыгъо тIозэ, хэтэгъахъо.

Сыдэу тшIыщта, щыIэныгъэм
Имысагъэм гъэр тишIыгъ.
ТимычIыфэу тэ тпщыныгъэм
ГукIи псэкIи тигъэпшъыгъ.

ЩыIэныгъэр мые мыхъоу
Дыджми, тэшхы – ежьми тешхы.
Ешхэ-ешъом зи щымыхъоу
Хъохъу нэшIошIыр тэ къытфепчъы.

ТигъэшIапчъэ пчъэ зэIокIышъ,
Ащи Iаджи щэхъу, щэшIэ.
Щхызэ гъашIэм къытеIокIы:
«ШъуцIыф шъэфми, бэ жъудэсэшIэ».

2010

## САУЖ УИТКІЭ СЫД ИШІУАГЪ?

Сызэмыжэ-сызэжагъэу,
Илъэсыкlэр, укъихьагъ.
Осы цlынэр зэхэпшагъэу
Гугъэ хьынэу сплlэlу къиплъхьагъ.

Ар сфэхьыщта-сфэмыхьыщта?
О ащ сыдкlэ уигъэпэн.
Сэкlо, сэчъэ, себэджыщта?
Сызытетыр гъогу къурпэн.

Илъэс тхьапша къэзгъэшlэнэу
Сигъогу гъашlэ еппэсыгъэр?
Къэлъыт, къэлъыт зэбгъэшlэнэу
Илъэс мафэу къысфэсыгъэр.

Сэкlо, сэчъэ, сэпскэ, сэгъы,
Сызэплъэкlмэ, сауж уит.
Кlым сыхэкlы, санэlу сэхъы,
Сауж уиткlэ сыд уфит.

2010

## НЭМЫПЛЪ КЪЫОСХЫНЭП

Угу къысэгъуми-къысэмыгъуми,
Щылэныгъэр, зэ къэдаlу.
Сыгу илъыбэр къыздэмыхъуми,
Къыздэхъугъэп сэмыгъаlу.

Къэlо-lожьыр згъэстырыжьэу
Щылэ пстэуми, сямыгъапш.
Псэлъэ дыджыр зыдырыжьэу
Пшlэрэм итхьацу сэмыгъапш.

Тхьапшрэ гъашlэр, гъашlэр, гъашlэр,
Зэшlэгъуаеу сыбгъэпчъагъа?
Сыд фэдизэу узми слъапшъэ
Узрэп сlозэ, сыбгъэчъагъа?

Щылэныгъэр сэркlэ къинми,
Нэмыплъ ныбжьи къыосхынэп.
Сэ сигъашlэ лъэгъо минми,
Нэмыкl сешэу зэхэпхынэп.

2010

## ИЛЪЭСИШЪЭР ГУГЪЭ ШЪЭФ

Илъэсишъэу сызпэчыжьэм сынэсына?
Сыдэу щхэны мы сипшысэ.
Ащ фэдизым гъэшIэ машIом сэ систына?
Щхэны-гъэны сигупшысэ.

Сыд узфэщхрэр? Сигухэлъы сфыхэт къушъхьэр
Чыжьэу ара, хьауми сыда?
Е ар сэркIэ хьэжъ нэцIалэу лынчъэ къупшъхьэр
Ащ фэсдзынэу къыспыщыта?

Сыдэу адэ цIыф гухэлъэу гугъэ лъагъор
Дунай хьылъэм щыб, щымакI.
Илъэсишъэу сызкIэхъопсрэр муары благъэ
СIозэ, сэщхмэ – сылIы закI.

2010

## ШIУЛЪЭГЪУ НЭПЦIЫР ОРЭКIОД

ГъашIэр тшIэ-тымышIэу тхэкIошъыкIи,
Тылъэс закъоу шъофым тыкъинагъ.
Щылэ мылышъэр тIубгъэшъэшъыкIи,
Гъэтхэ гъуй-сыйкIэ тыбгъэпщынагъ.

Шъофы нэкIым изэу нэплъэгъу плъыжьыр
Тыди – чIылъи уашъуи – щыолъэгъу.
Тэра ахэм яззэу тыпсэ щыщыр?
Зыми щыщэп тIумкIи тишIулъэгъу.

ШIу плъэгъугъэм ори шIу уелъэгъумэ,
ГъэшIэ нэшIэ-IушIэр IорэкIот.
Узылъыхъурэм нэшIукIэ укъелъэгъумэ,
ШIулъэгъу нэпцIыр титIукIи орэкIод.

2011

## ШIУЛЪЭГЪУ ПХЪУАНТЭМ ИIУНКIЫБЗЭ КЪЫОСЭТЫЖЫ

Сыда сэ гъунджэм сиплъэжькIэ,
Жъы сыхъугъэ-сымыхъугъ.
Уигъэпэнэп сынитIу плъыжькIэ,
Сыгу пфилъри къыздэмыхъугъ.

СыкъызэплъэкIмэ, услъэгъурэп,
ШIулъэгъу машIор мэкIуасэ.
Ситыгъуаси сэ сылъыхъурэп,
Чэрэз мыхъуми сехъуапсэ.

Хъопсэгъо гъожьми зепхъуатэ,
Сыздэт хъотачIэр шIункIыбз.
ШIулъэгъу дэлъыжьэп сипхъуантэ,
Къыостыжьрэр иIункIыбз.

2011

## ПЧЫКIЭ КЪАМЫЩЫР ШIУМ ХЭДГЪЭЩЫН

Лъэхъан блэкIыгъэм тылъымыплъэжьэу
Къылъфыгъэ уахътэм тыдэгущыIэ,
ТищыIэныгъэ къыпымылъыжьэу
Джа тфыIучъыжьрэм ичъи тэщыIэ.

Сыда отшIагъэр, сыд къытэпшIагъэр,
ТилIэшIэгъу мафэу, тилIэшIэгъу мыгъу?
Зы уахъти титIо тызыкIэшIагъэр,
ГъашIэмкIэ тIуми тызэдэмыхъу.

Дунэе хьафым тытетэу тIозэ,
ЧIыныбэр тэтIы – тызэтегъожьы.
Гъощэгъэ лъагъом тетщагъэр кIозэ,
ТедгъэгушIухьмэ, тигугъи гъожьы.

Жьыбгъэр къебгъапщэу, пщэри къепщэхэу
ХыхыкIэ, уахътэр, тымыгъэщын.
Ощх фэбэ-шъабэр бэрэ къытфещхэу
ПчыкIэ къамыщри шIум хэдгъэщын.

2011

## СЕДЖЭ, СЕЛЪЭIУ, СЕУПЛЪЭКIУ

Си Алахь гукIэгъушIэ ымакъэ
Тыжьыныф жъгъыукIэ огум къысфехы:
Дыухь тыгъэпскIэ зыкъысхетакъо,
Иощх гъэбэжъуи шъабэу къысфещхы.

Сидунай хьафы Ащ сыфеплъыкIышъ,
КъысфэшIушIэнэу седжэ, селъэIу.
СызэлъэIугъэр къысфызэплъэкIышъ,
ИнэплъэгъушIукIэ къаплъэ, сеуплъэкIу.

2011

## АШIЭРЭПЭШIЫЖЬХЭР

Сыздагъэхьащхы ашIэрэпэшIыжьхэм!
Загъэмамунэ, зыкъыспашIыжьы.
Къыздэмыхъушъухэу а симыпшъыжьхэм
Яшхэр сишыкIи къысфыпашIэжьы.

ЕтIанэ ахэр шъугъор яузэу
КIэгъожьхэшъ, сэры ажэ дэмыкIрэр.
Фыгуцэ някъор ягъэблэ Iусэу
Джа купыр ары мэщ къызфэмыкIрэр.

Сэ сымэщышIэу сымэщыбашIэшъ,
СимэщышIагъэ чIылъэм щэшъхьалъэ.
Iанлъэм илъ тхьацур шъоркIэ мыпшагъэшъ,
Шъугъом игъуапчэ жьынчъэу шъуетхьалэ.

Ори-да-дэ-ри ори-да-дэзэ,
Сыдэу дунайри тэркIэ джэгушху.
Шъуишъугъо тамэ шъурыбыбатэзэ
Сакъогъу шъукъосышъ, шъукъызрыгушху.

2011

## ЖЭКIЭ «КЪЫПКIЭУГЪОЕЩТ»

Джэгъогъу къыпфэхъугъэ шъэогъум
Уинасыпмэ, шъэф къыбдашIэнэп.
ОшIэ-дэмышIэу иззогъум
Пшъхьэ зыщышIуихыщтыр къэпшIэнэп.

Ар егъашIэм къыздиукIыщтыр
УимыгъэшIэнэу зэшIэгъоещт.
Ем пфылъыхъумэ, узфиукIыщтыр
ЖэкIэ къыугъойзэ, «къыпкIэугъоещт».

2011

## ДЭГУ-МЫДЭГУ

Узыфаем
КъыодэIурэп,
Ежь зыфаем
Зигъэдэгурэп.

CIуагъэп еIошъ,
Зегъэхые.
Уадэжь къэкIошъ,
Къыптегые.

2011

## УЩЫЛЫЧМИ, ПФЭЩЭЧЫНЭП

Сыда пIокIэ, пIокIэ, пIокIэ,
Хэт идагъуи ылъэгъужьрэп.
Сыд IэзапIэм уелъэкIонкIэ,
Ащ уз нэпцIыр щагъэхъужьрэп.

Бжьыныф шъугъэр чIым ебгъэкIукIэ,
КъыхэкIына? КъыхэкIынэп.
Уимыузым угу зебгъэкIукIэ,
Ущылычми, пфэщэчынэп.

2011



## ХЬАТКЪО АХЬМЭД СИУСЭ БЫРАКЪ

Илъэсибл сыныбжьыгъ, Ахьмэд, узысшIэрэр,
Сигъэшlэ кIыхьэ сыгуи уикIыгъэп.
Уиусэ лъагъо, нахьыжъ, сэры щымыпшъырэр,
ГущыIэ мышIукIэ зыкIи уискIыгъэп.

УсэкIо лъагъор, сэшIэ сэ, зы лъэгъо закъоп,
Ар лъынтфэ гъощагъэу цIыфыпсэм фэд.
Дунай нэфым щымыпшъэу щэдаIо, щэсакъы,
УсэкIо шъыпкъэм гъэшIабэр къыфэт.

Зифедэ хэлъымэ, Ахьмэд, узщагъэгъупшэу
УиIанэ шыгъэ ахэр щышхагъэх.
Уихьасэ шIагъэ даIыгъыр ежь ямыгъупчъэу
Уимэщи ахэр шъэфэу щыхагъэх.

ЦIыфы шIушIагъэмрэ лъэужы мафэмрэ
Гур фагъэфабэу чIылъэр щагъаIэ.
Уитхыгъэ бэгъашIэрэ уигъэшIэ зафэрэ
Адыгэ шIэжьышъ, лъагэу сэгъаIэ.

2011

## ЛЪЭПКЪ ШІЭЖЬЫР АДЫГЭМ ЕРЭІ

Сижъышъхьэм, сидунай хъожьыгъом
Сыд гущэр осІон, адыгэ мыгъу?
Тэ шъозэбэным, хьэзэрэшх шъугъом
Тызэдыхэтышъ, тызэдэмыхъу.

ТыцІыф лъэпкъыбэу лъэпкъ тымыхъугъэу
Тыпэрытыным зэкІэ тыфай.
ТызэфычІэплъзэ, тыгу зэфэмыгъоу
Зэфилъ-зэрылІкІэ тыІаз, тыжай.

Дунэе нэфым ичІ къопэ дахэр
Тхьэм къызытетым, сыд щыдгъэхъагъ?
ЛІыгъэм зедгъэхьзэ, тилІыгъэ нахэ
 ШъорышІ-нэшІошІым едгъэлъэхъагъ.

Джа псэлъэ гуаор сыжэ къыздэкІрэм
Сыбзэгу сэр-сэрэу лыгъэр есэдзы.
Уакъылынчъэу шыр къызепфэкІрэм
Ныбэпх зэпычым уанэм уредзы.

Зэзэгъыныгъэр, зэгурыІожьыр
Зыхэмылъ лъэпкъыр лъэпсэ пытэщтэп.
ЗэфычІэтІэныр, къэІорэ-Іожьыр
Зилъэпкъы узым бэ къыгъэшІэщтэп.

Улъэпкъ зырызэу, узэпэІапчъэу
ЧІылъэм утеткІэ сыдыр ишІуагъ?
Къыддэмыхъугъэм тыфэІупчъапчъэу
Хэгъэгу бгынэныр тшъхьэкуцІ щыжъуагъ.



ТичІыгу бгынагъэ къинэгъэ тІэкІур
Псы пхъэчаишхом ищыгъу-щыгъунчъ.
Хэгъэгур тиІэу, тІыгъэу утыгур
ДжыркІэ тэпсэуми, тылъэпкъ гугъэнчъ.

Сыда тарихъым тыщашІэжьынэу
Тэ къытхэнагъэр? Шъхьафит кІэхъопс.
Сыда адыгэм уз мыхъужьынэу
ИгъашІэ хэлъыр? ГукІэе гъопс.

Имыгъоу чъыгым ылъапсэ къегъумэ,
Ар мэкІэ-макІэу щытзэ, мэгъужьы.
Адыгэм шІэжьыр имыІэ хъумэ,
ЩыІэгъэ папкІэу ятІэ мэхъужьы.

Тэ непэ зыми тырищыкІагъэп,
ТІэгушъо дагъэмэ, тшъхьэ щытфэжьын.
Ау лыгъу-лыстым джыри тигъэпІыкІагъэп,
Лъэпкъ шІэжькІэ адыгэм зедгъэшІэжьын.

2011

## СИПКIЫХЬЭ СШIЭРЭП ЗЫФЭДЭР

Чэщныкъор къушъхьэм дэпшые,
Сэри чэщ мышIукIэ сэчъые.
СшIэрэп сипкIыхьэ зыфэдэр,
Сыдым фэсшIэна къысфэтыр.

Сыфэтэрынчъэу сэпсэу,
Сычэтыущырэу сэпцIэу.
Сэ зыми иIоф къысхэлъэп,
ПIэ шъэбэ фыжьи сыхэлъэп.

2012

## УТХЪАГЪУ

Мы тидунаеу
Непэ сызтетыр,
СэркIэ нэ Iаеу
Наеу сфыщытыр,

Къин сэогъэхъуми,
Сыдэу утхъагъу!
Сыкъыбдэмыхъуми,
УсигушIуагъу!

2012

## ШХОНЧЪЭ ШЫУ

Гъэтхэ тыгъэр къыохьщырэу ом къысфепсы,
Мафэр фабэ.
Модэ чыжьэу, темыр чыжьэм осыр щесы,
Шъабэ-шъабэ.

Непэ бэмэ сягупшысэ, сигупшысэ
Зыкъыпфехьы,
Шыгъо шхончъэу, шхончъэ пшысэм
Гугъу сегъэхьы.

2012



## ДЖЫХЬНЭМ ЛЪЭМЫДЖ

Адыгэ лIэшIэгъум итарихъ мыгъо сылъэчъэ, седжэ,
Сиджэрпэджэжьи мэкъэнчъэ, сиуз гопэгъуи
къысфежьэ.
СилIэшIэгъуи къысеIо: сыда епшIэщтыр, улъымыдж,
Уилъэпкъэгъумэ зэгорэм ягъогугъэр джэхьнэм
лъэмыдж.

2013

## ТАРИХЪ ШIУЦI

Непэ тые-тымыежь къушъхьэ гупсэм сыщыIагъэти,
«Сыд зыуж уитыр» хымэ цIыфмэ къысаIуагъ, «шъо
шъухэт» ясIожьыгъ.
ГущыIэ пцэшIуащэмэ сигууз къысщагъэхьагъэти,
Тарихъ блэкIыгъэм ищэрэхъ шIуцIэ джыри стхыцIэ
къырыкIожьыгъ.

2013



## УРАЗЭУ ОРИ СИОГУ ЩЫХЬАРЗ

Сыд фэдэу къинми сигъашIэ,
Сыуешъ, шIу сыкъэлъэгъу.
Сыфай, бэгъашIэ, бэгъашIэ
Тызэдэхъунэу, шIулъэгъу.

Сыд фэдэу чъыIэми щылэр
Уитыгъэ фабэ къысфепсы,
СэркIэ сидунэе чIылъэ
Хьылъэми, гукIэ къызнэсы.

Уибжь онтэгъу спшъэ дэлъыгъэми,
НэкIи жэкIи укъысфилъыгъэми,
Сыпфэраз, гъашIэр, сыпфэраз,
Уразэу ори сиогу щыхьарз.

2013

## ТИДУНАЙ ЕШЪОГЪАЙ

Тидунай къехъулIагъэр сшIэрэп,
Ар къэшIэгъуай, къэшIэгъуай.
Ищэрэхъиплl язи ащ пшъырэп,
Сыдэущтэу пшъына, ешъогъай.

МэщэоплIао, мэлъэпао,
Ебэджы – мэIорыжъоры.
Ыгу зытемыфэрэм едао,
Фэмыухрэр тэры, шъоры.

2013

## БЛЭКIЫГЪЭР СИДЖЭРПЭДЖЭЖЬ

Загъорэ хъугъэр сымышIэу
Сиджэрпэджэжь къысхэIукIыжьы.
БлэкIыгъэр ошIэ-дэмышIэу
Джар ишIыкIэу къысхэукIыжьы.

Сыдэу кIэлэгъур, кIэлэгъур,
Непи неущи учыжьэ-благъа?
СигъэшIэ лыгъэ нэплъэгъур
Ебгъэстызэ, гугъэм сыфэбгъэлIагъа?..

2013

## СЫГЪОЩАГЪ, СИЗАКЪУ

Дэпкъым удэгущыIэмэ,
Укъызэхихына?
Зи умыIоу зыпщыIэмэ,
Уишъэф птырихына?

СшIэрэп къызэрэсIощтри,
Сыдэгу, сынэшъу, сыбзаку.
СшIэрэп непэ сыздэкIощтри,
Сыгъощагъ, сизакъу.

2013



## СЫГУ СЫФИТЭП

Тыгъэр къепсы,
Сыгу къыдэчърэп.
Ом сыщесы,
Гур сIэпычърэп.

ЧIылъэр нэфы,
Сышъхьэфитэп.
Зысэушъэфы,
Сызыфитэп.

2013

## ХЬАЛ ПЭПЦӀЭ ГЪУГЪ

Джыри зэхэтэхы адыгэ макъэр
Тиджэрпэджьмэ зарэхэӀукӀрэр.
Тыгу егъэузы, тыгу егъэтакъо,
Ар адыгабгъ къызыдэӀукӀрэр.

Зэбгырэтэкъу, зыретэкъухьэ,
Дунай хэгъэгухэми ар къарэӀукӀы.
Адыгэ лъэпкъым итыркуищ къухьэ
Иджэрпэджэжьи къыьфыхэӀукӀы.

Тыгу егъэузы, тыгу егъэтакъо,
Джы къызнэсыгъэм титарихъ такъэ
Хьал пэпцӀэ гъугъэу тыбгъэ къыхао,
Ар зиӀэшӀагъэм джыри тедао.

2013

## ШЫЖЪ УЦУАГЪ АР, ШЫЖЪ УЦУАГЪ

Адэ джары, джары хъурэр,
Мыхъужь зыхъурэм Ӏаджи тӀощт.
Жьыбгъэр къилъмэ, шъофы къурэр
Ащ зэпекӀы, сыд епӀощт?

Жьыбгъэр къепщэ, шы къунанэу
Чъэмэ-чъэзэ кӀэщэщыкӀы.
Ыпэ къикӀрэм елъэкъуаоу
Дыркъ ригъаӀоу ом кӀэпщыкӀы.

Ичъэ делэ къызыщыпшърэм
Шыжъ уцуагъ ар, шыжъ уцуагъ.
Зэмыжагъэр къызыщышӀырэм
ЗэреӀожьы: «Сыгужъуагъ!»

Жъуагъэм хэтэу жъуагъэп, чъагъэп,
Къэмычъэшъумэ, зэбыркъэкӀы.
Ащ къычъыгъэр чӀыгу шъэ пчъагъэп,
Нал кӀэмылъэу зэтӀыркъэкӀы.

2013

**ДЖА ТШӀЭРЭ МЭЗЫМ ТЫХЭКӀОДЭНЭП**

Сигъэшӏэ кӏыхьэ джыри сеупчӏы:
Уичӏыфэу сыда сэ къыстенагъэр?
Пхъэри сэкъутэ, гъучӏри сэуӏучӏы,
Сшӏэн фаеу сшӏэрэп къыстебгъэфагъэр.

Сыкъызэплъэкӏмэ, сшӏагъэр мымакӏэу
Силъэгъохэчъхэм нафэу къысаӏо,
Ар зэхэсхми, джа сищыӏакӏэу
Пшӏэрэм, сыхэлъэщыкӏзэ, сыдакӏо.

Арэущтэу зыхъурэм, тигъэшӏэ кӏыхьэ
Тызэзэдыхэткӏэ, тызэдэонэп.
Тызэдежьагъэу тэкӏошъы чыхьэ
Джа мэзэу тшӏэрэм тыхэкӏодэнэп.

2013



# С А Т Ы Р И П Л І  У С Э Х Э Р

11 Заказ 042

## Уахътэм ищэрэхъ

Уахътэм ищэрэхъ – ичIыфэ стелъа! –
Сылъэчъэ, седжэ, ичъэ сыдэхъурэп.
Сызылъежьагъэр – сыдэу сыдела! –
ГъучIышым тесышъ, ыгуи къысэгъурэп.

## Пщэ фыжьыр ом игъощагъ

Пщэ фыжь шъхьэзакъоу ом игъощагъэм
Изэщ есыкIэ гумэкI сыхедзэ.
ЛъэпэрычъэпскIэ жьыбгъэу къепщагъэм
Лъэой гупшысэр гум щызэредзэ.

## Адыгэ нэпсым сесты, сетхьалэ

Хы ШIуцIэ нэпкъым сытет, сыхаплъэ,
Тарихъ блэкIыгъэм сшъхьэ зэтыречы.
Адыгэ нэпсым сесты, сетхьалэ,
ГъэшIэрэ гуаом джыри сыл хечы.

## Гухэлъ быракъыр зыфэсэгъаIэ

«Дунэе хьафэу» сызыщыпсэурэм
ЩысиIэ гугъэм сэ сыщегъаIэ.
«Сыгугъэнчъ» зыIоу зыгу къысфэузрэм
Гухэлъ быракъкIэ зыфэсэгъаIэ.

## Жъоку ныкъокIуас

ГугъуемылIыхэу пхъэ машIор
Бжыхьэ джэныкъом щыкIэсты,
Iугъончъэ жъокоу сыбгъашъо
Дэлъы гупшысэм сыкъесты.

**Сишхоlу жэдэлъ**

Онэш хьашl-къошlэу къысапэсыгъэм
Зегъэшlыкlае – джэгулэ дел.
Сыдэу ащ зешlми, сызэшэсыгъэм
Сlорэр езгъашlэу сишхоlу жэдэлъ.

**Ощхыбыбым сешэсы**

Сигупшысэ чъэр тэмэнчъэу
Сыбгъэгу щэбыбы,
Сишы кlэракlэ налынчъэу
Ешэсы ощхыбыбым.

**Хэта къэджагъэр?**

Хэта сымышlэу, ошlэ-дэмышlэу
Къыскlэлъыджагъэр?
Джа макъэр арщтын джы нэс сымыпшъэу
Сэ сызэжагъэр.

**Дунай зэгъокl**

Мазэр ошъо чапэм къыкъокlы,
Огум къесыхьэ.
Ар зинэфыпс дунай зэгъокlым
Шъхьэгугъу къысфехьы.

**Илъэсыр охътиплl зырыз**

Илъэсыр мэзэ пшlыкlутlуми,
Охътиплl зырызкlэ зэблэкlы.
Изы къэлапчъэ сфэгуитlуми,
Къысэмыутэкlэу сыдэкlы.

**Сиджэрпэджэжьы укъыпэджэжьрэп**

Пчэдыжьы тыгъэр огум къиощэ,
Ащ инэфыпси сигъэфэбэжьрэп.
Джыри сыппэплъэ, джыри сыоджэ,
Сиджэрпэджэжьи укъыпэджэжьрэп.

322

**Iэлъын**

Сэщ нэмыкl горэм уичэф-щхы макъэ
Феотэкъокlми, шlу усэлъэгъу.
Iэлъын гугъапlэу, Iэлъыны закъоу
Сlапэ пызыгъэм джыри сылъэхъу.

**Гугъэ нэплъэгъу**

Дунаир зэ чъыlэ, зэ фабэ,
Зэ пкlэшъэ шхъуантlэкlэ зефапэ.
Бжыхьэр къызысрэм, игъожьы-шэплъы
Слъэгъурэр згъэшlагъоу ыбгъэгу сыдэплъы.

**Псынэкlэчъыр, пхъэтэкъэжъыр**

Псынэкlэчъыр чъэмэ-чъэзэ,
Мэщхы, матэ – хым екlужьы.
Пхъэтэкъэжъыр шэмэ-шэзэ,
Зыдэщылъым щэкlодыжьы.

**Жьым щэхьапкlэ, ом щэпхъанкlэ**

Жьыбгъэр къепщэ, пкlэшъэ тхьапэр
Ионэшэу жьым щэхьапкlэ,
Ар фимыкъоу чъыгы шъхьапэр
Ипхъэнкlыпхъэу ом щэпхъанкlэ.

**Тэтэркон**

Тхьэзэуагъэр шъхьэфитынчъэу
Уцыжъ-пыжъэу тэтэркон,
Жьыбгъэр къилъмэ, уихьэу, упчъэу,
Уигукlае хэт епlон?

**Чъыг шъхьэзакъу**

Пщэ гуих шlуцlэр огум щэцуахъо,
Пчыкlэр мэхъупскlы, шыблэр мэгъуагъо.
Шъхьэмыуфэнчъэу шъоф нэкlым итыр
Чъыгэе закъошъ, сыда къыфэтыр?

323

**Сигугъэ-гупшысэ сионэш пшыс**

Сиегъэшlэрэ гугъэ-гупшыса
Хьауми сионэш джэгулэ пшыса
Мо шъоф шхъонтlабзэм щалъахъэрэр,
Уцы пцlыускlэ щагъатхъэрэр?

**Тlуагъэм тырыкlэгъожьы**

Гъэмэфэ фабэм тызригъэзэщрэм
Кlымэфэ чъыlэм ижь тыкlэхъопсы,
Бжыхьэ отl-псытlым тыгу зызэпикlрэм
Ахэмкlэ тlуагъэм тырыкlэгъожьы.

**Бадзэми тэжъо еlо**

Жъоныгъо мафэм пкlэнтlэпсыр къехэу,
Зэрилъэкlэхэу жъонакlор мажъо.
Бэдзэ армэуми – цу бжъакъом тесэу! –
«Тэри тэжъо!» еlошъ, шъхьэр егъажъо.

**Пцlымрэ шъыпкъэмрэ**

«Пкlэнчъэу джэрэ гъоу джыри сыlукlагъэп»
Зыlорэм пцы еуса?
Хьауми «Шъхьэтеlубэ хым ищыкlагъэп»
Зыlорэм сыригъуса?

**Ар зыкlэхъопсрэр сичэт**

Баджэм пшысишъэ ешlэмэ,
Езгъэшlагъэр хэт?
Ар, сшlэми-сымышlэми,
Зыкlэхъопсрэр сичэт.

**Лъэшым кlэнакlэхэрэп**

«Хьэм иныкъошх, ошlэ, сэ сшхыжьрэп»
Аслъаным зеlом, баджэр щхыпцlыгъэ.
«О къыолыжьрэр, сэ зэспэсыжьрэп!» –
Зытекуожьым, къэщтэжьи, гъыгъэ.



**Щытхъу лыери тыгъонри зэфэдэ**

Цlыфым хэмылъыр хэлъ епlомэ,
Узщытхъурэм укlэнакlэ.
Уимыер уиджыбэ ипкомэ,
Пкошъоли ар хапкlэ.

**Къуашъом изыгъэр фэмыхъоу есы**

Зыныбэ изым мыгузажъоу
Хьалыгъур ебзы.
Есыкlэ зымышlэу мо къуашъом
Изыгъэр есы.

**Шъыпкъэр чlылъэм щылъэпсэ пыт**

Бэрэ цlыф lушмэ аlоу зэхэсэхы:
«Тхьагъэпцlым ынэ цlынэ зэпыт».
Шъыпкъагъэ зиlэм сисэлам есэхы,
Ащ фэдэр чlылъэм щылъэпсэ пыт.

**Лъащэр, чlыфэр**

Лъащэм кlыгъу зэпытрэм
Хэлъэщыкlэу регъажьэ.
Ахъщэ чlыфэ зэптрэм
Уихьэ псашъо уегъащэ.

**Шэн дэгъу**

Шъхьэфэгъэшlо тэдж зышlрэм
Ышъхьэ пызрэп,
Зиадыгагъэ рымыпшърэм
Ылъапсэ сысрэп.

**Лъэпэд фабэр зыфехъэжьы**

Мэл lэхъогъоу пщэфы шъабэр
Огум щэхъу, ом щэтхъэжьы,
Ащ пэт лlыжъым лъэпэд фабэр
Гугъуемылlэу зыфехъэжьы.

**ПӀастэр мэпӀонкӀы, мэщхы**

Іудэнитӏур зэрыугъэ мастэр
Сфэгъадэрэп, сфэгъэхъурэп
ЗысӀокӀэ, къэпӀонкӀырэ пӀастэр
Мэщхы, ышӀошъи хъурэп.

**Ащ фэди мэхъу**

Сыда узфитыр, ащ фэди мэхъу:
ОшӀэ-дэмышӀэу шкӀэхъужъри малӀэ,
Чъыгри зэндабзэу щытызэ мэгъу,
Пхъэчэе нэкӀри ощхыпсым фалӀэ.

**ШӀушӀэ фашӀэр умыушъэфы**

ПфызэшӀокӀэу шӀукӀэ афэпшӀагъэр
ОхьэхьайкӀэ умыӀуат,
ШӀушӀэ фашӀэу къыпфашӀагъэр
Умыушъэфэу лъыгъэкӀуат.

**УпчӀэ щхэн**

Мэлы укӀыгъэм ышъо тырахы
Хъумэ, ылы мэуза?
Нысэщэ джэгум хэтхэм ар ашхы
Хъумэ, гъыбзэ ауса?

**ПцӀитӀу**

Атыгъугъэ мэлым ыкӀапэ
СыдигъокӀи ины,
Ар зыщашхыгъэ къушъхьэхъу чапэм
Тыгъужъри щэплъыры.

**Зыфэе пстэури цӀыфым къыдэхъурэп**

Чэтэ лъыгъэм чэталъэр ебзыжьа?
Чэм лъакъоми шкӀакӀэр еукӀыжьа?..
Гъэмэфэ уцри джау сыдми гъурэп,
Зыфэе пстэури цӀыфым къыдэхъурэп.



**Уиныбжьыкъу утечъышъуштэп**

Къепщэгъэ жьыбгъэм укӀэлъемыжь,
УкӀэхьашъуштэп.
Уиныбжьыкъу пкӀэнчъэу ышъхьац фэмыжь,
Утечъышъуштэп.

**Дунэежъ хьаф, дунэежъ мыгъу**

Ууатэмэ, умыпшъыжьэу теу,
Усыджмэ, зыми ущымыгугъу.
Дунэе хьафэу тызтетыр сыдэу,
Сыдэу ар тэркӀэ дунэежъ мыгъу!

**Ахъщэм идэгъо закъор икъэлэжьын**

ТхылъыпӀэ ахъщэм ишы-шыш макъэ
Зэхэтымыхми, тыгу щэӀушъашъэ,
Ау ахъщэ мыгъом идэгъо закъор
Икъэлэжьынышъ, къытфырегъашӀэ.

**ПӀуагъэм уемыпцӀыжь**

Бэмэ аӀоу зэхэсэхы:
«Гугъэ нэпцӀыр шъхьэгъэпцӀэжь».
Ау мы псалъэр сыгу къисэхы:
«ПӀуагъэм зыкӀи уемыпцӀыжь!»

**Іуашъхьэми къушъхьэу зелъытэ**

Шъофым ит Іуашъхьэр мыин-мылъахъчэу
Изакъошъ, къушъхьэу зелъытэ.
ТхьамыкӀэм ренэу баим иахъщэ
ГукӀэ кӀэхъопсы, къелъытэ.

**Іом къупшъхьэр екъутэ, налыр кӀеуты**

Бзэгум къупшъхьэ хэмылъми,
Къушъхьэр екъутэ.
Жьыбгъэм шхоӀур Іумылъми,
Налыр кӀеуты.

### ТхьакӀумашӀор, бысымыр

Зыгорэм утхьакӀумашӀу зыраӀом,
ЫтхьакӀумакӀэ Ӏэ щифэжьыгъ.
Бысым хьарамым хьакӀэ къызфакӀом,
Джэныкъо машӀом псы пикӀэжьыгъ.

### Теубзэ, тыкъызэхишӀыкӀрэп

Шъхьалыр мэхьаджэ,
Хьаджыгъэр къыдэкӀрэп.
Теубзэ шъхьакӀэ,
ТыкъызэхишӀыкӀрэп.

### Пщыбэ зиӀэр хэгъэгужьэп

Хэгъэгур щымыӀэжьынэу уфаемэ,
Пщыбэ иӀэнэу Тхьэ елъэӀу.
Упыгъэнагъэу узашэрэр джаемэ,
Къызхэмыдзышъурэм, угу емыгъэкӀу.

### Шъхьэчъэ-зечъэм лъэри кӀехы

СэкӀо, сэчъэ, сэгузажъо,
Слъэгъурэр зэкӀэ нэм егъашӀо.
Шъхьэчъэ-зечъэм лъэри кӀехы,
Гугъэнчъагъэм гур пӀэкӀехы.

### Сикъэрар пашъхьэ сыдыр щысӀон?

Спэчыжьэ пыир къызнэмысыщтмэ,
Сидунай гъашӀэ сытхъэу згъэкӀон.
Ау сэщ нэмыкӀ горэ ащ къыстыщтмэ,
Сикъэрар пашъхьэ сыдыр щысӀон?

### ЛэжьакӀор армэу, ежь имэфэкӀ

Мафэ къэси фэмыфым имэфэкӀышъ,
Машхэ, мэчъые – Ӏор идэогъу.
Узэрэтеплъэу шъхьэр зэрефэкӀы,
ЛэжьакӀор армэу – ежь зышӀодэгъу.



### Лъэгъо шъэфхэр

Мэзэгъо чэщым ижъогъо нэфхэр
Зырыз-зырызхэу огум Ӏэпэзых.
Джа жъогъохэчъхэм ялъэгъо шъэфхэр,
Сащымыгъуазэу, нэплъэгъум хэзых.

### ӀэшӀур зышӀомакӀэм дыдж ерэшх

Дунай нэфыр шӀоӀэшӀу закӀэу
Цӏыфыр тхъэным фэерыш,
Ау итхъагъо зышӀомакӀэу
Къызыщыхъурэм, дыдж ерэшх.

### Ныбджэгъуми зэгорэм уешхыжьы

Тыгъужъ мыхъущтыр сыдигъуи
Тыгъужъы пащэм ешэжьы.
УиныбджэгъужъкӀэ удэгъуми,
Зэгорэм ащи уешхыжьы.

### Щыным ыкӀыӀу корэшъу

Пыи Ӏушым ущымыщын,
Ныбджэгъу делэм зыщыдзый.
Корэшъум ыкӀыӀу корэшъущын,
Ар къызыщынкӀэ, мэшӀо бзый.

### Блэмрэ унэӀутымрэ

Блэр омэ, ищэнаут
ЕкӀодылӀэжьрэп.
Пщыр губжымэ, иунэӀут
Зытригъэплъэжьрэп.

### Сыд гъогуа непэ сызытепщагъэр?

ШӀур сигугъапӀэу шӀум сыкӀэхъопсызэ,
Сыд гъогуа непэ сызытепщагъэр?
СапэкӀэ къэтым гукӀэ сехъохъузэ,
Тыдэ къикӀыгъа сызхэты пщагъор?

**Джащ сичъэн щысыухыгъ**

Селъэкlоны, сыхэчъыкlы,
Сикъэлапчъи сфыlухыгъ.
Пщэф шъхьахынэм сыхэпшыкlы,
Джащ сичъэни щысыухыгъ.

**Псынчъэ пхъэчаир зэхэгъукlэ**

Чъыгэе пхъэчаим псы итмэ,
Хэпкlутын плъэкlыщт.
Ау псынчъэ-lэнэкlэу щыбгъэтмэ,
Зэхэгъукlыщт.

**Пыджэщтым бжъакъор ыгъэбылърэп**

Сыушъэфрэп: бзэгухьэм сыгу фэплъы,
Iоф зезгъэшlрэп, сыпылъэп.
Нафэу есэlо: «Пыджэн зигухэлъым
Ыбжъакъо ыгъэбылърэп».

**Тыгъужъыр, тыгъуакlор**

Тыгъужъым щыщынэрэр
Хьэ пlуным пылъ.
Тыгъуакlоу мыпщынэрэм
Ищын уемыплъ.

**Хэхэс къыуаlоныр тхьамыкlагъу**

Зыщыщы лъэпкъым имые хэгъэгум
Щыпсэурэ цlыфыр сыдэу тхьамыкl!
Хэхэс гущыlэ панэр гу цlыкlум
Хэлъы зэпыт – уимыс, уимыкl.

**Фэмыфым Iоф емыгъашl**

Чыр цlынэзэ ауфэ,
Бэрэгъапцlэм бэрэ зеуфэ,
Фэмыфыр сыдигъуи фэмыф,
Iоф емыгъашl, унэм имыф.



**Къэбыр, къэкlухьакlор**

Шъхьэджашъом ыпашъхьэ
Къэбым игугъу щашlрэп.
Къэкlухьакlом ылъашъхьэ
Чэщи мафи пшъырэп.

**Чъыг гъугъэм жьау иlэп**

Гущыlэу птыгъэр джау сыдми,
Гущыlэп.
Чъыг гъугъэр зэндабзэу щытми,
Жьау иlэп.

**Гулъыт**

Псыначlэр умылъэгъоу
Итыпсым уемышъу,
Нахьыжъэу уимылэгъум
Утlысэу удемышъу.

**Чэтыур, лэндыр**

Чэтыумэ тамэ аготыгъэмэ,
Дунаир бзыунчъэщтыгъ.
Лэндыр псым хэмысыгъэмэ,
Пцэжъыер есынчъэщтыгъ.

**Ахэр зэгурыlогъуаех**

Орэдыlо бзыуитlур зы чъыг къутамэм
Пфытесышъущтхэп,
Ежь усакlом зэхимылъхьагъэ мэкъамэм
Пфедэlухэщтэп.

**Гущыlэшlурэ псэлъэ дыджрэ**

Зыгорэм ичlыфэ птелъэу укъэущыжьын нахьи,
Умэлакlэзэ угъолъыжьмэ нахьышlу.
Пкlэнтlэпскlэ къэмылэжьыгъэу зыгорэм иlахьи
Тыгъугъэкlэ пшхыжьыныр сыдэу мыlашlу!

## ГукӀодыгъо щыӀэп

ГукӀодыгъо щыӀэп: осыбэ къесыгъэмэ,
Гъэмафэ нэс жъужьын.
ГукӀодыгъо щыӀэп: лӀэныгъэр къэсыгъэмэ,
СишӀуфэс есхыжьын.

## ТӀо даӀо, зэ гущыӀ

Цӏыфым тхьакӀумитӀурэ зы жэрэ зиӀэкӀэ,
ТӀо даӀо, зэ гущыӀ.
КъэпӀотэрэ къэбарым зыдэмышӀ ӀэкӀэ,
ЗыгъэӀэдэб, зыщыӀ.

## Шъхьахын

Зыгорэм ыжэ дэплъыхьэрэр
МэлакӀэм егъалӀэ,
Зипхъэшӏын дэшъхьахрэр
Яжьэм пагъаплъэ.

## Бысымгуащэм илэгъэкъут

Бысымгуащэм лагъэр ыкъутэмэ,
Макъэ пыӀукӀрэп,
Ежь ышӀагъэр нэмыкӀым дилъэгъумэ,
Фигъэгъун ылъэкӀрэп.

## Гугъэ лъапс

Нэм ылъэгъурэр
Шъхьэм ыӀас,
Сызылъыхъурэр
Гугъэ лъапс.

## Тыгъэри фабэп, дунайри дахэп

УмыгъэшӀагъо: пчэныр зылӀэкӀэ,
ЫкӀэ къыритӀупщэхыжьрэп.
Къэхэлъэ лъэныкъом узыплъэкӀэ,
Уитыгъэ фаби къепсыжьрэп.



## Орыжъ щыугъэм пцэжъые хэсэп

Хьэ зыпэмыт мэл Ӏэхъогъум
Тыгъужъыр ешэ,
Сишъэогъу мыдаӀо орыжъ шъуугъэм
Пцэжъые щешэ.

## Нэмрэ гумрэ, псэмрэ омрэ

Нэр
Гум ишъхьаныгъупчъ,
Псэр
Уашъом щэрэмыгъупш.

## Цӏыфыр гъэшӀэгъонэу зэхэлъы

Цӏыфыр гъэшӀэгъонэу зэхэлъы:
Шъхьэм ӀитӀури егъэдаӀо,
Гур къытео, бгъэгум къыдэплъы,
ЛъэкъуитӀури гъогум едао.

## ХэмышӀыкӀмэ, пшъхьэ зэпекӀы

Чыиф онджэкъыр укъощыгъэми,
Ӏугъо гъуапчэр занкӀэу къекӀы.
ТӀукӀэ плӀы зэхэтыр бгощыгъэми,
ХэмышӀыкӀмэ, пшъхьэ зэпекӀы.

## УпчӀитӀу къызэрыкӀу

Лъэой шагъэкӀэ кӀашъом
ДэкӀуаеха?
Мыжъо мышӀукӀэ уашъом
Дэуаеха?

## ШхэкӀыгъэ шыр, пкӀэнтӀэпс джанэр

ШхэкӀыгъэ шым къамыщ дэмыӀыгъмэ,
Чъэщтэп.
ПкӀэнтӀэпскӀэ джанэр мышъокӀыгъэмэ,
Шэщтэп.

**Джэнэтри джэхьнэмри ащ къыщытпаплъэ**

Зэрэцlыф лъэпкъэу зы Тхьэ зэрэтиlэр,
Тиошъо лъэгэшхо Ар зэрэщыlэр
Бзыумэ тагъашlэу ом тырагъаплъэ.
Джэнэтри джэхьнэмри ащ къыщытпаплъэ.

**Псыцур, цlыфыр**

Псыцур шlуцlэми,
Ищэ фыжьы.
Цlыфыр къуапцlэми,
Ылъы плъыжьы.

**Имылъэу бгъэлъатэрэр быбышъурэп**

Къэмышъошъурэр къызыбгъашъокlэ,
Щытхъупс лыем тхакlор зебгъашъокlэ,
Ылъакъуи ытами фызэкlэхышъурэп,
Имылъэу бгъэлъатэрэр быбышъурэп.

**Мэрчэпымрэ фалымрэ**

Мэрчэп уешъуагъэкlэ
Шlэныгъэлэжь ухъущтэп,
Фалы уеджагъэкlэ
Уцlыф lушыщтэп.

**Атакъэр, шыгъачъэр**

Атакъэм идэгъугъэ
Кlэнкlэ кургъум къыщежьэ,
Шым ичъэрыгъэ
Шыгъачъэшхом ухещэ.

**Ом укъимыщми, умыгъэпый**

Пый lушым ущымыщын,
Шъэогъу мыlушым фэсакъ, зыщыдзый.
Ор гъунджэп – укъимыщын,
Ащ сыкъищрэп пlоуи, умыгъэпый.



**Цыгъор щынэрэп, лъакъом уихьырэп**

Шъхьалым къыпыlукlрэ макъэм
Цыгъор щыщынэжьрэп,
Гъогум тепшъыхьагъэ лъакъом
Чыжьэу уихьыжьрэп.

**Ибэр, быгъур**

Ибэм ыныбыдж
Ежь-ежьырэу пеупкlыжьы.
Быгъум уемыпыдж,
Ор-орэу зыоукlыжьы.

**Уифыгу бгъотагъэ ямыгъэгужь**

Уилэжьыгъэ коным емыгъэкlужьыгъэу
Бэгъуагъэ пlоу умыгушlу.
Уифыгу бгъотагъэп пlозэ, ябгъэгужьыгъэу
Къызыпфалъэгъукlэ – унэшъу.

**Фэмыфхэр**

Бзылъфыгъитlу унэм зэдисмэ,
Джэхашъор шlоищт.
Бжьашlор уибжьэматэ дизмэ,
Шъоушlыгъэр шъуищт.

**Лъэгъо хэхыгъэм сырыкlорэп**

Гукъаор зыпэкlэмыкlыгъэм
Гушlуагъом ыуасэ гурыlорэп,
Зыгорэкlи зыгу сыкъэмыкlыгъэм
Илъэгъо хэхыгъэ сырыкlорэп.

**Тхьамыкlэр, гъучlыр**

Сыд фэдизрэ тхьамыкlэр бгъэшхагъэкlи,
Пщэр хъурэп.
Анахь гъучl пытэм ухэупкlагъэкlи,
Пфэгъэгъурэп.

## Мэлахъор, шъоупсыр

Зы мэлы закъоми
Мэлахъо ищыкӏагъ.
Къэб жъогъэ такъоми
Шъоупс темыкӏагъ.

## ШъыпкъитӀу

Ар шъыпкъэ: бэным далъхьэрэм
Ышъхьэ узыжьрэп,
Зыжэ кудагъэу ахьырэм
Куон ылъэкӏыжьрэп.

## Пчэнымрэ шымрэ

Ӏофыр жакӏэм фэкӏожьыгъагъэмэ,
Пчэныр зэкӏэми анахь Ӏушыщтыгъ.
Шыми лъэкъуиплӏ кӏэмытыгъагъэмэ,
Блэм фэдэу чӏыми щыпшыщтыгъ.

## ПцӀыусым иунэ стыгъэ

ПцӀыусым иунэ зэстым,
Зыми ышӀошъы хъугъэп.
ЧӀыфаштэм чӀыфэ зесэтым,
Естынэу къысщыгугъугъэп.

## Палъэщтым псытхьалэ иӀэп

Палъэныр зынатӀэ итхагъэм
Псытхьалэ имыӀ.
Зыщыщ умышӀэу къыпӀугушӀуагъэм
Угу илъыр емыӀу.

## Делэр, акъылышӀор, чэмышъор

Делэм псынэм ридзэгъэ мыжъор
АкъылышӀом къырихыжьышъурэп.
Чэум еупцӀэхыгъэ чэмышъор
Гъэмэфэ тыгъэм ыгъэшъурэп.



## Жъыгъом етхьаусхылӀэхэрэп

ЗэныбжьыкӀэм зыфэсакъыжьыгъэр
Жъыгъом щытхьаусхэжьрэп.
Шэсыны Ӏофым емызэщыгъэр
Джау сыдми шым къепсыхыжьрэп.

## Дахэмрэ махэмрэ

Чъыгым имэхагъэ
Къутамэмэ къащежьэ,
Гъатхэм идэхагъэ
Къэгъагъмэ къахэщы.

## ПщыпӀэм машӀо щагъэстрэп

ПщэрыхьакӀор зыщыбэм
Шхыныр щыӀэшӀоп.
Бгъэнышъхьэ пщыпӀэм
Щагъэстрэп машӀо.

## КӀэпсэ шагъэр, зынэ мышӀур

КӀэпсэ шагъэкӀэ псынэм
ЗемытӀупщэх, уифэщт.
Зыгу къыпфэмышӀум ынэ
Фэсакъ, укъиуфэщт.

## Лыер сыдигъуи лые

Псыр зэрыз апсым
Псы Ӏуби хэфэжьрэп,
Къапщыкъы шъхьапсым
Ыпхрэр хъыежьрэп.

## КъокӀыпӀэмрэ намысымрэ

Цӏыфы намысым уасэ иӀа?
Дышъэп, тыжьынэп, гъуаплъэп.
КъохьапӀэмкӀэ зыгорэ щыӀа?
КъокӀыпӀэр гугъапӀэшъ, сыпаплъэ.

**Убзэгу умытIупщ**

Бзэгур – аслъан,
ПфэIыгъышъумэ, укъиухъумэщт.
Бзэгур – къэплъан,
ЗыптIупщрэм ащ уицунтхъэщт.

**КъыстекIожьыгъ**

Тыгъоным зыфэсэгъасэм,
Сиджыбэ къиIэбэжьыгъ.
Еджэным зыфэсэгъазэм,
СымышIэрэр сигъэшIэжьыгъ.

**ТIури шIэгъуай**

IонтIагъэм удэпсэун зыхъукIэ,
Уизынэ еIи, икIыжь.
Къэпщагъэм мыхъун зыдэплъэгъукIэ,
Бэ темыгъашIэу тIупщыжь.

**Ар тIумкIи тхъагъоп**

Унагъо пшIэжьмэ,
Мэзэ гушIуагъу.
Илъэс тешIэжьмэ,
ТIумкIи мытхъагъу.

**Ныбджэгъур, джэгъогъур**

Мышъэм ар фагъадэми,
Къыпфэшъыпкъэшъ, уиныбджэгъу.
УзэдэIурэр орэдми,
КъыпфэзыIорэр джэгъогъу.

**Уишъэогъуи уионэши фэсакъ**

Уишъэогъу шъоу закIэмэ,
ЗэкIэри темыбзэикI.
Уионэш бгъэхьапкIэмэ,
Онэгум зимыщэикI.

**ШIури ери зэголъы**

Бзаком илI зытырахым
Ыбзэ зыкъитIэтагъ,
Коцыр имыгъоу захым
ЦIынэм ыгъэбгъотагъ.

**Сабыир, щытхъуфалIэр**

Унагъом ишъэф пшIэ пшIоигъомэ,
Исабый еупчI.
ПлъэкъуацIэ ябгъашIэ пшIоигъомэ,
Хэшъаем хэуIучI.

**ГугъуемылI**

Ашъыу щыгъэт, ащ фэдизэу земыгъэгъап,
ЦIыфмэ къямыхъулIагъэр къытэхъулIагъэп:
ЩыдитIу тиIагъэти, зыр хэхьажьыгъ,
Адырэр, муары, къытфэнэжьыгъ.

**Ащ фэди къяхъулIэ**

Зы гъучIыIунэ щыкIэкIэ налыр къычIанэми,
Зы налкIэ шыр чIэунэн плъэкIыщт.
Зэ щыхъогъукIэ сырнычыпэр къызэханэми,
НэмыкI щыхъогъукIэ ар зэпикIыщт.

**Ощхыр, мэщыр, гъупчъэр**

Ощхыр къыземыщхрэм
Гъэмэфэ уцым къыхагъо,
Мэщыр къызытфэщхрэм
Гъупчъэ уасэм къыхахъо.

**Тэ ахэр Тхьэм къытипэсыгъэх**

«А-ей, мы бзылъфыгъэхэри, мы бзылъфыгъэхэри...»
Ар тIоми, ахэр арых тыкъэзылъфыгъэхэри.
«Сыдэу гъэшIэгъонхэу ахэр гъэпсыгъэх...»
Ар тIоми, ахэр Тхьэм къытипэсыгъэх.

## Ащ ыгу илъыр къэшIэгъуай

Бзылъфыгъэ шэныр зэхэфыгъуай:
ШIу уилъэгъущт, уигъэунэшIущт,
Уигъэунэхъущт, уигъэнэшъущт.
Ащ ыгу илъыр боу къэшIэгъуай!

## Тэпшэсыр шыу хьакI

ПсынкIэу зэкIаблэрэр
ШIэхэу кIэстыкIы.
Тэпшэсэу лъатэрэр
Шыу хьакIэу къычIэкIы.

## ГукIэгъушI, тхьагъэпцI, Iушы, зэкIокIыпх

Бзылъфыгъэр – гукIэгъушI, гумах, лъэшы,
ИшIулъэгъу пае псы чъыIэми хэтыщт.
Бзылъфыгъэр – тхьагъэпцI, зэкIокIыпх, Iушы,
Ифедэмэ, джынэми цуакъэ фидыщт.

## НэфэIоныр, бзэгухьэр

НэфэIоныр инэфаIо
ТекIуадэ,
ТIогобзагом, бзэгухьакIом
УеIуатэ.

## ПIэнтэгъу уецэкъэжьышъурэп

Тыгъужъым ыцы ехъожьми,
Зэрэтыгъужъэу къэнэжьы.
ГуIэрэр ыIэнтэгъу етхъожьми,
Емыцэкъэшъоу зешхыжьы.

## ХьитIурэ нитIурэ

Зы къупшъхьэр
ХьитIумэ зэдашхрэп,
Мо къушъхьэр
НитIуми афэшрэп.



## Щхэны

Атыгъугъэ мэлыми ыкIапэ
Зэрэиныр шъушIэщтыгъэмэ!..
Ар зытыгъугъэм къыхьыжьмэ псапэ
ЗэришIэщтыр шъушIэщтыгъэмэ!..

## Тыгъужъым урегъэблагъэмэ, уихьэ зыдащ

Тыгъужъым дэжьы хьакIапIэ узыкIокIэ,
Уихьэ гъэсагъэ щыгугъу, зыдащ.
«Щыс, джыри жьы...» – бысымым къызыуиIокIэ,
Уихьэ икъэбари къыфегъажь.

## Ащ зи хэсшIыкIрэп

Къутэмэ IонтIагъэ пэпчъ
Щэбзэпкъ хашIыкIрэп.
ОшIэмэ, пчъагъэр къысфэпчъ.
Ащ зи сэ хэсшIыкIрэп.

## УмышIэрэм кIэупчI

Шым ишэн-хабзэ умышIэу
УтемытIысхь.
Уичъыги ошIэ-дэмышIэу
УмыгъэтIысхь.

## ПIорэр зэхихрэп, зыфаер ешIэ

Лыр бэдзэрым къыримыхзэ,
Бжьынышъхьэ стырыр ыупкIэтагъ.
РаIорэр джыри зэхимыхзэ,
Хьамамэм ихьи, зигъэпкIэнтIагъ.

## Гъунэгъур, джэгъогъур

Апч унэ зиIэ гъунэгъум
МыжъокIэ еохэрэп,
Хьэблэшъхьэ джэгъогъум
Дэжь мэшIуахьэ кIохэрэп.

**Пцэжъыер, къамылыр, жьыбгъэр**

Пцэжъыер ренэу ышъхьэкIэ мэшъумэ,
Къамылым лъапсэмкIэ шъун къырегъажьэ.
Гъэтхэпэ мафэм ыгу къытфэмышIумэ,
КъокIыпIэ жьыбгъэр къытфырегъапщэ.

**ПцIымрэ шъыпкъэмрэ**

Щхыухадзэ щымыIэмэ,
Щхыу агъапцIэрэп.
Шъыпкъэаlор гущыIэмэ,
ПцIыусыр цIацIэрэп.

**ШIушIэмышIэ цIыфым зыщыгъэзый**

«ШIу зыфэпшIагъэм фэсакъ, зыщыдзый!» –
ЗишIушIэ зимыгъом аригъэIуагъ.
«ШIушIэмышIэ цIыфым зыщыгъэзый!» –
Сэри ар бэрэ къысэхъулIагъ.

**Джэнэтымрэ къушъхьэхъумрэ**

ГушIу уимыIэу гухэлъышIукIэ
Джэнэтым ифэхэрэп.
Мэл Iэхъогъухэри гурышIукIэ
Къушъхьэхъум афхэрэп.

**УзитIу**

Дышъабэм
Делэ уехъулIэ,
Ахъщабэм
ГукIэ уегъулIэ.

**АдыгитIу**

Ори упщмэ,
Сэри сыпщмэ,
Хэта щыдыр
Зезыфэщтыр?

**ЩыкIыгъэр, икIагъэр**

Ицыгъо лъынэ къекIы,
ИмэкIай тизыр иIус.
ЩыкIыгъэм ышъо екIы,
ИкIагъэм ныбэр пуз.

**Тлъэпкъ иIушыгъэ тыгу идгъэлъын**

«Гупшыси псалъэ, зыплъыхьи тIыс» –
Слъэпкъ иIушыгъэ сыгу изгъэлъын.
«Егъэлыягъэу зымыгъэутыс!» –
ЗэсIожьзэ, сэри гъашIэр исхын.

**Чыжьэрыплъэ-хьалъэкъошх**

Хьэми цуакъэ щыплъэмэ,
ЗыщешхыкIыжьы.
Чыжьэрыплъэ-мыплъэмэ
Ани ракIыжьы.

**«Гъагъэм» зи къикIрэп**

Плъэхъомбэжъые зэрытым
Слъэхъомбэшхо итыгъэмэ...
Джа о лъэгапIэу узтетым
Сэ непэ сытетыгъэмэ...

**Зэрымытым Iэтишъэ регъэуцо**

Имылъэу мэлъатэ,
Зэрымытым Iэтишъэ регъэуцо.
Цубжъэр еIуантIэ,
СытекIуагъ еIошъ, шIошъ хъугъэу мэгушIо.

**УзэхишIэщтэп**

Уиуз зимыузым
Уишъхьэуз фэмыIуат.
Уелъэlузэ, зику уимысым
УдэмыкIуат.

**Фэсакъ**

Ущымытхъущ,
Пфэубыжьыщтэп.
Уемыгугъущ,
Удэхъужьыщтэп.

**ГущыIэ ушъыйхэр**

Уичати пыймэ зэпямыгъэкI,
Ущытэу пкъоши къырямыгъэкI,
РакIыкIыгъэм, кIэсэн уфэмыхъужь,
Е-о-ойкIэ ащи уфэмыгъыжь.

**ЧъыIэмрэ узымрэ**

Жьыбгъэ зыхэмыт чъыIэр
ЧъыIэп,
Пчэ зыхэмыт узыр
Узэп.

**Ущытми, укъилъэгъущтэп**

Ущысэу укъэзымылъэгъурэм
УтэджыгъэкIи, укъилъэгъущтэп.
УдежьагъэкIи, узыдэмыхъурэм
Гъогуонэ гъусэ уфэхъущтэп.

**Нафэ, шъэфы**

Нэм иузыр
Нафэ,
Гум иузыр
Шъэфы.

**Сабыинчъэм итхьаусых**

Къолэжъ пэтзэ, ищырмэ
Фыжь цIыкIу гъэшIуабзэкIэ яджэ.
Сэ шIуцIэмрэ фыжьымрэ
Сфызэхэфрэп слъэгъурэр яжьэ.



**Емынэмрэ гъаблэмрэ**

Емынэм къелыгъэр
Ныбэузым ехьыжьы,
МашIом ылыгъэр
Гъаблэм ешхыжьы.

**Адыгэ хабзэм ишэпхъэ-бзыпхъ**

«Уятэ ичIыпIэ гъэдах, уянэ дахэу епсалъ» –
Мы гущыIэжъри тищыIэныгъэ игъэшIэ лъапс,
Адыгэ хабзэм ишэпхъэ-бзыпхъ,
Джэныкъо машIом ари изыпхъ.

**ШIумэ еплъ**

Зихьэ цэкъэным гужъкIэ фэзгъасэрэр
Загъорэ ежьми ар къецэкъэжьы,
Шъхьангъупчъэр чэщрэ изымыгъасэрэр
ПэIончъэ-лъапцIэу къыкIэтэджэжьы.

**Федэмрэ зэрарымрэ**

Хэпхыщт федэм ыпэ
Къыпфихьыщт зэрарыр зэгъашIэ.
ХьантIэркъопсым пщыпIэ
ТыришIыхьэзэ, ар мэпхъашIэ.

**Хьарам джыбэм панэ ит**

ТихьаблэлI горэ байкIэ сыд имэхьан,
Хьарамышъ – ышъхьэ фимыт.
Къеблагъ къысиIокIи, ыдэжь симыхьан,
Ащ иджыбэ панэ ит.

**Къошыныр, тошымыр**

Тхъу зэрымылъыжь къошыным
Ащ ышъхьэ рефыхьэ,
Шъхьэзакъошъ, пIэ фыжь тошымым
Ар чэщрэ хэпыхьэ.

**Жьым епыджы, зыфэдэжьы**

Ар цӀыф гъэшӀэгъон:
Псым тетэу жьым епыджы.
Ащ сыд итхъэгъон,
Игъончэдж щыгъэу едыжьы.

**ЖэкӀэнчъэ джашъоу укъагъэнэщт**

ЦӀыфитӀу щытэу жакӀэр пымыупкӀ, уагъэделэщт:
Зым кӀыхьащэ,
Адрэм кӀэкуащэ
АӀозэ, тӀуми жэкӀэнчъэ джашъоу укъагъэнэщт.

**ЖэкӀэ Ӏазэ**

Цацэри мылыцӀэу,
Лыри мыцӀынэу
ЖэкӀэ егъажъэ,
Жъапхъэр мэжъажъэ.

**Уащымыщмэ, ухэхэс**

Къушъхьэ-мэзым мышъи, тыгъужъи,
НэмыкӀи хэс.
Уичэми, мэли, уишкӀэхъужъи
Ащ щыхэхэс.

**Гугъэ паплъ**

Гугъэ фалӀэр
Гъаблэм егъалӀэ,
Гухэлъ паплъэр
НэкӀэ малӀэ.

**Хьэуарзэмрэ чъыӀэмрэ**

ПсэхалӀэр зыдэщыӀэм
Бгъэжъхэр щэхьарзэх,
КӀымафэр зыщычъыӀэм
Осэшхо хьэуарзэр.



**КъэбарышӀухэр**

Сыдэу гъэшӀэгъона,
КъэбарышӀухэр нэшӀошӀ зечъэх.
Бэнтехъор ситехъона,
«СипыишӀухэр» сэ къыстепчъэх.

**Сигъогуи гугъэ мыдыжь**

Гъунэгъу лӀыжъым джыри къысеӀо:
«КъыомыупчӀэу джэуап умытыжь».
Сегупшысэ, сэчъэ, сэкӀо,
Сызытет гъогури гугъэ мыдыжь.

**Дэгъу, дэи**

Тхьацу тэджыгъэм
Хьалыгъу шъабэ хэхъукӀы,
ТӀо пшэжьыгъэм
ЫкӀышъо тегъукӀы.

**Мэлахъом изытхъагъу**

Къушъхьэхъум пщагъор непэ щыӀужъу,
Джыдэдэм сыдкӀэ ащ сигъэпэн!
Тыгъэм сыхэлъэу сызӀулъыр хыӀушъу,
Гъэмэфэ шъабэм зыщызгъэтхъэн!

**Огъушху**

Сапэр щазымэм
ПӀокӀабзэу тетӀысхьэ.
Сежэшъ, ощхымэм
Гугъу нэпцӀыр къысфехьы.

**Шхын ӀэшӀур, джэныкъо машӀор**

УмэлэкӀагъэу уапашъхьэ къырагъэуцуагъэр
Шхынэу пшӀэрэмэ анахьы ӀэшӀу.
Чъыӏэ улӀагъэу щай стырэу узэрагъэшъуагъэр
Къэзыгъэжъуагъэр джэныкъо машӀу.

**Къухьэ закъор сигугъапI**

Бзыу орэдым нахьи гъогум тетым
Хьэ хьакъу макъэр нахь игуап,
Къухьэ закъоу синэплъэгъуи хэтым
Сызтет нэпкъыр игугъапI.

**УпчIэ-джэуап**

ГущыIэм
Мыжъор екъута?
ЗимыIэм
ЧIыфэ къыуета?

**Сыпщынэуи сыатэкъэнэуи сыфаеп**

Мырэущтэу загъорэ аIо: «Учэтын нахьи
Зы мэфэ закъо уатэкъэныр нахьышIу».
Зы сыхьат закъо сыпщ-сыатэкъэн нахьи,—
Яхъяр шъолъэгъу! — сыпсэоу къэсхьмэ нахьышIу.

**Iушымрэ делэмрэ**

Iушым уфэгумэ,
НэкIэ укъешIэ.
Делэм уетIыргумэ,
Iэбжым къыпфешIы.

**Мыжъошъхьалыр, коцыр, шыблэр**

Коцыцабэр мыжъо шъхьалым датакъоми,
Зы коцыци къыдэнэжьы.
ПчыкIэ нэфкIэ шыблэр ташъхьагъ щэгъуагъоми,
Ощхыцэнчъэу зеушъэфыжьы.

**Уищыд ящи, къэщэфыжь**

КIымафэм икъэсыгъом
Щыд горэм уищыд ещэжь,
ЩтыргъукIым икIосэгъум
Ар щэфыжьи, унэм щэжь.

**Хьажъумрэ пIурымрэ**

ШэкIо кIогъум
Хьажъу апIужьрэп,
Гузэжъогъум
ПIур ашIыжьрэп.

**Хэти зыдакIорэр ешIэ**

Зицуакъэ зэжъум епIорэр
ЫтхьакIумэ ихьэрэп,
Хэтрэ цIыфи зыдакIорэр
ЫмышIэу гъогу техьэрэп.

**Шъугъуал**

Шъугъуалэр
ДэIошал,
ДэIошалэр
Шъугъуал.

**Пагэ**

Къыпфаем
УемыпэгэкI,
Узфаем
УемыщхэкI.

**Шъхьэщытхъужь**

Шъхьэщытхъужь фэмыфым
Осэпсым къуашъор щефы.
Жьым зыредзы, псыми елъэ,
ЗышIодахэу гъунджэм еплъэ.

**Лъфыгъэ дэйхэр**

Къо бзаджэм
Яжьэм ухегъэсы,
Пхъу Iуджэм
Хасэм унегъэсы.

**Пшэп, уинысэп**

Уянэ къымылъфыгъэр
Пшэп,
Пшы шъуз фэмыхъугъэр
Уинысэп.

**Пхъорэлъфыр унэгъо зэгъэшIу**

Пхъур тыщасэ къызыкIокIэ,
Мыжъоубэм зегъэбылъыжьы.
Пхъорэлъфым сыкъэкIо зиIокIэ,
Ятэжъи янэжъи зэIогушIожьы.

**ЛIыгъапцI**

Шъуз шъорышIыр
ЛIыгъапцI,
ЛIы IорышIэр
ШъхьэпцIэ-лъапцI.

**Ны нэплъэгъу**

Дэхэ Iупэ зэжъур
Бын зэблэгъэжъукI,
Ны нэплъэгъу нэшIур
Бын IугъэгушIукI.

**Хэт анахь дах, анахь шъаб?**

Хэт ышъхьэ анахь дах заIом,
ХьадэпчэмыIум ышъхьэ къыригъэщыгъ.
Сыдэу ушъаб пыжъми зыраIом,
Iэ щафэщт шIошIи, зигъэупырэцыжьыгъ.

**ЖъыгъашIу**

Тым игъогужъўрэ,
Ным иблэгъэжъырэ
Зямыгъэзэщ,
Умыбгынэжь.

**Пасэр, кIасэр**

Чэтжъые пасэр
Чэтым щэлъае,
Чэтжъые кIасэр
Бгъэм егъэлъае.

**ОшIу, уае, лъачIэ**

ОшIум умыгъотырэр
Уаем бгъотыжьыщтэп,
Мафэм дэмыгъотырэр
ЛъачIэ пфэхъужьыщтэп.

**Унэр, Iанэр**

Унэм имылъмэ,
ГъочIэгъыжъ,
Iанэм темылъмэ,
Пхъэмбгъужъ.

**ТIури умышIэ**

Iоф зыдыуимыIагъэм
Ущымытхъу,
Ар зыдэщыIагъэм
Иос умытхъу.

**Хьэ хьакъу чыжьэр благъэ**

Чэщ мэшIо нэф благъэм
УфэмыгуI,
Хьэ хьакъу чыжьэ макъэм
УфэмыгуитIу.

**Делэмэ аIон агъоты**

Ащ мафэ къэси имерэм заIом,
«Тхьэетагъ ар зигъунэгъум» делэм ыIуагъ.
«Маистэ дэгъу, маистэ шъаб» заIом,
«Ар боу шхын IэшIу!» нэмыкI делэр къэкуугъ.



12 Заказ 042

**ЛIышIумрэ делэмрэ**

Нэбгыришъэ купыр зыщытхъурэр
Нэбгыришъэ ауас,
Ос къемысыгъэр зытхъурэр
Джэныкъо гъэкIуас.

**Шэнычъагъ**

Шэнычъагъэр
Ащ иуз,
ЗыгъэлIагъэр
ИмэщIус.

**Шъыпкъэр, пцIыр**

Шъыпкъэр зипкIыкIэ,
УанэIу къетэджэжьы.
ПцIыр зыбгъэуцукIэ,
Уапашъхьэ къефэжьы.

**ШъэфмыIуат**

АIорэ пстэури
ЛъыкIуатэрэп,
Зэхахрэ пстэури
АIуатэрэп.

**Ащ фэди къыуашIэщт**

Шъоу пхъэчаим ращэлIэн амылъэкIызэ,
Мышъэм ытхьэкIумитIу гуаригъэтхъыгъ.
ЗыращэлIагъэм къафыIумыкIыжьызэ,
Ащ ыкIэ закъуи паригъэтхъыжьыгъ.

**Сэри къимых, напщи темых**

Бзылъфыгъэр зыдэщысым
Сэр щырахрэп,
Ащ къыщэигъэ псым
Напщэ тырахрэп.

**Зэсэнхэп**

Хыемрэ мысэмрэ
Зэсэнха?
МашIомрэ псымрэ
Зэпсэнха?

**Адыгагъэп, цIыфыгъэп**

Зикъэлапчъэ нэс къыплъымыкIотэжьрэм
Дэжь хьакIакIо умыкIу,
Уипсэлъыхъоу игъом къэмыущыжьрэм
Удэхъун пIоу удэмыкIу.

**Тымыудэгу**

ЖэкIэ IакIо,
IэкIэ сэмэгу.
Ащ фэдэм раIо
Тымыудэгу.

**Гумрэ нэмрэ**

Гур мыгъэу
Нэри гъырэп,
Гур мыплъэу
Нэри плъэрэп.

**Пшъыхэрэп, жъыхэрэп**

Псыхъор очъэфэ, псылъэгур
Пшъырэп,
ГъашIэр къехьыфэ цIыфыгур
Жъырэп.

**Унэгъо лъапс**

Тэтэжъ намыс,
Нэнэжъ насып
Унэгъо лъапсэр
Зэрэтфэкъабзэр.

**Сэ тIури къыздарэгощ**

Шъыпкъэныгъэр,
ШIулъэгъуныгъэр
ХэткIи аIо Iахь мыгощ,
Ау сэ тIури къыздарэгощ.

**Дэгъу лые хъурэп**

Дэй лые нахь,
Дэгъу лые хъурэп.
УмышIэ гунахь,
Ар хэти фэгъурэп.

**Тыжьын мазэр нэчыхь Iэлъын**

Мэзэгъо чэщым ижъогъо минмэ
Сигугъэ жъуагъо къахэлыдыкIы.
Мо тыжьын мазэр нэчыхь Iэлъынмэ,
Ом илъэгапIэ къыпфисэтыкIы.

**Уимыер пштэмэ, хьарам**

Чэтжъые пасэр зытыгъурэм
Чэт къытыгъущт,
Имыер ие зыфэхъурэм
Хьарам фэхъущт.

**Умыуб, умыпцI, зымыгъэгус**

Зыщыщ умышIэрэм удэмыуб,
Уибын-унагъуи пцIы фэмыус.
Уимыер уиджыбэ имыуб,
Къыпфамыдэмэ, зымыгъэгус.

**Мысэм улъымыхъу**

Унагъом щамыгъэпхъугъэм
ПхъукIэ ышIэрэп,
Зыфаер къыздэмыхъугъэм
ЫIощтми рыпшърэп.



**Усэрэжъи тытекIощт**

БэрэдэIо-мэкIэIуат,
Моу садэжьы къылъыкIуат.
Къэбарыбэ зэфэтIощт,
Усэрэжъи тытекIощт.

**Ащыгъыгъэ пэIожъ**

Добэдашхэр ащыгъыгъэ пэIожъ,
АшIэрэ-пэшIэжь, аIорэ-пэIожь.
Жьыр къызфепщэрэм ащ дырегъаштэ,
Ичэм мыщыгъэ ищи пфегъапщтэ.

**Цыхьэнчъ**

Ар уанэIукIэ
Фэбэ шъхьапцI,
УакIыбкIэ
Пэнэ папцI.

**ШIу плъэгъурэр сыдигъуи IэшIу**

ШIу плъэгъурэм дыдж дэпшхыми,
IэшIу къыпщэхъу.
ЩыIэныгъэр къинышхоми,
УикIасэ шIу олъэгъу.

**Чыжьэрыплъ**

ШIу угу илъымэ,
Къинри пщэчыщт.
Учыжьэрыплъэмэ,
Уигъогу кIэкIыщт.

**Гугъэнчъ**

ШIушIэ зимыIэр
Насыпынчъ,
ЗигъашIэ чъыIэр
Гугъэнчъ.

**Пчэнымрэ мэлымрэ**

Мэлым ыкӀэ зыдедзыем,
Пчэныр щхыгъэ.
Хьэщырым пчэныр зебзэим,
Мэлыр Ӏоигъэ.

**Хьарам шъхьэфэшӀу**

Ащ зы кӀэнкӀэр шыуишъэмэ
Мэфэ псаум афырегъэкъу.
Ежь ыныбэ ымыушъэмэ,
Ылъакъо бгыкъум регъэкъу.

**Ар пэкӀэ тӀум, пэкӀэ ланл**

Уиунэ къихьэмэ, ар пэкӀэ тӀум,
Иунэ уихьэмэ, ар пэкӀэ ланл.
КъыпфакӀо хъумэ, ори зыгъэтум,
«Тум, тум» Ӏори, земыгъэгъалӀ.

**Ар хьакощым исыгъ**

ЛӀыгъэр загощым
Ар щагужъ хьакощым
Зыщигъэбылъэу исыгъ,
Щыщ гори къынэмысыгъ.

**ЛэжьакӀор, псыхъор**

ЛэжьакӀом ишӀушӀэ Ӏахь
Шъхьахынэм рапэсрэп,
Псыхъор ежь мачъэ нахь
Чъэ аӀоу рагъэзрэп.

**ЗэӀо-зэдашӀ**

А сшӀэрэр боу лӀы пыт,
ЖэӀорыеу щымыт.
ИгущыӀи тӀо зэхэпхрэп,
Икъами тӀо къырихрэп.



**Хэти иӀоф фэӀэпэӀас**

ШакӀор зэӀубзымэ,
Бэджэбзыр къехьышъ, къэкӀожьы.
Унапчъэр къыӀузымэ,
УпхъашӀэп пхъашӀэм реӀожьы.

**МэшӀуачэр, лыгъуамэр**

МыжъуитӀур зэщыпхъомэ,
МэшӀуачэр къыдехы.
Гъэмафэр зэщыгъомэ,
Лыгъуамэр къыппехы.

**Плъэхъугъэр**

Ахадэрэр
Мэдэхъу,
Ахаплъэрэр
Мэплъэхъу.

**Ныбэрый**

Зыныбэ зигугъур
Гугъэныб,
КъыпцӀэ мыхъур
Бэшхы ныб.

**Ныбгъур, гъогурыкӀор**

Ныбгъур мэщ хьасэм хэсми,
ХьамэмкӀэ ыпэ гъэзагъэ.
ГъогурыкӀом жьыбгъэр ишэсми,
Илъэгъо бгъузэ тезагъэ.

**Фэмыф**

ШыкӀэ къамылъфыгъэм
Уанэ фызэкӀелъхьэ,
Ежь ифэмыфыгъэ
Мэфэ ощхым тырелъхьэ.

### ГущыIэгъэф

ГущыIэгъэф,
Iэнэ ефэкI.
Къэмэ Iэпшъэф,
Фэмыф кIэгъэкI.

### ЕшъуакIу

Бэшэрэбыр зиныбджэгъур
Джыбэ нэкI,
Ешхэ-ешъор зипыщэгъур
Гъэшlэ кIэкI.

### Iэпэпщын

Чэмы щыгъом
Iэпэщын,
Щэтэ шхыгъом
Iэпэпщын.

### ИмыIоф ыгъэстхъагъ

ИмыIоф зэрифэзэ,
ИонакIэ патхъыгъ.
Ышъхьэ дагъэ щифэзэ,
ЫIи ыгъэстхъагъ.

### МакIэр, тыжьыныр, дышъэр

МакIэр зэхэзымышIыкIырэм
Бэри зэхишIыкIыщтэп.
Дышъэр къызпышъэшъыкIрэм
Тыжьынри къыридзэжьыщтэп.

### Iэмыщэ-мэщышI

ПщэрыхьакIэ зымышIэрэм
Дагъэм псы хекIэ,
ЛъэсыкIор гъогум зыщыпшърэм
Ибэщ зэпекIы.



### Зыр мэзэщы, тIур гущыIэрый

Мэлахъор изакъо зыхъукIэ,
ГущыIэным фалIэ.
Зизакъор тIу зыхъукIэ,
Ямэлхэр псэхалIэх.

### Псэлъэ шъаб

Джэнэ пшъапIэр
Пшъэ гъэфаб,
Псэлъэ шъабэр
Гугъэшъаб.

### УигущыIэ гъунэ лъыф

ГущыIэ дыджыр шхын дыджым фэдэшъ,
КъэпIощтмэ ренэу гъунэ алъыф.
Уидунай гъашIэ уапэкIэ къэтышъ,
Уипсэлъэ дыджкIэ пшъхьэ зэщымыф.

### ТIуми сыгу ягъу

Лъэпсэнчъэ чъыгыфрэ
Шъэогъунчъэ цIыфрэ
Зэфэдэхэу къысщэхъух,
ТIуми сыгу ягъу.

### Нысэр, гуащэр, джэныкъор

Нысэ дахэ къыпфащэмэ,
Чылэр къыохъуапсэ.
Ар гуащэм фэбзаджэмэ,
Джэныкъор мэкIуасэ.

### Гъэмэфэ ощх

Гъэмэфэ ощхым ищхы къежьакIэ,
Жьыбгъэф шышым икъилъ-къепщакIэ
Фэдэшъ, ардэдэм къыбгурыIощтэп,
«Сэры къэсыгъэр!» – ащ къыуиIощтэп.

**Джэуапынчъэх**

Жэм пиупкIрэр
МэкIыжьа?
Къэм ахьрэр
Къахьыжьа?

**ПсэлъитIу**

ГущыIэ гуаом
Гъучlыр къегъэщы,
ГущыIэ гуакIом
Блэр бым къырещы.

**Мыпсэу-мылажь**

ЗышIэн зымышIэрэ фэмыфым
Мафэрэ остыгъэр хегъанэ,
ЗигъашIэ зыухыгъэ чъыгыфым
Ылъапсэхэр чIыгум къыханэх.

**УипаIо дэгущыI**

УигукIае узэгуетхъмэ,
Ар зэпIони умыгъотмэ,
ПаIор къашти, дэгущыI,
Узыухрэр умыщыI.

**ЗэшIэ-гузажъу**

Сыдигъуи зэшIэ-гузажъом
ТIуашIэ къегъанэ.
МашIом фэIазэм имашIо
Зэ Iэбэгъуклэ хегъанэ.

**Гуаор, шъохъур**

Гуао зиIэр
ГущыIал,
Шъохъу зиIэр
ТIэхъуал.

**Ар зыфэдэр сыушъэфынэп**

СIорэр зэхихыжьмэ, ар гыякIо къысфэкIон,
Джаущтэу щытми, ар зыфэдэр къышъосIон:
Пырамыбжь чIесэ,
Пшэсэныр дедзэ.

**УмышIэрэм кIэупчI**

УмышIэрэмэ
СшIэрэп пIоу умытIысыжь.
ЗышIэу пшIэрэмэ
УмыукIытэу яупчIыжь.

**Ным нахь IэшIу щыIэп**

Бай-тхьамыкI фэIуагъэп, дышъэ уанэ зыгъэчъри
Гурхъум тет пшъэшъэжъыем еупчIыжьы.
Анахь псэлъэ дахэр сабыим епIуагъэми,
Янэ къызэреджэу ыдэжь мэчъэжьы.

**ЗэпэщэIух, зэщэгугъух**

Шъхьалыпкъыр зыхьри,
Шъхьал мыжъор зыхьри
ЗэпэщэIужьы,
Зэщэгугъужьы.

**Уемышъуй, уемыгый**

Ошъуапщэм уешъуйкIэ
Къэуцуна?
Цум уегыйкIэ
ГурыIона?

**Унэгъо лъапсэр**

Хъулъфыгъэр зыгъэинрэр
Ылъапшъ,
Бзылъфыгъэр зыгъэбынрэр
ЫIапшъ.

**Зэпыщхагъэр зэпэчыжьы**

Шышъхьэр зыблэбгъэкIрэм
ШыкIэм улъымыбэнэжь,
ШIу плъэгъурэм ыгу зызэпыпкIрэм
Зэпыпщхэжьынэу уфемыжьэжь.

**ГущыIэ къодыеп**

Кушъэ зыфамышIыгъэрэ
Бэн зыфамытIыгъэрэ
ЦIыфи,сэшIэ сэ, щыIэп,
Ар къэIогъэ гущыIэп.

**Дэгум ыIон егъоты**

«Тэ тызэкIалэм мэлхэр хъоигъэх,
Ахэр боу дахэу Iоищтыгъэх,
Джы ажэ зэкIакъы» ныо дэгум ыIуагъ,
Ылъэгъу-зэхимыхырэр ыгъэшIэгъуагъ.

**Дунайри мэзагъо**

Бэрэ пцэшIуащэм уеплъмэ,
Лъы теолъагъо.
ГугъэшIур уигухэлъмэ,
Дунайри мэзагъо.

**ШIулъэгъубэ-шIумылъэгъу**

Хэбзэмышlэ-хэбзэлъыхъум
Хьагулыжъом шъоу хелъхьэ,
ШIулъэгъубэ-шIумылъэгъум
Темыфапхъэ пшъашъэм пелъхьэ.

**Ныщыр, мэщыр**

Зы ныщым ышъо
Щэ тырахрэп,
ПкIэшъэ гъожьышъор
ГъупчъэкIэ ахрэп.



**Къеблагъ, хьакIэ, къеблагъ**

Гъогу блэгъэ-гъогу чыжьэ нахьи,
Гъогу чыжьэ-гъогу благъ.
Тикъэлапчъэ ублэкIын нахьи,
Къеблагъ, хьакIэ, къеблагъ.

**ХьанцитIур, онэшыр**

Къошъо хьанцитIур зыIыгъыр
Псым ехьы.
Цые Iупэфыр зыщыгъыр
Онэшым къехьы.

**Шъозехьэхэр**

Шыухэм шъо псау ахабдзэмэ,
Шъо ныкъуи къахэпхыжьынэп.
Утыгум ущызэрадзэмэ,
Умакъи зэхэпхыжьынэп.

**Сыд мыгъор ситхъакI**

Къысщэтхъух, сагъашIо,
Насыпыр симакI.
Iэгу теох, сыкъашъо,
Сыд мыгъор ситхъакI.

**Цумрэ пхъэчаимрэ**

ПхъэIашэм цур кIэмытмэ,
Пхъэшъалъ.
Пхъэчаим псы имытмэ,
Гъушъалъ.

**Хьэр, шъыпкъаIор**

Хьэм къупшъхьэкIэ уеомэ,
Ыл узрэп.
ШъыпкъаIом ары ыIомэ,
ПцIы ыусрэп.

**Псым епщэ, ехъумпӀы**

Хэт щыщми, зышъхьэ акъыл имылъым
Игъолъэгъу еубы,
Стырым щыщтагъэр псы чъыӀэмылым
Епщэ, ехъумпӀы.

**ШӀум шӀу къехьыжьы**

ЧӀыгум ешӀушӀэрэм
Гухахъо ешхыжьы,
ШӀушӀагъэ зышӀэрэм
ШӀу къызфехьыжьы.

**Сигъунэгъоп, сиӀофшӀэгъоп**

Куохьаур зыщыбэм акъылыр щымакӀ.
А жэхъожъ мыгъасэр, тхьэм сырихьакӀ,
Сигъунэгъоп,
СиӀофшӀэгъоп!

**Шъэогъум ешъуӀу**

Делэ дэогъу нахьи,
Акъыл зиӀэ дэогъу.
Армэ, шъузэхахьи,
Ар ешъуӀу сишъэогъу.

**Зи емыӀоу сыблэщ**

«Делэм уӀукӀэмэ,
УипаӀо ети, блэкӀ».
ПаӀо сщымыгъмэ,
Зи емыӀоу сыблэщ.

**Гъогум тегъощагъэм сыдыр къыфэт?**

АупкӀагъ аӀомэ, аупхъуагъ ыӀозэ,
Псым зезгъэтхьалагъэм сыдэу ар фэд.
ЗыдакӀорэм щымыгъуазэу кӀозэ,
Гъогум тегъощагъэм сыд джы къыфэт?

**Зыфэсакъыжь**

Мэзымрэ мэзахэмрэ
Уишъэф ащымыӀу,
Ахърэмрэ апхырэмрэ
ЗыдэщыӀэм умыкӀу.

**ШъхьэкӀэфэныгъ**

Орэхъулъфыгъ, орэбзылъфыгъ,
Уапашъхьэ къихьагъэм упкъы фэӀэт.
УишъхьэкӀэфагъэ къэмыщэфыгъ,
АщкӀэ умыӀо сыд сэ къысфэт.

**ПцӀыусітӀу**

Шы кӀорыпцӀрэ
ЛӀы пцӀыусрэ
Сыдэу зэфэдэх,
УаӀукӀэмэ, дэх.

**Шишъэр, шъхьэпаер**

Зы шы пае
Шишъэр псы ешъо.
Тэ тишъхьапае
ЖэкӀэ чӀыр ежъо.

**Гъонэ дэплъ**

Уигъомэ,
Ар уигъонэдэплъ.
Уимыгъомэ,
Ащ ичӀыфи птелъ.

**Бынып, чылэр, джэгъогъур**

Уибынмэ уагъэкъакъэмэ,
Чылэм къакъэ къыуитын.
Джэгъогъум уфэмысакъмэ,
Узэрэхыеу уриутын.

**ТхьагъэпцI**

Жьыр къыздикIрэм
Зыфегъазэ,
Ер къызпыкIрэм
Хьэр фегъасэ.

**Зэ бзыу, зэ фыу**

Зифышъхьэ шIум
Зэ ибзыу,
ЗиIоф мышIум
Зэ ифыу.

**Щхэпсыр, бзэпсыр**

Зы цIыфым зы цIыфыр
Ищхэпс,
Зы Iофым нэмыкI Iофыр
Ибзэпс.

**Зэн-зэпс**

Пчэдыжь осэпсыр
Тыгъэм пэшIэты,
Тыжьын зэн-зэпсыр
Апс изэу къысеты.

**Псэлъэ зэпачъ**

АмыIуатэрэр
АIотэжьрэп,
ЛъымыкIуатэрэр
Зыми кIожьрэп.

**Шъэфыр, шIыхьафыр**

Нэбгырищым ашIэрэр
Шъэфыжьэп,
ШIыхьафым щашIэрэр
ЧIыфэжьэп.



**БэрэгущыI, хьакIэ зыфэмыкIу**

Бэрэ угущыIэмэ,
Уипщы ыцIи къыпIэкIэIон.
УщыIэ-ущымыIэмэ,
ХьакIэ гъощагъи къыпфэмыкIон.

**УзIукIэрэр гъогогъоп**

КъыпIукIэрэ пстэуми
ХьакIапIэ уадэмыкIу,
УзIукIагъэ пэпчъи
Уикъэбар емыIу.

**КIэлэгъур, жъышъхьэр, гурхъу макъэр**

ЗикIэлэгъум зыцIэ мыIугъэм
Ижъышъхьэ ыуцIэпIи, ыцIэ ыгъэIугъ.
Егъэзыгъэкіэ фыгур зыгугъэм
Гурхъум идыргу макъэ ыгу зэлъигугъ.

**ЖашIо**

ЖэкIэ маис,
IэкIэ сэмэгу.
Унэм имыс,
Исми мыдэгу.

**ЗыхамыIо-пэIошху**

Ащ чылэр егъасэ,
Бадзэр есэкIы.
Хасэм щэхасэ,
Иджыбэ нэкIы.

**Насып**

Акъылыр
Намыс,
Былымыр
Насып.

**Но проблем**

Ар тадэжь къэкIо,
МытIысэу къеIо:
«Но проблем,
Щай не ем».

**Iэзэ-емызэщ**

Шы пхэкIыр рибзи,
ЕIазэу уцужьыгъэ.
ЕтIанэ пчэгъур чIиси,
Еубзэу щхыжьыгъэ.

**IэпэIэщэ-хьацэжъ**

Тхъурыжъэр егъажъэми,
Жъагъэ къыуитрэп.
ЗигъэIазэу мэпхъашIэми,
Пхъэнэшъу фиутрэп.

**Чэщрэ пхъэтыгъу**

Ар мыунэ-мыунэхъу,
ИпсэукIэ щыбзэ нэхъу.
Ар мафэм дэмыхъу,
Чэщ хъумэ пхъэтыгъу.

**Ушъыир, хьэр, чэтыур, цыгъор**

Сэ укъысэушъыифэ,
Тихьэ бэдзишъэ ыдырыгъ.
Тичэтыуи зиушъэфыфэ,
Цыгъом щыритIуи къырищыгъ.

**Узыфэмыдэм зыдэмышI**

Умыделэу делэ зымышI,
УмышIагъэр сшIагъэ умыIу.
Узыфэмыдэм зыдэмышI,
Уикъаигъэ-икъэ емыкIу.



**Гур, нэр, шъхьэр**

Гур мыплъэмэ,
Нэр мэдыи.
Шъхьэм имылъмэ,
Iофыр дэи.

**Унэм зыщыгъаси, хасэм кIо**

АпэрапшIэу уиунэ зыщыгъаси,
Чылэ хасэм кIо.
Iизын къыуатмэ, хасэм зыфэгъази,
ПIощтыр IупкIэу Iо.

**Чылэр, тхьачэтыр, осыр**

Чылэр къэпкIухьащтмэ,
Тхьачэт хъу.
Ипчъэ уIухьащтмэ,
Осыр фэтхъу.

**Ари хъун-мыхъун**

Ари хъун-мыхъун,
Дэгъун-мыдэгъун.
Узэрэхъурэр плъэгъун,
Зихьэ унэхъун.

**Кукуур, бжьыныр**

Кукуум игъыбзэ
Къырещы.
Бжьын цIынэм гъызэ
Зегъэщы.

**Бжыхьэм иощх-сэлам къехыжьы**

МэлахъомэI язэхэкIыжьыгъом
Къоепсыр зэтраутхэжьы,
Бжыхьэм иощхы игъо-имыгъом
Пымылъэу сэлам къехыжьы.

**ПэIончъэп**

ШъхьэзиIэр
ПэIончъэ хъурэп,
ЗимыIэр
ЩыIакIэм дэхъурэп.

**ЧIыфэ**

Гъы зэпытрэм
ЗыкъешIэжьы,
ЧIыфэ зэптрэм
Пый уешIыжьы.

**Iэбжьымыр, лъэIоныр**

ГущыIакIэ зымышIэрэр
IэбжьымкIэ мао,
Зихатэ игъом зымышIэрэр
Ренэу мэлъаIо.

**Пчэным гъунджэр ыкъутагъ**

Пчэны къуир чэум зелъэм,
«Джыри сэ сыкIал» ыIуагъ.
Унэм ипкIи, гъунджэм зеплъэм,
Губжи, гъунджэр ыкъутагъ.

**Хэт язэщыгъ?**

ОшIурэ,
ЛIышIурэ,
ГугъэшIурэ
Хэт язэщыгъ?

**Бэджэшъо паIу**

Джэгуми паго
КъекIыжьы,
Бэджэшъо паIом
Ыци екIыжьы.



**Ащ бэлагъэр имыблагъ**

Шэнычъагъэр узы,
Iэзэгъу зимыIэр делагъ.
Плъэгъузэ пцIы къеусы,
Ащ бэлагъэр имыблагъ.

**Огум нэсы**

Гум хэкIрэр
ПакIэм хэзы,
Псэм хэчрэр
Огум нэсы.

**Хьадэгъодах**

Нэм шIоIэшIур
Гуми шIодах,
ШIомыIэшIур
Хьадэгъодах.

**Ощхыр, сабыир**

Ощхыр зыщещхрэм
Шыблэр щэгъуагъо,
ШIулъэгъур зыщыщхрэм
Сабыир щэбагъо.

**Пшъашъэм ишъэф**

«Ар кIэлэ хьакI,
Нэпцэ зэхакI,
Сыгу имыкIыжь,
Сфыхэмычыжь!..»

**Мэл къуай**

Лъэгъугъуаер
Iуплъэгъуай,
Мэлы къуаер
Ихыгъуай.

**Зэпыщытых**

Щыкlыгъэр
Мэталъэ,
Нэкlыгъэр
Мэлъаlо.

**Шъоныр, мэщ мыхъур**

Шъоныр шlу зылъэгъурэм
Ышъо зытырехыжьы,
Зигухэлъ къыздэмыхъурэм
Имэщ мыхъоу lуехыжьы.

**Алпыжъ**

Заом lухьэми,
Лlыхъужъ.
Губгъом ихьэми,
Алпыжъ.

**Лыегъащ**

Плъэкlаем
Уегъэнащэ,
Кlокlаем
Уегъэлъащэ.

**Нэпитlу**

Ар уагупэкlэ
Тыгъэ цэкъэн,
Уакlыбыкlэ
Чlыlэ къурпэн.

**Армэу**

Гущыlэгъэф,
lэнэ гухапкl.
Къэмэ lэпшъэф,
Фэмыф кlэракl.



**Ныбашlу**

Гъэтхэпэ мафэу натрыф шlэныгъом
Щэлэбэлашъу,
lофшlэгъэ ужым, ешхэ-ешъогъум
Ар боу ныбашlу!

**Пыир, цэр**

Унэм зэрисэу
Пыир пфеукlы,
lэкlэ нэмысэу
Цэри пфыlуечы.

**Узыщымытхъужь**

Пlэ имылъым
Урымылъат,
Угушхоу мылым
Утемылъад.

**Жэрыlаз**

Жэрыlазэр
lэпэзанд,
Изыгъазэ
Мэзэлъанд.

**Щыlахэп**

Ар унагъоп,
Напэп,
lэгъуапэп,
lапэп.

**Шъхьэкlэфагъэр, ушъхьагъур**

Шъхьэкlафагъэр зихабзэм
Ыбзэгу дышъэ инэхъой,
Ерыуаджэ-шъхьамыгъазэм
Ушъхьагъубэр ихъой.

### Зэфэхь-зэфашI

Зыфэпхьырэм
Къыпфехьыжьы,
ЗыфапшIэрэм
КъыпфешIэжьы.

### Бай кIап, тхьамыкIэ тхыцI

Баим кIэпэшхо пытышъ,
Ишъэф-мышъэфи къычIэщрэп.
ТхьамыкIэр икIэгъэ бытышъ,
ИмыIэ мылъкум фэзэщрэп.

### «Пыр-р!»

Ахъщэр
Пшахъо,
ГъашIэр
ПцIашхъо.

### Бэдзэр

ЗиIэр
Мащэ,
ЗимыIэр
Мапщэ.

### Чэм шхуашIэр, хъэдэнитIур

ЩыIэкIэ-псэукIэ зымышIэрэм
Чэмы шхошIагъэр еукIы,
Хъэдэн къолэнитIу зэпызышIэрэм
Орэд мыщыури кIеIукIы.

### Дэгъэнчъ

ЛъэIуфагъэм
Дагъэ
ТекIрэп,
УигъэшхэкIрэп.



### Iахьынчъ

Осэпс хэмыхьэр
Сыдигъуи Iахьынчъ,
Зичъые кIыхьэр
Ренэу насыпынчъ.

### Былым

Былымыр зыгъотрэм
Ар игушIуагъу,
Ар зышIокIодрэм
ИтхьамыкIагъу.

### Гум къерэнэжь

Уятэ ищагужъэ,
Уянэ иIэнэжъэ
Умыбгынэжь,
Угу къерэнэжь.

### ДэхэIупэм унагъор зэрещхы

ДэхэIупэ зэрымыс унагъом
Намыс-насыпыр икъогъужь пакI,
ЦIыргъ-щыргъ зэтеIукIыр бзыу набгъом
КъызимыIукIрэм, ар нэбгъо папкI.

### ЛIыгъэпцIэ-тхьагъэпцI

Шъузы шъорышIыр
ТхьагъэпцI,
Ащ ипшъэрышIэр
ЛIыгъапцI.

### Пчэгъу папцI

Пчэгъур умыупэпцIэу
ЧIыпцIэм пфыхэфэщтэп,
Нысэм уемыубзэу
Iубзи къыуитыщтэп.

**Хьакlэ зимыгъор гуих**

Адыгэмэ хьакlэр якlасэми,
Хьакlэ зимыгъор гуих.
Узэмыжагъэм ипэсэ-кlасэ
Земыгъэгъапэу угу фих.

**Цlыфышlу, бзыу гуlал**

Еблагъэр зибэм ибыны
Ыгъэмэлакlэрэп.
Бзыу пэтзэ, быбыным
Ищыр щигъакlэрэп.

**Шышъхьэр блэмыгъэкl**

Ощхыр зытекlыхэкlэ,
Кlаклор зытемыхъожь.
Шышъхьэр зыблэкlыхэкlэ,
Шыкlэми уемытхъожь.

**Чъыгыр, унагъор**

Чъыгыр къутэмэнчъэмэ,
Пчэгъу.
Унагъор сабыинчъэмэ,
Мэгъу.

**Укъызэхашlыкlыщтэп**

Зыпакlэ къэкlыгъакlэрэ
Шъуз дэхэ къэщэгъакlэрэ
Апэ зыкъимыгъаф,
Ялофи зэмыгъаф.

**Етэжь, еожь**

Къыуатэрэм
Етэжь,
Къыуаорэм
Еожь.



**Онэтех-lэнэпыдз**

ЗэбгъэкlэсрЭм
Уанэр пшlуештэжьы,
lанэм пэбгъэсрэм
Укъыпедзыжьы.

**Щыпс шlоlугъ**

Зэфэмышlу
Зэшlоlугъ,
Ащ имышlу
Щыпс шlоlугъ.

**Бетэмал**

Шэсынышъ,
lэпэ зал.
Къэсынышъ,
Бетэмал.

**Кlымафэм lумылыр ипэlулъ**

Къамылапщэм къэрэкъамылыр
Ипэубл.
Кlымафэми щтыргъукl lумылыр
Ипэlулъ.

**Ферхьаун**

Кlаклор
Лlыми иун,
Шъхьаклор
Иферхьаун.

**Орэдlуал**

Мэкъэнчъэр
Орэдыlуал,
lофынчъэр
Тэ титхъууалъ.

## Гъогум уфэмыхьазырмэ, утемыхь

Гъогум икIыхьагъэр пшIэ пшIоигъомэ,
Ишъомбгъуагъэ, умыщх, фэдиз.
Узытехьащтым уфэмыигъомэ,
Къаигъэ IофкIэ плъапэ темыдз.

## Шъхьэщытхъужь

УлIмэ,
Узщымытхъужь.
УшIумэ,
ПIу Iумытхъыжь.

## Жае

Жаем благъор
Гъуанэм къырефы,
Рефыжьэшъ лъагъор
ТхьацуфкIэ ефы.

## МэзIапчъэр, унапчъэр

Узщымыгъозэ мэзIапчъэм
Чэщы мэзахэм учIэмыхь,
ПшIэ-умышIэрэ унапчъэм
УнэшIу-нэхаеу уIумыхь.

## УимыIоф земыф

ЗимыIоф зезыфэрэм
Ышъхьэ бэщ тефэ,
Зибылым къэпфрэм
Ибэлахь къыптефэ.

## ЛIы хыем игунахь къэмыхь

ЗишIугъо цIыфым шъугъуанэкIэ уемыплъ,
ПшIэзэ лIы хыем ышъо темых.
РаIуалIэ-къыраIолIэжьрэм упымылъ,
Игунахь къэпхьэу лые емых.

## Уахэмыд

Ахадэрэр
Мэдэхъу,
Ахаплъэрэр
Мэплъэхъу.

## КIапсэмрэ цумрэ

ЗиIэм
КIэпситIу зэпешIэ,
ЗимыIэм
Цум зыдыкIешIэ.

## Iэл сэфэр, ол сэфэр нэкIышх

«Iэл сэфэр, ол сэфэр» ыIозэ,
Хэта нэкIмазэр зышхырэр?
Iэл сэфэрэу, ол сэфэрэу кIозэ,
Хэт чэбэ гъогур зышырэр?

## Чатэр, джэдыгур

Заом чэтэ хьаф
ЛIымэ щатырэп,
Щымыщ бзыхьаф
Джэдыг радэрэп.

## Уаемрэ дзаемрэ

Уаери мэщы хъугъакIэм
ИмыщыкIагъ,
Дзаери мамыр щыIакIэм
ИтхьамыкIагъу.

## Ащ «махь» иIэп, ащ иIэр «хьаб!»

А лIым уемыхъуапс, земыгъэгъап,
Зыфаер имыем къыхепцы.
Ащ «махь» иIэп, ащ иIэр «хьаб!»
Ышхыщтри хьамплъыжьым къекIэцIы.

### Тыгъужъыр мэлахъо хъугъэ

Мэлы Iэхъогъум икIодыжьыгъом
Тыгъужъыр мэлахъо хъугъэ.
Мэл кIэпэ пщэрыр зышх зышIоигъом
Имыгъоу ыIупшIэ гъугъэ.

### ЕтIэ мэIу

Мэкъунчъэр
Къурэ лъэIу,
Гугъэнчъэр
ЕтIэ мэIу.

### ГукIодыпх

Iофыр къимыкIэу ыгу къызэкIодым,
Ибэщ гъэшIуагъэ кIашъом дидзыежьыгъ.
Гъэтхэпэ уаер зышъхьэщэкIотым,
Ибэщы шагъэ ащ къыштэжьыгъ.

### Сэмэркъэу

ЛIы дэдэр
Бэдэд,
ЛIы дэдэр
Сэщ фэд.

### ЛIым ичат

ЛIым илIыгъэ
Лэгъунэм щиIуатэрэп,
Ичэтэ лъыгъэ
Чэталъэм щыбгъуатэрэп.

### Ныcэр, пхъур

Гъэтхэ тыгъэр
Нысэм терэпс,
Бжыхьэ тыгъэр
Пхъум ферэпс.



### Гощэшху

Къалъфырэр
Арегъащэ,
Къащэрэр
Егъэщащэ.

### ШъузышIумрэ лIышIумрэ

Джэныкъо машIор зэгурызгъаIорэм
Унэгъо Iужъури зэгурегъаIо.
ЛIышIум игугъуи чылэм зыщаIорэм
ШъузышIуми игугъу ныхасэм щаIо.

### Бэрэщх

Бэрэ
Ущхын,
Бэрэ
Угъын.

### УиIэм езэгъ

ШIум уеджэмэ,
ШIу къыпфэкIо.
Мыгъом уеджэмэ,
Ер къыптекIо.

### ПIапэ емыщэкI

ШIухэкI бзаджэ нахьи
Бзэджэ шIухэкI.
ТIумэ якъонц Iахьи
ПIапэ емыщэкI.

### Батырыбжъэр икIас, IофшIэныр иджагъу

Тихьаблэ тесылIым батырыбжъэр икIасэшъ,
IофшIэн-мэщшIэным фэмыIэджабгъу.
Гъунэгъуи, джэгъогъуи, псэогъури егъасэшъ,
Ащ фэдэлI уиIэнри алахьыр зиджагъу!

## ЧыжьэкIо-бэрэдаIу

Гъогум дэмыхрэр
Чыжьэу макIо,
Зэхэзымыхрэр
Бэрэ мэдаIо.

## Къамылъфыгъэ шъаом икушъэпс

Бысымгуащэм къымылъфыгъэ шъаом
Ишъодэн къушъэпси ятэ зэпедэ,
Гъогу чыжьэм техьан зигухэлъ шаом
Иорэд кIэIукIи шъэфэу къыхедзэ.

## ПхъэтIаркъу

Орыжъыр шхъонтIэпсмэ,
Ар зипсыр хьантIаркъу.
Уанэм лIыр имысмэ,
Итеплъэ пхъэтIаркъу.

## Мы упчIэхэмкIэ сыджэуапынчъ

«Псым хэлъ пцелыр мэшъуа?
Бгъэм дэлъыгур машIуа?..» –
Сэри мы упчIэхэмкIэ сызэупчIыжьы,
Сыджэуапынчъ. Сызэгыижьы.

## ГупыкI

Уомэ,
Уапэ.
Утэмэ,
Тапэ.

## Цумрэ гумрэ

Кур амыунэкIэу
Цум зигъэпсэфрэп,
Гури мытынчэу
Шъхьэри гупсэфрэп.

## Цэко-паку

Мэщ хыкIэ-IэбакIэ зымышIэрэм
Игъупчъи цако,
Джэхэшъо пхъэнкIэным ыгъэпшъырэм
ЫIапи пако.

## Чэтыур бысымгуащ

Чэтыумрэ шъузымрэ
Бысымгуащэх,
Хьэмрэ лIымрэ
Ныбгъуашэх.

## ШIоп аIо

Уибынрэ уиблагъэрэ
Къэмылъыт,
Уиджэмышхрэ уибэлагъэрэ
Зыми емыт.

## Пхъум итыщас

Пхъур тыщасэ къэкIуагъэу зилъэгъукIэ
Мыжъохъураеми зегъэбылъыжьы.
Пхъу дахэм тыщым щилъэгъурэр зэкIэ
Ыхьыщтышъ, быныр зэIуегъэплъэжьы.

## Пшъэшъэ Iумыпэм

А Iух, сыгу къэмыгъэмакI!
Ахэм якIалэ кIыбыц,
Япшъашъэ лъэбыц,
Ямэтэ къуаешъ, цы закI.

## Унэгъо шъэф

Унэр зыкIабгъэрэр
Губгъэныр илъынэу.
ЗыкIырагъэтрэр
Илъыр рамыхынэу.



13 Заказ 042

**Шъузым лIыр ишIу, ипый**

Шъузым ыгъэпыутыгъэ лIыр
ГъэшIэрэ гъэкъэбзэжьыгъуае хъужьын.
Ныбджэгъумэ агъэпыутыгъэ лIыр
Шъузым ыукъэбзыжьыгъэу къалъэгъужьын.

**Пчэгъунчъэп**

Къыоощтым
Пчэгъу къегъоты,
Ар чэоу щытым
Къыдепхъоты.

**Машэр, чIыфэр**

Машэ зытIрэр
Машэм ефэжьы,
Ащ къыуитрэр
Уегъэщэфыжьы.

**Ащ иматэ из**

Зыфэхъурэр
Мэталъэ,
Зыфэмыхъурэр
Мэлъалъэ.

**Къызэдэшъо-зэфэгъашIу**

ЗэфэгъашIом
ЗэшIокIодыр къыщежьэ,
Къызэдашъом
ШIулъэгъур къыпхещэ.

**Джащ фэд ар**

Зыфэдэ цIыфыр, зилIэужыгъор,
Къыоплъмэ щхызэ, къыпфиушхъугъэр
Сыдым фэпшIэна, ежьми къышIэжьрэп,
Ащ къыуиIуагъэм пфытеубытэжьрэп.

**Ыныбэ ынап**

Къашъорэм къыдашъо,
УедэIумэ, бзашIо.
Убэрэм дэубэ,
Ыныбэ реубэ.

**Къамзэгу такъ**

Къамзэгу такъэми
Кур егъэушъорэкIы,
Мо шыу закъоми
Ичъэ сыгу пхырэкIы.

**Пшъашъэм мыхъун фагъэIурэп**

Къушъхьэгум зыми щимылъэгъугъэ
Бланэр шакIомэ агъэхъурэп.
ШIу алъэгъугъэ-амылъэгъугъэ
Пшъашъэм мыхъун фагъэIурэп.

**Iэжэгъуай**

Уташъорэр
Шъом екIы,
Ушъуашъорэр
КъыпшIуекIы.

**Шъузым апэ цIэцIэн къырегъажьэ**

Шъуз тхьагъэпцIым ецIэцIэнхэ зышIошIырэм
Апэ ежь цIэцIэн къырегъажьэ,
ЛIы тхьамыкIэу тхьэ нахь зымышIэрэм
Ышъхьэ бэгыгъэ хырегъэхьажьы.

**Нэр мэузы, пхъапэр еупсы**

Узфэмыем уIуплъэмэ,
Унэ мэузы.
Джэгъогъум ыжэ къыпIулъмэ,
Пхъапэ пфеупсы.

### Пэрытыр къахь

Уионэгу зигъапкIи,
Шыгъачъэм хахь.
ТэмитIу къызгогъакIи,
Пэрытыр къахь.

### Цыхэ-мыцах

Бэджашъор
Ихьылъ,
Абрамыжъор
Ихьын.

### Чэщныкъо хьакI

Былым Iусыр зыщымакIэм
ШкIакIэр шхэрые мэхъу,
Чэщныкъо шыур зихьакIэм
ХьакIэр къин къыфэхъу.

### АIорэп

Сихьэ цакъэрэп,
Сиш орэп,
СикIалэ бзаджэрэп
АIорэп.

### Нэкулъэ-нэгуплъ

Ар зи зыкIоцIымылъ
Нэкулъ,
ШIугъэ гори зыгу имылъ
Нэгуплъ.

### Мыгъор мыгъокIрэп

Илъэсмэ анахь илъэс дэгъуми,
Мыгъор мыгъокIрэп.
Ащ ищэрэхъи фэхъу-фэмыхъуми,
КъечэрэгъокIрэп.



### ПцIыр пцIы

ПцIым ылъапсэ
Лъы къекIы,
Ащ икIапсэ
Зэпэчы.

### ЫкIыб рауты, ыпэ етхъожьы

IитIумкIэ пIапэ зыубытрэм
Бэ уакIыб щеIожьы,
Джаущтэу зыкIыб раутрэм
Спэ еIошъ, етхъожьы.

### БэгъашIэп

ГущыIэрыем
ЫIэмэ бэ ашIэрэп,
Шъхьэхынэрыем
Илъэсыбэ къыгъашIэрэп.

### Пхъумрэ къомрэ

Янэ зэлъагъэм
Пхъури елъэжьы,
Ятэ зэблагъэм
Къори еблэжьы.

### Гъусэ къысфэхъу

Гъусэ дэй нахьи,
Iэшэ дэгъу.
Ар къызгуалъхьи,
Гъусэ къысфэхъу.

### КIэмрэ жъымрэ

Неущ къэхъущтым кIэр паплъэзэ,
Жъы мэхъужьы.
БлэкIыгъэм жъыр кIэлъыплъэжьзэ,
МэлIэжьы.

**Утхъэ-умытхъ**

ОкӀэлэфэ,
Отхъэжьы.
ОлӀыжъыфэ,
ПӀуатхъыжьы.

**ЛӀыжъыр, пхъужъыр**

ЗызгъэкӀалэрэ лӀыжъыр
КӀэнэкӀалъ,
Зызгъэдахэрэ пхъужъыр
ДэкӀон фалӀ.

**Зимыжъо къуае хъужьыгъэр**

Ащ имыжъо къуае хъужьыгъэ,
ЧэцӀ еукӀы, лэпс ешъожьы.
ИпчъэӀупэ оси тхъужьыгъэ,
ГукӀэ ихати ежъожьы.

**Ныкъотыкъу**

Пащэмэ
Язэнэкъокъу
Бащэмэ
Яныкъотыкъу.

**Ӏэдэуад**

ТхьамыкӀэм ыӀэ
Бай Ӏэдэуад,
Ащ игущыӀэ
Сыджым иуат.

**Гъэблэ-гъаер, гузэжъогъур**

Гъэблэ-гъаем ухэмыфагъэмэ,
Къин плъэгъугъэп.
Гузэжъогъу чӀыпӀэ уимыфагъэмэ,
Уигъогу зэжъугъэп.

**ШӀульыӀэс**

Зыгу шӀу имылъым
Ылъэ фыкӀэзы.
ШӀу зигухэлъым
ЫӀэ шӀум нэсы.

**Жъогъо лъаг**

Псэм шӀоӀэшӀур
Гум шӀодах,
Нэм шӀонэшӀур
Жъогъо лъаг.

**Насыпынчъ**

Ауж къинэрэр
Ӏахьынчъ,
Псэм чӀинэрэр
Насыпынчъ.

**Уишъузыгъэр къэмыщэжь**

Уихьэ хьашхъурэӀу хъугъэ пӀоу епфыжьэмэ,
Зэрэчылэу лъежьэн.
Зэгорэм уишъузыгъэр къэпщэжьымэ,
Хьэр псашъо уигъэщэн.

**Шыу нэпцӀ**

МыжъоупцӀэм
Мыжъуашхъор ишэс.
ПшӀэзэ шыу нэпцӀым
Удэмышэс.

**Къыпфэмыем уфэмышыу**

Ущысэу укъэзымылъэгъурэм
УфэтэджыгъэкӀи, укъилъэгъущтэп.
Къыпфэмыемэ, шӀу плъэгъурэм
УфэшыугъэкӀи шӀу уилъэгъущтэп.

**Ушъыным уеукIы**

Апэ уимышъмэ,
Ушъыным уеукIы.
Чъэным уигъэпшъмэ,
ТIэкIу ухэкIукIы.

**ЦIыф шъаб, шъырыт**

Ар кIэнкIишъэмэ ахэгъэуцуи,
Зы кIэнкIи ыкъутэщтэп.
Жъоныгъо мафэм ащ ицуи
Бжьыр шIохьылъэу кIырыущтэп.

**Тыр, ныр**

Тыр
Дэм фэд,
Ныр
Нэм фэд.

**Уатэмрэ ощымрэ**

КIыщыр отэнчъа
Хьауми ощынчъа?
Сыджыр зэгоча
Хьауми зэкIокIа?

**Мышъэр, тыгъужъыр, шыхэр**

ГъэшIэгъонба, мышъэм ышхрэр
Тыгъужъым тыралъхьэ,
Ари имыкъоу шэхъогъушхэр
Ащ ыIэ ралъхьэ.

**ЛIышIу шъау**

Хьэджашъор
Хьакъурэп,
ЛIышIу шъаор
Хъуанэрэп.



**Цыпхъ, бзыпхъ**

Хасэм ыIорэр
Цыпхъ,
Хабзэм ыIорэр
Бзыпхъ.

**Гъэжъожъым укIырымыу**

ГъэжъуакIэр къыпIэкIэмыхьэу
Гъэжъожъым укIырымыу.
Уигъогууанэ утемыхьэу
Онэшым ужэдэмыу.

**Зэфэгъэ-шъыпкъагъэр лIы нап**

Шъыпкъагъэ зимыIэм пIэлъишъэ
Къыуеты,
Зэфэгъэ-шъыпкъагъэм лIишъэ
Реуты.

**Iэрэ жэрэ**

Тхъурэ шэрэ
ЗэтекIрэп,
Iэрэ жэрэ
ЗэблэкIрэп.

**ЛъапIэ, плъапэ**

Узылъыхъурэр
ЛъапIэ,
Осыр зытхъурэр
Плъапэ.

**Сакъынчъэ-мысакъынчъ**

Сызыщылъэпэощтыр сшIэщтыгъэмэ,
КIакIор сапэкIэ згъэтIылъыныгъи.
Сиощи зэрэцакор сшIэщтыгъэмэ,
ПхъэшIы сымыкIозэ згъэлъыныгъи.

### Мэлыр, цужъыр

Мэлым ыкӀапэ
ШӀохьылъа?
Цужъыр икӀапсэ
ФэпщылӀа?

### Узэмыгоожь

Пфэмыхьын
Емыхьыжь,
ПфэмышӀэн
Уфемыжь.

### Ежь лъэпаомэ нахьышӀу

А лӀым гъэбылъыгъэ ӀофкӀэ иӀахь-имыӀахьи
Зыфеугъоижьми, ар зыгорэми фэмышӀу.
Ащ бзэгукӀэ цӀыфхэр ыгъэлъэпэонхэ нахьи,
Ежь ылъакъокӀэ лъэпэожьмэ нахьышӀу.

### ЖэкӀэ зырепхыжьы

БгакӀэ зымышӀэрэм
БгыбзэкӀэ зешхыжьы,
Зыжэ рымыпшъырэм
ЖэкӀэ зырепхыжьы.

### ПӀуафтэрэм уеӀофтэжьы

КӀалэр пӀуафтэмэ,
УеӀофтэжьы.
УкӀэлъыкӀомэ,
КъыпкӀэлъэкӀожьы.

### Гъогу зэхэкӀибл

Пчэдыжьыпэ ошъо чэпэплъым
УзэригъэплъэкӀрэп.
Гъогу зэхэкӀиблэу къыппыщылъым
Унэсын плъэкӀрэп.



### Бзыур, щыур

ЗимэщшӀагъэ шӀум
Ибзыу,
Зифышъхьэ мышӀум
«Ищыу!»

### Купыр егъасэ, ежьыр мыгъасэ

Жьыр къыздипщрэмкӀэ зегъазэ,
ЗиӀанэ шыгъэм ренэу ихьакӀ.
Купыр егъасэ, ежьыр мыгъасэ,
Сыдэу цӀыфыгъэр а лӀым имакӀ.

### АшӀэрэ-пэшӀыжь

АӀорэ-пэӀожь,
АшӀэрэ-пэшӀыжь.
УлъымыкӀожь,
ИпӀи фэмышӀыжь.

### Ащ джэхашъор ищэджэгъуакӀу

Къытфащагъэ нысэр, а-ей, сыдэуи даха!
Е-о-ой гущэр, синан, ар сыдэу чъыяпха?
Ащ тиджэхашъо ищэджэгъуакӀу,
ИщхыкӀэ-шхакӀи къэсэмыгъаӀу!

### Губгъэн

Тыжьынми
ШӀой къыпэкӀы,
ЧӀыфэ мытыжьми
Губгъэн къыхэкӀы.

### МашӀор, шъыпкъэр

МашӀом къыхэпхрэр
ЕкӀэ мэстыжьы,
ПцӀыкӀэ зэхэпхрэр
Шъыпкъэм елӀыжьы.

**Пхъужъ гугъапӀ**

Шъузабэр
Быны шъхьатехъу,
ЛӀыгъуабэр
Пхъужъ гугъэ дэгъу.

**ЯпшӀэни щыӀэп**

Унэ къыбдимысыгъэрэ,
Гъусэ къыпфэмыхъугъэрэ
Якъэбар сшӀэрэп,
Сэтхъэ, сагъэпшърэп.

**Бынынчъэр цӀэцӀал**

МэшӀо макӀэр Ӏугъаб,
Бынынчъэр цӀэцӀал.
Зишъуз лӀагъэр лӀыгъуаб,
Насыпынчъэр нэцӀал.

**Чэтэхъо-мэлахъу**

Ар чэт зимыӀэ
Чэтахъу,
Ари щымыӀэ
Мэлахъу.

**Ящэнэрэм урилъэкур**

Апэ къапщэрэр уишъуз,
ЯтӀонэрэ къащэр уипӀур.
Сыдэу шӀулъэгъур ӀэшӀупс,
Ящэнэрэм урилъэкур.

**Пшэсэныр еӀоты**

Ащ зыгорэм ыӀэкӀэ
Пшэсэныр еӀоты,
НэмыкӀым ыцӀэкӀэ
Зыфаер къегъоты.



**ТхьагъэпцӀ, нэпэнчъ**

Ар псым хэудзагъэми,
Гъушъэу къыхэкӀыжьы.
Шъыпкъэм фэбгъэсагъэми,
ПцӀыкӀэ уещэжьы.

**Мэтэмаох, зэдаох**

Жьыбгъэ шъхьалхэр мэтэмаох,
Быбышъухэрэп.
Шъыпкъэ лъыхъухэр зэдаох,
Зэзэгъышъухэрэп.

**Земыгъэст, егъэпсых**

Ахэр сэшӀэ: хьампӀырэшъо нэшъум фэдэх,
МэшӀо нэфым ебыбылӀэх, къестых.
Уапэ къифэгъэ шыу нэгъуаджэм фыдэх,
Къаигъэ укъэзышӀрэр – егъэпсых.

**ЕмыӀу, уӀумыгушӀуат**

Зыл къыпфэмыузрэм
Уиуз емыӀуат,
ПцӀы къыпфэзыусрэм
УӀумыгушӀуат.

**ЗатӀэх, зэфатэх**

АгукӀэ затӀэхэми,
АӀэ зэрэӀыгъ.
НэшӀукӀэ зэфатэхэми,
АӀу зэзэщыгъ.

**Хъулъфыгъэмрэ бзылъфыгъэмрэ**

РаӀорэр зэкӀэ рызэхихынэу
Хъулъфыгъэр тхьакӀумэкӀэ мэдаӀо.
Хъулъфыгъэм ыгу зырыригъэхьынэу
Бзылъфыгъэр нэкӀэ мэшакӀо.

**УмыгъэшIагъо**

УипщынэуакIэ
СикъэшъуакI,
УикъэджакIэ
СикъэплъакI.

**Iогъур, гуIэгъур**

ЗэгурымыIом
ГуIэгъу къещэ,
Бын-унагъор Iом
Зэтыречы.

**Ныбэр IотэжьыгъошIу, фэсакъ**

Ныбэм уфэмысакъмэ, мышIапхъэ
УигъэшIэщт.
«Модэ къыпыупкI уятэ ыжакIэ»
КъыуиIощт.

**Ныбэр, чъыер**

Жэр зэкIэкIмэ,
Озэщы.
Чэщыр кIэкIмэ,
Къыпхэщы.

**ЕмышIэ-шIумышI**

Ар емышIэ-шIумышI,
Ущыгугъэу гъогу удемыжь.
Сыд фаекIи фэмышI,
ФэпшIагъэкIи, Iымыхыжь.

**Бгъотэн-пшIэтэн**

Бэдэдэ щыбгъэтырэр
Мэбгъуатэ,
Бэрэ зэIэмышIэрэр
МэпшIатэ.



**ШIомыкIыр, бэлахьыр**

МашIом шIомыкIыр
КъыхэкIы,
Бэлахь-зэщыкIыр
Ащи къыпэкIы.

**ПцIыус, шъхьэгъэуз**

Ар пцIыус,
Шъхьэгъэуз.
ПцIыр къыIотэкъу, ужэ къыдеко,
«Янэ къызащэм шэхъуагъэу» еIо.

**ЛъэIорый**

Ащ ыIэ шъоу закI,
Ыныбэ ипщалъ.
«Махьыр» имакI,
«Къахьыр» ищалъ.

**Къошын Iубгъор иблагъ**

Мэщ Iухыжьыгъом
Аргъэн хыныр иджагъу,
Щэджэгъо шхэгъум
Къошын Iубгъор иблагъ.

**Жъыгъор чэщ мычъый**

УикIэлэгъум пфэмышIагъэм
Пае жъыгъом уемыгый.
Гъолъыжьыгъоу узэжагъэм
ЧъыешIу хэлъа? Сыд уичъый!

**ТIури дэгъоп**

ПлъэкIаем
Уегъэнащэ,
КIокIаем
Уегъэлъащэ.

**Шъэфрытхъу**

Шъэфкӏэ узэцэкъагъэр
Гъэунэшкӏугъуай,
Жэм дэптэкъуагъэр
Егъэхыгъуай.

**Хьэ фэмышх къо ригъэшхрэп**

Iух адэ, а лӏыр лӏы хьарам,
Ыцӏи ышъхь: «хьэ фэмышх къо ригъэшхрэп».
Зыщалъэгъукӏэ тиурам
Ащ къэлапчъэр зыми фыӏуигъэчърэп.

**Нэйпсый, мэшӏобзый**

Нэйпсыем
Ыӏэ шӏоӏэбэлъабэ,
Мэшӏобзыим
Ыпсэ мэлъэпэрапэ.

**Ибэщ ильэой**

Ащ ощыкӏэм
Хьэр регъэбзэи,
Мэлэхъо бэщым
Лъэой реусэи.

**Шхомлакӏэр, шыкӏэр**

Шхомлакӏэр зыфэмыӏыгърэм
Шыкӏэр еубыты,
Шы чъэрым дэмыхъурэм
Ыпэ пауты.

**Ари сыд?**

Напэп,
Iапэп.
Унагъоп,
Лъагъоп.



**Щэрэхъ къуащ, кум из щытхъу**

Зиӏэшӏагъэ фэмыӏазэм
Ищэрэхъи лъэныкъуащэ,
Сыдрэ Iофкӏи Iэпэӏасэм
Кум из щытхъур фырагъащэ.

**Чатэр алъы, агъэбзэжьы**

Псынкӏэу илърэм
Кӏэкӏэу къегъэзэжьы,
Чатэр зылърэм
Егъэбзэжьы.

**Уиӏэм уритхьамат**

Пӏэ имылъым
Урымылъат,
Плъэкӏ зыхэлъым
Уритхьамат.

**Шӏушӏэ-мышӏэ кӏэлъыышъугъуужь**

Ухьалэлмэ, яптырэ хьалыгъум
Уенэцӏэз, ыкӏыб имыутыжь,
Уишӏушӏэ-мышӏэ джаущтэу зэптыгъэм
Ар ори нэшӏукӏэ къыуерэтыжь.

**Аупхъуагъ, аупкӏагъ**

Ар афытемыхьэ
Афытемыкӏ,
Унэми афимыхьэ
Афимыкӏ.

**Гузажъорэр мэгужъо**

Уехьыжьагъэу огузажъомэ,
Огужъо.
Кӏэсэ гупсэм укъыдашъомэ,
Огушӏо.

**Щынэ-мыщын**

Щынэрэм
Макъэ ешъы,
Мыщынэрэм
Апэ зешIы.

**Гощэ кIэгъэкI**

ИгущыIэ шъоупс,
Ишъуатэ псы закI.
Чэщ-мэфэ чъыер иуз,
Изыгъазэ мэзакI.

**Шъхьэщытхъужь быу**

Зы Iэбэгъуклэ ащ быгъу бжъакъор тырекIы,
Зи щымыхъухэу чъыгри къыречы.
Iэбжымклэ иныжъми ар текIо,
Чыжьэклэ щытэуи «быу» еIо.

**Ащ ныбэр ынап**

Натрыфы шIэгъум
Фэлэбэлашъу,
Щэджэгъо шхэгъум
Ар хьантхъупсашъу.

**Ар мыщ фэд**

Нэпцэ мыжь,
Шъхьэжьырый.
Пчэны мыщ,
Ныбэрый.

**Шъуз фэмыф**

Шъуз фэмыфым зефэпэфэ,
Джэгур зэбгырыкIыжьыгъ.
Ар хьаджэфэ, тхьацу епшэфэ,
Иджэныкъуи кIосэжьыгъ.



**ЦIыф щыкIыгъ**

Рамыгъэзэу
Зэбзэижьрэп,
Намыгъэсэу
Лъэсэу кIожьрэп.

**Ощх шъэбалъ**

Фэмые Iофыр
Мэфитфы пIалъ,
Пщэ фыжьы гъофыр
Ощхы шъэбалъ.

**О-оим о-ой къыпфещэ**

Тхьапшрэ осIуагъа ем уемыджэнэу,
ПIупэкIэ мыгъор къызфэмыщэнэу!
Чынасыу хафэм Iупэр зэфещэ,
«О-оим,– аIо,– о-ой къыпфещэ».

**Дыдж-IэшIу, цу-чэм**

Дыджыр зымышIэрэм
IэшIур ышIэрэп,
Цур бжьым кIэзышIэрэм
Чэм кIишIэрэп.

**БзэшIо-нэшIу**

Ащ бзэгур
IукIэ къеубыты,
Шъхьэузыр
НэкIэ пхеуты.

**Iом унагъор зэтырегъэзы**

Шъхьэм акъылыр имакIэмэ,
ЛъэкIапIэр мэчъы, мэузы.
Iо-бзэгур унэм къитаджэмэ,
Быны-унагъор зэтезы.

### Нафэмрэ зафэмрэ

Зигущыlэ нафэм
Ынапэ фыжьы,
Уащагъэми, зафэм
Укъещэфыжьы.

### Делэр аубрэп

Гущыlэ лые
Умыгъэбыбы,
Гущыlэрыем
Делэр еубы.

### Фалlэ-фэмылl

Уимыlэм
Уфалlэ,
Уиlэм
Уегъалlэ.

### Бын пшъапl

Ным ыкокl-ыкуашъо
Лъфыгъэм икушъэ шъаб,
Тым иунашъо
Быным ыпшъапl.

### Пчэнымрэ чэмымрэ

Зыныбжьы икъугъэ пчэным
Ыбжъэ хахъорэп,
lускlэ зэгугъухэрэ чэмым
Ищэ хагъорэп.

### Мэл тыгъур тамыгъэм еплърэп

Тыгъужъым мэлыр ыхьы хъумэ,
Телъы тамыгъэм еплъыжьрэп.
Чъыгы екlапцlэр щытэу гъумэ,
Ышъуи ыкlоцlи уплъыжьрэп.

### Сэшхо къихыгъ

Лlы пхыгъэм
Лlы еожьрэп,
Сэшхо къихыгъэм
Узэхихыжьрэп.

### Бынынчъэм уегъэчэтахъо

Бын зыкlэмыхъорэр
Ышъхьэ кlэтlахъо,
Зышъхьац пlуакlэ тхъорэр
Гукlэ чэтахъо.

### Дагъомрэ чъэнымрэ

Уидагъо зыдэмышlэжьэу
Зыгорэм дагъо фэмышl,
Узфачъэрэр умышlэжьэу
Узфежьагъэм уфэмыпшъ.

### Зафэмрэ нафэмрэ

lофышlу зафэрэ
Лъэгъо нафэрэ
Уафытемыкl,
Уащэрэмыкl.

### Угу зэlугъэм зызэхегъэх

Узхэдэн щымыlэмэ,
Щыlэр къахэх.
Угу зэlугъэр уиlэмэ,
Зызэхегъэх.

### Намыс зигъаl, згъэззэгъ

Унэ кlоцlым намыс щыуимыlэмэ,
Унэ кlыбым ар щыуиlэхэнэп.
Узыдэкlуагъэм удыщымыlэмэ,
Къыптырищэнкlи пшlэхэнэп.

**Пшэхъо-пцӀашхъу**

Ахъщэр
Пшахъо,
ГъашӀэр
ПцӀашхъо.

**Бзаджэ, бгалэ**

Шъуз бзаджэр
ЛӀыгъэжъ,
Ны бгалэр
Бын гъэпшъ.

**ШъузышӀу, лӀышӀу**

ШъузышӀур
ЛӀы гъатхъ,
ЛӀышӀур
Шъуз гъатх.

**Бысым фэмыф, хьакӀэ губжыпх**

Ар зыфэдэ цӀыфыр къызгурыӀуагъэп,
Илъэсрэ щыси, пӀэстэ-лэпсым ежэжьыгъэп.
ГъэшӀэгъоныр, шъузэпэш къытиӀуагъэп,
КъамыщыкӀэр ыӀапшъэ шӀолъэу шэсыжьыгъэ.

**МакӀо, мэдаӀо**

Зигъогу дэмыхрэр
Чыжьэу макӀо,
Зэхэзымыхрэр
Бэрэ мэдаӀо.

**Джагъор, пщагъор**

Сэмэркъэу джагъор
Ныбджэгъу гъэкӀод,
Пчэдыжьы пщагъор
ТшъхьэщэрэкӀот.



**Зегъэпыутыжьы, зегъэдыджыжьы**

ЗицӀыф лъэпкъ зыгъэпыутрэм
Ежь ышъхьэ егъэпыутыжьы,
Къужъы мыхъугъэр къыпызыутрэм
Ащ ежь-ежьырэу зегъэдыджыжьы.

**Лъэр, гур**

Хымэ чӀыналъэм
Лъэр хэзагъэрэп,
УимычӀыпӀалъэ
Гур щызагъэрэп.

**ПэӀошху**

Ачъэ цӀыкӀур
Бжъэкъошху,
Фэин-фэцӀыкӀур
ПэӀошху.

**Шъузихмэ яшыу къамыщ**

Уеплъымэ, кӀэлэ зыкъэмыщ,
УкӀэупчӀэмэ, тфэ къэзыщагъ.
Джа хьашӀы-къошӀым икъамыщ
Джыри шъузихкӀэ зэхэгъэщагъ.

**Ахэм мэшӀо-къашъор яззэфакӀу**

ЛӀымрэ шъузымрэ гъэшӀэ мэшэ тӀыгъэр
Зыфэдизыр амышӀэу азыфагу.
ТӀури шъодэн зэщымыщхэмкӀэ дыгъэх,
Бын мэшӀо-къашъор ахэм яззэфакӀу.

**Ныбэр Ӏотэжьыгъошӏу**

МэлэкӀагъэм ыныбэ
ЕӀотэжьы,
Бэшхыер ихьашхыпӀэ
ЕкӀодэжьы.

**ЛъэIо-лъэушъ**

ДэкIо-дэушъ,
Къадеушъэкlы.
ЛъэIо-лъэушъ,
ЯIушъэшъэкlы.

**Апсыхьэ, епщэжьхэрэп**

МэшIо-ежьэ ужым псыхьэ
Чъэжьхэрэп.
Щылычыр машIом щапсыхьэ,
Епщэжьхэрэп.

**Бзыур, быгъур**

Бзыу лъакъом
Къупшъхьэ хахрэп,
Быгъу бжъакъом
Щытхъу пахрэп.

**Лlы нэгуплъ, тинэкулъ**

Зы цlыфыгъэ ащ хэмылъми,
А лlыр лlы нэгуплъ.
Лы-ныбашхъо кlоцlымылъми,
Ащ етэIо тэ нэкулъ.

**Пцlылъэр ещэчы**

Ышъхьэ мыузэу
Басымэ рещэкlы,
Пцlы ымыусэу
Ипцlылъэ ещэчы.

**Хьакужъы машIом зыригъэстыгъ**

«Ощ фэдэлI нэмыIэмэ,
Ощ нэмыкI щымыIэмэ,
Лъэшэу сегъапэ, сипаIуи сиуани пфэгъэтIысыгъ!»
ЫIозэ гъакъым ихьакужъ машIо зыригъэстыгъ.



**Ехъырэхъышал**

Зищэ-гын еблэрэм
Бланэр шIокIожьы,
МыкIо-мычъэу плъэрэм
Сычъэр зыфеIожьы.

**Хьэ нэкIыгъ**

«Сыпсаумэ, гъэм мэщ сшIэн,
Ащ ихыкIи зэзгъэшIэн!»—
Мафэ горэм, тхьэзэуагъ,
Хьэ нэкIыгъэм къысиIуагъ.

**Атэкъэ сыджыр мыплъыжь-мыгъуаплъ**

Ащ раIорэр шъошIа? НэтIэIупэ гъэджыдж,
Джэнчыдз джэгуалъ.
Конышъхьэм дэлъэягъэу мо джэрэм ысыдж
Мыплъыжь-мыгъуаплъ.

**Джэгулэ-быул**

Гъэтхэе пчэныр
Джэгул,
Щэ мэкIэ чэмыр
Быул.

**Ицуакъэ орзэ лъэгу**

Мэкъум щыкIагъэр
Къурэ лъэIу,
Ащ IумыкIагъэр
Орзэ лъэгу.

**ЗиIэм иIэп**

ШъуашIэр
Къамыщынчъ,
ПхъашIэр
Ощынчъ.

**Аджалитlу щыlэп**

Сэшхо огъур зыщыlэкlэ,
Гъашlэм нэшlукlэ хаплъ.
Аджалитlу зыщымыlэкlэ,
Зэлlэгъум лlыгъэ халъхь.

**Iэрэ жэрэ**

Iэрэ
Жэрэ
Зэблэкlрэп,
Зэзэщрэп.

**Нэр делэ, Iэр бланэ**

Iоф мыублэм
АIо блэ хэс.
Лlы делэ-Iулэм
Ратрэр илэпс.

**Къызэпэчъэ-зэпэчъэжь**

Хъорышэрыр
Мэшэ тlыгъэм ефэжьы,
ЛъэпцIэ чъэрыр
Ылмычъыгъэм фэзэщы.

**Плъэ, лъэ**

Уплъэмэ,
Плъакъо кlэкlын.
Улъэмэ,
Узэкlэкlын.

**Ар цlыф дэгъу**

Блэ апщэжьыгъэ тыжьынэу
Ар хэткlи цlыф къабз,
Ептыгъэр ащ къыуитыжьэу
Сыдигъуи ихабз.



**Ин фэлlэ щырымытI**

Ащ ышъхьэ зэрымытым
Ылъакъо регъэуцо,
Сикъэбзэжъ щырымытlым
Сыин еIошъ, мэгушIо.

**Дэим къыпфегъэзэжьы**

Iитlукlэ пlапэ зыубытрэм
Уакlыб «быу!» щеIожьы.
Чъыг тхьапэр пызыутрэм
ЫшIэрэр къегоожьы.

**Щытхъур икlас**

Ащ ущытхъумэ,
Тхъупсыр текlы.
Ущымытхъумэ,
Гур зэпекlы.

**Гъунэгъур Iэнэгъу**

Гъунэгъур уиIэнэгъумэ,
Тебгъэфагъ.
Ау гъунэгъур пый къыпфэхъумэ,
Iоф ухэфагъ.

**Чыр пчэгъу мэхъу**

Чыр къэбгъэкlмэ,
Пчэгъу мэхъу.
ЗэпыпкIыкlмэ,
Къурэу мэгъу.

**Пфэмыхьыщтыр умыхьы**

УилIыгъэ къымыхьрэр
Уинасып къерэмыхь,
ГъашIэм щыпфэмыхьрэр
Пхьынэу ыуж уимыхь.

**Утемылъад**

ПкIуачIэ еплъи,
Уихьылъэ Iэты.
ГъучIыр гъэплъи,
Плъыжьзэ фытэ.

**Зэпэщыт-зэпэIут**

Пагэр мэгырзы,
Уз зиIэр мэщэIу.
Чъыгыр мэсысы,
Жьыбгъэр ещыIэ.

**ГъэпцIакIор, шъыпкъаIор**

ГъэпцIакIом узгъапцIэрэп ыIозэ,
ПцIы къыпфеусы.
ШъыпкъаIор шъыпкъэм фэчъэ-факIозэ,
Ылъэ пфегъэузы.

**ИонакIэ пытхъыгъ**

ИмыIоф еукIы,
ИонакIэ пытхъыгъ.
Имыпчъэ еIункIы,
Зы тхъагъуи ымытхъыгъ.

**БэшIэ-ныкъуашI**

КIэщыгъо бэшI,
БэшIэ-ныкъуашI.
Пчъэ Iухы фэшI,
Iофыгъо тIуашI.

**Зыфепсыхрэм ешхылIэ**

Ар пIэкIор чIэгъым къычIэпшы,
ПIэстэ Iанэм епшылIэ.
Зышхэрэм зегъэонэшы,
Зыфепсыхрэм ешхылIэ.



**ЦуитIур егъэхъу**

ПIастэр егъэшъу,
Уашъор елъэгъу.
ЧIыгур егъэшIу,
ЦуитIур егъэхъу.

**Лыеп, уеп**

ПшIокIодыгъэр
Лыеп,
Къэбгъотыгъэр
Уеп.

**Нэкъое жьыбгъэр къилъыгъ**

ОшIэ-дэмышIэу нэкъое жьыбгъэм
Ишыхьаф Iэлы къыстещыщагъ,
Ащ ымакъэкIэ осэу къыпхъыгъэм
Сионэш ябги къыгъэлъэщагъ.

**Гощэ гъэудж**

Нысэ бзаджэр
Гощэ гъэудж,
А мэхъаджэр
Къэмыгъэущ.

**Дышъэр насыпэп**

Уинасып зыхэмылъым
Дышъэпхъ техъуагъэу олъэгъу,
Дышъэр зыдэщымылъым
Делэри Iушые щэхъу.

**Шъузаб, лIыгъуаб**

Шъузабэр
Бын шъхьэтехъу,
ЛIыгъуабэр
Бын гъэунэхъу.

**НэшІо фэмыф**

Фэмыфыр унэшъо
ШІыкІэкІэ Іазэ,
ГукІэ тхъэжьрэ нэшІо
Фэмыфыр назэ.

**Унэгъо маф, унэгъо фаб**

Жъырэ сабыйрэ зэрыс унагъом
Итхъэгъо мафэ быным фэнэфы,
Джа унэ фабэм ифэшІу гушІуагъом
Унэгъо быныр зэлъегъэнэфы.

**ЦІыргъ-щыргъ**

Ащ ыкІыб къорэгъыр
Гъызэ раусэигъ,
ИцІыргъы-щыргъы
Псынэр ысэигъ.

**Шы пшъыгъэм кІищыжьрэп**

Шы пшъыгъэм ичъэ хэогъахъокІэ
КІищыжьрэп.
Чъыгы гъугъэм псы кІэогъахъокІэ
КъэкІыжьрэп.

**Армэур, лэжьакІор**

Армэур мэхъуапсэ,
ЛэжьакІом къелэжьы.
Армэум тыгъуасэр
Онджэкъым пелъэжьы.

**ТхьамыкІэмрэ баимрэ**

Зы чапыч нахь зиджыбэ имылъыжьмэ,
Сыда мыщ етшІэщтыр аІо.
Сомэ къыхэхъуагъэу баир гъолъыжьмэ,
ФэдитІу ар хъунэу мэлъаІо.



**Зыгу мыкІодэу зиунагъо зыгъэкІодрэр**

Щытхъумэ, орэд фиІомэ, къыдэшъожьзэ,
Ащ зыгорэм имэлышъо regъэІоты.
ИмыІагъэу зэ иІэщтым псы дешъожьзэ,
Ыгу мыкІодэу ащ унагъор егъэкІоды.

**ІэнатІэм уегъэсэхъуджэ**

ІэнэтІэнчъэу иІоф зэмыхъатэм,
Сыдэу а лІыр лІы дэгъугъ.
Ау ІэнэтІэшхо ащ зыратым,
Пэщэ-пагэ къытфэхъугъ.

**Бзэгур, цуакъэр**

Зыбзэгу хъурэм
ЫІІон егъоты,
Зицуакъэ гъурэм
Лъапэр еІоты.

**Огъурцыз, цыхэ-цыс**

Ащ чылэр зэреджэрэр
«Огъурцыз!».
Зищын къимыкІ епщэжьрэр
«Цыхэ-цыс!»

**Іорыдэгъаз**

«Ащ ыпэ дэгъэзыягъ»
ЗаІом, ипаІо зыщихыжьыгъ.
«Ар псыдзэм дэсыягъ»
ЗаІом, гуІэзэ къесыхыжьыгъ.

**Семыгъэз, сымыгъэпшъ**

СеогъэзкІэ псынэ нэкІыр
Чэщ осэпскІэ из сфэшІыщтэп,
Ау умыщхэу щэкІым щэкІыр
Хэсэгъалъхьи, сигъэпшъыщтэп.

**Къысэгый, сыгъэхый**

КъысэцӀацӀ, сыгъэмыс,
Ау уимастэ къысхэмыс.
ПфэлъэкӀыщтмэ, къысэгый,
Симыхьакъмэ, сыгъэхый.

**Пегъэмбарых, щэмбарых**

ЛъэӀуакӀо къызыпфакӀохэкӀэ
Ахэр пегъэмбарых.
АфэпшӀэщтыр зафэпшӀахэкӀэ
Ахэр щэмбарых.

**Делэ-Ӏуш**

Делэм ыгу
Ыбзэгу,
Ӏушым ыбзэгу
Ыгу.

**Сызэупчӏы, сэщхы**

Хым пцэжъые къыщащэфа,
Хьауми симыӀоф зесэфа?
МэшӀо тхъуабзэр псым кӀегъэста,
Хьауми ӀэшӀум сӀупшӀэ къеста?

**ЧӀыфэ-хьаф**

УичӀыфэгъумэ,
Уныбджэгъу.
Къытыжь хъумэ,
Уджэгъогъу.

**КъаушъхьакӀугъ**

Бжъэкъуахьэ щыдыр загъакӀом,
ТхьакӀумэнчъэу къэчъэжьыгъ.
КъыуашӀагъэр сыд зыраӀом,
ЫкӀэ ыбэкъу диупкӀэжьыгъ.



**ЛӀыкӀо дэгъу**

Ахъщэм нахь лӀыкӀо дэгъу
Тыдэ къыпхын.
Ащ хэти иныбджэгъу,
УипаӀуи пщихын.

**Емрэ шӀумрэ**

Ӏугъо благъэм
Унэ решъу,
Хьантхъупс лагъэм
УегъэунэшӀу.

**ӀэпцӀэ-лъапцӀ**

Нэм ынапцэ
Ылъэгъужьрэп,
ӀэпцӀэ-лъапцӀэр
Зыщытхъужьрэп.

**Хьалыгъур, пчыхьэр**

МэлакӀэ лӀэрэм
Хьалыгъур ипкӀыхь,
Гуфаплъэу плъэрэм
КъохьапӀэр ипчыхь.

**Псэлъыхъончъэр пчэгум къенэ**

Сыд фэдэу коцыцэр къечэрэгъокӀми,
Ымыхьаджышъоу шъхьалым къыдэнэ.
Дэнэ шъхьэтехъор къызэохъокӀми,
Упсэлъыхъончъэу пчэгум укъенэ.

**Зэуи щыхъунэп, ыулъэгун**

Гур мыплъэмэ, дунэе нэфыр
СыдынэкӀэ непэ плъэгъун?..
Зыпэ Ӏэтыгъэм бгъодэты цӀыфыр
Зэуи щымыхъоу ыулъэгун.

**Ахъщэр, гур, псэр**

Ахъщэм ищыкIагъэр
Ащ имэкIагъ.
Сыгу зыгъэчагъэр
Сыпсэ хэпкIагъ.

**Чэщыр, цыпхыр**

Пшъэшъэ чъыяпхэмкIэ
Чэщ кIыхьри кIако,
Шъузыжъы ябгэмкIэ
Цыпхыри пако.

**Гъэбэжъу мафэр ащ игъабл**

Ачъэм ыжэ уцыр дизми,
Зыхэт уцым джыри фалIэ.
Ар уц къашхъом хэт-хэмысми,
Гъэбэжъу мафэр ащкIэ гъаблэ.

**Зыми фэнэфрэп, псэкIи гупсэфрэп**

Ежь-ежьырэу зызыгъэстыжьрэр
Зыми фэнэфрэп.
ШIушIэ фашIэр зымытыжьрэр
ПсэкIэ гупсэфрэп.

**Нэйпсый**

Ыжэ псы дизми,
ПсыфалIэ малIэ.
Ыныбэ изми,
IанэмкIэ маплъэ.

**Шъыпкъэмрэ икъэмрэ**

Дышъэ-тыжьыным ыбзэ
Шъыпкъэм елъахъэ, етIатэ.
ЦIыфы къаигъэм ыпсэ
Пхъэчай гъукIагъэм щэпшIатэ.



**Бзэгур къупшъхьэнчъ, къушъхьэр лъэпсаб**

Бзэгум къупшъхьэ хэмылъми,
Сыд фэдэ къупшъхьи екъутэ, ехьаджы.
Къушъхьэр чIылъэм шъхьэрэплъми,
ЛъапсэкIэ дунаим къыздырехьакIы.

**Шъэогъур, чъыгыр**

УIугушIуагъэми уедэхэшIагъэми,
Шъэогъу мыхъущтыр шъэогъу пфэхъущтэп.
УфетIыхыгъэми, мыхъун епшIагъэми,
Игъо къэмысэу чъыгыри гъущтэп.

**УимыкI, ущымыкI**

Шыц осыр къесмэ,
Узэрысым уимыкI.
Мылъкум ухэсмэ,
Умыпаг, ущымыкI.

**АтIатэ, мэпшIатэ**

Дзыуашъхьэр умытIатэу
Ащ илъыр къэпшIэщтэп,
Къэб щыуаныр мытIатIэу
Щхыу хафэр пшIэпшIэщтэп.

**Мэзыр, пхъэнкIакIор**

Мэзыр зыгъэкIрэм
Чыг риупкIыжьрэп,
Щагур зыпхъэнкIрэм
ШIоир Iуихыжьрэп.

**Хьэжъ-ачъэжъ**

Хьэжъым
Щэ фыракIэжьрэп,
Ачъэжъым
Мэкъу фаупкIэжьрэп.

**Зэмышlэм текlуадэх**

Гъэ мин зыгъэшlагъэр
Гъэ мышlэм хэкlуадэ,
Егъашlэм пхъэшlагъэр
Пчъэ къуащэм текlуадэ.

**Уемыдж, зегъэзэгъ**

Къэмылъфыгъэм уемыдж,
Тэджи псы ешъу.
Къэгужъуагъэм уемыщ,
Пщагъэм зегъэшlу.

**Сыод, сылъэс**

Бзыум ыл фэдэр
Илэпс,
Сылъэхъушъ фэтэр
Сылъэс.

**Емызэщ**

Емызэщрэм
Иlоф къыдэхъу,
Зичэм зыщрэм
Иlофи дэгъу.

**Джэмышх, пaIo**

Джэмышхы гъушъэм
Жэ кlоцlыр ретхъы,
Iофмышlэгъуишъэм
УипaIo пщетхъы.

**Щытхъупсым земыгъас**

Узгъэгърэм урикlас,
Узгъэщхрэм уриджагъу.
Ощхынчъэм урипщагъу,
Щытхъупсым земыгъас.



**Шыу шъхьэцац**

Ар боу шыу щхэн, шыу шъхьэцац,
Пшlэрэр сыд пlоу уемыцlацl:
Ионэш ещэжьы,
Иуани пелъэжьы.

**Iофынчъэхэп**

Жьы къемыпщэу
Къурэ сысрэп,
Псыр ымыщэу
Псыщэр щысрэп.

**Лlыхъужъ-тыгъужъ**

Заом Iумыхьэмэ,
Лlыхъужъ.
Мэл гъощагъэр къыхьмэ,
Тыгъужъ.

**Имыер зыlэкlелъхьэ**

Къыфамыщэфыгъэм
Еплъышъ, зыlэкlелъхьэ.
Шыкlэ къамылъфыгъэм
Уанэ фызэкlелъхьэ.

**Тхьагъэпцl-пцlыус**

Ишы ригъэлъэхъуи,
Лъэсыр ыгъэщхыгъ.
Къуаер ригъэлъэгъуи,
Мыжъо ригъэшхыгъ.

**Уищыкlагъэп**

Ныбэр зиlэшlулъэм
Мышlур илъэмыдж,
Зыгу шlу имылъым
Къеблагъ пlоу уемыдж.

**Iэпэщын-пщынау**

Гъэтхэ IофшIэгъум
Ар Iэпэщын,
Щэджэгъо шхэгъум
ЫIжэ ипщын.

**УиIоф хэлъэп**

УиIоф зыхэмылъым
Уибэлагъ хэмыс,
Уиджыбэ имылъым
УенэцIмэ, умыс.

**Зыхэмыгъэукъу**

Ошъуапщэм уешъуйкIэ,
КъызэплъэкIынэп.
Уимыер бгъэшъуйкIэ,
Мылъку пфыхэкIынэп.

**Зыфэдэр къыгурыIуагъ**

Пчэн къуир псым зыхагъаплъэм
Сэ джыри сыкIал ыIуагъ.
Ау гъунджэм ар зырагъаплъэм
Зыфэдэр къыгурыIуагъ.

**МэIэолъао**

Ащ дунай нэфыр бжъакъокIэ
Зэредзэ,
Ар фимыкъумэ, жьым лъакъокIэ
Зыхесэ.

**Уибын гъасэ, уипчъи игъас**

Зибын зымыгъэсагъэм
НэпскIэ зепщыныжьы,
Зипчъэ имыгъэсагъэм
Имылъкуи чIенэжьы.



**ЗэфэмыдитIу**

Зым шъоур емызэщ IупэкIэ
Езы,
Адрэм сэдакъэр нэпс IубэкIэ
Хедзы.

**Чапычыр, Iугъор**

Чапычыр зымылъытэрэр
Чапыч ымыуас.
Купым зыхимылъытэрэр
Iугъо-пкIэгъуас.

**ПакIэмрэ псыдзэмрэ**

ПакIэм къымыхьрэр
ЖакIэм къыхьыжьрэп.
Псыдзэми къыхьрэр
Былымы хъужьрэп.

**Ыныкъо фикъурэп**

Дзэ зыгъашхэрэм
Сомэр ыуныкъурэп,
Ренэу гъуашхэрэм
Ышхырэр фикъурэп.

**МыIо-мышI**

Пырамыбжь чIесэ,
Пшэсэни дедзы.
ИмыIэм есэ,
Къоепси езы.

**AIуагъ-амыIуагъ**

«Сыд ишI» амыIуагъэмэ,
«Сыд ишх» aIуагъэп.
Шъуадэжь къэмыкIуагъэмэ,
Тадэжь къэкIуагъэп.

**Нафэмрэ зафэмрэ**

Зигущыӏэ зафэм
Ынапэ фыжьы,
Зишӏушӏэ нафэм
Гъашӏо фашӏыжьы.

**Плъэ кӏеуты, угу пеуты**

Шъхьэм акъыл имылъмэ,
Плъэ кӏеуты.
Кӏымафэр ӏумылмэ,
Угу пеуты.

**Жэр, аркъэныр, шъузыр**

Жэм уфэмысакъымэ,
Птыкъын аркъэн къыредзэ.
Шъузыр къыомыцакъэмэ,
Ихьакъу макъэ узэредзэ.

**Ахъщ**

Ахъщэ уиӏэмэ,
Упцӏашхъу.
Ар уимыӏэмэ,
Уцӏахъу.

**Сыфедэнчъ**

Сэ сӏэдакъэ
Мэхъупцӏы,
Бай атакъэр
Мэкӏэцӏы.

**Цуаом къамыщ огъу къысехы**

Сэ бжьы зытелъ цу гъожьыжъым сыфэд,
Сигъэшӏэбгы сыдэкӏуае, сехы...
Сызыдэпфырэм сыдыр къыщысфэт
Сӏозэ, цуаом къамыщ огъу къысехы.

**Сихъэренэ ущэхъые**

Непэ шъыгъо ощхыкӏэ
Бжыхьэ огур къыстегые.
Сыд ишӏуагъа ущхыкӏэ,
Сихъэренэ угу щэхъые.

**Пчыкӏэр шъорышӏыеу къыздэджэгу**

Пчыкӏэр шъорышӏыеу къыздэджэгуи,
Имэшӏуапэ сыбгъэ ристыкӏыгъ.
Ар имыкъоу шыблэм сиудэгуи,
Къысфэгуитӏоу огум исыкӏыгъ.

**Бзыу къуай**

Боу а лӏакъор
Лӏэкъо бай,
Ямыӏэ закъор
Бзыу къуай.

**Чъыеныб**

Зикон имызыр
Чъые имыкъу,
Зишъуатэ мызыр
Ныбэ «къуркъуркъу».

**Сыпщэп**

Чӏыфэ зытемылъым нахь бай
Цӏыф щыӏэп.
Сэ ащ сыфэдэнэу сыфай,
Ау сыпщэп.

**«Хъущт!» зыоӏом, къыздэхъугъ**

Сызыдежьагъэу сфэмыгъэхъурэр
«Хъущт!» зыоӏом, къыздэхъугъ,
Оркӏи хэткӏи сызыгъэдэгъурэр
Убзэгу ӏэшӏу идэгъугъ.

### Уфыщымыс

УздэкIощтым
Уфыщымыс,
Зэ пIощтым
ТIо егупшыс.

### Жэмрэ шэмрэ

Жэр
Шъхьэм илIыкIу,
Шэр
Одым ыблыгу.

### Уиуанэ хьакъ-сакъ, зыфэсакъыжь

ГущыIэм фэсакъ,
ПIэкIэкIмэ, аркъэн кIэлъымыдзыжь.
Уиуани хьакъ-сакъ,
ЗыбгъэлIэу ащи уемышэсыжь.

### Ещэ, ещэфыжьы

Ащ бжъэкъуитIу тетзэ,
Уцы бэгъуагъэм хафыжьыгъ.
Ар бырсырым хэтзэ,
Ыщагъэр рагъэщэфыжьыгъ.

### Стырэп, систрэп

Жьыбгъэр къепщэ,
Къурэр сысырэп.
Псыми сепщэ,
Стырэп, систрэп.

### ЗымыгъэпскI, пымыкIыкI

Бжыхьэ жьыбгъэ шъабэм
ЗыщагъэпскIрэп,
Благъэр къурэ шъхьапэм
КъыпакIыкIрэп.



### Хы мэхъу, угу фэгъу

Псы пчъагъэ зэхэлъэдэжьмэ,
Хы мэхъу.
УздэщыIагъэм уплъэжьмэ,
Угу фэгъу.

### ИкъэкIокIэ-кIожьыкI

Мылъкум икъэкIуакIэ
ИкIожьыкI,
А лIым илъэIуакIэ
Боу гущыкI.

### ЗэфэлIэ-чъыIалIэх

Зэрэмылъэгъухэмэ,
ЗэфалIэх.
Зэрэлъэгъухэмэ,
ЧъыIалIэх.

### IитIур, хьакIэр, бысымыр

IитIур зэрэмытхьакIымэ,
ЗэрэшIэрэп.
ХьакIэм убысым тхьамыкIэмэ,
Уцогъу уишIрэп.

### Цу IэситIу

«ЦуипшI мыIо-мышIэ нахьи,
Цу IэситIу кIэшIагъ»
ЫIозэ, лIым иIахьи, ежь иIахьи
Хьэм ышхыжьмэ, сыкъэпшIагъ.

### МыгыкI-къэмыкI

МыгыкIыгъэр
Палъэрэп,
КъэмыкIыгъэр
Шъхьалъэрэп.

**Уемыхъуапс**

Ар гомыIу
Гу Iай,
Ащ емыIу
Убай.

**ЛIым ипаIу**

Шъхьэпсау паIо
ЩыкIэрэп.
Ары пакIо,
ЩыкIырэп.

**Нэкулъыр IэшIу, пхъэгулъыр хафэ**

Баим ынэ шэ тезыгъахъорэр
Нэкулъ,
ТхьамыкIэм ынэпс зыкIигъахъорэр
Пхъэгулъ.

**Атакъэмрэ кутакъэмрэ**

Атакъэр
Чанмэ, пщэр хъурэп.
Кутакъэр
КъекIокIмэ, гъурэп.

**Мамырыр, уаимыр**

Дунай мамырыр
Тхъагъо,
Зэпыдж уаимыр
ЛIагъо.

**ЗиIэ-зимыI**

Сихъой пIоуи
УзэщымыкI.
СиIэп пIоуи,
ЗызэпымыкI.



**Бзэгуибл**

Бзэгухьэр
Бзэгуибл,
Къэбарзехьэр
Гъогуибл.

**IэшIунчъэ-шIунчъ**

ГущыIэр бэрэ бгъэунэшкIумэ,
IэшIужьэп.
Нэпсыр зэрызыр унэкумэ,
ШIу щыIэп.

**Акъылымрэ сакъылэмрэ**

Цыфыр зыгъэдахэрэр щыгъынэп,
Акъыл.
Ащ ихьэ джыри ищагу щызэщыгъэп,
Сакъыл.

**Iэзэгъугощ**

Зищэ-гын еблэрэм
Бланэр шIокIожьы,
Бжыныф блэр зыблэрэм
Iэзэгъу егощы.

**Ие-имый**

Сыдэу дунаим ие-имыем
ЗыригъэлIылIэу ыл хыригъэчра?
Ари имыкъоу нахьышIу-нахьыем
Егыйзэ, ыгуи зэпыригъэкIра?

**Учъэщтмэ, умыпш**

БзэджашIэр ерыш,
Алашэр шы мычъ.
Узтетыр лъэрычъ,
Учъэщтмэ, умыпш.

**УмыIо, умышIэ**

УмышIапэрэр умыIо
ПIомэ, укIэмыгъожь.
Уионэши пшъыгъэ-мыкIо
Къыпщыхъумэ, умыхъожь.

**ТIури дэгъу**

Сэшхом цэ Iумылъмэ
Бэщы IонтIагъ.
КIымафэр Iумылмэ
ТхьачэткIэ тытхъагъ.

**ЕмышIэ-шIумышI**

Ащ фэдэм раIо:
ЕмышIэ-шIумышI.
Ау ащ икъакIо
ОшIэ-дэмышI.

**Умыгъ, шIу шIэ**

Бэрэ гъырэм
Ынэ егъукIы,
Лъэпэд зыхърэм
Ыгу шIу ехъукIы.

**Мабзэ-мадэ, мысэ-хый**

Зыбзырэм куандэм хедзэ,
Зыдырэм къыхехыжьы.
Уимысагъэ зыкъыпхесэ,
Уихыягъэ пфыхехыжьы.

**УлIмэ, къао**

Умыделэу делэ зыкъэмышI,
ПшIэрэр къаIо.
ЗиIо-зишIэ мыIо-мышI,
УлIмэ, къао.



**Еджэгъэ-емыпщэжьыгъ**

Еджагъ,
Епщэжьыгъэп.
Епщагъ,
Пщэхыжьыгъэп.

**Афэсакъ**

Делэм ущымытхъу,
Пагэ хъущт.
ШыкIэм улъымытхъу,
ПIэ питхъыщт.

**Дэхэ-мах**

УкIытэр
Дахэ,
Нэм кIэтыр
Махэ.

**МашIор гъэбылъыгъуай**

Бзыуцыфым
МашIо хагъэбылъхьарэп,
ЦIыфым
Имыхьакъ тыралъхьэрэп.

**ЗэшIодзэгъэ-зэшIолъ**

Зыныбэ зишIулъэм
Ыгу илъэмыдж,
ЗэшIодзэгъэ-зэшIолъым
ЦIыф пIоу уемыдж.

**Армэу**

Ащ цы Iуданэ
Фызэпычрэп,
Дэнэ джанэр
Ыпкъи щыкIрэп.

**Гъэгусал**

Зызгъэгусэрэм иIахь
ХьэIус мэхъужьы,
Узгъэгугъэрэм ишъхьас
ЧIыфэ пфэхъужьы.

**Мыжъомрэ кIапсэмрэ**

Мыжъо дзыкIэ зымышIэрэм
Ыдзыгъэр ышъхьэ тефэжьы,
Хьил кIапсэр зэпызышIэрэм
ЫтIыгъэ машэм ефэжьы.

**Пхъэтыгъу-мытэгъу**

Мыунэ-мыунэхъу,
Чэщ хъумэ, пхъэтыгъу.
Ищыбзи щыбзэ нэхъу,
УелъэIумэ, уимытэгъу.

**Гъундж**

Ныбджэгъур
Уигъундж,
Джэгъогъур
Нэ хъункI.

**Узиджагъо-узимыджагъу**

Узиджагъом цокъэ зэжъу
Урегъэуцо,
Узимыджагъом ынэшIу
УегъэгушIо.

**КIэлэгъумрэ жъыгъомрэ**

УикIэлэгъу пфэмышIагъэр
Уижъышъхэм пшIэнэу уфемыжьэжь.
Жъы охъуфэ зэмыгъэшIагъэр
Джы зэбгъэшIэжькIэ, пкIэ имыIэжь.



**Умыгузажъу**

Огузажъомэ,
Огужъо.
Уифыгу жъомэ,
ОгушIо.

**МэшIо-жашIу**

Ар бгъэшэсми,
МашIо.
Бгъэлъэсми,
ЖашIо.

**ЛIым итыгъэ унэм регъапсэ**

Ны дэгъур гуIэлэ нышIушъ,
«Шъубыяу, шъуятэ шэнышIошъ,
Шъумыгъэгубж» ыIозэ, ибын егъасэ,
ЛIым итыгъэ фаби унэм регъапсэ.

**ГъэшIэгъонэп**

УмыгъэшIагъо: гъучI къалэ зиIэри
ГъучI мастэ щэкIэ.
Ащ нэмыкIи къыосIон: гущыIэми
Дышъэ Iатэ ещэчы.

**Пхъужъым игукIай**

Iух, Iух а Iаер,
Цокъэжъы лъаер:
Мафэрэ мэлахъу,
Чэщрэ IэнтIрахъу.

**Умышъхьах**

Зыгу фэдэ амышI,
ЗыIитIу амышIах.
Ахэм задэмышI,
СыдкIи умышъхьах.

**КъыкIэупчIэжьы, фызэплъэкIыжьы**

Щыуаным илъыр зымышхыжьыщтыр
Коным къинагъэм къыкIэупчIэжьы.
ФашIагъэр ныбжьи зымышIэжьыщтыр
ФашIэщтым джыри фызэплъэкIыжьы.

**Матхъэ, малIэ**

Дышъэр зыщэчрэм
Хехы, хегъахъо,
Зику ушъорэкIрэм
Ежь зыкIегъакъо.

**Уфэмыуб, орэд фэус**

Хымэм уфэмыуб,
Быным пцIы фэмыус.
Мысэм уфэмыIуп,
Хыем орэд фэус.

**Щхэны-гъэны**

Хьэ фэмышх
Къо ригъэшхрэп,
Иджэмышх
Псы пигъэчърэп.

**Мышъо-мыл**

Зы мэфае
УшIомылI,
ЛIы нэхаер
Мышъо-мыл.

**Уигухэлъ емыIу, зекIо удэмыкIу**

НэшIо-гушIуае зыкъыпфэзышIрэм
Уигухэлъ емыIу,
НекIо зыIоу зыщыщ умышIэрэм
ЗекIо удэмыкIу.



**Езы, есы**

Шъоур Iупэкlэ
Езы,
Псыхъом гупэкIэ
Щесы.

**Ухасэзэ зистыжьыгъ**

Унэм исыр ухасэзэ,
Хасэм кIуагъэр къэсыжьыгъ.
ИмыIофмэ ахапсэзэ,
Ащ пэкIоцIкIэ зистыжьыгъ.

**Зэпэчы, зэпэкIы**

ПцIыусым икIапсэ
ЗэпышIагъэшъ, зэпэчы.
Щытхъупсыр зикIасэм
Итыжьын бэщи зэпэкIы.

**Цы гъэлыгъу**

Ар хэбзэ мышIэ
Хэбзэ лъыхъу,
Ащ имышъэ
Цы гъэлыгъу.

**Хьау закI**

Къэхь кIыхьэ
Къэхь макI,
Ащ ипчыхьэ
Хьау закI.

**Намыс-насып**

ЧIым инамысыр
Игъажъу,
ЦIыфы насыпыр
ГугъашIу.

## Дэгъу дэд

Гъэмафэм
Уегъэлажьэ,
КӀымафэм
Уегъэхьапщэ.

## Ушъхьагъулъыхъу, шъхьэгъажъу

КӀымэфэ паӀо сшӀын сӀомэ,
Шъхьэгъэжъо дунаир фабэ...
Джэнэ дахэ сыдын сӀомэ,
Шъхьэпаеу цӀыфмэ зафапэ...

## Шэн кӀэкӀ

ЦӀыф псынкӀэр
Шэнычъ,
Шэн кӀэкӀыр
Акъылынчъ.

## Ныбжьыкъур, мэкъур

Чъыг ӀонтӀагъэм
Ыныбжьыкъу зэнкӀэщта?
Зыбгъэ тӀэтагъэм
Мэкъу фэупкӀэщта?

## Имэхьанрэ изехьанрэ

ГущыӀэм икӀэкӀыпӀэр
Имэхьан,
Ӏофыем ихэкӀыпӀэр
Изехьан.

## УфыкӀэмыкӀуат

Зышъхьэ мыузрэм
Уишъхьэуз емыӀуат,
Уипчъаблэ Ӏусрэм
ШӀукӀэ удэмыкӀуат.



## ДэошӀу-зэошӀу хъурэп

ДэошӀурэ зэошӀурэ
Дунаим щыхъурэп,
ОшӀурэ мыошӀурэ
Ащ щызэдэхъурэп.

## Шъуз Ӏофынчъ

Зишъуз щыукӀытэрэр
Сабыинчъ,
ЗипӀэстачӀэ кӀытэрэр
Шъуз Ӏофынчъ.

## УмышъункӀыжь

Нэм пэчыжьэр
Гурэ псэрэ апэчыжь,
Чъыг пымычыжьыр
УмышъункӀыжь.

## УбэкӀо-тыгъуакӀу

ЦӀыфым хэмылъыр хаплъхьэзэ ущэтхъумэ,
УубакӀу,
НэфапӀэм щылъ горэ пшӀэзэ къэптыгъумэ,
УтыгъуакӀу.

## ЧӀыкъо епхыгъ

ТхьамыкӀэм ипчъэ
Ренэу Ӏухыгъ,
ФэшӀыгъэм ычӀэ
ЧӀыкъо епхыгъ.

## ШынкӀы-кӀэгъэкӀ

Джэуап псынкӀэр
Гупшысэ кӀэкӀ,
ЩыгъынкӀэ шынкӀэр
Псэлъэ кӀэгъэкӀ.

### «Ох!»

Щынэрэм
Еох,
РаIо
Ащ «ох!»

### Алъэгу мэхъу

КъэкIухьакIом
Бэ елъэгъу,
КъэшъуакIом
Ылъэгу мэхъу.

### РямыгъэупкI, имыгъэгъукI

Зижьау зытырэ чъыгыр
РямыгъэупкI,
Псыхъуабэ зэкIурэ хыр
ИмыгъэгъукI.

### ДэкIуаех, дэуаех

Анахь чэу лъахъчэми,
УдэкIоещт.
Пщэр ом щэпхъанкIэми,
Удэоещт.

### ЩыIэмрэ щымыIэмрэ

Узхэдэн щымыIэмэ,
ЩыIэр къахэх.
Хасэм ущыгущыIэмэ,
ПIорэр зэхягъэх.

### КIэуцу, зыгъэцу

СыадыгэлI, сылIыблан пIокIэ,
ЗыбгъэлIэу щэми упэмыуцу.
Хэсэ шIыхьафым узыкIокIэ,
Адыгэ Iофым кIэуцу, зыгъэцу.



### ФэшIу-фэнэшъу

Сыд фэдэ джани
ПцIанэм фэшIущт,
Анахь ощ чанри
Пхъэм фэнэшъущт.

### Шъэфы

Шъэф горэ
ЗимыIэ щыIа?
Мо кIорэр
Жьым дэгущыIа?

### Лъэщэ-нащ

ЗекIокIаем
Уегъэлъащэ,
ДэхьащхкIаем
Уегъэнащэ.

### Ошъогур игъогу

Шъыпкъэр зигъуазэм
Насыпыр игъогу,
Гъогум щыгъуазэм
Ошъогур иогу.

### Ыл мэузы, ыгу сысрэп

Мылъэпэуагъэм, темыфагъэм
Ыл узрэп.
Хэсэ утыгум имыфагъэм
Ыгу сысрэп.

### УпчIэр, IурыIупчъэр

Хэт исыд фэдэ упчIи
Джэуапынчъэу къанэрэп.
Хэти иIурыIупчъи
Чъэрышъ, жэм данэрэп.

**Гущыӏэр, жьыр**

Гущыӏэр
Ащэфрэп,
Жьы чъыӏэр
Ащэфрэп.

**Псауныгъэр, уӏагъэр**

Псауныгъэ уеӏэфэ,
ЗэкӀэми уряцӀыф.
УиуӀагъэ ощыӀэфэ,
Уитхъагъо бзыуцыф.

**Чэмыр, бжьахъор**

Чэмым ыбжъакъо
КъехьылъэкӀа?
ШъоушӀ бжьахъор
Шъоу щэкӀа?

**Дэгъончъэ-къинынчъ**

ЦӀыфым идагъо
Ежь зыдилъэгъуужьрэп.
Джаузэ, илъагъо
КӀогъуае щыхъуужьрэп.

**ФэлӀэ-телӀ**

УимыӀэм
УфэлӀэ,
УиӀэм
УтелӀэ.

**ОщыкӀыр, лъэоир**

Сигъунэгъу нэйпсый-хьарамышъ,
ОщыкӀым хьэр регъэбзэи.
Ащ ыӀорэм зыкӀи рымыпшъ,
Илъэой уашъом реусэи.



**Узэхахрэп**

Ахъщэ мыпчъ
ЗэӀахрэп.
Уалъымычъ,
Узэхахрэп.

**ГъэсэкӀэ Ӏаз**

Ар афэмыгъасэ –
ГъэсэкӀо Ӏазэшъ,
Тыгъэм зыдегъазэ,
Мазэр егъэӀасэ.

**Ныбджэгъу нэшӀу**

Ныбджэгъур мафаем
Агъэунэфы,
Узыщыфаем
ЫнэшӀу къыпщефэ.

**Нымрэ тымрэ**

Уянэ зэрымысым
Тыщасэ умыкӀу,
Уятэ инамысы
УетӀэныр емыкӀу.

**Бэ умышх, зыгъэшхэкӀ**

Шхыныр къахьмэ, пӀашъхьэ
Дэмыщай, угу сыкъэгъэкӀ.
Узыхэсмэ апашъхьэ
Бэ щымышхэу зыгъэшхэкӀ.

**Лъыуасэмрэ пхъуасэмрэ**

«Лъыуасэмрэ
Пхъуасэмрэ
Мылъку лъачӀи бай лъачӀи хъурэп»
ЗыӀуагъэм, щыуагъэ фэслъэгъурэп.

**Пщагъо, джагъо**

Пчэдыжь пщагъом
Мэфэшlу къехьы,
Узиджагъом
Гугъу уегъэхьы.

**Осыр, чlыплъыр, шъоущыгъур**

Осыр шъоущыгъу зэхъум,
Шъоущыгъулъэ ыгъотыжьыгъэп.
Чlыплъы дэгъур къызыдэхъум,
Шъоущыгъушlукlэ ар тхъэжьыгъэп.

**Алахьэм ишlушl**

Алахь зизакъом ишlушlэ макъэ
Тыжьыны жъгъыукlэ огум къысфехы:
Тыгъэпс нэбзыйкlэ зыкъысхетакъо,
Иощх гъэбэжъуи шъабэу къысфещхы.

**А лlыр лlы гушху**

«О-хьэ-хьай-ри джэгушху!..»
Сыдэу а лlыри лlы гушху.
Ылъакъуи узрэп,
Ыжашъуи lузрэп!

**Мэстанэм екlы, унэ къырекlы**

Тизыкъуаджэ лlы хъупхъ, лlы пlуакl,
Ащ лъэхъу-лъэушъэр иушъы кlуакl.
Ифедэмэ, мэстанэм екlы,
Уешlокlмэ, унэ къырекlы.

**Сигъэшlэ лъагъо сыщыпшъыгъай**

Сынэ плъэрэп, сыгу къыдэчърэп,
Сыдэуи непэ сызэшlэгъуай…
Сионэши чъэрэп, чъэрэп,
Сигъэшlэ лъагъо сыщыпшъыгъай.



**Жэшlо-джашъу**

Дэхэlуал, жашlо,
Мэуджы, къашъо.
Ыныби джашъо,
Иджэмыш машlо.

**Тыгъэр къепсы**

Къещхы, къесы,
Тыгъэр къепсы.
Дунай нэфра зэокlыгъэр?
Хьауми сэра зэкlокlыгъэр?

**Сыкъыпфызэплъэкlыщтэп**

Джэхьнэм лъэмыджым сытетми,
Сыкъыпфызэплъэкlыщтэп.
Уишlулъэгъу нэмыкlым ептми,
Сыпщыгъупшэн плъэкlыщтэп.

**Шlулъэгъу мышlу**

Шlулъэгъу мышlукlэ зысыуlэжьзэ,
Сигъашlэ пэкlэ, пэкlэ стхъугъэ.
Хъунэп сlомэ зысlэжэжьзэ,
Сищыlэныгъэ джэхьнэм хъугъэ.

**Гъучlы лъэхъу**

Дунай хьафым щысиl зэкlэ,
Щысимыlэр зы шlулъэгъу.
Сыд есшlэщтыр?.. Ар джы сэркlэ
Гугъэплlэнчъэу гъучlы лъэхъу.

**Кlэщыгъобэшl**

Кlэщыгъобэшlыр lогъу-шlэгъу умышl,
Ащ изекlуакlэ – ошlэ-дэмышl.
Ар непэ оркlэ фабэ, тыгъэпсы,
Неущ нэмыкlэу зыкъыпфегъэпсы.

**Сихэтэшхуи озгъэпкIэн**

«А пкIау-пкIау, олъэ, опкIэ»,
Сыд ишIуагъ сэлъэ пIокIэ?
ЗытIо-зыщэ узгъэпкIэн,
Сихэтэшхуи озгъэпкIэн.

**Инныбжьыкъу къыдэшъожьы**

Джэнэ хьафри ащ зыщелъэ,
Сыдах еIошъ, гъунджэм еплъэ:
Зыдэплъэхы, зышIошIыжьы,
Инныбжьыкъуи къыдэшъожьы.

**Бзыу тэмап**

ДэхэзакI, IэпкIэ-лъапкI,
ЫIнэпцитIуи бзыу тэмап.
Ар къэшъонкIи зэкIэм ап,
Ау шIулъэгъур ащ имакI.

**АшIыгъэр кIешIыкIыжьы**

Кушъхьэфачъэр икIэрыкIэу,
ИкIэрыкIэу кIешIыкIыжьы.
Фэмыгъэхъуми, ебыркъыкIэу
Къэхъущт еIошъ, зегъэпшъыжьы.

**Мыхьэ-мышх**

Имылъэу агъэлъатэрэр
МыкIумыпш.
Мыдышъэу агъэлъапIэрэр
Мыхьэ-мышх.

**Сэжъо, сэпхъэ, сыгу сеIэжьы**

Сэжъо, сэпхъэ, хатэр сэпкIэ,
СшIэрэр зэкIэ хьаулый.
Лыжъи сшхырэп, шхъор къыспэпкIэ,
Сыгу сеIэжьы, сыцIыф лый.

**ЗыхамыIо-пэIошху**

Ащ ипаIо ежь нахь инми,
ЗыхамыIо-пэIошху.
Фащэигъэр имыIахьми,
СиIахь ыIоу бэIошху.

**Нэйпсый**

Игъо мыхъоу мыIэрысэр
Ичъыг закъо къыпечыжьы,
Мыджыр матэу зыкIэрысыр
Ежь зырызэу зыфепчъыжьы.

**Тыгъурыгъум тэ щишIэна сизытет?**

Гъуаплъэм хэшIыкIыгъэ тыгъурыгъур
Усэрэжъэу систол тет.
Сыдым ащ фишIэна сызхэт гугъур,
Сэри сшIэрэп сизытет.

**ШъхьэфэIуш**

Ыгу зэIугъэр ежь зэхехы,
ЗэмыIугъэр къыримыдз.
Зыфэмыем зышъхьэрехы,
Ау зыфаер ыжэ диз.

**Бзэгуишъ**

ГъэшIэгъонба, уикъэбар зышIэрэм
Икъэбар IункIыбзабэу егъэтыгъ,
Джа тикъанджэу джэмэ-джэзэ мыпшъэрэм
Ыбзэгуишъэ унэгъуабэ ыухъытыгъ.

**Ау етIанэ ар къыуатIэ**

Идышъацэ къызIуигъэщэзэ,
ИгущыIи къыпфигъэщзэ,
Ыгу имылъыр къыпфеIуатэ,
Ау етIанэ ар къыуатIэ.

**Сымэджаплъ**

СилIэныгъэ благъэ, благъэ
ЗыIоу щылъыр, а-ей, къани,
Сыдэу-адэу ар гукъанэ! –
Сымэджаплъэр, е-ой, лIагъэ.

**Къэузыгъ-узыжьыгъ**

Къэузыгъ-узыжьыгъэр
УемыупчIыми, къыпфеIуатэ.
А зы узэу зэсэжьыгъэр
КъыпфеIуатэ, къыбдэкIуатэ.

**Шъхьэгъэжъо-къашъу**

Осым фэдэу ышъхьац фыжьми,
Къэгъашъу.
Къэшъо-ешъом хэмытыжьми,
Шъхьэгъажъу.

**ДжэгуакIу, хьэдэгъакIу**

Ащ зы джэгуи, зы хьэдагъи
БлигъэкIрэп,
Тхьэ зэтагъи зэмытагъи
Агу хигъэкIрэп.

**ЛIыхъужъ жъуагъу**

Бэрэ а лIым сегупшысэ,
Пшысэ жъуагъоу ар зэхэлъ.
Ащ игъашIэ пшысэ, пшысэ,
Дышъэ жъуагъор ибгъэхэлъ.

**Шъоры еIо, шъор еIоты**

Шъоры, шъоры бэрэ шъоры
ЗыIо пстэури мэIоржъоры.
Шъор еулэбы, шъор еIоты,
ЫнэшхуитIуи ащ къекIоты.



**Тэхътэ шъабэр ащ ыпхэкI**

Ащ зыфаер къыдэхъугъэшъ,
Хъохъу зыфеIожьы.
Тэхътэ шъабэр ыпхэкI хъугъэшъ,
ГукIэ мэтхъэжьы.

**Тхьэмэтэ пшъагу**

Титхьамэтэ лъэпэлъагэр
Iофышlэ макlо.
Пэlо медэ пэlо дахэр
Зышъхьэрысыр пшъаго.

**Нэрлъэгъу шIулъэгъу**

Пшъэшъэ дахэр къакIоу слъэгъумэ,
Сыни сыгуи сIэпэкIы.
Къысэмыплъэу зблэкIы хъумэ,
ШIулъэгъу къопсыр зэпэчы.

**Бэщ гъугъэ шагъ**

ЗиIо-зышIэ зэтекIрэр
Амышхыгъэ зэтекIэпIыкI,
Ежь-ежьырэу зэтечрэр
Бэщ гъугъэ шэгъэ зэпыкI.

**КIэлэзикъэмыщ**

Ащ итеплъэкIэ кIэлэзикъэмыщ,
КъизгъэжъукIрэ купми ащымыщ.
Зэ кIэупчIи адэ, хэ къэзыщагъ,
Джыри ар шIулъэгъум рихьыжьагъ.

**Сыдэу ар лIы гушху**

Ащ нэчыхь зыфарегъэтхы,
Исабый-быни мэтхытхы.
Иджэгуи джэгушху,
Сыдэу ар лIы гушху.

## УпчIитIу

Джыбэм илъы ахъщэр
Ежь-ежьырэу маща?
Мэзым кIогъэ пхъащэр
Непэ типшэхъуаща?

## Шъугъуалэмэ сыд аIощт?

Ситхылъ къыдэкIыгъ, сэгушIо.
Шъугъуалэмэ сыд аIощт?
ГъучIэхъучанкIэ абзэгушъо,
ТырахъукIзэ, мэщ аIощт.

## Iэ къыпщефэ, нэпч урефы

Ащ зыфаер фапшIэмэ,
Iэ къыпщефэ.
Зыфэмыер дапшIэмэ,
Нэпч урефы.

## Мылъкупс

Ащ иджыбэ ахъщэр реко,
Имыфэжьми, рего, рего.
Зы чапычи къыIэкIэкIрэп,
Зы тхьамыкIи фэгумэкIрэп.

## Зэпэгъэчъэ-зэгъапш

ЧапычитIур зэпегъачъэ,
Къытечъыгъэр егъэтIылъы.
АбэситIури зэрегъапшэ,
Анахь иныр егъэбылъы.

## Гугъэ-гухэлъынчъ

Сэтхэ, сэтхэ ыIомэ-ыIозэ,
ИгущыIэ зэпегъащэ.
Ащ игухэлъынчъэ, кIомэ-кIозэ,
Шыгъо чъэрыр егъэлъащэ.

## ГъэгущыIэ-амыгъашх

Зыфэмыдэм зырегъапшэ,
Икъэлапчъэ дафэрэп.
ГъэгущыIэ, умыгъашхэ,
Зыпэс Iанэм пафэрэп.

## СишIушIагъэ сеуджэгъужьы

Щхэны-гъэны, щхэны-гъэны,
СишIушIуагъэ сигубгъэны:
Сызфэтагъэр пый сфэхъужьы,
Ащ фэсшIагъэм сеуджэгъужьы.

## Сыгу фэгъу

ЧIыгу хъураеу, ондырыхъоу
Ом дунаир щэчэрэгъу.
СырицIыфышъ, игъорыгъоу
Зигъогу тетым сыгуи фэгъу.

## Ащ слъэмафэ терэIукI

Тызтет дунаеу дунэежъ хьафыр
Цыф щызэрэшх-щызэрэукI.
Джа закъор арышъ сызишIыхьафыр,
Ащ слъэмафи сфытерэIукI.

## ПсэкIи гукIи сафэсты

Адрэ цыф пстэумэ сэри сафэдэу
Сидунэе гъашIэ кIыхьэ, кIэкIы.
Ахэмэ псэкIи гукIи сафэстэу,
СшIэрэп зыкIэхъурэр, бэрэ къыхэкIы.

## Гуао

Шъэфырытхъом илъэбгъу дзыгъэ,
МыцIыф дэгъум ихьилыгъэ
Зэ зэгорэм къягоожьы,
МэшIо лыгъэу къафэкIожьы.



15 Заказ 042

**КъыуеIокIы-къыуегъаIо**

Шъхьаихыгъэу мыр къысфашIэр
Ащ егъашIи къымыIощт.
КъыуиIокIэ шIушIэ фашIэр
КъыпфэсшIэнба уигъэIощт.

**Укъеугъоны, къыуехъоны**

Ащ Iупэ шъабэкIэ, Iушъэбэ макъэкIэ
Убгъи, угуи, уиджыби къеугъоны.
Ау етIанэ ащ уизэмышIэгъу закъокIэ
КъыбдишIагъэр зэкIэ къыуехъоны.

**«ШъыпкъаIу»**

Ащ шъыпкъаIоу зелъытэжьы,
НэкIэ уелIы, къыптебанэ.
ИгущыIэшъ – панэ, панэ,
Къыпхэпыджэ, упелъэжьы.

**Пшъэшъэ гохь, лъэпэлъаг**

Уеплъымэ, пшъэшъэ гохь, Iасэ, дахэ,
Нэри гури ащ пIэпихэу лъэпэлъагэ.
Шъхьащытхъужьэп, зигъэнэшIурэп,
Ау хьаку машIор кIигъэнэшъурэп.

**Ыгу къысэбгъэ**

Сычъыг бырабэу сыкъэкIы,
Сижьау чъыги ыгу къысфыхэкIы:
СыкъэбгъэкIрэп еIо, къысатIэ,
Ишъугъо дыджыпси мэпшIатэ.

**Пщэгъо-щынагъу**

Сызытет нэпкъыр пытэми,
Лъагэ, щынагъо.
Сычыжьэрыплъэ фэдэми,
Спэблагъэр пщагъо.

**Гъэрэзэгъуай**

Тхьауегъэпсэур зымышIэ-зимыIэм
А гущыIэр ныбжьи къыуимыIощт,
Къысэт-къысфашIэр зигугъэ-щыIэм
Сыд фэпшIагъэкIи, гурымыIощт.

**?..**

Адыгэ лъэпкъым иадыгабзэ
ЗыIулъ пстэури, джа тIэкIури адыга?..
Ащыгъум ахэм ялIыкIо хасэ
Хэтхэм фэсапщыр абзэкIэ аха?..

**ОркIэп, ежьхэмкIэ емыкIу**

УишIушIагъэмэ уакIэупчIэжьыныр,
Гъунэ лъыпфыныр емыкIу.
ЗыфэпшIагъэмэ уащыгъупшэжьыныр
ОркIэп, ежьхэмкIэ емыкIу.

**Ухьаулый, уцIыф лый**

Джы нэс сыкъызэхэмышIыкIыгъэмэ,
КъыпфэсшIагъэр хьаулый.
Силэжьыгъаеэ къыпхэмыкIыгъэмэ,
Ухьаулый, уцIыф лый.

**ДэхэIолэ-лIыкIошху**

ЗыхамыIорэ-пэIошху,
Тыди ипаIо къыщэлъагъо.
ДэхэIолэ лъэIокIошху,
Зытеты лъагъор цIэнлъагъо.

**ШъхьэцIыкIу-мэкъэшху**

Уеплъымэ, шъхьэцIыкIу-мэкъэшху,
Къаджэмэ, птхьакIумэ Iуеуты.
А лIы цIыкIур боу лIы гушху,
Ежь нахь инри жэкIэ реуты.

**ТешъорыкIо-теурыкIу**

ТешъорыкIо-теурыкIор
КIэкIорыкIы, къызэплъэкIрэп,
Зытес шыгъоу шыгъо мыкIор
Мачъэ, мачъэ, ичъэ хэкIрэп.

**Ащ зыгорэ ынэ кIэлъ**

Ар зыгорэм къырефэкIы,
Ащ зыгорэ ынэ кIэлъ.
Сэр елъэкIы, шъхьэр рефэкIы,
Фэмыгъотрэр ылъы хэлъ.

**ЗеупIэIужьы, зешхыхьажьы**

Зигъэатакъэу ар мыIожьышъумэ,
ШIошъи мыхъоу зыдэхьащхыжьы.
ЗыкIэлъежьагъэм кIэмыхьажьышъумэ,
Ащ зеупIэIужьы, зешхыхьажьы.

**КIэфэфыкIы, кIэбыукIы**

Жьыбгъэр къепщэ, пщэр зэрефэ,
КIэфэфыкIы, кIэбыукIы.
Шъхьэр зэщефы, зэтырефы,
Щэмэджынчъэу мэкъу пеупкIы.

**Ежь зэрегъапшэ**

Ар тэ джы нэси къыдгурыIуагъэп,
Iэуж осэты зыми риIуагъэп.
Ащ псэлъыхъуабэр къызэпегъачъэ,
Къатечъыщт закъор ежь зэрегъапшэ.

**Ар сыдигъуи гъотыгъуай**

Къыпфаемэ, урищыкIагъэмэ,
Къыбдиуджыхьзэ уай-уай.
УгуIэмэ, къыпщыкIагъэмэ,
Ар сыдигъуи гъотыгъуай.



**ИмашIо шIукIэ сыкъесты**

Ихьаку машIуи кIыкIыкIэу мэсты,
Тхьацур епшэ, хьалыгъу егъажъэ.
Джа шъузы Iэшiур щыщышъ сигъашIэ,
ИшIулъэгъу машIо шIукIэ сыкъесты.

**СфэкIужьрэп, сфекужьрэп**

Сигъогу хьылъэ сызтетыр бэшIагъэ,
КъысэхьылъэкIы, сфэкIужьрэп.
Аущтэу къиныщтмэ хэта зышIагъэр,
Сыпшъыгъ зэсIонкIи сфекужьрэп.

**IэутIэ-мыутI**

Ар пшъэшъэ гохь, пшъэшъэ дах,
ПкъыкIи ихыгъ, лъэпэлъаг.
Ащ иIэутIэ-мыутIэ
Жэ тIэтагъэу угу къеутIэ.

**Ыжэ зэкIещы, чэмыбгъэр къещы**

Гъунджэм иплъэмэ, мащтэ, IокIоты,
Чъыер къызекIукIэ, ыжэ зэкIещы.
ИпкIыхьэ хэтзэ чэмыбгъэр къещы,
КъызыущыжькIэ ынэ еIоты.

**ШъхьэгъэшIожь**

Ежь ышъхьэ закъу ныIэп, ныIэп
Ащ шIу ылъэгъурэр.
Сыд епшIэщт – щыIэп ар, щыIэп! –
Хэта зыдэхъурэр?

**ЩымыIэ шIыхьаф**

ЩымыIэ шIыхьафым
Сахьыгъэм фэд,
Мы дунэе хьафым
Сыд къыщысфэт?

**Ар сэркIэ пшэсэн**

Дунаир хэткIи, оркIи пшысэмэ,
Ар сыдигъуи сэркIэ пшэсэн.
Аущтэу сымыIоу сегупшысэмэ,
Сыпфэшэсын, тхьацуи фэспшэн.

**Нарт щэрэхъ**

Нарт шъаор, умышIыкIай,
Ошъогуми удэмыпкIай.
Тиджэгуи сыдэу джэгушху,
Нарт щэрэхъри гургушху.

**Жъыгъошlу щыIа?**

Жъыгъошlу щыIэп зыкIаIуагъэр,
Сэрщтын, сэрщтын зыфаIуагъэр:
Жъы сызэхъум, сэ ар зэхэсшIагъ,
Шыкур, илъэсыби къэзгъэшIагъ.

**Бэшрэбыр ыныб**

Ащ аркъ бэшрэбыр рекIыхы,
Iанашъхьэм щэхьаджэ.
Ришъугъэм ылъакъо кIехы,
ИIахэп игъуаджэ.

**ГуцэфэшIыл**

Ежь ицыхьэ зытемылъыжьым
Сыдэущтэу цыхьэ фэпшIын?
ГуцэфэшIылэу зынэ плъыжьым
УигъашIэ ущигъэпшъын.

**Пылы, пылы**

Сыд фэдэ унэм фырахьагъэми,
Ежь пае хехы, егъэбылъы.
Ащ Iулъхьишъэ зыIуилъхьагъэми,
ЗигъэшхэкIрэп – пылы, пылы!



**Хахъорэп, хэкIрэп**

Ахъщэ иIэми имыIэми,
Ар ыжэ дэкIрэп.
Ащ, гуIэми мыгуIэми,
Хахъорэп, хэкIрэп.

**IонтIагъ**

Гъунджэ IонтIагъэм иплъыхьэрэм
IонтIагъэу зырелъэгъожьы.
ИгъашIэ IонтIагъэу къэзыхьрэм
СызанкI ежь зэреIожьы.

**Уишъхьэуз ащ иузэп**

Ащ къеузрэм фэдэ уз
Хэта зиIэр? Зыми иIэп.
Иузышъор ишъхьэуз,
Уишъхьэузи ащ иузэп.

**Пхъэгулъ**

Тинепэрэ лъэхъан къыхэхъухьагъ,
Ятэжъ изэманыгъэр ыгу илъ.
БлэкIыгъэ пстэури ынэпс хэгъухьагъ,
Тианахь дэгъури ащ ипхъэгулъ.

**ГъучIыр жэкIэ пфызэпешIэ**

Уикъэбар ащ ешIэ, ешIэ,
Икъэбари, ежьри пшIэрэп.
ГъучIыр жэкIэ ащ зэпешIэ,
ЫIи, ыжи, ыни пшъырэп.

**ШъыпкъэмрэпцIымрэ**

УеIункIызэ шъыпкъэр ипкIыгъэми,
КъыпшIотэджыжьы.
Псы кIапкIэзэ, пцIыр къэбгъэкIыгъэми,
Ар пцIэу къычIэкIыжьы.

**Улъемыжь, зыдэмышI**

Лъэпэрапэу мачъэ, мачъэ,
ЗыдэчъэщтIри ымышI.
Джыри мачъэ, мачъэ-мапчъэ,
Улъемыжь, зыдэмышI.

**ЧъыIэлIапх**

Гъэмафэм гъончэдж-къэптан дытагъэри,
Бжыхьэм мэлышъо джэдыгу бгъотагъэри,
Хъурышъо пэIо хъокIыгъэри щыгъ:
Сыдэуи адэ мы лIым тезэщыгъ!

**Техьэ-текI**

КъехъулIэгъэ-къыщышIыгъэр
УмышIэу зэм къыоцакъэ,
Зэм емызэщыжьы пшъыгъэр
ЫмышIэу ар къыпфэсакъы.

**ДжэгуакIу**

«Iэгур! Iэгур!» ащ ыIозэ, ом мазэр къырарегъащэ,
Ар нысэщэ джэгум хегъаплъэ.
Жъогъо зэшиблэу лъэгабзэр Iупэ сырынэм регъапщэ,
КIэлэгъур шIулъэгъум фегъаблэ.

**ПцIыус**

Ыбзэгу хъупцIызэ,
ПцIы еусы.
КъыпIущхыпцIэзэ,
Уеумысы.

**Хьэжэжъ**

Ащ къыIукIэгъэ хьэжэжъэу Iутыр
Уинасыпмэ, къыуитIупщынэп.
Ихьэ хьакъу макъи ащ уреуты,
УщылъыкIи, къыоплъыжьынэп.



**ПхъашIэмрэ усакIомрэ**

ПхъэшIэ пхъэпсыр пхъэмбгъум рэчъэ,
ПхъэIушкIафэр пIуакIэу къыдэлъэты.
Сэ сикъэлэми тхылъыпIэм ешэ,
УсэшIу сфэтхыщта?.. Сыгу къыпэлъэты.

**Гъакъ**

МыжъокIэ кIашъом
Дэуае,
ЛъэойкIэ уашъом
ДэкIуае.

**ЛъэкъуитIу шъэфрытхъу**

Жьы къымыщэу, зимыгъэсысэу
ШэкIуахьэ кIуашъэу къыпфэсакъы,
ЕтIанэ къэтхъошъ, ул ыгъэузэу
ЛъэкIэпIэ хэчэу ар къыоцакъэ.

**Шъхьэгъажъу**

Ар боуи цIыф шъхьэгъажъу,
Псым хэтми ащ псы къынэсрэп.
КъэмыкIыгъэр игъажъу,
Ежь нэмыкI тыгъэ фепсрэп.

**ИшхакIэ ом зэхехы**

КIэлэ бжьышIо IэпкIэ-лъапкIэм
КIэнкIэ закъом цы къыхехы.
Къызхихыгъэр зыIуелъакIэ,
Ащ ишхакIэ ом зэхехы.

**Хъэцыкур, дунаир, сэры**

Хъэцыкур къечэрэгъокIы,
Дунайми зызэрехъокIы.
ТIуми сыкъырафэкIы,
ТIуми сшъхьэ зэрафэкIы.

**Корэшъу**

ЩыIэныгъэр, щыIэныгъэр,
Уикорэшъуи къэщыныгъэр.
Ар сыдигъуа къызыющтыр,
Икъамыщкlэ къызсэощтыр?

**ТIумкIи сыдэгу**

Тара – щытхъукIаера
Хьауми убыкIаера –
ТIум язэу къахэпхрэр,
Гугъэшloу зэхэпхрэр?

**Къоджэхь-къоджэшх**

Хырыхыхьэр къоджэхь-къоджэшх,
Къэмыхьыгъэр уимый.
Уимылыер лэгъэ-джэмышх,
Уагъэшхыгъэр мэз мый.

**Гугъэнчъ**

Синатрыфи сифыгуи гугъэп,
Сэ гугъэм сегъапэ.
Сэгугъэ, сэгугъэ, сэгугъэ,
Хэта сигугъапIэр?

**Къурэ гъугъ**

Жъыгъор, жъыгъор, жъыгъор,
Жъышъхьэ жъыгъо мыгъор,
Сыд осIона, къурэ гъугъ,
КIэгъэстэни сыпфэхъугъ.

**Добэдашх**

ИщыкIагъэмэ,
Iэ къыпщефэ.
КъыпщыкIагъэмэ,
Нэпч урефы.

**Мымышъэ, мытыгъужъ, мыхьашху**

Зигъэlуш, зигъэин, зигъэшъхьашхозэ,
ЫмышIагъэр ынапшIэ тырелъхьэ.
Мымышъэ, мытыгъужъ, мыхьашхозэ,
Чэмыжъышъхьэр ыныбачIэ релъхьэ.

**Симые сыфэмый**

«Сихэгъэгу!» cIощт нахь,
«Мы хэгъэгур» cIощтэп.
Сщиз чIыгур сиIахь,
Имыхьакъ сфэIощтэп.

**Чау-чау**

КъаIу-аIожьи ащ нахь чау-чау
Слъэгъугъэп. Ар къыпщыхьащтэп.
ПхъэкIычау, пхъэкIычау, пхъэкIычау
ЫIи ыжи зэтрилъхьащтэп.

**Щыдымрэ чъыгымрэ**

Щыдым ихьылъэ имыкъу хъумэ,
ИчIыпIэ икIрэп.
Ишъхьэзэкъуагъэ чъыгаем къегъумэ,
ПкъыкIэ зэпыкIрэп.

**Мапэ, мэгугъэ**

ИмыIофыбэ къызэхьылъэкIрэр
Игъо-имыгъом егъапэ,
КъыкIугъэ гъогум фызэмыплъэкIрэр
Ишыгъо чъэркIэ гугъапIэ.

**Мафэ сфэрэхъу**

Уахътэм ищэрэхъ,
Мачъэ – сыдэрэхъу.
СипаIуи сщэрэгъ,
Ар мафэ сфэрэхъу.

### Лъэгъо бгъуз

Къушъхьэ лъагъор занкӀэп,
ӀонтӀэ-щэнтӀэ бгъуз.
Ар цӀэнлъэгъо закӀэп,
Сытет, сыригъус.

### Ӏуш-губжыпх

Тыгъэ къыкъокӀыгъом
ДэӀушы,
Мэзэ зэблэкӀыгъом
Дэгубжы.

### Ощх чэфыл

Гъэтхэпэ ощхыр щхызэ,
Мэщым тещхэ.
ЛъэпэпцӀыеу зырищзэ,
Мэщри мэщхы.

### Ӏэзэгъунчъ

Жьыбгъэр къепщэ,
Пщэр зэрефэ.
СиуӀагъи сепщэ,
Сызэрефэ.

### ЛъэӀорые дай-дай

Ар нэщэ-Ӏущэ ӀупшӀэ Ӏущ,
ЛъэӀорые дай-дай.
СищыкӀагъэп, къэмыгъэущ,
ГъучӀ Ӏадэр идэдай.

### Унагъом нэпсыр егъэщы

Ащ икӀасэр шъуатэ, шъуатэ,
ЗешъокӀэ – мэӀодэжьуадэ.
Ежь мэтхъэжьы, мэтхъэжьы,
Унагъом нэпсыр егъэщы.



### Дунэе хьафым сыщымыхьаф

Дунэе нэфыр тхъагъоми, тхъагъоми,
Ар хэткӀи сэркӀи дунэе хьаф.
Сыцӏыф мыинэу ащ сыщэлъагъоми,
Сыщызэпащэу сыщымыхьаф.

### ЦӀыф мыгъу

УӀукӀэмэ къэгъэзэжь
ЗыфаӀорэм ар фэд.
Уиунапчъи игъэсэжь,
ИгъогупкӀи ащ фэт.

### Гур зэпекӀы, узэщечы

Жэм дэмыфэу а зыр къеӀо,
КъеӀо, къеӀо, гур зэпекӀы.
ФэмыукӀочӀрэм жэкӀэ текӀо,
Ищхы макъэ узэщечы.

### Тэгъу умышӀ

НэшӀо-гушӀоу ептрэр пӀехы,
Ежь зыгори къыпфимышӀ.
КъысфашӀ пӀомэ – ыпсэ хехы,
Узэхихрэп, тэгъу умышӀ.

### КъысӀуетхъыжьы, сегъэгъыжьы

ЩыӀэныгъэр тхъагъо,
Сигъэтхъыгъэр къысӀуетхъыжьы.
Сыздэджэгурэр лъагъо,
Слъэ кӀеуты, сегъэгъыжьы.

### Усэ шыгъу

СшӀэрэп, сшӀэрэп ар зэрэхъурэр
Псэлъэ мыхъум сегупшысэ,
Сешэсыгъэу сэ згъэлъэхъурэр
Усэ шыгъоу сэркӀэ пшысэ.

**Тызэпщэжьы, зэтэщыIэ**

НахьыжъитIумэ сэ сырящэу
ТэгущыIэ, тэгущыIэ,
Лъэпкъ корэшъумэ тызэдяпщэу
Тызэпщэжьми, зэтэщыIэ.

**МыкIумыпшыр иIурыш**

Зегъэделэ, зегъэIушы:
Тэбэрыжъэр мыкIумыпшы
ЕIо шъхьакIэ, еIо шъхьакIэ,
Ар Iурышхэу зыIуелъакIэ.

**Сыоплъы, сэогъатхъэ**

КIэнкIэ кургъум икъэбзагъэ
Уесэгъапшэ, сэогъатхъэ.
УнитIу нагъо, унитIу нагъо
Идэхагъэ сыгу хегъахъо.

**ШIушIэныр нэшIошIыгъэп**

ШIушIэ сэшIэ, сэшIэ пIозэ,
УшIушIэныр шIушIэ хъурэп.
УинэшIошIыгъэ къыптекIозэ,
Сэдакъэ зэптрэм угу фэгъурэп.

**ЗышIоинэу зеушIоижьы**

СытхакIу еIошъ, зышIоинэу
Къэлэмыпэр пехъокIыкIы.
УзешIокIрэм уиушIоинэу
Уауж къехьэ, зэщэкIыкIы.

**Цыхьэнчъ, гуцэфэшIыл**

Зицыхьэ зыкIи зытемылъыжьым
Сыдэущтэу цыхьэ къызфебгъэшIын?
Зыбгъэ шIулъэгъур зыдэмылъыжьым
УищыIэныгъэ ущигъэпшъын!



**ЗэмышIэгъуай**

«Унэгъо фалIэ унэгъо мышI»
ЯзыгъэIуагъэм сыдэу ар фэд.
Зыфэе дэдэр ежьми ымышI,
ЗэмышIэгъуаер ыпэ къыфэт.

**Щхыу ныкъуапцI**

КъыпIощхыпцIэ, къыпIогушIо,
НэшIо-гушIоу укъегъапцIэ.
КIэхъупцIыкIы ыIэгушъо,
Чэм имыIэу щхыу пфегъапцIэ.

**Iэчъэ-лъачъ**

МэгуIэ-мачъэ, мэIэчъэ-лъачъэ,
Зыфечъэжьагъэм ыгуи етыгъ.
ЗыкIэмыхьащтмэ ащ зарегъапшэ,
Идунай тыгъи ежь имытыгъ.

**Зыфаер уегъашIэ**

ЕпIорэм къедэIурэп,
Ежь зыфаер къеIо.
КъыIорэр къыокIурэп,
Инэмыплъ къыптекIо.

**Уегъэшэхъу, уегъэплъэхъу**

Уздигъаплъэрэм сэкIо еIомэ,
Уегъэшэхъу, уегъэплъэхъу.
Ори а лъэныкъом умыкIомэ,
ОкIо еIошъ, пшIошъ егъэхъу.

**Дунаир тхъагъо**

Къин щыолъэгъуми,
Дунаир тхъагъо.
Шхъор къыщыплъэхъуми,
ФэхъукIэ обагъо.

**Дышъэ къэлэмым земыгъэдел**

Дышъэ къэлэмыр уиджыбэ илъкӀэ,
Утхэн фалӀэкӀэ, тхакӀо ухъущтэп.
Мэрчэп пхъэчаим гукӀэ уфилъкӀэ,
ЗэогъатхъэкӀэ, зи къыбдэхъущтэп.

**Къэб гъэжъуагъ**

Узэдатхъэ-узэдалӀэкӀэ,
Сыд ишӀуагъ?
ШӀулъэгъулъыр зыуталъэкӀэ,
Къэб гъэжъуагъ.

**Мэщ пкӀэнчъ**

«Сыда къыпфихьыгъэр уитыгъуасэ?» –
Ӏаджи къысэупчӀы, къысэхъуапсэ.
«Зызгъэзэщрэп, сэтхэ... – ясэӀожьы, –
Мэщы пкӀэнчъэр хьамэм щэсэӀожьы».

**Джэхьнэмыр, джэнэтыр**

Мы дунаир сыуджэгъугъэ,
Ар джэхьнэмы сэркӀэ хъугъэ.
Ахърэт джэнэтри дахэ,
Ащ илъэмыджи махэ.

**Шъугъуал**

Ежь къыдэхъурэм щиз хегъахъо,
О къыбдэхъурэм ынэ рекӀы.
УзешӀокӀрэм ер пфегъашхъо,
Ишхъо пани къыпфыречы.

**Машхэ, мэчъые**

Машхэ, мэчъые, къэущыжьмэ,
ИпкӀыхьапӀи ащ къышӀэжьрэп.
Ау ар Ӏанэм ептӀупщыжьмэ,
ӀэкӀи жэкӀи ащ зишӀэжьрэп.



**Фэбэ-чъыӀ**

Джэдыгу фабэ зыщыгъыр
ЧъыӀэ лӀэрэп,
Къэптан пӀуакӀэм езэщыгъэр
ГукӀэ плъэрэп.

**Тарихъ мыгъом секӀэсыжьы**

ШыкӀэпщынэр ащ сфегъэгъы,
Сэри сэгъы, сегъэпхъэпхъы:
Тарихъ мыгъом секӀэсыжьы,
Сыгу итыркъуи къэузыжьы.

**ЛъыкӀуат, умыпшъ**

УиӀофы уегупсэфылӀэу
Ӏэпэдэлэл умышӀ.
ШӀушӀэ гугъапӀэр угу филъэу
Дэлажь, лъыкӀуат, умыпшъ.

**ХьакӀэпытхъ**

«Къаштэ, къысфахь!» еӀо нахь,
ХьакӀэпытхъым «махь!» ыӀорэп.
ПӀехы, птырехы имыӀахь,
ЗимыӀэм ыдэжь ар кӀорэп.

**Нэфэ-шъэф**

ЗэрэнэпцӀыр пшӀэмэ-пшӀэзэ,
ИгъэпцӀалъэ пшъхьэ зэщефы.
Ишъэныкъо шъэмэ-шъэзэ,
ОркӀэ нафэр ежькӀэ шъэфы.

**СшӀэрэп, сшӀэрэп**

Сыда моущтэу сызкӀыщытыр?
Сышъхьагъэщэп, ащ сигъэпшърэп.
Сымыуцумэ, сызӀукӀэщтыр
КъиуцукӀа?.. СшӀэрэп, сшӀэрэп...

**ПэкIэгъэщ**

ЛIы гоузым зигъэзэщрэп,
ПакIэр егъэщы, жакIэм хэжьыхьэ.
Ышъхьэ джашъуи ыжьрэп, ыжьрэп,
Жэр зэкIещы, пчыхьэр кIыхьэ.

**Ыгу жьы дэкIы, зегъэгъыкIы**

Джэхэшъогум ар щэпхъанкIэ,
Симыхьакъи къыстрепхъанкIэ.
Ащ сэ мыхъэр спегъэхъыкIы,
Ежьми гукIэ зегъэгъыкIы.

**ИкIэпсэнчъэ зырепхыжьы**

Нэкъокъолэ Iэл-шъугъуалэу,
Зиалаши мыпкIэгъуалэу
Улэугъэм ежь зешхыжьы,
ИкIэпсэнчъи зырепхыжьы.

**Зэфэмыдэ-зэфэдитIу**

Зыр шъэбэ-макIэу мэгущыIэ,
Ар зэкIэми зэхахы.
Адрэм зырегъанэ, зещыIэ,
ГущыIэнкIи мэшъхьахы.

**Узэхехы-узэблехы**

Ежь зыфаер емыIомэ,
ЕмыIуагъэр зэхехы.
ЗыфиIуагъэм умыкIомэ,
Къэбариблэу зэблехы.

**Щыдыр маIо**

Щэджэгъуапэм – игъо хъумэ! –
Щыдыр маIо:
Шъуушх къытеIо, тыкъеухъумэ,
Уахътэр макIо.



**ЧIыгур тхьацоп**

Ар къат-къатэу зэтекIоты,
ИIужъуагъи къэшIэгъуай.
Нэр мэхъупцIы, нэр сэIоты,
ЧIыгур тхьацоп, ар пшэгъуай.

**Сыд есIон**

Мэзэ зэблэкIыгъом
ИцIэцIэгъушъ, нэкIушъхьаплъ…
Ау джы нэс сщэчыгъэм
Сыд есIон, сыришъхьал.

**Гъундж**

ЦIыфым ыгу илъыр
Ынэгу къещы,
Сэ сыбгъэ дэлъыр
Сшъо къыхэщы.

**Сиджэмакъэмэ япхъэIун**

Бзэмэ, динмэ ямылъытыгъэу
Дунаир цIыф пстэумэ зэдыряун.
КъышъуасIорэп пыгъэлъэтыгъэу,
Ау сиджэмакъэмэ ар япхъэIун.

**Иемрэ уемрэ**

Ежь иер къыуетмэ,
ЫIэ мэсысы.
О уер еотмэ,
Ыцэ къыIопсы.

**ПхъэкIычым сео, сыкъэшъо**

СиIэнатIэ хэшIыкI сэ фысиIэ-фысимыIэмэ,
ШъумыгъэшIагъо.
ПхъэкIыч сеомэ, сыкъашъомэ, сыжъудэгущыIэмэ,
ШъоркIэ ар тхъагъо.

**Бэгушъо**

ЫцIэ къыраIомэ,
МэгушIо.
КъырамыIомэ,
Бэгушъо.

**Сапэ къифагъэп, къифэнэу сшIагъэп**

УигъэшIэ кIыхьэ, МэщбэшIэ Исхьакъ,
Ащ фэдэ цIыф шъуаджэ, сыдыр уихьакъ,
Уапэ къифагъэп,
Къифэнэу пшIагъэп.

**МашIомрэ псымрэ**

Джэныкъо машIом
Псыр егъэстыры,
Псы стыр ныкъуажъом
МашIор едыры.

**НапшIэр дещае, зегъэгощае**

Джэнчыдз нэшIошIым напшIэр дещае,
Емызэщыжьэу зегъэгощае:
ПцIы хъущэ кухьэ къысфызэхелъхьэ,
Ащ сиIэбжыми фызэкIэсэлъхьэ.

**Мэчачэ, мэщачэ**

Къандж чэчэ пцIыусыр
Чъыг шъхьапэм щэчачэ,
ЛIы дышъэцэ Iупсыр
Бэдзэрым щэщачэ.

**ЕкIи шIукIи укъысхэт**

УнэхаекIэ сыд ишIуагъ,
СызыпIоплъэм угушIуагъ.
ШIу сыплъэгъузэ уисурэт
ЕкIи шIукIи къысхэрэт.



**Ахъщапс**

Ахъщэ зилъэгъурэм
Iэр мэхъублаблэ,
Ар къыздэмыхъурэм
МэIэбэлъабэ.

**Сиджэпсалъ**

Мы къэIо-Iожьым,
Адыгэхэр, зэ тыхэжъугъэкIыжь,
Бзэгу зэфэхьыжьым
Ылъапсэ кIыхьэ, етэжъугъэчыжь.

**Тигъэпшъыгъ**

Типщ дэхэшхо жьыгъэбыум
ШыкIэпщынэ фядгъэшIыгъ:
ИцIыргъ-щыргъ зэпымыум
Тиудэгузэ, тигъэпшъыгъ.

**ЗегъэпцIэжьы**

Щхыухэдзэнчъэу
ЗегъэпцIэжьы,
МыкIо-мычъэу
Зытечъыжьы.

**Укъэгужъоми, сыгушIон**

Садэжьы непэ, непэ уикъэкIон,
Ау укъакIозэ укъэгужъон.
Укъэгужъуагъэми, сыд къыосIон,
Укъызэрэсэу сыбгъэгушIон.

**ПцIыус**

Унэ къыкIаплъэ,
ПцIыр пфегъэшъхьалъэ.
ИпцIылъэ щалъэ
Урегъэтхьалэ.

## Джары

Адэ джары, джары «Умыуцумэ,
КъиуцукI уIукIэн» зыкIаIорэр.
Уицукужъи къудый уцумэ, уцумэ,
Цумпащэп непэ уздакIорэр.

## Ори Iаджри сыбгъэпцIагъ

Сидунаеу дунай хьаф, дунай нэф,
Уифыжьыгъэ силыцIагъ.
УныкъуапцIэу, ом ипщэф, сыгу ипщэф,
Ори Iаджри сыбгъэпцIагъ.

## КъыпцIэ мыхъур сагъэшхы

Сыдэу, шъо купыр, шъуслъэгъу сэ мыхъура!
Шъорба сигъашIэ пэкIэ сэзгъэшрэр?
Модэ мо чъыгым пыт къыпцIэ мыхъура
Щытхъупс пыжъугъэчъзэ, сэжъугъэшхрэр?

## Хьашъо-мэлышъу

Ащ итеплъэ – узиджагъу! –
Хьашъо-мэлышъу.
СэмэгуIэр ащ иджабгъу,
ШхъонтIэ-мылышъу.

## Сыгу имэкъам

СшIэрэп зэрэхъурэр – ежь къежьэ,
Сиусэ жьыбгъэ къысфепщэ.
«Тхэ, тхэ!» – къысеIо, къысеIо,
Сыгу имэкъамэ къыстекIо.

## Гъупчъэ-уат

Къэбар къэмыIуат,
Сыгъупчъэ-уат!
Лъагэу сеIэты,
КIуачIи къысеты.



## Зымыгъэстхъэжь

Сэ схамышIыкIэу сишIугъу,
КIашъом сытесэу зысэгъэтхъэжьы.
Ар пIоу укъысэмышъугъу,
ПшъокIэ, тхьамыкIэжъ, зыогъэстхъэжьы.

## ШIоп сыгу къысеIо

Мэфэ шъабэм жьыр щыкIэпщы,
Щэмэджынчъэу мэкъуи сео.
Сиогу нахэ пщэр къыкIэщы,
ШIоп ар сыгуи сэ къысеIо.

## Шъуз дахэмрэ шъузышIумрэ

Шъуз дахэр тхьамэфэ шъуз,
КъыкIэлъыкIощтыр уишъхьэгъэуз.
ШъузышIур ныбжьырэ гъус.
Уидэй-уидэгъуи ар ишъхьэгъус.

## Аужрэ акъыл

Сызыщебэджыщт чIыпIэр сшIэщтыгъэмэ,
Орзэ шъабэр ащ тестэкъонызгъи…
Шъуз дэгъу сфэхъущтыр сшIэщтыгъэмэ,
Зэпшъэшъэгъум сепсэлъыхъонызгъи…

## Жъы лъэхъур слъэ тель

Схэчъыгъэ кIэлэгъур,
Тыдэ мыгъом укъисхыжьын?..
Слъапшъэ тель жъы лъэхъур
Сихьадэгъу стырихыжьын.

## Тыгъурыгъу

Гъуаплъэм хэшIыкIыгъэ тыгъурыгъур
Систол къуапэ дыигъэу тет.
Ащ сыдым фишIэна сызхэт гугъур,
Сэри сшIэрэп непэ сизытет.

### Ынэшlу къысщифэщта?

ЕтIупщыгъэр имафэу унэ сэшIы.
ИчIэхьажьыным игъо сыфифэщта?
Ар къызысыщт мафэр дэгъоуи сэшIэ,
ЗыIэ силъым ынэшIу къысщифэщта?

### Имылъэу умылъат

Убгъэнчъэу убгъэ къибгъэпшмэ,
Ушэсыгъуай.
Ушынчъэу гукIэ зыбгъэшмэ,
Шым уесэгъуай.

### Тыгугъэнчъ

Тэтхъэ тэIо,
Шъонтырыпым тэ тытео.
Тэчъэ, тэкIо,
Тыгугъэнчъэу пщынэм тео.

### Iэтишъэ-мэтишъ

Зэрымытым Iэтишъэ
РешIыкIы,
Зы Iутэным мэтишъэ
ХешъыкIы.

### Мыпщэу зегъэпщы

Къамыщыр егъэщы,
Ащ зигъэзэщрэп.
Мыпщыгъэу зегъэпщы,
Щэми епщэжьрэп.

### Федэ-мыфед

Ар федэкIэ къыпщэгугъумэ,
УицокъэкIад.
Умыфедэнчъэу къыщэхъумэ,
МыпкIа-мыпкIат.

### Джэгъогъу дел

Мэзэ зэблэкIыгъом,
Тыгъэм иплъырыгъом
Сиджэгъогъу зэкIокIы,
Ышъхьажъи зэгочы.

### Къэлэмыпэр махэ

Ащ идунай гъатхэ:
Матхэ, матхэ, матхэ.
Ытхрэр зэкIэ дахэ,
Ау икъэлэм махэ.

### ЩытхъуфалI

Къэлэмыр къещэфы,
Мытхэмэ, зэпекIы.
Шъугъоным зэщефы,
ЩытхъулIэм зэщечы.

### Шъхьэгъажъу

О-хьэ-хьайри джэгушху,
Тиутыгуи гургушху.
Тэуджы, тыкъашъо,
Тиджыби джашъо.

### Лъэпэуз

ЕтIупщыгъэр зимаф,
Титхьамати лIымаф:
Тещэ, тэчъэ, тещэ,
Лъэпэузми тепщэ.

### МэшIончъ

Чыиф онджэкъым
Унашъхьэм зытырепIэтыкIы,
МэшIончъэ джэныкъом
Лъхъончыпэ чъыIэр пестыкIы.

**Жьыбгъэмрэ жъыгъомрэ**

Зэгорэм сикIэсагъ сэ жьыбгъэр,
Ащ бгъэкIэ сэ бэрэ сыпэIутыгъ…
Джы щхызэ къысхапщи жъыгъор,
ЗымыгъэлI ыIозэ, сыриутыгъ.

**Мыжъори мажъо**

Джэныкъо машIор,
ТэпшэскIэ къашъо.
Щыуанри псыжъо,
Ащ хэлъри мыжъо.

**Тыгъэр къепсы, осыр фэгурэп**

Тыгъэр къепсы, ыпсэ Iозы:
Тыди осы, осы, осы.
Къесэу къесрэп, тIкIоуи тIкIурэп,
Мэфэ фыжьыр тыгъэм фэгурэп.

**СыIэнэкIыгъэп, зырязгъэкIыгъэп**

Сидунай гъашIэ сыщытхъагъ сIонэу
Щыгъэбэжъугъэп, сыщынэкIыгъэп.
Ау сыздежьагъэм самыгъэкIонэу
ЗыIогъэ пстэуми зырязгъэкIыгъэп.

**Хэта зиблащэр?**

ТкIышъо телъыр уIэгъэ-ягъэми,
А узыр хэта зиблащэр?
Тызгъэделагъэмэ тыгу ябгъэми,
Тэры ар зэкIэ зилажьэр.

**Фыгунчъэ гурхъу**

Непэ симафэ тыгъуасэ фэдэу
Пчэдыжьы шэплъкIэ къысфакIо,
Ситыгъэ плъыри гухэлъ къысфэтэу
Фыгунчъэ гурхъукIэ къысфаго.



**Сырынапщ**

Сырынэм сепщэ,
Зэхахрэп
Хыжьыр къыспепщэ,
Шъхьахрэп.

**СэкIо, сэгъы, сыздэхьащхы**

Бжьы онтэгъур спшъэбы дэлъэу
Сыпшъыгъаеу сэкIо, сэкIо…
УчIыфэнчъэу, чIыфи птелъэу
Тэ уежьагъа сыгу къысеIо.

**Джэуапынчъ**

Гугъэр, гугъэр, сыдэу адэ гугъэр,
СигъэшIэ мышIукIэ уджэуапынчъ?
Сыд фэдэ гугъа сызыулъэгугъэр?
Сигугъэ къэти дэу мэхьанынчъ.

**СэшIэ**

Узыфаер сэшIэ, сэшIэ,
КIэпсэ кIыхьэр зэпэсэшIэ.
ЗэпышIагъэр пфызэкъохрэп,
УнэкIапи къетэкъохрэп.

**Лъахъэ зытелъ шыур**

Шым утесмэ чыжьэу оплъэ,
Уздэплъагъэм щыIэр плъэгъурэп.
Уехьыжьагъэшъ, очъэ, олъэ,
Лъахъэу птелъым уигъэлъэхъурэп.

**Дэхэ-дыдж**

Ащ итеплъэкIэ дахэ,
ЫкIоцIкIэ дыджы.
Мыджырыр хафэ, махэр
Пытэм епыджы.

### КъэIогъэ-Iожьыр зиупкIэпаIу

Тыгъэми зышIозгъэбылърэм
ЫшъхьэупкIэпаIом реко,
ЗимыIофмэ апымылърэм
КъэIогъэ-Iожьыр къытекIо.

### ПIо зэпытрэм уепщэжьы

Уз уимыIэу «сэсымаджэ»
ПIо зэпытмэ ер къыпхаджэ.
Е-о-о-еу о-оищыр
Узы пстэумэ яуз щыр!

### Амалынчъ

Сыкуон сIомэ,
Сыкъзэхахынэп.
Зэфахьэ сыкIомэ,
Iахь къысатынэп.

### Дунаир тэбэ плъыр

Дунай чIылъэр тэбэ плъыр,
Илъыр зэкIэ ежъэ, есты.
Сыда тыгъэм ыгу къытфилъыр,
МэшIо гъожькIэ огум къепсы.

### Щэ нэшъу

СилIыщтым фэд,
МашIуаер къыIолъэты.
Сыд ащ къыфэт,
Ищэ нэшъуи зблэлъэты.

### Гукъау

Сыд сIона, сыди сIожьын,
БзылъфыгъэхэмкIэ сынасыпышIуагъэп.
Тэ сычъэн, тэ сыкIожьын,
Сэ ахэмэ зыкIи сагъэгушIуагъэп.



### НыкъогъапцIэ-зыгъэпцIэжь

Ар щхыухэдзэнчъэу
Ежь-ежьырэу зегъэпцIэжьы,
КъызэплъэкIзэ мычъэу
МыкIо-мычъэм ар фэзэщы.

### СиуIэгъэ гъопс

Силъэпкъэгъухэр къызхафыгъэхэ къушъхьэ-мэзым
СекIужьыным сыкIэхъопсы…
СишымыкIо гупшысэхэмкIэ ащ сызнэсым,
Сыбгъэгу дэхъуагъэр гъопсы.

### Сипшысэ-гупшыс

Бэрэ сегупшысэ:
Тидунай тэ пшысэ,
Пшысэ пстэури кIыхьэ,
Сигупшыси пкIыхьэ.

### Сешъо, сэтхъэжьы, сыкъашъо

Санэм уегъэуташъо, пшъо тырехы,
Бэмэ къысаIо, зэхэсэхы.
ГукIэ сэтхъэжьы: сешъо, сэуташъо,
Сибэшрэб кIаси сэ сыкъыдашъо.

### ЧIымрэ омрэ

Чъыгыр ышъхьапэкIэ,
Ошъогум чIаплъэ,
ЫчIэгъ-ылъапсэкIэ
ЧIыгум епсалъэ.

### ШIулъэгъу-мылъэгъу

Сызыфаер къыздэхъурэп,
ШIулъэгъу мыхъур къыслъэхъу.
ШIу слъэгъугъэм сыдэхъурэп,
Къыздэмыхъурэм шIу селъэгъу.

**Гъэмэфэщта, кӀымэфэщта?**

Цӏыфым игъашӏэ кӏыхьэ, кӏэкӏы,
Гъашӏэм гъогубэ щызэхэкӏы.
Ахэм языщта сигъэмэфэщтыр
Е нэмыкӏыщта сикӏымэфэщтыр?

**Тызэпаплъэ**

Сэри сыпаплъэ,
Ежьри къыспаплъэ.
Шъхьалри мэхьаджэ,
Тӏуми къытаджэ.

**Быбын фалӏэ сэлӏэ**

Быбын фалӏэ непи сэлӏэ,
Чэпэ шэплъым дэжькӏэ сэплъэ.
Щыслъэгъущтым сегупшысэ,
Ахэр зэкӏэ пкӏыхьэ, пшысэ.

**Шыу шӏуцӏэр ара сэ къыскӏэхьащтыр?**

Сышыушъ сэчъэ, сэбыбы, сыпшърэп,
Шыу шӏуцӏэр ара сэ къыскӏэхьащтыр?
Сыдым фэсшӏэна, шъори ар шъушӏэрэп,
Къэсмэ илъахъа къыстырилъхьащтыр?

**Шым темысэу мысэм лъэхъу**

Усыды цӏыфа, фэхъу-мыхъумэ уащыща?
Ушӏулъэгъу тесыеу бэрэ къысщэхъу.
Хъугъэр умышӏэу е пшӏэзэ, ощыща?
Шым утемысми, мысэм улъэхъу.

**Зэӏугушӏо-зэфычӏэплъхэр**

Непэ сызхэфагъэхэр цӏыф гъэшӏэгъоных,
Зы хъонагъуи, зы цӏэцӏэгъуи азфагу дэлъэп.
Зэӏогушӏох, зэфычӏэплъых, зэрэугъоных,
Зэпыинхэ-зэфэшӏунхэ ягухэлъэп.

**Уиощ къысшъхьэрыт**

Осшӏагъэр сшӏэрэп, сигъашӏэ
Уигъашӏэ щымыпэрыт.
Сэтхэ, мэщ сэшӏэ, сэпхъашӏэ,
Уиощи сэ къысшъхьэрыт.

**Сыд фэсшӏэн**

Цӏыф лъагъор
Шӏу лантӏа?
Мэл лъакъор
Мэпкӏантӏа?

**Мыхъурӏэлъынри оркӏэ нэфшъагъо**

Плъэгъухэрэр зэкӏэ дэгъуми мыдэгъуми,
Хъугъэр умышӏэу гъэшӏагъо.
Пшӏагъэр мышӏагъоу къыпщэхъуми,
Мыхъурӏэлъынри оркӏэ нэфшъагъо.

**Ары Ӏолъ, ары Ӏолъ**

Ащ орэдыр къысфеӏо,
Икъэмэ-сэшхуи зголъ.
Инэплъэгъу къыстекӏо,
Ары Ӏолъ, ары Ӏолъ.

**Тыздэфэщтри хъуатэ**

Хъэренэ сешӏэ, ори укъыздешӏэ,
Угу илъри сэшӏэ, сэшӏэ, сэшӏэ.
Тихъэрени лъагэу жьым зыщепхъуатэ,
Тыкъызэдизмэ тыздэфэщтри хъуатэ.

**Бжыхьэр ыӏэпэ гъожьы ебзэижьыгъ**

Бжыхьэ къолэныр къушъхьэтхым щыудж-щыджэгуи,
Жъыбгъэ гуӏалэм еубзэжьыгъ.
Етӏанэ осыжьы чъыӏэм ыгъэтӏыргургуи,
Ыӏэпэ гъожьы ебзэижьыгъ.

### Сыгугъэнчъэу гугъэм сечъэ

Сэчъэ сIокIэ, тэ сычъэщта?
СищысыкIэ сыд ишIуагъ.
СищыIакIэ сытепчъэщта?
Сикъэб такъуи мыгъэжъуагъ.

### ШIулъэгъур пкIыхькIэ сэдыжьы

Гъэмэфэ чэщым изы пчэдыжьы
ИпкIыхьэ гъожьы плъыжьэу сэлъэгъу…
ШIулъэгъуныгъэр пкIыхькIэ сэдыжьы,
Гугъэнчъэ-пшъыгъэу ари къыслъэхъу.

### Щытхъу къелъэIуфэ

Уеонэу къыщыхъумэ,
Ышъхьэ еуфэ.
Темыфэу ущытхъумэ,
Щытхъу къелъэIуфэ.

### Сибэщи шагъэп, симэщи мыIо

Сыкъыпфэчъагъэми, сыкъэчъагъэп
СэркIэ умыIо.
ДжыркIэ сибэщ сэ оркIэ шагъэп,
Симэщи мыIо.

1960–2013



# ПОЭМЭХЭР

## ЦIЫФ ЛЪЭШХЭР

### I

Чъыгэе пкIашъэмэ чылэр къахэщэу
Къушъхьэ шыгу фыжьмэ алъэпэ чIэгъ
Iугъо зырызмэ ом зыщыращэу
Шъхьагощэхьаблэ кIэт синэплъэгъу.

Шыблэр мэгъуагъуа?
Нэпкъыр гоугъа?..

Заоу къэблагъэрэм итоп омакъэхэр
ХэгурымыкIхэу чылэм къынэсых,
ПчъэIупэ чъыгхэр, унэ къэбэкъхэр
АгъэтIыгурыгоу зэлъагъэсысы.

– Пыир къэмысзэ, былымэу тиIэр
КъушъхьэмкIэ тфыныр тэ типшъэрылъ,–
Пщымыд Илясышъ ар зигущыIэр
Ащ нахь гумэкIи ыгуи имылъ.

Унэ гузэгум Iугъом щитхьалэу
Остыгъэ бзэгур гуIэу щэкIуасэ,
Колхоз тхьаматэр рэхьатэу псалъэу
АшIэщтыр зэкIэ алъегъэIэсы.

Дэрбмэ ялIыжъи пчэгум къеуцо,
Гъэрэ фэмыдэу ыни нэгъуцо,
ЫжэкIэ фыжьи Iэгушъор рэкIо
Щысмэ зэхахэу мырэущтэу къеIо:

– Тэри тыIофэп, мары шъулъэгъун,
ЦIыфхэр зэрэхъоу тэри тыхъун.
Тичылэ армэ – нэхъой щымыкI,
ШъукъызэплъэкIзэ танэIу шъуимыкI.

Шъуеужьыр, сишъаох.
Топыжъхэр къаох.

КъакIомэ пыир – тырикIыкIынэп,
Шъуауж къихьанти, гъогу ыгъотынэп.
Тэ къытэупчIмэ, ар дгъэгъозэнэп,
ТичIыгу еупчIмэ, зыкIи дгокIынэп.

## II

Шыблэр мэгъуагъуа?
Нэпкъыр гоугъа?..

Заоу къэблагъэрэм итоп омакъэхэр
Зэхэмыхыжьэу шэхъогъур ежьэ.
Ошъу къехы пIонэу, шылъэбжъэ макъэхэр
Шы плъыры кортым чIылъэм тырещэ.

Мэлыхэр, шкIэхэр, къунаны цIыкIухэр
Зэуж-зэлъыкIоу тетых зы лъагъо…
– Елбэт, сишъаох, шъуеужьыр, чылэгъухэр,
Топы омакъэхэр нахьри къэблагъэх,–

Дэрбмэ ялIыжъи псыIушъом Iут,
ГухэкIы нэпсыр нэкум рекIут.
Заор къыздикIрэм мо лIыжъыр маплъэ,
КъохьэпIэ чапэр мэшIошхоу маблэ:

– Лъэхъаны хьылъ непэ тызхэтыр,
Арэущтэу щытми, тичIыгу тызтетыр!
Тиуашъу, титыгъ мо къытшъхьэщытыр,
Типэщэ кIаси тапэ тэ итыр!



Пыир къакIоми, зи къимыкIын,
Бэ шIэн, макIэ шIэн – пыир иткIын!
Шъуеужьыр, сикIалэх, шъуеужьыр, сишъаох,
ЧIыгум егуаоу топыжъхэр къаох.

## III

Ицые къуапэ ыбг дэупкIагъэу
Шахъомэ, муары, зы шыу къахэкIы,
Икъамыщ кIэкIи ыIэ шIодзагъэу
Ядэжь зынэсрэм, онэгум къепкIы.

Къэлэпчъэ блыпкъым къыготы пчэгъум
Ишхомлакiэ псынкIэу къышIуедзэ,
Мэджыдэу ыкъор Нурджан зелъэгъум
ЗыфэмыIажэу ыбгъэ зыкIедзэ:

– Чылэм ынапэ, сикIал, пфалъэгъушъ,
Мылъкум идышъэр цыхьэ къыпфашIы.
Узыхалъытэу непэ лIы охъушъ,
ЗэкIакIо щыIэп, джа зыр зэгъашIэ.

– Пыим тытекIоу къызыдгъэзэжьырэм
ЩыIэнэп ныбжьи ащ нахь гушIуагъо!
Пытагъэ пхэлъэу сызэрэдэбгъэкIрэм
Джыдэдэм, тян, скIуачIэ хегъахъо.

Фэбамэр пихэу, кIэир фэмыхъоу
Тыгъэжь гопэгъур машIоу къыкIэпщы.
Нэпкъы зэндитIум бгъукIэ ащихъоу
Псыхъом ымакъэ чэщым егощы.

Шъхьэзэкъо шъэфэу мыжъобгъум тесэу
Чэщ чъые IэшIум бгъашхъор хэпазэ.
Жъогъо зэшиблэу модэ мысысэу
Ошъогум итым Мэджыд рэгъуазэ.

Пчэн Iэлы лъакъом зызщигъэзэщтым
Тынчэу, гупсэфэу шэхъогъур рэкIо.
Щынэгъо благъэр зыдэщыIэщтым
Сакъынхэу цIыфмэ Мэджыд арэIо.

Дэгъэзыегъур зыщаухыщтым
МэшIо къамыщэу пчыкIэм зепхъуатэ,
Пщэ шIуцIэ благъэу аужы итым
Шыблэу къежьагъэм игубж хегъуатэ.

Шэхъо нахьыжъыр Мэджыдэ еджэшъ,
УцупIэ горэм лъыхъунэу рэIо.
Iогъэ гущыIэр жьыбгъэм рехьыжьэшъ,
КIигъэшъуикIэу шIункIыбгъэм чIего.

Жьыбгъэр мэшъуи, пщэхэр зэрефэх,
Мыжъор епхъуатэшъ, гырзэу редзыхы.
Уашъор зыIуидзэу пчыкIэр къэнэфы,
Лъакъор кIиутэу псыдзэр къечъэхы.

## IV

Мэз пырыпыцоу нэшхъэеу щытым
ИгуззэгупIэ зы лъэс къыхэкIы,
Хэтэ бэгъуагъэу ныкъоIухыжьым
Хъырбыдзэу хэсмэ афыреплъэкIы.

Iалъмэкъы гъожьыр ыкIыбы илъэу
Зигъэнэгъуаджэу илъагъуи шъхьафы,
Тыгъугъэ зыхьрэм фэдэу къычIэплъэу
Чылэураммэ затыреушъафэ.

Пчъэ тео макъэр зэрэзэхахэу
Чэщбзыу нэшъухэр къызэлъэуцщых,
Мо тыгъурыгъуми имыгопахэу
ЫнитIуи къичъэу тамэр зэкIещы.



Зыфигъэдэщтыр Нурджан ымышIэу
– Хэт ар? – унэм къеджыкIы.
ПчыкIэм ихъупскIи къушъхьэм зэхишIэу
Шыблэгъогъошхор къыздырещэкIы.

ХъутIыжъ Мамгъэтэу непэрэзымафэм
ГъуйкIэ къэкIуагъэр НурджанкIэ нафэ.
– Илъэсы пчъагъэм, – еупчIы хьакIэм,–
Удэмысыгъэу сыд уикъэкIуакI?

– Чылэм сыблэкIти, лъэгъуны-лъэгъоу
Сыкъыдэхьагъ, шъуслъэгъу сшIоигъоу.
– ...Арэущтэу оIомэ, дэимэ Iофхэр
Уигъогу техьажь, къэсыщтых пыйхэр.

Бгъэм дэлъ гу плъыгъэм еушъыижьэу
Iалъмэкъыр Мамгъэт дысэу къештэжьы,
Псалъи ымыIоу ыкIыб рилъхьажьэу
Лъэубэбэ шъэфкIэ щагум дэкIыжьы.

ШIу икъэкIуакIэ зэрэхэмылъым
Нурджан ардэдэм егъэгумэкIы,
Дэрбэм риIонэу пчэдыжь нэфылъэм
ЗышIуигъэбылъзэ, къэлапчъэм дэкIы.

## V

Дэрбмэ ялIыжъы ылы мыузэу
Мыщ фэдэ мафэм пфыщымысын,
Пыижъ мэхъаджэм утын римыхэу
Дэрбмэ ялIыжъы къыпшIомыкIын!

## VI

Бэрэ пылъына машинэу чъэрэр,
Сапэр ыутысэу, муарышъ, къэсыгъ.

Мамгъэтэу пыймэ яжэзэ плъэрэр
Къызыщылъэти, апэгъочъыгъ.

– Іашэ пІыгъа? – пыйхэр къеупчІых.
ХъутІыжъ къумалым мыхэр къызІуепчъых:
– Большевикыбэ къушъхьэм чІэхьагъ,
Зы былымышъхьи къамыгъэнагъ.

Мыр сэ сичыл, шъуеблагъэх, некІо.
Уни сиІагъ,– Мамгъэт арео, –
Убай о аІуи, стырахыгъагъ,
Ари имыкъоу сыращыгъагъ…

## VII

– Мылъкур схъумагъэшъ,икъун джы ыІоу
ТІысыжьынылІи къытхэмыкІын,
ЗызэкІэтпхэнышъ,зэуж-зэлъыкІоу
БылымыІусыр мыщ щыдгъоин,–

Колхоз тхьаматэм ипсалъэ кІэкІы.
Дэрбмэ ялІыжъи къахэтэджыкІы,
ЫжэкІэ фыжьи Іэгушъор рэкІо,
Хэти зэхихэу щысмэ арео:

– Тыбэлэрэгъмэ лыер зэтэхы,
Мыдэ щэмэджхэр зэлъыдгъэлъын.
Мэзми псэуалъэм тыкъыщеплъын,
Къин хъущтэп сІорэп, ау зэшІотхын!

Шыблэр мэгъуагъуа?
Нэпкъыр гоугъа?..

Нэфшъэгъо тыгъэм инэфыпс стырхэр
КъызэкІэмыблэхэзэ, мо цІыфы лъэшхэр
ПщыпІэм къачІэкІхэшъ, яІоф рагъажьэ,
Къушъхьэ хэгъэгур къызэпагъаджэ.



Къушъхьэм щыхъэрэр шъхьагугъу ащыхъоу
Псэушъхьэу хэсхэр гумэкІы зехьэх,
Къэхъугъэр пчэным ышІэ шІоигъоу
Мыжъо джэдэшхом гъуашхэу къытехьэ.

Тыдэ къикІыгъа мыжъо зэготхъхэу
Къушъхьэм икъатхэр зэщызгъэкІотхэу
Мо цІыфы лъэшхэр еІошъ, ІокІыжьы,
Джа къэбарыкІэр хъупІэм ехьыжьы.

## VIII

Дэрбэм ялІыжъы пкъэур еуІучІы,
Къушъхьэ гузэгум шэщыр щашІыщт.
Колхоз парторгым лІыжъыр еупчІы:
– Сыдигъо пыир чылэм дафыщт?

Хьазрэт зэхихрэм регъэгупшысэ,
ЧІыпІэм зэритэу бэмэ анэсы:
– Джыдэдэм фэдэу ари къэсыщт,
ТичІыгуи пыир шІэхэу радзыщт!

Дэрбэм ялІыжъы ощыр еІэты,
ПхъэІушкІэн фыжьыр пкъэум голъэты.
Топы омакъэхэр нахь благъэу къэІух,
Іугъо шІуцІабзэхэр чІылъэм ыкІыІух.

– Гухэлъэу сиІэм, къедэІу, парторгыр,–
Дэрбмэ ялІыжъы къыригъэжьагъ,–
Чылэм къэплъэщтыр зэрэжъугъэкІощтыр
Тащыщы горэм сэ къысиІуагъ.

УкІон о пІонти, пшІэщтыр тэрэзэп,
Тхьаматэр кІонти, зыми фидэнэп.
Мэджыди хъущтэп сэ сфэмыІощт,
Анахь дэгъу дэдэр – сэ сыбгъэкІощт.

Зы къонцэ Iаплlэ стамэ теслъхьани,
Тихьэблэ цIыфмэ сэ сахэхьани,
Зысыушъэфыни, сяIушъэшъэн,
Къэбарэу дэлъри къызэзгъэшIэн.

## IX

Шыблэр мэгъуагъуа?
Нэпкъыр гоугъа?..

Пщэ хьылъэ шIуцIэмэ уашъор аупIыцIэ,
Къэбэкъ Iухыгъэр жьыбгъэм ецIыцIы.
Загъорэ чыжьэу, чIыр ыгъэгырзэу
Топы омакъэр къэIу кIэзэзэу.

Хъутlыжъ Мамгъэты Iупшlэр Iуишхыкlэу
ЧIыкъожъ бэскъагъэр итеплъэ фэд.
ЫIитIу ыкIыбэу, пчэгур рикIукIэу
НитIури къыщифэу гупшысэм хэт.

«Лъэужы закъо тыдэ къисхына,
Къушъхьэ шэхъогъум дэжьы сищэнэу?
Гъогум ишъэфы нафэ сфишIынэу
Ащ фэдэ цIыф чылэм дэсына?..»

ПIалъэу ратыгъэр къэсышъы, блэкIы,
Шымэ ялъагъо къыIэкIэмыхь.
Нэмыц кIэрахъор нэм щызэблэкIы,
Жэпкъыр кIэсысэу шъхьэри фэмыхь.

– Къобэг ухъугъэу улIэу ущылъми,
Колхоз шэхъогъум утемыплъэн!
Джа уиIумэтмэ сыпябгъэлъэщтми,
СшIапэуи щытми, осымыIон!

Машэр зытIыгъэр машэм ефэжьы,
Мыжъор зыдзыгъэр мыжъом IокIэжьы,–



Нурджан къумалым федзы, зэкIанэ.
Зыпашъхьэ итри нэкIэ къэбанэ:

– Джыри осэIо, делэ зымышIэу
УпчIэу остыгъэм джэуапыр къет!–
Бзылъфыгъэу щытым нахьри техъушIэу
Мамгъэт ымакъэ унэр еIэт.

## X

– Сыда къэбарэу чылэм къипхыгъэр?
Сыд ащ фэдизэу укъызфэтыгъэр?
Шъхьэгугъу тыхъугъэу тызэбгъэжагъ, –
Дэрбэм егыйзэ, Хьазрэт къыIуагъ.

– Хъутlыжъ Мамгъэтыр яIэшъхьэтетэу
Былымы ужыр пыимэ къафы.
Чылэм ицIыфхэр аригъэубытэу
Цахь зыфимышIрэм укI тырегъафэ.

Мэфищы хъугъэшъ, Мэджыдэ янэ
АгъэтIысыгъэу яхьапсы чIэс.
УпчIэу ратыгъэм джэуап Нурджанэ
Къыримытыжьэу аIыгъ джы нэс.

– Мэджыдэ къэкIошъ, янэ иIофкIэ
Къэбарыр шъушIэрэп, зи зэхэшъухыгъэп.
– Мэджыдэ ешIэ къэсIуагъэр зэкIэ,
Моу сызыIокIэм сфэушъэфыгъэп.

– Непэ къэбарэу Дэрбэм къыхьыгъэр,–
Мэджыдэ къеIо, – сшIогумэкIыгъу.
Мы Iофым фэшIы мурадэу шъушIыгъэр
СшIэмэ, Хьазрэт, лъэшэу сшIоигъу.

– Мурады шIыгъуи джыри тифагъэп,
Дэрбэм къыIощтри джыри къыIуагъэп.

Шъыпкъэ, Мэджыд, Іофыр мыдэгъу,
Пыи техакІом къумалыр кІыгъу.

ШІэхэу ыужы тызэрихьащтым,
Шъхьафитыр чылэм зэрэдэтхьащтым
Амалэу щыІэмэ тяжъугъэгупшыс,
Мыдэ шъукъакІуи моу шъукъэтІыс.

## XI

Шыблэр мэгъуагъуа?
Нэпкъыр гоугъа?..

Партизан купыр къекІышъ къушъхьэхъум,
Чылэм пэблэгъэ мэзым къынэсы.
АшІуабэ дашІэу тыгъэ къохьагъум
Мохэр мэзахэм ежэхэу щысых.

КъушъхьэчІэс чылэр бэрэ пэмылъэу
Чэщыбг мыхъупэу быяужьыгъ.
А уахътэм ежэу, а уахътэм паплъэу
Щысыгъэ купыр шъэфэу тэджыгъ.

Мэзэхэ шІункІышъ, хьапсри зэгъокІы,
Икъэрэгъулэ щагури рекІукІы:
Урам лъэныкъом загъорэ дэкІы,
Зыгорэм ежэу ар мэгумэкІы.

Сыхьатым еплъэу къэлапчъэм Іутэу
Аркъэны дзыгъэр пшъэм щылъэдагъ.
Жьым фэдэу псынкІэу нэплъэгъу римытэу
Цагэр кІиутэу бгъэкІэ тефагъ.

– Хатэм шъудахь!..
– Къушъхьэм шъучІахь!..–
Хьазрэти маджэ,
Они регъажьэ,



– Шъумыплъырыщ, щэм шъуфэсакъ.
Модэ моу шъуеІи, пышъутхъ ябыракъ!
Тэ тибыракъы орэбыбат,
Шъхьафитэу къэсрэм ар ишыхьат!

Шыблэр мэгъуагъуа?
Нэпкъыр гоугъа?..

Къушъхьэгур зэкІэ зэлъигъэнэфэу
Управыр къэо. Жьыбгъэри къепщэ.
Быракъы плъыжьри быбатэу, чэфэу
Тыгъэжьы лъэшым, муары, зэрещэ!

## XII

Чэщым ыужы чэщыр кІэлъыкІоу,
ЛъышІэжьы купыр къушъхьэм къыщежьэшъ,
Хэтрэ техакІуи щтагъэр ынэгоу
Шъхьэр зыдихьыщтыр рамыгъэшІэжь.

Джэхьнэм машІом пэфагъэ пІонэу
Тыдэрэ чІыпІи ар щырагъэзы,
Зы лъэбэкъу закъуи рамыгъэкІунэу
Къушъхьэм хаубытэшъ, ышъхьэ шІуагъэзы.

Шыблэр мэгъуагъуа?
Нэпкъыр гоугъа?..

Бгы къогъуи, куанди къызбгырэукІы,
ТичІыгу лагъымэшъ, хымэр еукІы.
Зэхагъэтакъоу титопхэр къаох,
Пыир хаутаго, мэщэоплІао!

## XIII

Тыгъэ къокІыпІэм жьыбгъэр къыщепщэу
КъохьэпІэ чапэм пщэхэр щеугъоих,

Бжьэ пчIыгъэ пIонэу шъофым ритIупщэу
Хъуатэм дэлъ осхэр огум дефыех.

Iумылы щтыгъэм пхъашъор ыфызэу
Чъыгы къутамэмэ лыдэу загъэщы,
Шэсым гухэлъкIэ шъофым зыридзэзэ,
Шы емылычэу жьыбгъэр мэщыщы.

Мэлы хъыдагъэ фэдэу пыидзэр,
Яцуакъи къищэу хъэдэн лъэгуидзэр,
Жьыбгъэр яшъуеу ашъхьэ Iуахыжьы,
Шъхьэгощэхьабли шъхьэфит мэхъужьы.

## XIV

Шыблэр мэгъуагъуа?
Нэпкъыр гоугъа?..

IукIотрэ заом итоп омакъэхэм
Заригъэудэгоу шэхъогъур къафы,
Къагъэзэжьыгъэшъ, тицIыфы лъэшхэм
IаплI зэращэкIэу анэшIу зэщафэ.

Шъхьэгощэхьаблэ дэлъы гушIуагъор
ИцIыфы нэгумэ акIэолъагъо.
Чылэр мэгушIо, сэгушIо еIо,
Къушъхьэ гукIыIуми тыгъэпсыр рэкIо.

КIымафэр чъыIэ, кIымафэр пытэ,
Колхоз унэри непэ цIыфыб.
Дэрбмэ ялIыжъи ыIапэ аубыты,
ФэгушIох, нэгушIох, фэчэфых.

Зитутын хафэм зигъэлIыхафэу
Чысэхэр джыбэхэм къарахых,
Заом иIофы ахэм зэхафэу
Зэо къэбархэр зэлъыIэпахых.



– Джары, сишъау,– Дэрбмэ ялIыжъы
Тутын гъумышIур гушIоу ещыхьэ, –
Тидзэ лъэкIуатэ. Муарышъ пыижъыр
ЗэкIэчъэ, зесты, зешхыхьэ.

## XV

Пахъэр къаIуихэу, чIыгур аулъэгоу
Шы плъыры купыр купышIу зэхэт.
Щэджэгъо тыгъэр ахэм акIыIоу
ГушIор ынэгоу нурэу зеIэт.

Сырынэ макъэр зэрэзэхехэу
Шэсын унашъор Хьазрэт ареты.
Гъогумафэр хэти афыпигъохэу
Шылъэбжъэ макъэм чылэр зэлъештэ.

Дэрбмэ ялIыжъи алъэплъэшъ щыт,
Джанхъоты лIыжъри ащ къыкIэрыт.
Шъэогъум дэжькIэ Дэрбэм зегъазэ:
– УтхьакIумашIу о, даIолъ мо зэ!

Топыр мэгъуагъуа?
Нэпкъыр гоугъа?

– Хьау, шыблэр мэгъуагъо.
Шыблэр зыгъуагъорэм, мэщыр мэбагъо.

1947

# ХЫУАЙ

## I

Хы кӀышъо фыжьыр
Бжьыбжьэу мэтхытхы,
Хы ШӀуцӀэ дыджыр
Ныджым еужъунтхы.

Хы орым къуашъор
ШъуампӀэу хэкӀуадэ,
КӀуатэзэ, уашъор
Хым жэхэкӀуатэ.

Хафэу ынахэ
Къегъэмэзахэ.
Хы сыджыр мао,
Уашъор мэдао.

Хыбгъэм зыхишӀэу
ПчыкӀэр зэпэкӀы,
ОшӀэ-дэмышӀэу
Шыблэр зэщэчы.

Нэпкъым зырищхэу
Къыдэшъо, мэщхы,
Хышъхьэм фэгуищэу
Ощхыр ащ тещхэ.

– Уиормэ, хыр, зэ афэгубжи,
Гъунджэкоу къабзэу зыкъэгъэчъабз.



Умэкъэ чани уипсэлъэ Ӏуши
Сэ сядэӀущтышъ, зыкъысфэгъаз.

Зэхимыхыгъэ фэдэу зиудэгоу
Хыгур гурымэу къеукъорэлъыкӀы,
ЛъэкӀышхо иӀэшъ, нэпкъым дэджэгоу
Слъэгупчэ чӀэгъы ащ къыкӀелъыкӀы.

– О пӀорэм, кӀал, сыкъедэӀунэу
Сыды шӀушӀагъэ хэты фэпшӀагъ?
О пӀорэм, кӀал, сигъэдэӀонэу
Сыд фэдэ лӀыгъэ, къаӀолъ, зепхьагъ?

Хы ябгэм ыбгы бгы чапэм фэдэу
Дэуай-еохэу орыр шъхьэрыс,
Хыбзэгур бзаеу, зандэу зиӀэтэу
СадэжькӀэ къэтхъо, ау къызнэмыс.

– Арэп, о кӀалэр, сыд уихьисап?!–
ЕӀошъ, ӀэпэпскӀэ къызжэхэӀаб.
ЫӀаблэ сысэу псыдзэр зэкӀачъэ,
Ежьыр сачӀэгъышъ, джыри мэпхъашэ.

– Сэ сызыфаер упчӀитӀу джэуап...–
Хы тамэм нэпкъым зытырещае.
Псыналъэр лъалъэу, лъагэу дэлъае,
Сипсэлъэ тыкӀи ащ имыгуап.–

Узгъэщыугъэр сыда о, хы? –
Сымакъэ чӀылъэм щызэхэсэхы,–
Узгъэдыджыгъэр сыда о, хы?–
Сымакъи хыгум щызэхэсэхы.

Къэхъугъэр сыда?.. ОшӀэ-дэмышӀэу
Сэплъэшъ, хы нэгур, муары, мэчъагъо.
ОсшӀагъэр сыда?.. СшӀэщтыр сымышӀэу
Инэшхъэигъэ ащ хэсэлъагъо.

– Къедэlу ащыгъум,– хым сэ къысеlо,–
Орыпс щыугъэр ыблэбгъу щэзекlо.–
Лlэшlэгъукlэ непэ тызэкlэкlуатэ,
Нэпсым итхыдэ къыпфэсэlуатэ.

## II

– Чlылъэм щыхъугъэр
Сшlэрэп, сымыс.
Мыщ щыслъэгъугъэр
Игъонэмыс...

– Тхыдэр оукъо,–
Хым фэсымыд,–
Гукъаор ныкъо
Пшlын уфимыт.

Чlылъэм щыхъугъэр
Къыпфэсlотэн,
Хым щыплъэгъугъэр
О къыпыбдзэн.

Орыпс щыугъэм
Зыкъегъэлъае,
Нэпкъы гъэчъыгъэм
Тхыдэр егъае.

Чlылъэм щыхъугъэр
Къыпфэсэlуатэ,
Гухэкl тфэхъугъэр
Уахътэм дэкlуатэ.

## III

Пчыхьэшъхьэ чылэу бырысырыгъэр
Даlолъ, хыр, бжьэ пчlыгъэм фэд.
Бзылъфыгъэ цlыкlоу ащ къыдэчъыгъэр
Гъызэрэ мачъэ: – А си Къызбэч!..



Ар мэлъэпао, зэкlэтэджэжьы,
Жьыбгъэм джэмакъэр шъофым релъасэ.
Хьасэм илl хэтышъ, Къызбэчы дэжьы
Гуlэм зэрифэу Щамсэт зегъазэ.

Гухэкlы нэпсэу нэпс зэкlэплъагъэр
lупшlэкlэ тlуакlэм чъэзэ дэлъадэ,
lэпшъэ гъумышlоу шъхьац шlуцlэ благъэр
Лъэпао къэси, ытхы щэлъатэ.

«Щамсэта сэlо?.. Ащ иджэмакъ...»
Къызбэчы бгъэкlэ ипхъэlэшэкlы
Зытырегъакlэшъ, цуитlур хегъакъэ.
Ынатlи пкlантlэр тырелъэкlыкlы.

–Къэхъугъэр сыда?.. – Къызбэчи маплъэ.
–Тыркум екlыжьых!.. – Щамсэти мапчъэ.

## IV

Мэщытым цlыфэу щызэфэсыгъэм
Къызбэчи пшъыгъэу абгъодэлъадэ.
Аззнэджапlэу лъэгэ lэтыгъэм
Тетым ипсалъэ чыжьэу мэлъатэ:

– Хэта мо тетыр? – Къызбэчи маплъэ.
Къызэришlэжьэу гур къэчъыlалlэ.
«Лаужъкъо къуапцlэр, джы сыд уимурад?!»
Зэlикъузэ, цlыфхэм нахь ахэкlуат.

– Гъунэгъу хэгъэгоу быслъымэн Тыркум
Икъэралыпчъэ тэ къытфыlуехы!
Пачъыхьэ чlыгоу джауры чlыгум
Къинэрэ цlыфым лыер зэрехы.

Джауры диныр ипчыпэ пылъэу
Тэ тихэгъэгу пачъыхьэм къехы.

Лыгъэрэ лъырэкIэ адыгэ чылэу
Чылишъэ пчъагъэр ащ егъэпэхьы!

КIахь-лахь зэIукIэр тэшъумыгъэшI,
Алахьэм гукIэгъу тэ къытферэшI.
Пчэдыжь зышъуIэти, хы ШIуцIэм шъуекIу,
Къухьэхэр Iутых, – щытмэ къарeIу.

Нэкъое жьыбгъэу бгъэкIэ къилъыгъэу
Ахэм ашъхьагъы псалъэр ефарзэ,
Абзэ ащ Iуихи, бзако ышIыгъэу
Щтэгъэ нэплъэгъур зыр зым фегъазэ.

АзэнэджапIэм теты ныбжьыкъум
Мазэр ыубытэу хэти къыщэхъу.
Мэзэ шъогъуабзэр хъырбыдзы ныкъоу
НапIэр зыIэтэу плъэрэм елъэгъу.

Адыгэ лIыжъхэр зыр зым лъеушъхэу
ЧэупэкIэ къогъумэ шъэфэу зараты.
Щхымэкъэ закъуи ошIэ-дэмышIэу
Чылэм дэIукIрэп. Чэщыр рэхьат.

«Тыркуе чIыгур хэт зищыкIагъэр?!»
«Пачъыхьэ пчыпэм сыд пыплъэгъуагъэр?!»
Чылагъом ыбгы джар щэIушъашъэ,
Унэрыхьэ-икIэу цIыфмэ зэлъашIэ.

Чэщыбгы шIункIым гупшысэм хэтэу
Къызбэч гузажъоу ядэжь къэкIожьы.
Гум пиIонтIыкIэу, бгъэгум дэлъэтэу
«Тыркур къэсэштэ!.. – ежь зэреIожьы.–

Урысые чIыгур хэт зищыкIагъэр!..
Икъун пачъыхьэм сэ къысишIагъэр!..
Иджаур пчыпэ тыр пыкIодагъ,
Икъэлатыщэ скъош хигъэфагъ.

Быслъымэн чIыгум сыкъыхэплъэнышъ,
Нэр ыгъэразэу хапIэ хэсхын,
Мыхъу зыщыхъурэм сыбыслъымэнышъ,
ЗычI къазгъырыжэ ащ щызгъотын...»

...Къызбэч, ащ фэдэу умыплъырыщ,
УищыIэныгъэ пкIэнчъэу умыщ!
Сыдэущтэу пIорэр бгъэм къыдэкIышъура?
ХымэкIэ уичIыгу таущтэу пхъожьышъура?!

Узыщалъфыгъэу, узыщапIугъэу
Бгъэнышъхьэ унэм къэгъаз къыуеIо,
Апэ лъэбэкъур о зыщыбдзыгъэу
ЕтIэ джэхашъом къэгъаз къыуеIо.

Хъэренэ чъыгхэу уисабыигъом
УиIэгъэ чъыгхэр IэкIыбы пшыщтха?
Сыдэущтэу ахэр хымэ нэплъэгъум
ЛъэгукIэтынхэу къыфэбгъэнэщтха?!

Модэ зэ плъэлъ, Къызбэч, олъэгъуа!..
КъэнэтIэхэсмэ зыкъагъэсыса?
Хьауми сэплъэхъуа, джауштэу къысщэхъуа?
ПшIэрэмкIэ, Къызбэч, сыдэу умыса!..

## V

–...Джаур сыхъункIи, сызыщалъфыгъэу
Сятэжъмэ ячIы IэкIыб сфэшIыщтэп!..
– Зэтелъхь осэIо!..– Къызбэч губжыгъэ,–
Ащ къыдэкIыгъэр тхьэм къыпфидэщтэп!

Я си Алахь, мы зэхэпхыгъэр
КъытфэбгъэгъункIэ о сыолъэIу...–
Сыд къехъулIагъэр, сыд къыщышIыгъэр?
Щынэ чъыIалIэм Къызбэч зэлъекIу,–

Орырэ сэрырэ тIуми типыим
Ылъ пфэзгъэчъэныр непэ къыстефэ,
Ау ыпкъышъолы хэлъы сабыим
Ар сфешIэшъуштэп. УнэшIу къысщэф.

Зы сIэ къихьащтыр: джауры цIыфым
Сызэрэфэзэу ылъ фэзгъэчъэн!
Тхьэлъэнэ лъапIэкIэ егъэшIэ чIыфэу
Ар нэузырэу джыдэдэм сштэн.

Сыд узфыщытыр, штэри амдэз
Нэмаз едзыгъо тхьэм фыпэгъох!..–
Къызбэч мэIабэшъ, Iапшъэр кIэзэзэу
Нэмазлыкъ гъуапчэр пчэгум реубгъо.

Щамсэт зыгорэ къыIонэу зежьэм,
Къэмэ къипхъотыр лIым ригъэшIыгъ:
– Ащ джы къыблэщи, мэзэгъо чэщым
Лъыр пкIэзгъэчъын, хьабзыпэшIыгъ!

Щамсэт джыдэдэм сыда зыфитыр,
Тыращэягъэу къамэр шъхьэрыт.
Щамсэт джыдэдэм сыда ышIэщтыр,
ИщыIэныгъэ ежьри фимыт.

Лъэгонджэмышъхьэу къыблэм жэхэсышъ,
«Къулхолахьыр» Щамсэти къехьы.
Зыр нэрмылъэгъушъ, зыр къыбгъодэтышъ,
ТхьитIум апашъхьэ Щамсэт щэпэхьы:

«Хьарам дэсIыгъэп а псэлъэ джагъом,
Гунахь-псэкIодыр къысфыкъуегъэкIы.
Сыдэу пшIыхэна, титхьамыкIагъо
Гум имылъ Iаджи гум къыпфегъэкIы.

Муары олъэгъу, ошъопщэ шIуцIэу
ТхьамыкIэгъошхор тэ къытшъхьэщэхьэ,
Адыгэ чIыгур ем зэхицIыцIэу
Ишъыгъо пщагъо ащ кIоцIещыхьэ.

ТитхьамыкIагъо тэ зедгъэзэгъэу
Тызэрэпсаоу гъэрэу зеттыщта?
О закъор ары тиIэр упчIэгъоу,
Сыд тиамала, сыд тфэшIэшъущта?»

## VI

Къушъхьэ шыгу лъагэм шъхьэщылъы огум
Мэзэ гъощагъэр ыбгъэ къыдэщы.
Шыгъэчъэхьаблэ ечъэрэ гъогум
Урыс шыуитIур чылэм къыдещэ.

– Адыгэ цIыфмэ, укъысэупчIымэ,
ТызкIагъэпыйрэр сэ къызгурэIо,–
Уанэу зэрысхэм итдзынэу тежьэмэ,
Заухъумэжьы, шъуцIыфэп аIо,–

Джыдэдэм чыжьэу ащ игупшысэ
Урыс шъолъырмэ ахэтэу мачъэ.
Пачъыхь жъалымым гукIэ едысы,
КъышIузэкIаблэшъ, къежъукIы лъачIэр.

– Мы чылэм непэ тыдэмыгъахьэу
КъэтэгъэкIухьи...– Укъэщта сэIо!..–
Псалъэр Iэпехышъ, къызэпиплъыхьэу
Павел Амлинскэм шъэогъум реIо.

– Щтагъэ хэлъыхэп... ДаIолъ мо зэ...
Чылэ хьадагъэм гур егъэузы.
МэшIо къамыщыр шыблэ Iэдэжьэу
Къыблэ лъэныкъом гъуагъоу къыщежьэ.

Бырысырышхоу чылэм шъхьэщытым
ЗызэтраIажэшъ, тIэкIурэ едэIух,

Бгъэнышъхьэ унэу мычыжьэу щытым
Щамсэти гъызэ и Тхьэ щелъэlу.

«...Мары олъэгъу, ошъопщэ шlуцlэу
Тигухэкl гуао тэ къытшъхьэщэхьэ,
Адыгэ чlыгур ем зэхицlыцlэу
Ишъыгъо кlакlо ар кlоцlещыхьэ.

Титхьамыкlагъо тэ зедгъэзэгъэу
Тызэрэпсаоу гъэрэу зыттыщта?
О закъор ары тиlэр упчlэгъоу,
Сыд тиамала, сыд тфэшlэшъущта?..»

Ошlэ-дэмышlэу урыс джэмакъэу
Щамсэт къеlугъэм шъхьэр регъэпхъуатэ.
Пхъуантэм хьапщыпхэр псынкlэу детакъошъ,
Щтагъэу пчъэкъуахэм Щамсэт къолъадэ.

Щамсэт гумэкlэу къэджэгъэ кlалэм
Гукlэ еупчlы: «Тэ укъизыгъа?!
Пшъхьэ уфимытэу Алахьэталэм
Къызбэч ичатэ укъыфифыгъа?

Нэмазыр ешlы, къызэхимыхзэ
lузгъэкlыжьын!..» – еlошъы екlы.
Бгъэгум къыдэкlрэм утын къырихзэ,
Бзылъфыгъэр цlацlэу къэлапчъэм дэкlы.

Къызбэч ардэдэм, нэмазыр псынкlэу
Къызэшlуигъэкlи, къызщылъэтыгъ,
Гуlэм дыхэтэу унэм зэрикlэу,
Урысы псалъэр къылъыlэсыгъ.

– Адыгэм хьакlэр ригъэблэгъэнкlэ
Фэдэ щымыl...Мы пlорэр тэркlэ
Щыпэзэхэхышъ, тхьэуегъэун,
Тыкъуlумыхьагъэу зыщыдгъэхъун.

– Ащ фэдэ ашlа!.. – Къэлапчъэр lуехышъ,
Щамсэт ецlацlэу Къызбэч къыдэкlы,–
Фэсапщи хьакlэх, – шlуфэс арехышъ,–
Шъухьакl шъо... чыжьэу шъукъекlы.

## VII

Къэхъущтым паплъэу, лъэшэу ыгъапэу
Пчъэ зэпахъэми Щамсэти дэплъы.
Нэузырым щэщтэшъ, гур лъэпэрапэу
Лъапэм екlужьэу бгъапэм къыщелъы.

Лlымэ япсалъэу Щамсэт зэдэlурэм
Ирэхьатыгъэ гупсэ къыхелъхьэ.
Стамбуликlыжьым гущыlэр зекlурэм
Мэкъэнчъэу щыми тутын ащыхьэ.

– Хьакlэу къэкlуагъэм бысым унагъом
Иlоф хилъхьаным емыкlу хелъагъо.
Ау мо шъуиlапlэмэ яазэхэлъыкlэ,
Сымыгъэмыс, сегъэгумэкlы.

– Узгъэмысэщтмэ, сибгъагъэ ипчъэжъ
Сыдэу пфыlусхэу уезгъэблэгъэн?
Плъэгъурэм уигъапэу укъыкlэупчlэшъ,
Титlукlи хэлъэп, хэлъэп губгъэн.

Пчэдыжьсэбэхьым къыдэтэджыни,
Чылэр гъогууанэ неущ техьащт.
Сэ сиунагъуи зызэкlипхэни,
Хырыкl икlыжьмэ ауж ихьащт.

– Тыдэ шъукlощта? Бэлахьы гъогум
Шъузэрэтехьэрэр зэхэшъошlыкlа?
Щыфы къинэжьрэп адыгэ чlыгум,
Шъугу къыфэмыгъоу къызэшъонэкlа?!

– Упчӏэу зэхэсхрэм джэуапэу естрэм
Сихьэкӏэ лъапӏэ ыгу хигъэкӏыщт,
Адыгэ хабзэм, арэущтэу зыхъурэм,
Нэмыплъ есхынир сфэмылъэкӏыщт.

– Сыурыс забытышъ, уитхьамыкӏагъо
Сэ къыпфэсэхьэу о къыбгурэӏо,–
Павел Петровичым инэплъэгъу пщагъоу
Къызбэчэу щысым егыи, реӏо,–

Пчыкӏэр хъупскӏагъэшъ, шъуятэжъ иунэ
Цыхьэшӏыгъэнчъэу нэр шъуегъэупӏыцӏэ.
Къэогъэ шыблэр шъуихьанэ-гъунэ
Ит-имытыжьми, шъуигъогуи шӏуцӏэ.

VIII

Хьакӏэщы унэм къыщыраӏуагъэм
Лӏыр къыуӏагъ, гукӏэ мэплъызы.
Пцэшӏощэ псалъэу бгъэм къыдэфагъэм
Къызбэч зэрефэ, шъэфэу ефызы:

– Шъоу бзэгу зыкъешӏы!.. Тамыгъэпыймэ,
Сыд зыуж итхэр?.. – Щамсэт еупчӏы.
– Сэ сшӏэрэр зы, тыркуе баймэ
Урысхэм екӏэ тафагъэуӏушы...

Машӏор къыкӏэнэшъ, шъузым къыӏуагъэр
Къызбэч ымыдэу джыри къыфедзы:
– Арэп, урысым сыд пыплъэгъуагъэр?! –
Инэплъэгъу стыры Щамсэт зэпебзы.

– Сыд пыслъэгъона... – къыӏо шӏоигъор
Къызэпиути, щигъэтыжьыгъ.
Къызбэчи пшъыгъэу, фэмыкӏэщыгъоу
Шъузым ӏуплъыхьэзэ, хэщэтыкӏыгъ.



Къокӏыпӏэ чапэм къекӏурэ мафэм
Шыгъэчъэхьаблэ сыд къыфихьыщт?
Сыдэущтэу митӏум бжыхьэпэ хафэм
Ипчэдыжьыпэ закъыфишӏыщт?

IX

Бжъакъокӏэ цужъхэм сэбахы пщагъом
Пхыраугъоныкӏзэ, кужъхэр зэращэх,
Хагъэщэтыкӏзэ, гъогу бгъузэ лъагъом
Шъолъыр уӏагъэр ыблэбгъу тыращэ.

Шыгъэчъэхьаблэу бгы блэбгъум исыр
Кӏуатэхэ къэси, нахь чыжьэ мэхъу,
Шыухэр дигъэхэзэ, лӏыжъы хьафизэр
Къызэтеуцошъ, ичылэ лъэхъу.

Іугъэнчъэ закӏэу онджэкъ чыифхэр
Ошъогу чӏы гъуанэм зэлъыкъокӏуадэх,
Гуӏэр ямафэу адыгэ цӏыфхэр
Ефыжьэгъаеу хымкӏэ лъэкӏуатэх.

Гухэкӏ-гукъаом зэшӏуитхьалыкӏэу,
Щамсэт ынапэ машӏор къыкӏехы.
Забыты упчӏэр бгъэгум дэмыкӏэу
Гум кӏиӏотыкӏэу джыри зэхехы:

«Тыдэ шъукӏощта?! Бэлахьы гъогум
Шъузэрэтехьэрэр зэхэшъошӏыкӏа?
Цӏыфы къинэжьрэп адыгэ чӏыгум,
Шъугу къыфэмыгъоу къызэшъонэкӏа?!»

Бгы чэпэ зандэм тыгъэр къызкъощым,
Загъэпсэфынэу цӏыфхэр къэуцух.
Хъугъэр амышӏэу анэ быдзыщэм
Сабыи цӏыкӏухэр гугъэнчъэу ешъох.

Къэхъугъэр сыдым фашIэна ахэм,
Ятэжъ-янэжъхэми ар зэхашIыкIа!..
Тыркуе чыжьэу чэщы мэзахэм
Сабый насыпхэр фэшъухьызэ, шъуекIа?

Хъурэр шъо шъушIэна, шъуятэу лIыбланэм
Ишы онэнчъэ епэгъогъохы,
Сэ синэнэжъы янэжьэу нанэм
Шъыгъо шъхьатехъор зэреубгъохы.

Зы лъэбэкъу дзыгъо шъуичIылъэ дахэ
ШъущыфимыфэуIаплIкIэ шъурахы,
Шъуичъыгы цIыкIухэр шъощ пае къэкIых,
Ахэр къышъулъэплъэх, къызэшъонэкIых.

Лаужъкъо къуапцIэм фэдэ мыцIыфхэм
Шъуикъушъхьэ чылэ зэряжъугъэпхъуагъ,
Тыркуе байхэу тхьагъэпцIы шъэфхэм
Урысы лъэпкъым пый шъуфашIыгъ.

**X**

Цубжъэ къопитIум къадэщрэ гъогум
Щэхъу ымылъэгъоу Щамсэт кум ис,
ГухэкIы пахъэр бзылъфыгъэ бгъэгум
Щызэтеуагъэу дизышъы, диз.

Гъыбзэ орэдыр зэхелъхьэ пIонэу
Щэрэхъ гъукIагъэм мыхъэр пэхъыкIы,
Къызбэч цужъитIур ригъэлъэкIонэу
Тыркуе гъогум икIо хегъэкIы.

Шыкъэрэ пэфэу кукIэм пышIагъэр
ШхоIум еуIоу мэхьакъу-жъокъу,
Щыщзэ кIэбгъулъышъ, шыбгъэ гъэшIуагъэр
ЛIыгъэкIэ кушъом къышIурегъэкъу.



Щагъдый джэгулэм гупшысэ дахэр
Къызбэчы ыбгъэ къыдегъэтаджэ,
Тырку къэлэ шъхьаIэу Стамбул урамхэр
Иш лъэбжъэ макъэ къызэлъегъаджэ.

Апэрэ чIыпIэр кучIэм зэрисэу
Шыгъачъэ зыхъурэм Къызбэч къыдехы,
Ар къэбар щытхъоу цIыфхэм ахизэу
КъызэфаIуатэу пашэм зэхехы.

КъерэIо закъуи, илъэIо псалъэ
Жэм къыдэмызэу пашэм къыфешIэ,
Хы ШIуцIэ орыр ипчъэIу щыуалъэу
Унэ зэтетыр ащ арегъэшIы.

Анахь чIыгу дэгъур Iапэ зэришIэу
Адыгэ цIыфмэ тынэу къараты...
Къызыщыути, ошIэ-дэмышIэу
Щамсэт къызэгъым, Къызбэч къэлъатэ.

– УзэкIокIыгъа, сыд къыпщышIыгъэр?–
Къызбэч губжыгъэу Щамсэт едысы.
Зи пкъырымыхьэу бзылъфыгъэ пшъыгъэр
Мэкъэнчъэ нэпскIэ гъызэ мэплъызы.

Ныгур гуIалэшъ, сабый къэмыхъоу
Пкъышъолым хэлъым ар тегуIыкIы,
Насып щымыIэр тырахы щыхъоу
Зыгорэм лъыхъузэ, гум зеутхыпкIы.

ЧылэлIхэр зэкIэ Щамсэт зырызхэу
Зи ахэмызэу джы егъэмысэх.
Ипсэлъэ лъыгъэ пиупкIэу, пибзэу,
Тамэ гомытми, бэмэ анэсы.

«ШъушIэрэр тэрэзэп зыIон лIы чылэм
КъыдэкIышъугъэп. Хэти зеушъэфы.

Гъэпцlэгъэ lофкlэ къэогъэ шыблэм
Имэшlодзыгъэ хыlушъом тефы.

Тичылэ модэ чlыкъопэ гъуанэу
Ибэу, шъхьэзакъоу тэ къыткlэлъэплъэ,
Цlыфымэ абгъэ lугъо лыгъуамэу
Къыдэурэм нэпсыр къыкlегъэлъэлъы…»

Гу зэкlэплъагъэм ошlэ-дэмышlэу
Щамсэт еlэтышъ, гъогум тетаджэ,
Цlыфхэм ар яджэу, lэхэр афишlэу
Бзылъфыгъэу чъэрэм къушъхьэр къегъаджэ.

Лъэси, шым теси, ку зэкlэшlагъи
Зэкlэ джэ макъэм зэтыреlажэх,
Зэрэ Щамсэтыр къызэлъашlагъэу
Къыlощтым пэплъэх, lуплъахьхэу ежэх.

– Сыд къыщышlыгъэр?..
– Шъхьащехмэ сшlэрэп?..
– Тхьа гущэр еуи…
– Зэ шъубыяу!..

– Адыгэ цlыфхэр шъузэхэкlуати,
Тшlэрэр тэрэзмэ тежъугъэгупшыс.
Зыуж тихьагъэм тэ тыхэкlуадэ,
Тшlэрэмкlэ, цlыфхэр, непэ тымыс!

Стамбуликlыжьэу зыуж тихьагъэр
Адыгэ кlодэу тэ къытхэхьагъ.
Лаужъкъо къуапцlэм тызэлъегъапцlэ,
Псырыкlы Тыркуми ер щызэхапцэ…

### XI

Ошlэ-дэмышlэу
Хым зыкъепхъуатэ,
Нэпкъым щыхъушlэу
Къызжэхэкlуатэ,

Орыпсы самэр
Мэбыбы, малъэ,
Синэпкъы тамэ
Къеошъ, мэлъалъэ.

Зэ хэщэlукlы,
Зэ хэщэтыкlы,
Зэ зыдедзые,
Зэ зыредзыхы.

Иуджы къашъо
Хэтэу къысеlо:
– Еплъэлъ, сыбгъашъо
Гъыбзэр къырэкlо.

Чlыгур дэгуlэу, къушъхьэр дэгырзэу
Гъыбзэ гухэкlыр къелъышъ, къызнэсы.
Гучlэм чlэlабэу бгъэр зэригъэзэу
Бзылъфыгъэ макъэм нэпсыр къыпэзы:

– Тапэкlэ тыплъэмэ, пщэгъо корени,
Тикъушъхьэ шыгумэ пщэр ятехъони,
Хэкур тэбгыни,
О-уи-ии!

Кужъы щэрэхъмэ гъогур агъаджэ,
lахьылыр къаджэмэ, темыгъотыжьи,
Хэкум текlыжьи,
О-уи-ии!

Ти lошъхьэмафэ гуlэу къытхаплъэ,
Сабыймэ тяплъмэ, тыгур мэлъалъэ,
Тшlэзэ тэунэхъуи,
О-уи-ии!

Сиджэнэ куплъи сыдэу сфэкІэкІи,
ЗигъашІэ кІэкІ хъунхэм тызэлъагъапцІи,
Тынасыпынчъи,
О-уи-ии!

Къухьэ онджэкъмэ кІыхьэу зыращы,
Тыгъэощэжьыгъэу Стамбул тыращы,
Хэкур тІэкІачи,
О-уи-ии!..[1]

Хыпсыр гурымзэ:
– Ащ нахь мы гъыбзэр
Сфызехьажьыщтэп,
Сфэщэчыжьыщтэп!

ЛІэшІэгъум къехъушъ,
Сиоры хэт.
НэпскІэ сещыушъ,
Сыдыджы дэд.

Зы сыхьат закъуи
Игурым макъи
Сыбгъэгуи дэкІрэп,
Сашъхьагъи икІрэп.

## XII

Бжыхьэпэ мафэм кІэпщыкІрэ жьыбгъэм
Уашъор ушъуашъоу зэлъегъэшхуашІэ,
Ошъутен шыгуфэу жэкІэф ищыгъэм
Пщэфы зырызмэ бгъэкІэ зыкІашІэ.

Дунаир зэкІэ зэлъыушъорэкІэу
Щамсэти плъэмэ, плъэмэ къыщэхъу,
Хьыкум лІыжъ купыр купы гущыкІэу
ЫІпашъхьэ ис. Сыдэу гопэгъух!



Лаужъкъо къуапцІэм ышъхьэ блэонэу
Ахэм къахэщэу Щамсэт елъэгъу.
Ным ищынагъо зэхешІэ пІонэу
Шъом хэлъ сабыир бзылъфыгъэм къегъу.

Чъыгэе гъугъэм кІэрыс хьыкумым
ДэжькІэ гумэкІхэу цІыфхэри маплъэх.
Зигъэрэхьатэу Къызбэчи шыми
Еупхъо фэдэу къэхъуштым паплъэ.

Адыгэ хабзэм зыригъэщыІэзэ,
МашІо кІэмылъэу лІыр зэхэстыхьэ.
Ныбджэгъум фэдэу шым дэгущыІэзэ,
Тутыным ыуж тутын ещыхьэ.

Мо пщэми огум зыреушъуакъо,
Ау жьыбгъэм ефмэ, сыд ишъхьэфит!
Чъыгы дэчъэхы пІонэу изакъоу
ЛІыжъмэ апашъхьэ Щамсэти ит.

– А пІуагъэр, сищащ, сыд къызхэкІыгъэр?–
Ефэндыр шъабэу Щамсэт къеупчІы,–
Хэт а гунахьыр угу къэзгъэкІыгъэр?–
Инэмазщыгъи ефэндым епчъы.

– Ар зыкІэсІуагъэр чІыгоу шъубгынэжьрэм
ШъухэдэІухьи, джэуап жъугъотыщт.
Тыгъуасэ сІуагъэм сырыкІэгъожьрэп,
Джыри къэсэІо, джыри шъосІощт!

Хъугъэр амышІэу хьыкумы лІыжъхэр
Зэплъ-къызэплъыжьхэу Щамсэт къегъанэх,
Ашъо къыхихэу ефэнд-хьаджэжъхэр
Бзылъфыгъэ кІыбым нэкІэ лъэбанэх.

– Мо нэхъоинчъэм,– ефэндыр къяджэ,–
Сыд, джэмэхьат, фышъуимурад?

17 Заказ 042

Iофым фэшъуашэр тэжъугъашIи, къуаджэр,
Марджы хъужьын, лъытэжъугъэкIуат.

## XIII

Гъогогъу зимыIэу мо пщэ пытхъафэм
Сыдым фишIэна чIылъэм къыщыхъурэр?
ЦIыфыр щэгуIэ дунэе хьафым,
Зы чъыгыр мэзэп, зизакъор къурэ!

Къушъхьэ лъэпачIэу чIыныбэ хашъом
Къинэгъэ цукур хыжьым зэпебзы.
Зыбзэ къытIупщи, къэгъыгъэ уашъом
Ынэпс-ощхыцэ цэрыцэу къедзы.

– Ащ такIымыгъумэ тыхэгъощэнэу
Ара джы ахэм къазэрэщыхъурэр?!
ЧъыIэр Iэбжъанэм дахьэшъ, сепщэнэу
Ара джы ахэм сэ къысапэсрэр!

Арэущтэу зыхъурэм, олахьэ занкIэу
Къушъхьэгумэ цукур апхырысщыным,
Шыгъэчъэхьаблэ олахьэ занкIэу
ТхьачIэгъы мэзми афычIэсщыным!–

КIэкIо гъэIагъэм чIэсы унагъом
Хихыщты лъагъом ишъэф зэхефы.
ГущыIэ фабэу Къызбэч къыIуагъэм
Щамсэт ыбгъачIэ гукъаор чIефы.–

Ем ащ фэдизэу зызэлъебгъэкIоу!..
Шъхьэр дэIэтайй, тIэкIу IугушIукI,
Къэхъугъэ щыIэп, – есэмэркъэу,–
Гъогоу тызтетыр къэмыгъэушIункI.

Тхьаркъожъы тхьапэу жьыбгъэм зэрихьэу
Шъофым ифагъэм Къызбэчи фэд.





Унэгъо цIыкIоу модэ зызплъыхьэу
Огу чIэгъым чIэтым сыдыр къыфэт?

Гъогу зэхэкIиблэу зыIууцуагъэм
Ащыщэу тара лъагъоу хихыщтыр?
Сыдым фишIэна насып унагъом
Ахэм яз лъагъо зытригъотэщтыр?

Къызбэчи плъэмэ, сыд фэдэ лъагъуи
А зы гухэлъыр атырелъагъо.
Щамсэти плъэмэ, занкIэу икъуаджэ
КIожьырэжьрэ гъогум гукIэ тетаджэ.

Ау сыдэу пшIына, гухэлъы нэпцIым
Къызбэч игъэрэу зыфаем ещэ...
Ари фимыдэу Фыщт къушъхьэ тхыцIэм
МэшIо къамыщыр шыблэм тырещэ.

ИпчыкIэ хъупскIэ кур зыфырэ лIым
Ышъхьагъ щыджэгузэ, къыщызэпэкIы.
Адыгэ чIыгур кужъ щэрэхъиплIым
Дунай зэблэкIэу ачIэгъы чIэкIы.

## XIV

Пыцундэ дэжьы къыщегъэжьагъэу
Хым дырекIокIэу ЦIэмэзы нэсы
ИкIыжьрэ цIыфмэ зыIуатэкъуагъэу,
Цукури цуку, лъэсыри лъэсы.

Ежьашъор ашъоу, Iэгушъом чIэплъхэу
Ахэр гумэкIхэу хыгумкIэ маплъэх.
Хы ШIуцIэ орхэр фыжьышэ-шэплъхэу,
ГугъуемылIхэу хыбгъэм щэуалъэх.

Зиджэнэтыпчъэ къафзэIуихынэу
ЗыIогъэ Тыркур джау мэгущыIэ.

Адыгэ лъэпкъыр хым рырищынэу
Къыгъэкlощт къухьэхэр тыдэ джы щыlэх?

Бгъэгъэнчъэ закlэу икlыжьрэ цlыфхэр
Мафабэ мэкъушъ, хынэпкъым тесых.
Чъыlалlэм естых ясабый-бынхэр,
Жьыбгъэр къахапщэ, осыр къатесэ.

Тхьамэфэ пчъагъэм ягъомылапхъэ
Арегъэухышъ, гъаблэр къахахьэ.
Плъыр-стыры узым ахэмэ абгъэ
Егъэзыхыгъэу зэхегъэстыхьэх.

Уахътэр кlо къэсми, къэнэтlэхэсхэр
Хыlушъо нэпкъым къыщыlотаджэх,
Зэкошъоожьхэу, къушъхьэ чlэгъ мэзхэр
Хьадэгъэ шъузхэм къызэпагъаджэх.

## XV

Щэджэгъо уахътэм хы тамэм тесэу
Апэрэ къухьэр нэпкъымкlэ къесэу
Къызбэчы плъэмэ, хыгум хелъагъо,
Гушlопсы нэпсым нэр егъэпщагъо.

Зэужы итхэу, чэзыу-чэзыоу
Цlыфхэр джы къухьэм зэлъыкlэрэхьэх,
Нэпсыр кlилъакlэу адыгэ ныом
Етlэ lэбжыбыр иджыбэ релъхьэ.

Ныхэм сабыйхэр абгъэ къакlачхэшъ,
Аlэ кlэзэзэу чlым рагъэбэух.
Къэлатхэр лlымэ къызыбгъодаххэшъ,
Сэлам ахыжьзэ, жьым щызэблэух.

Мэлы lэхъогъур пчъэ зэжъу дигъэкlрэм
Фэдэу тыркулlым цlыфхэр елъытэх.



Хьыны иныlо зыlыгъ къызхэкlрэм,
Кlэнакlэу моущтэу жэм къыдэлъэты:

– Мылъкунчъэу щыта а шъуздэкlожьрэр?
Шъузфаер зэкlэ ащ ижъугъотэщт.
Шъушlэхэлъ мыдэ, жьыбгъэу къыкlэпщрэр
Гъогогъу тфэхъуущтышъ, къыздедгъэlэщт.

Къызбэч lэдэжьэу ыlыгъ шыкъарэм
Тыркулlыр еплъы, нитlур lэпехы.
Псынкlэу къечъалlэшъ, lэ щифэу фарэм,
Мыхэр риlуалlэу Щамсэт зэхехы.

– Черкес шылъэпкъа, тхьапша ыныбжьыр?
Мыщ пеlэныш Тыркум къикlыщтэп!..
Ау сыдэу пшlына, цlыф къэзгъанэу мыр
Хым адырабгъу сэ сфищышъущтэп.

Ионэш чъэри къолъхьэшхо фэдэу
Къызбэч ещэи, къамыщри гуелъхьэ.
Ахэр земыдэм, губжыгъэм хэтэу
Шыкъэрэ пэфыр нэпкъым lуетlупщхьэ.

Кlэкlэу къегъазэшъ, иш кlэлъымыплъэу,
Шъхьэр шlозэу къухьэм Къызбэч ехьажьы.
Ар езгъэшlагъэм ыгу ебгъэу, фэплъэу
Лъыпсыр гум пыткlоу хьылъэу мэхьапщэ.

Къызбэчы плъэмэ, модэ ылъэгъурэр
Дэу гъэшlэгъона!.. Машlор къыхехы...
Ащ ишба тыркулlым къухьэм къырищэрэр?!
Ичъэ дыхэтэу нэлат ащ рехы:

– Сэщ нахьи мы шыр о нахь пфэшъуаша?!..
lэутlэ фишlзэ, тыркум тепхъашэ,–
Осэlо, къухьэм сишы къимыщ!..
– Мыдэ, хьаджрэтыр, ащ къыблэмыщ!..

Шхомлэкӏэ къуапэм етхъо римытэу,
Тыркулӏыр къеӏэшъ, Къызбэч къыӏуедзы.
Ар къызелъэгъум гуӏэм дыхэтэу
Лӏыхэм адэжьы Щамсэти къэсы.

Къызбэч къэмалъэм къырепхъотыкӏышъ,
Икъэмэ папцӏэ гъэпцӏакӏом хефэ,
Бгъэгум етхъожьзэ, къыхэкуукӏышъ,
Къухьэ джэхашъом тыркулӏыр тефэ.

Къэлат къэщагъэр тыращэягъэу
Щамсэт зелъэгъум, лӏым зыпэӏуедзэ,
О макъэм нитӏур зэлъигъэпщагъоу
Бзылъфыгъэ блэбгъур пцашӏом зэгуебзы.

Бырсыры макъэм урысы шыухэу
Хыӏушъом ӏутхэр къызэлъегъэсы.
Хъугъэр амышӏэу цӏыфмэ яупчӏхэу
Къэзэкъхэр яшымэ къызэлъяпсыхых.

Нэплъэгъу зэридзэу, бзылъфыгъэу щылъыр
Павел Амлинскэм псынкӏэу къешӏэжьы,
Щамсэт ечӏалӏэшъ, уӏагъэу телъыр
Бзылъфыгъэ блэбгъум къыщычӏегъэщы.

## XVI

– Джыдэдэм тхыдэм
Сэ къыпыздзэщт,
Гъыбзэпсэу схэтым
Макъэр естыщт.

Сынэпс щыугъэ
Нэкум ебжьыбжьэ,
Джы къызнэсыгъэм
Хычӏэр елыбжьэ.



Цӏыфы гухэкӏэу ынэгу кӏэкӏыгъэм
Хыгур гопэгъоу егъэгумэкӏы,
Мэшӏо жъокунчъэу къижъукӏзэ хыбгъэм
Зеӏэтышъ, хьапщэу хэгурымыкӏы.

Лӏэшӏэгъу илъэсмэ агъаеу тхыдэр
Хым къыӏотэщтышъ, чэзыур нэсы,
Псыдзэу къэуагъэм нэпкъ мыжъо пытэр
Шъэфэу ыгъэгъзэ, ткӏопсыр ӏэпэзы.

Зэхихрэр зэкӏэ зыӏожьын зылъэкӏрэр
Хы Шӏуцӏэ ӏушъом занкӏэу къэрэкӏу.
Къушъхьэ нэгуфхэм жьэу ядэхэкӏрэр,
Уичъэ щыгъэти, тхыдэм къедэӏу.

Къызбэч зэинчъэу зэкӏоцӏыпхагъэр
Къухьэ джэхашъом бгъашъокӏэ телъ.
«Сыд тхьамыкӏагъуа къытэхъулӏагъэр!..» –
Ар чъыӏэ-чъыӏэу ыбгъачӏэ чӏэлъ.

Сыдым фишӏэна хы нэпкъым щыхъурэр!
Жьыбгъэр ихьанцэшъ, къухьэр мэпсынкӏэ.
Сыда джыдэдэм Къызбэч ылъэгъурэр?
Огу бгъузэ чӏэнагъэр нэгум кӏэсыкӏы.

Къызбэч ушхугъэу зыдэщылъ чӏыпӏэм
Мычыжьэу, муары, къухьэлӏхэр щысых,
Ягъэр иӏофы фэхъущт ухыпӏэм
Мэкъэнчъэу ахэр зэдегупшысэх.

– Хъыен хэгъэкӏи, сысын фимытэу
Пхъэмбгъум тешъупхыхьи, хыгум тешъутӏупщхь.
Ыжь зэрэхэтэу, псэр зэрэпытэу
Хьитӏум хэкӏыгъэр хым терэпщэхь!..–

Iэутӏэ ышӏзэ, тыркулӏ плӏэмыием
Гъончэдж лъэпакохэр зэлъегъэгъуазэх.

Зизэкъо дэдэу, етlани чъые
Зимыlэ мазэм ом зыщегъазэ.

Къэхъущтыр ешlэ пlонэу гумэкlэу
Шыкъэрэ пэфыр гуlэу къэщыщы.
Ащ дыригъаштэу, хыбгъэр рижъукlэу
Ошlэ-дэмышlэу жьыбгъэр къыкlэпщы.

Зыфэе дэдэр къадэхъуышъ, тыркухэм
Нэплъэгъу гушlопскlэ зэlогушlукlых.
Адыгэ лъэпкъэу мо щысхэм агухэм
Хыжь шхъонтlэ чъыlэр пхырэшъуикlы.

Цlыфы гухэкlэу ынэгу кlэкlыгъэм
Хыгур зэридзэу егъэгумэкlы,
Мэшlо жъокунчъэу къижъукlзэ, хыбгъэр
Хьылъэу мэхьапщэшъ, хэгурымыкlы.

Яшхъухьэшlагъэ рыщтагъэх пlонэу
Хы сыджмэ хыбгъэм зычlаушъафэ.
Пщэгъо шъолъырыр ишъыгъо джанэу
Тыгъэми щыгъри уашъомкlэ нафэ.

Хъугъэр амышlэу хыбзыухэр кlыйхэу
Гуlэр анэгоу хыгум хэплъыхьэх.
Хыоры жъгъэйхэр ыгъэнэшхъэйхэу
Хыжьым игъыбзэ быбзэ зэхелъхьэ.

Щымыщы бжьыгъэу хыкlышъом телъхэр
Къызбэч зилъэгъукlэ ышъхьэ къепхъуатэ,
«Тыдэ къикlыгъа хьадэу мыщ хэлъхэр?!»
Плъэмэ къешlэжьых, ежьри мэкlуатэ.

Нэплъэгъур ыдз къэс, ичылэ цlыфхэр
Ормэ зэрахьэу Къызбэч елъэгъу,
Хыое дыджым ичылэ цlыфхэр
Хьазаб хидзагъэу Къызбэч къыщэхъу.



Ащ фэдэу lофыр адэ къыпщэхъумэ,
Лаукъом ихьадэ хым къыхэгъуат,
Зигъонэмысмэ ахэлъэу плъэгъумэ,
Пшъхьэкlэ къыпшlошlрэр убгъэ щыlуат.

Лаукъом ихьадэ зэрахэмылъыр
Пшlошъы о гъэхъу, сэ къыосэlо.
Бгъотмэ пшlоигъоу узылъыхъущтыр
Тыркуе чlыгум щхыпцlэу щэзекlо.

Псырыкl хьаджрэтмэ яхьапщып тlэкlоу
Зыдаштэгъагъэм ахэр текlуадэх...
Джы сыд иамала, зэрэнэку-нэпсэу
Хы сыджэу къилърэм Къызбэч епхъуатэ.

Псы чъыlэ папкlэу орыпс щыугъэм
Лlыгъэкlэ Къызбэч зыкъыжэдекlэ.
Мэзэ шъогъуабзэу огум щыпшъыгъэр
Хым адырабгъукlэ зэпырэсыкlы.

## XVII

Макъэу къэlугъэм къыгъэлъэтагъэу
Чэщы рэхьатым Къызбэч хэдаlо.
Апэ ит къухьэм къухьэр пышlагъэу
Цlыфкlэ ушъагъэу ыпэкlэ макlо.

Лъыджэгъу имыфэу хыр ушъорэкlэу
Уашъор ытхьалэу Къызбэч къыщэхъу.
Ауж ит къухьэр чlыпlэ имыкlэу
Адрэр lусыкlэу плъэмэ елъэгъу.

Къызбэч джыдэдэм сыд фэшlэшъуна,
Пхъэмбгъум тепхагъэу ушхугъэу телъ.
Къызбэч джыдэдэм сыд фэшlэшъуна,
Ежь шъхьэфитынчъэу хы бгъэгум чlэлъ.

Сабый гъы макъи цlыф куо макъи
Чэщныкъо хыгум къыхэlукlыжьрэп.

Хыр мэгурымы... Зыжь хэтыжь закъоу
Къызбэчэу дыйрэм зи зэхихыжьрэп.

Яшхъухьэшlагъэ рыщтагъэ пlонэу
Хы сыджхэм хыбгъэм зычlаушъафэ.
Пщэгъо зэикlыр ишъыгъо джанэу
Тыгъэми щыгъыр уашъомкlэ нафэ.

Хъугъэр амышlэу хыбзыухэр кlыйхэу
Гуlэр анэгоу хыгум хэплъыхьэх.
Хыоры жъгъэйхэр ыгъэнэшхъэйхэу
Хыжьым игъыбзэ быбзэ зэхелъхьэ!..

Къушъхьэ чlэгъ мэзхэр къызэлъигъаджэу,
Хыlушъо ныджыр къызэпигъаджэу,
Упчlэ джэуапым иджэрпэджэжьы
Хыор нэшхъэймэ къысфагъэсыжьы:

– Адыгэ нэпсэу тэ къытхэткlуагъэм
Узщыун кlуачlэ щыгъоу хэлъын!
Цlыфы гухэкlэу тачlэгъ чlэхьагъэм
Тэщ нахьы хышхуи фигъэдыджын!

Тхьамыкlэгъошхоу хым пэкlэкlыгъэм
Гууз хихыгъэу егъэгумэкlы,
Мэшlо жъокунчъэу къижъукlзэ, хыбгъэр
Хьылъэу мэхьапщэ, хэгурымыкlы.

Шыблэр ягъусэу фэигъорыгъоу
Тыркуе нэпкъым пщэхэр зэлъекlух...
–...Щамсэт щышlыгъэр сшlэмэ сшlоигъошъ,
Къысфэпlотэнэу, чыр, сыолъэlу.

**XVIII**

Шы пцlэгъоплъыщмэ алъабжъэ машlор
Гъогу мыжъо цакlэм къакlырагъэхы,
Файтон щэрэхъмэ ямыхъэ хашъор
Къызэпагъаджэу плъэрэм зэхехы.

–...Уlагъэу стелъыр хъужьыгъэу щытми,
Сыблэбгъу итыркъо тыркъоу къэнэжьы.
Сыд фэдэ дани еогъэбылъми,
Нэрымылъэгъоу ычlэгъ къычlэщы.

Адыгэ закъо чlылъэм тетыфэ,
Гухэкl-гукъаор ыбгъэ дэлъыщт.
Сэ сыщэlэфэ, лъфыгъэр псауфэ,
Тызыгъэпцlагъэм нэлат етхыщт!

Мэзэ заулэ нахь зымыныбжьыр
Янэ lуплъыхьэу плъызэу мэдаlо.
Сыдым фишlэна, ошlэмэ къаlо,
Мо шъэожъыем джы къыпыщылъыр?

Зыщыщы лъэпкъыр зэлъигъэфабэу
Сыд фэдэ тыгъэ къыфыкъокlыщт?
Гъатхэм дунаир джы зэрифапэу
Сыдигъо ичlыгу зызэlуихыщт?

Щамсэт ипсалъэ лъапсэу фэхъугъэм
Павел Петровичыр регъэгупшысэ.
Ежь ипачъыхьэу лыгъэр зыдзыгъэм
Шъэфэу епыйзэ, гукlэ лъэlэсы.

Плъырыгъэу ыбгъэ къыдэтэджагъэм
Мэстэпэ лъыгъэу ылы зыхесэ,
Ау къыхэмыщэу псалъэу къежьагъэм
Кlэух фимышlэу джыри къыпедзэ:

–...Уасlорэр игъоу пшъхьэкlэ олъэгъумэ,
Сшыпхъум уфэдэу тадэжь усщэн.
Орыкlэ ари мыхъунэу хъумэ,
Нахьышlоу хъущтыр нахь дэгъоу пшlэн.

– Сэ къэзгъэшІэщтым о къысфэпшІагъэр,
Сыд сищыІакІэми, сщымыгъупшэн,
Къиныгъоу зэкІэ къытпыплъэгъуагъэр
ДахэкІэ цІыфмэ афэсІотэн.

Гъэтхэпэ уахътэу сэбахьы кІасэм
Шыгъэчъэхьаблэ Щамсэт къэсыжьы.
Уашъор зыупІыцІэу пщэ шъхьэмыгъазэм
Ерэгъэ дэдэу тыгъэр къыхэпсы.

**XIX**

– Модэ зэхэтхрэр
Сыды орэда?
Щыща шъуитхыдэ?–
Къэджэх хыбзыухэр.

Хыри ардэдэм
Дыйзэ зэкІакІо,
Нэпкъэу зыдэтым
Дэплъы, мэдаІо.

Сэплъэшъ, къушъхьэхъум
Теты мэлахъом
Ымэкъэ къабзэ
Гум хэчэразэ.

Ичэпэ лъагэ
Уцыр щэсысы,
Иорэд дахэ
Хэти лъэІэсы:

«Нэфшъэгъо тыгъэм сызыдэтэджрэм,
Хэкоу сикІасэр сэ синэплъэгъу,
Гур сфэмыІажэу бгъэм зыдэлъэтрэм,
Сыздырищажьэу ренэу къысщэхъу.



Пщэ фыжь отэрых пІонэу симэлхэр
Хъурыхъоу чапэм щызэлъекІокІых,
Джахэм афэдэу сэ сигухэлъхэр
ГушІопсы нэфхэу бгъэм щызэІокІэх.

Нэм къыфэмыплъэу нэхъой зэикІэу
Гъунэ зимыІэр сэ синасып,
Къушъхьэгуи, хыгуи ашъхьагъы икІэу
Сыгу иорэди гум ерэбыб.

Зэкъош хэгъэгоу сихэку зыхэтым
Итыгъэ нурэ тыбгъэгуи диз,
Хэтхыгъэ гъогоу непэ тызтетым
Сигухэлъ дахи тизыбз».

– Ар тхыдэп нэнсэп,
Гуузы гъыбзэп,–
Хым иджэуап,–
Насып къэкІуапІ!

Гъыбзэр сиджабгъукІэ
Щызэхэпхыщтэп,
Ау хым адырабгъукІэ
Ар щыІурэп сфэІощтэп.

Орыпс щыугъэм
Зыкъегъэлъае,
Хы нэпкъ дыигъэм
Тхыдэр егъае…

1954

## ШЭКIУИЩ

Тыгъэр къуахьэу пчыхьэ зыхъурэм
Пшысэ нэфхэр чIым тетаджэх.
Къуаджи пщыпIи зыщалъэгъурэм
ГушIо нэгукIэ цIыфмэ яджэх.

Зым хегъахъо, зым хегъэкIы,
Хэт ишъыпкъи, хэт иIуши
Щыщы зыхъурэм икIэрыкIэу,
УмышIэжьэу ар къэкIэжьы.

Арэу зыхъурэм, къедэIущтыр
Моу сапашъхьэ къэрэтIыс,
МэшIо жъокуми пхъэ зытIущыр,
Мыдэ, палъхьи, къыкIэжъугъэст.

Сэ мы пшысэу къыхэсдзэщтыр
Къызежьагъэр боу бэшIагъэ,
Псэлъэ лъапсэу ащ фэхъущтыр
СишэкIуищмэ къяхъулIагъ.

### I

Шъыхьэ горэм уцы тхьапэр
ЗыIуилъакIэу ехъу, ехъу.
Чъыгы гъугъэу къобэ-бжъабэр
Ащ ыбжъакъоу уеплъмэ пщэхъу.

Фыжьи огуи Iэгум щизэу
ЧIыпIэ-чIыпIэу ышъо хэс.



Чыр къэсысмэ, бгъукIэ зидзэу
Шъыхьы щтапхэр мэкIэзэз.

Чъыгы шъхьапэм бзыоу тесым
ЦIацIэу, цIацIэу зыкъеIэты.
БгъэкIэ зидзэу, лъэгъо бгъузэм
Шъыхьы щтагъэм зыщепхъуатэ.

Ау гъэхъунэр зэпагъаджэу
Зэу шхончищыр къызэдао,
Шъыхьэр мэзым чIэмыхьажьэу
Щищыр кIахьэшъ, мэлъэпао.

ЗэрэмышIэу а шэкIуищыр
Шъыхьэ пщэрым ешэкIуагъ.
ЗэрэмышIэу джы шэкIуищыр
Боу щэрыоу зэдэуагъ.

Хэта зыер шъыхьэу щылъыр?
Хэт ратыщта? ТыдэIон.
Яззфэдэу шъыхьэм ыл
Зэфагощмэ хъугъэ пIон.

Ау шъыхьашъор щэу абзыщта?
Яззфэдэу агощыщта?
Шъыхьэм ышъо дахэ, шIагъо,
Ари хъунэп щыми аIо.

Ау шэкIуищмэ ащыщ горэм
Мы къэсIощтыр игущыI:
– Сыдыр тIоми, тищэ тIорэм,
Сыд къикIына, пкIэ имыI.

Нықъо-нықъоу шъыхьэ закъор
ТымыукIытэу зэIытхына?
Тэ лIышхуищым тынэкъуакъоу
Лы такъырыр чылэм тхьына!

ШакІо щыІэу хъугъэ-шІагъэу
Хэт щышІыгъэр къерэІуат,
ГъэшІэгъоныр къэзыІуагъэм
Шъыхьэ псаур етэжъугъэт.

Шъыхьэу щылъым дэжь пэблагъэу
ШэкІуищ лІыжъыр щетІысэхы.
Хъугъэ-шІагъэу къаІотагъэу
Мы къэсІощтыр зэхэсэхы.

II

– Мафэ горэм шэкІо факІоу
Къушъхьэ лъапэм сычІэхьагъ,
Щэджэгъуапэм пчэны къуагоу
КъэсыукІыгъэр скІыб ишІагъ.–

ШэкІо лІыжъым къырегъажьэ,
Икъэбари къырещажьэ.–
СэкІо, сэкІо, мафэр шІагъо:
Тыгъэр къепсы, уашъор къаргъо.

Бжьэ мышъхьахмэ «нынын» аІоу
Къэгъагъ тхьапэм зычІагъао,
ЧІыкъо пщэрым сэ сешакІо
ШІошІышъ, чъэзэ мэхьэбао.

Щтагъэу чъэрэм сылъэплъапэ,
«ЩыІэныгъэм нахьы лъапІэ
Сыд щыІэна?» – гукІэ сэІо.
Ар гупшысэ сфэхъоу сэкІо.

Ау мыщ дэжьым стхы ыуфэу
Жьыбгъэр шъуеу къыкІэпщыгъ.
А сыхьатми мэфэ нэфэу
Дунай нэфри къэушІункІыгъ.



Сыд къэхъугъэр сІуи, сишхончэу
Стамэ телъым сылъытхъуагъ,
Жьы мэкъэшхо къыпыІукІэу
СкІыб зыгорэ къытеуагъ.

НапІэр сІэти, сыкъызэплъэм,
Мэзы шъхьагъым сыщэбыб,
Хъурэр сыда, сыздэплъыем,
СызычІэлъыр бгъэшхъо ныб!

Сикъэмалъэ къамэу илъыр
Лъэтемытэу сэ къисэх.
«Ар умышІэ, умыплъыр,–
Гур ушъыеу зэхэсэх,–

АщкІэ бгъэжъым узэреоу
Ащ ылъабжъэ укъычІэзы...»
Аущтэу сшІымэ сэры-сэрэу
ЗысэукІы – сачІэгъ мэзы.

СакІыбышъо тІы тІыргуакІэу
Бгъэшхъо пабжъэр зэ къеуагъ,
Сыздэплъыем, ыжэ тІуакІэ
Сипчэн лъакъо дэслъэгъуагъ.

Ащ сызеплъым, сищынагъо
Сыпкъышъоли къырычъагъ.
Синасыпти пчэны къуагор
СакІыб пытэу ишІэгъагъ.

Мыжъосынхэм, къушъхьэ тыкухэм
Бгъэжъы джадэм сакъыблехы,
Тхъурбэпс фыжьхэу псы чъэр цІыкІухэм
Макъэу къатрэр зэхэсэхы.

Унэ лъэгум фэдиз хъунэу
Чы сачІэгъы чІэслъэгъуагъ.

Ащ сибгъэжъы тетIысхьанэу
Лъэшэу гукIэ сшIоигъуагъ.

Джыри бгъашхъор тIы тIыргуакIэу
Къысэуагъэу къысшIошIыгъ.
НапIэр хьылъэу, мэкIэ-макIэу
Сыщынапэу зэтесхыгъ.

Сызыхэлъыр къурэ, панэ.
Хъугъэр сыда? Сыкъэбанэ.
Шъхьэр уназэу мэчэрэгъу,
Джыри сахьэу сэ къысщэхъу.

Тэ сыщыIа? СызшIоIофэу
Тхыр уфагъэу сыкъэтIысы.
Муарышъ тыгъэр нэфы-нэфэу
Сигъэфабэу джыри къепсы.

Бгъэшхъо набгъор, сыда сшIэщтыр,
Чыжьэу, чыжьэу къушъхьэ тIуакI.
Тэ сыкIощта, ар зытетыр
Унэ лъэгум нахьы макI.

Шъхьэр къэсIэти ом сызеплъэм,
ШIуцIэгъитIур исэлъагъо,
Бгъашхъуа сэIо? Муары, къыблэм
КъибыбыкIэу нахь къэблагъэ.

Бгъэшхъо щырмэ сэ сашхынэу
Къэбыбыжьых, къызгурэIо,
Ащ атамэ тамэ сшIынэу
ГуIэр хэлъэу гум къысеIо.

Ау ащ дэжьым сипцэшIуащэу
Сэ стIупщыгъэр зым тефагъ,
Зэ ытамэ зэкIимыщэу
Адрэ щырри хэзгъэфагъ.

Бгъэжъы тамэр бгъэжъ шIыкIэу
СIапшъи слъакъуи агосшIагъ,
IитIур макIэу зэсыутэкIэу
Зесэгъажьэм – сылъэтагъ.

МэкIэ-макIэу сытэмаоу
СетIысэхэу сыфежьагъ...
Джар икъанэу псау-таоу,
Джар ишIыкIэу сыкъэнагъ!

КъыIотагъэм лIыр рыпагэу
Щысмэ къяплъы, лулэм лъэхъу,
Тэхътэ шъабэм лъэгэ-лъагэу
Тесы фэдэу ащ къыщэхъу.

### III

Щыми лулэу джы къаштагъэм
Тутын изэу раубагъ.
Бгъэм текIуагъэм къыIотагъэм
НэмыкI шакIом къыпидзагъ:

– Щэджэгъуапэм пчэным сешэу
СишэкIобы шъэфэу сис.
Мафэр жъоркъышъ, пкIантIэм лъэшэу
Пшъэр дестыкIми, сымысыс.

Сысысына, джы мыщ дэжьым
Пчэны кортыр псым къэкIощт,
Сысысына, сэ мыщ дэжьым
Пчэн Iэхъогъум сыхэощт.

Пчэн Iэхъогъур псашъо къэкIошъ,
СшIуабэ дашIэ – сяжэ, сяжэ.
Благъэу къэсмэ сяощт сэIошъ,
Къин сыхэтми, зысэIажэ.

Ау чIыныбэр ыгъэгырзэу
Зы гъог макъэ джы къежьагъ,

Пчэн Iэхъогъур ащ зырызэу
Шъхьэчъэ-псачъэу рифыжьагъ!

Чъыгы тхьапэр ыгъэтакъоу
Гъогы макъэр нахь къэтэджы,
Джэрпэджэжьыр шыблэ гъуагъоу
Тхьэмэз чIэгъы щыпэджэжьы.

Мэз гъэхъунэм сыкъызеплъэм,
СIэпкъы-лъэпкъхэр чъыIэ къэлIэх:
Мэзыкъожъыр, сэплъэшъ, блэм
Мыстхъэ чъыгым кIэретхьалэ!..

Блэр сыукIмэ, къо губжыгъэр
Мэхъэшагъоу къэбэнэщт,
Къор сыукIмэ, блэ ищыгъэр
Шъуеу, зидзэу къыслъежьэщт.

Ау сятэжъы сэ къысаджэ,
КъысиIуагъэр сшъхьэ къетаджэ:
«Хьазаб хэтым ублэмыкI,
Ащ уишIуагъэ о егъэкI!..»

ЦIыкIу-цIыкIоу къом ыкIыбы
ЛъэпэпцIыеу себгъукIуагъ.
Блэ шъхьэшыгум сишхончыпэ
Тезгъэпсыхьи, сыкъеуагъ.

Блэр зэ кIыий кIэпсэщахьэу,
Зэхэулалэу зэхэфагъ.
Мэзыкъожъыр, сеплъмэ, хьапщэу
Зэу сапашъхьэ къилъэдагъ.

Сикъэмашъхьи сIапшъэ чIэлъэу
Сэри чIыпIэм сыкъимыкI.
ГушIоу, гушIоу ар къысэплъэу
Зы лъэбэкъуи къыримыч.

Симыгъэкъоу, хэпырхъыкIэу
Къом сапашъхьэ зыритIагъ.
ЫкIэ псыгъо дыридзэкIэу
НекIо еIошъ, къысшIонагъ.

Хъугъэр хъугъэ, некIо сэIо,
Къом ыужы ситэу сэкIо.
ЧIыох горэм къом сыIуещэ,
Ежьыр пIомэ, гъом ар епкIэ.

Плъэгъу симыфэу, арыдэдэу
Къожъыр нэпкъым къыдэпкIыжьы,
Тыжьын къамэр ыжэ дэлъэу
Къысэубзэ, къысфещэи.

Къом итыны зыIысэхым
ГушIоу, пырхъэу ечъэжьэжьы.
Тыжьын къамэу сIапшъэ чIэлъым
Сеплъышъ, гъунджэу ащ сыкъеща.

ШъушIошъы мыхъумэ, мары къамэр,–
Къафещэи, – мары шъуеплъ,–
Жэм дэлъыгъэшъ, къожъы цапэр
Къытенагъэу ыкIэ телъ...

ШэкIо лIыжъмэ зэIэпахэу
Къамэм еплъых, агъэшIагъо.
– Мары къуацэр, – еIошъ дахэу
Къамэр зыем къегъэлъагъо.

## IV

Щым ящанэм зи рамыIоу
Ичэзыушъ, къырегъажьэ.
Мыгузажъоу, цIыкIу-цIыкIоу
Икъэбари къырещажьэ:

– Сэ бэшIагъэу, сикIэлэгъум,
Мы къэсIощтыр къысщышIыгъ.
Илъэс тIокIым е пшIыкIубгъум
А лъэхъаным сэ ситыгъ.

Шъыпкъэр пIощтмэ, хъугъэ-шIагъэу
ГъэшIэгъонэу ар щымыт,
ЛIыхъужъыгъэу шъо зешъухьагъэу
КъэшъуIотагъэм ар фэмыд.

Пчыхьэ горэм сыпшъыпагъэу
МашIо сшIыгъэу сыкIэрысышъ,
Сипчэныли ащ пыслъагъэу
Згъажъэ сIозэ, чыр къэсысы.

Сихьэджашъо ихьакъу макъэ
Спэмычыжьэу зэхэсэхы,
Чъыг къутамэм шIохэлъагъэр
Сишхончыжъышъ, къыпысэхы.

Хьэр зыгорэм зэрехьакъурэр
ИгуIакIэ къыстырепчъэ.
Хъунэп сэIошъ, ихьакъу макъэ
КъыздиIукIрэм дэжькIэ сэчъэ.

Хьэм зишхыхьэу, хэпкIэщт фэдэу
Орыжъ Iушъор зэпечъыхьэ,
Ытыкъыны нэсы хэтэу
Зы цIыф горэ саем чIехьэ.

(Блэр зыукIи, къамэр тынэу
Зэратыгъэм зыкъешIэжьы,
Джа чэщ хьылъэм чIыпIэ къинэу
Зэрытыгъэр гум къэкIыжьы.

Хьэр мэбанэ... Мэзы... Чэщы...
Гум къэкIыжьы, нэм къыкIэщы...
Илъэс щэкIым, муары, нафэ,
Зылъыхъугъэм джы пэкIафэ...)



Орыжъ гупчэм чэщ мэзагъом
Лъагъо хэчъэу хэсэлъагъо,
Лъэтемытэу сытелъадэ,
Гур сIэпэкIы, бгъэм щэлъатэ.

Сэтхъошъ цIыфыр, сылъыгуIэу,
Орыжъ саем IэкIэсэчы,
Джар ишIыкIэу хьадэгъуIэу
Ащ теIагъэр шъхьэрысэщы!

Ау кIэлагъэ сэ зесхьагъэ:
Хэт ущыщ сIоу сеупчIыгъэп.
Ащ ыужы бэ тешIагъэр,
ЗыкIи шакIор слъэгъужьыгъэп.

БлэукI шакIом мэкIэ-макIэу
УпкIэ паIор къызыщехы,
ПкIантIэр натIэм тырилъакIэу
Моущтэу къыIоу зэхэсэхы:

– ЦIыфым ыпсэ нахьы лъапIэ,
ЩыIэныгъэм нахь гугъапIэ
Сыд щыIэна, скъошы кIас?! –
ТIуми IаплIкIэ зызэрадз...

Шъэогъу цIыкIухэр, хъурэр зэкIэ
Зэхэшъоха, шъумычъый,
Шъухэчъые еIошъ, мыкIэ
Сэ мы пшысэр къысэгый.

Мищмэ яззу анахь лIыгъэ
Хэт, къысашъуIолъ, зэрихьагъ?
Шъыхьэ псэнчъэу джа щылъыгъэр,
СышъоупчIы, хэт IукIагъ?

1955

## НЫСЭ

### I

Пчэдыжьыпэм жьы зыIуищэу
ЛIыжъы пагэу Къарбэч щыс.
Чысэ шъхьаIур ащ зэIуещы,
Тутын Iугъор ыжэ диз.

«Сыда адэ къехъулIагъэр,
ЛIагъа сэIо Бэгъолъагъо?..»
Гъогу напцэу уцы плIагъэр
Лъапэм чIэлъэу ар къэлъагъо.

ЖэкIэ кIырэу зэхэкIагъэр
Пыжъы панэм фэдэкъабз,
КъэгущыIмэ, Iупшiэ жакъэр
Пщигъэгъупшэу лIыжъы жабз.

Тутын Iугъор игъорыгъоу
Зэшъэогъухэм зэлъагъэу,
Шъхьэр узыныр ямыгугъоу
Тыгъэ пэзым зырагъэу.

ЯкIэлэгъур пхъэтэкъэжъым
ЛIыжъэу тесмэ къаIэтыжьы,
ЛIыгъэу ахэм зэманыжъым
Зэрахьагъэр агу къэкIыжьы.

Ахэр чIадзышъ, колхоз Iофым,
Ятхьаматэ тегущыIэх.



Ощхыр къещхмэ, губгъо шъофым
Фэфедэщтышъ, ащ кIэгуIэх.

Ядэжь почтэр къыдэкIыжьэу
Къарбэч плъэмэ джы елъэгъу.
Зыщэлъэтышъ, ыIэ кIищэу
Щагум псынкIэу ар елъэхъу.

### II

Чынэ шъхьакор осы куум
Быоу, чачэу хэчэразэ,
Чынэ пIонэу джэхэшъогум
Мерэм гушIом тырелъасэ.

Къыфахьыгъэр бгъэм чIифызэу
Жьыфы фэдэу мэчэрэзы,
ОкIэ зидзэу, мыкIэ зидзэу
Унэр зэкIэ мэкIэзэзы.

Къашъом хэтэу тхьапэм еджэ,
ГушIом хэтэу куоу ежьэ:
– Азмэт къещэ! Азмэт къещэ!
Тхьэр къысати, Зурэ къещэ!

Столым телъэу гур мэлъатэ,
Мыекъуапэ ар дэлъадэ.

Институтым изалышхоу
Актов залым джэгур чIэт.
Зурэ готэу Мерэм ышэу
Азмэти къашъо пэт.

Чэрэз чъыгэу апэ дэдэу
ТIэмыгъакIэм игушIуагъо
ТIуми анэ кIэты фэдэу
Мерэм плъэмэ, акIелъагъо.

Уашъор зышъоу залы кIашъом
Люстрэ блэрыр къеблэблэхы,
Гъэтхэ хашъом имэIашIур
УзIэпищэу мыщ къычIехы.

Зурэ пчэгум Мерэм рещэ,
«Мира! – еIошъ, Мерэм еджэ,–
УиеджакIэ сыдэу хъура?
Урысыбзэр къин къыпфэхъуа?»

Столым телъэу класс япшIанэм
Мерэм исэу джы къыщэхъу.
Урысыбзэр мо и Зурэм
АригъэкIоу ащ елъэгъу.

Къызщэлъэтышъ, тхылъым еджэ,
Iэгум теоу куоу ежьэ:
– Азмэт къещэ, Азмэт къещэ,
Тхьэр къысати, Зурэ къещэ!..

Ау зыгорэм къегъэлъатэ:
УпчIэ хьылъэр гум щэлъатэ:
«Азмэт къещэ, ау ар татэ
Къытфидэщта, сыд ыIощта?..»

### III

Бэгъолъагъо тутын псынкIэу
Лулэ шIуцIэм риубагъ,
Къарбэч унэм икъисыкIэ
Гъунэгъу лIыжъыр ыгъэпагъ.

«Къэбар мышIур щыIа сэIо?..» –
ХэушъыкIэу Къарбэч лъэкIо.

Унэр зэкIэ зэлъиIэтэу
Къарбэч цIацIэу ащ зэхехы,


Пхъэ упкIафэр зэрэлъатэу
Псэлъэ плъыгъэр пчъэм къыдехы:

– Сищыгъыни моу къысэт!
Тэ щыI уянэ?..
– Фермэм нанэ
ЗэрэкIуагъэу джыри къэт.

– Мыекъуапэ, еIожь, сэкIо!–
Унэм къикIзэ, Мерэм реIо.
Зи ымышIэу Бэгъолъагъо
Хые дэдэу загъэлъагъо:

– Арэп, Къарбэч, пчыкIэм фэдэу
Очъэ цIыфмэ уамышIэжьэу! –
Ишъэогъум лIыжъыр готэу
ФыреIокIы къыхэмыщэу.

Къарбэч джэуап къымытыжьэу
Губжыгъаеу хьаблэм текIы,
Бэгъолъагъо нэр зэфищэу
Шъхьэр Iэтыгъэу джы феплъэкIы:

– Iофы горэ уиIа сэIо?..
– Райисполкомыр къэджэшъ, сэкIо...

### IV

Къарбэч чылэм зэрэдэкIэу
Грузовикым итIысхьагъ,
Имашинэ ыуж кIэкIэу
Сэпэ пщагъор итэджагъ.

«Исхьакъ фэдэу лIыжъы шIагъом
Неущ таущтэу сыд еcIона?
Сэ бэшIагъэу згъэблэгъагъэм
Ынэ таущтэу сыкIэплъэна?

Илъэс пчъагъэм димыгъакӀоу
Пхъорэлъф цӀыкӀур къытегъажэ.
Ащ ыдэжьы псэлъыхъуакӀо
КӀорэ пстэури зэлъегъачъэ...»

Чъыгы лъапсэр чӀыгум куоу
Зэрэхахьэу игупшысэ
Лъэпсэ дэчъкӀэ пкъыр зэлъикӀоу
Хьылъэ-хьылъэу гум етӀысхьэ.

«Ятэм ятэм шӀомылӀыкӀэу
Къышъуфэсэщэ еӀошъ, къетхы.
Сэ сиӀуагъэ ащ зэпикӀэу
НэмыкӀ пшъашъэ къысфыхехы.

Ар сэщ фэда зэрашӀапхъэр?! –
ХэгубжыкӀзэ, хэупчӀыкӀы,–
Мыщ ышӀэнэу ригъэжьагъэр!..» –
Гур мэжъажъэ, пэжъэжъыкӀы.

V

Джэхэшъогум Мерэм тетэу
Гупшысабэм зыӀэпащэ,
Бгъэ губжыгъэр зэтеутэу
Щыдыбжь пӀонэу гум жэхапщэ.

– Сыда сшӀэщтыр, сыда сшӀэщтыр?
Нанэ дэжьы сэ сыкӀон,
Ӏофыр моущтэу зэрэщытыр
ЗэкӀэ, зэкӀэ есӀотэн!

Ары шъхьакӀэ Мыекъуапэ,
Муары, татэ джы мэкӀуапэ.
Мыхъун Ӏаджи ӀэкӀэшӀэщт,
Сшынахьыжъи ецӀэцӀэщт.



ТӀыгурыгоу гур ӀэпэкӀы,
ПчыкӀэ хъупскӀэу гум мыр къэкӀы:
«ТелеграммкӀэ Азмэт дэжь
Сытеощт, къэрэкӀожь...»

Жьыбгъэм фэдэу ӀуфэфыкӀэу
Мерэм почтэм къыкӀэчъыжьы,
Фермэм, янэ дэжь дэмыхьэу,
Школым занкӀэу ар къэсыжьы.

Сыхьатихыр илъэсихэу –
Мерэм цӀыкӀур регъэзэщы,
Ау еджэныр зэриухэу
Унэм, ядэжь джы къэчъэжьы.

Мерэм янэу Аминэтыр
Чэтмэ яджэшъ, щагум дэт.
ЫӀэбжьымы натрыф-шкъуныр
ЧӀизэу чэтмэ ащ арет.

Ныр зелъэгъум шыблэ гъуагъоу
Тегъогъуагъэр щыгъупшагъ,
ПсынкӀэу Мерэм ным гушӀуагъоу
РиӀотэщтым ыпхъотагъ.

– Нан! – ӀаплӀ рещэкӀы.
– Сыд къэхъугъэр? – мэгумэкӀы.
– Азмэт къещэ!.. Зурэ къещэ!..
Зэхэоха, Азмэт къещэ!..

Аминэты натрыф щалъэр
КъыӀэпэзы, къыӀэкӀэзы.
«Азмэт къещэ...» гукӀэ псалъэр
КӀиӀотыкӀэу мэкӀэзэзы.

– НекӀо, нынэ, унэм некӀо,–
Аминэты гуӀэу къеӀо.

Нэмыз-Іумызкlэ Мерэм янэ,
Мерэм янэ жэхэбанэ:
«УцІэцІэщта ори адэ?!.»
Дыд хаІугъэу ар къэлъатэ.

Дэпкъ сыхьатэу сыхьат бзэгум
МокІэ зедзы, мыкІэ зедзы,
ПцэшІо хьылъэу джэхэшъогум
Ит рэхьатым гур зэІебзы.

Аминэти мэгупшысэ,
Іэпкъы-лъэпкъыр зэкІэсысэ.

Зэо кІуагъэм Азмэт ятэу
ХэкІодагъэр гум джы къэкІы,
МэкІэ-макІэу еІушъашъэу
ІаплІы шъабэр пхъум рещэкІы:

– КІалэм къещэ джы ыІони,
Шъуятэ гущэ боу гушІони...

## VI

Телеграммэр псынкІэ дэдэу
А сыхьатым Азмэт ІокІэ.
Къежьэжьыгъэу гъогум тетэу
Азмэт мапэ, мэгумэкІы.

«СызкІащэжьрэр унэм сыда?
Афэстхыгъэр къысфамыда?..
Іофмэ тянэ ащыгъуаз,
ГушІогъагъэ, сыфэраз.

Хьауми тянэ кІэгъожьыгъа?
Е зыгорэ къыщышІыгъа?..»

Пкъэуи чъыги гъогубгъу сапэр
Къауджыхьэу зэдэлъатэх,



Ащ яхьщырэу гупшысабэр
Азмэт ышъхьэ къышІуелъадэ.

## VII

Тыдэ кІоми, тыдэ тІысми,
Ным гупшысэр ыуж ит.
Щытми щысми, щысми щытми,
Гум зыгорэ къыфемыд.

«...Мыекъуапэ джа сызэкІом,
Азмэт ишъэф сигъэшІагъ.
«Зурэ къэсщэщт» къызысеІом,
«Оры фитыр» – сыпсынкІагъ.

Аминэты чэмыр ещы,
Ежь-ежьырэу зэцІэцІэжьы:
«Сыда сэІо, сыпсынкІагъэп,
Ащ мыІуапхъи сэ есІуагъэп».

Щэ щэлъэшхо Аминэты
Пытэ-пытэу джы къеІэты,
Модэ плъэмэ, Бэгъолъагъо
Щагум дэтэу ащ делъагъо.

– Райисполкомыр къызэджагъэр
КъэкІожьыгъа, Аминэт? –
Бэгъолъагъоу къэупчІагъэр
Джэуап ежэу щагум дэт.

ЫІон, ышІэн Аминэты
ЫмышІэжьэу тІэкІурэ щэты.
Ау етІани къыгурэІо:
«Типщ еушъэфы...» – гукІэ еІо.

– Унэм къихь, Бэгъолъагъу,–
ЛІыжъыр унэм регъэблагъэ,–

Сэ зы IофкIэ акъылэгъу
Сыолъэlу, о къысфэхъу.

– Райисполкомыр непэ типщы
Къеджэу ыIуи, къыуиIуагъ,
Ау ар шъыпкъэп. Шъаом дэжьы,
Мыекъуапэ типщы кIуагъэ.

Ти Азмэты шъхьагъусэгъу
Къыхихыгъэу къытфэтхагъ.
СшIэщтыр сшIэрэп, акъылэгъу
Къысэхъул I, Бэгъолъагъу.

Бэгъолъагъо ибэщ пакIэ
Жэпкъы псыгъор тырегъакIэ:

– Ары Iолъ...– псалъэр тIо-щэ
КIеIотыкIы, – Азмэт къещэ.
Хьау, сищащ, хьау, сищащ,
ОсIошъущтэп «къемыгъащ».

### VIII

Мерэм непэ зэгоутэу
Шэу зэжагъэр къыфэкIожьы
Азмэт ыпэ Мерэм итэу
Хъугъэ-шIагъэр къырейожьы.

«Армэ Iофэп... Армэ фоIэп...» –
Азмэт кIозэ, зэушъыи,–
СIорэр сшIэрэп... Мыр мыIофмэ,
Iофыр сыда?!» – Гум егыи.

«Типщ IукIагъа кIалэм сэIо?!» –
Ным ичъыIалIэ бгъэм щэзекIо.
Къарбэч пшъыгъэу, Къарбэч пагъэу,
Улэугъэу къегъэзэжьы.

Ау ащ ыбгъэ, даIолъ адэ,
ТIыгурыгоу гур щэлъатэ.
Лъыр зэрефэ, лъыр мэуалъэ,
Iэгу къэлапчъэм ар екIуалIэ.

Къэлэпчъэпсым Iэр нэмысэу
Къарбэч ыбгъэ гур къытео:
«Къыщэгъахэу, унэм исэу,
Сихьэжьыщтми сшIэрэп,– еIо.–

Пщынэ макъэ, арэп, къэIуа?..
Хьауми, аущтэу сэ къысщэхъуа?..–
Щтэгъэ-щтагъэу къызэкIакIо,
Лъэпэпцlыеу ар мэдаIо.–

Хьау, зи щыIэп...» – унэм ехьэ,
Исыр зэкIэ зэпеплъыхьэ:

– Арэп, кIалэ, пшIэрэр сыд?!
Узфыщытыр ори сыд? –
Аминэти зыфырехы,
Псэлъэ стырым мэшIожь пехы.

Ипщ ыпашъхьэ «хьау» зымыIоу
Илъэс щэкIым зэкIэлъыкIоу
Къэзыхьыгъэу Аминэт
КъызэкIэнэ – машIом фэд.

Дэпкъ сыхьатэу сыхьат бзэгум
МокIэ зедзы, мыкIэ зедзы,
ПцэшIо хьылъэу джэхэшъогум
Ит рэхьатым гур зэIебзы.

– Сятэжъ сиIэп, сыдэIощтэп, –
КIалэм ыIоу зэхэсхыгъэп.
Аущтэу щытмэ секIолIэни
ЫнэкIашъо кIэсыутыни!..


18 Заказ 042

– Зы гухэлъ ишъухъохьыгъэу
Яни ыкъуи шъузэкъот!..–
Къарбэч псалъэм риутыгъэу
Ащ нахь къыIон емыгъот.–

Синасыпти, къысхэкIыгъэу
Чылэм дэсэу пхъу сиIагъ...–
Къарбэч лIыжъыр къэтэджыгъэу
ИкIын ыIоу пчъэм Iэбагъ.

– Уисын пIомэ, мары, типщ,
СабыитIури улы щыщ.

## IX

Джацыужэу чэщ рэхьатым
Урам бгъузэм Къарбэч тет,
ЦIыфы гори мы сыхьатым
Дэмысыжьым чылэр фэд.

Ошъо шIункIыр бзако пIонэу
Хьылъэ-хьылъэу чIым тегъуалъхьэ.
Мо Къарбэчэу пхъум дэжь кIонэу
Зигухэлъым ылъ мэуалъэ.

Зэ гурымэу, зэ хьэбаоу,
ХэщэтыкIэу Къарбэч макIо.
«ЛIыжъ осэнчъэу, сылъэпаоу
Унэ гупсэм икI къысаIо.

Пчэдыжь цIыфмэ къысэшъушIагъэр
ЗызэхахкIэ, шъо шъулъэгъун:
ЦIыкIуи, ини, пыий, благъи
Гъусэ зэкIэ къысфэхъун.

ШъуIощти шъушIэщти шъумышIэжьэу
ПсынкIэу садэжь шъукъэчъэн,

ШъушIэгъэ IофкIэ шъукIэгъожьэу
ТыкIэгъожьы къысэшъуIон».

Чэщ рэхьатым гур зэпекIы,
ТIэкIурэ макIошъ, къызэплъэкIы.
ШIункIы нэкIым ар хэдаIо:
«Хьау, зи щыIэп...» – макIо, макIо.

## X

Тым ымакъэ лъэтемытэу
Сас къешIэжьышъ, къызщэлъэты:
– Чэщыныкъом, моущтэу сыдэу
УкъэкIонэу хъугъа, тят?

– ХьакIэ тиIэшъ, сыкъэкIожьы...–
Къарбэч кIэкIэу пхъум реIожьы.
– Тыдэ къекIы пIуагъа, ал?
– Мыекъуапэ щыщы кIал...

Чъые IэшIум пхъорэлъф цIыкIоу
Хэпэзагъэм дэжь екIуалIэ,
Бэрэ, бэрэ зи ымыIоу
Шъаом еплъы, мыр реIуалIэ:

– УичъыякIэ уятэ фэд,
Ащ ишэнхэр къыпхэфэщт.
КIэлэ дэгъоу сикIэлэхъу,
Уятэ фэдэу тэ къытфэхъу!..

Сас гъомылэу къыфиштагъэм
Къарбэч нэкIэ емыплъыгъ.
ПIэ тошымэу фиушъагъэм
Хэгъолъхьагъэу ар хэлъыгъ.

Нэр еупIыцIэшъ, къэкIо-накIоу
ЦIыф зырызхэр ащ елъэгъух.

«ПшӀагъэр тэрэз» ахэм аӀоу,
Дырагъаштэу ащ къыщэхъу!..

«Сычъыягъот» гукӀэ еӀо,
Ау гупшысэр къышӀутекӀо.

МэцӀэхъуахъо, мэцӀэхъуалъэ,
Шъхьэр мэузы, гур мэуалъэ.
Къарбэч ядэжь щыӀэу щэхъу,
Сэбахь кӀасэм пкӀыхь елъэгъу.

Зэо кӀуагъэм щыфэхыгъэу
Азмэт ятэу, ежь икӀалэ
«КъыпфэкӀожьы!» еӀошъ, пшъыгъэу
Шъэожъыер жъым къечъалӀэ.

Къарбэч куоу, быты-бытэу
Зыщэлъэтышъ, ыкъо пежьэ.
ӀаплӀ рещэкӀышъ, ыпэ итэу
Исабыи унэм рещэ.

«Скъо узынчъэу, заом псаоу
КъызикӀыжькӀэ ащ къурмэн
ФэсшӀыжьынышъ, уашъом кӀаоу
Сэ хъярышхо зэхэсщэн...» –

Мыр Къарбэчы ыӀогъагъэу,
Инэузырэу, чӀыфэу телъышъ,
Ащ ыужы ар ихьагъэу
Ишъэжъые джы егъэлъы.

Ау шъэжъыем ымышӀахэу
Къарбэч лӀыжъыр шӀоӀэбагъ.
Ӏэ уӀагъэм етхъошъ, ыгуи махэу
ПкӀыхь зылъэгъурэр къэлъэтагъ.



## XI

Чэм дэфыгъом къыкӀэтаджэшъ,
Аминэти унэм къекӀы.
ЦахьышӀэгъоу иӀэр Сасэшъ,
Ащ реӀуатэ игухэкӀы.

Сас ыӀупшӀэ ецэкъэжьэу
Чэмыр ещышъ, къегъэзэжьы.
– Пытэу шхэри, школым кӀо,–
Лагъэр ритзэ, шъаом реӀо.

Джэхэшъогум Къарбэч рэкӀо.
– Тыгъопчыхьэ зэкӀэ пшӀагъэр,
Тыгъопчыхьэ о бгъэхъагъэр
СшӀотэрэзэп! – пхъум къыреӀо.

«Мыдэ, мыдэ спхъу закъуи
Сегъэмысэ...» – егъэшӀагъо.–
Ӏэ уӀагъэр сыд? Ар пкӀыхьэ.–
Пхъум къыӀуагъэр гум етӀысхьэ.

## XII

Непэ Къарбэч зыми мыкӀоу
КъимыкӀыхэу унэм ис.
Ау гукъаор зи зымыӀоу
ЛӀыжъэу щысым ыбгъэ диз.

«Арэп адэ дэу мы чылэм
Ныбджэгъу-шъэогъу дэмысыжь...
Сыд япшӀэщтыр?!» – цахьмышӀылэ
Хъугъэу лӀыжъыр зэдысыжь.

Ау етӀани шъхьангъупчъэм
ЛъэпэпцӀыеу ар екӀуалӀэ,
Цӏыфы горэ урамычӀэм
Ислъэгъона еӀошъ, маплъэ.

Унэ кӀоцӀым къаты-къатэу
Ит рэхьатым фэдэ дэд
ПӀоми хъунэу нэр ыгъащтэу
А урамми рэхьат тет.

«Зы цӀыфыпси щыӀэп, тобэ.
Шъэожъыер бэрэ къэты.
Зэ еджапӀэм къикӀыжьыгъот...» –
Гупшысаем Къарбэч хэты.

«Хъунэп, моущтэу сӀэ зэтелъэу
Сыщысынэп» – унэм къекӀы,
ГумэкӀыгъор нэгум кӀэлъэу
Гъогу лъэныкъом ар реплъэкӀы.

Ощыр ештэшъ, пхъэ ыкъутэу
Щагум лӀыжъыр джы дэуцо.
Игупшысэ гум риутэу
Iоф къыкъокӀышъ, егъэгушӀо.

Зы бзылъфыгъэ етӀупщыгъэу,
Ефыжьагъэ фэдэу къакӀо.
Бзэгухьэжъыр фаусыгъэу,
Ар тенагъэу цӀыфмэ раӀо.

Ощы макъэм псынкӀэу чэум
БзэгукӀыхьэр къырещалӀэ.
«Сыд къэхъугъ шъуӀо?..» –
ЛъэпэпцӀыеу щагум даплъэ.

ЛӀыжъым ощыр пхъэм жэхесэ.
– Аферым! – кӀэкӀэу педзэ:–
Уигукъао сигукъао,
Панэ фэдэу ар къысхао...

Пхъэ жъынч макъэ нэмыкӀ мыӀоу,
Ар джэуапэу, цӀыкӀу-цӀыкӀоу
ЛӀыжъым ощыр деӀэтае,
ПхъэӀушкӀэныр егъэлъае.

## XIII

Къэрэгъулэ джы нычхьапэ
Ичэзыушъ, Къарбэч ежьэ.
Чылэ школым идэхьапӀэ
ЛӀыжъы горэ къыкӀэлъэджэ.

ЗэмыплъэкӀзэ, ар зымакъэр
Къарбэч шӀэхэу къыгурэӀо.
Ау, етӀани, а къэджагъэр
ЗэрегъашӀэ: – Хэт ар сэӀо?

– Сэры... Исхьакъ... – къелъэкӀонэу,
Чэунэз шӀункӀым, ныбжьыкъу пӀонэу,
Шъэфы-шъэфэу ар къыхэкӀы,
Сэлам къехы, мэгумэкӀы:

– Сэ зыгорэ зэхэсхыгъэ,
Зэхэсхыгъэр шъыпкъэу щыта?
– Шъыпкъэ, шъыпкъэ... – пшъыгъэ-пагъэу
ЛӀыжъым къеӀо: – Сыд сыфита!..

– Ары Ӏолъ!.. – мыпсэлъэжьэу
Исхьакъ псынкӀэу егъэзэжьы.

## XIV

Бэгъолъагъо фэмыщыӀэу
Унэм къекӀы: «Хьау, сыкӀон.
Сигукъао мыучъыӀэу
Сишъэогъум сэ есӀон...»

Шэщ къэлапчъэр Бэгъолъагъо
IуегъэкӀотышъ, Ӏэгум дахьэ.

Щагу шlункlыр зэпеплъахьы,
Ишъэогъуи ащ делъагъо.

Къэрэгъулыр къэтэджыгъэу
Чэщы хьакlэм, лlыжъым пежьэ.
Ау ымакъэ зэхъокlыгъэу
Ишъэогъум Къарбэч еджэ:

– Апэрапшlэу, Бэгъолъагъу,
Сыоупчlы: улъэlуакlуа
Е щысакlоу укъысфакlуа?
Апэрэмэ гъэкlэрахъу!

Гучlэм чlэлъыр къыфэмыlоу
Бэгъолъагъо бэрэ щэсы.
Ау гукъаор цlыкlу-цlыкlоу
Ытыкъыни къышlунэсы.

Ащ джы, муарышъ, «ибэджакlэу»
Тутын lугъор егъэутысэ,
Уцы дыджым мэкlэ-макlэу
Гу бэгыгъэр егъэтlысы.

Лулэм кlэшъух,
Мэгущыlэх.

–...Мор синыс, мыр синыс
Джы щыlэжьэп, ар хэхыжь!..
Ащ нахь чыжьэ унэмыс,
Унэм, Къарбэч, зыгъэзэжь.

– Сыолъэlу: жэр скlэрых,
Ащ хьалэлэу пlастэ рыш!
Сэ сиунэ сыпхъу дэжь! –
Бэгъолъагъо жэдесэжь.

Дыс джэуапым Бэгъолъагъо
Егъэгубжы, ар гухэкl.

Къарбэч еплъы, егъэшlагъо,
Гукlэ еlо: «Тэмакъ кlэкl».

Джы мэзакlэу ом къихьагъэр
Мо лlыжъитlумэ яшыхьат.
Чъыгы тхьапэу чlым тефагъэр
Зэхэпхынэу чэщ рэхьат.

Лулэм кlэшъух.
Мэгущыlэх.

– Къызгурэlо, сэшlэ зэкlэ,
Ау етlани сшъхьэкlэ, спсэкlэ
Сэ а нысэм сыфэмый,
Ащкlэ хэти сырипый.

## XV

Мафэм ыуж чэщыр итэу
Хэукъончъэу къыкlэлъэкlо.
Дунай бгъашъхьэм пытэ-пытэу
Щыlэкlэгур чанэу тео.

Зяти зяни зимыlэжьэу,
lахьыл, лыщыщ зымышlэжьэу
Лlыжъы ибэу Къарбэч щыс,
Ар ижъышъхьи кlэгупшыс.

Пхъорэлъф цlыкlур лlыжъым дэжьы
Гуlэу, гуlэу къыфэчъэжьы:
– Тат, а тат, сомитlу къысэт!
Кино клубым къащэ пэт!..

Лlыжъым бохъщэр къызэгуехы,
Сомэ кlэпсыр ащ къыдехы:

– Кино сыкlоу сэ сихабзэп...
Ау сомитlур ащ ыуасэп.

– Сом ыуасэр, ау сизакъоп!..
– Гъусэу уиlэр сэ сидаоп.

Ау уигъуси, сипхъорэлъф,
Билет оlошъ, къыфэщэф,–
Сомэм сомэ гъусэ фешIы,
ЕгъэкIуатэ, пчъэр дыфешIы.

Ау ылъэгъугъэр гъэшIэгъоны:
Пхъорэлъф цIыкIур елъэкIоны,
Пшъэшъэжъыем ар голъадэ,
Нэшхъо цIыкIушъ, дахэшъ адэ!..

– НекIо, некIо, псынкIэу некIо,–
Пшъэшъэжъыем гушIоу реIо.
Клуб къэлапчъэр ащ фыIуехы,
Гъогури ритэу тIэкIу фыдэхы.

КъыщышIыгъэр Къарбэч сыд?
Мыхъыяхэу, пчъэм дэжь щыт.
ЛIыжъым ышъхьэ егъэсысы:
«МыщкIэ Азмэт сэгъэмысэ!..

Сэры-сэрэу ахъщэр къасшти,
Яээфэдэу ари ясти,
ШъукIу киноум сэ ясэIо,
Ащ нысащэр къыкIэлъэкIо!

Сэ нахьыжъыр сэгъэмысэ!..» –
Зэдысыжьы. Мэгупшысэ.
Щэбзэ щагъэу зэу Къарбэчы
Игупшысэ къызэпэчы.

Оридадэр жьы коренэу
Лъатэу, жъынчэу, чыжьэу къэIу.
Зыщэлъэтышъ, елъэкIонзэ,
Шъхьангъупчъэм Къарбэч екIу.



Пынджыр бзыгъэр пIуакIэ, пIуакIэ,
Ащ дунаим Къарбэч реплъы.
Хъяр насыпым икъэкIуакIэ
Къарбэч фаеп, гукIэ фелъы.

КIэлэцIыкIухэр оридадэм
Зыфапхъуатэшъ, фыпэгъочъых!
Сабый нэкоу ошъо шхъуантIэм
Пщэ шIуцIэжъхэр епшых, епшых...

1956

## ЗЫ ШIУЛЪЭГЪУ ИТХЫД

Мерэм ыбгъэ мэшIожъокур
Хэта, хэта дэзтэкъуагъэр?
Нэпсым есты, есты нэкур,
Хэт гу цIыкIум хэуIагъэр?

Дунай нэфэу фыжьы бзэпсым
ЕшIэ дэгъоу, ар щыгъуаз.
Ехьы нэпсым, ешхы нэпсым,
ШIулъэгъу кIуачIэр мэшIотхъуабз.

Зытебдзагъэу, гоо-гуапэр,
Дэу ерышы ар пшIыгъапа?
Бзыу джэгулэу тыдрэ къуапэ,
СикIэлэгъур, уибыбагъа?

### I

Тпэмычыжьэу тичылапшъэ
Дэсэу сшIэщтыгъ сэ зы пшъашъэ.
СэркIэ, сэркIэ Мерэм дах,
Ау ДжэхьфаркIэ Мерэм паг.

Аррэ сэррэ тхьапшрэ, тхьапшрэ
Щагу еджапIэр къэтчъыхьагъа?
Пшъэшъэжъыем тхьапшрэ, тхьапшрэ
НэшIу-шIулъэгъукIэ сыгу фэсхьыгъа?

КIалэ горэ лъычъэу слъэгъумэ,
Фэсымыдэу лъэбгъу есэдзы.
Джэхьфар Мерэм кIэрыт хъумэ,
Сызэредзэ, гур сIэпэзы.

Джэхьфар гукIэ сыфэмышIуми,
СеIэсэкIы, сепэсакIо.
Тичэужъи семылъэшъуми,
Селъэ сэIошъ, сэгъэдаIо.

Сыдэу псынкIэу, псынкIэу уахътэр,
ТымышIахэу танэIу уикIра?
Сыдэу псынкIэу, псынкIэу хъуатэр
ПсынэкIэчъми зэринэкIра?

Сыдэу псынкIэу къушъхьэпс чъэрыр,
УгуIапэу хым зыфэпхьра?
Сыдэу шIэхэу пцIэшхъо щырыр
Нэбгъо унэм ибыбыкIра?

### II

Сщыгъупшэщтэп а гъэтхапэм
Ипчэдыжьы идэхагъэр!
Сэры апэ, Мерэм апэ
Сэлам тхылъкIэ сызфэтхагъэр.

«ШIу олъэгъу... ШIу олъэгъу!..»
Кукумяур къаджэ, къаджэ.
«Ау Джэхьфари ар елъэгъу!..»
Къандж джэмакъи гум къетаджэ.

Си Мерэми бэрэ, бэрэ
Усэ IаджкIи сыфэтхагъ,
НэмыкI уси бэрэ, бэрэ
Сэрышъыпкъэм сыфеджагъ.

Чэмыфыжьы тызыдэкIрэм
ЗэIукIапIэу ар тиIагъ,

Инэплъэгъумэ сазыкӀэкӀрэм
Тыгъэ пӀонэу ар сашъхьагъ.

Сщыгъупшэщтэп а гъэтхапэм
Ипчэдыжьы идэхагъэр!
Сэры апэ, Мерэм апэ
ШӀулъэгъу тхылъкӀэ сызфэтхагъэр.

Си Мерэми иджэуапы
Исатырхэм сяджэ, сяджэ,
Гум зепхъуатэ!.. МэгуӀапэ!..
Лъыгъэ зехьэ еӀошъ, къаджэ.

Турник гъучӀэу гъучӀы мыгъор,
Сыд емыкӀуа къысэпшӀагъэр?
Ӏэпшъэ махэу Ӏэпшъэ мыгъор,
Дэу емыкӀуа къысфэпхьыгъэр?

Си Мерэми сыд а чӀыпӀэм,
Сыд а чӀыпӀэм ыгу щышӀагъэр?
Джэхьфарыжъми сыд а чӀыпӀэм,
Сыд а чӀыпӀэм ыгу къихьагъэр?

Турник гъучӀэу гъучӀы мыгъор,
Ора кӀасэр къэзгъэчъагъэр?
Ӏэпшъэ махэу Ӏэпшъэ мыгъор,
Оры Джэхьфар згъэгушӀуагъэр?..

Сыдэу псынкӀэу, псынкӀэу уахътэр,
ТымышӀахэу танэӀу уикӀра?
Сыдэу псынкӀэу, псынкӀэу хъуатэр
ПсынэкӀэчъми зэринэкӀра?

Сыдэу псынкӀэу къушъхьэпс чъэрыр,
УгуӀапэу хым зыфэпхьра?
Сыдэу шӀэхэу пцӀэшхъо щырыр
Нэбгъо унэм ибыбыкӀра?



Июнь мазэм ауж мафэр
Тэмэрыхьэу тэ къытфехьы,
ТиеджапӀэу тэркӀэ мафэр
ЗэтэнэкӀышъ, гур зэхахьэ.

ХъяркӀэ, хъяркӀэ турникыжъыр,
КъысэпшӀагъэр сщыгъупшэщтэп.
ХъяркӀэ, хъяркӀэ къужъ чъыгыжъыр,
О егъашӀэм сыгу уикӀыщтэп.

III

А лъэхъаным гъогу зэхэкӀмэ
ЛъэныкъуитӀукӀэ тэ татехьэ.
А гъэ дэдэм Мерэм дэжькӀэ
Джэхьфар къалэм зырегъэхьы.

Сэ къушъхьэхъум а гъэмафэм
Джэбэгъ дэжьы Ӏахъо сэкӀо.
Сыгупсэфрэп, Ӏоф сыхафэ,
«Джэхьфар, Джэхьфар» гум къысеӀо.

Ау ар зэкӀэ, зэкӀэ, зэкӀэ
Лэгъо-Накъэ сщегъэгъупшэ,
Си Мерэми усэ гохькӀэ
Сыфэусэ, сыфэхъупхъэ.

Си Мерэми къызбгъодэтэу
Къушъхьэ шыгум сыдэплъые,
Си Мерэми гур дэзгъотэу
НэшӀукӀэ къушъхьэм сыдэсые.

Си Мерэми сигугъапӀэу
Ощхи ошъуи сапхырэкӀы,
Си Мерэми сипкӀыхьапӀэу
Чэщы Ӏаджи къысфыхэкӀы.

Сызфэзэщрэм ыцӀэ ощкӀэ
Пхъэтэкъэжъым хэсэӀучӀы.
Сыфэсакъзэ, шӀулъэгъу ӀофкӀэ
Джэбэгъ лӀыжъми сэ сеупчӀы.

«...Тыгъэ фабэр къытфемыпсмэ,
ЧӀылъэм сыдыр иамал?
ЩыӀэныгъэр хэткӀи зымэ,
Гум рихьыщтри зы, сикӀал...»

## IV

Налы цакӀэм лъэгъо бгъузэм
МэшӀо бзыир къыхеуты,
Сионэшэу шы гоузым
Ичъэ макъэ бгыр реуты.

Мыекъуапэ сикъэлэшхо
Къызыслъэгъурэм гур мэгушхо.
Си Мерэми гум къетаджэ,
Ащ Мерэми щырагъаджэ.

Сыды пае Мыекъуапэ,
Сыды пае урам къуапэм
СыкӀуи, Джэхьфар сыӀукӀагъа?
СыкӀуи, Джэхьфар сеолӀагъа?!

– О фэсапщи, о фэсапщи! –
Сызилъэгъурэм къыспэгъочъы.
КъысфешӀыпэ шъхьакӀэ шъхьащэ,
Слъэгъузэ, слъэгъузэ ышъуи пэчъы.

Сыды пае сэ ащ дэжьым
Джэхьфар ипцӀы седэӀугъа?
Сыды пае а пчэдыжьым
Уанэм зиздзи, згъэзэжьыгъа?!

## V

Си Мерэмы сэлам тхылъыр
Къызигъэхьрэм, къушъхьэр дахэ.
Си Мерэмы сэлам тхылъыр
Къызигъэхьрэм, уашъор лъагэ.

Си Мерэмы сэлам тхылъыр
Къызигъэхьрэм, гур мэбыбы.
Си Мерэмы сэлам тхылъыр
Къызигъэхьрэм, гур къэушъэбы.

Ау къэхъугъэр сшӀэрэп, сшӀэрэп,
Мазэ хъугъэшъ, къысӀукӀэжьрэп.
Хъугъэр сшӀэрэп, сшӀэрэп, сшӀэрэп,
Сэлам тхылъри къысфэкӀожьрэп.

Си Мерэмэу, кӀасэу кӀасэр,
Сыды пае о ащ дэжьым,
Си Мерэмэу, кӀасэу гупсэр,
Сыды пае а пчэдыжьым

ПшӀошъ бгъэхъугъэу гум егъаштэу
Джэхьфар ипцӀы уедэӀугъа?
Сыды пае дапштэу, дапштэу
Джэхьфар ипцӀы пшӀошъы хъугъа?!

Мыекъуапэ псэлъыхъуакӀо
СыщыӀагъэу о къыуаӀо...
Шъыпкъэп ар! Шъыпкъэп ар!
ПцӀы, Джэхьфар, пцӀы, Джэхьфар!

Илъэс псаур, илъэс псаур,
Адэ бзыум дэу уфэда?
Сыд гукъаор, сыд гукъаор,
Бгъэм о бэрэ удэлъыщта?!

ДзэкӀо кӀалэм, дзэкӀо кӀалэм
ШӀулъэгъу тхылъыр етхы къалэм.

Зы къэбари, зы къэбари
КъикIрэп Мыекъуапи.

Дзэм хэт кIалэр, дзэм хэт кIалэр,
Къэсы, къэсы мэфэ пIалъэр.
Сыд джы пшIэщтыр, о уеджэщтба,
Институтми учIэхьащтба?

ДзэкIо кIалэр, дзэкIо кIалэр,
Узщеджэщтыр тыдрэ къала?
ДзэкIо кIалэр, дзэкIо кIалэр,
Сыдэу адэ угуIала?!

### VI

Сыдэу псынкIэу, псынкIэу уахътэр,
ТымышIахэу танэIу уикIра?
Сыдэу псынкIэу, псынкIэу хъуатэр
ПсынэкIэчъми зэринэкIра?

Ори Джэхьфар, ори Джэхьфар,
Сигупшысэ ухэкIыщтба?
Ори Джэхьфар, ори Джэхьфар,
Зэ санэIуи уикIыжьыщтба!

Къэлэ пстэуми якъэлашъхьэ
Шъуз-унагъо сэ щысиIэу,
Къэлэ пстэуми якъэлашъхьэ
Садэтхъэжьэу, садыщыIэу

КъэбарыкIэу чылэм щаIоу
Си Мерэми ар зэхехы,
Къэбар мышIур къызэреIоу
Си Мерэми егъэтхытхы.

Ащ фэдэпцIыр хэта, хэта
Си Мерэмы езгъэIугъэр?
Ащ фэдэпцIыр сыда, сыда
Сичылапшъэ къызфекIугъэр!



Сэ Мерэмы сыIорэкIи,
Симыхьакъыр гурыIощт.
Шъыпкъэп зэкIэ, шъыпкъэп зэкIэ
Си Мерэми сэ есIощт!

### VII

ЧIы гъукIагъэр ощх зэрежэу
Сэ а мафэм сыпэплъагъ,
Сигукъао бгъэм дэсIажэу
Чылэ кIоным сыфэлIагъ.

Сэлам, чылэу чылэ дах,
Сэлам, ори сибгы лъаг.
Иураммэ сакъырэкIо,
ЕлъэкIонба гум къысеIо.

Къэсэлъэгъушъ, турникыжъыр
Лъэпэрапэу гур нахь елъы,
Пхъэтэкъэжъым тесы лIыжъыр
ИгумышIукIэ сэ къысэплъы.

Сыды пае, а тат, та-ат,
Нэплъэгъу дыскIэ укъысэплъра?
Сыды пае, а тат, та-ат,
Унэпцэфмэ уакъычIэплъра?!

КъаIо чылэр, сыда чылэр,
Сэ мысагъэу къыспэбгъохрэр?
О зыр ари сигуIалэ
Икъытео зэхэзыхрэр.

Джыри зыми а гу цIыкIур,
ПшIошъы гъэхъу, ыуцIэпIыгъэп.
Мыхъо-мышIэр сшIи, емыкIур
СакIыб илъэу къыпфэсхьыгъэп.

Сэплъэшъ, слъэгъурэр сыда, сыда,
Мо къэкIуитIурэр хэта, хэта?

Къэсэшӏэжьы: си Мерэм ар!
Джабгъум щытыр?.. Ар Джэхьфар!

Си Мерэми шъхьэр къыӏэтрэп.
Напӏэр хьылъэ, плъэгъуи ритрэп.
–...О фэсапщи, о фэсапщи!..–
Джэхьфар ыӏэ къысфещэи.

Мэшӏо дзыгъэм сесты пӏонэу
Кӏэкӏэу, псынкӏэу къэсэгъазэ,
Чылэгъунэм селъэкӏонэу
Сыкъыдэкӏышъ, гур мэӏасэ.

Джэбэгъ лӏыжъэу лӏыжъ гупсэфым
Имэл хъупӏэ сежьэ, сэкӏо,
Сигукъао сэухыфэ,
Сикъэбари ащ есэӏо.

Джэбэгъ лулэм тутын релъхьэ,
Реубыхьэ, кӏегъэстыкӏы.
Ӏугъо гъуапчэр жьым хетӏупщхьэ,
Тӏэкӏу щысыгъэу хэщэтыкӏы:

– А къэбарри зэхэсхыгъэ...
Шӏулъэгъу мыгъор чысэ пхыгъэ.
Илъыр хафа? Сыд фэпшӏэн,
Зыпкъудыйрэм, зэхэпшӏэн.

Бзыу джэгулэу тыдрэ къуапэ,
Сикӏэлэгъур уибыбагъа?
Зыкъэбдзыгъэу, гоо-гуапэр,
Дэу ерышы сыпшӏыгъапа?!

Мо бзылъфыгъэм мэшӏожъокур
Ыбгъэ хэта дэзтэкъуагъэр?
Нэпсым есты, есты нэкур,
Хэт гу цӏыкӏум хэуӏагъэр?



Шъхьэнтэтебзэу фыжьы бзэпсым
Дэгъоу ешӏэ, ар щыгъуаз.
Ешхы нэпсым, есты нэпсым,
Шӏулъэгъу кӏуачӏэр мэшӏотхъуабз.

Хъурэр сыда, сылъэкӏуатэ,
Си Мерэми зыкъепхъуатэ.
Ынэкӏушъхьэ къызэкӏанэ,
Ау Джэхьфари къылъэбанэ.

## VIII

Игъорыгъоу ошъо чапэр
Сэбахь пасэм къыдэшэплъы.
Фыӏокӏоты имэфапэ,
Джэхьфар нэжгъкӏэ ащ фычӏэплъы.

Лъэсы лъагъоу лъэгъо бгъузэр
Джы Мерэми зэренэкӏы.
Пчэдыжь тыгъэр ащ ылъэгъузэ
Бгышъхьэ пакӏэм къыкъосыкӏы.

Си Мерэмы ышъхьац налъэ
Тыгъэ бзыймэ къагъэуалъэ,
Си Мерэмы ылъэмакъэ
Чылэ пшъашъэр егъэсакъы...

Сыдэу псынкӏэу, псынкӏэу уахътэр,
Тымышӏахэу танэӏу уикӏра?
Сыдэу псынкӏэу, псынкӏэу хъуатэр
Псынэкӏэчъми зэринэкӏра!

Бзыу джэгулэу тыдрэ къуапэ,
Сикӏэлэгъур, уибыбагъа?
Зыкъэбдзыгъэу, гоо-гуапэр,
Дэу ерышы сыпшӏыгъапа?!

1947–1962

## КЪЭГЪАГЪ IЭРАМ

ПхъашIэр унэм
Ипхъэцу теуцо,
Лъагэшъы ынэ
Огум щэгушIо.

Иощы лъыгъэ
Тыгъэм пэлыды,
Нэфыпсым ыбгъэ
Бгъэхэлъ къыхедэ.

Сыдэу игъуаджа,
Джы нэс ышIагъэп,
Арэу икъуаджэ
ЗыкIи теплъагъэп.

КIасэм улъэхъуа,
Гупсэр олъэгъуа?
Къэщэнри дахэ,
Зытетри лъагэ…

ЧIадзышъы Iофхэр,
ЕчъалIэх цIыфхэр,
Къэхъугъэр сыда?!
Мо щылъыр хэта?!

Нэр къытырихъоу
Пщагъор зэблэкIы.
Зэпэчэрэгъоу
ЧIыгури къечъэкIы.



Унищ зэтетым
Ышъхьагъы дэдэм
КIалэр къефэхы,
ЗэпекIы ытхы.

Сымэджэщым
Шъхьэр щэуназэ.
Чэщ-мэфищым
Ащ щеIазэх.

Зыщагъэгъуазэ,
Зэпырагъазэ.
Псыпсыр тырапхэ,
ПхъашIэр гумахэ.

ХегъэщэIукIы,
ХегъэкуукIы.
Фыгуцэ пкIантIэм
Зэлъепхъы натIэр.

Апэу ынапIэ
Непэ къеIэты.
Нэплъэгъур лъапIэ,
Жъажъэу зэлъеты.

Тыдэ сыщыIа
ЕIошъ, мэгуIэ.
Зыхэлъыр фыжьы,
Уцыр къебжьыбжьы.

БлэкIрэ урамыр
ЗэгъокIэу щэхъу,
Къэгъагъ Iэрамыр
Плъэмэ елъэгъу.

Хэт къэзыхьыгъэр?
Ащ егупшысэ.
КIэлэ пхэхьыгъэр
Бэмэ анэсы.

Сыда сыхъужькӀэ,
СыкъэтэджыжькӀэ?
Ситхыбыщагъэ
Хэт ищыкӀагъа?!

Сымэджэщым
Шъхьэр щэуназэ.
Мэфэ тӀокӀищым
КӀалэм щеӀазэх.

КӀэлэ шъогъуабзэр
Зэпырагъазэ.
Псыпсыр тырахы,
НэмыкӀ тырапхэ.

БлэкӀрэ урамыр
Жъотэу къыщэхъу!..
Къэгъагъ Ӏэрамыр
Къахьэу елъэгъу.

ЫӀупшӀэ къуапэ
ГушӀор къыщежьэ,
КӀасэр къыфакӀо,
Гум зыкъешӀэжьы!..

1948–1962



## ПКӀАУХЭР

ШъошӀа пкӀаумэ чэщ мэзагъор
Орэд жъгъыукӀэ зыкӀырахрэр?
ЧӀыгуи уашъуи ягушӀуагъо
ЗэлъиӀэтэу закӀынэсрэр?

### I

ПкӀаумэ япщэу пщы нэкӀуер
Шым ешэси, шакӀо кӀуагъэ.
ТхьакӀумкӀахьхэр, сенэгуе,
Арщтын щтагъэх зыкӀаӀуагъэр.

Чэщ-мэфищы хъугъэшъ пкӀаухэр
Япщэу къэтым ежэх, пэплъэх.
Чэщ-мэфиблым блэкӀышъ, ахэр
ГумэкӀ хэтэу шъофым щэлъэх.

Къэбар Ӏаджи икъэтыкӀэ
Пылъэу хэкум щызэрахьэ.
Хъунэп аӀошъ, икӀодыкӀэ
Зы куп чылэм щызэхахьэ.

– Цубжъэр къеуи ыукӀыгъа?
– Тхьаркъожъ чӀэгъым чӀэкӀодагъа?
– Мэзы цунэм хэгъощагъа?
– Е пцэшӀуащэм пщыр Ӏуихыгъа?

Хъунэп, хъунэп къехъулӀагъэр
Тэ тымышӀэу тызэхэс.

Къэтлъыхъуэщтышъ Iэгъо-благъор
Шъуишмэ, елбэт, шъукъяшэс.

– Эй, джыгытхэр, шъуионэшмэ
Мыдэ псынкIэу шъуагоуцу!
– Эй, джыгытхэр, шъуилъэрыгъмэ
Пытэ-пытэу шъуарыуцу!

II

Шъофи, губгъуи, хъуати, мэзи
Зэрагъафэ, зэIашIэжьы.
НэмыкI чIыпIи ахэр нэсхи,
Къамыгъотэу къагъэзэжьы.

Жьыбгъэ тIэкIуи бжыхьэ ощхым
КIэтэу къещхы, кIуаджэ мэхъу.
Шыухэм модэ, модэ охым
Зы нэфынэ къыщалъэгъу.

Куп уцуагъэр, куп уцуагъэр
Гъозэ нэфым зэрещалIэ.
ПкIаухэм арышъ ягушIуагъор,
Унэм Iохьэх, щагум даплъэх.

ТхьакIумкIахьыр унэм къекIы,
Къафэчэфэу къапэгъокIы:
– О шъуеблагъэх, шъукъеблагъэх,
ХьэкIэ мафэу сипкIау благъэх.

ТхьакIумкIахьым къэбэскъашъхьэр
ПкIаумэ хъоеу къафеупкIатэ,
ШъухаI еIо, шъоф сэнашъхьэр
Лагъэм изэу къегъэкIуатэ.

Шхыны, IэшIум зытIо-зыщэ
ХьэкIэ-пкIаухэр хэIэбагъэх.
Чъыер къэошъ, шъхьэр зэрещэ,
Арэу ахэр пшъыгъэх, пагъэх.



ТхьакIумкIахьым къэбзэ-лъабзэу
ПIэ фыжьыбзэр къафешIыжьы.
Джыри жьыми, ямыхабзэу
Куп уцуагъэр мэгъолъыжьы.

Сэри сшIэрэп зыфэдизыр
Ахэм пкIыхьэу алъэгъугъэр.
СшIэрэ закъор – агуи щизэу
Чъые IэшIукIэ хэчъыягъэх.

III

Сэбахь пасэу нэфышъагъор
Къызэрэсэу къыкIэтаджэх,
Мэкъэ жъгъыукIэ Iэгъо-благъор
ХьэкIэ-пкIаумэ зэлъагъаджэ.

– Сыд къэхъугъэр, сыдэу псынкIэу
Гъогум адэ шъутехьажьра?
ШъугумэкIэу, шъугунэкIэу
Шъуионэгуи шъуитIысхьажьра?

Тыгъопчыхьэ зы пшысэжъи,
Къэбарыжъи къэшъуIотагъэп.
Е орэди, е гъыбзэжъи
Шъуфэчэфэу къыхэшъудзагъэп.

Шъуибысымы шъугу ремыхьа,
Е къин горэ шъуикIыбрыхьа?

– Тибысими боу тыгу рехьы,
Ищыгъу-пIасти зыдэтэхьы.
Ау тэ, пкIаухэр, гухэкI мыгъо
Тыхэфагъэшъ, тегъэшъыгъо.

Зы пщы закъо тэ тиIагъэшъ,
ШакIо зэкIом къэкIожьыгъэп.
Чэщ-мэфиблэ тылъыхъуагъэшъ,
Псаоу, лIагъэу къэдгъотыгъэп.

Къехъулӏагъэм тыщыгъуазэп,
Джар гукъаошъ, тхэолъагъо.
Лӏыгъэу тхэлъым зи ыуасэп,
Уипщ кӏодыныр – тхьамыкӏагъо.

– Ари шъыпкъэ, – хьэкӏэ-пкӏаумэ
Тхьакӏумкӏахьыр ялъэӏущт, –
Арэу зыхъурэм шъубыяумэ,
Зы къэбари шъуедэӏущт.

– Тибысымэу бысымгуащэр,
Ащ ӏо хэлъа, тыкъэдаӏо, –
Дырагъаштэу япкӏау пащэ
Зэрэкупэу къызэдаӏо.

## IV

– Зэ зэгорэм насыпышӏоу
Лӏымрэ сэррэ тыщыӏагъ,
Тагъэчэфэу, тагъэгушӏоу
Щыр цӏыкӏуитфи тэ тиӏагъ.

Ау щыритфри псы къиугъэм
А зы мафэм ытхьалагъэх.
Хэт ышӏэна титӏо а гъэм
Ткӏэхэкӏыгъэр? Тшъхьаци тхъуагъэ.

Ащ ыужым щыр цӏыкӏуитӏуи
Къызытфэхъум, хъяр ар тӏуи,
Бжыхьэ реным тыгушӏуагъ,
Бжыхьэ псауми тэ тыпӏуагъ.

Тхьамыкӏагъор къыздикӏыщтыр
Та лъэныкъуа, тэ щыпшӏэна?
Псэм щыщ шъыпкъэу пӏэкӏэсхыщтыр
Мары ыӏоу къыуиӏона?!

Зэпымыоу чэщы реным
Жьыбгъэм осыр зэрихьагъ,

Осы хъотэу хъот-борэным
А цӏыкӏуитӏури хэкӏодагъ.

Ащ ауж тэ тижъышъхьэм,–
Къыпедзэжьы тхьакӏумкӏахьым,–
Лъфыгъэ закъуи дгъотыжьыгъэ,
Тыгушӏуагъ... тӏотэжьыгъэ...

Ау тым кӏыгъоу чылэгъунэм
Мафэ горэм ар дэкӏыгъ,
Тыгъужъыжъэу хьалэч хъуным
Тӏуми апшъэ зэшӏуикӏыгъ.

Джы сизакъоу, къурэ гъугъэу
Шъофы нэкӏым сыщэсысы,
Сышъузабэу, жъы сыхъугъэу
Сыбгъэгупи гур щэузы.

Шъуипщ кӏодыгъэшъ, ар гукъао
Шъори шъуфикъоу шъочэфынчъэ.
Пкӏаумэ яшхэр мэлъэкъуаох,
Нэпсри анэ плъэгъоу къячъэ.

Зи къамыӏоу чӏым еплъыххэу
Пкӏаухэр, пкӏаухэр гупшысагъэх,
Тхьамыкӏагъом зэдиуххэу
Тхьакӏумкӏахьым фэшъыгъуагъэх.

– Насыпынчъэр оры, шъыпкъэ.
Тэ тызлъыхъурэр, ашъыу, сыд!..
Сыд ишӏуагъэр типщы лъэпкъы?
Лъфагъэу, пӏуагъэу ар щымыт!

## V

Жьыбгъэ макӏэр кӏэджэгукӏзэ,
Пкӏау шыу купым ыуж щелъы.

Шылъэмакъэм кӀэдэӀукӀзэ,
ТхьакӀумкӀахьри акӀэлъэплъэ.

Чэщ-мэфиблэ тетхи гъогум,
Шыу купышхор къэкӀожьыгъ,
Мэкъэгъэӏумэ зэкӀэ хэкум
ПкӀаоу исыр къыхащыгъ.

Хэшъо шъофым пкӀаухэр къаошъ,
ЗэӀукӀэшхо щызэхащэ.
Пщым етшӀэщтыр сыда аӀошъ,
КъэгущыӀэхэу рагъажьэ.

– Сыд ишӀуагъэр типщыжъ Ӏаем!–
Псэлъэ лъэшхэр къыхаӀукӀых.
– Сыд етшӀэщтыр, пщым тыфаеп!–
ОдкӀэ-мыдкӀэ къыхэджыкӀых.

Пщым ылъэпкъи къамыгъанэу
АгъэкӀодышъ, зэбгрэкӀыжьых,
ЯмыӀэжьэу зы гукъани,
ПкӀаухэр шъофым джы щэтхъэжьых.

Джары пкӀаумэ чэщ мэзагъор
Орэд жъгъыукӀэ зыкӀырахрэр,
ЧӀыгуи уашъуи ягушӀуагъо
Джары ахэм закӀынэсрэр.

1963

## ЦӀЫФЫМРЭ АСЛЪАНЫМРЭ

### I

Шъхьадж зэрэпсэущтыр,
Хэт ищыӀэкӀэщтыр
Псэушъхьэмэ зэдаштагъэ,
Мырэущтэуи зэфэтагъэх:

– Бэджэжъыер, хъор-шэрыгъэр отэты.
– Пцэжъыер, псы чӀэгъым учӀэсыщт.
– Тыгъужъыр, кӀуачӀэ пхэлъэу ущыӀэщт.
– Къарыумрэ лъэшымрэ зыер хэт?

– Аслъанышхом ар фэтэжъугъэшъуаш!
– Акъылымрэ амалымрэ къанэ.
– АщкӀэ цӀыф цӀыкӀум зерэуӀаш,
Арымырмэ щыӀэшъуна?! – еӀо Аслъаным.

– Хъухэщтэп! – къэкуугъ бэджэжъыер.
– Сыд пай? – къэупчӀагъ пцэжъыер.

– ЦӀыфэу шъугу зыфэгъурэм
Акъылымрэ
Амалымрэ
ЫӀэ илъ зыхъурэм,

Шъори
КъышъулъыӀэсын,
Псыми
Шъухэмысын.

Шъори
Шъуигъэтынчынэп,
Шъофми
Шъуигупсэфэнэп,

Къушъхьэми
Шъухэзэгъэнэп,
Ошъогуми
Шъуригъэтынэп.

Ори
Аслъан,
Ори
Къэплъан,

Ори
Тыгъужъ,
Ори
ЧӀыкъожъ,

Ори
Пцэжъый,
Ори
Бзыужъый,

Ори Мэзыкъу,
Зыхэмыгъэукъу,–
Баджэм къыӀуагъ,
ЕнэкӀэуагъ.

– Акъылымрэ амалымрэ цӀыф цӀыкӀум еттын,
Ащ сшъхьэкӀэ, псэушъхьэхэр, сыфэгъэзагъ.
Сэ сыщыӀэу, нахьыкӀэхэр, шъумыщын!..–
Зигъэпщзэ, Аслъаныр щысмэ къяджагъ,–

Сэрба шъуапэ итыр?!
Сэры ныӀа ащи фитыр!



Джаущтэу хэти ищыӀэкӀэщтыр агощы,
ЦӀыф цӀыкӀуми псынкӀэу фаӀопщы.

II

Плъэмэ, мычыжьэ мэзым
Пхъэшӏэ лӀыжъыр хелъагъо.
ХьакӀэ-къуакӀэр зэлъештэ гушӀопсым,
ЗиутхыпкӀэу техьэ илъагъо.

«Ари непэ зэшхыгъо сфэхъун,
Силъэшыгъи зыфэдэр ылъэгъун!..»
Аслъаныр зекӀуалӀэм лӀыжъыр щхыгъэ:
– Сыд уздэхьащхрэр? – мыдрэр губжыгъэ.

– Сыздэхьащхрэр, къыосӀон, уиделагъ,–
ЛӀыжъ цӀыкӀум кӀэкӀэу къыпидзагъ,–
Аслъан кӀочӀэшхом пыибэ иӀэшъы,
Хэт ыӀшэра… ПытапӀэ пфэсэшӀы.

– Аущтэу оӀомэ, дэгъу.
Узэрегугъури сэлъэгъу.
Лъэшэу сигуапэ, цӀыф цӀыкӀу,
ЗыкӀэпшӀрэр зыми емыӀу.

III

Пхъэшӏэ лӀыжъыр еуцуалӀи,
Иакъыли иамали рихьылӀи,
Аслъан унэр ыухыгъ,
Ипчъи хъуаоу фыӀуихыгъ:

– Ихьи еплъ, ти Аслъан,
Псэушъхьэпщэу зиусхьан.

Гъуаргу ригъаӀоу пчъэр къеохы,
Аслъаныжъми ыгуи рехы!

– Джары, пщы тэхътэнчъэу хьакӀэ-къуакӀэр,
Къарыу закъор оркӀэ зэрэмакӀэр.

Гъоргэу, кӀыеу Аслъаным регъажьэ,
Иджэрпэджэжьи мэзыр къегъаджэ.

– Олахьэ Аслъаныр зыубытыгъэм
ТеубзэкӀэ, къытэмыплъын,
Мо цӀыфы цӀыкӀоу ар зилъэшыгъэм
ТебэнкӀэ, тыкъемылын.

ХьакӀэ-къуакӀэхэр зэбгырэчъыжьых,
Шъхьэчъэ-пфачъэх, зэмыблэжьых.
ПхъэшӀэ лӀыжъыр мэщхы, мэщхы,
Ахэмэ ощхэу ищх атещхэ.

1963

# ПАКЪЭ ИХЬАГЪОЖЪ

Зэраӏомэ
Зэраӏотэжьэу,
Хагъахъомэ
Хагъотэжьэу

ЩыӀэшъ, сэшӀэшъ сэ зы пшысэ,
Зэхэпхыгъэба джы нэсы?
Къесэгъажьэ, къэсэӀуатэ,
Ащ гупшыси хэтэгъуатэ.

Сакъырэм
Щымыщэу,
Хьакъурэм
Дэущэу,

Пакъэ ихьагъожъы
Джаущтэу гъашӀэр къехьы.
Ыныбэжъи егъошъы,
Шъхьэр пчъэӀупэм Ӏуелъхьэ.

Ихьэшъуалъэ хьантхъупс
Измэ, игушӀуагъу.
Сыдрэ шхыни ыӀупс
Фечъэшъ, тхьамыкӀагъу.

Мафэ горэм къуаджэм
ДэкӀи, бгы къуладжэм
Тыгъэм тхьакӀумкӀыхьэу
Хэлъым ар зытехьэм,

Щтагъэм хэтэу етхъуи,
Лъэшти, амал фэхъуи,
Тхъэжьэу кондэ хэскIэ
ЫIныбэжъкIэ зегъэшхэкIы.

«Сыдэу IэшIуа, фаба,
Ащ икъупшъхьи шъаба!..»–

Тихьагъожъи джы ышъо
Къечъэжьыгъэу мэгушIо.

Ащ фэдэли сэ згъотыщтмэ,
А къуладжэм сэ сыкIон,
Джаущтэу сиIоф къысфикIыщтмэ,
ТхьакIумкIыхьэм сеплъэкIон!

ТхьакIумкIыхьэр мыщ къэкIонба
ЕIошъ, ежэ, ежэу щыс.
Кондэ лъапсэр зэ хэгъонба
ЕIошъ, хьагъом ар игъыбз.

Фэмыф Iаем
Игъаблэшъ,
МэлэкIаем
ЕгъалIэшъ,

ТхьакIумкIыхьэр зыщишхыгъэм
Гъэр екIыфэ паплъэу Iулъи,
Мэфэ бащэу щырихыгъэм
ДэкIодыжьы игухэлъи.

«Джы къэмыкIомэ, джы къэкIо!..» –
Щылъэу пэплъэ, ар мэшакIо.
Джаумэ, джаузэ... иделагъэ
Щэхъу хэмылъэу хьагъожъ лIагъэ.

ЗэраIомэ
ЗэраIотэжьэу,



Хагъахъомэ
Хагъотэжьэу

Тихьагъожъы пылъ къэбарыр
Пшысэ фэдэу къышъуфэсIуагъ,
Ау ар шъыпкъэшъ, ащ зыпари
Щымыщ гъуаткIо хэмыткIуагъ.

1963

## ТАРА АНАХЬ ИНЫР?

### I

Зэ зэгорэм, лъэхъан горэм
Зэшищ горэ зэдщыIагъ,
Зэ зэгорэм, зэ зэгорэм
Цужъ шъэджашъэ ащ яIагъ.

А цужъ джадэр зылъэгъугъэм
Иинагъэ егъэшIагъо,
Къушъхьэхъуиблэу зыщыхъугъэм
Рымыразэу ар мэгъуахъо.

Ащ ымакъэ къакъырашъхьэм
Ателъ уарзэр къарехьыхы,
Ары пакIо, модэ къушъхьэм
Хыоешхэу зышъхьэрехы.

Пщыщи, Марти, Фарзи, Лаби
Адэтыпсыр ащ фырикъурэп,
ПкIашъи, Ули, Псыби, Уарпи
Шъхьэгощэжъми къафэубытрэп.

Цур псыфалIэ, цур псыфалIэ
МалIэ аIошъ, мэгумэкIых.
Ащ блэдгъэкIмэ, цур псэхалIэ
ТшIохъущт аIошъ, мэгумэкIых.

Мафэ къэси, мафэ къэси
Яцужъ закъо оды мэхъу,



Пчыхьэ къэси, пчыхьэ къэси
Нэрылъэгъоу ар алъэгъу.

Сыд ашIэщтыр, сыд ашIэщтыр,
Зэишъугъор ипсыхъуибгъу.
Сыд ашIэна, цужъ псыбэшъур
Пшызэ афы ашIоигъу.

### II

Яцужъ закъо, яцужъ закъо
Псым зэшищмэ фагъэлIэна?
Яцужъ закъо, яцужъ закъо
Анэ къаплъэу агъэлIэна?!

Анахьыжъыр ыплIэ исэу,
Азыфагур гурыт дэсэу,
АнахьыкIэр пхэкIым тесэу
Цушхор псашъо ращэжьагъ.

Цужъыр макIо, макIо, макIо,
Зэшми орэд къаIо, къаIо.
Щыри зыми ыгъэохъурэп,
Щымэ язи зэрэлъэгъурэп.

Анахьыжъыр зыгъолъыжьрэм,
АнахьыкIэм инэф къэшъы,
Анахьыжъыр къызущыжьрэм,
Щэджэгъуашхэ агурэм ешIы.

КIом дыхэтэу Iошъхьэмафэ
Теты уцым ар лъэIабэ,
Лъабжъэм нэсэу псым хэхьафэ
ШIуабэ дашIэшъ, мэгуIапэ.

Лъагэу, лъагэу ошъо чапэм
Пщэ фыжь IашкIэу щесрэм нэсы.

Шъхьэр ыӀэтмэ, ыбжъэкъуапэ
Къопэ-къуапэу алъэӀэсы.

Цушхор макӀо, макӀо, макӀо,
Зэшми орэд къаӀо, къаӀо.
Щыри зыми ыгъэохъурэп,
Щымэ язи зэрэлъэгъурэп.

Анахьыжъыр плъэмэ, гъогум
Шыу кӀэракӀэр тырелъагъо.
Шыури маплъэ, Ӏэр нэтӀэгум
Ӏулъэу маплъэ, егъэшӀагъо.

Цум бгъодэтэу жьбгъэм, пекӀо.
«Сыд хьэйуан шъыу!..» гукӀэ еӀо.
КӀомэ кӀозэ, зы тхьамафэ
КӀуагъэу агурэм ар пэкӀафэ.

«Сыд хьэйуан шъыу!..» – гукӀэ еӀо,
Цум бгъодэтэу жьыбгъэм, пекӀо.
КӀомэ кӀозэ, зы тхьамафэ
КӀуагъэу адрэм ар пэкӀафэ.

Цур къызэпсым жьэу пыкӀыгъэм
Жьыкоренэу зипхъотагъ,
Джэрпэджэжьэу ыгъэӀугъэм
Къушъхьибл блэбгъур къыгъэджагъ.

Цушхор макӀо, макӀо, макӀо,
Зэшми орэд къаӀо, къаӀо.
Щымэ язи зэхихыжьрэп,
Цушхо копкъри къэлъэгъожьрэп.

## III

Анахьыжъыр ыплӀэ дэсэу,
Агур агоу ытхы шъхьагъ.



АнахьыкӀэр пхэкӀым тесэу
Пшызэ нэпкъым цур дэхьагъ.

Пшызэпс орхэр зэрелъэгъоу
ХэпшӀыкӀыпэу цур мэгушӀо,
ИкуупӀэ хьабыкъохъоу
Лъабжъэм нэсэу псым хэуцо.

Пшызэ дэтыр къыдимынэу
Цушхом решъу, решъу, решъу.
Зы псы гъуаткӀуи къыримынэу
Псы мыжъуакӀэм кӀэшъу, кӀэшъу.

Ар фимыкъоу хэгъолъхьапэшъ,
Псыпэр ыжэ дегъэлъадэ.
Гъурд цэкъалэм цур агъапэшъ,
КӀэкӀэ яо, къагъэлъатэ.

«Зэ тицушхо зигъэшъокӀмэ,–
Зэшмэ аӀо, – гупсэфын. –
Пшызэпс оркӀэ зэ зигъэпскӀмэ,
Къушъхьэхъу хъупӀэм неущ тфын».

Зэрэодыр ягукъаошъ,
Зэпаплъыхьэ, къаплъыхьажьы.
Ау ардэдэм бгъэжъыр къаошъ,
ПӀэтӀэраоу цур рехьыжьэ.

## IV

Ар сыд бгъэжъа, ар сыд бгъэжъа,
Цушхо джадэр ехьы, ехьы!
Ар сыд бгъэжъа, ар сыд бгъэжъа,
Тэмэ чӀэгъым цур чӀешхыхьэ!

«Охьэ-хьаир!..» аӀошъ зэшмэ,
Бгъэжъым лъэджэх, лъэджэх.

Хьаулыеу, ашъыу, зэшмэ
Ачыишъхьэ агъэлыджы.

Бгъэжъым тамэр къызиIэтрэм,
Ахэм чIыгум зыхаубгъо.
Жьыбгъэ макъэу ащ пыIукIрэм
Щыри бгъашъомкIэ мэцуахъо.

Къыблэ чапэм зэ зегъазэ,
Ошъогу нэгуми зэ щэхьарзэ.
Пщэм акъогъуи акъобыбэ,
РеулыIукIы цум ыныбэ.

Цужъ тхьамыкIэр къэхъыежьрэп,
Макъи-лъакъи пыIукIыжьрэп.
Бгъэжъ мэхъаджэм игушIуагъо
Ошъо чIэгъым чIэолъагъо.

V

Ар сыд бгъэжъа, ар сыд бгъэжъа,
Цушхо джадэр ехьы, ехьы!
Ар сыд бгъэжъа, ар сыд бгъэжъа,
Тэмэ чIэгъым цур чIешхыхьэ!

ЛIыжъ мэлахъоу жэкIэф лIыжъым
Ошъогу лъагэм цур релъагъо.
Цушхор ехьы, ехьы бгъэжъым,
Ар мэлахъом егъэшIагъо.

Къыблэм дэжькIэ зэ зегъазэ,
Зэ рэхьатэу ар мэхьарзэ.
Пщэм акъогъуи акъобыбэ,
РешхыкIыпэ цум ыныбэ.

Ар сыд бгъэжъа, ар сыд бгъэжъа,
Цушхо джадэр ехьы, ехьы!



Ар сыд бгъэжъа, ар сыд бгъэжъа,
Тэмэ чIэгъым цур чIешхыхьэ!

«Охьэ-хьаир!..» еIошъ, лIыжъым
Иджэ огур дэкIэзэзы,
Бгъэр егъащтэшъ, щтэгъэ бгъэжъым
Цушхо шхужъыр къыIэкIэзы.

Пщэм къахэзи, ар зэнкIабзэу
ЛIыжъым ынэ къыкIэфагъ.
КъызэкIожьым, ыгукIэ къабзэу
Инысибли ариIуагъ:

– Непэ сынэ такъыр горэ
КъыкIэфагъэу нэкум къегъу.
МокIи кIорэп, мыкIи кIорэп,
Симыгъаплъэу сегъэплъэхъу.

Шъуикъошъуиблмэ шъуакъитIысхьи,
Сынэ къуапэ шъукъычIахь.
Симэл бэщи зыдычIашъухьи,
Нэ пшIыкIуплIкIэ шъукIэплъахь.

Цужъы шхужъыр лIыжъы нэкум
КъызчIахыжьрэм, дадзы щагум.
Мэфибл уахътэм агу а къуаджэм
Iошъхьэ джадэ къыIотаджэ.

Бгъу лъэныкъом мэз мыпIуакIэр
Нэр пIэпихэу ащ къытекIэ.
АдырабгъукIи ипс мыжъуакIэ
ЕIушъашъэу псыр речъэкIы.

Хэгъошъхьаlур зэлъыплъэгъоу
Сыдэу Iуашъхьэр ина, лъага!
Къушъхьэ зандэ ар къыпщыхъоу
Сыдэу Iуашъхьэр Iошъхьэ даха!

Ащ утехьэу зыщыпплъахьмэ,
ХыкӀыб чыжьэм нэс олъэгъу.
Зэ утехьэу зыщыпплъахьмэ,
Ренэу, ренэу кӀуапӀэ пфэхъу.

АшӀодахэу, ашӀогохьэу
Къоджэгъуибли ащ ӀотӀысхьэ,
Ӏошъхьэ тамэр зэлъикӀухьэу
Ащ унаби тырашӀыхьэ.

Хэгъошъхьаӏур зэлъыплъэгъоу
Сыдэу Ӏуашъхьэр Ӏошъхьэ даха!
Къушъхьэ зандэ ар къыпщыхъоу
Сыдэу Ӏуашъхьэр Ӏошъхьэ лъага!

## VI

Пчэдыжь къэси, пчэдыжь къэси
ЦӀыфхэр куиблмэ къагъэущы,
Ӏошъхьэ чӀэгъым пчэдыжь къэси
ЧӀахьэ ренэу куибл щыгъущэ.

Мэфибл гъогур кумэ закӀурэм,
Мэфибл гъогуи къызакӀужьрэм,
Щыгъу кухьибли ащ къычӀащы,
Щыгъу бэгъуагъэ къуаджэм къащэ.

Муары непи куиблым щыгъур
Арызыбзэу къагъэзэжьы,
Пчыхьэшъхьапэу чэм Ӏэхъогъур
Къызщафыжьрэм къыдэхьажьых.

Ахэм адэжь ныо горэм
Пшъэшъэжъыер ыӀофтагъ:
– Мо щыгъущэм адэжь кӀори
Щыгъу Ӏэбжыбы къысфаӀых.

Пшъэшъэжъыер щыгъущэлӀмэ
Апэгъочъи, ячъэлӀагъ.



Ар зыфаер щыгъущэлӀмэ
Пшъэшъэжъыем ариӀуагъ.

Щыгъу кухьиблыр ыӀэгу шъуамбгъо
Пшъэшъэжъыем фыратакъо.
ЛӀымэ ажэ зэтыракъы,
Сыдэу ина, агъэшӀагъо.

Щыгъу Ӏэбжыбыр пшъэшъэжъыем
Джэгузэ ядэжь къынегъэсы,
Щыгъу кухьиблыр щыуанжъыем
Иты лэпсым ныом хедзэ!

ТӀэкӀу тешӀагъэу лэпс щыуаным
Ныор хэӀэ: «ТӀэкӀу мэкӀаӀо!..» –
Лагъэр ештэшъ, шхужъы гъуанэм,
Щыгъу къыхьынэу, ныор макӀо.

## VII

Хэгъошъхьаӏур зэлъыплъэгъоу,
Сыдэу Ӏуашъхьэр Ӏошъхьэ лъага!
Къушъхьэ зандэ ар къыпщыхъоу
Сыдэу Ӏуашъхьэр Ӏошъхьэ даха!

Къоджэгъуиблыр Ӏошъхьэ блэбгъум
Гугъу хэмытэу щэгупсэфы,
Ӏофи щашӀэ, ӀофышӀэгъум
Ыуж джэгукӀэ мыщ щэчэфых.

Ау зы чэщы, чэщы кӀахэм
Бырсыр макъэм зыщеӀэты.
Хъугъэр сыда? Чэщ мэзахэм
Шъхьэчъэ-псачъэу цӀыфхэр хэтых.

Чыр мэсыса, хьауми сыда,
Къоджэгъуиблыр зыгъэсысрэр?
Сыда адэ, сыда адэ
Къоджэгъуиблыр зыгъэсысрэр?

Чэщыгъуиблэ джаумэ-джауззэ,
Къоджэгъуиблыр Iоф хэтыгъ.
Бырсыр хэтэу хэти псэуззэ,
Ар зилажьэр къагъотыгъ.

А Iошъхьэшхор зытет шхужъым
Чэщрэ къекIушъ, къегъу баджэр,
КъызэрэIэу цу къупшъхьэжъым,
Егъэсысы Iошъхьэ джадэр.

Хъунэп аIуи, хъунэп аIуи,
Къоджэ лIишъэр къызэфэсхи,
Къоджэ лIишъэр ащ ешакIуи,
Чэщ-мэфибли къыкIэрысхи,

Цушхо шхужъым къегъурэ баджэр
ШэкIо лIишъэм къыхагъафэ,
Яшхонч макъэ чIыр къыгъаджэу
Къулэджэшхом зыдеушъафэ.

ЛIишъэр баджэм еIэ шъхьакIэ,
Сыд ишIуагъа, къафэIэтрэп.
Къоджэгъуиблри къекIу шъхьакIэ,
Амал гори ащ фагъотрэп.

Зэ кIэрэкIых, зэ кIэрэхьэх,
Таущтэу ышъо тырахыщта?
Зэ кIэрэкIых, зэ кIэрэхьэх,
Таущтэу баджэр къаIэтыщта!

Ытхы чIэгъы пчэгъур кIадзэ,
ЫлъэкъуиплIи пашIэ кIапсэр.
Сыдэу зашIми зи рашIэшъурэп,
Баджэм ышъо тырахышъурэп.

КIуачIэу яIэр пыримыкъоу
Бэрэ, бэрэ кIэрытыгъэх.
Ау бэджашъом ызыныкъо
Къытырахи, IукIыжьыгъэх.



Къоджэгъуиблым яхъулъфыгъэ
Ар пэIуапхъэ афикъугъ,
Ащ бзыхьафэу къыпызыгъэр
ЦокъэкIади афэхъугъ.

**VIII**

Нысэ горэ псыхьэ кIоти,
Баджэм дэжькIэ ар къыблэкIти,
Щэлъэ нэкIхэр зыIэм ритхи,
ПсыхьэбэщкIэ еIэбэхи,

ШъомпIэжъ пIонэу зи щымыхъоу
Баджэр бгъукIэ зэредзэкIы,
КIэрэтIысхьэшъ, зи щымыхъоу
Шъор тырехы, еутхыпкIы.

Ар етIанэ зэпеплъыхьэшъ,
Иинагъэ нэкIэ ешы.
ПлIэ зэщизэу зэтырелъхьэшъ,
Iэпэ залэм джыри репчъы.

«Шъаом паIо, фыхэкIынба?
ТIэкIу цIыкIуIо, тIэкIу мэкIаIо.
Хъурышъуищи фыхэздзэнба!»—
ЕIошъ, нысэр псыхьэ макIо.

Къызысыжьрэм, етIысылIэшъ,
Хъурышъуихи хадзэу хелъхьэ.
Чэщ-мэфиблэ идын пэлъышъ,
ПэIо шIагъо шъаом щелъэ.

Цум къэбарэу джары пылъыр,
Сыд кIэухэу ащ фэтшIыщтыр?
Ау джы ахэм анахь иныр
Хэт шъуащыщэу къэзышIэщтыр?

1963

## ОРЭД

Хьагъэудж Мыхьамэт ыцIэкIэ сэтхы

### I

Тыгъэр къэущы. Нэфылъэ пщэфхэр
ПсыпсыпIокIэ псынкIэу огум тырехы,
Псы къочъы минмэ къушъхьэ псы нэфхэр
Зэлъагъэджэжьхэу чIылъэм зэхехы.

ЛIыжъы жэкIэфхэу чъыг чIэгъым чIэсхэм
Якъэбарlуатэ псынэкIэчъ къабз,
Ощхыбыбы фыжьым хьэблэ чэмыщхэм
Ячэмыщыкlэ дэу фэдэкъабз.

Шы стыр лъэкъофым джыгыты кIалэр
Тесэу мысысэу игъогу елъэхъу,
Зыгорэм ыбгъэ гукъэо псалъэр
Дизышъ, орэдыр гъыбзэу къыщэхъу.

Къушъхьэм ишъэфы шъэфы зыдашIзэ,
Хьаджрэтхэр шытыгъу чэщыбгым макIох.
ЗагъэщтэуIухэу алъапи ращзэ,
Уцыпэ цIыкIухэр огум чIэдаIох.

Ипхъэ пхъэIашэ сапэр пытэкъоу
ПкIантIэм зэлъишхэу жъонакIор мажъо.
ГукIод огъушхом фэдэу зиушъокъоу
ЛIэшIэгъу пшIыкIубгъур зыхэтыр машIо.

УиIэпэпщынэ седэIу зыхъурэм,
Уиорэд джаущтэу сыбгъэ щэшъхьалъэ.
Мэкъамэр бзыоу птIупщэу зыслъэгъурэм,
Адыгэ лъэпкъым ынэгу сыкIаплъэ.

Илъэс зэхэкIхэм ренэу шъуахэтэу
Тхъагъом шъуфалIэу къиныр къышъупэпкIэ,
Зэхэдз имыIэу шъуашъхьагъы дэдэу
Тыгъэр къышъуфепсми, чъыIэм шъуепIыкIэ.

ПкIэнтIэпси лъыпси зыхизы чIыгоу
Бгъэгум дэмыкIрэр шъоркIэ джэнэтэп,
ШъузыгъэгушIоу лъэгэбзэ огоу
Шъуашъхьагъри шъуичIкIэ хьалэлэу щытэп.

Дунаир зэкIэ ежь ие пIонэу,
Сыда шы чъэрым зыр зыкIытесыр?
Адрэр гумэкIым ригъэлъэкIонэу,
Къиным хэмыкIэу сыд зыкIэлъэсыр?

### II

Сыдэу ар бэмэ къагурымыIоу,
AIон амышIэу гъашIэр рахыгъ.
ГухэкI хэмыкIым бгъэгур зэлъикIоу
Уизэфэныгъэ гъэрым хэтыгъ.

Аущтэу зыкIэхъурэм ухэгупшысэу
Ренэу мызафэм щэнчъэу уеуIэ,
Къины мыгъуаем ул ыгъэузэу
УичIыгу уIуплъэу о зыощыIэ.

ГумэкI-гузажъом хэтэу ошъогури
«О-уиу!» зэпытэу ощхкIэ къышъутегъэ,
Пщагъор темыкIэу шъуиплъэпIэ гъогуи
Шъуигугъуи гугъэр бгъэгупэм щехъэ.

Шъуизэфэ зехьэу шъуипшысэ гуащэ
Чэщрэ хьакIэщмэ кIуашъэу къыжъудит,

ЛIыгъэм къэрабгъэр хэшъумыгуащэу
ГукIэ шъузфаер нарты шъхьафит.

Нарт Шэбатынэ илIыгъэ зафэ
ЦIыфыгъэу хэлъым итхыдэ дахэ
Хэшъухын хэмылъэу, хэтыкIи нафэу
Фэдэ щымыIэу шъорыкIэ лъагэ.

ГущыIэ фабэм адыгэ лъэпкъыр
КIэхъопсы, ежэ – псэу ищыкIагъ.
Чэщы мэзахэшъ зыIуты нэпкъыр
ДэкIыпIи плъапIи дэу имыIагъ.

Джауштэу алъэгъушъ, къушъхьэ псыкъочъмэ
Къяджэ, къарелo, гугъи къареты:
«ПсыфалIэ шъулIэу шъуигъогу шъущыпшъмэ,
ТигъуаткIо шъуешъуи, жъугъотыщт гъэрет».

Хъоты-борэнмэ чIыр чIагъэсаеу
ЩтыргъукI фыртынэм къыфыхэджыкIы:
«СэшIэ сэ дэгъоу, джа шъузыфаеу
Шъуигъэтхэ дахи шъуапэ къэкIыщт».

Гъэмэфэ огъоу тыгъэнэстырым
Чъыгы хьалэлмэ ялъэIуи шъабэ:
«Уишыу шъхьэзакъо щэджэгъо плъырым
Тижьау щепсыхмэ, лъэшэу тигуапэ».

Къушъхьэ шыгуфми ямыIэу къуанэ
Япсэлъэ паги хэлъэп емыкIу:
«Сыд фэдэу щытми уигъогууанэ
Шъхьэр шIомыгъэзэу зэнкIабзэу рыкIу».

ГущыIэ фабэм адыгэ лъэпкъыр
Ежэ, кIэхъопсы – хэти зеудэгу.
Сыдэу зэндабза узIуты дэпкъыр,
КъызыбгъэзэжькIи шIункIы уигъогу.



Плъэпкъы фэпшIэщтым уеусэ шъхьакIэ,
Уизэкъо-къурэшъ, сыд уиамал.
ЧIылъэм техъухьэрэр ошIэшъы пшъхьэкIэ,
Угу зыщыгъэрэр бгъэгупэ зал.

ТхакIи еджакIи ащымыгъуазэу
ШIугъэм инэфри ащ илъэгъун.
Ори уишIуагъэ, уишIуагъэ зэ
Плъэпкъы ебгъэкIэу таущтэу ухъун?

## III

Сыд фэдэ къини, сыд тхьамыкIагъуи
Уилъэпкъы къыхьми, гухэлъынчъагъэп,
Нысэщэ джэгухэм ащ игушIуагъуи
Шъхьэр ригъэфэхэу щачэфынчъагъэп.

Зафэм изафэр зэкIэми апэ
Къаштэзэ лIыгъэм орэд фаусы.
Пшысэу щымытэу мастэу пчэгъу шъхьапэм
ПыIугъэр шыухэм псагъэу пауты.

Тыгъэр мэшIуаеу ышъхьагъы итми,
Ижъогъо бзыгъэ чIылъэм щыгуехы.
Къэмэ бгъуитIуцэр мамырэу голъми,
Пыеу къыкъокIрэм кIэкIэу фырехы.

Нартмэ яшхынэу натрыф гъэкIыгъэм
ЕIуи, шхынишъэр пфыхишIыкIыщт.
Лъэхъстэн маистэр, цые гъэчъыгъэр
Тыгъэм инэфи пфыхидыкIыщт.

Сыд ищыкIагъэу къыхьми адыгэм
ГужьыдэкIыгъоу бо макIэ иIэр,
Ащ пае ори оштэшъы пщынэм
Уицыхьэ телъэу удэгущыIэ.

Уипщынэ ныбэ зэIэпщы къэсми,
ЩымыIэ мыгъор гъусэ къыпфэхъу.

Адыгэ лъэпкъэу зиш чъэры тесми
Итхьамыкӏагъо ренэу олъэгъу.

Уиорэдышъо къушъхьэ псы къочъхэр
Жъынч-лъэпэпцӏыйхэу къызэлъыдашъох.
Арэущтэу щытми, уичылэ цӏыкӏухэр
Зыхэтхэр ошӏэ – пачъыхьэ машӏох.

Джауры диным тырабгэу бгэныр
Адыгэ цӏыкӏу гущэр Тыркум екӏыжьы,
А чӏыпӏэ зэжъум хэгъэгу бгынэр
Уанэӏу къитаджэу угуи къэкӏыжьы.

Уипщынэ пӏапэ зэрэтеӏабэу
Типсынэкӏэчъмэ амакъэ къэӏу:
«Аущтэу шъумышӏэ, шъхьэзэкъо ибэу
Пчэгум тыкъенэ – мардж! – сышъолъэӏу».

Гу зэкъо узэу тӏо зэгозыгъэм
Уӏагъэу телъым сыкӏыжьрэп еӏо,
Плъэпкъ щыщ тӏэкӏоу мыщ къинэжьыгъэм
Ыгу къыдэпщаеу пщынэ уфео.

## IV

Арэущтэу щытми уянэ иӏуплъэ
Уичэщ хэмыкӏэу пкӏыхькӏэ олъэгъу.
Джэныкъо машӏом иежьэ ублэ
Уятэ ыужы мыщкӏэ щыпфэхъу.

Ным игуӏакӏи, тым инэшхъэий
Гум имэкъамэ иорэдышъу,
Нэпкъитӏум язэу уигугъэ хъые
Къызтеунэщтыр къыпфэмыӏошъу.

Хымэ хэгъэгум Стамбул икӏыжьмэ,
Сыдэущтэу хъумэ, сыд япсэукӏэр?
Хым зикъудыеу зэ зызэкӏищмэ,
Тыбгъэгу гукъаор къытфыдэӏукӏы.



Сыхьаты пэпчъы ар пшъхьэ имыкӏэу
Мафэхэр макӏох, сыда джы пшӏэщтыр?
Мэшӏуитӏур уабгъоу, узэпыстыкӏэу
Тӏум язэу тара зыздэбгъэзэщтыр?

Хы Шӏуцӏэ дыджэу адыгэ лъэпкъыр
Зинэпкъ ӏутыгъэр, сыд сеусэщт?
Сшӏомыушъэфэу ошӏэшъы шъыпкъэр
Нафэ къысфэпшӏэу джэуап къысэт.

Тикъушъхьи, шъофи, тиуашъуи, тихи
Аӏон амышӏэу уапашъхьэ итых.
Плъэпкъ имэкъэнчъэ о къызэхэпхи,
Укъызэлъатэм – ахэр орэдых.

## V

Джащ фэдэ цӏыфхэм урящыкӏагъэу
Гушӏогъо фаплъэу ахэр къэплъагъэх,
Пщынэр бгъэджэгоу уафео зэхъум,
Уапашъхьэ итмэ агухэр бгъэблагъэх.

Пщынэр зэкӏэпщэу плъэпкъы зелъэгъум,
Имэфэ мышӏухэр нахь нэфи хъугъэх.
Стамбул икӏыжькӏэ узэмыплъэхъум,
Къиным икъиныр уичӏыкӏи пхъугъэ.

Ау уиорэды инэф гухахъо
Ухэшӏыкӏыгъэу хэти мэгугъэ:
«Дэу тинасыпа тигухэлъ шӏагъо
Тэркӏэ нэфагъэ зэрэтфэхъугъэр».

Зы нэшхъэигъуи умышӏэ фэдэу
Учэф зэпытэу цӏыфмэ къащэхъу.
Уипщынэ макъэ ом зыщиӏэтэу
Ахэм къашӏошӏрэп – ашӏэ, алъэгъу.

Уипщынэуакӏэ щытхъоу пыӏукӏрэр
Шапсыгъэ нэсы. Бжъэдыгъу къыоджэ.

Уилэбэдэсхэм анэӏу узикӏрэм,
Зэщым хэмыкӏхэу къэплъэх, къыожэх.

Тэдырэ къуапи къекӏхэшъ, къыпфакӏох.
Мылъкум рыкъэйхэу байхэм къыуаӏо:
«Тиджэгу гъэджэгуи, къызкъодгъэнэщтэп,
Ахъщэу хэпхыщтыр о пфэлъытэщтэп!..»

Баи нысащэ, баи джэгубэ
Уипщынэ макъэ къыдэбгъэшъуагъ.
Къызыбгъэзэжькӏэ, ахъщэр уиджыбэ
Изыбзэу илъкӏэ сыдыр ишӏуагъ.

Узщыщы закӏэу тхьамыкӏэ лъэпкъым
Ипкӏэнтӏэпс стыры пӏапэ пестыкӏы.
Мызэфэныгъэр къыздикӏрэ шъыпкъэм,
Сыдэу емыкӏуа, мылъкур къыхэкӏы.

Джащыгъур ары орэдыр пщэмэ
Зэрэмыхъущтыр къызбгурыӏуагъэр.
Джарщтын зэгорэм къыпфэкӏогъэпщмэ
Яхъяры пае мыр зыкӏяпӏуагъэр:

«Шъуипсыцуи, шъуицуи сӏорэп сэ ӏае,
Шъолъэгъу яхъяри, зыми сыфаеп.
Шъуичырэ кӏалэ дэжьы сыкӏощт,
Къыщагъэшъ, пщынэ ащ сыфеощт».

## VI

А пчыхьэр зэкӏэ, дунаир зэкӏэ
Уипщынэ макъэ къызэлъегъаджэ,
Джы къызнэсыгъэм тарихъ пхырыпскӏэ
Иджэрпэджэжьи огум чӏэтаджэ.

Джа чӏыпӏэр ары насыпыр цӏыфмэ
Зыфэдэр апэ зыщябгъэшӏагъэр,
Мэзэгъо чэщым унитӏу инэфмэ
Жъогъуитӏоу огум зызкӏыхашӏагъэр.

Уиӏэпэпщынэ пӏэкӏэлъэтыни
Жьым хэбыбэнэу гушӏопсы дэд,
Гумэкӏ-гукъауи гухэкӏы къини
Чӏылъэм нычхьапэ темыты фэд.

Адыгэ чӏыгоу гъабли, пкӏэнтӏэпси,
Щтыргъукӏ фыртыни, заом илъыпси
Ахэмыкӏуадэу къакӏэныжьыгъэр
Джа пчыхьэр ары зыбгъэтхъэжьыгъэр.

Джа пчыхьэр ары агухэр зэготхъхэу
Лъэрыхьмэ нэмыплъ къызыуатыгъэр,
Ашӏэн амышӏэу агушъхьэ щыгъхэу
Пкӏуачӏэ зыфэдэр загурыӏуагъэр.

Джэгур бгъэджэгуи, нэфылъэ тыгъэр
Къызщыкъокӏыщтым оухы мыщкӏэ:
«Тхьашъуегъэун, хъярым хэсхыгъэр
Хъярыр зихъярмэ ясэты зэкӏэ».

Зэпэжъыужьхэу а чэщ гушӏуагъом
Ижъогъо минхэр уашъхьагъ къырэкӏох:
«Насып тебгъуатэу узтеты лъагъом
Уигъэшӏэ дахэ хъунэу птетэӏо».

Тхыдэшӏоу цӏыфмэ уидэхэ ӏуагъэ
Ажэ дэмыкӏэу шӏукӏэ зэрахьэ,
Джащыгъур ары къызыпфэкӏуагъэр
Лӏыгъэм рагъапшэу уищытхъу ӏахьи.

Джащ щыублагъэу пыи шъугъуалэр
Блэ шӏуцӏэ цӏынэу къыбдекӏошъэкӏы,
Сыд къыуишӏэна, орэд пкӏэгъуалэр
Уионэш дахэу тхышъхьэм удэкӏы.

## VII

Цыфхэр бгъэчэфхэу, джэгур бгъэджэгузэ,
Уипыймэ шъэфэу ер пфызэкъуадзэ.
Уизэфэныгъэ зэлъаулъэгузэ,
Шъхьэфитыгъуаджэу хьапсым учIадзэ.

Тыгъэпсы нэфмэ ашъхьэ шIуагъэзэу
Ибэ хъураеу уипщынэ къэнэ.
Уичылэдэсмэ ягугъэ къабзэу
АнэIу укIэкIми, укъалъэхэнэ.

Ощ пае моущтэу ал къыпфэузэу
Цыфмэ къыпфаIоу джы зэхэпхын:
«Сыдэущтэу пцIашхъор гъучI хъагъэм исэу
Ышъхьэ фимытэу гъэрэу пIыгъын?

Уихьапс хьалыгъуи шIуцIэбзэ дыджми,
Фыжьыбзэосэу Алахьэм пфешI.
Уипшъэхъу-лъахъэ плъапшъэ щыуджми,
Къыптезылъхьагъэм ыл зэхерэшI.

Жьы къабзэу быби, джыдэдэм жьыбгъэр,
Ти Хьагъэуджы ыбгъэ зыкIадз.
Ори къыкъокIи, пчэдыжьы тыгъэр,
Гухэлъыр фэпхьэу ынэгу фыкIапс.

«Сыдыр епшIэн чIыунэ нэкIым
Орэдыр чIабдзэкIэ – мэкъэнчъэ пшынэп.
ГъучI хъагъэм ипчъэ зы бзыу дыфэпшIкIэ,
Бзыу отэрыр ащ рыбгъэщтэнэп».

Джарэущтэу щаIо тичыли, къуаджи.
Тиуцы кIыри, типси, къуладжи,
Джэрыпэджэжьэу жьым хэтым нэсы
Джа Iогъэ пытэр къыплъагъэIэсы.

Нэмазы шыгъор къэсэу Iушъашъэу
Тхьэ пашъхьэм исми, мыры илъэIур:
«Зи къыщымышIэу тикIэлэ пIашъэ
Къытфахьыжь, я Алахь. Къытфаш**I** джа тIэкIур».

КIэлэгъум итхэу зищэгъу-къэщэгъухэр
УикъэкIожьыгъо къыпаплъэ, къежэх.
Хьагъу-шъугъужъхэу уигухьэ-гужъхэр
Хьадрых уадзынэу джыри зэлъешэх.

Цыфы лэжьакIоу зидахэ пIуатэу
Зипчэгу уитыгъэм иIо нэмыкI:
«Тэ тыкъыуажэ уахътэр дгъэкIуатэу,
УипщынэуакIи тыгум имыкI».

## VIII

Гъэтхэпэ уахътэу нэгуфы дахэм
Зэжэгъэ ощхэу уакъыфэкIожьы.
Уипщынэ къапшти, уиорэд лъагэ
Къызыхэодзэм зэу укъашIэжьы.

ТичIи тиуашъуи зэщыгушIукIхэу,
Уикъэшъо плъыри къызэлъыдашъох,
Уихьагъу-шъугъухэм анэгухэр шIункIхэу
Абгъэгуи дэлъхэр агужъы машIох.

OIэтышъ пщынэу пIитIу зыфэлIагъэр
Уахътэм хэпщаеу жъынчэу огъаджэ,
Шъхьэфитныгъэу угу зыпэблагъэр
Шыблэ гъогъошхоу чIылъэм тетаджэ.

Уидунай шIункIы пчыкIэр щыджэгоу
Мылъкум рыкъэйрэм лыгъэр шъхьэрещэ,
Ори ардэдэм гукIэ уигъогоу
Бгъэгум дэлъыгъэм къашъор къыщежьэ.

Сыдэу мы ТIасэ – джэгокIо ТIасэ!–
Иджэгу зещакIэ гушIогъо пщын.
Джы къызнэсыгъэм ымакъи къабзэ:
«Iэгур, о Iэгур, марджы хъужьын!»

Дунаир зэкӀэ къызэлъегъаплъэ
ПӀонэу джэмакъэр хэти лъэӀэсы:
«Пчэгум ит къашъом лъыр зэкӀегъаплъэ,
Мазэм ычӀыпӀэ тыгъэр къытфепсы.

Моу азэнаджэр азэнэджапӀэм
Къезгъэфэхыгъэр, о Хьагъэудж,
Джыр фэдэ хъярэу хъяры гушӀуагъом
Къытфыхегъадзи, тлъапэ гъэудж.

О-уи-и-и-и-и уиу, уиу, уиу,
Сыдэу хъярышхуа мы тызыхэтыр!
Пчэгум ит кӀалэр сыд узыпэтыр,
Мэстэпэ гъуанэм плъапэ къытфиу!..»

## IX

ЛӀэшӀэгъу илъэсхэр еу Ӏоу зэрэфхэу
Къушъхьэ псы чъэрмэ ячъакӀэ фэд,
Джахэм адиштэу уиорэд нэфхэу
Ташъхьагъы итхэм гукӀэ тахэт.

Шъэогъуи пый уищыӀэныгъэ
КъыщыпшӀокӀодхэу къыщыхэкӀыгъ,
Сыдэущтэу щытми, уигугъэ шӀыгъэ
Гукъауи гушӀуи щызэблэкӀыгъ.

Уихьалэлыгъэ зыпашӀ щымыӀэу
УищыӀэныгъэ псыхъом фэдагъ,
Хэтырэ цӀыфи ишӀу уфэгуӀэу
Уипсыхъо чъэри нэпкъ имыӀагъ.

Пчыхьапэр къэсмэ, къеблагъэр япӀоу
УихьакӀэщ унэ убгъэгуи фэд,
Уипщынэ макъэ чылэр зэлъекӀоу
Сыд фэда непэ джы уиорэд?

Шъхьэфиты цӀыфмэ ятыгъэ мафэу
КъафыкъокӀыгъэм уиорэд плъыжьы

Фагъадэу, дахэу джа бжыхьэ мафэм
УипщынэуакӀэ бэмэ къашӀэжьы.

Тыдэ укъези, тыдэ укъекӀи
Е, щэ мыгъожъэу, мыгъо шъхьэрыкӀу?
Хьэ шъэфырытхъоу тыл гущэ хэпчи,
Адыгэ лъэпкъыр шъыгъом зэлъекӀу.

Тиуашъуи, псыхъуи, тичъыги, хьаси
А сыхьат дэдэм ашъхьэ рауфэхы.
Зэрэзэхехэу джэгокӀо ТӀаси,
Уишъэогъу ТӀаси ыӀитӀу шӀуефэхы.

Нартмэ акъоу – цӀыфы орэдэу
Ти Хьагъэуджэу Мыхьамэт маф,
Мы дунаишхом а щэжъым сыдэу
Щимыгъотыгъа о зым фэшъхьаф!

Гухэлъ кӀэхъопсэу узыхэхьагъэм
Зы лъэбэкъу закъо нахьи щыбдзыгъэп.
Плъэпкъы орэдэу фызэхэплъхьагъэм
Джы къызнэсыгъэм ӀэкӀыб уишӀыгъэп.

## X

Ипэум фэдэу джыри тичӀылъэ
Уиорэд нэфхэр лъагэу шъхьарытых.
Къыщежьэ ахэр пчэдыжь нэфылъэм,
Сикъушъхьэ пагэх, сыгу фэдэу плъырых.

Уидэхэ Ӏуагъэ зэптыгъэ цӀыфмэ
Насып орэдыр непэ къыпфаӀо,
УщымыӀэжьми, уикъэшъо чэфмэ
Уахэтэу ори шӀугъэм уфакӀо.

ПшӀэмэ пшӀоигъошъ, джы тищыӀакӀэ
ЛӀэшӀэгъу зэфагоу сапашъхьэ уит:
«Сыдэущтэу шъухъура, сыд шъуищыӀакӀэр?»
«ХэбзэкӀэ мафэм тишӀыгъ шъхьафит».

«Тикъушъхьи, губгъуи аIотэжьыгъа?»
«ЯшIугъу, ятхъагъу, марджэ хъужьын!»
«Стамбул икIыжьмэ къагъэзэжьыгъа?»
«Ари зэгорэм къэтлъэгъужьын».

Бэ орэдыкIэу тэ зэхэтлъхьагъэр,
Жъыхэр акIыгъухэу ахэр къытфаIох.
Чылэ джэгушхошъ мо зэхэхьагъэр,
ЧIылъэ хъураер тэркIэ мэкIаIо.

ДжэгокIо Iушхэр джыри тихъойхэу
ТIасэ ымакъэ джыри зеIэты,
Уиорэд нэфхэр гум инэхъойхэу
Къыддэчэрэзхэу непэ къытхэтых.

Абдзахи шапсыгъи джы уимэкъамэ
Къызэрэхедзэу, о Хьагъэудж,
Тыгъэр щыджэгоу бгырыпхи къами
ТицIыфхэр хъярым къыдэгъэудж.

Орэд гушIуагъоу тичылэ хаплъэ
Фэшъхьаф тэ непэ зи тыфэмый.
Къашъом ялыеу, джыгыты кIалэр,
Укъыздэшъощтыр ти Ислъамый.

ТищыIэныгъэ бэ хэхъухьагъэр,
Iаджыми ацIэ щытщыгъупшагъ.
Сыд фэдэ хъуми, тыщызгъэIагъэр
Уикъэшъо жъынчхэу мэкъэмэ пчъагъ!

Мы тидунай лIэныгъэр тетми,
О уикъашъомэ а зыр ямыI.
Шъыпкъэгъэ закъоу хэт фэдэу хэтми,
Хэтрэ къэшъуакIуи ыгу ерэмыкI.

Къыхахьэ бэрэ щыIакIэм джыри
Тэ тыфэмыеу мыхъуны Iаджи.
Пщынэр бгъэцIыргъкIэ джэгур джэгу хъурэп,
Iэгушъор мыплъэу къашъуи щыплъэгъурэп.

Пщынаор ацIэу цIыфмэ алъытэу
Тихъяр зещабэ сэшIэ сэ сшъхьэкIэ.
Исомэ пакIэ Iофым дилъытэу
ЩыIэх джащ фэдэу зипщынэуакIи.

СыдкIэ ащ пылъа, ешъорэ-хьакъум
ЗыриутэкIыжьми, пщынэр феIэты.
Къашъом идахэ зэщызыгъакъоу
ЗызышIытэжьрэм зытыреIэты.

КъаIожьы моуцтэу, къашIэжьы моуцтэу,
О Хьагъэуджэу гъашIэм изаф,
Пщы кIэлэ пагэм сыдэу умыщтэу
Мыхэр епIуагъэх, хъишъэр зимаф.

Зы псэлъэ закъуи тарихъ шъхьацыфым
Хэзы фимышIэу къыднегъэсыжьы,
Пщы кIэлэ къуапцIэм ишы нэтIэфы
Фэдэу ицые сыдэуи фыжьы!

КъызэрэIохьэу къырагъэпсыхышъ,
Мыхъэр пыхъыкIэу пчэгур фагъашIо.
ШыукъамыщIри ыIапшъэ шIолъышъ,
Адэ пэгае, джау сыдми къашъо.

Плъэгъурэр зэкIэ гуми темыфэх,
НитIур уупIыцIэу уипщыни бгъэгърэп.
«А кIал, мы щытхэр, ошIэмэ, цIыфых,
Орэдым, къашъом къамыщ даIыгърэп!»

Джы къызнэсыгъэм уипсэлъэ дзыгъэ
Дэир пхырижъэу щэбыбы чIылъэм,
Хъяры зэхахьэу тиджэгу шIыгъэ
ШIугъэр щиIэтэу фещэ гухэлъым.

Мы тидунаи лIэныгъэр тетми,
О уикъашъомэ а зыр ямыI.
Шъыпкъэгъэ закъор хэт фэдэу хэтми,
Хэтрэ къэшъуакIуи ыгу ерэмыкI.

Уимэкъамэмэ, уикъэшъо стырмэ
КъакIугъэ гъогумэ сазытеплъахькIэ,
Сишъыпкъэ Iуагъэ зэсIощтыр ормэ,
Бэ къыщыстенэ сиIофы IахькIэ.

Дунаир зэкIэ зэрэззэхэтыр,
Джа о уиIуагъэу, гушIогъо закIэп.
Зысинэшхъэим хъохъубжъэ Iэтыр
Усэм къебэкIэу зыщыхъурэр макIэп.

Загъорэ сшIэрэр, стхырэр е сIорэр
Бгъэгум дэмылъэу сIупэ щэгушIо,
СигъашIэ сепцIмэ, чэщыбгэу кIорэр
Къэрары упчIэу нэгум къеуцо.

Сэщ фэдэ къабзэу нэмыкI усакIуи
Бжыхьэ дежъыур игъэжъо пхъакI,
ИIофы зашIи, иусэ заIуи
Гъатхэр къызысрэм боу пIокIэ-лъакI.

Сыбзыу о пIокIэ, тамэ бгомытэу
Тыгъэр зилъагэм хэт урихьан?
Гум иплъырыгъэ усэм хэмытэу
Сыдэущтэу чIылъэм фабэр тепхьан!

ТищыIэныгъэ гъусэ щытфэхъоу
ШIугъи бзэджагъи – тIури зэхэт.
ТхакIуи пщынауи тишъыпкъэ лъэгъоу
Тижъогъо гъуазэ огум ерэт.

Уидэхэ Iуагъэ зэптыгъэ цIыфмэ
Насып орэдыр непэ къыпфаIо,
УщымыIэжьми, уикъэшъо чэфмэ
Уахэтэу ори шIугъэм уфакIо.

Нахьыпэм фэдэу джыри тичIылъэ
УигухэлъышIухэр лъагэу шъхьэрытых.
Къыщежьэ ахэр пчэдыжь нэфылъэм,
Сикъушъхьэ пагэх, сыгу фэдэу плъырых.



ЛIэшIэгъу илъэсхэр еу Iоу зэрэфхэу
Типсыхъо чъэрмэ ячъакIэ фэд.
Джахэм адиштэу уиорэд нэфхэу
Ташъхьагъы итхэм гукIэ тахэт.

Шъэогъуи пыий уищыIэныгъэ
КъыщыпшIокIодхэу къыщыхэкIыгъ.
Сыдэущтэу щытми, уигугъэ шIыгъэ
Гукъауи гушIуи щызэблэкIыгъ.

Уихьалэлыгъэ зыпашI щымыIэу
УищыIэныгъэ хышхом фэдагъ,
Хэтырэ цIыфи ишIу уфэгуIэу
Уихышхо теплъи нэпкъ имыIагъ.

Пчыхьапэр къэсмэ, къеблагъэр япIоу
Бысым нэгушIом ренэу уфэд.
Уипщынэ макъэ чIылъэр зэлъикIоу
Сыд фэда непэ джы уиорэд?

Шъхьэфиты цIыфмэ ятыгъэ мафэу
КъафыкъокIыгъэм уфэтэгъадэ,
Гъэтхэ дэхэгъум ипчэдыжь мафэ
ШIугъэр хэптакъоу тыхэогъадэ.

1970

## СШЫНАХЬЫЖЪ

Андырхъое Хъусен фэсэтхы

### I

Зы огур тыеу зы чIыгур тыгуми,
ЕгъашIэм титIо тызэтеплъагъэп.
Тыгъэм илъагъуи иуци тлъэгуми,
ТитIо зы машIуи чIым щыдгъэблагъэп.

Уишы джэгулэ уишъофы рычъэу
Сэрэп уичъакIэ рыбгъэгушIуагъэр,
Дэхэгъэ псалъэр бгъэгум щызыпчъэу
Тичылэ пшъашъэп укъыздэшъуагъэр.

Ахэр хэгъэкIи, гъэтхэ пчэдыжьэу
Iэхъогъум шъуичэм къыздэмыфыгъ.
Арэущтэу щытми, Iо хэмылъыжьэу,
Орырэ сэрырэ зычI тыкъилъфыгъ.

Хэти зэхихэу, хэти езгъашIэу
КъошкIэ сыоджэн непэ сыфита?
«Пштагъэмэ гукIэ – къысадж. ЕгъашIэм
Нахьыжъ-нахьыкIэу укъызготыщта?»

О къэбгъэшIагъэм фэдитIу сыныбжьми,
Усшынахьыжъ джи, усшынахьыкI.
Зэо джэгунхэм сахэмытыжьми,
Зэо къежьакIэр нэгум кIэмыкI.

Непэп, тыгъуасэп – бэдэдэ шIагъэ!–
Пыеу къэкIуагъэм узыпежьагъэр.
Ащ нахь мэкIэжьэп лIыгъэу зепхьагъэм
Ыужы жьыбгъэу чIылъэм щепщагъэр.

Лугамскэ чылэу уиорэд дахэ
Зиныкъо фаIор гъэтхэ дэкIэжь,
Гыны гъозымэр зиошъо лъагэ
ЧIэтэу щыIагъэр угу къэгъэкIыжь.

Джа уиорэдэу а бжыхьэ мафэм
Фэмыухыгъэм къыпысэгъадз.
«Къыпыдз, нахьыкI. Уигугъэ зафэ
Фэхыгъэ пстэуми афэрэкъабз».

Аущтэу ар хъунэу гукIэ сыфаешъ,
КъызыфэсIощтыр титIо тичIыгу.
Быракъы плъыжьы хъунэу сыфаешъ,
Къызыщежьэщтыр ошIэ, сэ сыгу.

Джа уишъэогъухэу джы синыбджэгъухэр
Арых уилIыгъэ гъусэу кIыгъугъэр.
Сэщ нахьи бэкIэ нахьыжъ лIы дэгъухэр
Арых лъэрыгъыр пфэзыIыгъыгъэр.

Джа уишъэогъухэр ары мэшIуаем
Уапшъэ-уикIахэу къыбдыIутыгъэр.
Ахэм ащыщэу щэр зиошъуаеу
МакIэп аджалым щыриутыгъэр.

Лагъымэ уапIэу, топыщэ тхъафэу
ЧIылъэм итыркъо уцмэ афеда?
Сыдэуи джыри уиIоф зэрафэу
Шъэогъу фэлIабэ дунаим тета!

Шъэогъу шъыпкъэм шъэогъу нэпцIыр
РыпшIэн плъэкIыным бэ имэхьан.
НекIо къысаIуи, мытхытхэу лыпцыр
Уизэо пчэгум сыкъыбдихьан.


20 Заказ 042

МашIом сыхэтэу щэр сиаджалми,
УисэмэгубгъукIэ сыкъэуцун.
Уашъор зэхаоу хыхэр къиолъми,
ОркIэ сэ непэ сышъэогъун.

Гуми шъыпкъагъэр имылъы зыхъукIэ,
Джау Iупэ псалъэр псэлъэ мэхъадж.
Укъысэджэна непэ шъэогъукIэ?
«Боу сыоджэн. Ори къысадж».

## II

Лыгъэ зэикIым имэшIо бзаджэ
ЗыщыоIэтышъ, уины-инэу,
Щэм упымылъэу, лIыгъэ хэмынэу
Пыеу уанэIумэ уашъхьэщэтаджэ.

Щэхъурэджэ нэпкъым рэхьат нэгушIоу
Узэртетыгъэр гуми къэкIыжьа?
Уиусэ макъэ ошъо нэгушIоу
Е чIылъэ жьыбгъэу джыри къыкIэпща?

Си Щэхъураджэу псы чъагъу,
Си Щэхъураджэу псы нагъу,
Си Щэхъураджэу псы нашхъу,
«О-хьэ-хьаер» зимафэу
ПIуфэфыкIэу Лабэ ечъ!..»

Хъусен ымакъэ къызэхэпхыгъа,
Тятэм ятэжъмэ ячIыгу кIас?
Шыблэ гъогъошхоу зызэрихыгъэшъ,
Пыймэ анэгумэ пчыкIэу акIапс.

Е щэ мыгъожъэу зигухьа-гужъы
Зыгу къижъэжъыкIрэр, обыбми дыи.
Ори ситыгъэу тищагу хьакужъы
Фэдэу мэшIошхор, плъэгъурэр пыи.

Зышъхьэ шIомызэу, зыгуи мыкIодэу
Шъуапашъхьэ итыр шъумыгъэгъуащ,
Ори, пыижъэу зынэ къикIотэу
Зыцэ зэзгъэшхрэр, укъэмытхъуащ.

Сыд мыгъор шъушIэна, сыд шъузыфитыр,
Ащ илагъымэ шъурипкIэгъуас.
Пчэдыжьы шэплъэу лъыпсыр зытетыр
Ныбжьи, егъашIи орэмыкIуас.

ЕгъашIэм, уахътэр, угу хэзгъэкIыгъэп,
ГущыIэ дыскIэ уигугъуи сшIыгъэп.
БлэкIыгъэ заом тебгъэзэжьыныр
Сыдэуи хьылъа!.. Къин ухэтыныр!

Гъэмэфэ фабэу гъэмэфэ мазэр
Зэо гуузым къыхэтэджыкIы,
УIэгъэ-укIкIэ ныбжьыкIэ къабзэр
БлэкIыгъэ уахътэм къытфыхэджыкIы.

ПаIо зыщыгъэу чIыр зыщыгугърэр
ЗанкIэу уадэжьы, заор, къыпфакIо.
Орышъ, хэгъэгур, ащ шIу алъэгъурэр
«ЗэкIакIо щыIэп!» ахэм къыуаIо.

Джахэм уафэдэу ори а мафэм
Щэхъураджэ пае къызэпIокIыщт,
ЗыкъэпIэтынышъ, шъыпкъэгъэ зафэм
Пае нэмыплъкIэ пыир ипкIыщт.

Къэбгъэзэжьынэу уипсыхъо нагъо
КъепIуагъэ шъхьакIэ, ымышIэу щытэп
ГъэшIэрэ лъагъоу уичIылъэ лъагъо
Непэ фэхъущтыр. Зыми ар фитэп.

КъыохъулIэщтыр ипсы орыбэ,
УнатIэ илъыр икIэи ныбэ
АшIэми, ахэм тэ тыожэн
АIозэ, бзабзэу о къыбдэчъэн.

Фиты сыкъэпшIмэ, уипсыхъо нэпкъы
Сиорэд макъэ щызэкIэсщын.
ЕсIон етIанэ о пцIэкIэ псыпкъым:
«ЕгъашIэм зыми ущымыщын!»

### III

Тхьапша атакэм ипчъагъэр?
БгъуитIуми пчъагъэр къашIэжьрэп.
Хэт бжыхьэ мафэр зыпшагъэр?
БгъэкIэ чъэкIыгъэу хъыежьрэп.

Анэхэр къикIхэу уиIуашъхьэ
БгъашъокIэ пыйхэр къепшылIэх.
ЛIыхэмэ, ахэм джы ашъхьэ
Iэтыгъэу къыпферэкIуалIэх.

Атхы уфагъэу бгъэкъэжъхэм
«Урысыр, зыкъэт!» – къыуаIо.
Арэу бэлахьэу «лIыхъужъхэм»
Лагъымэр пIыгъэу уафэкIо.

Ажэ IонтIагъи, анэгуи,
Ящтэ кIэзэзи олъэгъу.
Аджалым пыир ыулъэгоу
Ори ар дэдэр къыплъэхъу.

О къэбгъэшIагъэм мыщ фэдэ
УищыIэныгъэ къекIугъэп.
Ахэм яоIо умыдэу:
«Зыстынэу сичIы сипIугъэп!»

ЧIыгур чэрэгъоу пкIэгъосэ сапэу
Джыдэдэм пыйхэр, пыйхэр рикIыщтых!..
Хъугъэр амышIэу зэкIэми апэ
Уяни Щэхъураджи хэщэтыкIыщтых.

А чIыпIэм тара аужрэ псалъэр?
Мырэу сэгугъэ: «Сышъулъыт сыпсаоу!..»

А чIыпIэм тара аужрэ псалъэр?
«Си Щэхъураджэ орэчъ тэмаоу!..»

Си Щэхъураджэу псы нагъу,
Си Щэхъураджэу псы нашхъу,
Си Щэхъураджэу псы къаргъу,
Си Щэхъураджэу силъагъу,

Уишъэо пIуры ынапэу
ЛIыгъэр егъашIэм зигъаI,
Иусэ цIыфмэ яфабэу
Ощхбыбэу ренэу щыгъаI.

Iахьымыгощыр шIулъэгъумэ,
Iазэгъу псы гъуаткIоу пхэрэлъ.
Уинэпкъ сытетэу сыплъэгъумэ,
Хъусены фэдэу къысэплъ.

Лугански чIыгум иIошъхьэ тхыцIэ
ЩыкIэпщрэ жьыбгъэм бгъэгукIэ сыхэт,
СшIэмэ сшIоигъошъ, сшIоигъошъ ыцIэ
Пщынэлъэ лъапIэр хэт иорэд?

«Джа симэкъамэ хэтэу гъэтхапэр
Илъэсы дакIоу шIукIэ къысфэсы,
Тыгъэ нэбзыймэ уцыпэ тхьапэр
Къысфагъэсысэу псэкIэ къысфепсы».

СымыупчIэжьми, уигугъэ щыщхэр
ЗэкIэзгъоенхи, зэзгъэгъусэн,
СэшIэ, орэдым хэлъы гущыIхэр
Сэрэп зытхыгъэр – оры Хъусен.

«Октябрэм сыришъаоу сынасыпышIу
Тхъэгъошхом сыгу шIугъэм фегъэпсэушъ,
Чэфныгъэ щыIакIэм иорэд зезгъэIэтэу
Сэ къэсIощт зэпысымыгъэоу.

ТищыIэкIэ чэф дыригъаштэу,
Къызэхэзыхрэм къыхидзэу, дежъыоу,

ЛIыжъы жэкIэфми кIалэу къыздиIоу,
IофымкIи кIэщакIоу орэд къэсIощт.

Зэкъошныгъэу тикъэрал щыпытэм,
Ти Родинэ инэбзый дышъэхэм,
Щылычыгъэ кIуачIэу тикъэрал иIэм
АфэшI къэсIощт орэд зэпысымыгъэоу!»

ЧIыгур чэрэгъоу, пкIэгъуасэу,
Сапэу зиIэтзэ къэуагъэп.
Уянэ ышъхьаци тыгъуасэу
Фыжьыбзэосэу мытхъуагъэ.

ГукIэ фэкъабзэу, изакъоу
Гупшысэр чыжьэу егъаплъэ,
Унэ джэхашъом щыбакъоу
УиусэкIо кIасэ уепсалъэ:

«...Товарищ Маяковскэр,
Уимафэ шIу!
Октябрэшхом ишъаохэм
АцIэкIэ сэлам
Къыосхын сыфитэу
Изын къысэт.
Октябрэм ибзыйхэр
Хэгъэгум зыщыблэу,
Топы мэкъэхъухэр
Зыгъуагъощтыгъэ уахътэу,
Гын гъозыр къэралым
Зытетыгъэ илъэсым,
Тэ шъхьэфитныгъэм
Тыкъыдэхъугъ.
Аслъан щырхэу
Тятэмэ такъыфэхъухи,
Щылыч партием
Батырэу типIугъ.
Тхъагъом тыкIыгъоу,

Гушlуагъор тыбгъэгоу,
Тылъэшэу, тыпсаоу,
Тычэфэу тыкъэхъу.
Уитхыгъэхэр тэштэшъ,
Пыим бомбэу тырео.
УигущыIэ щэрыохэр
Пыим щабзэу хэтэсэх.
Уитхыгъэхэр тигъусэхэу
ЩылычылIэу тагъасэ.
Пыйри тпIытIынэу
ТIапшъи тыгуи фагъасэ.
Тэ ощ фэдэу тыпытэу
Пыим псэIух тыфэхъоу,
Неттэ фэдэу лIыхъужъэу
Тыхъу тшIоигъу, поэт!..»

Непи неущи емызэщыжьэу
Маяковскэм иусэ мэшIушIэ,
Къухьэшхоу Нетти псэемыблэжьэу
Хы жьыбгъэр бгъэкIэ зэIешIэ.

Лагъымэ кIуачIэм пеIэу зилIыгъэ
ДзэкIолI усакIоу пыир зылIыгъэм
Ыбгъэгу пхырилэу зыгуи уцугъэм
Ишхончи иIэп, иIэп уцугъо!

Лыгъэм, зэфагъэм, лъышIэжьым пае
УсакIом ыцIэ шхончым paIуагъ.
Тыригъэпсыхьи, пыижъы Iaем
Щэр тырипхъанкIэзэ, кIэкIэу еуагъ.

Джащ щегъэжьагъэу усэ сатырхэр
ТехэкIо натIэм щэкIэ ритхэщт.
И Щэхъураджэ тыгъэпс сатырхэр
Хизыным фэшIы шхончым рыхэщт.

## IV

Илъэс тIокIитIурэ тIурэ гъэмафэм
Илъэс пшIыкIутIур сэ сыныбжьыгъ.
Джы къызнэсыгъэм сабый гу зафэм
Щымыгъупшэжьэу бгъэм ар ижьыбгъ.

Чылэ гузэгоу, чылэ дэмыхьэу
ДзэкIолIхэр а гъэм зэкIакIох,
Яшхончи шъхьакIуи якIыбырыхьэу
«Къэдгъэзэжьыщт тэ!» ахэм къытаIо.

БгъуиплIымкIэ тэри тызщыщ щымыIэу
Тызэкъо плъызэу тыкъенэ пчэгум,
СэшIэ а мафэм лыузыр пщыIэу
Узэритыгъэр нэмыц утыгум.

Гын гъоз Iугъор зышъхьащыт чIыгоу
ТичIыгуи гуIэу ыгуи къыуеты.
Джа мэфэ плъырым зэо утыгоу
Узэрыфагъэм машIор щыкIэсты.

Лагъымэр пIашъхьэу Iуашъхьэу узтетыр
Джыдэдэм оркIэ уихьабл, уиун.
Фэхыгъи псауи ацIэкIэ пшIэщтыр,
СэшIэ, егъашIэм тарихъ псэун.

Топ гъогъо макъэр, бомб шъуи макъэр
СэшIэ сэ, сэшIэ зэрэщынагъор.
Танкмэ апашъхьэ оры зизакъор,
СэшIэ сэ, сэшIэ зэрэщынагъор.

Арэущтэу щытми, укъзэплъэкIыни,
ДзэкIолI гъусэгъумэ моущтэу къяпIощт:
«Сэ къэзгъэкIощтхэп! Сэ зыр къэнэни,
Адрэхэм зэкIэ шъузэкIэкIощт!»

Адыгэ шышIоIуи, зы мыжъосыни
Мы Iошъхьэ лъапсэм дэжьы щытыгъэп.

Хъусены ыцIэ Iуашъхьэм фашIыни,
ЦIыфхэр еджэнхэу зыми ышIагъэп.

## V

Джырэблагъэ уикъуаджэ
Сэ, Хъусен, сыщыIагъ.
Чыжьэрыджэу укъаджа?
Зэуи сыгум укъихьагъ.

Щэхъураджэ инэпкъы
Пцелы чъыгхэр тизыбз.
Мачъэ, мачъэ ипсыпкъи,
ИмыжъуакIи ищыбз.

Щэхъураджэу псы нагъу,
Щэхъураджэу псы чъагъу
Щэхъураджэу псы нашхъу,
ЗынэкIапи уц къашхъу,

Джэрпэджэжьым зэрихьэу
Зэхэсхрэр хэт ымакъ?
Зылъэпсабэ чIы хахьэу
Хэт сызтесыр зичъыг такъ?

Къэгъэзэгъум джыдэдэу
КъыкъокIыщтыр орэу,
Щэхъураджэ уфэдэу
КъысшIошIы упсы орэу.

Мыр сиусэ шъхьакIэ,
КъепIолIэщтыр сшIэрэп.
Мыщ нэIуасэ пшъхьэкIэ
УфэсшIынэу хъугъэп.

УныбжьыкIэу, укIасэу
Сипсы пашъхьэ къиуцу.
Псым хэфэгъэ пасэу
Ехьы, ехьы, ехьы уишIу.

Чылэ гупсэу уиплъапӀи,
Узщалъфыгъэу уихапӀи
Тыгъэ мафэр шъхьарыт,
Уихэку дахи шъхьафит.

КъыкъокӀыгъэшъ чэу къуапэм
Шъэожъыер пфэдэкъабзэшъ,
Тыгъэбзыир зынапэм
Нэр пӀэпихэу ыгуи къабзэ.

Ахэм уцӀыф шӀагъокӀэ
Уигугъу ренэу ашӀы.
Ахэм гушхуагъэкӀэ
Птхыгъэр зэрагъашӀэ.

Лъэгъо гъуазэу хэпхыгъэм
Дэх ямыӀэу тетых,
Джа уиусэу птхыгъэм
ИшӀушӀагъи етэх.

О пшӀэрэп нахьы лӀыгъэ лъэгагъэр
УсэкӀэ зытхыгъэр оры, сшынахьыкӀ.
Гум къызэриӀоу гум ипэгагъэ
КъипӀотыкӀыгъэшъ, тхьэм урихьакӀ.

Бгъэгупэ къуапэр арышъ зычӀэлъыр,
Ар зытептхагъэр тхылъыпӀэ тхьапэп.
УигукъэбзагъэшЪ шӀугъэр зыхэлъыр,
ХъусенкӀэ пӀуагъэр боу псэлъэ пшъхьап.

О пшӀэрэп нахьы, къэкӀощт лэжьыгъэу
Неп лэжьыгъацэр чӀым зыхэбдзагъэр,
Хъусен илӀыгъэ къыгъэущыгъэу
КъэпӀуагъэр джырэп пшъхьэ къызихьагъэр.

Сэри зэгорэм уахътэр къысаджэу
Сырерэщажьи, сэшӀэ ащ дэжьым,
Щтагъэр унэгоу гукӀэ сигъуаджэу
Зыбгъэбылъынэп, укъыздежьэн.



Зэрэтихабзэу лъэрыгъ-шхомлакӀэр
Къэуубытыни, сыбгъэшэсын.
Пыеу къэкӀуагъэм нэлаты плъакӀэр
О зэрепхыщтым уегупшысэн.

Хъусен илӀыгъэу узкӀэупчӀагъэм
Фэдэу сигъашӀи згъэӀорышӀэн.
ОшӀэ-дэмышӀэу, зыщищыкӀагъэм
СкӀуачӀэ лагъымэу пыим фэсшӀын.

Сэри ощ фэдэу Хъусены ныбжьи,
Ныбжьи Хъусены сытемыплъагъ.
Джа о зэрэпшӀэу къытхэмытыжьми,
ТыпсэкӀи тыгукӀи ар къытпэблагъ.

Зэуж-зэлъыкӀоу илъэс блэкӀыгъэр
ЗэкӀэбгъэкӀожьми, хьау симыӀэн.
Ӏуашъхьэу Хъусены ылъкӀэ шъокӀыгъэр
Къэзгъэгъунэнэу сытеуцон!

Хъусены фэдэу сызэплъэкӀыни,
ДзэкӀолӀ гъусэгъумэ моущтэу ясӀощт:
«Сэ къэзгъэкӀощтхэп! Сэ зыр къэнэни,
Адрэхэм зэкӀэ шъуззэкӀэкӀощт!»

Сыпсаоу чӀылъэм, аущтэу мыхъугъэу,
Сытетэу щытми, ар сщыгъупшагъэп.
Уилыуз къини зыфэплъэгъугъэу
ЛӀыгъэу зепхьагъэм зи едгъэпшагъэп.

Джы къызнэсыгъэм уисэмэгубгъум
Сыщыт зэпытэу заом сыхэт,
КъаӀуи джыдэдэм ухэтэу гугъум,
Уадэжь къэсынэу щымыӀэр хэт?!

А охътэ хьылъэм шъузэкӀэкӀуагъ сӀоу
ЗыкӀи, дзэкӀолӀхэр, шъузгъэмысагъэп.
Щтагъэм шъухэтэу, щтагъэр шъунэгоу,
Джау шъхьэчъэ-псачъэу шъузэкӀэкӀуагъэп.

Сэри а чIыпIэм шъузэритыгъэу
Ситыгъэу щытмэ, арэущтэу сшIэщтыгъ.
Ауми шъощ фэдэу шъхьакIом систыгъэу
ГукIэ а Iуашъхьэм сыкъытенэщтыгъ.

## VI

«Сыд шъуищыIакIэр?» – къысэупчIи,
«Тхъагъо!» – сIони, къыосIон.
Уишъэогъумэ къакIэупчIи,
Къыпфэсщэнхэу салъыкIон.

Ахэм бэрэ, бэрэ, бэрэ
Уигугъу ашIэу зэхэсэхы.
Зэо тыркъоу агоу пэрэр
МэкIэ-макIэу гъашIэм тхехы.

ЛIыгъэ шъуашэу орденхэр
Май мэфэкIым къызыхалъхьэ.
ТекIоныгъэм джа итынхэр
Ахэм якIышъотелъхьэх.

«О-хьэ-хьаир» къапыхъыкIхэу
Зы псалъи къыуаIолIэнэп.
ЩыIакIэм бащэ хатхъыкIэу
Ахэми яплъэгъулIэнэп.

Тыркъохэр, заор, тыркъохэр
ПкъохэмкIэ лыузы лъапIэх.
Тыркъохэр, заор, тыркъохэр
СичIылъэ джыри иплъапIэх.

ЩыIакIэм фэдэу заоми
Хэхъухьэ Iаджи мыхъун,
ЕтIани сэшIэ сэ ауми
Къумалым сыгу емыгъун.

УиIагъэх, уиIэх шъэогъухэр,
ШъэогъукIэ, Хъусен, унасып,



СэркIи гукъабзэх ныбджэгъухэр,
Яхъяри сипсыхъо псып.

Арэущтэу щытми мыщ фэдэм,
ГухэкIми, сыд пшIэн, гухэкIы,
Мызэфэ Iаджми мыр дэдэу
УаIукIэу джыри къыхэкIы.

Къин химылъагъоу, имыеу
Зыгорэм имэшIо жъоку
Iусыр Iузыфэу, зызщэеу
Зызгъэфэбагъэм ынэгу

Фэдэу, ехьщырэу щыIакIэм
Щыпсэурэр джыри мымакIэм!
О пцIэкIэ, Хъусен, сынахэ
Афэзгъэшlунэп сэ ахэм.

СэшIэ нэфыпсы фалIэхэр
Ощ фэдэм ыкIыби дэтых,
НэмыкIым итыгъэ паплъэхэр
Сыдигъуи хьазыр зэпытых.

Зыгорэм ичъыг гъэкIыгъэ
Упычыхьаным сыд хэлъ?
Уушъэфми, нафэу пыпчыгъэр
О уеп, нэмыкI гухэлъ.

Ильин, Андырхъуаер,
Гордиенкэу скъош зэсIуагъэр,
Щытхъум пая, шъуичIы пая
ЛIым илIыгъэр зыфызешъухьагъэр?

Агухэр, сичIыгу, сэшIэ пкъохэм
Щтэгъэ IофкIэ къэмэкIагъэп,
СэшIэ, сэшIэ, сэшIэ ахэм
Щытхъу нэпцIи ящыкIагъэп.

## VII

Пчэдыжь гушIуагъоу пчэдыжь мамырым
ГушIопсыр схизэу сэгушIо сшъхьэкIэ,
Огоу сфэкъабзэм, огоу щатырым
Гур фисIотыкIэу мыр стхыгъэ шъхьакIэ,

СэшIэ сэ дэгъоу, лагъымэ пчэгум
СэшIэ сэ дэгъоу, гын гъозы огум,
СэшIэ сэ дэгъоу, пкъэу шъхьэпылъапIэм,
СэшIэ сэ дэгъоу, сичIылъэ лъапIэ

Зэо хэкIуадэу текIодыкIыгъэм
Нахь усэ дэгъуи, сэшIэ, ытхыщтыгъ.
Игъонэмысэу заом рикIыгъэм
Ыбгъэгу гушIуагъор дизэу дэлъыщтыгъ.

ЕтIани, сэшIэ, зэо гуфэплъыр
Гордиенкэр, Ильиныр, Андырхъуаер,
ЗэолI мин пчъагъэу тичIылъэ хэлъыр,
ШъоркIэ сыдигъуи зэрэгукIаер.

## VIII

Гъатхэр къэсыгъэу ифабэ
Къэгъагъ бырабэу къысатэ,
Быракъ плъыжькIэ зифапэу
Непэ май мазэр гуIэты.

ТитекIоныгъэ и Мафэ
Неущышъ тежэ, тыпаплъэ.
ДзэкIолIмэ ялIыгъэ зафэ
Плъыжьышэ-шэплъэу мэуалъэ.

Непэ фэдэу маим и Бгъур
ГъэшIэ зэлъыкIоу къэкIощт,
Сыдрэ зауи джаущтэу лъэбгъур
Етэдзы тIони зэтIощт.



ХэткIи мэфэкIыр гушIуагъо,
ЩыIэп гухэкIыр!.. Гухахъо
ТIощтыгъэ шъхьакIэ, гуузыр
Уяни, сэ сяни зынэпсыр.

ТитекIоныгъэ и Мафэ
Неущышъ тежэ, тыпаплъэ.
ДзэкIолIмэ ялIыгъэ зафэ
Плъыжьышэ-шэплъэу мэуалъэ.

«ГукIэ сыразэп» ыIони,
СэшIэ, скъо моущтэу къыдзыщт,–
«Зыми тыщыщэп!..» ыIони,
Изэо нэгукIэ плъызыщт.

ОшIэ-дэмышIэу ардэдэм
Сыгу пиIонтIыкIэу узын.
Борэжъы сэри сыфэдэу,
А мафэм гур сIэпызын.

Тыгъэ нэфыр къэушIункIыни,
ЧIыр ушъуашъоу чэрэгъун.
ГомыIу шIуцIэм сырикIыни,
Аджал шIуцIэ ар сфэхъун.

Е-о-ой, Борэжъ, Борэжъ, сыпфэдэу
Скъо икъэбаркIэ чIыпIэ сифэна?
Сыгуи пхырилэу, сишъауи фэстэу
Зэо щэ мыгъор сэ къыстефэна?!

Сыда шъуIуа, сыда тинэфылъакIэу
Непэ къэкIощтым тэ къытфихьыщтыр?
ЧIылъэ хьалэлыр зэлъигъэшъокIэу
Тиощхы мафа непэ къещхыщтыр?

Арэущтэу мыхъоу ощх шIуцIэ къэхъоу
Гуаор къытфихьэу тигъэунэхъумэ?

Дунэе нэфыр зэлъамылъэгъоу
НитIур шIуцIабзэу зэлъигъэушIункIмэ?

Ащыгъум псыхэр нэпсы щыугъэу
Къушъхьэм хэчъынхи, хым екIужьыщтых.
ЧIылъэм иуцмэ ашъхьэ пызыгъэу
Игъонэмысэу санэIу къифэщтых.

Хьау, арэп, шъошIа, хьау шъошIа, арэп
Мы дунай дахэр сэ зыкIысиIэр,
Къини гушIуагъуи зэхэтэу арэп
Сэ зэпэсщэчзэ, сызыфытетыр!

**IX**

Сабый джэгулэу ощхым зипхъуати,
ЛъэпцIабзэу чIылъэм щыгушIукIыгъ.
Шъофи, хьасаби, хьамдэчи, хъуати
Агу пэш охъуфэ загъэшъокIыгъ.

Дунай нэфынэр шхъонтIэбзэ къабзэу
Ыбзи тIупщыгъэу зэлъэкъэгъагъэ.
ЧIылъэм итыркъо лъэпэ чIэгъабзэ
Уцмэ зэлъашIэу ышъхьаци тхъуагъэ.

ЗэолI къэхалъэу къэхэлъэ минхэр
Зэо гухэкIых, зэо гукъэкIых.
Илъэс псыорхэу охътэ илъэсхэр
Зэуж-зэлъычъэу чIыми тесыкIых.

Уахътэр IокIоты. Джащ фэдэу цIыфхэм
ЯщыIэныгъи жъыгъэр дэлъэхъу.
Сыдэуи тшIына, зэолI шъхьацыфхэм
Гъэ къэс япчъагъи нахь макIэ мэхъу.

Машинэм сисэу мы пчэдыжь шIагъом
Сичъэр быбыкIэ жьым сыпхырехы,
Гъогур илъэсэу лIы горэ лъагъом
Тетэу сыкIахьэшъ, пчъэр фыIусэхы:

«КъитIысхь, тят. Тыд уздежьагъэр?»
«Военкоматым сэкIо къэджагъэшъ,–
Шъхьацри бырабзэу къэраб, фыжьыбз,
Иорден шъуашэхэри бгъэгум хизыбз, –

Зыгъэпсэф аIо... СшIэрэп ясIощтыри...
Модэ зэ еплъи лэжьыгъэ дахэм.
Нэр къегъэшхэкIы, гур къегъэпагэ,
Мохэм сахэкIэу тыд сыздэкIощтыр?»

Илъэс тIокIищрэ пшIырэ зыныбжьэу
Модэ мо кIорэм, сылъэплъэ шIукIэ.
УигъашIи кIыхьэу, сыпси ущыщэу
Бэрэ къытхэт лъысэIо гукIэ.

Сэри гушIуагъом сызэлъиштагъэу,
Хъярба дунаим утедэIоныр!
Хъярба тичIылъэ зи уимыдагъоу
Плъапэ щылъатэу джы урыкIоныр!

Сыдэу насыпа гугъэр зитыгъэу
Къины пэшIуекIоу цIыф щыIэныгъэр.
Джа закъор ары зыпсэ зытыгъэу
Фэхыгъэ пстэуми абгъэ дэлъыгъэр.

Ау мы сыхьатым зэо мыгъуаеу
Аджал мэхъаджэр чIым джыри щэкIо.
ТкIуачIэ етхьылIэу, машIор ыбгъаеу
ЗэлъыкIодынэу заом тетэIо.

Уахътэм зипхъуатэу танэIу чIэсыкIми,
Зэо илъэсхэр джыри тэ тынэх.
Гъабэр быракъэу тарихъзэ чъэкIми,
Нэгум кIэмыкIхэу ахэр фыртынэх.

Непи егъашIи мы зыр сфэшIэщтышъ,
Хъусен, уидахэ сIотэн слъэкIын.
Шъори, дзэкIолIхэр, тэ къэдгъэшIэщтым
Псауи фэхыгъи тыгу шъуимыкIын!

## X

Непэ уадэжь сыкъэкIуагъэу
УилIыгъэ шIапIэ сыщыхъохъощт.
Дэхагъэр бэрэ пфаIуагъэу
СэшIэми, джыри пфэсIощт.

Уишъофырыплъэ пэчыжьэу
Уипсыхъо цIыкIуи мачъэ,
Мэзэгъо шъабэр ичэщэу
Щынэр ымышIэу мэпчъапчъэ.

Си Щэхъураджэу псы нагъу,
Си Щэхъураджэу псы нашхъу,
Си Щэхъураджэу псы чъагъу,
Зынэпкъ нэкIапи уц къашхъу,

Уишъэо пIуры ынапэу
Лlыгъэр егъашIэм зигъаI,
Уиусэ цIыфмэ яфабэу
Ощхбыбэу ренэу щыгъаI.

Iахьымыгощыр шIулъэгъумэ,
Iазэгъу псы гъуаткIоу пхэрэлъ.
Уинэпкъ сытетэу сыплъэгъумэ,
Хъусены фэдэу къысэплъ.

ТичIылъэ нагъо бгъэр фызэрытхэу
Хэти зэхихэу орэд фэтэIо.
Тыщыжъоу, хатлъхьэу, лэжьыгъэр щытхэу,
Гугъэм тыпаплъэу тигъашIэ щэкIо.

БгъэкIэ зытщэймэ, ем тыпэуцоу
Оры тынапэр, оры тилъапIэр,
Хъярыр къыддэхъумэ, тызэдэгушIоу
Оры тизафэр, оры тихапIэр.

Шхъонтlэ нэфынэу, фыжьыбзэ дахэу
Тэ утиIэнэу ренэу тыфай.
Тигугъи пагэу, тиуашъуи лъагэу
ТызыфыщыIэр оры, ощ пай.

Тэ къэдгъэшIэщтми, къыткIэлъыкIощтми
Зы мэфэ закъуи уащыгъупшэнэп.
Тарихъ хъишъабэр къыпфэзыIощтми
Заор аIапшъэу уитхьацу апшэнэп.

Хъусены фэдэу сыуищыкIагъэу
Зэ закъо къаIуи – шъумыгъэшIагъу! –
Гъусэгъу сыпфэхъоу, угуи схэкIагъэу
Сыгуи остынба, сичIыгу нагъу!

Дунаир дахэу, хэпхын хэмылъэу
Мы Iошъхьэ лъапсэм щымэфэ шIагъу,
Гуми изыбзэу гупшысэр пфилъэу
СыкъыпфэкIуагъэшъ, пIуагъэр сиIуагъ.

ЗыщыпIэтыгъэу зэо утыгоу
Узэрыфагъэм машIор щыкIэсты.
Гыны гъозымэр зышъхьащыт чIыгоу
УичIыгуи, муары, ыгуи къыуеты.

Лагъымэр пIашъхьэу Iуашъхьэу узтетыр
Джыдэдэм оркIэ уихьабл, уиун.
Фэхыгъи псауи ацIэкIэ пшIэщтыр,
СэшIэ, егъашIэм тарихъ псэун.

Си Щэхъураджэу псы нагъу,
Си Щэхъураджэу псы нашхъу,
Си Щэхъураджэу псы чъагъу,
Зинэпкъ нэкIапи уц къашхъу,

Уишъэо пIуры ынапэу
О лIыгъэр егъашIэм зигъаI,
Иуси цIыфмэ яфабэу
Ощхбыбэу ренэу щыгъаI.

Iахьымыгощыр шIулъэгъумэ,
Iазэгъу псы гъуаткIоу пхэрэлъ.
Уинэпкъ сытетэу сыплъэгъумэ,
Хъусены фэдэу къысэплъ.

1973



## АДЫИФ

### I

Адыиф нахь шъуз дахэрэ нахь шъуз дэгъурэ
УлъыхъуагъэкIи, дунаим темытын!
Ау мы тхыдэм хьылъэ къыщысфэхъурэр
Шъыпкъэр зыхэмылъ сатыркIэ сфэмытхын.

Шъуз кIасэу, шъуз дахэр Кортэхъу ишъхьэгъусэу
Уцыр зыщыбэу къушъхьэм идэхапIэ
НапIэр щыпIэтмэ, пщэфмэ ягъусэу
Лъэсми е шыуми щехьы имэфабэ.

ТIуми яэкъонэу нартри фэягъэшъ,
Гъунэгъуи джэгъогъуи, шъэф хэлъэп, ямыI.
ЦIыфыр зэщызыфрэр псэлъэ дыдж ягъэшъ,
Iушъэшъэ щхыпцIри гоо гущыI.

ЕтIани ошIа, нэмыкIым идахэ
ФычIэплъэу щыIэр джыри мымакI,
Зыр хъуапсэу, зыр шъугъоу, зыр пагэу
Къыоплъы зыхъукIэ, тхьэм урихьакI.

Къушъхьэхъум илъагэ зи щытемыплъэу
ШIулъэгъум илъапIэ тIуми щямаф.
Ахэм ямафэр гъэтхэпэ Iуплъэу
Ячэщ мэзагъуи чIылъэм щынаф.

Адыиф нахь шъуз дахэрэ нахь шъуз шъабэрэ,
Нахь шэнышIурэ, нахь шъуз пшъхьапэрэ

Бэрэ улъыхъуагъэкIи, бгъотынэп,
Нарт Кортэхъуми ар ынап, инеп.

Зиджэхашъуи къабзэу, зиджэныкъуи фабэр,
О-ри-ра-щэри, ор си Адыиф.
Уишэхъогъуи, Кортэхъу, къушъхьэхъу лъапэр
ЗэлъиIыгъэу щэхъушъ, ом чIэмыф.

Мафэр текIмэ, чэщ мэзахи чэщ мэзагъуи
Игъорыгъоу уахътэм щызэблещы.
КъызщыкIожьрэр ренэу игушIуагъоу
Адыифи маплъэ, лIым фэзэщы.

Загъорэ Адыиф шъхьаныгъупчъэм Iусрэр,
Шъхьэзэкъоныгъэм хегъэщэтыкIы:
«Сыда шъуIуа моущтэу тызыфэпсэурэр,
Унэр зэгъокIы, дунайри нэкIы.

Пщэ фыжьитIоу къушъхьэм шъхьэщыхьажьрэм
Зы пщэф цIыкIуи, муары, ягушIуагъу.
Шыбзы пэпчъэу тадэжь къыдэхьажьрэм
ШыкIэр къытфыздащэ... ТитIо тэ тизакъу...»

Адыиф нахь шъуз дахэрэ нахь шъуз дэгъурэ,
Улыхъуагъэкiи, дунай нэфым темытын.
НэбгыритIу щэхъурэ, зы шIулъэгъу щэхъурэ
Якъэбар нэмыкIи тхыдэр хэмытын.

## II

Инджыдж псыхъоу псыхъо чъэрыр
Къушъхьэм хэчъзэ, пщэм щэбыб.
Лъэмыдж бгъузэшъ, псыхъо стырым,
Кортэхъу икIмэ, уцыр щыб.

ПсырыкI нэпкъэу уцы къашхъом
Шыхэр Iуизых, Iуизых, Iуизых...
Уфэзэща шъузы нагъом?
Жъогъо нэфхэр огум исых.



Шэхъогъу мафэм удэтэджмэ,
КъыбдэкIуатэ Адыифи.
Чэщ мэзахэм къэбгъэзэжьмэ,
Лъэмыдж лъагэр пфегъэнэфы.

А лъэмыджыр лъэмыдж бгъузэшъ,
Къэбгъэзэжьми, мыIэшIэх.
Чэщ мэзахэм ар игъусэшъ,
Шылъэмакъэр – шIэх, шIэх, шIэх.

Мафэ горэм сэмэркъэукIэ
ЗэлI-зэшъузмэ зэраIуагъ:
«Хэт унагъом титIо пкъэукIэ
Анахь пытэу щычIэсагъ?»

Сэмэркъэуми, упчIэ псалъэр
Сыдми джауштэу къемыжьагъ,
Нарт бгъэгупэу бгъэпэ залэр
Зэхихыгъэм зэфищагъ.

Адыифы инэфынэ
Джы зыфэдэр къыгурэIо.
Унэм шъузыр лIым рифына,
Зыфегъазэшъ, щхызэ реIо:

«Арэу пIомэ, чэщ лъэмыджым
ПIэ инэфкIэ сыкъимыщ,
Къесфыжьэнышъ, адрэ ныджым
Сэ шэхъогъур къисфыжьыщт!..»

Сыд а чэщым, нарт лIы пагэр,
Уишэхъогъумэ къяхъулIагъэр?
Шъхьэчъэ-псачъэм хэтхэшъ ахэр,
ЛIым илIыгъи япхьылIагъэр.

Шъузми гуIэу ыIэ фыжьхэр
Шъхьаныгъупчъэм къырегъэщых,
Шы плъыр стырхэр, зэщымыщхэр
Лъэмыдж бгъузэм къыщэщыщых.

Шъхьэкlо штагъэм Кортэхъу ыстэу:
«Уинэфынэ сищыкlагъэп!»—
Еlошъ, шъузым ар фимыдэу,
Фыдэхыгъэп, зэкlэкlуагъэп.

## III

Е-о-ой, Адыиф, пшъхьац ипчыжьэу
Чэщи мафи угъкlэ сыд ишlуагъ,
Нэпс щыугъэр бгъачъэу, зыуукlыжьэу
Уиджэгъогъухэр лlымкlэ бгъэгушlуагъ.

Дунай нэфыр оркlэ къэушlункlи,
Ошъогу чlэгъым жъуагъор щыхэзыгъ.
Сыдыр уиамала, гум теlункlи,
Къыпщышlыгъэм непэ зегъэзэгъ.

Инджыдж ныджэу модэ адырабгъум
Лlыр щышахъоу джыри къызщыгъэхъу,
Унэхъугъэр орми, ошъо лъагъом
Уишыу закъо тетэу орэлъэгъу.

Уигъымакъэ хьауми шылъэмакъэ
Псырыкl нэкlым ренэу щызэхахрэр?
Уидэхагъэ хьауми уишъхьэзакъуа
Къушъхьэ шыгум пщэфэу щымышъхьахрэр?

Пlэ фыжьитlури чэщ мэзахэм
Лъэгъо хэхкlэ хэт джы фэпщэин?
Мыиныщэу лlым икъэшъхьэ махэ
Къушъхьэ лъагэм lуашъхьэу къытещын.

Лlым илlакlэ, нартым икlодыкlэ
Уимысагъэ хэлъми, цlыф ымышl.
Инджыдж ормэ гъыбзэу орэдыкlэр
Къадэопчъми, нэпкъмэ зэхамышl.

Сыдкlэ уищыкlагъэу мэфэ мыгъом
Нэкъокъоныр лlыми пэбгъохыгъ,

Псэлъэ дыджкlэ, зэуи къыпщымыхъоу
Таущтэу ащ ипаlо шъхьэщыпхыгъ?

Адыиф нахь шъузышlурэ нахь шъуз шъабэрэ,
Нахь шэнышlурэ, нахь шъуз пшъхьапэрэ
Бэрэ улъыхъуагъэкlи бгъотынэп,
Нарт Кортэхъуми ар ынап, инеп.

## IV

Iэгъо-благъом нарт унагъом
Нахь фэшlыгъэ къимыкlын.
Сыд убайкlэ, тхьамыкlагъом
Адыифи зэтричын.

Тыгъэпс фабэу шlулъэгъу нэфыр
Адыифы фэнэфыгъ.
Ау джыдэдэм Адыифы
Шъхьэзэкъоныр шlоlофыгъ.

Сыдэу, таущтэу шъузэбацlэр
Адыифы тыраlон?
Iом щежьэнышъ, гугъэ шъхьапцlэр
Iэпцlэ-лъапцlэу шъхьэщахъон.

«Лlыр щыlэжьэп… Сыд симафэр?..
Мы дунайри дунай шlункl.
Джэныкъуачlэу мэшlо стафэр
Ежьэ сапэу сэ сфэнэкl.

Сэщ нэмыкlмэ сяплъышъ, лlакъор
Нэбгырабэу агъэбагъо,—
Адыифи лlым фэзакъоу
Къызфихьыгъэр егъэшlагъо,—

Бзыуитlу пэтзэ, набгъор ашlышъ,
Щыры цlыкlухэр къыщыращых.
Сабыинчъэу о егъашlэм
Ущыl аlошъ, цlыфхэр къыздэхьащхых.

Сыд дунайми джы сытеткIэ
Сышъхьэзакъу сэ... Сышъхьэзакъу...
Тыгъэр огум, огум сфиткIэ
Зэуи арэп – къэрэу лъакъу.

Инджыдж ормэ захэздзэни,
ЛIым есшIагъэр къысарэшI!..
ГъашIэр псычIэм фэзгъэзэни,
ИмыжъуакIэ бэн сфарэшI!..»

## V

Ары шъхьакIэ, Адыиф, ары шъхьакIэ,
Бжыхьэ псыхъор чъыIэмыл, чъыIэмыл.
Iумыл ужым джыри гъэтхэ шъхьафкIэ
Пхъэгулъ чъыгри унэ натIэм щытIэмыщт.

Дунай нэфэу непэ пфэушIункIыгъэм
ИкIэрыкIэу нэмыкI шъыпкъэу уIуплъэн,
Фэшъхьаф тыгъи, къинэу пкIэхэкIыгъэм
Ипэгъокlэу, бгъэгуми щигъэблэн.

Чэщы закIэп, Адыиф, къины закIэп,
ЩыIэныгъэм шIугъэр къытфебэкIы.
Пчэдыжь тыгъэр тэркIэ пчэдыжь хьакIэп,
Тыщыгугъэу ренэу тыпэгъокIы.

ЛIы кIодыгъэм, Адыиф, тыгъэ фабэр
ДэмыкIодэу чIылъэм иорэд.
Гъэрэ фэдэу слъэгъузэ, гугъэ шъабэр
Шъэф хэмылъэу непэ къыорэт.

Сыд лъэмыджа Инджыдж шъхьагъым телъыр,
Умыс сIокIэ сыдыр хэзгъотэн?
Зэ зэгорэм фэдэу, сыд ащ хэлъыр,
СIитIу фэзгъашIоу уашъхьагъ щысIэтын.

Ары шъхьакIэ, Адыиф, лIым икъашъхьэ
ЯтIэу телъыр зэрэшIуцI, уц темыт.



Уахътэр игъорыгъоу дунай пашъхьэм
Джауштэу щызэблэкIы, ар щымыт.

## VI

Тарихъ уахътэр игъорыгъоу
Мафэм дэкIо, чэщым декIы,
КIыр шъхьэщыкIмэ, мэщыр тIыргъоу
Бжыхьэр къэсышъ, ари текIы.

ИкIэрыкIэу чъыг икIыгъэм
Лъэпсэ дэпщкIэ зыкъешIэжьы,
Ощхэу чIылъэм тещхыкIыгъэм
Зэ зэгорэм пщэф зешIыжьы.

Шъыгъо джанэр Адыифы
Зыщихыжьмэ, жьы раIонэп.
ПшIэрэр хъунэп, пшIэрэр дэи
ЫIоу зыми къыушъхьэкIунэп.

Адыифы шъыгъо джанэр
Щыгъми, дахэ, фыжьы, гуахьы.
Тхьэр зэуагъэр лIагъэр ары,
Ащ дунаим зыщекIуахьы.

Шъхьаныгъупчъэм нарт шъузабэр
Iусэу къэмкIэ, къэмкIэ маплъэ.
ЛIым икъашъхьи уцы шъабэр
Жьыбгъэ макIэм щегъэуалъэ.

Зы гупшысэм зы гупшысэр
ЛъыкIэмыхьэу къыкIэлъэкIо.
«БзыуитIу набгъом сыд зыфисыр?..» –
Адыифы ежь зэрэIо.

КъэбгъэшIагъэм умышIагъэр
Таущтэу, бзылъфыгъ, озгъэшIэн?
Щыр зыкIэсыр огъэшIагъо,
Ышъхьэ къисхкIи, умышIэн.

## VII

Тыдэ укъикIыжьра, Адыифэу,
Нарт Кортэхъу ишъузабэу шъуз-мышъуз?
Модэ шыу шъхьэзакъоу ом имыфэу
Бгым къыпфехрэм ыцIэ къысфеус.

Мысысыхэу шыу лъэкъофым тесыр
Саусэрыкъуа сэIо?! Къэсы, къэсы.
ПаIор зышъхьарысым нарты шъузыр
IумыкIэнэу фаешъ, лъэр Iэпэзы.

Сыд риIощтыр шыоу къыпэгъочърэм,
Ятэп, ышэп, иIахьылэп, илIэп.
Лъэмыдж бгъузэм шылъэмакъэу къыпчърэм
Инджыджыпсми, сэшIэ, ишIэ хэлъэп.

Нарт шъузабэр плъэна, плъэгъу имыфэу
Саусэрыкъо къэсы, шым къепсыхы.
Адыиф укIытэу, шъхьэр еуфэ,
Гури гуIэу бгъэгум щызэхехы.

«Сыд бзылъфыгъа мы сапашъхьэ итыр!
Напцэр сIонти, пцIэшхъо тэмэ псынкI.
Пчэдыжь тыгъэ фабэу нэ нэгъуитIур
Нэпэ дэхэ шъабэм къыхэпсыкI.»

Сыда сэIо, Саусэрыкъу, къыпщышIыгъэр?
Сэ ущтапхэу ныбжьи сымышIагъ.
Хэта гущтэ, гущтэ озгъэшIыгъэр,
Сыд шъузабэм непэ къыуишIагъ?!

Зы бзылъфыгъэп, сэшIэ, шIу плъэгъугъэр,
Укъагъапцlэу Iаджри къыхэкIыгъ.
Саусэрыкъоу тикъан, сыд къэхъугъэр?
Iуплъэ закъом, улIба, урикIыгъ!

Сыд емыкIуа пшIэрэр, сыд емыкIуа,
Саусэрыкъоу, нартмэ ялIыгъур?

Тхьаусхаклуа, хьауми псэлъыхъуакIуа
Непэ узэшэсым пшъхьэ илъыгъэр?

Ори ары, Адыиф, Адыиф,
Шъхьэм къифагъэр адэ иф, адэ иф!
Шъхьэфитынчъэу тIури зэфэкIуатэ,
Агу зэфилъыр нэкIэ зэфаIуатэ.

Саусэрыкъо пщэфым нэплъэгъу редзышъ,
Ощхы шъабэр чIылъэм къышъхьэрещэ.
Зыбгъэшъуна, кIакIор плIэIум редзэшъ,
Адыифи фаеу ащ къычIещэ...

Адыиф нахь шъуз дахэрэ нахь шъуз дэгъурэ
УлъыхъугъэкIи, дунаим темытын.
Сэ мы тхыдэм хьылъэ къыщысфэхъурэр
Шъыпкъэр зыхэмылъ сатыркIэ сфэмытхын.

## VIII

Ощхыр щхымэ, щхымэ, щхызэ,
МэкIэ-макIэу чIым шъхьэщэкIы.
Шъыгъо джанэр зыщимыхзэ,
Адыифи IаплI ращэкIы.

Ощхыр, ощхыр, тэ уежьагъа?
НэбгыритIумэ къещх къыуаIо.
Сыд къэхъугъэр, уезэщыгъа?
КIэкIо чIэгъмэ агу зэфакIо.

Мафа, чэща къашъхьащытыр?
Гъэтхэ дахэм ахэр хэтых.
АIупшIитIухэр, сыд япшIэщтыр,
МэшIо бзыйхэу мэстых, мэстых.

НэпэнчъитIумэ ятыгъуакIэ
ХъункIэ шыкIэм фэзгъэдэн,
Ау етIани, ар сыд IуакIа,
Бгъэм ыIони, сфимыдэн.

Адэ сыда ащ етIощтыр,
Къумалыгъа е шIулъэгъуа?
Зэщ тегъэкIэу зэIуплъэгъуа
Шъуз шъхьэзакъом къытекIощтыр?

МэшIо жъокукIэ зимыл жъугъэр
Мысэ пIокIэ сыд ишIуагъ...
...Адыифи иIэшIугъэр
Саусэрыкъо фигъэшIуагъ...

## IX

Гъэтхэ напэр ощхым зэлъитхьакIмэ,
Мэщи уци кIырэу къызэдакIо.
Псы чъэгъуитIумэ IаплIыр зэращэкIмэ,
Зы мэкъамэу орэд къызэдаIо.

Убыбыным тэмитIу ищыкIагъэшъ,
Тэмэ закъор тамэу умылъыт.
НэбгыритIу ямашIо зэкIэблагъэшъ,
Тэпышэсыр тIуми къахэлъэт.

Мы дунайри сыдэу дунай даха,
Шъэбэ Iуплъэр чIылъэм инэплъэгъу.
Плъэгъурэр зэкIэ ом илъагэшъ,
Шъэф зимыIэр митIумэ яшIулъэгъу.

Адыифы апэ шъхьэр къеIэты:
«Сыд мыр зыщыщыр?.. – упчIэр къеты.–
Мыщ цIэ иIа?.. Сыдэу IэшIуа?..
ГъэшIо нэфкIэ сыбгъэшIуагъ».

«Мыщ шIулъэгъур... Мыщ шIулъэгъур
Шъхьэимыхкlэ раIо, Адыиф.
Ащ етIани, титIо джа тлъэгъугъэм
ЗэлI-зэшъузкIэ еджэх, синэфын».

Сыда Адыифы къехъулIагъэр,
Нарт Кортэхъур зыдэлъ къэмкIэ плъагъэ:



«Алахь закъом джэхьнэмым ухегъэс,
СыбгъэпцIагъэшъ, урегъэст, урегъэст!..»

Ар имыкъоу шъузыр бгэзэ ечъэшъ,
IэбжъэнипшIкIэ къэми етIэ, етIэ.
Iэ фыжьитIум лъыпсыр пэчъы, пэчъы,
ЗимышIэжьэу нэлат еты, еты.

Мо бзылъфыгъэм шъхьакIоу къырахыгъэм
ФэкIочIэгъоу ятIэр егъэутысэ.
Саусэрыкъо псалъэу зэхихыгъэм
Шъыпкъэу хэлъым бгъэгур къегъэузы.

«НекIо, сидах, некIо...» – мэкIэ-макIэу
Шъузыр Саусэрыкъо къэм шъхьэрещы.
...Къэ ныкъотIыр Iэпэ лъыпсы закIэу
Къушъхьэ натIэм джыри къышъхьэрэщы...

Адыиф нахь шъуз дахэрэ нахь шъуз дэгъурэ
УлъыхъугъэкIи, дунаим темытын.
Ау мы тхыдэм хьылъэ къыщысфэхъурэр
Шъыпкъэр зыхэмылъ сатыркIэ сфэмытхын.

## X

Дунай нэфыр зэрзэхэтыр
Тыгъэ закъоп, гушIо закIэп.
ТхьамыкIагъоу чIылъэм тетыр
Джыри макIэп, джыри макIэп.

Ау етIани шIулъэгъу дахэм
Инэфынэ чIылъэм тежъыукI,
Ащ дежъыоу гугъэ лъагэм
Иорэди бгъэгум дэрэIукI.

МэшIо жъокоу зэкIэплъагъэм
Хэлъ шъэфитIур ерэст, ерэст,
Адыифэу чъыIэ лIагъэм
Игъэтхапи къыфэрэс.

Мафи чэщи шӀулъэгъу машӀор
Мэшӏо зафэу чӏым щэрэбл,
НэбгыритӀуми насып гъашӀор
Гъэшӏэ кӏыхькӏэ къащерэлъ.

Ау етӀани, ау етӀани, ау етӀани
Зым ишъэфы ухэхьаныр сшӀомыдах…
Нарт Кортэхъур, нарт Кортэхъур гум къырани,
ТӀуми зэдашӀагъэр дэу мыдах!..

Адэ таущтэу мы къэбарэу зэхэшъухыгъэм
КӀэух псалъэу, ауж псалъэу уекӀолӀэщт?
ТеӀэбэхи, тарихъ чӀэгъым къычӀэтхыгъэм,
ЩыӀэныгъэшъ, кӀэух иӀэп етӀолӀэщт.

Арэу щытми, Адыифы нахь шъуз пшъхьапэ
Дунай нэфми щаӀо тетэп, тетэп…
СшӀэрэп, сшӀэрэп, сшӀэрэп… Мыщ сегъапэ:
Ащ фэдизэу адэ жъа мы тхыдэр?

Жъыми кӀэми сшӀэрэп. Зы шӀулъэгъум щэхъурэ
Нахь сымышӀэу тхыдэр, тхыдэр къэсӀожьыгъ.
Адыифы нахь шъузышӀурэ нахь шъуз дэгъурэ
ЩыӀэп тӀоми, къыфкъокӀыгъэм дэкӀожьыгъ…

1980

# ШЫУ МАШӀУ

## I

Саусэрыкъо къыдэмыхъурэ
Мы дунаим тетэп, щыӀэп.
ШӀозэщыгъо бжыхьэр зыхъурэм
ЧӀылъэм гъатхэр къытырещэ.

Лъагъор нэпкъым щызэпыкӀмэ,
Лъэмыдж лъаги тырилъхьащт.
Огум жъуагъор къыхэмыкӀмэ,
Шыу лъэкъофэу ежь къиихьащт.

Ащ фэшъхьафэу нэмыкӀ Ӏофкӏи,
О-ри-ра-щэри-орида,
Къушъхьэ-мэзкӏи, губгъо-шъофкӏи,
О-ри-ра-щэри-орида,

Саусэрыкъоу Ӏупэмафэр
Сыдрэ Ӏофкӏи ӀэпэӀас.
Ащ изакъоп, а лӀы хафэр
Къупшъхьэ Ӏофми афэӀаз.

Саусэрыкъо мы дунаим
Къыдэмыхъурэ щыӀэп аӀо,
Ау етӀани, ау етӀани
МашӀом а лӀыр щэщтэ аӀо.

## II

Саусэрыкъо мэшӀо махэу
Иныжъ зэшмэ къыдашӀагъ,


21 Заказ 042

Арти къякIухи шъхьакIо рахэу
Нарт ямашIо псыр пакIагъ.

Ар имыкъоу, ар имыкъоу
Зэрэлъэпкъэу зэрапхъуагъ,
Джэныкъончъэу нарт лъэныкъом
Чэщ мэзахэр шъхьэрахъуагъ.

Тыгъэр къепсми, щэджэгъуапэр
ЩыуанычIэм нахь шIункIыжь.
Тыгъэр къепскIи, сыд гугъапIэр
АIоу цIыфхэм заухыжь.

Тыгъэр къепскIэ щыуан лэпсыр
Къымыгъэплъмэ сыд ишIуагъ?
ГухэкI нэпсыр, гухэкI нэпсыр
Нарт хэгъэгукIэ мыгушIуагъу.

ДжэныкъуачIэм машIо дэлъэп,
ЦIыкIуи ини чъыIэ малIэх.
Ащ иныжъмэ яIоф хэлъэп,
Лы щыуанхэр лъхъончым палъэх.

Иныжъ машIом итэпшэсхэр
КъыхэукIых, къыхэлъэтых.
Нарты шыухэр сыд зыпэсхэр,
ЧъыIэм нартхэр ыгъэлIэщтых.

Джаущтэу нартхэр гухэлъынчъэх,
ЧъыIэ малIэх, амалынчъэх.
ЧъыIэ малIэх, чIым ыплIэIух,
МэшIо нэфкIэ тхьэм елъэIух.

ДжэныкъуачIэм мэшIо нэфэу
Дэлъыр зэкIэм, зэкIэм ашъхь,
ПкIэшъэ тхъоплъэу, орэд шъэфэу
Гухэлъ пстэуми а зыр апшъ.

Пшъашъэм фэдэу дахэу, шъабэу,
О-ри-ра-щэри-орида,





УбэгъашIэу, укъытшъхьапэу,
О-ри-ра-щэри-орида,

ЩыIэныгъэм урилъагъошъ,
МэшIо фабэр къытфэблэжь.
Пый мэхъаджэм уриджагъошъ,
КъыIэкIэкIи, къытIуплъэжь.

III

Зэхэоха тхьамыкIагъор,
Саусэрыкъоу лIым ялый?
ДжэныкъуачIэу игъукIагъэр
Зыфэзэщрэр мэшIобзый.

Тэ ухъугъа, сыд къэхъугъэр,
Иныжъ зэшмэ уагъэщтагъа?
МэшIо нэфэу пшIуатыгъугъэр
Сыдэу, таущтэу афэбдагъа?

О зыр ары пый мэхъаджэм
Пэуцунэу лъэпкъым иIэр.
ЦIыкIуи ини о къыуаджэ,
Тыдрэ къуапа уздэщыIэр?

ЩыIэныгъэм, гъэшIэ лъапсэм
Псэ пызгъэтрэр мэшIо нэф,
Нэф къызышъхьэм нарты хасэм
Ар халъхьащтышъ, зымыушъэф.

Ары шъхьакIэ, Саусэрыкъо
Дагъоу иIэр зыдешIэжьы.
Тэ щашIэна нарт лъэныкъом,
ДжэныкъуачIэр зэIешIэжьы.

ЕшIэ, ешIэ ыпсэ хэзэу,
Имэхагъэ хэт риIощт?

Ар мэшӀуапэм зэрэнэсэу
Зэрэпсаоу зэлъистыщт.

Саусэрыкъо къыдэмыхъурэ
Мы дунаим тетэп, щыӀэп.
ШӀозэщыгъо бжыхьэр зыхъурэм,
ЧӀылъэм гъатхэр къытырещэ.

Лъагъор нэпкъым щызэпыкӀмэ,
Лъэмыдж лъаги тырилъхьащт.
Огум жъуагъор къыхэмыкӀмэ,
Шыу лъэкъофэу ежь къихьащт.

Ащ фэшъхьафэу нэмыкӀ Ӏофкӏи,
О-ри-ра-щэри-орида,
Къушъхьэ-мэзкӀи, губгъо-шъофкӀи,
О-ри-ра-щэри-орида,

Саусэрыкъоу Ӏупэмафэр
МэкъумэщышӀэшъ, ӀэпэӀас.
Ащ изакъоп, а лӀы хафэр
Къупшъхьэ Ӏофми афэӀаз.

Саусэрыкъо мы дунаим
Къыдэмыхъурэ щыӀэп аӀо,
Ау етӀани, ау етӀани
МашӀом щэщтэ, щэщтэ машӀом.

Джар къыдешӀэшъ, пый техакӀом
МэшӀо заор къеугупшысы.
Саусэрыкъо есты шъхьакӀом,
Хъунэп еӀошъ, ар мэшэсы.

## IV

Саусэрыкъо мэшӀохьыжьы
Зыщыщ нартмэ афежьагъ,
Ау ардэдэм ащ мэшӀожьыр
Жьыбгъэ стырэу къыфепщагъ.

Пщэгъо-Ӏугъор зэринэкӀзэ,
Саусэрыкъо ом хэсыкӀы.
Плъэмэ, лэпсыр зэшъхьэщикӀзэ,
Иныжъ машӀор зэкӀэстыкӀы.

КӀы-кӀыкӀ макъэу шӀум фэбзакоу
МэшӀобзыйкӀэ ар кӀэбгъулъы.
Нарты шыуми епэсакӀоу
Иныжъ такъи ащ пэӀулъыр.

А иныжъэу нэ зэкъожъыр
Чъые фэдэу нартым ежэ.
Сысрэп, сысрэп пхъэтэкъэжъыр,
ТхьагъэпцӀыгъэм ешэ, ешэ:

«КъакӀо, къакӀо... Умыщынэу
МэшӀо жъокум къыкӀэрыхь,
Цӏыфмэ машӀор яптыжьынэу
Уигухэлъышъ, къысшъхьэрыхь.

Шъхьэ пшӀотыгъа-пшӀомытыгъа
АӀоу машӀор пшъхьэ къислъхьан,
Нарт лъэбыцэр, тыгъо, тыгъо,
Мытыгъожьы уисшӀыхьан!..»

«Армэ, иныжъ, узхэхьагъэр,–
Нартми еӀо, – къыбдэхъунэп.–
ЦӀыфмэ ашӀэ уихьилагъэ,
Ащ япшӀагъэр пфэзгъэгъунэп.

Учъыягъэ къысшӀобгъэшӀэу
Хьаулыеу умыпырхъ,
Нэфымышъыр къысфэбгъэшъэу
ПцӀыкӀэ шъыпкъэм уемыдыргъ.

Арэу ори утхьагъэпцӀмэ,
Тэри, нэзакъу, тымыдел.

Ау делагъэр къысэппэсмэ,
Уиделагъи къысфыдеплъ.

Сыд пай, Тхъожъый, тытыгъуакIоу
Мо иныжъым едгъэIон,
Шъхьэр Iэтыгъэу, нэфэ факIоу
Пхъэтэкъэжъым тыфэкIон.

Уилъэмакъэ умыщынэу
Пый лъэныкъом фырегъэх.
Ар имыкъоу, къэущынэу
Уищыщ макъи зэхегъэх...»

Саусэрыкъо и Тхъожъые,
О-ри-ра-щэри-орида,
Зыщепхъуатэшъ Iошъхьэжъыем,
О-ри-ра-щэри-орида,

Шылъэмакъэр ритэкъохэу
Чъэзэ, лъэзэ кIэщыщыкIы,
МыкIэ пкIашъэр чIым ритхъохэу
Жьыбгъэр чIылъэм щыкIэпщыкIы.

## V

МэшIобзыир тхъомэ-бзаеу
Зэндэрытэу мэбыбатэ,
Лэпс щыуаным дэбэнаеу
Ынэ къикIзэ, мэшъхьэуатэ.

Нарт джэныкъом ищыкIагъэр
Зэуи арэп, зы тэп закъу.
Ар нэзакъом къыдишIагъэшъ,
Саусэрыкъо къыфэсакъы.

Къыфэсакъэу, къешэу щылъми,
МашIор ныбжьи фэтыгъунэп.



А зым нэмыкI бгъэм дэмылъми,
Ар Iоф дэгъукIэ пфалъэгъунэп.

МашIор къахьы , ар къатыгъурэп,
ЛIыгъэ пхэлъмэ, зыхэгъэлъ.
Зытх уфагъэм ар къыдэхъурэп,
МыщкIэ, нартыр, зытфэгъэлI.

«Къэущ, иныжъ! – Саусэрыкъо
Пыим дэжькIэ – зэп, тIоп!–джагъэ.
Сыдэу зешIи, пый лъэныкъор
ЛIагъэм фэдэшъ, къэхъыягъэп,–

Арэу ори утхьагъэпцIмэ,
Тэри, нэзакъу, тымыдел.
Ау делагъэр къысэппэсмэ,
Уиделагъи къысфыдеплъ!..»

Саусэрыкъо цIацIэ фэдэу
Iэбэ-лъабэм зыритыгъ,
МашIор зыем ар ымыдэу
Къатхъуи, ыIэ ыубытыгъ:

«УтыгъуакIу о!.. Мо чъыг шъхьапэм,
ПшIагъэм пае, упыслъэщт.
Нэр къыщифэу дунай пшъхьапэм
Улъэкъуаоу ухэплъэщт.

Хьаур пIомэ, машIом къелъи,
Сыздэщысым къыIукIуат.
Саусэрыкъо лIыгъэу хэлъри
ПцIы хэмылъэу къысфэIуат».

КъымышIэжьэу зызэришIрэр
Саусэрыкъо къыгурэIо:
«Сыдэу дэгъуа, сэри ары
Сызфэягъэр!..» – гукIэ еIо.

## VI

«Саусэрыкъо ехьылӀагъэу
Зэхэсхыгъэр къэбар макӀэп.
Лӏыгъэищ сэшӀэ зэрихьагъэу,
Сащыгъуаз сэ щыми сшъхьэкӀэ».

«Саусэрыкъо Ӏэщэ-наща,
Е ощ фэдэу лъэкӀэпӀаща?»
«Ӏэщэ-нащи хэслъэгъуагъэп,
Сэры пӀонышъ, сыӀонтӀагъэп!»

«Мыдэ, мыдэ мы зэхэсхырэр,
Сидэхэжъми зэрипэсрэр.
Сэры Ӏушыр, сэры дахэр,
Къушъхьэм фэдэу сэры лъагэр!»

Сэмэркъэуми, ишъыпкъэщтми,
ЗимышӀэжьэу иныжъ мэщхы.
Пщэфри мащтэшъ, къемыщхыщтми,
Ощхыбыбыр къырегъэщхы.

Зызэпищэу, зэпымыоу
МэшӀо жъокум ощхыр пэщхэ,
КӀосэщт машӀор, кӀосэщт ыӀоу
Саусэрыкъуи зэ шъхьам къэщтэ:

«Ары, ары, ощ нахь дахэ
ЩыӀэп, щыӀэп... Оры лъагэр!..
Ау етӀани, сыдэу шъхьакӀо,
НэмыкӀ лъэши щыӀэу аӀо».

«Хэт зыӀуагъэр?.. Саусэрыкъуа?
Нарт шъхьэнэкӀмэ яшъхьэныкъуа?
Лӏыгъэищ оӀошъ, къэпӀотэщт,
Нэкъокъощтмэ, езгъэшӀэщт».



## VII

«Саусэрыкъо мыр ышӀагъэу
Непэ фэдэу къэсэшӀэжьы.
Зылъэгъугъэм ыгъэшӀагъоу
ПцӀи хэмылъэу къеӀотэжьы.

Ошъутен Ӏуашъхьэ пхъэчай нэкӀэу
РатӀупщэхрэм мыгумэкӀэу
Шъхьэкӏэ еошъ, дефыежьы,
Ишъхьэузи фегъэхъужьы».

«А джэгуалъэу зэрыджэгурэм,
КъаӀо шӀэхэу, сыдыр ыцӀ?
Зигугъу къэпшӀэу сызыудэгурэм
Ар фэшӀэна, нарт лъэбыц?»

«ФэмышӀэщтми, зыфэӀазэр
Сыщыгъуазэшъ, къыосэӀо».
Ау ардэдэм иныжъ назэр
Къызщэлъэтышъ, нартым пекӀо:

«СӀонэп сӀуагъэшъ, лъэкӀэпӀащэр,
КъыбжэдэкӀрэр сыдэу бащэ!
Удэ кӀори, умышъхьах,
Ӏуашъхьэм пхъэчай къетӀупщэх!»

Иныжъ шъхьакъэм нахьы Ӏушэу
Саусэрыкъо къычӀэкӀыгъ:
Пхъэчай ныбэм пшахъор изэу
Зэу Ӏошъхьэтхым щеӀункӀыгъ.

«КӀы-кӀыкӀ» макъи, «къу-къукъу» макъи
КъыпыӀукӀэу ар къежьагъ.
ЧӀылъи огуи ямызакъоу
Тыди жьыбгъэр къыщепщагъ.

Пщэфхэр ефых, чъыгхэр речых,
Уци мыжъуи бгъэкӀэ рекӀы.

Псыхъо нэпкъхэр зэреутэкӏых,
Ахэм псыхэр джы къадэкӏых.

«Мыра сэӏо!.. – иныжъ еӏошъ,
Пхъэчай натӏэм шъхьэкӏэ еошъ,
Ошъутен тхышъхьэм адырабгъо
Ар къуидзагъэу къыщэлъагъо,–

Сыдэу дэгъуа мы джэгуалъэр,
Сишъхьэузи стырифыгъ!» –
Иныжъ шъхьакъэу щытхъу фалӏэм
Ышъхьэ узми, зиушъэфыгъ.

## VIII

Кӏуачӏэу иӏэм къогушхукӏэу
Джыри иныжъ зыщэтхъужьы.
Саусэрыкъуи ӏугушӏукӏэу
Иныжъ делэм джы дэтхъэжьы.

«Сыфэрэий, мы дунаир,–
Иныжъ еӏо, – згъэсысыщт.
Чӏылъи уашъуи сиунае,
Сыфэрэий, машӏом езгъэстыщт.

Одэ-мыдэ емыгъаӏоу
Адрэ лӏыгъэм ыцӏэ къаӏо.
Муары тыгъэр къепэсакӏоу
Упчӏэжьакӏо садэжь къакӏо».

«Ары, ары, ощ нахь лъэши
Мы дунаим темытын.
Лъэбгъу емыдзэу, унэрэси
Къыобэнрэр иуутын.

Ау етӏани, сыдэу шъхьакӏо,
Нэмыкӏ лъэши щыӏэу аӏо».



«Хэт зыӏуагъэр? Саусэрыкъуа?
Нарт мэшӏончъэмэ яшъхьэныкъуа?!.»

«Къэӏо-ӏожьым уахэхьаныр,
Ащ хэт пстэуми уямыхъуапс,
Саусэрыкъо псы хэхьаныр
Зэрикӏасэм сыщыгъуаз».

«Псы хэмыхьэ щыӏэу сшӏэрэп!» –
Иныжъ еӏошъ, мэщхы – пшъырэп.
«Ощхы шъхьакӏэ,– зэпеплъыхьэ,–
Гъучӏыпс стырым ар хэсыхьэ».

«Модэ елбэт, гъучӏ хьакъуашъом
Гъучӏыпс стырыр къыдэжъугъахъу,
Ар имыкъоу тыгъэр уашъом
Къыщыжъугъэткӏуи, ащ хэжъугъахъу».

Лъэбэкъу тӏокӏыр икӏыхьагъэу,
Щэкӏрэ ирэр ишъомбгъуагъэу
Гъучӏ хьакъуашъуи къагъэчъыгъ,
Мэшӏопс плъыжьри из ашӏыгъ.

Гъучӏыр мэткӏу, гъучӏыр къэжъо.
Мэшӏотхъуабзэр бзаеу къэшъо.
Нэзэкъожъри ащ хэгъуалъхьэ,
Нартым пхъэри машӏом пелъхьэ.

«Сыдэу хъура уигъучӏыпс?»
«Чъыӏэм сесты, нахь къэгъэплъ».
«Ычӏэ стырышъ, унэмыс!»
«Стырмэ къэсшӏэщт, моу сегъэплъ».

Иныжъ бгъакъэм зычӏегъаошъ,
Хьакъошъуачӏэм зыреутэкӏы.
Къызчӏэужьрэм мэлъэкъуаошъ,
Гъучӏы ткӏопсыр зэреутхэкӏы.

«Сыдэу тхъагъуа мы сызхэсыр,
ПкӀэнтӀэпсыби къысхифыгъ!
Сыдэу дэгъуа мы гучӀыпсыр,
Сибгыузи зэу схифыгъ!»

Саусэрыкъуи ар ымыдэу
Зыфегъазэ шъхьэфэӀожь:
«Удэ псынкӀэ, ущымытэу
Хым хэлъади, зыуплъэкъожь!»

## IX

Зызгъэлъати хым хэпкӀагъэм
«Жъы-жъыжъ» макъэр къыпэӀукӀы,
КӀышъо стыгъэу псым хихьагъэм
Хыр ебжьыбжьышъ, хэщэӀукӀы.

Ыл мэузми, мыузыхэу
Нэпкъым тетым къышӀуегъэшӀы.
Тхьаусхэщтми, мытхьаусхэу
Ифэхъу апэ ащ регъэшъы.

ЗычӀегъао, къычӀэужьы,
Хэчъыягъэр къегъэущы:
«Сыдэу тхъагъуа мы псы шӀагъор,
Мырэу ныбжьи сымышӀагъэ».

«Зепфыжьагъэу, хыр къепфэкӀэу
Ащ фэдизэу ущемыс,
Уишъэбагъэ гум къыпфэкӀэу
Хы орыпсмэ ашъхьэрыс.

ЛӀыгъэ ӀофкӀэ уулэугъэшъ,
ПӀэпкъы-лъэпкъмэ зягъэпсэф.
УкӀочӀэшхоу уалъэгъугъэшъ,
ЧӀылъи уашъуи заушъэф.



Хыр нахь шъабэ пфэхъун пае
Уарзи фыркъуи хэстэкъон.
Ары, ары, мы дунаим
Унахь лъэш о, упскэкъон!..»

Саусэрыкъоу къуалэм фэдэм
КӀымэфэшхом зыритыгъ:
Жьыбгъэр къилъи, арыдэдэм
Хыр мыл шхъуантӀэу зэлъыщтыгъ.

Иныжъ бгъакъэу мылым пытэу
Хэщтыхьагъэр ом егъуахъо,
Гъуахъо къэсми, бгъэр ыубытэу
Мылы кӀуачӀэм нахьри хахъо.

«Къызгурэӏо, къызгурэӏо,
УтхьагъэпцӀэу къычӀэкӀыгъ.
Хьэм сишхыгъ сэ... – иныжъ еӀо,
Нэгури кӀыфэу къэчъэкӀыгъ,–

СызщылӀэщтым сыолъэӀушъ,
Мы зыр сфашӀ, сфэгъэцакӀ:
Хьадэгъу узым сызэлъекӀушъ,
СэркӀэ мы зыр осыет папкӀ.

КъыдэӀаби, сыблэбгъу тӀуакӀэ
Бгырыпхыпхъэ къыхэгъэчъ,
Сэ схэлъ кӀуачӀэм нахь кӀочӀакӀэ
Къыпхилъхьащтышъ, убг игъэлъ».

«Ар пшӀоигъоу нэпэеплъмэ,
Ари, бгъэкъэжъ, пфызесхьан.
Бгырыпх пытэр сыбгы илъмэ,
Хьалэч пкъошмэ ахэслъхьан».

«ПшӀэрэр хъущтэп, хъущтэп, хъущтэп!..–
И Тхъожъые кӀэщыщыкӀы,–

Бгырыпх мафэ ар пфэхъущтэп,
Мо чъыгаем зэ ещэкӀэлъ!..»

Саусэрыкъо шым едэӀуи,
Чъыгэешхом рищэкӀыгъ,
Иныжъ кӀуачӀэр лъапсэм екӀуи,
Чъыгыр гырзэу рихыкӀыгъ.

Саусэрыкъо къэгубжыгъэу
Жьыкоренэу чӀым щепщагъ,
Иныжъ шъхьэжъыр шӀуигъэчъыгъэу
Адрэ зэшми алъежьагъ.

Зы нэбгыри къымыгъанэу
Ащ ичатэ, ащ ичатэ
ЫӀэдакъэ чӀэкъузагъэу
Иныжъ лъэпкъыр зэхеупкӀатэ.

Саусэрыкъоу къаны мафэм
Ищэбзащи зэрегъафэ,
Саусэрыкъоу цӀыфы зафэм
Иныжъ лъэпкъыр къыхегъафэ.

Ащ ичатэ, ащ ичатэ,
О-ри-ра-щэри-орида,
Иныжъ лъэпкъыр зэхеупкӀатэ,
О-ри-ра-щэри-орида!

**X**

Нартыр, сыдэу учэфынчъа?
УмэшӀончъэшъ, уӀофынчъа?
СэшӀэ, сэшӀэ мэшӀо нэфыр
ОркӀэ непэ зэрэӀофыр.

МэшӀо тэпым пӀэ ехьылӀи,
Укъыстынэу аушхъухьагъ.
Ощ нэмыкӀи ащ терэплъи,
Ар кӀосэнэу тыраӀуагъ.



«Систыщт сӀони, мыщ сеплъынэп,
ЛӀакъом машӀор фэсхьыжьын!
ЦӀыф щымышӀрэр къысщышӀынэп,
МашӀор машӀоу згъэблэжьын!»

Саусэрыкъо зэрэӀабэу
МэшӀобзыйкӀэ чӀым щыблагъ,
Чэщ мэзахэм тыгъэ фабэу
НэфкӀэ гуащэу щиублагъ.

Жъогъохэчъэу, шыу лъэкъофэу
Чыли къали адэлъадэ,
Ежь зэрэстрэр шӀомыӀофэу
МэшӀо нэфкӀэ ар афатэ.

Бзыу тэмэфэу, гухэлъ дахэу,
Гугъэ чыжьэм фэмылъагэу,
Мази тыгъи анахь фабэу,
Гъэтхэ уцми анахь шъабэу

Саусэрыкъо ишӀушӀагъэ
ЧӀылъэм ренэу фэнэфыщт,
ИцӀыф лъэпкъы ащ фишӀагъэр
МэшӀо тэпэу ылъ хэлъыщт.

1981

## ТЭТЭРКОН

### I

«Хэт сиIотэн, тэтэрконы сиIотэна?..»

Тэтэрконыр лъэпэрапэу жьыбгъэм дачъэ,
Дунай нэфми щылъэпаоу мэIупчъапчъэ.

Пчъэр фыIуахрэп, фырагъэтрэп, жьыбгъэм ехьы,
Хьыны-хьылъэу, лъэр кIэмыкIэу екIэ къехьы.

Зэ кIэлъыплъэлъ, егъэзыгъэу сыд ичъакIа?
Зэ кIэдэIолъ, гъыны-гъыпсэу сыд ипчъакIа:

«Тхыдэу сшIэрэп, нафэу сшIэрэп, пшысэу сшIэрэп,
СшIэрэ закъор: мы къэбарыр чIылъэм щыпшъэрэп...»

### II

ЩыIэныгъэр зэдагощэу
Зэмызэщхэу лIитIу щыIагъ,
Зэфэзэщмэ зэфаIопщэу
Шъыпкъэныгъи зэдряIагъ.

Зыр Бэчырэу, зыр Зэчырэу
ГукIи псэкIи зэфэшIугъэх.
Еми шIуми фэмычырэу
ТIури чIылъэм щынэшIугъэх.

Гъатхэр къэсмэ, чIыгур ажъоу
Мэщи щашIэ, къыщагъэкIы.

Щылэ фабэм псыр абгъашъоу
Псыхъо чъэрми зыщагъэпкIы.

ГукIэ лъэшхэшъ, шъэогъуитIур
Мышъэ лъэшым зэдешакIох.
Чылэдэсми сыдэу митIур
Къэмэ цитIум фэд араIо.

Мыр сэ сыешъ, мыр о уиешъ,
Мыхэм ныбжьи амыIуагъ.
Тыгъэ нэфри зэдыряешъ,
Орэдыби ащ фаIуагъ.

Дунай нэфри джа цIыфыгъэу
Азфагу дэлъым нахь рэгъуазэ,
ЦIыфи бзыуи аушъхьафыгъэу
Къушъхьи псыхъуи ащ ехъуапсэ.

НасыпкIи мафэу, шIулъэгъукIи баеу,
Еми щымыкIэу дунаир макIо.
Псыхъор щигъукIэу, псыхъор щыугъуаеу
Бэрэ къыхэкIы, орэди щаIо.

Гъэтхэпэ уцмэ къушъхьэтх нэкIапэр
Тыгъэпс шхъонтIэпскIэ къызэлъагъэапкIэ,
Чъыгы къэгъагъмэ дунэе чапэр
НысэкIэ нэгукIэ къагъэкIэракIэ.

РаупкIми псабэу, ракIыкIми къэкIэу
Тиошъо чIэгъы мэзыр щыхъой.
Гур щагъэгушхоу, гур щыхагъэкIэу
КъыщытфыхэкIми, шIур щынэхъой.

ЦIыфхэр зэфэдэхэп. Мары зыгорэм
Мафэу къыфэсрэр шIогъэшIэгъон.
НэмыкIыр тIонти, щыIакIэу кIорэм
ФэгуитIушъ пылъэп, сыд итхъэгъон.

Пщэ шӀуцӀэ хьылъэу джыри тпэчыжьэм
Ошъури щэӀашкӀэ, ощхри къыщещхы.
ШӀулъэгъуныгъэр зибгъэгъэ тхыщэм
Жьыбгъи щэхъушӀэ, щтыргъукӀи щэщхы.

Ар тэӀо шъхьакӀэ, тэ зэрэтшӀошӀэу
ЗэлъытшӀэгъахэу дунайри щытэп.
Лӏыгъэр къэрабгъэм, шӀушӀэр мышӀушӀэм
Тызэрэфаеу ренэу пыщытэп.

Щтэрэр мэщтапэ. Мыщтэрэм щынэр
Шы лъэбжъэ зехьэу орэд еусы.
Зищэгъу икӀыгъэм нысэщэ пщынэр
Зэрэзэхехэу ыгу къегъэузы.

III

ЧӀылъэ-уашъом азыфагоу
Уахътэр щэчъэ, чъыгыр щэкӀы.
Мафэр пчыхьэм шӀулъэгъу факӀоу
ЕкӀушъ, фабэу ӀаплӀ рещэкӀы.

УкӀытапэу, укӀытапэу
Непэ моущтэу Бэчыр къеӀо:
«Гъунэгъу чылэм пчыхьэр тапэу
ЗытэӀэтышъ, Зэчыр, тэкӀо.

Ащ зы пшъашъэ дэсэу сэшӀэшъ,
Сидах раӀоу дэхэ дэд.
«Зигугъу пшӀырэр сэри сэшӀэшъ,
Сыхьазыр сэ – еу, елбэт.

Ори-дадэр орэд мафэу
Нысэ мафи къыпфэтщэн.
Тымыушъэфэу, хэткӀи нафэу
Мэфибл джэгуи зэхэтщэн».

Чылэ пэпчъы къэбар дахэр,
Щагъдый чъэрыр, лъыгъэӀэс.



Уемызэщэу, тыгъэ лъагэр,
Уинэфыпси къытфегъэпс.

ПсынэкӀэчъым фэдэу чъагъоу
Сидах ренэу къытхэрэт.
Уи БэчыркӀи ушъуз нагъоу
О егъашӀэм ущэрэт.

Мы тичӀылъэу дунай нэфым
Изы лъапсэр цӀыф шӀулъэгъу.
ЧӀылъэр тхъагъо, тхъэгъо шъэфым
Ар хэмытэу шӀур иплъэгъу.

Плъэгъурэр зэкӀэ: къушъхьи шъофи
Къэбар мафэм зэлъегъаджэ.
Къуаджи чыли зышӀоӀофи,
ЗышӀомӀофи ахэтаджэ.

Джары чӀылъэр щызгъэӀагъэр,
Джары джыри щызгъэӀэщтыр.
Джары уашъор тфэзгъэӀагъэр,
Джары тыгъэр зыгъэблэщтыр.

Тыгъэр, мэщыр, шӀулъэгъу дахэр,
Шъо егъашӀэм шъущэрэӀ.
Онджэкъ машӀоу мэшӀо махэр,
Ори шӀукӀэ утерэӀ.

Къэбар гъэӀур, жьыбгъэр птамэу
УаӀофтагъэшъ, умышъхьах.
УишхомлакӀи шыр едаоу
Дунай нэфри къытфэчъахь.

Ти Бэчыры инысащэшъ,
Хьярым, цӀыфхэр, шъукъекӀуалӀ.
Сидах нысэу, нысэу ащэшъ,
Шугъэу щыӀэр ащ ешъуӀуалӀ.

Тэтэрконыр кон гъэIагъэу жьыбгъэм ехьы,
Хьыны-хьылъэу, лъэр кIэмыкIэу екIэ къехьы.

Зэ кIэлъыплъэлъ, егъэзыгъэу сыд ичъакIа?
Зэ кIэдэIолъ, лъэпэрапэу сыд ипчъакIа?

## IV

ТищыIэныгъэ зэрэзэхэтыр
Нысэщэ закIэу ренэу щымыт.
ЛIыгъэм нахьыбэп къэрабгъэу тхэтыр,
Нэфынэр шIункIым бгъэкIэ пыщыт.

Зэщы тегъэкIэу, ышIэн ымышIэу
Охътэ зэблэкIым зызэблемыхъу.
ЛIэныгъэр джаущтэу ошIэ-дэмышIэу
Дунайми тетэу къышъуущэрэмыхъу.

ЛIэкъо гъэбаеу сабыир къэхъумэ,
Тыди къэбарыр щызэхахыщт.
ЦIыфыбэу щыIэм агухэр зэфэгъумэ,
Якъин нахь макIэу гъашIэр рахыщт.

Чэщым ычIыпIэ мафэр къытфэсмэ,
Тхьэегъэпсэур ащи етIон.
Тыгъэм ыужи мазэр къытфепсмэ,
Инэфыпс шъаби чIылъэм теткIон.

Къиным икъиныр къин зымылъэгъурэр
ЦIыф гугъэ къэтэу мыбыб тэмап.
ПцIэшхъо тэмапэу шъуашъхьагъ щышъулъэгъурэр
Шым теси, лъэси, зэкIэми ап.

ШIушIэм хэт цIыфым ишIушIэ лъагъо
Щымылъэпаоу мамыр орэхъу.
Ижъи ыгъашIоу, имэщи багъоу
Гухэлъри Iагъо къыщыдэрэхъу.



Дунэе хьылъэу, дунэе мафэу
Тызтетыр псэкIэ тэрэмыуджэгъу.
Шъэогъур джэгъогъу къыщыпфамышIэу
ЕгъашIэм шъузри къыпфэрэдэгъу.

Къэрэбгъэ шIыкIэу уетхъоу уикъамэ
Къипхэу-иплъхьажьэу ямыгъэлъэгъу.
Шlулъэгъум пае шъхьакIо укъашIмэ,
Къамэу къипхыгъэр умыгъэплъэхъу.

Зы гушIопси пхэмылъыжьэу
Сыда, Зэчыр, къыпщышIыгъэр?
Хэт ижъуагъуа плъыжьы-плъыжьэу
КъызэкIабли, ом щыстыгъэр?

Зэпэжъыухэу, зэпэшIэтхэу
Уашъхьагъ итыр жъогъо макIэп.
Уинасыпи гугъэм хэтэу
Еж уижъуагъо, ар зыпакIэп.

КъэошIэжьа уиныбджэгъум
Инысащэу узхэтыгъэр?
Пщыгъупшагъа пшъэшъэ дэгъум
Гугъэ пIалъэу къыуитыгъэр?!

Гум ымакъэ зэхэмыхэу
Сыда непэ къыпщышIыгъэр?
Узыухрэр шъхьэм къимыхэу
Сыд гухэлъа шъэфы пшIыгъэр?

Ары шъхьакIэ, ныбджэгъуитIумэ
ЯшIулъэгъуи тIумкIэ зыщт.
Ащ урящэу уапэIутмэ,
Уазэрнэсэу укъыстыщт.

Намыс лъагэу, намыс пагэу
Шlулъэгъу дахэр чIылъэм тет.

Сыдэу щытми, апчы махэу
Ар къутэщтым ренэу фэд.

Джаущтэу махэу ар къыпщэхъуми,
ГъашIэм нахьи нахь псэ пыт.
ГъашIэм щэщхми, гъашIэм щэгъми,
ГъашIэм пытэ щэхъу зэпыт.

Гъуни нэзи имыIахэу
ШIулъэгъу хышхом нэпкъ имыI.
МыIэрысэп, зэIэпахрэп,
Нэбгырищми ар ямый.

Зыми унэм ришIыхьагъэп,
Зы IункIыбзи рамыгъэт.
ГъучIы чэукIэ къашIыхьагъэп,
Тыгъэм фэдэу ар къытхэт.

УиуIагъэу къызыхэкIрэм,
АщкIи нэмыкI умыуIэ.
Сыдэу пшIына, ул зыхичрэм,
Хичыгъ пIоуи цIыф емыIу.

Сыд гукъао узгъэушIуцIэу
Непэ, Зэчыр, къыптекIуагъэр?
Бгъэм дэфагъа шIулъэгъу уцэу
Джа бзылъфыгъэу сшыпхъу зэпIуагъэр?

V

Тыгъэм упеIэу сыдэу удаха,
Сидахэр зыцIэу, Бэчыр ишъуз?
ШIулъэгъу къыпфашIмэ, шIулъэгъукIэ махэр
Ора, Сидахэу, Бэчыр ишъуз?

Зэчыр ымакъэу сыкъаджэ шъхьакIэ,
СадэжькIэ зыкIи укъэмыплъах.



НэпцIым ишъыпкъэ къыпфахьмэ пшъхьакIэ
ПшIошъы ар бгъэхъоу земыгъэлъахъ.

Сыкъэджэ шъхьакIэ, зи къысэмыIоу
Жъогъо нэфынэу огум укъепса?
Хьауми зэхэпхрэр оркIэ емыкIоу
Уишъэф бгъэбылъэу угуи пIэпэза?

Армэ зэгъашIэ: чэщыбг мэзахэм
Мэзэгъо нэфыр ренэу идау,
Арэущтэу зыхъурэм, тиошъо лъагэ
Тыгъэр щыкIуасэу пшIэмэ къысаIу.

Сипсэлъэ плъыгъэ имызэфагъэ
Зыфэдэр, Сидах, джы къызгурэIо.
Псэлъэ мыщыоу уадэжь къэфагъэм,
Бэчыри ори – тIуми шъуеуIэ.

Тэтэрконыр кон гъэIагъэу жьыбгъэм ехьы,
Хьыны-хьылъэу, лъэр кIэмыкIэу екIэ къехьы.

Зэ кIэлъыплъэлъ, егъэзыгъэу сыд ичъакIа?
Зэ кIэдэIолъ, лъэпэрапэу сыд ипчъакIа?

Шыблэ гъуагъом пщэр зэIетхъа,
Хьауми пчыкIэм блэу зыкъедза?
Ошъуми чIылъэм зытырепхъа,
Хьауми бжьэцми зыкъытхеса?

Джахэр зэкIэ зигупшысэу
Зигухэлъхэр Зэчыр ары.
Мэхъэджагъэм ар ешэсэу
Шэсыгъахэр Зэчыр ары:

«Шъхьацым нахьи нахьы псыгъоу
Лъэмыдж щыIэшъ, сырикIын.
Ащ сытетэу, зи сщымыхъоу
КъыспэгъокIрэр есдзыхын.

Сэ Сидахэу жъогъо нэфым
Ифэбагъэ сынэсын.
Къэзгъэзэжьмэ, гум ишъэфым
Илъэмыджи згъэстыжьын.

Сэ джы нэсы Сидах зыцIэу
Сыгу хэпкIагъэр сыдэу даха!
Псы мыжъуакIэр ынэу, ыцэу
Тыгъэм фэдэу фабэ, лъагэ.

Пчэдыжь шъабэм, гъэмэфэпсым
ИпсэлъакIэ нахьы шъаб.
Ар къызыщхрэм уц осэпсым
Фэдэу жъыоу мэкъэ къабз.

ЫнэпцитIушъ, пцIэшхъо тамэр
Угу къагъэкIэу гум къыхапкIэ,
Жьыбгъэ макIэу чъыг къутамэр
Зыгъэсысрэм фэд икIуакIэ.

ПсынэкIэчъым нахь насыпы
Мэфэ фабэм тэ къипхын!
ЫIупшIитIумэ – мэшIо тэпышъ,
Уазэрнэсэу укъастын!

Нэбгырищы ахэр мыхъузэ,
СшIэщтыр сшIэни, хэзгъэкIын.
Зы лыузи къысщымыхъузэ,
Уапэ, Бэчыр, сыкъэкIын!..»

## VI

Гухэлъ джэгъогъум, гухэлъ мэхъаджэм
Къэмэ лъыгъакIэу непэ зеупэпцIы.
Зы цIыфи къуаджэм, зы цIыфи къуаджэм
Дэмысы фэдэу ем зеулъэпцIы.

Сыдэущтэу непэ, дунэе чъыгхэр,
Ер зигухэлъыр гъогу тежъугъэхьагъа?

Шъори чIы уцхэу жьыбгъэ шъхьэрычъхэр,
Джа мэхъэджагъэр шъугу къижъугъэхьагъа?

ШIугъэмрэ емрэ зызэпэщытрэм
Тыдэ, зэфагъэр, ори ущыI?
Ер шIум ебэнэу бэныр зыфатIрэм
Абгъу ущытынэу хэт пфиIопщыгъ?

Гухэлъы шъэфыр о зым нэмыкIы
Ымышlэу, Зэчыр, къызшIомыгъэшI.
Уитыгъэ нэфмэ, ари шIомыкIым
Фэдэу шIуцIабзэ зыкъыпферэшI.

Лъагъоу узтетым плъэ щыкIэмыкIэу
Къэбгъэзэжьыгъэу зэхэсэрэх.
ГукIэ зыпIэтмэ, чIылъэм уимыкIэу
КIэкIэу ошъогум укъерэфэх.

Пцэжъые зыпшIмэ, псым укъыхэщэу
Ардэдэм тыгъэм рерэгъэгъукI.
Чэщыр – уимафэу, мафэр – уичэщэу
Пшъхьэ зыдэпхьыщтым улъерэгъэхъу!

Ер зиIэджабгъом джы пэгъокIынэу
Адэ дунаим цIыфи тетыжьба?
Iашэр фырахмэ, шъор зэокIынэу
Зы лIи зы кIуачIи чIылъэм иIэжьба?

Ащ фэдэ хъурэп! Дунаи чIылъэр
ЦIыфышIур ары тфэзыгъэнэфрэр.
Джащ фэдэ цIыфых цIыфы гухэлъыр
Лъэпкъым ынапэ щызымыушъэфрэр.

Арэущтэу хъуми, мэхъэджэ шъэфым
ЦIыфым ыбгъачIэ зычIеушъафэ.
Ыушъэфрэ шъэфыр къэбары пшъэфым
Фэдэу зэгорэм къэхъужьы нафэ.

Шъугъопсы дыджэу джэгъогъу шъугъуагъэм
Цӏыфыр ехъункӏэ, зы мылъкуи пихрэп.
Зэчыри непэ укӏэкӏо лъагъом
Техьагъэу макӏо, седжэ, зэхихрэп.

Зэхэпхына Ӏэгъо-благъом
Шъэф гухэлъыр щызэтхъокӏы.
Ешэу, ежэу шъофы благъэм
Зэчыр Бэчыр щыпэгъокӏы:

«Фэсыжь апщи!..» – икӏэрахъо
Тыриубыти, лӏым еуагъ.
«Сыд силажьэр?..» – къыришӏагъэр
Шӏошъы мыхъоу ыгу етхъуагъ.

«Лажьэу уиӏэм сыд епшӏэщтыр?
Сӏэкӏэ бэни пфэстӏыжьын.
Уилӏэныгъэ къысфишӏэщтыр
Хэткӏи шъэфышъ, сыушъэфын».

«Таущтэу пшӏагъэр уушъэфына?
Тыгъэм ешӏэ, Тхьэм елъэгъу…
«Тыгъэр… Тхьэр пӏуи?.. – Зэчыр ынэ
Къелыдыкӏы, мэчэрэгъу,–

Тэтэрконри муары къаплъэ,
Ари Ӏоба сишыхьат.
Мыдэ уни сэгъэгъаплӏэ,
Бащэ оӏо, зэ рэхьат».

Дунэе нэфыр къэушъорэкӏыгъэ
Фэдэу титыгъэ ыгу къыхэуагъ.
Шӏулъэгъум пае цӏыфы укӏыгъэр
Хьэдэ гухэкӏэу чӏым хэушхуагъ.

Жъыбгъэу къилъыгъэм тэтэркон куашэр
Ошӏэ-дэмышӏэу речы, рехьыжьэ.



Уцми кӏэлъыплъэу укӏакӏом Ӏашэр
Ыгъэбылъыжьзэ, ишъэф къехьыжьы.

Ишъэфи гугъи – тӏури зэголъэу
Укӏакӏор чылэм, ядэжь къэкӏожьы.
Тэтэрконри уцыжъы жъоплъэу
Жъыбгъэм зэридзэу чӏылъэм щэкощы.

**VII**

Цӏыфым намыс имыӏэжьмэ,
Сыдэу цӏыфкӏэ ар плъытэн?
Хьайуан хабзэр ащ иӏэщтмэ,
Таущтэу цӏыфым фэбгъэдэн?

Зэчыр мэгъы, Зэчыр мапчъэ,
Игъы макъи ычый тенэ.
Тенэу телъми, ынэпс къачъэ,
Ныбджэгъунчъэу гум ар къенэ.

«Хэт укӏакӏор, хэт укӏакӏор?
Хэтми сшъхьэкӏэ къэзгъотын.
Тэ щыӏ къамэр, тэ щыӏ кӏакӏор?
Хыеу щыӏэр къыскъотын!

Сыда тыгъэр сэ къысфепскӏэ,
Ныбджэгъу кӏасэр щымыӏэжьмэ.
Сыд ифабэ сэ къызнэскӏэ,
Шъэогъу шъыпкъэр симыӏэжьмэ.

Бэчыр нахьи кӏэкӏо шӏуцӏэр
Сэ сшъхьэрылъмэ нахьышӏугъ…» –
Зэчыр мапчъэ. Ащ кӏышъоцыр
Къыгъэтэджэу мэкъэшӏугъ.

Ары шъхьакӏэ, хьадэдэхмэ
Тэ щашӏэна мощ ышӏагъэр.

Нэпсы мысэр рекlутэхмэ,
Тэ щашlэна – гъыгъэ, пчъагъэ.

Ори, Сидах, тэ щыпшlэна
Мэхъэджагъэр къыздикlыгъэр?
Тэтэрконми сыд фишlэна
Жьыбгъэр къилъи, зыфричыгъэр.

Тэтэрконыр лъэпэрапэу жьыбгъэм ехьы,
Хьыны-хьылъэу, лъэр кlэмыкlэу екlэ къехьы.

Зэ кlэлъыплъэлъ, егъэзыгъэу сыд ичъакlа?
Зэ кlэдэlолъ, гъыны-гъыпсэу сыд ипчъакlа?

## VIII

Дунай нэфыр фыжьми, нэфми,
Къэшlэгъуаеу ар зэхэлъы.
Щыlэныгъэр нафэу, пшъэфми,
Шъэфыр шъэфэу ащ къыхэплъы.

Лъэр пlэпыкlэу, лъэр щыуцоу,
Псынкlи пщэхъу, хьылъи пщэхъу.
Уинасыпи насып lужъоу
Е пlокlабзэу къыщыплъэхъу.

Плъэгъурэр зэкlэ, пшlэрэр зэкlэ
Иплъэгъонэу гъунджэ закlэп.
Шlукlи, екlи, жэкlи, сэкlи
Ащ щыбанэу тетыр макlэп.

Зым къэрарыр, зым унагъор,
Зым намысыр ем щеухъумэ.
Зым пэчыжьэр, зым пэблагъэр,
Зым шъхьэзакъор къегъэгъунэ.

Зым зеухыи, зым зеумысы,
Зым псыр ыжэ дизэу дэт.

Зым бзэгу уехьы, зыр мэусэ,
Мыхэм язэу цlыфыр хэт?

Сиупчlэ хьилэ, сиупчlэ хьылъэ,
Хьилэм изакъоп – мэхъэшагъо.
Сидахэ джы лlыр, Сидахэ джы лlыр
Ардэдэу шlэхэу щыгъупшагъа?

Джэуап мы упчlэм ептын зыщыхъурэм,
Узщыплъэхъуни къыщыхэкlын.
Арэущтэу хъугъэу сэ къызысщыхъурэм,
Ащ рызгъэмысэу сыгу хэмыкlын.

Тищыlэныгъэ зэрэзэхэлъыр
Гукъэо закlэп, хэти щыгъуаз.
Ар дэдэу щытми, сыда ащ хэлъыр,
Ушъуузэбэныр къин, уемыхъуапс.

Уахътэр мэlазэ. Цlыфы гугъапlэр
Тищыlэныгъэ игъэшlэ лъапс.
Кlымэфэ чъыlэм ыуж гъэтхапэр
Щынысэкlэнэу чlылъэм щыхабз.

Зэуж-зэблэкlэу илъэсхэр текlых,
Чэщыр lуищэу мафэр къылъэкlо.
Гур щегъэгушхо, гур щызэпекlы,
Непэ Сидахи джахэр есэlох.

Зэгорэм шыблэр зэогъэ чъыгри
Лъэпсэ дэчъэхкlэ къэкlыжьы, сшыпхъу.
Мэфэ гопэгъум сыдэущтэу хыри
Ригъэгъукlына! Пшlошъ орэмыхъу.

Джары дунаир шlу зыкlэтлъэгъурэр,
Зыпщегъэгъупшэ, зыуегъэшlэжьы.
Ащи из лъагъоп узыщыплъэхъурэр,
Узытырищрэм утырещэжьы.

## IX

Щыӏэныгъэр гъэшӏэгъоны,
Гъогу хэмыхкӏэ ар лъэкӏуатэ.
Къызэплъэкӏрэп, елъэкӏоны,
Гум тыринэу зыщепхъуатэ.

Тамэ готэу Зэчыр сӏорэп,
Ищыӏакӏи ащ нэфын.
Шъузэу иӏэр зы шъуз горэп,
Сыды пае ыушъэфын.

Сидах зыцӏэу, анахь дахэу
Чылэм дэсыр джы ишъуз.
Тыгъэм фэдэшъ, фабэу, лъагэу
Шӏугъэу щыӏэм ар ишӏупс.

Ежь зыфаер къыдэхъугъэшъ,
Хъугъэ пстэуми арыраз.
Ишӏулъэгъуи шӏулъэгъу хъугъэшъ,
Дунай нэфри ӏордэгъаз.

Гъэтхэ тыгъэм зыфегъазэ,
Щэгушӏукӏы, опсэу реӏо.
Тхьэм инэфи къызтрегъапсэ,
Фэрэзапэу игъогу рэкӏо.

Ары шъхьакӏэ, бын ямыӏэу
Нэбгыритӏумэ яээкъуабз.
Илъэс хъугъэшъ, зи ымыӏоу
Шъузы закъом ыбг псыгъуабз.

Джэныкъо машӏом итэпышэсмэ
Зэчыр ыпашъхьэ зыщырапхъоты.
Мыщ зэрэщысэу зипхъуатэу шэсмэ,
Ипшысэ гъогумэ гур шӏузэрапхъо.

Тыгъуасэп, непэп, зэман тешӏагъэу
Сыды гукъэкӏа джыри зыхэтыр?

Шъузым феплъэкӏмэ, зыфигъэшӏагъоу
Сыд гъэшӏэгъона джыри къыфэтыр?

«Тэтэркон куашэр сыд уишыхьаткӏэ,
Уиӏотэжьынэу зы бзи ӏумылъ»,–
Еӏошъ укӏакӏор мэщхыпцӏы шъхьакӏэ,
Гукӏэ зынэсрэр ащ иӏумыл.

Мылым нахь чъыӏэу, машӏом кӏэрысми,
Игукъэкӏыжьхэр фыжьышэ лыдых.
Гум щызэбэнрэр мыбэу – зырызми,
Тэпшэсы стырхэу джэгум дэлъэтых.

Зэгорэм хъугъэр зебгъэухыжьэу
Угум къэкӏыжькӏэ сыдыр ишӏуагъ?
Хэткӏи хъопсагъоу, хъопсэ мыухыжьэу
Узфыщыӏэщтыр шӏулъэгъу гушӏуагъу.

Пчыхьэпэ факӏоу, емылъэкӏонэу
Къызэплъэкӏыжьзэ, тыгъэр мэтӏысы.
Плъыжьышэ-шэплъэу, мэшӏошхо пӏонэу
Унэсмэ чъыӏэу чапэм щэплъызы.

Жьыбгъэу къилъыгъэм ошӏэ-дэмышӏэу
Тэтэркон куашэр машӏом къыпедзэ.
Ардэдэм щтагъэу, хъугъэр ымышӏэу
Зэчыри маплъэ, мэшӏуапэм зедзы.

«Укӏакӏор оры, укӏакӏор оры!..» –
Ыӏорэм фэдэу уц гъугъэр мэсты.
«Сэрымэ – сэры, сэрымэ – сэры...» –
Стафэр зэӏишӏэу мыдрэри мэщхы.

«Сыд узфэщхрэр?» – Сидах ыӏуи,
Нэшӏо-гушӏоу лӏым ӏуплъагъ.
«Сызыфэщхрэр мыры...–ыӏуи,
Ишъэф шъузми фиӏотагъ.

ТIэкIу щысыгъэу, тIэкIу зытешIэм,
Зиухыижьэу пидзэжьыгъ:–
«Адэ джары, ори ошIэ...–
Псалъэр джыри зэпищыгъ,–

Тэтэрконым къыIотагъэр
ЕкIэ, Сидах, сфэмылъэгъу.
СшIагъэр зэкIэ сэзгъэшIагъэр.
СыкIэгъожьрэп, сишIулъэгъу!

ШIулъэгъу мыгъом, шъэогъу пакIо,
Уяни уяти пый пфишIыщт.
Ащ нэмыкIэу сшIэрэ закъор,
Зэрымыри ащ уишIыщт...»

Сидах машIом, машIом естми,
Сесты ыIоу къымыIуагъ.
Зи къымыIоу Сидах щысми,
Зэхихыгъэм къыуIагъ.

Сыдэу хъура, таущтэу хъура,
Сыд шIулъэгъуа зыгъэшIощтыр?
Е къышIошIа, е къыщэхъуа,
Сыд шIулъэгъуа къыздэшъощтыр?

Шыблэ гъуагъоу шъхьэрыкIыгъэм
ИкIэрыкIэу къегъэзэжьа?
Е Бэчырэу аукIыгъэм
Итыгъэпси къытепсэжьа?..

Зи зэрамыIоу тIури щысыгъэу
«Тыгъэр мэтIысы... – Зэчыр къыIуагъ
Къохьэпlэ чапэм тыгъэр нэсыгъэу
Сидахи къеIо: «ЛъыкIэ иIагъ...»

Мыблэ-мыкIуасэу, икIосэжьыгъоу
МэшIочIэ жъокур тэпы зырыз.

Зэчыр къыIуагъэм рыкIэгъожьыгъэу
Жьы къымыщэжьэу шъузым пэщыс.

Фэгъункlэ гугъэу бгъэгупэм дэлъыр
Нафэ къышIыгъэшъ, Iофы хэфагъ.
Ардэдэм цIыфым цIыфыгъэу хэлъыр
Сидах ыпашъхьэ къыщынэфагъ.

ШIулъэгъу зыфиIоу зыфэхъункIагъэр
УкIэкIо напэм лъы налъэу къепкIы.
Гъэтхэпэ чэщэу жъуагъокIэ пкIагъэр
Зэчыр фэмыгъоу нэфылъэ къекIы!..

Тэтэрконыр джэныкъуачIэу мэшIо стафа,
Хьауми жьыбгъэм зэрилъасэу чIыр ихьафа?

Зэ кIэлъыплъэлъ, егъэзыгъэу сыд ичъакIа?
Зэ кIэдэIолъ, гъыны-гъыпсэу сыд ипчъакIа?

1982



22 Заказ 042

# ДЭТХЭР

## УСЭХЭР


Орэд тIокI . . . 7
Гъогу зэхэкIибл . . . 9
Ощхыр. Къушъхьэр. Мафэр . . . 10
Мы орэдыр къушъхьэхъум къыщаIо . . . 11
Самбо . . . 12
Бжыхьэ ошъогум ишы-шыш макъ . . . 14
Зы, тIу, щы, плIы . . . 16
Синэшхъэигъэ къыхьыгъэ усэр . . . 18
Гъозэрыплъы щыбжыхьап . . . 20
МыхъурIэлъын . . . 21
Шъугъо бзэгу . . . 22
Унэгъо Iофыр зэхэфыгъуай . . . 23
Псыхэм хыр япкIыхьапI . . . 24
Синэфынэ къысфэкIуагъ . . . 26
Сигугъэ ун . . . 27
Тыдэ ущыIа, мэзагъор, мэзагъор, сыгум урехьы . . . 29
Къушъхьишъэрэ зырэ . . . 31
Сыбыр . . . 33
Миклухо-Маклай . . . 34
Ненцэмэ адэжь . . . 35
Тыгъэ плъыжьышхор зыдэщыIэм щыстхыгъэ усэр . . . 37
Сирием икоммунистхэм тыряхьакI . . . 38
Шам къалэ ибэдзэрышхо . . . 40
Тыгъэпс пчэдыжьым Ливан щыстхыгъэ усэр . . . 42
Баальбек икъутафэхэр . . . 44
Шъоф нэкIым ит къалэр . . . 46
Сичылэ гупсэ илIыжъ жэкIэфмэ Тхьэм ичIы мафэ къафистхыкIыгъэр . . . 48
Тыркуе шъхьагъым самолетым щыстхыгъэ усэр . . . 50
Чэщныкъо гъогум сытехьэ . . . 52
Синэфыпсхэр уадэжь къыпфэрэсых . . . 54
Пшъэшъэ дах . . . 55
Федерико Гарсия Лорка . . . 57
Мы орэдыр Португалым къыщаIо . . . 59
Ощ пай . . . 60
Сыда дунаир мэзахэ сфэпшIэу зыкIэбгъэушIункIрэр? . . . 61
Джа зыр сфэшIэщтмэ. . . 62
Сиорэд . . . 64
Сыпаг сэ, сыпаг . . . 65
Орэд фыжь . . . 67
ПкIэшъэзехь . . . 68
Сиосэпсыцэ нэпсыцэ къабз . . . 70
Орэп зэсIощтыр . . . 71
Лыузым гухэлъ къыкIэлъэкIо . . . 72
Нэпкъ сэмэгум сэры тетыр . . . 73
ДэхэцIыкIу . . . 75
СичIыгу . . . 77
ЖъонакIор. ЕутакIор. ХынакIор . . . 79
Тыгъэ тынэу лэжьыгъацэр чIым естын . . . 81
МэкъумэщышIэм лэжьыгъацэм риIуалIэрэр . . . 82
Хыныгъо ужым . . . 84
Щагу хъурай . . . 85
Сичылэ сщыгъупшэу къыхэкIырэп . . . 87
Сигугъэ жъуагъу . . . 89
Сиапэрэ псалъ . . . 90
Ным ифабэ сыщэIэфэ схэрэмыкI . . . 92
Хъот-борэным щаIогъэ псалъэр . . . 94
Сэры мысэр . . . 96
ТичIыгу закъо тинамыс . . . 98
СичIылъэ огоу сичIылъэ дах . . . 100
Сихэку кIас . . . 101
СIэмэ гъэтхамэр къапэу . . . 103
Къерэпщ нэкъуаер, ерэст шIулъэгъур . . . 104
ЦIыфыгъ. Зэфагъ. Шъыпкъагъ . . . 105
Сэмэркъэу гущыIэхэр . . . 106
Бжыхьэпэ маз . . . 107
Арэу оIуа, арэу пщэхъуа? . . . 108




22*

ТитӀо тызыжьэп . . . . . 110
Болгарием щыстхыгъэ усэр . . . . . 111
Тадэжь фэдэу сыли щыузыгъ . . . . . 112
Непэ Сараево щытхьаумэфэ бэдзэр . . . . . 113
Заор Вьетнам зыщэуцум стхыгъэ усэр . . . . . 114
УичӀыналъэ лӀыгъэ нап . . . . . 115
Гъэраз, сишъау, гъэраз . . . . . 117
Топгъаом иорэд . . . . . 118
Шъэфырытхым фэсэтхы . . . . . 120
НэпитӀухэр . . . . . 121
О пшӀэрэп шъхьакӀэ, сыкӀэлэ нагъу, нагъор хэгъэкӀи, сыкӀэлэ шӀагъу . . . . . 123
Сыда шъуӀуа непэ укъызфэкӀуагъэр? . . . . . 124
ШӀулъэгъу кӀосагъ . . . . . 125
Тыркуем слъапэ апэ зисэдзэм . . . . . 126
Истамбул . . . . . 128
ЕмыкӀу къысфэмышӀ . . . . . 130
Тэтыем зыкӀи фэмыд . . . . . 132
Азэнаджэм гум къыгъэкӀыгъэр . . . . . 133
Быслъымэн лъэпкъым непэ енэкӀы . . . . . 135
Мыгузажъоу, игъорыгъоу тыгъэр къыкъокӀы . . . . . 136
Псыр дышъэ папкӀ . . . . . 137
Ошъогур ишыу Ӏэдэжь . . . . . 139
Хъохъу сэлам . . . . . 141
Скъошмэ яорэд иджэуап . . . . . 143
Къэрэкъамыл . . . . . 145
Адыгэ джэгу . . . . . 146
СигугъапӀэ сишӀулъэгъу . . . . . 147
Осэмэркъэуа, уишъыпкъа? . . . . . 148
КӀэлэ къуапцӀэм сыдэкӀощт . . . . . 149
А кӀалэм зышӀомыдэй . . . . . 150
Жъогъо нэфхэр, жъогъо жъгъыбхэр сиорэди къыдежъыух . . . . . 151
СикӀасэр оры, сижъуагъу, гум уригушӀуагъу . . . . . 152
Сыгу мэузы, хэузыкӀы . . . . . 153
КӀэлэ нагъу . . . . . 154
Хэт а шыур? . . . . . 155
Къепсы, мэщхы ситыгъэпс, сигупшыси ащ хэрэлъ . . . . . 156
Тинысэ дышъэ непэ къитэщы . . . . . 157



Удж хъурай . . . . . 158
Нысэ дахэу тянэ уфэсщэн . . . . . 160
Пшъашъэхэр-жъуагъохэр . . . . . 161
СишӀулъэгъу . . . . . 162
Гум иорэд . . . . . 163
Гугъэ-гухэлъкӀэ сыкъыпфэкӀон . . . . . 164
Чъыг шъхьэзакъу . . . . . 165
Тыгъэм ынапэ сыдигъуи фабэ . . . . . 166
ЩыӀакӀэм гъашӀэр щыдах . . . . . 167
Дунай нэфыр зэдытий . . . . . 168
СищыӀэныгъэ ипкӀыхьэ закъу . . . . . 169
Дунаим джыри щымамырэп . . . . . 170
Лъэмыдж бгъузэр Ӏэрымышӏ . . . . . 171
ГушӀогъуиплӀ . . . . . 172
Шъхьацнэлъэ лъагъом орэд фэтӀон . . . . . 173
Шӏулъэгъу гупсэфым фэдэ щымыӀ . . . . . 175
Космонавт скъошмэ якъэбар гомыӀу къызысэӀум стхыгъэ усэр . . . . . 176
Бжыхьэри екӀы, кӀыри къытфэсы . . . . . 177
Сикъэщэн . . . . . 178
Сидах . . . . . 179
Сипшысабэ гум ипкӀыхь . . . . . 180
Тыгу зэбгъагъэп . . . . . 182
Охътэ щэрэхъым зэпыу имыӀ . . . . . 183
Сыд ишӀуагъ . . . . . 184
Адыгабзэр симэкъаб . . . . . 185
СыцӀыфышъ сэгушӀо, сэгъы, сэщхы, сэпыхьэ . . . . . 186
Тыжьын ощх . . . . . 187
Сыдэу тхъагъуа тидунай . . . . . 188
Ӏофхэр мэхъуха? Сыд уимакӀэр? . . . . . 190
Шъэогъумрэ джэгъогъумрэ . . . . . 192
Оры къэгъазэ сэркӀэ зимыӀэр . . . . . 193
Шы уцуагъэр гъогунапцэм щэгъы . . . . . 194
Зыпымыт чъыгыр агъэсысрэп . . . . . 196
Сипыйхэр . . . . . 197
Хъохъу . . . . . 198
Уфаб, ушъаб, чӀылъэм уринап . . . . . 200
Шъхьащэ сэ, бзылъфыгъэр, къыпфэсэшӀы . . . . . 201
Тыгъэм фэдэу ухьалэлмэ аӀоу бэрэ зэхэсэхы . . . . . 203

Гухэр тфэрэшIух . . . . . . 204
Тыгъэр къепсыжьыщт . . . . . . 206
Тигъунэгъумэ япчъэIупэ шъэожъыер щыпIэтыгъ . . . . . . 207
Усэ лъэгукIэ чIым сырэкIо . . . . . . 208
Урамыбгъур нэфынабз . . . . . . 209
ИлъэсыкIэм шыцIэ мафэр тыраIуагъ . . . . . . 210
ТыгъэтIыси, орэд тэгъэус . . . . . . 211
Ислъамый . . . . . . 212
Пщынау . . . . . . 213
Удж . . . . . . 214
ЗэфакIу . . . . . . 215
Зыгъэлъат . . . . . . 216
ОрэдыIом фэгъэхьыгъэ баллад . . . . . . 217
Неущрэ мафэр тигъэшIэ щыI . . . . . . 219
Зы нэфын, зы гукIэгъу . . . . . . 221
Гугъэ къэт . . . . . . 222
Жьыбгъэр къилъыгъ . . . . . . 223
Симэфэныкъо щысIогъэ псалъэр . . . . . . 224
Сищэджэгъуапэ ипчыхьэ шэпль . . . . . . 225
ГъэшIэ гухэлъкIэ ренэу сыбай . . . . . . 227
Синэфынэ къысфэрэси, сыдэкIон сэ . . . . . . 228
ШIугъэу щыIэр цIыф хэгуащэу къесэхьакIы . . . . . . 230
Шэфлъагъор къинми, сыкъыпфэсын . . . . . . 231
СишIулъэгъур сыпсэм фэд . . . . . . 232
ГугъэшIу шъогъот . . . . . . 233
Ярэби, сиусэхэр бэгъэшIэщтха? . . . . . . 234
Орэд, Къайсын, сэ къыбдэсIощт . . . . . . 236
Мэзэгъо шыу . . . . . . 237
Дунай гъукIагъэр псэнчъэ . . . . . . 239
Зэгорэм угу сыкъэкIмэ . . . . . . 240
ШIулъэгъу гужъуагъ . . . . . . 242
Сыплъыхьу зэхъум, тэ ущыIагъ? . . . . . . 243
Бзылъфыгъэм фэгъэхьыгъэу джыри зы ус . . . . . . 244
Азэмэт . . . . . . 245
Сызщыщ лъэпкъыр хэт? СыздакIорэр тыд?
Сыд къыщысшIэщт? . . . . . . 246
Сыдэущтэу тарихъым къытфигъэгъущта? . . . . . . 248
Гухэлъ мыкIом иуз сепщэ, сфеIэзэщтри хэт? . . . . . . 250
Адыгэ Республикэм и Гимн . . . . . . 251



Хъан-Джэрые фэгъэхьыгъэ тхылъыр зысэухым
стхыгъэ усэр . . . . . . 253
Мэгас – тыгъэм икъал . . . . . . 255
Дунэе нэфым мылъку хэсхыгъэп . . . . . . 257
ГушIуагъом нахьи къин мыгъуаер сигъашIэ щынахьыб . . . 258
Сикъушъхьэ фыжь . . . . . . 259
Джэуапынчъэу гъучI пшъыгъэр сэуIучIы . . . . . . 260
Адыгэ лIыжъхэр . . . . . . 261
Тигъэгъыщта, тигъэщхыщта? . . . . . . 262
Узфыщысыр сыд къысаIо . . . . . . 263
КIасэр оры ащ есIон . . . . . . 264
ШIулъэгъу закъом сегупшысэ, къэшэс еIо, сыфэшэсы . . . 265
Гугъэ хъокIыгъэр шыу лъащ . . . . . . 266
Сигугъэ тыгъэ сежэ, сыпаплъэ . . . . . . 267
Сыгу илъи имылъи сэIуатэ . . . . . . 268
Щэбзэпс пкъыем ищэбзащэ къытэцакъэ . . . . . . 269
Шъыпкъи зэтэIо, пцIи зэтэупцIы . . . . . . 270
Сэр сэгъэлъы, сIи къеуIэ . . . . . . 271
Сипхъэ машIо итэпшэс . . . . . . 272
СэкIо, сэчъэ . . . . . . 273
Зыр къысIощхэ, зым сегъае . . . . . . 274
Силъагъошъ мэзым пхырысщрэр, сыдигъуи
ар сидэогъу . . . . . . 275
Шъуеблагъ . . . . . . 276
Бзылъфыгъэр шIу умылъэгъу, уигъэпцIэщт. . . . . . . 277
Сыпфэраз . . . . . . 278
Сэзэщы, сэпэ . . . . . . 279
УиIахьыл макIэ земыгъэгъап . . . . . . 280
Тыадыг . . . . . . 281
Щыми къытэджагъэр тишIулъэгъу . . . . . . 282
Бланэр малъфэ . . . . . . 283
Узтемыгъэжь . . . . . . 284
Ситарихъ лъагъо сытегъощыхьэ . . . . . . 285
Китай дэпкъышхом сыкIэрыт, сытет . . . . . . 286
Хэт ащ ыгуи къыфэгъун . . . . . . 287
Сиуз упчIэ джэуапынчъа? . . . . . . 288
СиуIагъэ сепщэжьы . . . . . . 289
ШIулъэгъур IэшIэхэп, псынкIагъоп . . . . . . 290

Щыӏэныгъэр хъохъу нэшӏошӏ . . . 291
Сауж уиткӏэ сыд ишӏуагъ? . . . 292
Нэмыплъ къыосхынэп . . . 293
Илъэсишъэр гугъэ шъэф . . . 294
Шӏулъэгъу нэпцӏыр орэкӏод . . . 295
Шӏулъэгъу пхъуантэм иӏункӏыбзэ къыосэтыжьы . . . 296
Пчыкӏэ къамыщыр шум хэдгъэщын . . . 297
Седжэ, селъэӏу, сеуплъэкӏу . . . 298
Ашӏэрэпэшӏыжьхэр . . . 299
Жэкӏэ «къыпкӏэугъоещт» . . . 300
Дэгу-мыдэгу . . . 301
Ущылычми, пфэщэчынэп . . . 302
Хьаткъо Ахьмэд сиусэ быракъ . . . 303
Лъэпкъ шӏэжьыр адыгэм ерэӏ . . . 304
Сипкӏыхьэ сшӏэрэп зыфэдэр . . . 306
Утхъагъу . . . 307
Шхончъэ шыу . . . 308
Джыхьнэм лъэмыдж . . . 309
Тарихъ шӏуцӏ . . . 310
Уразэу ори сиогу щыхьарз . . . 311
Тидунай ешъогъай . . . 312
Блэкӏыгъэр сиджэрпэджэжь . . . 313
Сыгъощагъ, сизакъу . . . 314
Сыгу сыфитэп . . . 315
Хьал пэпцӏэ гъугъ . . . 316
Шыжъ уцуагъ ар, шыжъ уцуагъ . . . 317
Джа тшӏэрэ мэзым тыхэкӏодэнэп . . . 318

## САТЫРИПЛӀ УСЭХЭР

Уахътэм ищэрэхъ . . . 321
Пщэ фыжьыр ом игъощагъ . . . –
Адыгэ нэпсым сесты, сетхьалэ . . . –
Гухэлъ быракъыр зыфэсэгъаӏэ . . . –
Жъоку ныкъокӏуас . . . –
Сишхоӏу жэдэлъ . . . –
Ощхыбыбым сешэсы . . . 322
Хэта къэджагъэр? . . . –
Дунай зэгъокӏ . . . –
Илъэсыр охътиплӏ зырыз . . . –



Сиджэрпэджэжьы укъыпэджэжьрэп . . . 322
Ӏэлъын . . . 323
Гугъэ нэплъэгъу . . . –
Псынэкӏэчъыр, пхъэтэкъэжъыр . . . –
Жьым щэхьапкӏэ, ом щэпхъанкӏэ . . . –
Тэтэркон . . . –
Чъыг шъхьэзакъу . . . –
Сигугъэ-гупшысэ сионэш пшыс . . . 324
Тӏуагъэм тырыкӏэгъожьы . . . –
Бадзэми тэжъо еӏо . . . –
Пцӏымрэ шъыпкъэмрэ . . . –
Ар зыкӏэхъопсрэр сичэт . . . –
Лъэшым кӏэнакӏэхэрэп . . . –
Щытхъу лыери тыгъонри зэфэдэ . . . 325
Къуашъом изыгъэр фэмыхъоу есы . . . –
Шъыпкъэр чӏылъэм щылъэпсэ пыт . . . –
Лъащэр, чӏыфэр . . . –
Шэн дэгъу . . . –
Лъэпэд фабэр зыфехъэжьы . . . –
Пӏастэр мэпӏонкӏы, мэщхы . . . 326
Ащ фэди мэхъу . . . –
Шӏушӏэ фашӏэр умыушъэфы . . . –
Упчӏэ щхэн . . . –
Пцӏитӏу . . . –
Зыфэе пстэури цӏыфым къыдэхъурэп . . . –
Уиныбжьыкъу утечъышъущтэп . . . 327
Дунэежъ хьаф, дунэежъ мыгъу . . . –
Ахъщэм идэгъо закъор икъэлэжьын . . . –
Пӏуагъэм уемыпцӏыжь . . . –
Ӏуашъхьэми къушъхьэу зелъытэ . . . –
Ӏом къупшъхьэр екъутэ, налыр кӏеуты . . . –
Тхьакӏумашӏор, бысымыр . . . 328
Теубзэ, тыкъызэхишӏыкӏрэп . . . –
Пщыбэ зиӏэр хэгъэгужъэп . . . –
Шъхьэчъэ-зечъэм лъэри кӏехы . . . –
Сикъэрар пашъхьэ сыдыр щысӏон? . . . –
Лэжьакӏор армэу, ежь имэфэкӏ . . . –
Лъэгъо шъэфхэр . . . 329
Ӏэшӏур зышӏомакӏэм дыдж ерэшх . . . –
Ныбджэгъуми зэгорэм уешхыжьы . . . –
Щыным ыкӏыӏу корэшъу . . . –

Блэмрэ унэlутымрэ . . . . . . . . . . 329
Сыд гъогуа непэ сызытепщагъэр? . . . . . . . . . . –
Джащ сичъэн щысыухыгъ . . . . . . . . . . 330
Псынчъэ пхъэчаир зэхэгъукlэ . . . . . . . . . . –
Пыджэщтым бжъакъор ыгъэбылърэп . . . . . . . . . . –
Тыгъужъыр, тыгъуакlор . . . . . . . . . . –
Хэхэс къыуаlоныр тхьамыкlагъу . . . . . . . . . . –
Фэмыфым lоф емыгъашl . . . . . . . . . . –
Къэбыр, къэкlухьакlор . . . . . . . . . . 331
Чъыг гъугъэм жьау иlэп . . . . . . . . . . –
Гулъыт . . . . . . . . . . –
Чэтыур, лэндыр . . . . . . . . . . –
Ахэр зэгурыlогъуаех . . . . . . . . . . –
Гущыlэшlурэ псэлъэ дыджрэ . . . . . . . . . . –
Гукlодыгъо щыlэп . . . . . . . . . . 332
Тlо даlо, зэ гущыl . . . . . . . . . . –
Шъхьахын . . . . . . . . . . –
Бысымгуащэм илэгъэкъут . . . . . . . . . . –
Гугъэ лъапс . . . . . . . . . . –
Тыгъэри фабэп, дунайри дахэп . . . . . . . . . . –
Орыжъ щыугъэм пцэжъые хэсэп . . . . . . . . . . 333
Нэмрэ гумрэ, псэмрэ омрэ . . . . . . . . . . –
Цlыфыр гъэшlэгъонэу зэхэлъы . . . . . . . . . . –
Хэмышlыкlмэ, пшъхьэ зэпекlы . . . . . . . . . . –
Упчlитlу къызэрыкlу . . . . . . . . . . –
Шхэкlыгъэ шыр, пкlэнтlэпс джанэр . . . . . . . . . . –
Джэнэтри джэхьнэмри ащ къыщытпаплъэ . . . . . . . . . . 334
Псыцур, цlыфыр . . . . . . . . . . –
Имылъэу бгъэлъатэрэр быбышъурэп . . . . . . . . . . –
Мэрчэпымрэ фалымрэ . . . . . . . . . . –
Атакъэр, шыгъачъэр . . . . . . . . . . –
Ом укъимыщми, умыгъэпый . . . . . . . . . . –
Цыгъор щынэрэп, лъакъом уихьырэп . . . . . . . . . . 335
Ибэр, быгъур . . . . . . . . . . –
Уифыгу бгъотагъэ ямыгъэгужь . . . . . . . . . . –
Фэмыфхэр . . . . . . . . . . –
Лъэгъо хэхыгъэм сырыкlорэп . . . . . . . . . . –
Тхьамыкlэр, гъучlыр . . . . . . . . . . –
Мэлахъор, шъоупсыр . . . . . . . . . . 336
Шъыпкъитlу . . . . . . . . . . –



Пчэнымрэ шымрэ . . . . . . . . . . 336
Пцlыусым иунэ стыгъэ . . . . . . . . . . –
Палъэщтым псытхьалэ иlэп . . . . . . . . . . –
Делэр, акъылышlор, чэмышъор . . . . . . . . . . –
Жъыгъом етхьаусхылlэхэрэп . . . . . . . . . . 337
Дахэмрэ махэмрэ . . . . . . . . . . –
Пщыпlэм машlо щагъэстрэп . . . . . . . . . . –
Кlэпсэ шагъэр, зынэ мышlур . . . . . . . . . . –
Лыер сыдигъуи лые . . . . . . . . . . –
Къокlыпlэмрэ намысымрэ . . . . . . . . . . –
Убзэгу умытlупщ . . . . . . . . . . 338
Къыстекlожьыгъ . . . . . . . . . . –
Тlури шlэгъуай . . . . . . . . . . –
Ар тlумкlи тхъагъоп . . . . . . . . . . –
Ныбджэгъур, джэгъогъур . . . . . . . . . . –
Уишъэогъуи уионэши фэсакъ . . . . . . . . . . –
Шlури ери зэголъы . . . . . . . . . . 339
Сабыир, щытхъуфалlэр . . . . . . . . . . –
Гугъуемылl . . . . . . . . . . –
Ащ фэди къяхъулlэ . . . . . . . . . . –
Ощхыр, мэщыр, гъупчъэр . . . . . . . . . . –
Тэ ахэр Тхьэм къытипэсыгъэх . . . . . . . . . . –
Ащ ыгу илъыр къэшlэгъуай . . . . . . . . . . 340
Тэпшэсыр шыу хьакl . . . . . . . . . . –
Гукlэгъушl, тхьагъэпцl, lушы, зэкlокlыпх . . . . . . . . . . –
Нэфэlоныр, бзэгухьэр . . . . . . . . . . –
Пlэнтэгъу уецэкъэжьышъурэп . . . . . . . . . . –
Хьитlурэ нитlурэ . . . . . . . . . . –
Щхэны . . . . . . . . . . 341
Тыгъужъым урегъэблагъэмэ, уихьэ зыдащ . . . . . . . . . . –
Ащ зи хэсшlыкlрэп . . . . . . . . . . –
Умышlэрэм кlэупчl . . . . . . . . . . –
Пlорэр зэхихрэп, зыфаер ешlэ . . . . . . . . . . –
Гъунэгъур джэгъогъур . . . . . . . . . . –
Пцэжъыер, къамылыр, жьыбгъэр . . . . . . . . . . 342
Пцlымрэ шъыпкъэмрэ . . . . . . . . . . –
Шlушlэмышlэ цlыфым зыщыгъэзый . . . . . . . . . . –
Джэнэтымрэ къушъхьэхъумрэ . . . . . . . . . . –
Узитlу . . . . . . . . . . –
Адыгитlу . . . . . . . . . . –

Щыкӏыгъэр, икӏагъэр . . . 343
Тлъэпкъ иӏушыгъэ тыгу идгъэлъын . . . –
Чыжьэрыплъэ-хьалъэкъошх . . . –
«Гъагъэм» зи къикӏрэп . . . –
Зэрымытым ӏэтишъэ регъэуцо . . . –
Узэхишӏэщтэп . . . –
Фэсакъ . . . 344
Гущыӏэ ушъыйхэр . . . –
Чъыӏэмрэ узымрэ . . . –
Ущытми, укъилъэгъущтэп . . . –
Нафэ, шъэфы . . . –
Сабыинчъэм итхьаусых . . . –
Емынэмрэ гъаблэмрэ . . . 345
Адыгэ хабзэм ишэпхъэ-бзыпхъ . . . –
Шӏумэ еплъ . . . –
Федэмрэ зэрарымрэ . . . –
Хьарам джыбэм панэ ит . . . –
Къошыныр, тошымыр . . . –
Жьым епыджы, зыфэдэжьы . . . 346
Жэкӏэнчъэ джашъоу укъагъэнэщт . . . –
Жэкӏэ ӏазэ . . . –
Уащымыщмэ, ухэхэс . . . –
Гугъэ паплъ . . . –
Хьэуарзэмрэ чъыӏэмрэ . . . –
Къэбарышӏухэр . . . 347
Сигъогуи гугъэ мыдыжь . . . –
Дэгъу, дэи . . . –
Малахъом изытхъагъу . . . –
Огъушху . . . –
Шхын ӏэшӏур, джэныкъо машӏор . . . –
Къухьэ закъор сигугъапӏ . . . 348
Упчӏэ-джэуап . . . –
Сыпщынэуи сыатэкъэнэуи сыфаеп . . . –
ӏушымрэ делэмрэ . . . –
Мыжъошъхьалыр, коцыр, шыблэр . . . –
Уищыд ящи, къэщэфыжь . . . –
Хьажъумрэ пӏурымрэ . . . 349
Хэти зыдакӏорэр ешӏэ . . . –
Шъугъуал . . . –
Пагэ . . . –
Шъхьэщытхъужь . . . 349
Лъфыгъэ дэйхэр . . . –
Пшэп, уинысэп . . . 350
Пхъорэлъфыр унэгъо зэгъэшӏу . . . –
Лӏыгъапцӏ . . . –
Ны нэплъэгъу . . . –
Хэт анахь дах, анахь шъаб? . . . –
Жъыгъашӏу . . . –
Пасэр, кӏасэр . . . 351
Ошӏу, уае, лъачӏэ . . . –
Унэр, ӏанэр . . . –
Тӏури умышӏэ . . . –
Хьэ хьакъу чыжьэр благъэ . . . –
Делэмэ аӏон агъоты . . . –
Лӏышӏумрэ делэмрэ . . . 352
Шэнычъагъ . . . –
Шъыпкъэр, пцӏыр . . . –
Шъэфмыӏуат . . . –
Ащ фэди къыуашӏэщт . . . –
Сэри къимых, напщи темых . . . –
Зэсэнхэп . . . 353
Адыгагъэп, цӏыфыгъэп . . . –
Тымыудэгу . . . –
Гумрэ нэмрэ . . . –
Пшъыхэрэп, жъыхэрэп . . . –
Унэгъо лъапс . . . –
Сэ тӏури къыздарэгощ . . . 354
Дэгъу лые хъурэп . . . –
Тыжьын мазэр нэчыхь ӏэлъын . . . –
Уимыер пштэмэ, хьарам . . . –
Умыуб, умыпцӏ, зымыгъэгус . . . –
Мысэм улъымыхъу . . . –
Усэрэжъи тытекӏощт . . . 355
Ащыгъыгъэ пэӏожъ . . . –
Цыхьэнчъ . . . –
Шӏу плъэгъурэр сыдигъуи ӏэшӏу . . . –
Чыжьэрыплъ . . . –
Гугъэнчъ . . . –
Пчэнымрэ мэлымрэ . . . 356
Хьарам шъхьэфэшӏу . . . –

Ар пэкӀэ тӀум, пэкӀэ ланл . . . . . 356
Ар хьакощым исыгъ . . . . . –
ЛэжьакӀор, псыхъор . . . . . –
ЗэӀо-зэдашӀ . . . . . –
Хэти иӀоф фэӀэпэӀас . . . . . 357
МэшӀуачэр, лыгъуамэр . . . . . –
Плъэхъугъэр . . . . . –
Ныбэрый . . . . . –
Ныбгъур, гъогурыкӀор . . . . . –
Фэмыф . . . . . –
ГущыӀэгъэф . . . . . 358
ЕшъуакӀу . . . . . –
Ӏэпэпщын . . . . . –
ИмыӀоф ыгъэстхъагъ . . . . . –
МакӀэр, тыжьыныр, дышъэр . . . . . –
Ӏэмыщэ-мэщышӀ . . . . . –
Зыр мэзэщы, тӀур гущыӀэрый . . . . . 359
Псэлъэ шъаб . . . . . –
УигущыӀэ гъунэ лъыф . . . . . –
ТӀуми сыгу ягъу . . . . . –
Нысэр, гуащэр, джэныкъор . . . . . –
Гъэмэфэ ощх . . . . . –
Джэуапынчъэх . . . . . 360
ПсэлъитӀу . . . . . –
Мыпсэу-мылажь . . . . . –
УипаӀо дэгущыӀ . . . . . –
ЗэшӀэ-гузажъу . . . . . –
Гуаор, шъохъур . . . . . –
Ар зыфэдэр сыушъэфынэп . . . . . 361
УмышӀэрэм кӀэупчӀ . . . . . –
Ным нахь ӀэшӀу щыӀэп . . . . . –
ЗэпэщэӀух, зэщэгугъух . . . . . –
Уемышъуй, уемыгый . . . . . –
Унэгъо лъапсэр . . . . . –
Зэпыщхагъэр зэпэчыжьы . . . . . 362
ГущыӀэ къодыеп . . . . . –
Дэгум ыӀон егъоты . . . . . –
Дунайри мэзагъо . . . . . –
ШӀулъэгъубэ-шӀумылъэгъу . . . . . –
Ныщыр, мэщыр . . . . . –



Къеблагъ, хьакӀэ, къеблагъ . . . . . 363
ХьанцитӀур, онэшыр . . . . . –
Шъозехьэхэр . . . . . –
Сыд мыгъор ситхъакӀ . . . . . –
Цумрэ пхъэчаимрэ . . . . . –
Хьэр, шъыпкъаӀор . . . . . –
Псым епщэ, ехъумпӀы . . . . . 364
Шӏум шӀу къехьыжьы . . . . . –
Сигъунэгъоп, сиӀофшӀэгъоп . . . . . –
Шъэогъум ешъуӀу . . . . . –
Зи емыӀоу сыблэщ . . . . . –
Гъогум тегъощагъэм сыдыр къыфэт? . . . . . –
Зыфэсакъыжь . . . . . 365
ШъхьэкӀэфэныгъ . . . . . –
ПцӀыуситӀу . . . . . –
Шишъэр, шъхьэпаер . . . . . –
Гъонэ дэплъ . . . . . –
Бынир, чылэр, джэгъогъур . . . . . –
ТхьагъэпцӀ . . . . . 366
Зэ бзыу, зэ фыу . . . . . –
Щхэпсыр, бзэпсыр . . . . . –
Зэн-зэпс . . . . . –
Псэлъэ зэпачъ . . . . . –
Шъэфыр, шӀыхьафыр . . . . . –
БэрэгущыӀ, хьакӀэ зыфэмыкӀу . . . . . 367
УзӀукӀэрэр гъогогъоп . . . . . –
КӀэлэгъур, жъышъхьэр, гурхъу макъэр . . . . . –
ЖашӀо . . . . . –
ЗыхамыӀо-пэӀошху . . . . . –
Насып . . . . . –
Но проблем . . . . . 368
Ӏэзэ-емызэщ . . . . . –
ӀэпэӀэщэ-хьацэжъ . . . . . –
Чэщрэ пхъэтыгъу . . . . . –
Ушъыир, хьэр, чэтыур, цыгъор . . . . . –
Узыфэмыдэм зыдэмышӀ . . . . . –
Гур, нэр, шъхьэр . . . . . 369
Унэм зыщыгъаси, хасэм кӀо . . . . . –
Чылэр, тхьачэтыр, осыр . . . . . –
Ари хъун-мыхъун . . . . . –

Кукуур, бжьыныр . . . 369
Бжыхьэм иощх-сэлам къехыжьы . . . –
ПэIончъэп . . . 370
ЧIыфэ . . . –
Iэбжымыр, лъэIоныр . . . –
Пчэным гъунджэр ыкъутагъ . . . –
Хэт язэщыгъ? . . . –
Бэджэшъо паIу . . . –
Ащ бэлагъэр имыблагъ . . . 371
Огум нэсы . . . –
Хьадэгъодах . . . –
Ощхыр, сабыир . . . –
Пшъашъэм ишъэф . . . –
Мэл къуай . . . –
Зэпыщытых . . . 372
Шъоныр, мэщ мыхъур . . . –
Алпыжъ . . . –
Лыегъащ . . . –
НэпитIу . . . –
Армэу . . . –
НыбашIу . . . 373
Пыир, цэр . . . –
Узыщымытхъужь . . . –
ЖэрыIаз . . . –
ЩыIахэп . . . –
ШъхьэкIэфагъэр, ушъхьагъур . . . –
Зэфэхь-зэфашI . . . 374
Бай кIап, тхьамыкIэ тхыцI . . . –
«Пыр-р!» . . . –
Бэдзэр . . . –
Чэм шхуашIэр, хъэдэнитIур . . . –
Дэгъэнчъ . . . –
Iахьынчъ . . . 375
Былым . . . –
Гум къерэнэжь . . . –
ДэхэIупэм унагъор зэрещхы . . . –
ЛIыгъэпцIэ-тхьагъэпцI . . . –
Пчэгъу папцI . . . –
ХьакIэ зимыгъор гуих . . . 376
ЦIыфышIу, бзыу гуIал . . . –

Шышъхьэр блэмыгъэкI . . . 376
Чъыгыр, унагъор . . . –
УкъызэхашIыкIыщтэп . . . –
Етэжь, еожь . . . –
Онэтех-Iэнэпыдз . . . 377
Щыпс шIоIугъ . . . –
Бетэмал . . . –
КIымафэм Iумылыр ипэIулъ . . . –
Ферхьаун . . . –
ОрэдIуал . . . –
Гъогум уфэмыхьазырмэ, утемыхь . . . 378
Шъхьэщытхъужь . . . –
Жае . . . –
МэзIапчъэр, унапчъэр . . . –
УимыIоф земыф . . . –
ЛIы хыем игунахь къэмыхь . . . –
Уахэмыд . . . 379
КIапсэмрэ цумрэ . . . –
Iэл сэфэр, ол сэфэр нэкIышх . . . –
Чатэр, джэдыгур . . . –
Уаемрэ дзаемрэ . . . –
Ащ «махь» иIэп, ащ иIэр «хьаб!» . . . –
Тыгъужъыр мэлахъо хъугъэ . . . 380
ЕтIэ мэIу . . . –
ГукIодыпх . . . –
Сэмэркъэу . . . –
ЛIым ичат . . . –
Нысэр, пхъур . . . –
Гощэшху . . . 381
ШъузышIумрэ лIышIумрэ . . . –
Бэрэщх . . . –
УиIэм езэгъ . . . –
ПIапэ емыщэкI . . . –
Батырыбжъэр икIас, IофшIэныр иджагъу . . . –
ЧыжьэкIо-бэрэдаIу . . . 382
Къамылъфыгъэ шъаом икушъэпс . . . –
ПхъэтIаркъу . . . –
Мы упчIэхэмкIэ сыджэуапынчъ . . . –
ГупыкI . . . –
Цумрэ гумрэ . . . –

Цэко-паку . . . 383
Чэтыур бысымгуащ . . . –
ШІоп аІо . . . –
Пхъум итыщас . . . –
Пшъэшъэ Іумыпэм . . . –
Унэгъо шъэф . . . –
Шъузым лІыр ишІу, ипый . . . 384
Пчэгъунчъэп . . . –
Машэр, чІыфэр . . . –
Ащ иматэ из . . . –
Къызэдэшъо-зэфэгъашІу . . . –
Джащ фэд ар . . . –
Ыныбэ ынап . . . 385
Къамзэгу такъ . . . –
Пшъашъэм мыхъун фагъэІурэп . . . –
Іэжэгъуай . . . –
Шъузым апэ цІэцІэн къырегъажьэ . . . –
Нэр мэузы, пхъапэр еупсы . . . –
Пэрытыр къахь . . . 386
Цыхэ-мыцах . . . –
Чэщныкъо хьакІ . . . –
АІорэп . . . –
Нэкулъэ-нэгуплъ . . . –
Мыгъор мыгъокІрэп . . . –
ПцІыр пцІы . . . 387
ЫкІыб рауты, ыпэ етхъожьы . . . –
БэгъашІэп . . . –
Пхъумрэ къомрэ . . . –
Гъусэ къысфэхъу . . . –
КІэмрэ жъымрэ . . . –
Утхъэ-умытхъ . . . 388
ЛІыжъыр, пхъужъыр . . . –
Зимыжъо къуае хъужьыгъэр . . . –
Ныкъотыкъу . . . –
Іэдэуад . . . –
Гъэблэ-гъаер, гузэжъогъур . . . –
ШІулъыІэс . . . 389
Жъогъо лъаг . . . –
Насыпынчъ . . . –
Уишъузыгъэр къэмыщэжь . . . –
Шыу нэпцІ . . . 389
Къыпфэмыем уфэмышыу . . . –
Ушъыным уеукІы . . . 390
ЦІыф шъаб, шъырыт . . . –
Тыр, ныр . . . –
Уатэмрэ ощымрэ . . . –
Мышъэр, тыгъужъыр, шыхэр . . . –
ЛІышІу шъау . . . –
Цыпхъ, бзыпхъ . . . 391
Гъэжъожъым укІырымыу . . . –
Зэфэгъэ-шъыпкъагъэр лІы нап . . . –
Іэрэ жэрэ . . . –
ЛъапІэ, плъапэ . . . –
Сакъынчъэ-мысакъынчъ . . . –
Мэлыр, цужъыр . . . 392
Узэмыгоожь . . . –
Ежь лъэпаомэ нахьышІу . . . –
ЖэкІэ зырепхыжьы . . . –
ПІуафтэрэм уеІофтэжьы . . . –
Гъогу зэхэкІибл . . . –
Бзыур, щыур . . . 393
Купыр егъасэ, ежьыр мыгъасэ . . . –
АшІэрэ-пэшІыжь . . . –
Ащ джэхашъор ищэджэгъуакІу . . . –
Губгъэн . . . –
МашІор, шъыпкъэр . . . –
Пхъужъ гугъапІ . . . 394
ЯпшІэни щыІэп . . . –
Бынынчъэр цІэцІал . . . –
Чэтэхъо-мэлахъу . . . –
Ящэнэрэм урилъэкур . . . –
Пшэсэныр еІоты . . . –
ТхьагъэпцІ, нэпэнчъ . . . 395
Мэтэмаох, зэдаох . . . –
Земыгъэст, егъэпсых . . . –
ЕмыІу, уІумыгушІуат . . . –
ЗатІэх, зэфатэх . . . –
Хъулъфыгъэмрэ бзылъфыгъэмрэ . . . –
УмыгъэшІагъо . . . 396
Іогъур, гуІэгъур . . . –

Ныбэр Iотэжьыгъошlу, фэсакъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 396
Ныбэр, чъыер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
ЕмышIэ-шIумышI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Бгъотэн-пшIэтэн . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
ШIомыкIыр, бэлахьыр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 397
ПцIыус, шъхьэгъэуз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
ЛъэIорый . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Къошын Iубгъор иблагъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Жъыгъор чэщ мычъый . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
ТIури дэгъоп . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Шъэфрытхъу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 398
Хьэ фэмышх къо ригъэшхрэп . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Нэйпсый, мэшIобзый . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Ибэщ илъэой . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
ШхомлакIэр, шыкIэр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Ари сыд? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Щэрэхъ къуащ, кум из щытхъу . . . . . . . . . . . . . . . . 399
Чатэр алъы, агъэбзэжьы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
УиIэм уритхьамат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
ШIушIэ-мышIэ кIэлъышъугъужь . . . . . . . . . . . . . . . . –
Аупхъуагъ, аупкIагъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Гузажъорэр мэгужъо . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Щынэ-мыщын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 400
Гощэ кIэгъэкI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Шъхьэщытхъужь быу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Ащ ныбэр ынап . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Ар мыщ фэд . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Шъуз фэмыф . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Цыф щыкIыгъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 401
Ощх шъэбалъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
О-оим о-ой къыпфещэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Дыдж-IэшIу, цу-чэм . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
БзэшIо-нэшIу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Iом унагъор зэтырегъэзы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Нафэмрэ зафэмрэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 402
Делэр аубрэп . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
ФалIэ-фэмылI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Бын пшъапI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Пчэнымрэ чэмымрэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Мэл тыгъур тамыгъэм еплъэрэп . . . . . . . . . . . . . . . . –



Сэшхо къихыгъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 403
Бынынчъэм уегъэчэтахъо . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Дагъомрэ чъэнымрэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Зафэмрэ нафэмрэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Угу зэIугъэм зызэхегъэх . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Намыс зигъаI, зегъэзэгъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Пшэхъо-пцIашхъу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 404
Бзаджэ, бгалэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
ШъузышIу, лIышIу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Бысым фэмыф, хьакIэ губжыпх . . . . . . . . . . . . . . . . –
МакIо, мэдаIо . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Джагъор, пщагъор . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Зегъэпыутыжьы, зегъэдыджыжьы . . . . . . . . . . . . . 405
Лъэр, гур . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
ПэIошху . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Шъузихмэ яшыу къамыщ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Ахэм мэшIо-къашъор язэфакIу . . . . . . . . . . . . . . . . –
Ныбэр Iотэжьыгъошlу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
ЛъэIо-лъэуушъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 406
Апсыхьэ, епщэжьхэрэп . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Бзыур, быгъур . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
ЛIы нэгуплъ тинэкулъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
ПцIылъэр ещэчы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Хьакужъы машIом зыригъэстыгъ . . . . . . . . . . . . . . . –
Ехъырэхъышал . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 407
Хьэ нэкIыгъ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Атэкъэ сыджыр мыплъыжь-мыгъуаплъ . . . . . . . . . . . –
Джэгулэ-быул . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Ицуакъэ орзэ лъэгу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
ЗиIэм иIэп . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
АджалитIу щыIэп . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 408
Iэрэ жэрэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Нэр делэ, Iэр бланэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Къызэпэчъэ-зэпэчъэжь . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Плъэ, лъэ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Ар цIыф дэгъу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Ин фэлIэ щырымытI . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 409
Дэим къыпфегъэзэжьы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Щытхъур икIас . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –
Гъунэгъур Iэнэгъу . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . –

Чыр пчэгъу мэхъу . . . . . 409
Пфэмыхьыщтыр умыхьы . . . . . –
Утемылъад . . . . . 410
Зэпэщыт-зэпэIут . . . . . –
ГъэпцIакIор, шъыпкъаIор . . . . . –
ИонакIэ пытхъыгъ . . . . . –
БэшIэ-ныкъуашI . . . . . –
Зыфепсыхрэм ешхылIэ . . . . . –
ЦуитIур егъэхъу . . . . . 411
Лыеп, уеп . . . . . –
Нэкъое жьыбгъэр къилъыгъ . . . . . –
Гощэ гъэудж . . . . . –
Дышъэр насыпэп . . . . . –
Шъузаб, лIыгъуаб . . . . . –
НэшIо фэмыф . . . . . 412
Унэгъо маф, унэгъо фаб . . . . . –
ЦIыргъ-щыргъ . . . . . –
Шы пшъыгъэм кIищыжьрэп . . . . . –
Армэур, лэжьакIор . . . . . –
ТхьамыкIэмрэ баимрэ . . . . . –
Зыгу мыкIодэу зиунагъо зыгъэкIодрэр . . . . . 413
IэнатIэм уегъэсэхъуджэ . . . . . –
Бзэгур, цуакъэр . . . . . –
Огъурцыз, цыхэ-цыс . . . . . –
Iорыдэгъаз . . . . . –
Семыгъэз, сымыгъэпшъ . . . . . –
Къысэгый, сыгъэхый . . . . . 414
Пегъэмбарых, щэмбарых . . . . . –
Делэ-Iуш . . . . . –
СызэупчIы, сэщхы . . . . . –
ЧIыфэ-хьаф . . . . . –
КъаушъхьакIугъ . . . . . –
ЛIыкIо дэгъу . . . . . 415
Емрэ шIумрэ . . . . . –
IэпцIэ-лъапцI . . . . . –
Хьалыгъур, пчыхьэр . . . . . –
Псэлъыхъончъэр пчэгум къенэ . . . . . –
Зэуи щыхъунэп, ыулъэгун . . . . . –
Ахъщэр, гур, псэр . . . . . 416
Чэщыр, цыпхыр . . . . . –
Гъэбэжъу мафэр ащ игъабл . . . . . 416
Зыми фэнэфрэп, псэкIи гупсэфрэп . . . . . –
Нэйпсый . . . . . –
Шъыпкъэмрэ икъэмрэ . . . . . –
Бзэгур къупшъхьэнчъ, къушъхьэр лъэпсаб . . . . . 417
Шъэогъур, чъыгыр . . . . . –
УимыкI, ущымыкI . . . . . –
АтIатэ, мэпшIатэ . . . . . –
Мэзыр, пхъэнкIакIор . . . . . –
Хьэжъ-ачъэжъ . . . . . –
ЗэмышIэм текIуадэх . . . . . 418
Уемыдж, зегъэзэгъ . . . . . –
Сыод, сылъэс . . . . . –
Емызэщ . . . . . –
Джэмыших, паIо . . . . . –
Щытхъупсым земыгъас . . . . . –
Шыу шъхьэцац . . . . . 419
Iофынчъэхэп . . . . . –
ЛIыхъужъ-тыгъужъ . . . . . –
Имыер зыIэкIелъхьэ . . . . . –
ТхьагъэпцI-пцIыус . . . . . –
УищыкIагъэп, уемыдж . . . . . –
Iэпэщын-пщынау . . . . . 420
УиIоф хэлъэп . . . . . –
Зыхэмыгъэукъу . . . . . –
Зыфэдэр къыгурыIуагъ . . . . . –
МэIэолъао . . . . . –
Уибын гъасэ, уипчъи игъас . . . . . –
ЗэфэмыдитIу . . . . . 421
Чапычыр, Iугъор . . . . . –
ПакIэмрэ псыдзэмрэ . . . . . –
Ынкъо фикъурэп . . . . . –
МыIо-мышI . . . . . –
AIуагъ-амыIуагъ . . . . . –
Нафэмрэ зафэмрэ . . . . . 422
Плъэ кIеуты, угу пеуты . . . . . –
Жэр, аркъэныр, шъузыр . . . . . –
Ахъщ . . . . . –
Сыфедэнчъ . . . . . –
Цуаом къамыщ огъу къысехы . . . . . –

Сихъэренэ ущэхъые . . . . . . . . . . 423
ПчыкIэр шъорышIыеу къыздэджэгу . . . . . —
Бзыу къуай . . . . . . . . . . —
Чъыеныб . . . . . . . . . . —
Сыпщэп . . . . . . . . . . —
«Хъущт!» зыIом, къыздэхъугъ . . . . . —
Уфыщымыс . . . . . . . . . . 424
Жэмрэ шэмрэ . . . . . . . . . . —
Уиуанэ хьакъ-сакъ, зыфэсакъыжь . . . . . —
Ещэ, ещэфыжьы . . . . . . . . . . —
Стырэп, систрэп . . . . . . . . . . —
ЗымыгъэпскI, пымыкIыкI . . . . . —
Хы мэхъу, угу фэгъу . . . . . . . . 425
ИкъэкIокIэ-кIожьыкI . . . . . . . . —
ЗэфэлIэ-чъыIалIэх . . . . . . . . —
IитIур, хьакIэр, бысымыр . . . . . —
Цу IэситIу . . . . . . . . . . —
МыгыкI-къэмыкI . . . . . . . . —
Уемыхъуапс . . . . . . . . . . 426
ЛIым ипаIу . . . . . . . . . . —
Нэкулъыр IэшIу, пхъэгулъыр хафэ . . . . . —
Атакъэмрэ кутакъэмрэ . . . . . . . . —
Мамырыр, уаимыр . . . . . . . . —
ЗиIэ-зимыI . . . . . . . . . . —
Бзэгуибл . . . . . . . . . . 427
IэшIунчъэ-шIунчъ . . . . . . . . —
Акъылымрэ сакъылэмрэ . . . . . . —
Iэзэгъугощ . . . . . . . . . . —
Ие-имый . . . . . . . . . . —
Учъэщтмэ, умыпш . . . . . . . . —
УмыIо, умышIэ . . . . . . . . 428
ТIури дэгъу . . . . . . . . . . —
ЕмышIэ-шIумышI . . . . . . . . —
Умыгъ, шIу шIэ . . . . . . . . —
Мабзэ-мадэ, мысэ-хый . . . . . . —
УлIмэ, къао . . . . . . . . . . —
Еджэгъэ-емыпщэжьыгъ . . . . . . 429
Афэсакъ . . . . . . . . . . —
Дэхэ-мах . . . . . . . . . . —
МашIор гъэбылъыгъуай . . . . . . —
ЗэшIодзэгъэ-зэшIолъ . . . . . . —
Армэу . . . . . . . . . . 429
Гъэгусал . . . . . . . . . . 430
Мыжъомрэ кIапсэмрэ . . . . . . —
Пхъэтыгъу-мытэгъу . . . . . . . . —
Гъундж . . . . . . . . . . —
Узиджагъо-узимыджагъу . . . . . . —
КIэлэгъумрэ жъыгъомрэ . . . . . . —
Умыгузажъу . . . . . . . . . . 431
МэшIо-жашIу . . . . . . . . . . —
ЛIым итыгъэ унэм регъапсэ . . . . . —
ГъэшIэгъонэп . . . . . . . . . . —
Пхъужъым игукIай . . . . . . . . —
Умышъхьах . . . . . . . . . . —
КъыкIэупчIэжьы, фызэплъэкIыжьы . . . . 432
Матхъэ, малIэ . . . . . . . . . . —
Уфэмыуб, орэд фэус . . . . . . . . —
Щхэны-гъэны . . . . . . . . . . —
Мышъо-мыл . . . . . . . . . . —
Уигухэлъ емыIу, зекIо удэмыкIу . . . . . —
Езы, есы . . . . . . . . . . 433
Ухасэзэ зистыжьыгъ . . . . . . . . —
Зэпэчы, зэпэкIы . . . . . . . . —
Цы гъэлыгъу . . . . . . . . . . —
Хьау закI . . . . . . . . . . —
Намыс-насып . . . . . . . . . . —
Дэгъу дэд . . . . . . . . . . 434
Ушъхьагъу лъыхъу, шъхьэгъажъу . . . . . —
Шэн кIэкI . . . . . . . . . . —
Ныбжьыкъур, мэкъур . . . . . . . . —
Имэхьанрэ изехьанрэ . . . . . . . . —
УфыкIэмыкIуат . . . . . . . . . . —
ДэошIу-зэошIу хьурэп . . . . . . . . 435
Шъуз Iофынчъ . . . . . . . . . . —
УмышъункIыжь . . . . . . . . . . —
УбэкIо-тыгъуакIу . . . . . . . . —
ЧIыкъо епхыгъ . . . . . . . . . . —
ШынкIы-кIэгъэкI . . . . . . . . —
«Ох!» . . . . . . . . . . 436
Алъэгу мэхъу . . . . . . . . . . —
Рямыгъэупкl, имыгъэгъукl . . . . . . —
ДэкIуаех, дэуаех . . . . . . . . . . —

Щыӏэмрэ щымыӏэмрэ . . . 436
Кӏэуцу, зыгъэцу . . . –
Фэшӏу-фэнэшъу . . . 437
Шъэфы . . . –
Лъэщэ-нащ . . . –
Ошъогур игъогу . . . –
Ыл мэузы, ыгу сысрэп . . . –
Упчӏэр, Ӏурыӏупчъэр . . . –
Гущыӏэр, жьыр . . . 438
Псауныгъэр, уӏагъэр . . . –
Чэмыр, бжьахъор . . . –
Дэгъончъэ-къинынчъ . . . –
Фэлӏэ-телӏ . . . –
Ощыкӏыр, лъэоир . . . –
Узэхахрэп . . . 439
Гъэсэкӏэ Ӏаз . . . –
Ныбджэгъу нэшӏу . . . –
Нымрэ тымрэ . . . –
Бэ умышх, зыгъэшхэкӏ . . . –
Лъыуасэмрэ пхъуасэмрэ . . . –
Пщагъо, джагъо . . . 440
Осыр, чӏыплъыр, шъоущыгъур . . . –
Алахьэм ишӏушӏ . . . –
А лӏыр лӏы гушху . . . –
Мэстанэм екӏы, унэ къырекӏы . . . –
Сигъэшӏэ лъагъо сыщыпшъыгъай . . . –
Жэшӏо-джашъу . . . 441
Тыгъэр къепсы . . . –
Сыкъыпфызэплъэкӏыщтэп . . . –
Шӏулъэгъу мышӏу . . . –
Гъучӏы лъэхъу . . . –
Кӏэщыгъобэшӏ . . . –
Сихэтэшхуи озгъэпкӏэн . . . 442
Иныбжьыкъу къыдэшъожьы . . . –
Бзыу тэмап . . . –
Ашӏыгъэр кӏешӏыкӏыжьы . . . –
Мыхьэмышх . . . –
Сэжъо, сэпхъэ, сыгу сеӏэжьы . . . –
Зыхамыӏо-пэӏошху . . . 443
Нэйпсый . . . –
Тыгъурыгъум тэ щишӏэна сизытет? . . . –
Шъхьэфэӏуш . . . 443
Бзэгуишъ . . . –
Ау етӏанэ ар къыуатӏэ . . . –
Сымэджаплъ . . . 444
Къэузыгъ-узыжьыгъ . . . –
Шъхьэгъэжъо-къашъу . . . –
Джэгуакӏу, хьэдэгъакӏу . . . –
Лӏыхъужъ жъуагъу . . . –
Шъоры еӏо, шъор еӏоты . . . –
Тэхътэ шъабэр ащ ыпхэкӏ . . . 445
Тхьэмэтэ пшъагу . . . –
Нэрлъэгъу шӏулъэгъу . . . –
Бэщ гъугъэ шагъ . . . –
Кӏэлэзикъэмыщ . . . –
Сыдэу ар лӏы гушху . . . –
Упчӏитӏу . . . 446
Шъугъуалэмэ сыд аӏощт? . . . –
Ӏэ къыпщефэ, нэпч урефы . . . –
Мылъкупс . . . –
Зэпэгъэчъэ-зэгъапш . . . –
Гугъэ-гухэлъынчъ . . . –
Гъэгущыӏэ-амыгъашх . . . 447
Сишӏушӏагъэ сеуджэгъужьы . . . –
Сыгу фэгъу . . . –
Ащ слъэмафэ терэӏукӏ . . . –
Псэкӏи гукӏи сафэсты . . . –
Гуао . . . –
Къыуеӏокӏы-къыуегъаӏо . . . 448
Укъеугъоны, къыуехъоны . . . –
«Шъыпкъаӏу» . . . –
Пшъэшъэ гохь, лъэпэлъаг . . . –
Ыгу къысэбгъэ . . . –
Пщэгъо-щынагъу . . . –
Гъэрэзэгъуай . . . 449
?.. . . . –
Оркӏэп, ежьхэмкӏэ емыкӏу . . . –
Ухьаулый, уцӏыф лый . . . –
Дэхэӏолэ лӏыкӏошху . . . –
Шъхьэцӏыкӏу-мэкъэшху . . . –
Тешъорыкӏо-теурыкӏу . . . 450
Ащ зыгорэ ынэ кӏэлъ . . . –

Зеупӏэӏужьы, зешхыхьажьы . . . 450
Кӏэфэфыкӏы, кӏэбыукӏы . . . –
Ежь зэрегъапшэ . . . –
Ар сыдигъуи гъотыгъуай . . . –
Имашӏо шӏукӏэ сыкъесты . . . 451
Сфэкӏужьрэп, сфекужьрэп . . . –
Ӏэутӏэ-мыутӏ . . . –
Ыжэ зэкӏещы, чэмыбгъэр къещы . . . –
Шъхьэгъэшӏожь . . . –
Щымыӏэ шыхьаф . . . –
Ар сэркӏэ пшхэн . . . 452
Нарт щэрэхъ . . . –
Жъыгъошӏу щыӏа? . . . –
Бэшрэбыр ыныб . . . –
Гуцэфэшӏыл . . . –
Пылы, пылы . . . –
Хахъорэп, хэкӏрэп . . . 453
Ӏонтӏагъ . . . –
Уишъхьэуз ащ иузэп . . . –
Пхъэгулъ . . . –
Гъучӏыр жэкӏэ пфызэпешӏэ . . . –
Шъыпкъэмрэ пцӏымрэ . . . –
Улъемыжь, зыдэмышӏ . . . 454
Чъыӏэлӏапх . . . –
Техьэ-текӏ . . . –
Джэгуакӏу . . . –
Пцӏыус . . . –
Хьэжэжъ . . . –
Пхъашӏэмрэ усакӏомрэ . . . 455
Гъакъ . . . –
Лъэкъуитӏу шъэфрытхъу . . . –
Шъхьэгъажъу . . . –
Ишхакӏэ ом зэхехы . . . –
Хъэцыкур, дунаир, сэры . . . –
Корэшъу . . . 456
Тӏумкӏи сыдэгу . . . –
Къоджэхь-къоджэшх . . . –
Гугъэнчъ . . . –
Къурэ гъугъ . . . –
Добэдашх . . . –
Мымышъэ, мытыгъужъ, мыхьашху . . . 457

Симые сыфэмый . . . 457
Чау-чау . . . –
Щыдымрэ чъыгымрэ . . . –
Мапэ, мэгугъэ . . . –
Мафэ сфэрэхъу . . . –
Лъэгъо бгъуз . . . 458
Ӏуш-губжыпх . . . –
Ощх чэфыл . . . –
Ӏэзэгъунчъ . . . –
Лъэӏорые дай-дай . . . –
Унагъом нэпсыр егъэщы . . . –
Дунэе хьафым сыщымыхьаф . . . 459
Цӏыф мыгъу . . . –
Гур зэпекӏы, узэщечы . . . –
Тэгъу умышӏ . . . –
Къысӏуетхъыжьы, сегъэгъыжьы . . . –
Усэ шыгъу . . . –
Тызэпщэжьы, зэтэщыӏэ . . . 460
Мыкӏумыпшыр иӏурышх . . . –
Сыоплъы, сэогъатхъэ . . . –
Шӏушӏэныр нэшӏошӏыгъэп . . . –
Зышӏоинэу зеушӏоижьы . . . –
Цыхьэнчъ, гуцэфэшӏыл . . . –
Зэмышӏэгъуай . . . 461
Щхыу ныкъуапцӏ . . . –
Ӏэчъэ-лъачъ . . . –
Зыфаер уегъашӏэ . . . –
Уегъэшэхъу, уегъэплъэхъу . . . –
Дунаир тхъагъо . . . –
Дышъэ къэлэмым земыгъэдел . . . 462
Къэб гъэжъуагъ . . . –
Мэщ пкӏэнчъ . . . –
Джэхьнэмыр, джэнэтыр . . . –
Шъугъуал . . . –
Машхэ, мэчъые . . . –
Фэбэ-чъыӏ . . . 463
Тарихъ мыгъом секӏэсыжьы . . . –
Лъыкӏуат, умыпшъ . . . –
Хьакӏэпытхъ . . . –
Нэфэ-шъэф . . . –
Сшӏэрэп, сшӏэрэп . . . –

ПэкӀэгъэщ . . . . . 464
Ыгу жьы дэкӀы, зегъэгъыкӀы . . . . . –
ИкӀэпсэнчъэ зырепхыжьы . . . . . –
Зэфэмыдэ-зэфэдитӀу . . . . . –
Узэхехы-узэблехы . . . . . –
Щыдыр маӀо . . . . . –
Чыгур тхьацоп . . . . . 465
Сыд есӀон . . . . . –
Гъундж . . . . . –
Сиджэмакъэмэ япхъэӀун . . . . . –
Иемрэ уемрэ . . . . . –
ПхъэкӀычым сео, сыкъэшъо . . . . . –
Бэгушъо . . . . . 466
Сапэ къифагъэп, къифэнэу сшӀагъэп . . . . . –
МашӀомрэ псымрэ . . . . . –
НапшӀэр дещае, зегъэгощае . . . . . –
Мэчачэ, мэщачэ . . . . . –
ЕкӀи шӀукӀи укъысхэт . . . . . –
Ахъщапс . . . . . 467
Сиджэпсалъ . . . . . –
Тигъэпшъыгъ . . . . . –
ЗегъэпцӀэжьы . . . . . –
Укъэгужъоми, сыгушӀон . . . . . –
ПцӀыус . . . . . –
Джары . . . . . 468
Ори Ӏаджри сыбгъэпцӀагъ . . . . . –
КъыпцӀэ мыхъур сагъэшхы . . . . . –
Хьашъо-мэлышъу . . . . . –
Сыгу имэкъам . . . . . –
Гъупчъэ-уат . . . . . –
Зымыгъэстхъэжь . . . . . 469
ШӀоп сыгу къысеӀо . . . . . –
Шъуз дахэмрэ шъузышӀумрэ . . . . . –
Аужрэ акъыл . . . . . –
Жъы лъэхъур слъэ телъ . . . . . –
Тыгъурыгъу . . . . . –
ЫнэшӀу къысщифэщта? . . . . . 470
Имылъэу умылъат . . . . . –
Тыгугъэнчъ . . . . . –
Ӏэтишъэ-мэтишъ . . . . . –
Мыпщэу зегъэпщы . . . . . –
Федэ-мыфед . . . . . 470
Джэгъогъу дел . . . . . 471
Къэлэмыпэр махэ . . . . . –
ЩытхъуфалӀ . . . . . –
Шъхьэгъажъу . . . . . –
Лъэпэуз . . . . . –
МэшӀончъ . . . . . –
Жьыбгъэмрэ жъыгъомрэ . . . . . 472
Мыжъори мажъо . . . . . –
Тыгъэр къепсы, осыр фэгурэп . . . . . –
СыӀэнэкӀыгъэп, зырязгъэкӀыгъэп . . . . . –
Хэта зиблащэр? . . . . . –
Фыгунчъэ гурхъу . . . . . –
Сырынапщ . . . . . 473
СэкӀо, сэгъы, сыздэхьащхы . . . . . –
Джэуапынчъ . . . . . –
СэшӀэ . . . . . –
Лъахъэ зытелъ шыур . . . . . –
Дэхэ-дыдж . . . . . –
КъэӀогъэ-Ӏожьыр зиупкӀэпаӀу . . . . . 474
ПӀо зэпытрэм уепщэжьы . . . . . –
Амалынчъ . . . . . –
Дунай табэр плъыр . . . . . –
Щэ нэшъу . . . . . –
Гукъау . . . . . –
НыкъогъапцӀэ-зыгъэпцӀэжь . . . . . 475
СиуӀэгъэ гъопс . . . . . –
Сипшысэ-гупшыс . . . . . –
Сешъо, сэтхъэжъы, сыкъашъо . . . . . –
Чымрэ омрэ . . . . . –
Шӏулъэгъу-мылъэгъу . . . . . –
Гъэмэфэщта, кӀымэфэщта? . . . . . 476
Тызэпаплъэ . . . . . –
Быбын фалӀэ сэлӀэ . . . . . –
Шыу шӀуцӀэр ара сэ къыскӀэхьащтыр? . . . . . –
Шым темысэу мысэм лъэхъу . . . . . –
ЗэӀугушӀо-зэфычӀэплъхэр . . . . . –
Уиощ къысшъхьэрыт . . . . . 477
Сыд фэсшӀэн . . . . . –
МыхъурӀэлъынри оркӀэ нэфшъагъо . . . . . –
Ары Ӏолъ, ары Ӏолъ . . . . . –

Тыздэфэщтри хъуатэ . . . . . . . . . . 477
Бжыхьэр ыІэпэ гъожьы ебзэижьыгъ . . . . . . . . . . –
Сыгугъэнчъэу гугъэм сечъэ . . . . . . . . . . 478
ШІулъэгъур пкІыхькІэ сэдыжьы . . . . . . . . . . –
Щытхъу къелъэІуфэ . . . . . . . . . . –
Сибэщи шагъэп, симэщи мыІо . . . . . . . . . . –

## ПОЭМЭХЭР

ЦІыф лъэшхэр . . . . . . . . . . 481
Хыуай . . . . . . . . . . 494
ШэкІуищ . . . . . . . . . . 524
Нысэ . . . . . . . . . . 534
Зы шІулъэгъу итхыд . . . . . . . . . . 554
Къэгъагъ Іэрам . . . . . . . . . . 564
ПкІаухэр . . . . . . . . . . 567
ЦІыфымрэ Аслъанымрэ . . . . . . . . . . 573
Пакъэ ихьагъожъ . . . . . . . . . . 577
Тара анахь иныр? . . . . . . . . . . 580
Орэд . . . . . . . . . . 590
Сшынахьыжъ . . . . . . . . . . 606
Адыиф . . . . . . . . . . 627
Шыу машІу . . . . . . . . . . 639
Тэтэркон . . . . . . . . . . 654



**Исхак Шумафович Машбаш**

**СОБРАНИЕ СОЧИНЕНИЙ**
в шестнадцати томах

**Том II**

*Стихотворения, четверостишия, поэмы*

На адыгейском языке

Редакторы: **Ф. А. Сиюхова, А. А. Шагуч**
Художественный редактор **Н. Г. Федотова**
Технический редактор **М. А. Кипова**
Корректоры: **М. Р. Чамокова, С. А. Шхафижева**
Компьютерная верстка **Т. А. Косяк**

ИБ № 18

Сдано в набор 8.02.2013. Подписано в печать 26.04.2013. Формат бумаги 84х108/32. Бумага офсетная. Гарнитура шрифта «JournalSansC». Печать офсетная. Усл. п. л. 36,96. Уч.-изд. л. 23,59. Тираж 500 экз. Заказ 042.

Государственное бюджетное учреждение Республики Адыгея «Адыгейское республиканское книжное издательство». 385000, г. Майкоп, ул. Гоголя, 8.

Отпечатано с готового оригинал-макета в ОАО «Полиграф-Юг».
385000, РА, г. Майкоп, ул. Пионерская, 268.
Телефон для справок (88772) 52-23-92.